# ШЫҢҒЫС АЙТМАТОВ

# ПОВЕСТЬЛЕР

© Издательство ЦК ВЛКСМ „Молодая гвардия". 1970
Қарақалпақшаға аўдарма
© „Қарақалпақстан" баспасы. 1979.

# ЫРАЗЫ БОЛ, ГҮЛСАРЫ!

•

# АНА ЖЕР-АНА

•

# СӘРЎИ БОЙЛЫ НИГАРЫМ

КК 2 / А28

3703010100 / М—357(06)—79

Ленинлик ҳәм Мәмлекетлик сыйлықлардың лауреаты, Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы, шеберликтиң шыңына шыққан жазыўшы Шыңғыс Айтматовтың шығармалары қарақалпақ китапқумарларына көптен таныс. Оның „Жәмийла", „Дәслепки муғаллим" повестлери баспамыз тәрепинен илгери жыллары журтшылыққа усынылған еди. Автордың атын әлемге жайған „Ана Жер-Ана", „Сәрўи бойлы нигарым", „Ыразы бол, Гүлсары" шығармаларын баспамыз атақлы жазыўшының елиў жыллық торқалы тойына сыйлық сыпатында басып шығарып отыр.

Аўдарған *Узақбай Пиржанов*

# АНА ЖЕР – АНА



*Аға, мен сениң қайсы жерге жерленгениңди билмеймен. Усы шығармамды саған бағышлайман, Төреқул Айтматов.*

*Апа сен, бизлер төртеўимизде өсирип адам еттиң. Бул шығармамды саған, арнайман, Нағийма Айтматова.*

## 1

Ол жуўылған ақ көйлек кийип, ақ жаўлық жамылып алған еди. Сырылган қара бәшпенттиниң сыртынан ақ белбеў ораған бул кемпир, аңыздың ортасындағы соқпақ пенен әсте-ақырын кетип баратыр. Дөгеректе ҳеш ким көринбейди. Жаздың да қызығы өтип кетти. Атызлар босап қалғанлықтан, адамлардың ғаўырлысы да еситилмейди. Машиналар да улы тасырлы болып жолларды шаңғытқанды қойды. Алыста ғаўдыйып жүретуғын комбайнлар да көринбейди. Атызларга еле маллар жайылмаған еди.

Алыс-алысларға созылып, сарғыш дөнген гүзги кең даланың үсти менен көгилдир түтинге усаған минарланған булытлар, әсте-ақырын жылжып баратыр. Даланы жайлаган самал нәзик пақаллар менен селеўлерди ҳазарсыз ғана тербеп, дәрья бетке қарай есип тур. Азанғы мәҳәл болғанлықтан, әтираптан қыраў түскен шөплердиң ийиси аңқыйды. Егини орып алынған жер тым-тырыс, сырдандай болып атыр. Жақын ўақытларда жаўын-шашынлы күнлер басланады. Соңынан бул жерлерди қырпақ қар басып, боран «улыйды». Ҳәзирше бул жерлер тыныш мүлгип тур.

Оған селтең бериўдиң кереги жоқ. Кемпир иркилип турды да бираз ўақытқа дейин қыр-дөгерегине гүңгирт тартқан, нурсыз көзлери менен қарап:

— Аманбысаң, қутлы далам? — деди әстен ғана.

— Шукир, Толғанай. Сен келдиң бе? Болдырып қалыпсаң ғой. Шашларың да аппақ болыпты. Қолыңда ҳаса.

— Ҳә-ә, қартайдым ғой, кең далам. Былтырдан бери келе алмадым. Көрип турман , сениң еле сол турысың. Устиңнен егислик кетпейди. Бугин мениң өткенлердиң руўхын еске алатуғын куним.

— Билемен, Толғанай. Өзим де сени келер деп кутип жатыр едим. Бул сапары да ақлығыңды ертип келмедиң бе, Толғанай?

— Көрип турсаң ғой. Қара басым келдим.

— Демек, сен оған еле ҳеш нәрсе айтпаған екенсеңдағы онда, Толғанай? Бир куни болмаса, бир куни биреў тосаттан дурс еттиреди ғой еле?

—Өйтип ойлап не қылайын. Ерте ме, кеш пе, ақыры бир куни өзи ақ билер-дә. Өзи де есейип, жақсы-жаманның парқын айыратуғын болып киятыр. Бирақ, еле ол мениң ушын нәресте. Айтайын десем, тас баўыр болып қалар деп қорқа беремен.

— Сөйтсе де, адамның ҳақыйқатлықты билгени мақул ғой, Толғанай.

— Түсинемен бәрине де. Бирақ, қалай айтарман? Мен билетуғын ҳақыйқатты, қәдирдан далам, сен билетуғын, ҳәттеки ҳәмме билетуғын ҳақыйқатты ҳәзирше тек ғана ол билмейди. Билгеннен кейин қандай қыяллардың басына барар екен? Өткен-кеткен ҳәдийселердиң төркинине дурыс түсине алармекен? Еле бала ғой. Өмирден түңилип кетпесе болар еди, — деп ойлана беремен. Кәне, енди адамларға айбынбай қарап журе алатуғын болса, әттеген-ай, бир - еки аўыз сөз бенен ғана ертектей қызық етип айтып бере алғанымда ма, несин сорайсаң. Соңғы ўақытлары куни-түни соны ойлаў менен-ақ кәпелимде өлип кетпесем болар еди, деп мәнисим кашып болды. Қыста қатты аўырып бирден қалпақтай ушып түсип, төсек тартып жатып қалдым. Өлетуғын шығарман деп едим. Әттең, әжел туўрылап келе қоймады. Келгенде де қорқатуғын жерим жоқ еди. Бирақ, өлимнен де бетер айтатуғын гәплеримди гөрге бирге алып кетпесем болар еди-аў деп қорықтым. Оның көзин ашалмай-ақ, өзимниң көзим жумылып, тил тартпай қаларман ба деп сескенип, ҳаўлыға бердим. Ол өзине тийисли ҳақыйқатты мениң айтпай жатырғанымды қайдан билсин... Мектебине де бармай жанымда пәрмана болып, гу-

белектей елпеңлеп жүрди де қойды. Тап анасының дәл өзи. «Апа, суўберейин бе, дәри керек пе? Жыллырақ етип жаўып қояйын ба?» — деп төсегимниң қасынан шықпайды. Айтайын десем, аўызым бармады. Өзи де не айтсаң соған инана береди. Сумлықты билмейди сирә! Гәпти неден басласам екен, қалай ғана айтып беремен, деп ойлана беремен. Соларды ойлап шубатылған сабақтай ойларымның ушын таппай қыйналаман. Әри-бери ойланып, ақырында бәри бир бир пикирге келе беремен. Бала ҳақыйқатлықты дурыс түсинсин, деп оған мен тек өз тәғдиримди, ҳәттеки, оның өзиниң де тәғдири емес, басқа да көплеген адамлардың тәғдири, өзим жасаған дәўир, кеўлиме ҳеш қандай гирбиң алмастан, мектепке бараман деп минип ойнап жүрген велосипеди жөнинде, қулласы, бәрине де гүўа болған қәдирдан далам: сен ҳаққында да айтып бериўим керек. Итимал, солай етсем, саўап ис қылған боларман. Турмыс бәримизди де бир түйинге байлап, қамырдай қарыстырып қойғанлықтан, ҳеш нәрсени де жасыра алмайсаң, ямаса ядыңнан шығарып ҳеш нәрсени де қоса алмайсаң. Бала емес, ҳәтте ҳәр қандай егеде адамлар да бул тарийхты өзинше ҳәр қыйлы түсиниўи мүмкин. Көзимниң тирисинде усы қарызымнан қутылып кетсем, ҳеш болмаса өлгенде бир әрмансыз болып кетер едим, — деп ойлана беремен.

— Отыр, Толғанай! Түргелип тура берме, өзиң аяқ аўырыў адамсаң, тастың үстине жайғасыңқырап отырып ал, бир илажын ойланып көрейик буның. Сениң усы жерге ең әўели келгениң есиңде бар ма, Толғанай?

— Қайда-а саған. Қыйын ғой, оннан бери қанша ўақытлар өтип кетти. «Баяғылар бағда қалды, бағ жығылып суўда қалды...».

— Яғәй, Толғанай, сен олай деме. Сен сол дәўирлериңди басынан баслап, ядыңа түсириў ушын бир тәўекел етип көр.

## 2

Жүдә емес-емес ғана билемен: кишкентайымда егинге орақ түскен мәҳәлде, ата-анам мени қолымнан жетеклеп әкелип, гүдшектиң саясына отырғызып қоятуғын еди. Жыламасын деп қолыма тарақтай нан услатып кетеди. Сонынан сәл үлкейгенимнен кейин,

егинлерди мал-ҳалдан қорыў ушын сол әтирапта жуўырып жүретуғын едим. Бәҳәрдиң күнлери шарўалар бул жерлерден таўға қарай сүриў-сүриў падаларды айдап өтеди. Ол ўақытлары мен зыр жуўырып жүрген, шашлары желкилдеген бир қыз едим. Ҳә-ә, ессиз ғана бийғам балалық күнлерим-ай! Ядымда бар, шарўалар сол Сары тегисликтиң етеги менен шаңғытып өтетуғын еди. Сүриў-сүриў маллар бириниң изинен бири дизилисип, көк қуўалап, таўдың салқын етеклерине қарай асығып кете береди. Сондағы алып ушып турған кеўилим, жаслық шағларды айтсаң-ә! Изинде аппақ шаң қалдырып, үйир-үйири менен дүсирлесип киятырған жылқылар тап түбиме келип басып кетиўге шамаласқанда, бийдайдың арасындағы жасырынып отырған жеримнен ининен шыққан тышқандай болып зоңқ етип, оларды бирден үркитип жиберемен. Жылқылар кейин серпилген ўақытта, жылқыманлар ўадырласып бақырысып:

— Ҳә, жердиң жарығынан шыққан албаслы сениңә-ә! Сени ме, сени! — деп гижинип, изимнен тәп берисип жуўырады.

Мен ентелеп жуўырыўым менен жаптың ултанына түсип букшеңлеп қашып кетемен.

Күн қуры емес, шаңғыттың ортасында қуйрықлары бултаңлаған нешше мың қойлардың туяқларының сести буршақ жаўғандай сытырласып, усы жолдан өтип турады. Қойлардың соңында таяқларын шошаңлатып баратырғанлардың биразы қаралай өшип кеткен, даўыслары қарлығып қалған адамлар еди: булардың изинен ердиң басындағы қымыз қуйылған меслери шайқатылып, бай аўылдың көш тартқан түйели кәрўанлары өтеди. Жипекке оранған қыз-келиншеклери болса жасыл жайлаўлар менен мөлдир суўлы булақлар ҳаққындағы қосықларды айтып, ийни қыймылдамайтуғын жорғалардың үстинде шайқатылып кете береди. Мен ҳайран қалғанымнан дүньядағы барлық нәрсени умытып, олардың изине ерип көп жерлерге дейин баратуғын едим. Сондағы ойлайтуғыным: «Пах, қәне енди мен де усылардай болып көйлек кийип, нағыслы орамал тартып қашан жүрер екенмен» — деп, олар тап көринбей кеткенше артларынан қарап, ансарым аўып қала беремен. Мен ким едим, сол жыллары? Мен онда жалаң аяқ жүрген, ата-бабамыздан гүндеден басқа ҳеш нәрсе қалмаған

жарлының қызы едим. Бирақ, жипек киймесем де мәҳәлинде бой-сыным келискен сулыў қыз болғанымды билемен. Өзимниң көлеңкеме қарағанды жақсы көретуғын бир әдетим бар еди. Жүрип баратырып көлеңкеме қарайман-дә, тап айнаға қарағандай болып сүйсинемен... Мақтанғаным емес ғой, алланың ҳәмири шығар, сүлиндирдей әжайып қыз болдым. Егинниң басында орақ орып жүрип, Субанқул менен танысқанымда он жетиде шығарман деймен. Сол жылы Субанқул бул жерге Таластың сағасы беттен талап излеп келген еди. Ҳәзир көзимди жумып ойланып отырсам, Субанқулдың тап сол ўақыттағы турысы елеслейди. Көйлеги болмағанлықтан, үстине гөне шекпен кийип жүретуғын он тоғыз, жигирмалардағы ғыршылдаған жас жигит еди. Күн алып кеткенликтен, қараўытқан бетәлпети мыстай жылтырап турады. Түрине қарағанда арық болса да, қайыңнан келген, көкирек алды кең, қоллары тап темирдей қап-қатты еди. Жумысты тындырып ислейтуғынын айтпайсаң ба оның. Ондай адам излегениңде де таптыра бермейди. Өзи де шалымлы еди, дәсте дегенлер артында жайрап қала береди. Тек орағының ғыртылдап баратырғанын еситесең. Гейде сондай бир азаматлар болады, қалай ислеп атырғанына қарап ишиңнен сүйсиnип тура бересең. Субанқул да сондай еди. Мен де бир адамдай орақшы болсам да, бирақ екеўимиз қатар түскенде, бирдейине кейинлеп қалып қоя беретуғын едим. Ол демниң арасында озып кетеди де, соңынан артына айланып келип, мениң алдымды жайпап, ора баслайды. Сонда мениң ашыўым келип:

— Сеннен биреў көмек сорады ма? Ойранлай бермей арман кет, алдымнан. Өзимниң де қолымнан келеди,—деп жекирinсем де, ол күлимсиреп жүрип ора береди. Сонда мен неге арланады екенмен-ә? Соңынан билсем, бул мениң оған етип отырган назым екен-аў.

Бизлер сонда жумысқа ҳәммеден бурын келетуғын едик. Таң ала геўгимде, адамлар еле ўйықлап атырғанда, Субанқул екеўмиз бийдай орaққа кетемиз. Субанқул бирдейине мени аўылдың шетиндеги жолдың бойында күтип туратуғын еди.

— Киятырсаң ба? — дейди ол маған.

— Мен сени қашшан кетип қалған шығар, — деп киятыр едим, — деймен, оның менсиз ҳеш қайда бармайтуғынын билсем де.

Сөйтип екеўмиз бирге кете беремиз.

Таңның пәраўан атып киятырғанын таўлардың басындағы қарлы шыңлардың сағымынан билемиз. Кең даладан ескен самал көгилдир дөнип атырған дәрьяның ағысына қарап өрлеп, ғыр-ғырлап есип турады. Сол әжайып жазғы таңлар, — бизлердиң кеўлимизде муҳаббет алағадасын оятқан ышқы таңлары екен. Екеўимиз бирге жүргенде пүткил дүнья басқаша сезилип, тап ертеклердегидей гөззал болып көринетуғын еди. Қәдирдан кең далам, сонда сен бизлердиң аяғымыздың астында паяндоз болып: гә сүрилип, гә мала басылып сарғайып жатсаң да, бул дүньядағы ең көзге ысық жер едиң ғой, сен. Бизлер менен бирге сол ләззетли таңлардың сағымын ерте оянған бозторғайлар пәрўаз етип күтип алатуғын еди. Ол кем-кемнен жоқары көтерилип, пәл-пәллеп, тап адамның аспанда ушып жүрген жүреги сыяқлы жипсиз илинип турған бир ноқаттай болып көринсе де, адамның кеўлин толқынландырып жиберетуғын соншелли нәзиклик пенен шыр-пыры шығып сайрайды.

— Әне, қара, бизиң торғай сайрады!— дейди Субанқул.

Хош ҳаўазыңнан айланып ғана кетейин бозторғайларым-аў, ҳәттеки сизлерди де өзлеримиздики етип «меншиклеп» алған екенбиз ғой, сонда.

Ал, айлы ақшамларды айтпайсаң ба? Итимал, енди қайтып тәбиятта бундай түн болмайтуғын шығар. Сол сапары айдың жарығында бийдай орамыз, деп Субанқул екеўимиз атыздың басында қалдық. Қапқара болып атырған таўлардың аржағына гүмис ирецли Ай дөңгеленип көтерилгенде, аспан әлеми жулдызларға толып, тап екеўимизди ғана көрип турғандай сезиледи. Өйткени, бизлер атыздың шетинде ғана астымызға Субанқулдың гөне шекпенин төсенип, салманың ырашын дастанып, көпшик етип жатырған едик. Көпшик болғанда да бул—ең жумсақ көпшик еди. Бул бизлердиң биринши түнимиз болды. Сол ақшамнан баслап, өмир соқпағына бирге қол усласып түстик... Субанқул темирдей қоллары менен шашларымды, бетимди, маңлайымды еркелетип сыйпалап атырғанда оның жүрегиниң аттай дүрсилдеп, тыпыршылап турғанын мен оның алақанынан сезип атыр едим. Сонда мен:

—Субан, сен қалай деп ойлайсаң, бизлер бахытлы болармекенбиз, я? — дедим.

— Егер жер-суў ҳәммеге тең бөлистирилип, бизлердиң де *халық қатары егетуғын жеримиз, қос-өгизимиз* болса, қырманымызды өзлеримиз түйеклеп алсақ — бизлердиң бахтымыз әне, сол болады. Буннан артық бахыттың адамға кереги жоқ, Толған. Дийқанның бахыты — дийқаншылықта, — деди ол.

Мен оның бул сөзлерине ҳәдден тысқары қуўаныш кетип, мойнынан қатты қушақлап алдым да, оның самал қағып, қараўытқан ып-ыссы бетлерин аймалап, жан-тәним менен сүйе бердим, сүйе бердим. Буннан соң жаптағы суўға шомылып атырып, бир-биримизге суў шашып, күлисип алдық. Суў тып-тынық болғанлықтан, оннан таў самалының леби сезилип, айдың сәўлеси менен жарқ-журқ етеди. Сөйтип қол усласып тағы орнымызға келип, аспандағы жулдызларға үнсиз қарап, рәҳәтленип жаттық. Сол ақшам аспанда жулдызлар оғада көп еди...

Жер, сол ирет сен де бизлер менен бирге айлы ақшамда салқын тартып, тып-тыныш болып мүлгип жатыр едиң. Пүткил даланың үстине меҳрибан ҳәм кеўилли тыныплық орнап турды. Жапта суў сылдырлайды. Түйме буршақтың пал татыған жағымлы ийисинен басымыз айланып кетти. Оның әйне гүллеп, жайнап турған мәҳәли еди. Ҳәрдайым самал ескен ўақытта, әлле-қайлардан жуўсанның өткирлеў қурғақ ийиси келип, шелдиң жағасындағы бийдайлар әсте ғана ырғалысады. Шамасы, бундай ақшам тәбиятта бир ирет ғана болған шығар. Ярым ақшам мәҳәлинде аспанға қарасам: Сабаншының Жолы — Қус Жолының жулдызлардың гүмис сағымының арасында ен шашып, әлемниң ана шетинен мына шетине созылып атырғанын көрдим. Субанқулдың айтқанлары сонда ғана есиме түсе қойды. Қыялымда тап усы бүгин ақшам, аспандағы гүмис жол менен әлleқандай бир құдиретли, сақый дийқан бир арқа сабан арқалап өтип баратырғанда, оннан түсип қалған топан ҳәм дәнниң түйирлеринен шарапатлы бир из пайда болғандай еди. Егер қашан болса да әрманымызға бир жетсек, түйектен дәслепки шыққан сабанды қушақлағанда, мениң де Субанқулым усындай етип из қалдырып кетеди деп ойладым. Бул бизлердиң өз қырманымыздан көтерген ең дәслепки бир қушақ сабанымыз болады. Ол бир қушақ сабанды көтерип баратырғанда, оның изинде тап усындай топанлар шашылып қалады. Мен усындай етип ойланып жатырғаным-

да, жулдызларда маған сырлас болып қыялға батқандай сезилди. Соның арасында усы ойлағанларымның бәри бирден иске асып кетиўин соншелли тилеп, қәдирдан ана-жерим, мен саған биринши мәртебе былай деген едим: «Жер, сен бизлердиң ҳәммемизди өз гөўдецниң үстинде көтерип турсаң; егер сен бизлерге бахыт инам етпесең, сениң жер болғаныңның не кереги бар. Онда бизлердиң ялғаншыға шығыўымыздың не пайдасы болды? Биз сениң әўладларыңбыз, бизлерге ығбал бер, бизлерди бахытлы ет!» Қандай сөзлерди айтқанман-ә, сол ақшам.

Азанда ояныл, қапталыма қарасам, Субанқулым жоқ. Оның қашан турып кеткенин де билмеймен, шамасы ерте турған болса керек. Атыздың ишин жайпаған дәсте — жапырып таслапты. Айтарың бар ма, уялып ғана кеттим сонда...

— Субанқул, сен неге мени оятпадың? — деп даўысымды көтерип сөйледим.

Ол мениң даўысымды еситип артына бурылды, сол күни азанда оның ийнинде ҳеш нәрсесиз, ярым белине дейин жаланаш ҳалында қаралтым жаўырынының терлеп турғаны елеге дейин көз алдымнан кетпейди. Ол қандайда бир нәрсеге қуўанып мени танымайтуғындай таңырқанып, күлимсиреп талтайып турды да, алақаны менен бетин сыпырып:

—Сени уйықлай қойсын деп едим, — деди.

— Өзиң не? Өзиң уйықламайсаң ба?—деп сорадым.

— Мен еки адамның пайын орып атырман, — деди ол.

Кеўил хошым жақсы болса да, тап сол жерде уялғанымнан жылап жибере жаздадым.

— Кешеги айтқан сөзлериң қайда сениң? Барлық нәрсеге де бир адамдай болып тақ турамыз дегениң қайда? -- деп тоңқылдап едим, Субанқул орағын таслай сала, жуўырып келип мени қолына көтерип алды да, ләбимнен бир сүйип турып:

— Ендигиден былай тап барлық исте де бир адамдай боламыз. Бозторғайым мениң дейди өзин, — деп марапатымды жеткерди.

Ол мени қолына көтерип, тағы бир нәрселерди айтып лалаўлап, мени гә бозторғайым деп, гә басқа да жақсы атларды тағып жүр. Мен болсам, оның мойнына беккем тырмасып алып, аяқларымды сәрреңлетип бул-

қынып күлемен. Бозторғай деп жас балларды атаса да, бундай сөзди еситиўдиң өзи жағымталлы еди.

Бул ўақытта таўлардың тасасынан күн жаңа шашырап шығып қуятыр еди. Субанқул мени жерге түсирип, ийнимнен қаисыра қушақлап турып:

— Әй, қуяш, мениң жананыма қара. Қандай дилбар екенине бир қарап жибер! Көргениң ушын маған өз нурыңнан керимлик бер! — деп даўыслады. Оның ойнап айтқаның, я ырасы менен айтқанын билмеймен. Соның арасында мен бирден жылап жибердим. Қуўаныштың тәсиринен көкирегимниң қанасы исинип кеткенликтен, өзимди ирке алмай тәўир-ақ жылаған едим, мен сол сапары...

Елеге дейин сол есиме түссе, мен бийшара жылап қоя беремен. Бирақ, сол сапарғы көз жас басқаша еди, бундай етип көзден жас төгиў адам өмиринде бир ирет ғана болады. Ямаса бизлердиң талабымыз оралмай, әрманларымыз иске аспай қалды ма? Олай болған жоқ, әлбетте. Бизлер Субанқул екеўимиз маңлай теримиздиң арқасында жоқ жерден шаңарақ көтердик. Қысы-жазы қолымыздан кетпен түспеди. Көп терлерди төккенбиз, маңлайымыздан. Бул жаңа дәўирдиң басламасы еди. Мийнетимиз заяға кетпеди. Үйли-жайлы болып, мал-ҳал арттырдық. Қулласы, халық қатары түтин түтете басладық. Ең баслысы — бириниң изинен бири, қошқардай үш перзентли болдық. Енди ойланып отырсам, кеўилиме қолайсыз пикирлер келип, неге жыл сайын қойдай қозылап туўа бердим екен, деймен. Басқа адамлардай араларында үш-төрт жыл парық болғанда әлле қәйтип бундай күнлерге гириптар болмаспедим? Бәлки, сол азаматларымның ҳеш қайсысы туўылмай, жақты дүньяға шықпағаны жақсы болмаспеди? О, соры қайнағанлар-аў... Айнанайын, қарақларым-аў, күйгенимнен айтып атырғаным ғой, бул. Не қылайын енди, бендешиликдағы. Болмаса мен сизлерге усындай сөзди рәўа көремен бе сирә. Сизлерди туўған анаңман ғой, анаңман...

Олар ағайинли үшеўиниң усы жерге келип, топарласып турғаны еле көз алдымда. Бул сол сапары қурыған ғана Субанқулдың усы қатарға биринши ирет трактор айдап келетуғын күни еди. Субанқул сол жылы гүзден баслап, қысы менен дәрьяның аржағына қатнап тракторшылардың курсында оқыды. Бизлер онда трактор дегенниң қандай болатуғынын билмей-

туғын едик. Субанқул гейде ярым ақшамға дейин келмей кетеди. Изинен барайын десем жақын жер емес. Оның усындай болып жүргенине қорлығым келип жаным ашығанлықтан:

— Қәне, сен усындай нәрсениң несине қызығып, басыңды шатып жүрсең? Саған басқа талап қурып қалып па? Бригадир болып жүре бергениңде не бәле бар еди? — деп тоңқылдадым бир сапары оған.

Ол қәдимгисиндише жай-парахат күлип турып:

— Қойсаң-ә, шәңкилдегениңди Толған. Тақтап тур, еле сен — бәҳәр келгеннен кейин көресең. Сәл-пәл сабыр етип тур, — дейди.

Мен оған бундай гәпти билқастан айтпайтуғын едим. Маған да аңсат емес ақыры, бир өзим балаға қарайман ба, үйге айланысаман ба, я колхоздың жумысына боламан ба? Сөйтсе де оның даладан жол жүрип, шаршап келген турысына көзим түскенде, дәрҳал пәсине қайтып:

— Кел енди, не қылып турсаң зеңирейип. Отқа жақынырақ отырып жылынып ал. Аўқатыңның суўып қалғаны қашшан, — деймен, тағы да қатыншылыққа салып.

Ишимнен Субанқулдың ойыншық пенен ойнап жүрмегенлигин түсинетуғын едим. Сол жыллары аўылдан курсқа барып, оқыў ушын саўатлы адамларды табыў қыйын еди. Бир күни Субанқул: «Сол курсқа мен бараман: ҳәм саўатымды ашаман, ҳәм тракторшылықты үйренемен. Мени бригадирлик жумыстан босатың» деп билегин сыбанып шықты.

— Баратуғын болса кете берсин, — деп айтарын айтсам да, өңешимде түйин турып қалғандай болды. Елеге дейин умытқаным жоқ, ол бир қызық дәўир еди ғой, балалары әкелерин оқытатуғын. Ол ўақытлары Қасым менен Масалбек мектепке қатнап жүретуғын болғанлықтан, әкесине солар муғаллим болып, «устазлық» етти. Гейде кешқурынлары үйимиздиң ишиниң нағыз мектепке усап кеткен ўақытлары да болды. Стол деген жоқ еди. Субанқул төсектиң үстинде дүс төменине түсип, дәптерге ҳәриплерди жаза баслағаннан үш баласы үш жағынан анталасып ҳәр қайсысы өзинше: «Аға, сен қәлемди дузиўлеп усла, жазғанларың қыйсайып баратыр, қәлемниң ушына қарап жаз. Қолыңды қалтырата берме, мынадай етип жаз, былай ал дәптерди, мынадай етип ашып қой» — деп жабыр

ласады. Соның арасында олар ҳәр қайсысы өзинше билгир болып тартысып та қалады. Басқа ўақытта әкеси оларға тыныш отырың деп жиберер еди, бирақ ол балларын ҳақыйқат муғаллим пәмлеп, әдебин тутып, тым-тырыс отыра береди. Бир сөзди жазып боламан дегенше, Субанқулдың маңлайынан моншақ-моншақ тер ағып кетеди. Ол тап ҳәрип жазып отырғандай емес, ал дән тазалайтуғын машинаның барабанына толы қапшықты арқалап тасып жүргендей болып қыйналып қалады. Олар басларын дүгистирип: дәптер ямаса әлипбениң үстине дөнип отырғанын көргенимде, мениң күлким келип:

— Балларым-ай, әкеңниң тынышын ала бермеңлер. Не қыласыз? Соны оқытып молла ете жақсызлар ма? Ал, сен Субанқул бир таяқ пенен еки қоянды урып аламан дегенди қой, билдиң бе: Я молла болдағы, я тракторшы бол, екеўиниң биреўин исле! — десем, Субанқул ашыўланып қалады. Ол маған тикленип қарай алмай, басын шайқап суўық демин алады да:

— Тракторшы болыў ушын да саўат керек, сен буны ойынға айландырма, — дейди.

Қулласы, оның бул машақатлары ҳәм күлкили, ҳәм азаплы еди. Әйтеўир, сөйтип жүрип-ақ Субанқул ниййдине жетти.

Ерте бәҳәрде қарлар ерип, күн жылығаннан кейин, бир күни аўылдың сыртынан гүрилдеген даўыс еситилип, жайылып жүрген жылқылар үркип, пысқырысып патырақлаўы менен басларын кекшийтип аўылдың арасынан өтип кетти. Далаға жуўырып шыққанымды былмей-ақ қалдым. Үйдиң алдындағы атыздың арғы шети менен трактор киятырған екен. Қапқара бир шойын бурқылдаған түтинниң арасы менен аўылдың ортасындағы алаңлыққа тезлик пенен жақынлап келди. Трактордың әтирапында аўылдың барлық адамлары шожып жүр. Кимиси атлы, кимиси пияда, тап базардағыдай болып ғаўырласып, бирин-бири ийтериседи. Мен де қоңсыларға ерип, солай қарап жүрдим. Трактордың үстиндеги ең дәслепки көрген нәрсем, өзимниң балаларым еди. Олар үшеўи әкесиниң қасында бирбирин қатты қушақлап тур екен. Төмендеги балалар оларға малақайын ылақтырып, ысқырысады. Олар болса буларды писент етпей, тап әллеқандай қаҳарманлардай гәрдийисип, түрлери жайнап тур. Бул тентеклер дәрья бетке барамыз деп әкесиниң тракторы-

ның алдына шығып кеткен екен. Шамасы, мени жибермейди деп ойлаған болса керек, әйтеўирде маған жөнлерин айтпай кетип еди. Қәйдем билсейин, сәл жерде биреўине бир нәрсе болып қала ма деп жекириндим:

— Қасым, Масалбек, Жайнақ! Көрсетемен, сизлерге қорлықтың үлкенин! Турған жериңизде түсиң, қәне! — Бирақ, трактордың даўысынан өзимниң даўысымды өзим есите алмадым.

Субанқул мениң дәпиниип турған пәтимди жаман көрип, күлимсиреди де: қорықпа, ҳеш гәп болмайды дегендей етип басын шайқап қойды. Өзи рульге асылып қуўанып отыр. Түри де жасарып кетипти. Ол жыллары Субанқулдың өзи де мУртлары қапқара жас жигит еди ғой. Сол сапары мен балаларымның әкесине усағанын биринши ирет кориўим еди. Трактордың үстинде турған олардың төртеўин де мыналар ағайынли жигитлер екен десе болғандай еди. Әсиресе, ең үлкени Қасым ҳәм Масалбек тап Субанқулды сойып қаплап қойғандай болып қалыпты. Генжетайым Жайнақ ақ бозлақтан келген, жайнап турған көзлери қапқара ғана болып көп жерлери өзиме тартқан еди.

Трактор иркилместен аўылдың шетине шығып кетти, бизлер де жапырылып изинен баратырмыз. Трактордың қалай етип жер сүретуғыны ҳәммемизге де таң, көргимиз келеди. Бир ўақытта үлкен үш пазна жерге әстен түсирилиўи мәтдал, тың жердиң топырағы оңбағандай болып айғырдың жалындай айырылып кетти.

Адамлар бирден «ҳә, бәрекелласын» жеткерип шуўласып, биразлары пысқырып үриккен атларын қамшылаған ўақытта тарбаяқлап, таптың иши менен жүре баслады. Көпшиликтен бөлинип неге изде қалғаныма түсинбеймен. Қарасам, жалғыз өзим қалыппан. Трактор кем-кемнен алыслап кете берди. Мен болсам димарсызланып қалғандай болып, олардың изинен жаўдырап қарап турман. Бирақ солай болса да, сол ўақытлары жер жүзинде мендей бахытлы адам болмаған шығар! Субанқулдың аўылға биринши мәртебе трактор айдап келгенине ме, ямаса балаларымның әкесине теңлесип дәстияр болып қалғанына ма, әйтеўир қайсы бирине көбирек қуўанарымды билмей ҳайран болып, олардың изинен қарап жылап турып: «Қатарласып турған бойларыңнан айланайынларым.

Илайым әкеңиздиң қасында қол-қанат болып жүре бергейсизлер! Әкеңизге усаған адам болып ер жетсеңизлер, маған басқа ҳеш нәрсениң кереги жоқ!...» деп гүбирлендим.

Бул мениң ана болып толысып, аналық меҳирдиң ең шийрин мийўелерин татқан мәҳәлим еди. Жумыс дегенди тындырып ислеймен. Сирә жумыс ислеп шаршамайтуғын едим. Адамның он еки мүшеси аман болса, — жумыс деген жыр емес екен ғой. Ўақыт өткен сайын, балаларымның ақ теректей жарысып өсип баратырғанын да аңламаппан. Олар да ҳәр қайсысы өз соқпағын таңлаўға қарады. Қасым әкесиниң жолын қуўып, дәслеп тракторшы, соңынан комбайн айдаўды үйренди. Алты ай жазы менен дәрьяның арғы жүзиндеги — Қайыңлы колхозына қатнап, комбайнда штурвалшы болып ислеп жүрди. Сөйтип келеси жылы өзимиздиң аўылға биротала комбайншы болып келди.

Ана болғаннан кейин туўған балларыңның бәрин де бирдей жақсы көресең, ақыры. Бирақ, сонда да мениң кеўилимде Масалбектиң орны бир бөлек еди. Итимал, сағынып жүргенимнен шығар, сол Масалбегим уясынан ерте ушқан палапандай — үйден ерте шығып кетип еди. Кишкентайынан-ақ мектепте жақсы оқыды. Китап болса болды, аўқат ишпегенине қайыл, оқып, үңиледи де отырады. Мектепти питкериўден муғаллимшилик оқыўға қалаға кетти.

Ең кишкене Жайнағым болса тил алғыш, кеўили ашық, сулыў жигит болып жетилисти. Бир айып жери үйде турмайды. Жаслар оны колхоздың комсомол шөлкеминиң секретары етип сайлағанлықтан, қашан көрсең: гә жыйналыс, драмкружок, ямаса дийўалы газета шығарамыз деп шаўып жүргени.

Талай сапар оған:

— Ҳәй, сырғыя, гармоныңды мойныңа илдирип, көрпе-төсегиңди арқала да, барып колхоздың кеңсесинде жата ғой биротала. Қайда жүргенде не, бәри бир емес пе, — саған үйдиң де, әке-шешениң де кереги жоқ қусайды, — деп кейигенмен.

Мен бақырып-шақырып болғаннан соң, Субанқул баласының кеўилин бағып:

— Бүйтип безилдей берме, Толғанай. Көпшиликтиң арасында болып, ысылсын, ақыры. Қуры бийкар шаўып жүрген жоқ шығар, өйтетуғын болса, өзим-ақ бунын жылаўын тартып қояман, — дейди.

Сол жыллары Субанқул өзиниң бурынғы бригадирлик жумысына тағы айланысқан еди. Тракторларды енди жаслар ийелеп алды.

Айтайын дегеним, Қасым үйленип, биринши келинимиз босағамыздан атлады. Олардың қәйтип табысып жүргенин сорап не қылайын, әйтеўир Қасым дәрьяның аржағындағы «Қайыңлы» колхозында штурвалшы болып жүрген күнлери-ақ, бир-бирин тәўир көрген қусайды. Әлийман таўдың етегиндеги аўылда өскен, қарапәреңнен келген жас қыз еди. Дәслеп келинимниң қәдди-қәўмети келискен, ашық минезли, жыллы шырайлы ҳәм епшиллигине қуўандым. Соңынан оны тап кеўилимнен шыға бергеннен соң биротала жақсы көрип қалдым. Басқаларға айтпайман, бирақ, ишимнен келинимди неге өзимниң ғана қызым болмады екен усы, деп қояман. Өзи де жүдә ғана туўнадан келген, ойлаған жериңнен шығатуғын, кеўилинде гирбиң жоқ нашар еди. Мен оны өз баламнан кем көргеним жоқ. Келиниң ақыллы болса, өз балаңдай болмай не қылады. Екиниң биринде келини менен баласының оңысығының мәниси болмайтуғын жағдайлар болады. Бирақ, қудайға шүкир, маған ондай келин дус болмады, әйтеўир. Усының өзи де үйдиң ишиниң берекетине берекет қосады екен. Бизиң бахыт деп жүргенимиздиң өзи адамның пейил-әпқалына, оның адамлар менен болған мүнәсибтине, өсип-өнийўине байланыслы бир «дәўлет қусы» болса керек. Бирақ, бахыт жаздың күнлери бирден аспаннан нөсерлеп жаўатуғын жаўын емес.

Сол Әлийман келген жыл, — қутлы жыл, умытылмайтуғын бир жаз болды. Бийдай ерте орaққа келди. Дәрьяның суўы да жылдағыға қарағанда тасқын болды. Бийдайға орақ салмастан бир неше күн бурын жаўған нөсер таўлардың қарын еритип жиберди. Ҳәтте, қарлардың қанттай болып ерип киятырғанын алыстан көриўге де болатуғын еди. Жылға-сайлар суўға толып, сабындай көпирген суўдың пәти жолында дус келген шыршаларды түбири менен қопарып, тастан-тасқа соқлығыстырып жағаға шығарып таслады. Әсиресе, суў тасыған дәслепки ўақытта, таңның алдына дейин дәрья улы самбырлы болып—ларс-ларс жар таслап турды. Азанда қарасақ, бурынлары дәрьяның орталарында ҳәр жер-ҳәр жерде қараўытып ту-

ратуғын майда атаўларды түни менен суў шайып кетипти.

Соңынан күн ысып кетти. Ырғатылып турған бийдайлардың төменги жапырақлары көгис тартып турса да, жоқарысы бир тегис сарғыш дөнип писип қалған еди. Сол жылы егилген бийдайдың ушы-қыйыры жоқ еди. Егинди жыйнаўға еле қол ура қойғанымыз жоқ. Сөйтсе да, комбайнның айланыўына қолайлы болыў ушын, атыздың шет-шебирин қол менен орып қойдық. Жумысқа Әлийман екеўимиз бирге баратуғын болғанлықтан, гейпара ҳаяллар мени қысындырыў ушын:

— Шашың желкилдеп, келиниң менен жарысып, тайраңлап жүргенше, үйиңде отырсаң болмай ма. Адам деген өз қәдирин билиўи керек, — дейтуғын еди.

Ал, мен болсам басқаша ойлайтуғын едим: үйде табырайып отырғанның неси өз қәдирин билиў екен. Үйде отыра алмайман, ақыры. Оннанша халық қатары бийдай орғаным абзал шығар.

Сөйтип, Әлийман екеўимиз бирге ислей бердик. Сол күнлердеги ядымда қалғанларды ҳәш қашан да умытпайман. Атыздың шетирегиндеги бийдайдың арасында жабайы түйме гүллер өсетуғын еди. Олар тап түбинен ушына дейин көздиң жаўын алып: ақ, қызыл, иреңдеги гүллерге бүрилип, үп-үлкен болып ашылып турады. Бир қарасам, бизиң Әлийман сол гүллерден бир дәсте етип алып, меннен тартынып бир жаққа екетип баратырған екен. Гүлди не қылады екен? — деп ойланаман, оның изинен билдирмей қарап турып. Ол комбайнға дейин жуўырып барды да, оның жоқарыға минетуғын текшесине қолындағы бир дәсте гүлин қойып, тағы изине қарай жуўырды. Бул комбайн жолдың шетинде, ертең бир күннен атызға түсиў ушын таяр тур еди. Комбайнның қасында ҳеш ким көринбейди. Шамасы, Қасым бир жаққа кеткен болыўы керек.

Өзи уялшақ келинимди оннан бетер қысындырып алмайын деп мен ҳеш нәрсе билмегендей болып төмен еңкейип, өз исим менен бола бердим. Бирақ, ишимнен: қуда қәлесе екеўи татыў болады екен, усындай болған келинимнен айланайын деп ишимнен қуўандым. Сол ўақытта оның қандай болып жүргени елеге дейин мениң көз алдымнан кетпейди. Басында бир тартар, жалындай лаўлаған қызыл орамал, үстинде ақ көйлек, қушағында бир дәсте гүл! Өзи қарапәрең

болса да, күлимсиреген жүзи сәл қызғыш дөнип, көзлери қуўаныштың тәсиринен жайнап турған жас келиншек еди. Естен шықпас ессиз ғана келиним-ай! Гүлге қумар келиним. Өзи де тап кишкентай қызларға усап гүлге өш еди. Ерте бәҳәрде еле қар кетпей атырып, үргиниң астынан болса да, даладан байшешек терип келеди... Аҳ, Әлийман-ай!

Ертеңине бийдайға орақ салдық. Жыйын-теримниң биринши күни байрамдай болып кеткенликтен, сол күни қабағын үйип, түнерип жүрген ҳеш кимди көрмедим. Бул күнди ҳеш ким байрам деп атамаса да, адамлардың даўысында көтеринкилик пайда болып; көзлери нур шашып, жүрис-турысларына өзгерис енип, шыйрақласып кетеди. Ҳетте, олардың гүдшек жүкленген арбаларды тасырлатып айдаўында да, баққыдан шыққандай болып жулқынып турған атлардың пәтли жүрислеринде де байрамның тәсири сезилип турады. Дурысын айтқанда бул күни ҳеш ким де жалшытып жумыс ислемейди. Ойын-күлки менен ҳәзил аралас басқыласпадан ҳеш кимниң аўызы босамайды. Сол күни азаннан баслап усындай ойын-күлки басланды. Адамлардың кеўилли даўыслары атыздың ана басынан мына басына еситиледи. Комбайншыларға қарағанда, тамашаның үлкени әсиресе орақшылардың арасында болды. Өйткени, қыз-келиншеклердиң көпшилиги усы жерде еди. Қасым МТС тан сыйлыққа алған велосипедин минип, ўаҳаҳаласып отырғанлардың тусынан комбайн бетине баратырғанда бир топар қыз-келиншек оның алдынан шығып услап алды да:

— Қәне комбайншы, велосипедтен түс. Сен неге бизлерге сәлем бермей өтип баратырсаң. Сен өйтип гәрдийе берме, билдиң бе? Я бул жердеги бизлердей орақшыларды менсинбейсең бе? Қәне, дәслеп бизлердиң, қала берсе мына ҳаялыңның аяғына бас ур! — деп жабырласты.

Олар Қасымды жән-жағынан тартқылап, Әлийманның алдына әкелгендей етип, аяғына бас урғызып, кеширим сoратқызды.

— Кешириңлер, әдиўли орақшылар. Билмей қалыппан. Ендигиден былай сизлерди көзим шалса болды, бир шақырым жерден сәлем берип келемен! — деп жалынды Қасым.

Бирақ, Қасым буның менен де қутыла алмады.

— Ал, енди бизлерди велиспедиңе миңгиз, қаладағы орыс қызлардай болып самаллайық! — деп келиншеклер оның велосипедине асылды.

Сөйтип, олар велосипедке биреўин Қасымның артына көтерип миндирип, сүйеп, биреўлери артынан ийтерип, қыйқыўласып кетти. Қайсысы болса да тикленип отыра алмайды. Велосипед қыйсаңлағаннан ҳәммеси шуўласады.

Қасымның өзиниң де күлкиден силеси қатты.

— Қәне, болды енди, мени жибериңлер шайтанлар! — деп жалына баслады, ол бир ўақытта.

Олардың жибергиси келмей биреўи түссе, биреўи минеди.

— Ўай жығылдым. Қасым аға, өлдим енди, услаң! — деп бақырса, басқалары:

— Өлсең өл! Өлсең де мойнынан қушақлап жығыл! — деп шуўласып, даланы басына көтерди.

Ақырында Қасым ҳәзилди қойып:

— Ҳәй, сизлерге не бәле келди. Ҳәддиңизден асып кеттиңиз ғой. Я қутырдыңлар ма! Аш кенедей жабыса бересизлер ғой. Болар енди. Жумысқа келдиңлер ме, я ойнаўға келдиңлер ме? Шық кеўип баратыр, комбайнды жүргизиўим керек! — деди.

Сонда да жулпыс келиншеклердиң бир азы пәтинен қайтпай:

— Жумысты сен ислейсең. Ислемейтуғын болсаң, ҳүкимет комбайнды неге шығарып қойыпты. Қаңқайып турысына қара! — деп қарсы даў урады.

Тек жаслар ғана емес: былайырақта турып бул ойын-күлкиге бизлердей кәйўанылар да қызығып қарадық. Пай, сол күнги ойын-күлки өз алдына еди-аў! Сондағы тып-тынық, көгилдир аспанда қалқыған шуғлалы қуяшты айтсаң-ә!

Сөйтип бизлер бийдай орыўға кирисип кеттик. Орақлар жарқ-журқ етеди. Саратанның ҳәўири лаплап, қуяш «мыстай» қайнады. Жаслардың азандағы ойын заўығынан кеўилим көтерилип жүргенликтен, руўхым сергекленип, тап кешке дейин салқын самалда рәҳәтленип жүргендей болдым. Сол күнги көзим менен көрип, қулағым менен еситкен қуўаныш-шадлықтың бәри мениң ушын, мениң бахтым ушын болғандай сезилди. Шамасы, Субанқул болса керек, алыста атлы баратырған биреў толқынлап атырған бийдайдың арасына сиңип көринбей кетти. Бир жа-

ғымнан орақлардың жыңылдысына аралас орылып атырған бийдайлардың тысырлысы еситилсе, бир жағымнан анадай жерден өтип баратырған Қасымның комбайнының даўысы гүркирейди. Комбайнда отырған Қасым саўылдап түсип атырған бийдайға ҳәрдайым алақанын тутып, бир уўыс дәнди бетине жақынлатып ийскелеген сайын, бул жақта турып өзим рәҳәтленемен. Дәми сүт татып турған жаңа дәнниң ийисиндей жағымлы ийис бола ма екен. Бир ўақта комбайн бизлердиң қарсы алдымызға келип тоқтады. Қасым тап гаўдың басында турғандай болып:

— Ҳәй-й, арбакеш, жолта қыла бермей, тезирек бол! — деп бақырды.

Соның арасында Әлийман айран қуйылған гүзени қолына ала сала:

—Жуўырып барып, апарып келейин. Шөллеген шығар? — деди де комбайнға зымырады. Бийдайдың арасы менен баратырған ақ көйлекли, қызыл орамаллы Әлийманның қолына услағаны гүзе емес, тап жүрегин сыйлық етип бериўге кетип баратырғандай сезиледи. Ҳәмме оның изинен сүйсинип қарады. «Субанқул да шөллеп жүрген шығар, айран ишкенде болар еди» деп дөгерегиме қарасам көринбеди. Қайдан көринсин, жыйын-терим басланған соң бригадирлерге тынышлық бар ма. Азаннан кешке дейин аттан түспей, анда-мында шаўып, жумыс басты болып жүриси енди.

Кешқурын атыз басында бизлерге арналған жаңа бийдайдың жаңалық наны да таяр болды. Бул нанлар бизлердиң буннан бир ҳәпте бурын орған бийдайымыздың унынан жабылған еди. Мен бул өмиримниң ишинде бундай жаңалықлардың талайын татқанман. Ҳәрдайым жаңа бийдай нанынан бир түйир сындырып аўзыма салғаннан-ақ, шарапатлы ырым етип атырғандай боламан. Бул нанлардың түри қаралтым болып, қамыры бос ийленгенликтен, онша көпшип писпесе де, оның мазасына қуяштың да, жаңа сабанның да, түтинниң де ийиси қарысып кеткендей сезиледи.

Жумыстың ақырына таман аш болған орақшылар, жаптың жағасындағы шөпликтиң үстине отырған ўақытта, күн көк жийекке тақалып батып баратыр еди. Сол сапарғы түн ашық ҳәм көпке созылатуғындай сезиледи. Бизлер де үй-ишимиз бенен атыздың басына тигилген отаўдың қапталындағы шөпликтиң үстине

отырдық. Субанқул еле келген жоқ еди. Жайнақ кәдимги әдетине салып, қызыл үйге листок қағаман, деп Қасымның велосипедин минип кетип қалды.

Әлийман ортадағы шөптиң үстине бир шаршыны жайып жиберди де, үйден алып келинген алмаларды төгип таслады. Ыссы шөреклер әкелип, кеселерге айран қуйды. Жаптағы суўға қолын жуўып келген Қасым, дастурханның шетине отырды да, шөреклерди асықпай сындырып атырып:

— Еле ыссы екен, ал апа. Дәстүр бойынша жаңалық етиўди өзиң әўели баслап бер. — деди.

— Бисмилла, — деп наннан алдым да, аўзыма салып шайнап атырып бир түрлилеў ийис ҳәм мазаны сездим. Бул ийис қызып кеткен темирдиң ҳәм лампамайдың жаңа бийдайға тәпси урғанлығының, темир услаған қоллардың ийиси еди. Шөректиң тағы бир бөлегин алып едим, бәри бир, оннан да лампамайдың ийиси шығып тур екен. Бирақ, өмиримде ҳеш қашан да бундай мазалы нан жемеген едим. Өйткени, бул нанды өз балам комбайн услаған қолы менен сындырып берген еди. Бул көпшиликтиң наны, — усы жердеги атыз басында өз балам менен қатар отырған қарар көзлердиң жетистирген наны еди. Наннан әўлийе нәрсе бармекен! Балама кеўилим толып, жүрегимди қуўаныш кернеп кетти. Бирақ, буны ҳеш ким сезбеди. Сол ўақытта мен ананың бахты — көпшилик ел-халықтың бахтының, яғный бир түбирден көгерип шыққан шақадай ажыралмас нәрсе екенин ойлап отыр едим. Әне, соннан бери бул басыма не бир мүшкил күнлер түссе де, елеге дейин апа тәғдири, халық тәғдири деген исенимдемен... Ел-халық бар жерде, тиришилик бар... мен де барман...

Сол күни кеште Субанқул бираз ўақытқа дейин келмеди, қолы тиймеген болса керек. Қаранғы түсти. Жаслар дәрьяның жағасына барып, от жағып қосық айта баслады. Сол көп даўыслардың арасынан мен өз балам — Жайнақтың да даўысын есптип отыр едим... Жайнақ солардың гармоншысы еди. Мен оның өзиме таныс даўысын тыңлап отырып: «Бәрекелла балам, ҳәзир жас ўақтыңда айтып қал. Өз қатар-қурбың менен бирге айтылған қосық, адамның кеўил сарайын ашып, олардың бир-бири менен қәдирдан болып кетиўине себепши болады. Соңынан жыллар өткеннен кейин, усы қосықты бир жерде еситсең, сол күни жаз-

ғы кеште кимлер менен қосық айтқаның ядына түседи» деп гүбирленип қойдым. Сөйтип отырып тағы балаларым жөнинде ойладым. Шамасы, ананың өзи жаратылысында усындай болса керек. Қасым болса үйленип хожалық болды. Өз алдына жай салып атыр. Келеси жылға қарай, басқа шығып кетер. Ақлықлы да болып қалармыз еле. Енди Қасымды онша қайғыра бермесем де болады. Тап әкесиниң дәл өзи, тыным таппайды. Қаранғы түсип кетсе де, комбайнның шырасын парлатып, бийдай орып жүриси мынаў. Әлиймаи да соған ерип кетти. Бос ўақтында бир заман болса да қасында болғанды ғәниймет билген шығар.

Масалбегимди ойлағанымда, кеўилим бир түрли болып кетти. Өткен ҳәптеде хаты келди. Бул хатында быйыл жазда аўылға келе алмайтуғынын жазыпты. Оны балаларға басшы етип, Ыссық көлге практикаға жиберипти. Өзи усындай кәсипти шын кеўилден жақсы көргеннен кейин не қыламыз енди. Қайда жүрсе де аман болсын, — деп отыра беремиздағы, — деп ойладым.

Субанқул тәўир-ақ кеширип келди. Ол ары-бери аўқатланып болғаннан соң, түнде аўылға қайттық. Азанда мал-ҳалға қараў керек. Кеште оларға көз-қулақ болып турыўды, қоңсымыз Айшаға тапсырып кеткен едим. Ол бийшара аўырыў болғанлықтан тез-тез жатып қала береди. Бир күн аўырыў болса, бир күн саў дегендей бели шылжытпай қалатуғын болғанлықтан, колхоздың жумысына сийрек барады. Жалғыз баласы Бекташтан басқа үйинен кирип - шығатуғын ҳеш кими жоқ.

Бизлер атқа мингесип, үйге қайтқанымызда, ўақыт ярым ақшамға шамаласып қалған еди. Самал менен шайқатылған бийдайдың баслары айдың жақтысында толқынланып атыр.

Аттың зәнгиси соқпақтың шетиндеги писип турған қуўрайларға тийип, шертилип кеткен ўақытта, билинер-билинбес аппақ шаң аспанға созылып көтериледи. Бул түн өткен-кеткенлерди ядқа салып, адамның кеўилин қандайда бир жағымлы қумарлыққа талпындырып турғандай еди. Мен болсам, Субанқулдың артына мингесип, белиндеги қайысынан услап, ердиң үстине салынатуғын көпшикте отыр едим. Ол бирдейине алдына отырыўға мирәт етсе де, бирақ, мен усындай етип артында отырыўды жақсы көремен.

Атты гə адым-адымлатып, гə жорттырып; ердиң үс-тинде отырған Субанқул азаннан бери шаршағанлық-тан болса керек, дым үндемей киятыр. Анда-санда ол мурнын бир тартып қояды да, өкшеси менен аттың бүйирине нуқып-нуқып жибереди. Мен онын дүңкий-ген жаўырнына қарап, соңынан басымды төмен ал-дым да аянышлы түрде: «Ах, Субан-ай, əсте-ақырын қартайып та баратырмыз-аў енди. Халық қатары түтин түтетип киятырмыз, əйтеўир. Не қыларсаң енди. Уа-қытты услап турыў қолдан келмейди. Жақында ғана емеспеди биреўимиздиң жигит, биреўимиздиң қыз бо-лып жүргенимиз. Жыллардың зымырап өтип бара-тырғанына қара. Соңда да адамның көзи бул дүнья-ның қызығына тоймайды. Еле ғаррылыққа жеңдире қоймаспыз! Турмыстың ғалма-ғалы еле таўсыла қой-мас. Қəйтсекте, қосағымызға қартайғаймыз» деп ой-ланып аспанға қарасам, жүрегим «сүўлап» кетти. Көг-гилдир бəлент аспандағы жылтылдаған жулдызлар-дың арасында, Қус жолы тап баяғыдай болып, əлем-ниң ана шети менен мына шетине созылып атыр екен... жаңа түйекленген қырманнан қандайда бир тайнапыр дийқан үлкен бир қушақ сабанды көтерип баратыр-ғанда, арасынан түскен топанлар шашылып атырған-дай сезиледи. Шашылып атырған сабанды самал ушы-рып атырғандай, топанның қыйқымлары алтындай бо-лып жылтылдасып кетеди. Хəттеки, сол топанлардың арасында шашылып атырған бийдайдың түйирлерин де көриў мүмкин еди... «Хəй, тоба!» — деп жағамды усладым мен. Өйткени, сол түн, сол жаслық шағлары-мыз жарқ етип көз алдыма келген еди. Ойлап қара-сам, сол ўақыттағы арзыў-əрманларымыздың бəри де иске асыпты. Жер хəм суў өзлеримиздики болып, биз-лер де халық қатары жер сүрип, диййқаншылық етип, қырман аттық. Заман өзгерип, усындай бахытлы дəў-ранлар болады деген ол ўақытта кимниң ядында бар-ды дейсең. Мен усындай қыялларга ғарқ болып жым-жырт отырғанымда, кəпелимде Субанқул артына бу-рылып:

— Сен не, Толғанай, уйықлап қалдың ба? Шарша-ған шығарсаң? Хəзир үйге барамыз. Мен де оңғылық болғаным жоқ. Шаршап киятырман, — деп болып үндемей қалды да, тағы да соңынан: — Ямаса, жаңа көше менен бурылып кетейик пе? — деп сорады.

— Бурылсақ бурылайық, — дедим мен.

Жаңа көше деп жүргенимиз, аўылға кире беристеги үлкен жолдың бойы еди. Көше деп бул жердиң көше сыйқы жоқ. Бәҳәрдиң күнлери жай саламыз деген таза хожалықларға тек жер өлшеп берилди. Қасым менен Әлийман да жерди усы қатардан алған еди. Ҳәр жер-ҳәр жерде шала өрилген дийўаллар көринеди. Бизлер тек соларды көрейик, не қылып атыр екен, деп қайрылып едик. Күндиз бийдай орақтан жырыла алмаймыз, қол тийе бермейди. Қасым, Әлийман, Жайнақ үшеўи бәҳәрдиң күнлери ылайға сабан араластырып, гербиш қуйып жүрген еди. Шажынлап жыйнап қойған екен. Олар тырнақтың орнын қазып, өткен ҳәптеде-ақ дәрья беттен тас тасып жүрген еди. Дәрья тасып кетпестен бурын, әкелип алғаны да жақсы болған екен. Жай салынатуғын жердеги үйилип атырған тасларды көрип, Субанқул балларының ислеп жүрген ҳәрекетине кеўили толып қалды.

— Бәрекелла, булар да талабында болып атырған екен, кемпир. Әкелген таслары жетпек түўе, аўысып қалады еле. Бийдайды орып, бир жөнкилли болғанымыздан кейин, ҳәммемиз «ҳәп» деп бир қол урсақ, дийўалын өрип, ағаш жайып, үстин бастырып таслаймыз. Қалған майда-шүйде жумыслары болса, бәҳәрге дейин пите beредидағы. Еки бастан олар быйыл бул жайға кире алмайды. Сен қалай дейсең, буған, Толғанай?

— Дурыс айтасаң, әўели дийўалын тиклеп, бастырып алыў керек. — Соның арасында Жайнақ есиме түсип, күлким келип кетти. Жайнағымыз күн бурыннан асығып, өкпесин қолына алып, ҳаплығып жүрген қусайды. — Жыйналыстың қарары менен бул көшени «Комсомол» көшеси деп атайтуғын болдық дейди. Әлийман жеңгеси болса оған: «Қәйним, сен өйтип Нәсиратдийин қусап, еле туўылмаған балаға ат қойғандай етип жүргенше, әўели үйленип, соңынан көше дүзетсең болмай ма, ат дегенди сөйтип қойыў керек» десе, Жайнақ ерегисип: «Сен түсинбейсең» деп оның менен жақ жарыстырып жүр.

Субанқул сонда басын шайқап, күлип турып:

— Ол шалағай, қалай деген менен көшениң атын дурыс ойлап таўыпты. Мына салынып атырған жайлардың бәри де тазадан хожалық болған жаслардики ғой, ақыры. Халық деген жылдан-жылға толысып, көбейип атыр. Соның бәри аўылға жайғаса бере ме,

сағаи. Жаңадан көше баслап атырғанымызда сол ғой. Усы көшениң еки бойы толыса берсин, тап мениң баламның айтқаны дурыс болып шығады еле. Сонда көресең... — дейди.

Бизлер Субанқул екеўимиз пайда - пуқарашылықты айтысып киятырған сол түн, дүньяның ең бир кесапатлы түни екенин биз ол ўақытта қайдан билиппиз...

3

— Басыңды жоқары көтер, Толғанай, шүкир ет.

— Айтқаның дурыс, шүкирлик жақсы. Оннан басқа не келеди, мениң қолымнан? Сол күнги ҳәдийселер сениң ядыңда бар ма, айнанайын, қәдирдан Жер.

— Мен ҳеш нәрсени де умытпайман, Толғанай. Бул дүнья пайда болғаннан бери өткен-кеткен нәрселердиң бәри де ядымда бар. Китапларға сыймаған, адамлар умытып кеткен тарыйхлардың бәри де менде бар. Сениң де басыңнан өткен ҳәдийселер кеўилимде сайрап атыр. Айтабер Толғанай, бүгин сениң өткен-кеткенлериңниң ҳаққына дуўа етип, сөйлейтуғын күниң.

4

Ертеңине күн шықпастан бурын, бийдай орaққа түсип кеттик. Сол күни бизлер жумысты дәрьяның ғырра жагасындағы бийдайды орыўдан басладық. Себеби, бул жерлерден комбайн айланып жүре алмайтуғын еди. Ҳәмме қатара түсип, адамға бир-еки дәстеден салған ўақтымызда, дәрьяның аржағынан бизлердиң тусымызга қарап шаўып киятырған бир атлы көринди. Тап изинен биреў, қуўып киятырғандай шөпшар, қамыслық демей дизгин ушына қуйдырып келе берди. Ол дәрьяның бойындағы таслаққа келиў пәти менен атты тиккелей суўға салыўға бейимлести. Бул ким екен десип бизлер тикленип қарадық. Ықтағы көпирден айланып келмей, бул неге бунша асығып жүр. Аттың үстиндеги — бир орыс жигити екен. Ол тыпыршылап турған жийрен айғырын қамшыға тутып, секиртип, дәрьяға салғанда бәримиз ҳайран болып, бул бир әжелине асығып жүрген биреў екен деп таңланып қалдық. Дәрья кенарынан асып турған ўақытта суў менен ойнаўға бола ма. Ат түўе түйени де ығызып кетеди, дәрьяның пәти. Сүйегин де таба алмайсаң. Жанынан безген бул қандай адам екен өзи?

— Ҳәй, тоқта, қайда баратырсаң, тоқта! — деп бақырыстық бизлер.

Ол қолын былғап бир нәрселерди айтқан болды. Бирақ, дәрьядағы суўдың сарылдысынан:

...—а—а—а—... дегеннен басқа бизлер ҳеш нәрсе еситпедик.

Қас пенен көздиң арасында пәтли ағыс атлыны алып кетти. Шапшыған толқынлардың арасында аттың жымыйған қулағы менен тек тумсығы көринеди. Атлы болса еки қоллап оның жалына жабысып алған. Басынан түскен шәпкиси толқынлардың арасында шыр гүбелек айланып қараўытып баратыр. Ҳәммемиз дәрьяның жағасына жуўырып шықтық. Бирақ, атлы ағыстың қайнаўытлаған күшиниң пәти менен кем-кем жағаға жақынласа баслады. Ағыс оны тәўирақ алыслатып алып кеткенликтен, ол тап суў дигирман қурылған жердиң ығынан барып шықты. Сол ўақытта ҳәммемиздиң де бойымыз жеңил тартқандай болды. Биреўлер мәрт жигит екен, барып ким екенин билейик десе, тағы биреўлер:

— Әй, арақ ишип, не боларын билмей жүрген биреў шығар, енди соның изинен қуўып жүремиз бе! — деп ғаўырласты.

Сөйтип соның менен ҳәмме тынышланғандай болып жумысымызға айланыстық. «Арақ ишсе ишкен шығар, саў адамның жүриси емес бул» — деп ойладым мен де.

Сол ўақытта суў дигирманының қасында бийдай орып жүрген Қасымның комбайны бирден «пыт-пытлап» өшип қалды. Мен оның неге өшкенине әҳмийет бергеним жоқ. Қапталындағы қайысларының биреўи шығып, ямаса үзилип кеткен шығар, жумыс арасында ҳәр нәрсе бола береди деп ҳеш жаққа бурылмай, алдымдағы бийдайды ора бердим. Қәпелимниң арасында меннен былайырақта, бийдай гүдшеклеп жүрген Әлийман қорқынышлы даўыс пенен:

— Ене! — деп бирден бақырып жиберди.

Мен сескенип кеттим. Ол қолындағы орақты атып урып, түри аппақ болып силейип тур екен.

— Саған не болды? Жылан ба, не өзи?! — деп оған қарай жуўырдым.

Ол үндемеди. Оның аларып кеткен қорқынышлы көзлери тигилип турған тәрепке қарап, мениң де тула денеим түршигип кетти. Комбайнның қасынан әлле-

қандай қолайсызлаў бақырыслар еситилип, сол тәрепке қарай адамлар бийдайдың арасы менен де, соқпақ пенен де атлы-пияда ағыла берди. Арбаның үстинде түргелип турғанлар да атларын қамшылай баслады.

— Бир нәрсе болған қусайды, ене! — деп бақырыўы менен Әлийман да жуўырып кетти.

Соның арасында қулағыма:

— Биреўди комбайн шайнап кеткен қусайды, ямаса барабанға оралып қалдымекен? Жуўыр, барайық! — деген орақшылардың сести еситилди.

Әлийманның изинен барлық орақшылар да жуўырысып кетти.

«Өзиң сақлағайсаң, қудайым!»—деп гүбирлениўим менен мен де олардың кейнинен жуўырып баратырып, жаптан атлай берген жеримде сүринип жығылдым. Турып және жуўырдым. Ах, сондағы жуўырғанымдай. Тоқтап турың! — деп бақырайын десем, даўысым шықпайды.

Сол пәт пенен жуўырып комбайнның қасына барсам, адамлар үсти-басы суўға малынып, жийрен аттың нийеклигинен услап турған биреўди ортаға алып ўағырласып тур екен. Мен ҳеш нәрсени дурыслап еситe алмай-ақ: «Былай турыңлар, мени жибериңлер!» — деп адамларды қақ айырып өзимди ортаға урған ўақтымда, комбайнның жанында турған Қасым менен Әлийманды көрип, қалтыраған қолларымды балама қарай создым. Қасым маған қарай талпынып, мени услап алды да:

— Урыс, апа! — деди тап даўысы алыстан еситилип турғандай.

Мен бул сөздиң мәнисине түсинбейтуғындай болып, оның бетине жаўтаңлап қарап:

— Урыс? Сен урыс деп турсаң ба? — деп оннан қайталап сорадым.

— Аўа, апа, урыс басланыпты, — деди ол.

— Урыс дейсең бе? Ол қандай урыс? Урыстың атын айтып турсаң ба? — деп бул суўық хабардың төркининде не жатырғанын билмегендей гүбирлеп турып, бирден жүрегимде пайда болған қорқыныштан, көкирегим қысылып еңиреп жибердим. Мениң бетимдеги сорғалаған жасты көрип, басқа ҳаяллар да шуўласып қоя берди.

— Тыныншланың! Кәне, қойыңлар, қатынлар?! — деп еркеклердиң арасында турған биреў бақырды.

Сонда бәримиз бирден бул хабар өтирик шығар, деп оннан мәсләҳәт күткендей тым-тырс болып қалдық. Бирақ, ол ҳеш нәрсе айтпады. Басқалар да ҳеш нәрсе айтпады. Далаға кеўилсиз тынышлық шөгип, тек дәрьяның суўының ҳарылдысынан басқа ҳеш нәрсе еситилмей қалды. Бул суў сепкендей тынышлықтың арасынан әллекимниң көкирегин шуўылдатып, суўық демин алып, қозғалғаны еситилди. Адамлар тағы тикирейисти. Бирақ, ҳеш кимниң сөйлеўге жүреги даўамады. Әтирапқа тағы меңиреў тынышлық шөгип, күнниң ысып барағырғаны, сүйир шыбынлардың қулақтың тусындағы жиңишке ыңылдысы еситиледи. Қасым топарласып турғанларға бир қатар қарап алды да, тап өз-өзине сөйлеп атырғандай етип:

— Енди егин-тегинди тезирек жыйнап алыў керек, болмаса қардың астында қалады, — деди. Ол сәл үндемей турды да, қапталындағы жәрдемшисине буйырып: — Неге аңырайып турсаң! Ходла моторды! Ал, орақшылар, сизлер неге турсыз енди? Ендигиден былай адам жетиспей қалса, жәбирин өзлериңиз тартасыз. Қәне, барыңлар, жумысларыңызға! «Урыста турыс жоқ» деген ақыры!...

Адамлар қозғалыса баслады. Сол ўақытта ғана мен дәрьяның арғы жағынан өтип келген орыс жигитти көрдим. Үсти-басы сылпылдаған суў болып, атының ийеклигинен услап тур екен. Адамлар тарқалыўдан ол төмен ийилген басын әсте жоқары көтерип, атының ерин жөнлестире баслады. Сәл бойшаңлаў демесең, тап мениң Жайнағым қатарлы жас ғана бала жигит екен. Суў болып қалған шашлары маңлайына жабысып, әўели қудай биледи деп айтайын, көк көзлери өмиринде биринши ирет усындай ғамлы ҳәсиретке толған шығар, Оның қаншелли тәшўишке түскенлиги тынық жүзинен билинип түр еди. Ол мениң көзлериме балалық пенен ҳәзир ғана хошласып енди дәстияр болып кеткен адамдай сезилди. Ол суўық демин алып, ерге отырды да, сол жерде турған аўыл жигитлериниң бирине қарап:

— Сен жора, ҳәзир барып баслықты, аўыл советти, бригадирди тап. Еглеңбестеп райкомға барсын. Мениң еле еки колхозға барыўым керек, — деди де кетиўге қолайласып, атын бурып жолға салды.

Соның арасында оның хабар бер деп тапсырма берген жигити:

— Тоқтап тур, шәпкиңди болса ағыс алып кетти. Мә, мениң шәпкимди кийип ал, күн ыссы, өтип кетер, — деп оны тоқтатты.

Жаңарақта дәрьядан жүзип өткен жийрен ат кийиктей секирип жолға түскенде, артынан шаң көтерилип, хабаршы баланың қарасы хә демей-ақ көзден ғайып болды. Оның изинен қарап турған адамлардың бәри де түрли-түрли қыяллардың тутқыны болып тур еди. Комбайн менен трактордың моторы теңинен гүрилдеген ўақытта, шоршып кеткендей бир-биримиздиң бетимизге қарастық.

Сол минутлардан баслап жаңа ҳәрекет — урыс ҳәрекети басланған еди...

Бизлер саўаштың гүрсилдисин еситпесекте, бирақ, жүрегимиз адамлардың қыйғырығын сезетуғын еди. Сонша жыл жасап, мен еле сондағыдай ыссыны еле көрген жоқпан. Тасқа түпирсең түпиригиң бажылдап кеўип кетеди. Бийдай деген сол жылы басына болғандай тирелип қалды. Соншелли жерге егилген бийдай төрт-бес күнниң ишинде-ақ орақққа келип, «қуўырмашы» шығып писип қалды. Не деген ғәзийне, не деген ырысқал! Асығып ислеген жумысы қурысын, орылған бийдайларды баўлаўға да асығып, дәстелей қушақлап арбаға әпергенликтен қаншасы зая болмады дейсең. Мениң қарап турып реҳимим келетуғын еди. Жолдың бәри шашылып атырған бийдай. Бул да жөнине бара берсин, әсиресе адамларға қараў бәринен де бетер жанға бататуғын болды. Шақырыў қағаз келип, күн сайын бир жағы армияға кетип атырса, қалғанлары бийдайды тезирек жыйнап алыў ушын уйқы дегенниң не екенин билмей қаралай өшип жүр. Байғус, Қасым балам, питпей қалған истиң бәрин өзи питкеретуғындай күни-түни комбайннан түспей тыным таппайды. Қасым ғана емес, оның комбайны да жанлы бир нәрседей гүрилдеп шаңның арасында ана көлемнен мына көлемге өтип бийдайды сыпыртып ора берди. Қасым болса комбайнның үстинде пәрўаз етиўге талпынған бүркиттей алдынан көз айырмай, бүгин қанша жер ораман, енди қаншасы қалды дегендей болып, тек алға талпынады. Сол күнлери ол қап-қара болып болдырып қалған еди. Көрсең аяп кетесең. Жағының ети сылынып, сақаллары ғаўлап, еринлери де жарылып кетти. «Мына жүрисинде күн өтип кетип, комбайннан қулап түспесе болар еди» — деп ишимнен оған жа-

пым ашыйды. Бирақ, айтайын десем, аўызым бармайды. Мениң айтқанымды итибарға алмайтуғыны оның көзлеринен-ақ мәлим еди.

Арадан көп өтпей Қасымның да гезеги келди. Сол күни түсте комбайн бетке жуўырып кеткен Әлийман, қабағын үйип қайтып келди.

— Шақырыў қағаз келипти, — деди зорға сөйлеп.

— Қашан?

— Жаңа аўыл советтен әкелип берипти.

Баламның ертели-кеш ақыр бир күни көпшилик қатары армияға кететуғынын өзим де билип жүр едим. Сөйтсе де, мына хабарды еситиўден қол-аяғымның диңкеси қурып сала берди. Орағым қолымнан түсип, жерге отырып қалдым.

— Ондай болса не қылып жүр екен, үйге барып таярланбай ма екен? — деп гүбирлендим еринлерим дирилдеп.

— Кешқурын бараман деди. Маған үйге қайтып анаў-мынаўларды таярлай бер, — деди. Мен кете берейин, ене. Атама өзиң айтарсаң. Кишкене бала да көринбейди бүгин. Қайда кетти екен?

— Онда сен кетебер, Әлийман. Барып қамыр ийлеп қоярсаң. Мен де шамалы ўақыттан кейин жетип бараман, — дедим оған.

Әлийман кеткеннен кейин де, бираз ўақытқа дейин орнымнан тура алмай қара басып отыра бердим. Ҳәттеки, басымнан сыпырылып түскен орамалымды алыўға да шамам келмеди. Самсаз болып жерге үңилип отырсам, қумырсқалар жол салып арман-берман зыр жуўырысып, биреўлери бир түйирлеп бийдай тасыса, биреўлери сабанның майда қыйқымларын сүйреп қыбырлап жүр екен. Бул мийнеткеш мақлуқатлар жанында қандайда бир адамның отырғанын сезгендей болып, сол минутларда өз тиришилигиниң ғамын етип атырғандай сезилди. Несин айтасаң, олар әстен, ҳеш нәрседен алағадасыз қыбырлысын жеткере береди ғой. Бирақ, мына урыс басланбағанда, мен ол қумырсқалардың ҳәрекетине сер салайын деп жүрген адамбедим. Буны айтыўдың өзи де уят ғой...

Соның арасында арбасын тасырлатып, Жайнақ та жетип келди. Сол күнлери ол комсомол кәрўанына қосылып, станцияға арбалы бийдай тасып жүр еди. Қасымның армияға кететуғынын билип, ол мениң изимнен келген болса керек. Жайнақ арбадан секирип түр-

се сала, мениң жерде жатырған орамалымды алып, басыма жаўды да:

— Үйге барайық, апа, — деп қолымнан тартып орнымнан турғызды.

Арбаға минип алып, үндемей кете бердик. Тап сол күнлери Жайнақтың минези адам билип болмас дәрежеде өзгерип кеткен еди. Бир жағынан ол анаў күнги хабаршы орыс жигитине де усап кеткендей болды. Соның бет әлпетиндеги қатал ойшаңлық бунын көзлеринен сезиледи. Бурынғы жыртақайлығы жоқ, көпти көрген адамдай салдаманлы болып қалыпты. Көптиң басына ис түссе, адамзаттың баласының бәри де бирдей болады екен ғой, — деп ойладым ишимнен. Усыларды ойлап киятырып, Масалбегимнен көп ўақыттан берп хабар болмай кеткенлиги ядыма түсип, кеўилим бир түрли болып сала берди. «Оған не болды екен? Оны да армияға алып кеттимекен, я басқа бир нәрсе болды ма екен? Шаппаттай хат жазып, бир хабарын билдиргенде не қылады екен, баласы бар болғыр. Бирдей шетте жүргенликтен, әке-шеше дегенди умытып, тас баўыр болып кетти ме екен я? Енди оқыў бола ма, өйтип жүргеннен көре, тарқатып жиберген болса үйге келгени абзал емес пе, оның? Ол жақта не қылады енди, жүре берип?» — деймен арбада киятырып, оны уўайымлап отырып.

— Жайнақ, сен станцияға барып-келип жүрсең ғой, бул урыс тезирек қойылады деген ызым-сызым хабар жоқ па? — дедим.

— Яқ, апа, еле берин қойылмайтуғын қусайды. Ҳәзир бизиң жағдайымыз аўыр. Немецлер еле басып киятырған көринеди. Бизлердики енди әмеллеп, соларды бир иркип алса, күшимизди жыйып алар едик. Жақын арада усындай етер, деп ойлайман, — деп үндемей қалды да, арыстағы атты қамшылап артына бурылып:— Апа, сен қорқа берме? Жүдә қорқып жүрсең бе? Ананы-мынаны ойлап, көп сарсыла бермей-ақ қой, апа өйтип. Еле бәри де әнедей болып кетеди, көрерсең еле, — деп атыр.

Аҳ, садаған ғана кетейин сада балам-ай! Ол мениң кеўлимди алмақшы болып айтқан ғой, бул сөзлерди. Ойланбаўға бола ма ақыры? Көзимди басып, қулағымды тықсам да ойланбаўдың ҳеш итималы жоқ ғой, енди.

Үйге келсем, Әлийман қамырын шала ийлеп, жылап отыр екен. Ашыўым келгенликтен оны уялтпақшы болып, «Елден, халықтан зыят шыққан сен қаяқтың артық сыйрағы единҚ Ямаса урысқа кетип баратырған сениң бир өзиңниң байың баҚ Қой, сен буйтип «сорпаңды» ағызып, ырбыйғаныңды шырағым. Бунның болмайды. Қудайым, буннан бетеринен сақлағай де онанша. Ҳә, соры қайнаған» — деп оған жекиринейин десем, өзи жас нәрсениң кеўили қайтып қалар, ҳәзир ҳазар бермей-ақ қояйын деп пәсиме қайтып, тым-тырыс болып қалдым. Ямаса, сол ўақытта кеўилине келсе де, қаттырақ айтқанымда болатуғын ба едиҚ Сол ўақытта қайтырып таслап, айта қойғанымда, соңғылығында өзине жеңил болармеди, әлле қәйтер едиҚ Билмедим, бирақ, мен сол сапары оған ҳеш нәрсе айтпаған едим.

Қасым күн батып, қас қарайғанда үйге келди. Онын дәрўазадан кирип киятырғанын корип, Әлийман жағып отырған отын таслай сала көзиниң жасын сорғалатыўы менен жуўырып барып, мойнына асылып;

— Сеннен айрылып, сеннен қалмайман. Сеннен айрылсам, өлемен! — деп еңиреп жылап жиберди.

Қасым комбайннан түскен бойына, шаң ҳәм қара майға былғанып киятыр еди. Ол Әлийманның қолын ийнинен жаздырып:

— Тоқтап тур, Әлийман! Үсти-басым патас еле мениң. Оннанша маған сабын менен сүлги бер, дәрьяға барып жуўынып келейин, — деди.

Әлийман маған қыйпаңлап қарай бергенликтен, оның уялғанын сезип, қолына шелекти берип:

— Қайтарсын суў алып кел, — деп жибердим.

Сол сапары олар дәрьяның жағасынан ай тәўир-ақ көтерилгеннен кейин түнде кеш қайтып келди. Үйдеги жумысларды Жайнақ екеўимиз иследик. Ярым ақшамда Субанқул да жетип келди. Мен оны қайда кетти екен деп жүрсем, таўға барып, өзимиздиң сәмен жорғаны үйирден айырып услап әкелипти. Бизлер оны тайыншақ ўақтында Қасымға атап сатып алып едик. Ол ўақытлары Қасым деген трактиоршылықты жаңа үйренип жүр еди. Пай, ат болғанына! Өзи де ҳәр туяғы отаўдай, артқы аяқлары аламыш бир жүрмел болып шықты. Сонда ғой аўылдағы қыз-келиншеклердиң:

...Астыңа мингениң ала аяқ жорға,
Тусымнан өтер деп қараймаи жолға...

деп қосық шығарып жүргени.

Кетериниң алдында бир-еки күн болса да минип жүрсин, деп ойлаған болса керек әкеси.

Ертеңине азанда ертелеп үйимиздиң иши менен бәримиз әскерий комиссариатқа бардық. Бизлер Әлийман екеўимиз Жайнақтың арбасына минип алдықтағы, Қасым әкеси менен ҳәр қайсысы өзлериниң атларына минип алды. Бул көп алыспаның ўақты еди. Ҳәр жақтан қосылып, жолда шубалысқан арбалар менен қара қурымдай адамлардың есап-саны жоқ, ызық-ызық, бир ушы үлкен аңғарда болса, бир ушы көринбейди. Барлық аўылдың да адамлары шожып, кими ат, кими өгиз минип баратыр. Район орайына жыйналған адамлар менен арбалар көшеге сыймайды. Арасында балалар да, ғаррылар да, кемпирлер де бар. Ҳәр ким өзиниң жан күйериниң жанынан бир адым былай жылжығысы келмейди, биреўлер жылап жүрсе, биреўлер ишип алып, мәс болып жүр. Ақыры, халық деген шайқалған теңиз, — оның терең жери де, сайыз жери де болады деген гәп бар. Сол топалаңлы аламанның арасында да урысқа баратырған, ғайратлы азамат жигитлер тек жүрип, төрелигин бузбай, қосық айтып, гармон шертип, ойнап, көпшиликтиң кеўилин көтерип жүр. Қырғызша, орысша, қосықлар биринен соң бири айтылып, «Катюша»ға келгенде, ҳәммеси даўыс қосысып айтады. Мен бул қосықтың мәнисин сонда билгенмен.

Армияга шақырылғанлар әскерий комиссариаттың кең шарбағының ишине жайғаспағанлықтан, оларды үлкен көшениң ортасына дизилистирип, ҳәр қайсысының әкесиниң атын айтып, биримлеп шақырғанда, қобалжып, ғаўырласқан халық силтидей тынып, демин ишине тартып қалды. Қарап турсам урысқа кетип баратырған гилең сайланды ғошшақ жигитлер екенин көрип, ашшы бир түйин өңешимде турып қалғандай болды. Бәриниң де әйне ойнап күлетуғын мәҳәли. Ҳәр сапары дизимнен аты шыққанлары «мен!» — деп даўыслап жуўап береди де, бизлер тәрепке бир қарап қояды. «Субанқулов Қасым!» — деген ўақытта, тула деним түршигип, тағы да көзимниң жасы айланып кетти. «Мен!» — деп жуўап берди Қасым. Сол ўақыт-

та Әлийман «Ене!» — деп сыбырлап, қолымды қатты қысып жиберди. Оның не айтажағын билип турман: бирақ билген менен қолымнан не келеди мениң. Көп пенен көрген «уллы тойдан» ким шетте қалады дейсең. Аҳ, Әлийман, Әлийманым-ай! Ол ўақыт-дәўир талабын, халық талабын жақсы түсинетуғын еди. Бирақ, мен өз қостарына, буншелли шын берилген адамды бийпатманың тухымының арасында еле ушыратпаған едим. Әлийманның сондағы Қасым менен хошласып атырғаны ядыма түссе, жанымды оған садаға етким келеди.

Сол күни бизлер армияға баратырғанлардың бир күн өтип, ертеңине кететуғынын еситип, аўылға қайтып келдик. Қасым да бизлерди қыстастырып қоймады. — Үйге қайта бериңлер, бул жерде қуры жүре берип не қыласызлар, кетип баратырып үйге қайрылып, өзим сизлер менен хошласып өтемен,—дей берди. Колхозымыз да үлкен жолға жақын еди. Бизлер қайтарсын Әлийман минип қайтар, деп Субанқулдың атын қалдырдық та, қалғанларымыз арбаға минип қайттық. Жайнақ та районда қалды, себеби оған армияға баратуғынларды станцияға арбалы апарыў тапсырылған еди.

Түнде қаңырап турған үйге келип, өзимди тоқтата алмай жылап жибердим. Субанқул шайды өзи қайнатып, өзи демлеп, бир кесе шайды маған узатып атырып, кеўилимди алып тәселле берди:

— Бизлер екеўимиз ким едик, Толғанай? Бизлерди халық қатарына қосқан усы ел, усы адамлар еди ғой. Енди елдиң басына түскен жаман-жақсы күнлерди де солар менен бирге көриўимиз керек. Бүгинлигинде ҳәр ким өзиниң қара басының ғамын ойлап кетсе, онда қалай болады енди. Булай етсек, адамгершиликке қылап еткен боламыз. Ертеңнен баслап сен бул әдетти қой. Әлийман жыласа, оның жөни басқа — ол бизлердиң көргенимиздиң ушлығын да көрген жоқ. Сен — анасаң ақыры, көпти көрген. Соны билип қой. Бул урыс деген созыла беретуғын болса, еле мен де кетип қаламан. Масалбектиң де жасы толып тур, оны да әкетип қалыўы итимал. Ҳүкимет талап етсе, бәримиз де кетемиз. Әне, Толғанай, соларға усы бастан көнлиге бер... — деди.

Ертеңине түстен кейин, армияға кететуғынларды станцияға жөнелте баслады. Қасым менен Әлийман

жолдың туўры жерлеринен атларын желдирип, олардан бурын келди. Үйиңе барып хошласып шық, деп Қасымға рухсат берген екен. Жол бойы жылағанлықтан болса керек, Әлийманның еки көзи «муштай» болып исип кетипти. Қасым сыр бермеген менен оның да бир қыйлы болып турғаны сезиледи. Билмеймен, Әлийманның көз жасларын төгип, оған жаўдырап қарай бергени қатты тәсийр етти ме, ямаса оның менен хошласыўды өзине аўыр көрди ме, әйтеўир ол атынан түсе сала: «Сизлер мени станцияға шығарып саламан деп ҳәлекленбей-ақ қойың. Еле мен қайтып келип жүремен бе, өйткени тракторшылар менен комбайншыларды жыйын-терим тамам болғанша алмайтуғын қусайды. Буйрық келип қалса үйлериңизге қайтарамыз» —деп атыр,» деди. Енди ойласам ол Әлийманды, бизлерди аяп айтқан сөзи екен. Станция менен аўылдың арасы да бир күнлик жол. Оған дейин жылап барып, жылап қайтатуғын болса, ҳеш кимниң де көз жасы жетпес. Мен оның бул сөзлерине дәрҳал исенип қала қойдым. Жуўық арада адамның үмити үзиле қоя ма. Бирақ, оны шығарып салыў ушын үлкен жолдың бойына келгенимизде тағы гүманланайын дедим.

Жол бойында, далада жумыс ислеп жүргенлердиң бәри де, Қасым менен хошласып қалып атыр. Арба айдаған, орақ орған, қырманда бийдай гүдшеклеп атырғанлардан ҳеш ким қалған жоқ. Қасымның комбайны да сол дөгеректе бийдай орып жүрген екен. Жәрдемшилери комбайнды тоқтатып, оның үстинде отырғанлар да жуўырып жетип келди.

Темирши уста саўашқа кетип баратырып, сандал ҳәм шөккиши менен хошласады деген гәп бар. Мениң Қасымым да өз исиниң маманы еди. Сол айтқандай комбайн тоқтаған ўақытта, Қасым аўылласлар менен сөйлесип турып, жол тәрепке мойнын созып бир қарап алды. Қызыл байрақ көтерип, арбалы-атлы киятырғанлардың кәрўаны жолдың бурылысынан айланып, көринип киятыр екен.

— Мынаны услап тур, аға! — деп Қасым өзиниң жүрмелиниң дизгинин Субанқулға услатты да, өзи комбайнға қарап жүрди. Ол комбайнға жақынлап барды да, оның ҳәмме тәрепин айланшықлап, бир қатара көрип шықты. Сөйтип оның үстине секирип минип алып:

— Қәне, Есенқул, айда! Баяғыдай етип айдай бер! — деп тракторшыға даўыслады. Бир қәлипте әстен пыт-пытлап турған мотор гүрилдиси соның арасында бирден бар даўысы менен ўарылдап, орнынан қозғалған комбайнның артында аппақ шаңғыт пайда болып, топанды тозаңғытып, суўырып, бийдайды бир жағына айырып тысырлата баслады. Штурвалды беккем услап алған Қасым болса, бетин аңызақ самалға бурып, көкирегин керип, барлық нәрсени умытқандай болып күлип отыр. Тракторшы екеўи әлле нәрселер жөнинде басын ырғап бақырысып сөйлесип, шаўқым салысып тракторды атыздың арғы басынан айландырып қиятырғанда, оларға қарап турған адамлар барлық ғалма-ғалды умытқандай күлимсиреп қарасты. Сол ўақытта мениң көзиме солай болып көринген шығар, бул комбайн емес, ал қанатын жайып, жер баўырлап ушып баратырған айбатлы дала бүркитиндей болып сезилди. Әлийман да сол сапары ҳәзир оның менен хошласатуғынын умытып, көзлери нурланып қуўанып тур еди. Ол комбайнның алдына шығып баратырып, мыйығынан күлимсиреди. Комбайн тоқтады. Ҳәммемиз де бурынғы қәлпимизге түсип түнерип қалдық. Әсиресе, жан қоңсымыз Айшаның он үш жаслар шамасындағы Бекташ деген комбайнда сабаншы болып ислеп жүрген баласы комбайнның үстинде турып, Қасымды қушақлап, жылап жиберген ўақытта, ернимди тислеп алғанымды билмей қалдым... Қасым оны қолына көтерип бетинен, маңлайынан сүйип, енди буны сен үйрен дегендей, баланы штурвалға отырғызып, басқыш пенен төмен түсти. Бизлер оған қарап жүрдик. Сол жерде ол жәрдемшилери менен хошласты. Бақырып жылап жиберейин десем, Субанқулдың түндеги гәплери есиме түсип, тисимди тисиме басып тура бердим. Тезирек асығыў керек еди, өйткени жолдағы ағылып баратырған адамлар тусымызға келип қалды, ақыры.

Бизлер Қасымды усындай етип шығарып салған едик. Ол атына миниўге қолайласқан ўақытта, Әлийман жасы үлкен, жасы кишиден тартынғанды қойып, оның мойнынан қушақлап, бақырып жиберди. Бетинде нәрсе қан жоқ, көзлери жанып баратырғандай болып, жас балалардай Қасымның қолына асылып, «сәл тоқтап тур» — деп жылай берди. Бизлер оны Қасымнан зорға ажыратып алдық. Ол жулқынып барып тағы

оған асылады. Қулласы, ол Қасымның аяғын ердиң зәңгисине салыўға имканият бермей:

— Тоқта! Сәл-пәл егленип тур! — деп жалына береди.

—Ҳаў, сен, бүйтип жылай берме, Әлийман! Ертең станциядан қайтып келемен ғой. Адамның гәпине исен ақыры! — дейди оған Қасым.

Сонда Субанқул келинине қарап:

—Сен бирге кете бер, Әлийман. Өзиң жолға шығарып салып қайтарсаң. Бизлер усы жерде күтип турамыз. Буларды жолдан қалдырмайық, — деп Субанқул баласының шығанағына қолын өткерип, қолтықласып алды да: — Мениң көзиме қара, берман, — деди.

Олар бир-бириниң көзине үнсиз тигилип қарасып алды.

— Маған түсиндиң бе? — деди әкеси.

— Түсиндим аға, — деди баласы.

— Онда жолыңа түс, қудай яр болсын! — деди де Субанқул атына ғарғып минип, артына айланбастан алыслап кете берди.

Қасым мениң менен хошласып атырып:

— Егер Масалбектен хат келсе, изимнен адресин салып жибериңлер, — деди.

Қасым менен Әлийман сәмен жорғаны жетеклеп, қол усласып, жолға шығаман дегенше излеринен қарап турдым. Адамлар алыслап баратырған еди. Әлийман еле Қасымның зәңгисине асылып жуўырып баратыр. Бирақ, Қасым ат үстинен еңкейип, ең соңғы мәртебе ҳаялының маңлайынан сүйди де, жорғаның дизгинин жаздырды. Жорғаның соңынан созылып көтерилген аппақ шаңның арасында, Әлийман еле қолларын сермеп жуўырып баратыр еди. Мен оның изинен барып, үйге қайтарып әкелдим.

Ертеңине кеш қурын жорғаны арбасының кейнине байлап, Жайнақ станциядан алып келди.

## 5

Алысларда қырғын саўаш болып, қан төгилип атырғанда, бизиң саўашымыз жумыс болды. Қасым дурыс айтқан екен, қанша жумылып ислесек те урыстың кесапатынан егинлердиң биразын ўақтында жыйнап ала алмадық. Картошкалардың биразы қардын астында қалды. Аўылдағы еркеклер бириниң изинен

бири күн сайын фронтқа кетип турды. Бизлер болсақ азаннан қара кешке дейин колхоздың жумысы менен бәнтпиз. Айтатуғынымыз урыс не қылды екен, деген гәп қәдимги. Сол күндеги хабарлар кеўилге тәселле берерликтей емес еди. Почташының жолына айдай қарап жүргенимиз жүрген.

Қасымды шығарып салғанымыздан кейин арадан бир ҳәпте өткенде, Масалбектен хат келди. Биринши хатында ол өзи менен бирге оқып жүргелердиң қатарында армияға шақырылғанын, ҳәзир сол қаланың ишинде екенин айтып, сизлер менен көзбе-көз, хошласа алмағаныма өкинемен, бундай боларын ким билипти. Не болса да жеңис пенен қайтсақ болар, әйтеўир депти. Екинши хатын ол Новосибирски деген қаладан жиберген еди. Бул хатында ол командирлик оқыўға жиберилгенин айтып, сүўретин де салыпды. Сүўретиңнен айланайын, балам-аў! Әскерше форма кийип түскен екен. Жүдә ғана жарасып тур-аў өзине. Қалың шашын кейнине қарай өрлеп тараған, ойшаң көзлери сәл муңлылаў сезиледи. Елеге дейин тап сол сүўретиндегидей болып гейде түсиме енеди... Әлийман Масалбекти бир мәртебе ғана көрген еди. Ол да болса, сол жылы бәҳәрде өзи келин болып түсип, — ағный Қасым үйленип той бергенде, Масалбек еки күнге жуўап сорап келип кетти.

— Бизиң муғаллим бала сулыў жигит екен ғой, өзи ене, я? — деди ол сүўретке қарап отырып. — Сол сапары шымылдықта отырып сүмеңлеп қарай бериўге уялып, оңлап көре алмаған едим. Енди аман-саў қайтып келип, өзиндей билимли, сулыў қыз таўып алып үйленсе, жүзикке қас қондырғандай болар еди. Солай емес пе, ене?

«Сондай күнлерге жеткергейсең», деп ойланып Әлийманның айтқанын мақуллап қойдым ишимнен.

Қыс ортасына дейин балаларымнан усындай болып изли-изинен хат келип турғанлықтан, кеўилим парасат таўып жүрди. Арадан көп ўақыт өтпей, Қасымның фронтқа баратырмыз деген хаты келди. Енди қалай болар екен деп жүрегим суўлап қоя берди. Сол күнлери Субанқулды да әскерий комиссариат қайта-қайта шақырып, гә комиссиядан өткерип, гә есапқа алып жүрди. Бир күн военкоматқа шапса, бир күн қәдимги колхоздың бригадирлик жумысына жуўырып, еки ортада әўере сарсаң болды да қалды. Қалай деген менен

мен Субанқулды армияға алмайтуғын шығар деп жүр едим: бир күни оны шынтлап алатуғын болып, шақырыў қағаз келгенин еситип жүрегим қанасынан шығып кете жазлады. Қырманда қардың астында қалған бийдайдың топанын атып, қоғын тазалап атыр едик. Қолымдағы жабаның сабына сүйенип, не қыларымды билмей мең-зеңим шықты да қалды. Енди қалай болады, қалай күн көремиз? Еки баланы болса жибердик, енди байымның да кететуғын болғаны ма...

Соның арасында Субанқул шаўып келип, үндемей аттан түсти де, маған жақынлап:

— Жүр, үйге қайтайық, таярланайық! — деди.

Мингесип жүрейик десем, ол атты маған берди де, сөйлесип жүриўимизге қолайлы балады деп, өзи қапталымда пияда жүрди. Усындай ўақытларда гәптиң басы да қуўыспайды екен ғой. Айтатуғын гәплеримиздиң бәри ишимизде қалып, үнсиз келе бердик. Мен атлы, ол пияда. Аспанды түнерген булт қаплап, Сары тегислик даланлығының үсти менен ҳуўлеген муздай самал қарды суўырып, боран туратуғындай, қайысқан қуўрайлар ысқырыса баслады. Әтирапыма қарасам, шөп-шардан жүрдай болған, адамсыз жалаңаш даланың ысқыны қашып, меңиреўи шығып атыр екен.

Субанқул қайта-қайта шырпы шағып, үсти-үстине папирос шегип киятыр еди. Соның арасында маған қапталласып келди де, қолымнан услап:

— Тоңдың ба? — деп сорады.

Мен үндемедим. Ол бир нәрсе айтпақшы болып қолайласты: шамасы, «Балаларымның кейнинен мен де урысқа кетип баратырман. Ендиги жағында қалай болар екен. Қайтып дийдар көрисе аламыз ба, жоқ па. Ҳәзирден баслап биротала мәңгиге ырзаласып қоя берсекпекен. Сонша жылдан бери ашшы-душшыны бирге татысып, бирге татыўлықта жасадық. Тәғдир усындай болса, оған не шарамыз бар. Бир биримиздиң кеўилимизди калдырған жеримиз болса кеширгейли болсын» демекши болған шығар, буны ким билсин. Бирақ, ол басын көтерип маған тиклеўип қарап, ернин өкиниш пенен тислеп, бираз ўақытқа дейин ойланып қалды. Мен оның сақал-мурты буўрыл тартып, шашына ақ ене баслағанын сол сапары абайлағандай болдым.

Субанқул екеўимиздиң жас ўақтымызда тап усы қатардағы атыздың ишинде ушырасып, жигирма еки жылдан бери маңлайдан тер төгип, дийқаншылық

етип, бала-шағалы болғанымыз есиме түсип көз алдымнан жылт етип өткендей болды. Ҳеш қашан да мен өмирлик жолдасымнан бундай ҳалда айрылып қаламан деп ойламаған едим. Жазда бийдайға биринши ирет орақ салғанымызда түнде тап усы жол менен Субанқул екеўимиз атқа мингесип қайтқан едик. Аўылға кире берген жердеги жаслардың жаңадан дүзетип атырған көшеси сол турысында қалып, Әлийман менен Қасымның питпей шала қалған жай орнындағы гербиш пенен үйилип атырған тасларға көзим түскенде, аттың мойнынан қушақлап жылап жибердим. Жылағанда да тәўир-ақ ўақытқа дейин өксигим басылмады. Субанқул үндеместен бозарып шыдап тур еди ақырында ол да:

— Толған, сен жылайтуғын болсаң, усы адам жоқ жерде биротала жылап, кеўилиңди босатып ал. Бирақ, адамлардың көзинше аўызың кемсеңлеп жүрмесин. Сен енди бир үйдиң хожалық баслығы, тек ғана Әлийман менен Жайнақтың жасы үлкени емес, мениң орныма бригадир болып қаласаң. Бул иске өзиңнен басқа қолайлы адам қалған жоқ, бул аўылда, — деди.

— Усындай ўақытта бригадирликтиң әўселеси келисип тур ма маған. Қайдағы қыйсыны келиспейтуғын гәпти айтасаң-ә! Мен кимге бригадирлик етемен. Ҳеш нәрсе де керек емес, бригадирлигиңди не қылайын сениң! — деп жылап турып, сөйлене бердим.

Кешқурын мени колхоз басқармасының кеңсесине шақырды. Барсам фронттан қолы жарадар болып келген, тазадан болған баслық Үсенбай, Субанқул тағы еки-үш ғаррылар отыр екен. Үсенбай мени көриўден:

— Толғанай жеңге, қалай етсең де белиңди беккем буўып, көпшиликтиң тапсырмасын орынлаўға азаматларша тақ турмасаң болмайды. Ҳаял болсаң да жер-суўдың, ҳәдди-ҳуддин, аўылдың жағдайын сеннен жақсы билетуғын адам жоқ. Мына Субанқулдай бригадиримизди илажымыздың қурығанынан фронтқа жиберип отырғанымызда, бунық исенген адамы саған бизлер де исенемиз. Жағдайдың қандай екенин биз айтпай-ақ, өзиң билесең. Ертеңнен баслап бригадирликке кирис, Толғанай жеңге, — деп Үсенбай нығарлап сөйледи.

Отырған ғаррылар оның сөзин мақуллады. Қулласы, олар мени бригадир болыўға көндирди. Көнбеўге шарам жоқ еди. Усылай еткеним бир жағынан мақул

болған екен, —ақыры бул фронтқа кетип баратырған Субанқулдың меннен ең соңғы өтиниши емес пе? Сол сапары ол түни менен уйықламастан, бәҳәрги егиске усы бастан таярлана бер, күш-көликти баққыға қой, қос, мойынтырықтың кемис-қутығын дүзеттирип ал, көп балалы үйлер менен кемпир-ғаррылардың ҳалынан хабар алып тур, — деп истиң жай-жағдайын түсиндирди. Аҳ, кете-кеткенше көпшиликтиң ғамын ойлаған тынымсыз ғана бийшарам-ай!

Тысқарыда таң атқанша самал ҳуўлеп, қарлы үргин тынбады.

Субанқулды да үлкен жолға дейин шығарып салдық. Ол өзи қатарлы егеде адамлар менен бирге Жайнақтың арбасына минип, көпшиликке араласып ысқырған боран менен суўырылған қарлы дүбелейдиң арасында көринбей станцияға кетип қалды. Аҳ, соңдағы суўықтың қәҳәрин-ай, түп деген түкирик жерге түспей-ақ қатып, бетиң жулынып сала береди. Үйге қайтып киятырып, артыма қайта--қайта қарайман да жылай беремен.

Сол күннен баслап, Үсенбай баслық айтқандай белимди беккем буўып, атқа минип бригадирлик жумысты атқарыўға киристим. Бул күндеги бригадирлердиң де жумысы аңсат еместағы, бирақ ол ўақытлары турысы менен азап еди. Жумысқа жарамлы еркеклердиң бәри де урысқа кеткен. Аўылда қалғанлардың көбиси аўырыў, ақсақ-майып еди. Жумысқа баратуғынлар гилең қатын-қалаш, жас балалар, ғаррылар. Тапқанымызды фронтқа жиберемиз. Арбалардың дөңгелеги жоқ, күшен-қамытлар тозып, арқанлар да үзилип, түйин-түйин болып қалды. Устаханадағы көмир де таўсылғанлықтан, сайдың жағасындағы шат, жиңилдиклерди шаўып әкелип жағып, көрикти еплеп ислетип турдық. Аўыл-елдиң турмысы күннен-күнге аўырласып, ашлықтың әламаты сезиле баслады. Солай болса да колхоздың жумысын тоқтатпай, қолымыздан келгенше тырбаңлай бердик. Енди ойласам адамлардың шашын жулғандай етип, биреўге бақырып, биреўге шақырып жүргенимде көп нәрселер бастан өткен екен. Бирақ, елдиң азып-тозса да дағысып кетпей ел болып тура бергенлиги ушын, жаныңды садаға етип, олардың алдында дизеңди бүгип әдебин тутсаң көп болмайды. Сол ўақыттағы ҳаяллар ҳәзир кемпир, жаслар болса бес-алты баланың ата-ана-

сы болды. Олар сол күнлерди умытып та кеткен шығар, бирақ мен оларды көрген сайын урыс жылларындағы аўҳалы көз алдыма келеди. Олардың аш-жалаңаш жүрип колхозда жумыс ислегенлери, жеңис күни қашан болар екен деп жылағанлары бәри де тасқа тамға басқандай кеўилимде сайрап атыр. Сөйтип жүрип олар өзлериниң өлмейтуғын, қаҳарманлық ислерди бежергенин билмейди. Мениң өзим қандай аўҳалда едим, сөйтсе де жығылып-сүрнигип, бригадир болып жүргениме өкинбеймен. Таң азаннан баслап тик аяқтан турып колхоздың кеңсесине барып, адамларды бирмлеп жумысқа шығарғандай етип, кешке дейин аттан түспей, оннан соң тағы кеңсеге барып жатарға дейин жыйналыста отырып, көпшиликтиң мәпи ушын жумыс басты болып кеткен екенмен. Гейде жанына тийген биреўлер сөзиме қулақ аспай мени сөккен ўақытлары да болды. Олардың гейпаралары жағама асылып, жумысты таслап кетип те жүрди. Сонда да кеўлиме келтирмедим. Бундай күнлери ашыўымды Жайнақ пенен Әлийманнан алып, оларды күни-түни деместен аяўсыз жумысқа айдайман. Солай еткениме де өкинбеймен, бәлки усындай баса-бәс жумысқа алаң болып, аман қалған шығарман. Болмаса небирнебир қыяллардың басына барып қалатуғын едим. Бир үйден қатарына үш адам урысқа кетсе, ойланбайтуғын адам бола ма, ақыры.

Екинши айға қарағанда Қасымнан ушты-күйди хабар-атар болмай кетти. Әлийман екеўимиз не билгенимиз ишимизде болып, Қасым жөнинде сөйлесиўге қорқып, бир-биреўге көзимиз түскенде, басқа бир болар-балмас хожалық жумысларын айтысып, оларды умытып кеткен жас балалардай болып қаламыз.

Қыстың аязлы күнлериниң биринде азан менен устаханаға жумыс бабында барған едим. Өйткени, бул жерде күш-көлик атларды тағалатыўымыз керек еди. Бир қарасам, баслығымыз Үсенбай қолында шаппаттай қағазы бар, дизгин ушына қуйдырып киятыр екен. Саған асығыс телеграмма келипти деп даўыслаған ўақытта, я қуўанарымды, я қапа боларымды билмей, зәррем қалмады. Устаханадағы сандалдың үстинде дүрсилдеп турған шөккиштиң гүрсилдиси, тап геўдеме тийгендей болып еситиледи. Шамасы, бетимде қан қалмай, түрим қашып кеткен болса керек;

— Ҳаў, саған не болды, Толғанай женге? — деп бақырды маған Үсенбай. — Бул Новосибирскиден жиберген Масалбектиң телеграммасы. Жақынла берман, ал мынаны, қорықпай-ақ қой! — деп ол ат үстинен еңкейип маған қағазды услатты да: — Сен тоқтаўсыз түрде иркилместен, ҳәзир станцияға кет. Балаң усы бир-еки күнниң ишинде, өзимиздиң станцияның үстинен өтетуғын қусайды. Сизлерди көрип, хошласып кетейин депти. Атларға тийисли от-жем бергизип, арбаны тайынлатып қойыппан. Қәне, көп еглене бермей, жолға түс! — деди.

Қуўанғанымнан не қыларымды билмей қалдым. Аяқ аяғыма тиймей, устаханада әри-бери айланшықлап, гидирип жүргенимде сол жердеги адамлар:

— Бригадирликти өзлеримиз бир әмеллеп турамыз, тезирек кет, кешигип қаларсаң, — деди мени қуўып шығаргандай етип.

Асығып үйге қайттым. Ҳалласлап жүрип не ислейтуғынымды өзим де билмеймен. Билетуғыным тек Масалбек станцияға келсин, депти. Аўа, Масалбегим келсин, депти. Күнниң аяз болыўына қарамастан, жуўыра-жуўыра менен терлеп кеттим. «Сен кел дегенде, менде жан бар ма айналайын балам-аў. Сен дегенде мың шақырым болса да, ушқан қустай зымырап бармаспан ба?» — деп екесли адамдай гүбирленип киятырман.

Аҳ, ана, ана... Сөйтип жүргенде Масалбегимниң қайсы тәрептен қалай қарап өтетуғынлығы ақылыма келмепти ғой.

Үйге келе сала Масалбегим қасындағы жора-жолдаслары менен бирге үйдиң дузынан татып кетсин, деп урман-пурман баўырсақ, шелпек, гөш писирип, қоржынға салдым да, сол күни-ақ Әлийман екеўимиз арбаға минип, станцияға тарттық. Дәслеп Жайнақ пенен кетсембекен деп тур едим. Бирақ, Жайнақтың өзи:

— Қой апа, мен үйде қала берейин, меннен көре Әлийманның барғаны мақул болар, — деди.

Соңынан ойласам, мениң генже балам дурыс еткен екен. Жас болса да ҳәр нәрсеге ақылы алысады екен ғой оның. Женгесиниң не ҳалда ҳәсирет шегип жүргенин билген Жайнақ, пишен тасып атырған Әлийманның изинен шаўып барып өзи шақырып келди. Көптен бери келинимниң бундай болып

қуўанғанын көргеним жоқ еди. Ол меннен бес бетер асығып қуўанып:

— Тезирек бол, ене, кешигип қалмайық. Мә ишигиң, мә жүн орамалың, кийинип ал! — деп алқынып жүр.

Жолға шыққаннан кейин де:

— Айда, тезирек қуўып айда! — деп арбакеш баланы асықтырып, гейде өзи оның қолынан дизгинди алып, атларды қамшылап отырды. Көшери майланған арба қатқалақ жол менен бир тегис жағдайлы болып зымырайды. Атлар да жақсы тартып киятыр. Жол бойы бир қәлипте жапалақлап қар жаўды. Күн онша аяз емес еди. Әлийманның үсти-басы аппақ қар болса да, бирақ ол оған әҳмийет бермеди. Қар оның орамалының астынан шығып турған маңлайындағы шашына, қолларына, жағасына, бийдай иреңнен келген ат жақлы жүзлерине түсип, қап-қара болып турған жылтылдаған көзлери жайнап, шырайына-шырай қосылғандай тислери ағарып, ажарланып кетти. Адамға жас ўақтында қарға дейин жараса береди екен ғой. Оннан қала берсе, станцияға бараман дегенше келинимниң аўзы-жағы тынбады: «Муғаллим бала поезддан түскен ўақытта сен үндемей түр, ене, мени танырмекен? — деп болып тағы: — Артынан билдирмей барып ғана көзин бассам не қылар екен? Ямаса шоршып кетип усындай ўақытта ойын боламекен? — деп ашыўланып қалармекен?» — деп болып өзиниң айтқанына өзи күлип жибереди. Аҳ, Әлийман, Әлийман, ақ көкирек ғана маңлайыма сыймаған келиним-ай. Мени билмейди деп киятырып, өзиңниң сырынды өзиң ашып бердиң-аў сонда маған. Баяғыдай болып ҳәзиллесип киятырса да, қәпелимде муңайып, күлгенин қойды да;

— Муғаллим бала Қасымға жүдә усайды. Екеўи тап егиздей, солай емес пе, ене? — деди әсте ақырын ғана.

Мен еситпегендей болып отыра бердим. Ол бираз ўақытқа дейин өз аўанына ойланып отырды да, соңынан арбакеш баланың қолынан дизгинди алып, атларды тежестирип айдай баслады.

Станцияға да кешлетип жетип келдик. Арба тоқтаўы мәтдал Масалбек тап сол ўақытта жетип келетуғындай, Әлийман екеўимиз темир жолдың бойына жуўырып шықтық. Бул қатарда бизлерден басқа

ҳеш ким жоқ еди. Бизлер дөгерегимизге аланлап, не қыларымызды билмей, үскинимиз қуйылып жетимсиреп турып қалдық. Самал рельслер менен шпаллардың арасындағы қарды уйытқытып суўырып тур. Паровоз гә кейин, гә алдына жылжып, пысқырып, тарам-тарам болып атырған рельслердиң үстинде музлап турған вагонларды ғышырлатып қозғастырады. Телеграф бағаналарындағы тартылған сымлар самал менен ысқырып тур.

Бизлер бурын поезд күтип көрмегенликтен, оның қашан ҳәм қай ўақытта келетуғынын, көрген-билгенлерден сораў ойымызға да келмепти. Соның арасында алыстан паровоздың даўысы еситилип, алды көрине баслады.

— Киятырыпты, ене! — деди Әлийман сәл қуўанып.

Сол ўақытта мениң аяқ-қолым қалтырап, диңкем қурып сала берди. Поезд тез жақынласып келип қалды. Сонша вагонларды сүйреп киятырған паровоз уйытқыған қардың арасы менен пуўын бурқыратып тусымыздан өтип барып тоқтады. Бизлер ҳәр вагонға анталасып жүрмиз. Вагонлардың бәри де адамларға лыққа толған екен. Арасында ҳаяллар да, балалар да бар. Бирақ солдатлар көп еди. Олардың ким екенин, қаяқтан қаяққа баратуғынын қудай билсин. Бизлер ҳәр вагонның тусында тоқтап, қапы, әйнектен басын шығарып турған адамлардан:

— Субанқулов Масалбек усында ма? Айтыңларшы. Субанқулов Масалбек жоқ па? — деп сораймыз.

Олардың биреўлери билмеймиз деп жөнин айтса, тағы биреўлери үндемейди, тағы бир паралары, ҳәттеки күлип жибереди. Бизлер арман-берман алақлап жуўырып жүргенимиздиң арасында поезд жылжып жүрип кетти. Бизиң станцияда тек бары-жоғы үш минут ғана иркиледи екен. Сөйтип, бизлер қолымыздан қусымызды ушырған қәлпедей болып қала бердик. Соның арасында бизлердиң қасымызға үстине қара постын, аяғына байпақ кийген, тәуир-ақ жасларға барып қалған бир орыс киси жақынласа баслады. Бул темир жолдың адамы екен. Мен оның поездың алдына шыққанын көрип қалған едим. Ол бизлердиң кимди күтип турғанымызды сорады. Бизлер оған келген жөнимизди айтып, Масалбектиң телеграммасын оқып көрсин деп қолына бердик. Ол көз әйнегин мур-

нының үстине қондырып, бираз ўақытқа дейин қағазға үнилип, ерпнн жыбырлатып турды да соңынан:

— Сизиң балаңыз әскерий эшелон менен киятырыпты. Бирақ, оның қандай эшелон екени, оның қайсы саатта бул станциядан өтетуғыны белгисиз. Егер кешигип қалмаса бүгин түнде, ямаса ертең азанда келиўи керек. Мүмкин, ол эшелон өтип те кеткен шығар. Ҳәзирги ўақытта эшелон дегенлер ҳәр күни арман-берман зыңғып өтип тур. Гейпаралары иркилместен зуўылдап өте шығады. Қайсысы екенин ким биледи, — деп еки ушлы етип сөйледи.

Бул гәпти еситип, бизлердиң мойнымыз биротала салбырасып қалды.

— Аҳ, урыс, урыс. Ҳәммени де ой түбине батырдың-аў, — деп суўық демин алды темир жолшы. Сөйтип болып бизлерге қарап: — Не қыласыз енди, усы боранда бүрисип тура бересиз бе? Оннанша станцияға барың, сол жерде күтип отыратуғынлардың бөлмеси бар. Сол жерге барып отырың, поезд келип қалғандай болса алдына шығып көресизлердағы... Басқа илажы жоқ, енди, — деди.

Станцияның бөлмесинде онлаған адам бар екен. Олардың да биразы скамейкалардың үстине созылып жатыр. Тәғдир айдаўына түсип, жол азабына көнлигип, үйренисип қалған адамлар бәлки, бул жерди де өз үйлериндей сезип кеткен болса керек. Олардың биразы жай парахат уйықлап атыр, биреўлери сөйлесип папирос шексе, мүйеште отырган екеўи темир сарқум менен қайнаған суў ишип, пуўын үплеп қояды. Тағы биреўи мурнынан ыңылдап қосық айтып, әстеақырын гитар шертип отыр. Моржасы жарылып, дүт басып кеткен онлапшы шыраның сәўлеси жайдың ишин ала көленке етип зорға жақтыртып тур. Әлиймаи екеўимиз дөгерегимизге қарап, бир скамейканың шетине дизешизди бүктик. Азмаз отырғанымыздан кейин поездның шаўқымы еситилип, бизлер апыр-топыр болып, қапыға қарай умтылдық. Дала тастай түнек екен. Самал етек-жеңимизден өтип баратыр. Поезд тек жүк тийелген вагонларды тартып баратырған көринеди. Бунда солдатлар болмаса да бизлер еле онлап тоқтай алмай атырған поездға жарысып жуўырысып:

— Бунда Субанқулов Масалбек бар ма?

— Субанқулов Масалбек бар ма, бунда? — деп бақырып жүрмиз.

Бизлерге ҳеш ким «аўа, ямаса жоқ» — деп жуўап қайтармады, — жуўап қайтарғандай ҳеш ким көринбеди де. Сөйтип станцияның бөлмесине қайтып келсек бағанағы отырғанлардың бәри де уйықлап қалған екен.

— Ене, сен сәл-пәл демиңди алып, жата тур, поездан өзим хабардар болып тураман, — деди Әлийман.

Мен келинимниң ийнине басымды сүйеп, сәл буйығып аларман деп ойласам да уйқым келмеди. Уйқы қайда саған. Жүрегиң, ақыл-ойың поезд қашан келер екен деп соған бәнт болып турғанда, қаяқтың уйқысы өзи адасып жүрген. Оның киятырғанын жердиң билинер-билинбес болып ләрзем алғанынан-ақ сезетуғын дәрежеде отыр едим. Поезд қайсы тәрептен келсе де, бизлер ушып турып, қоржынды ийнимизге қағып саламыз да, темир жолдың бойына қарай жуўырамыз. Қанша эшелонлар өтсе де, бирақ олардың бирде биреўинде Масалбек жоқ еди. Ярым ақшамда жердиң ләрземге келип, дүрсилдегенин еситип, далаға жуўырып шықсақ, еки жақтан да поезд қышқырысып киятыр екен. Албырағанымыздан қайсысына жуўырарымызды билмей қалғанымыз соншелли, бизлер еки жолдың арасында қалған екенбиз. Қабатласып қыйғырған паровозлардың даўысынан қулағымыз питип қалды. Олар тоқтамастан улы-тасырлы болып, келген пәти менен ҳәр қайсысы өз бағдарына қарай зымырап өте шықты. Дөңгелеклер тасырлап, самал рельслердиң арасындағы үйилген қарларды вагонлардың астына тығып жиберетуғындай болып жән-жақтан ҳүўледи.

— Ене! — деп бақырған Әлийман мени паныс қыстырылған столба менен қосып, қапсыра құшақлап жибермей тур еди.

Қар аралас тарсылдаған шаўқымның арасында мен жарқ-журқ еткен вагонлардың әйнек қапыларына қарап: «қәпелимде Масалбегимди көзим шалып кетпеспекен, итимал мениң балам усы вагонлардың ишинде кетип баратырған шығар, мен оны билмей турған шығарман?» — деп ар-сары болдым. Зырлаған дөңгелеклер астындағы қос рельс баласына жа-

ны ашып турған мениң журегимдей болып дүрс-дүрс, дүрс-дүрс етип турғандай сезилди. Сөйтип зуўлап баратырған поезд артында уйытқыған қарларды қалдырып, түбимизден өтип кетсе де, бизлер көп ўақытқа дейин уша басына паныс қыстырылған столбаға сүйенип тура бериппиз.

Таң атқанша Әлийман екеўимиз отырып берекет таппай, арман-берман зырлаған эшелонларға алаң болып, темир жолдың бойында орден-ыққа жуўырдық та жүрдик. Таңның алдында боран бирден басылып, күн батар тәрептен кешеден бери бизлер көрмеген бир эшелон станцияға жақынлай баслады. Вагонларының бәри өртенип, төбелери түсип, әйнек-қапылары сынып қалғанлықтан, ишинде адамның қарасы көринбейди. Тиркелиўи менен ўайраны шыққан бул вагонлар таң ала геўгим қараңғылығында, гүмбезлери қулап, үнсиз қулазып атырған әллеқандай бир қәбирстанлықты еске түсирип, оннан ашшы түтин, күйген темир, қарағай ҳәм бояўлардың ийси аңкып тур еди.

Соның арасында бизлерге кеше жолыққан, келте қара постын кийген темир жолшы қолына паныс көтерип жақынлай баслағанда, Әлийман оған әстен сыбырлап:

— Бул қандай эшелон? — деп сорады.

— Буны бомбалаған, — деди ол да сыбырлап.

—Енди бул вагонларды қайда апарады?

— Ремонтқа — қайтадан дүзетиўге, — деди темир жолшы әсте ғана.

Мен олардың бул сөзлерин тыңлап турып, мына вагонларда киятырғанлардың жалын аралас түтинниң арасында жан талўасында бақырып, киминиң аяқ-қолдан, киминиң көз-қулақтан мәңгиге айрылып, өмир менен биротала қалай хошласқанын ойлап, мийим meң-зең болып кетти. Бомба деген бул тек урыстың ушлығы ғой. Сонда оның өзи қандай болады екен-ә?

Ўайран болған эшелон станцияда бираз ўақытқа дейин турды. Сонынан ол әсте ақырын, қайғылы түрде сүйретилип, тағы әлле қайларға жөнеп кетти. Оның кейнинен қарап турып жүрегим суўлап қоя берди. Енди мениң Масалбегим мына вагонға бомба түскен жаққа урысқа кететуғын шығар еле. Қасымға не болды екен? Субанқулдың ҳалы қалай екен-ә? Жақында

жазған хатында. Рязаньға жақын бир жердемиз деген еди. Шамасы, ол жерлер де урыстан онша алыс емес қусаған...

Күн шығып, ўақыт та сәскеге шамаласып қалды Енди қайтыўымыз да керек—атлардың от-жеми таўсылды. Масалбек қәпелимде өтип кетпеген болса, онда не қыламыз? Қанша күттик, кетип қалғанымыз қолайсыз болмаспекен? Әлийман екеўимиз ҳәр қыйлы ойлардың басына барып, ақырында қайтқымыз келмеди.

Күн тап кешегидей борасынлы, суўық еди. Қай жерде станция болса, самал ҳүўлейтуғын кәрўан сарай деп бийкарға айтылмаған. Бирақ, қәпелимде бултлар ыдырап, күнниң көзи көринди. «Аҳ, қудайым-ай, тап усы қуяштай болып, балам жарқ етип көзиме бир көринип кетсе қәнекей енди...»

Соның арасында күн шығар тәрептен киятырған бир поездың гүрсилдиси еситилди. Паровоздың еки ирет қыйғырған даўысы сай-саланы жаңғыртып жиберди.

Поезд станцияға жақынлаған сайын, аяғымыздың асты дүрсилдеп, рельслер зыңылдап қоя берди. Бир-бирине тиркелген қызыл дөңгелекли еки қара паровоз түтин ҳәм ысылдаған пуўға араласып, ҳәўир шашып тусымыздан улы-гүрсилди болып өте берди. Олардың кейниндеги платформаға жүкленген танкалар, зеңбиреклердиң үсти брезент пенен бастырылып, қасында постын кийген, қолына мылтық услаған қараўыллар тур еди. Вагонлардың ашық турған қапыларының тусында гейде топланған солдатлардың сөзлери, гейде олардың шинеллери, гейде қосық, гармон, балалайканың даўыслары еситилип, бириниң изинен бири дизилисип өтип атыр. Бизлер де телмирип қарап турмыз. Соның арасында бир қолына қызыл, бир қолына сары байрақша услаған темир жолшы жуўырып келип:

— Тоқтамайды! Тоқтамайды! Былай турың! Жолдан былай шығың! — деп қулағымыздың тусында бақырып, бизлердиң көкирегимизден ийтере баслады.

Тап сол ўақытта түбимизден:

— Апа-а-а! Әлийма-а-ан! — деген даўыс шықты. Сол! Масалбек! Аҳ, садаған ғана кетейин, қудайым-ай! Ол тап түбимизден өтип баратыр екен-аў сонда.

Айналайын балам-ай, тап вагоннан биротала шығып, бир қолы менен қапының тутқасынан услап, бир қолына малақайын алып былғап бизлер менен хошласып баратыр екен. Мен тек «Масалбек!» — деп бақырғанымды ғана билемен. Сол қысқа ўақыттың ишинде мен оны аттан анық көрип қалдым. Самал менен оның шашлары уўдар-дуўдар болып, шинелиниң шалғайы қустың қанатындай желпилдеп, жүз ҳәм көзлеринде муң аралас қуўаныш ҳәм хошласыўдың тәсири бар еди. Мен оннан көзимди айырмай, изинен жуўырыў менен болдым. Ең соңғы вагон түбимнен зуўлап өтип баратырған ўақытта мен шпаллардың үстинде жуўырып баратырып ақырында ет-бетимнен жығылып қалдым. Уаҳ, сондағы боз-бораным шығып, қан қақсап қалғанымды айтсаң-ә! Балам саўаш майданына кетип бартырғанда, сөйтип мен суп-суўық полат рельслерди қушақлап, оның менен хошласып жаттым. Дөңгелеклердиң рельслерге тақа-туқ, тақа-туқ етип баратырған дүсирлиси кем-кемнен алыслап ақырында ол да еситилмей қалды.

Гейде елеге дейин сол эшелонның гүрсилдиси қулағымды тындырып, тап басымды қақ жарып өтип баратырғандай болып сезиледи.

Сыңсып жылап киятырған келиним Әлийман изимнен жетип келип, еңкейип мени сүйеп турғызайын десе қоллары қалтырай береди. Қәпелимде сол жерде жүрген бир шырашы орыс ҳаял да жуўырып келип: «Апай! Апай!» — деп мени қушақлап, жылап жүр. Олар екеўи мени жолдың шетине шығарып, станцияға қайтып киятырғанымызда, Әлийман маған солдаттың малақайын услатып атырып:

— Мынаны усла, ене. Муғаллим бала таслап кетти, — деди.

Шамасы, мен вагонлардың изинен жуўырып баратырғанымда, ол маған малақайын ылақтырып кеткен болса керек.

Мен үйге қайтып киятырғанымда арбаның үстине отырып сол малақайды баўырыма басып келдим.

Сол малақай ҳәзир үйде, диййуалға қыстырыўлы тур. Қәдимги маңлайында қызыл бес жулдызы бар, сур малақай. Ҳәрдайым сол малақайды қолыма алып иййскелеп бетиме бассам, оннан баламның иййси шығып турады...

— Қәне, айтшы, бул дүньяның тиреги болған қәдирдан жер. Қашан ҳәм қай заманда, қайсы ана тап сондағыдай болып баласын бир көриўге зар болып еңиреп, жер дастанып қалды екен?

— Билмедим, Толғанай. Сениң заманыңдағыдай урысты дүнья бина болғаннан бери көрген емеспен.

— Олай болса сондағыдай болып баласын күткен ананың ең соңы илайым мен болғайман! Қудайым, мендей болып полат рельсти қушақлап, басын шпалға урған ана болмасын.

— Толғанай, сен үйиңе қайтып киятырғаныңда балаң менен ушыраса алмағаныңды алыстан қарап турып-ақ болжаў итималы бар еди. Иреңкиң сап-сары андыздай болып, көзлериң гиртийип, аўыр кеселден турғандай болып кеткен екенсең сонда.

— Несин айтасаң, оннан көре бир ай төсек тартып, ес-түссиз жатқаным абзал еди.

— Сорлап қалған байғус Толғанайым-ай, сол жылы шашыңа «қыраў» түсип, ағарып кеткен еди. Бурын қандай еди сол қап-қара ҳәм қалың сүмбил шашлар! Ессиз ғана бурымлар-ай... Сен үндемейтуғын тас баўыр болып кеттиң. Ҳәрдайым усы жерге келгениңде үнсиз келип, үнсиз қайтып кететуғын едиң. Барлық қыйыншылықларға шыдам берип, ишиңнен тынып жүргениңди мен сениң көзлериңнен абайлайтуғын едим сонда.

— Аўадағы енди, қәдирдан ана — жерим. Өзлигимнен сондай болайын деппедим. Жалғыз мениң бир өзим болсам екен-аў. Урыстың кесапаты тиймеген бир де үй, бир де бир адам қалмаған еди ғой. Апат дарытқан қара қағазлар келген күнлери аўылдың ҳәр жеринде адамның баўырын езип жиберетуғын сыңсыў аралас ўай-ўай еситилип турса, қаның қайнап, көзиң тынып, урыстың кесапаты жүрегиңди өртеп жиберетуғынын сонда биледи екенсең. Әйне сол күнлерде бригадир болып, басқалардың да, өзимниң де қайғы-ҳәсиретлеримди ишиме сақлап, көпшилик пенен бирге ашшы-душшыны бирге татысып, ашқа-тоққа қайыл болып жүргенимди, ҳәтте, ҳәзирги ўақытта да мақтаныш ҳәм миннетдаршылық пенен еске түсиремен. Егер олай болмағанда, әллеқашан бүкирейип, урыс мени аяқ асты етип таслайтуғын еди. Қылышын

жалаңлатып келген жаўға қарсы соққы бериўдиң бирден-бир жолы қарсыласыў, гүресиў, жеңиў керек екенин мен сонда билгенмен. Болмаса өлесең! Әне, қәдирдан далам, сол жыллары бул жерге бәрҳама атлы келип, сениң менен үнсиз ҳал сорасып, тынышыңды алмайын деп кейниме бурылып кете беретуғынымның мәниси сол еди...

## 7

Ақырында бир күни Қасымнан да хат келди. Хат колыма тийиўден жап-салма, бәлент-пәс демей атты бас көзине қарамай айдадым. Сонда Әлийман менен Жайнақ усы жерге қый төгип жүр еди. Ат үстинде шаўып киятырып:

— Сүйинши бериң, сүйинши! Қуўанышлы хабар! — деп бақырдым. Өзим қуўанганда оларды қалай қуўандырмассаң енди. Қасымнан еки айдан бери хат-хабар болмай кеткенликтен, оған не болғанын билмей жүр едик. Бул хатында ол Москва жанында еки мәртебе саўашқа түсип, екеўинде де аман қалғанын, сондай-ақ немецлердиң пәти қайтып тоқтағанын, сөйтип өзлериниң полкының дем алып атырғанын жазыпты.

Япырмай, Әлийманның сондағы қуўаныўын-ай? Арбадан секирип түсе сала, Жайнақтан бурын жетип келип:

— Аўызыңа май, ене! — деди де хат услаған қоллары қалтырап, қуўанғанынан дурыслап оқый алмай, тек қайта-қайта:—Аман! Аман саў екен!—дей береди.

Демниң арасында сол жерде жумыс ислеп жүрген ҳаяллар жуўырысып келип:

— Қәне, оқы Әлийман, күйеўиң не деген екен? Мүмкин, бизиң үйдиң кисилеринен де хабардар шығар? — деп оны ортаға алды. Әлийман болса:

— Ҳәзир, айналайынлар, ҳәзир! — дейди де нәрсе оқый алмайды.

Соның арасында Жайнақ шыдай алмай:

— Берман бер. Адамларға оқып берейик, — деп хатты оның қолынан алды да, даўыслап оқый баслады.

Сонда Әлийман жерге дизерлеп отырып қалды да, қарды қысымлап маңлайына баса берди. Жайнақ хатты оқып болғаннан соң ол орнынан турса да, бирақ бетиндеги ериген қарды сыпырыўды да умытқанлық-

тан, қуўанғанынан не қыларын билмей, түри гүл-гүл жайнап жанындағы ҳаялларға:

— Жүриңлер, енди жумыс ислейик! — деди әсте-ақырын ғана. Сөйтти де өзи қардың үсти менен атызға қарай жүрип кетти.

Ол кетип баратырып әтирапына бир қарап қойды. Сол ўақытларда оның нелерди ойлап баратырғанын ким билсин. Бәлки өткен жазда бийдайдың арасы менен жуўырып, Қасымға гүзели суў тасығанын ойлады ма. Ямаса Қасымның усы қатарда комбайыны менен қалай хошласқанын көз алдына елеслеткен шығар. Қулласы, келиним қалай сыр сақлап жүрсе де, түринен белгили болып қалатуғын еди. Көзлери гә күлимсиреп, гә ойшаң болып мөлерип жасы айланып, әсиресе, ол үлкен жол тәрепке алаңлап көп қарай берди. Шамасы, усы жол менен сол сапары сәмен жорғаның шайқатылып, туяғы дүсирлеп алыслап баратырғанын, Қасымның изинен қалай жуўырғанын ойлаған болса керек. Қапталында киятырған Жайнақ ҳәзиллеспекши болып қыйпақлап, оны тоқтатпақшы болды.

— Ҳәй, жеңге, саған не болды буншама? Бүйте берсең аўылдағы адамлардың бәриниң де өзиңе күлетуғынын билемисең. Ямаса хат оқый алмасаң сен! Ҳаялыңды мектепке биринши кластан баслап оқыўға бердик. Әлипбеден баслап оқыйтуғын болды, — деп Қасымға хат жазбасам болмас енди, — деди.

Әлийман ҳәзилкеш қәйнисин жортаға түйгишлеп умтылып, екеўи арбаға қарай жуўырып кетти.

Мен олардың изинде терең қыялларға шүмип киятыр едим. Ел басына күн туўғанда халықты мениң балаларымдай жигитлер қорғамағанда, енди ким қорғайды. Неде болса жеңис пенен тири қайтса болар түбинде. Қалған жағы болса шыдаса берермиздағы Етимиз кетип, сүйегимиз қалса да жеңис күнине дейин тири жүрсек болар әйтеўир. Әй, қудайым, тезирек сол күнлерге жеткергейсең! Бул уллы тилек тек ғана мениң емес, толайым жұрттың тилеги болғанлықтан, бәрине де көниўге қайыл болады екенсең.

Ҳәттеки, ең соңғы генже балам — еле он сегизин оңлап толтыра алмай атырған Жайнағым урысқа кеткенде де, тас түссе талайынан көрердағы, деп өзиме-өзим тәселле берип қала бердим.

Қыстың ақырына таман әскерий комиссариат оны да жийи-жийи шақыра берди. Бир өзи емес, өзи қатарлы көп балаларды сол күнлери әскерий ҳөнерге үйретип атыр еди. Бул қәдимги үйренщикли әдет болып қалғанлықтан, онша қәўетерленбейтуғын едим. Онлаған күн иркип «ойнатып» үйлерине қайтарып жибере беретуғын еди. Бир сапары кеткенинде ол ертеңине-ақ үйге тез қайтып келди.

— Бул ирет неге сени тез қайтара қойды, ямаса биротала босатып жиберди ме? — дедим ҳайран болып.

— Яқ, апа. Ертең тағы бараман. Бир күн болса да үйиңизде болың деп жиберип еди. Бул сапары бурынғыларға қарағанда көбирек иркетуғын түри бар, бирақ қәўипсине берме, — деди Жайнақ.

Мен пақыр сонда, солай болса, солай шығар дедим де қойдым. Жайнақ сол күни алыс сапарға жөнелетуғын адамдай бир түрли болып ерсили-қарсылы үйден кирип шықты да жүрди. Азаннан баслап қолына шөккиш пенен мыйық алып, бир нәрселерди тақылдатып қағып, аўдар теңкерин шығарды. Бир қарасам кәнапаттай етип отын усақлап, сейисхананың қыйын артып, тамның басына жыйнаўлы турған пишенлерди суўынлап таслапты. Кеште жумыстан келсем, үйдиң дөгерегин, қора-қопсыны минтаздай етип сыпырып, ат байлайтуғын жердеги ақырды оңлапты. Әкеси үйде барда ат сақлағанды жақсы көргенликтен, оларға ақыр дүзетип қоятуғын еди.

— Усыларға айланысып не қылайын деп едиң, балам? Жаз шықса сыбап ала бермейсең бе,—десем,— ўақыт барында ислеп қойған жақсы, апа. Соңынан қол тиймей қалады,—деди. Сонда да еле оны кете қояды деген қыял жоқ еди менде. Ол өз ықтыяры бойынша комсомол шақырығына қосылып кеткен екен. Буны биз оның жолда кетип баратырып, станцияда үйге бир арбакеш жолдасынан жазып жиберген хатынан билдик. Соры қайнаған ғана балам-аў, хат жазыўын жазыпсаң, бирақ усындай етип те, хошласпай тымсырайып кете беремекен адам деген! Мен жилли болып кетсем де, ҳеш болмаса бир аўыз айтып хабарласып кетсе болады ғой. Жазған хатында айтпай кеткени ушын Әлийман екеўимизден кеширим сорапты. «Усындай етип бирден серпилип кеткеним мақул болар, сизлерди ҳәлекшиликке түсип азапқа қалмасын, кет-

кенимди бирден-ақ билип қалсын, дедим», депти. Ким биледи, бәлки онында бир ойлағаны бардыдағы. Итимал, соныкы жөн шығар. Әлбетте оның: — Ал, апа, мен де кетип баратырман деп бетиме айтыўы да қыйын. Мүмкин, мени жылайды, комсомол шақырығын қой, деп айтады деп қорыққан шығар.

Мине, енди оннан айырылғаныма сонша жыллар болса да, мен оның менен қәдирдан ана-жер, сениң менен сөйлескендей етип, сөйлесе беремен.

Жайнақ, мениң айтқанымды тыңла! Кеўилиңе аўыр алма балам, сениң айтпай кеткениңди мени билмейди деп ойлайсаң ба? Сонда да сениң бул қылығыңды кеўилиме келтирмеймен, генжетай ғана урыншақ қулыным! Мени жалғыз қалдырып, сениң не ушын айтпай кеткениңди мени билмейди деп ойлайсаң ба? Сени балалық етип, урыстың парқын, өлимниң не екенин билмей кете берди деп ойлайсаң ба? Сениң оттай шаққан екенлигиңди, адамларға болған меҳриңди ҳәр ким түсине бермейтуғын еди. Соның себебинен сен бизлердиң шеккен жәбир-жапамызға шыдамай кетип қалдың. Сен адамлардың адам қәддинде қалып, урыс олардың толысын шайпап, тири адамлардың жанына егеў болмай, кеўилине зерде түспеўин жүдә ғана жақсы көретуғын един. Бунының ушын сен қолыңнан келгенин иследиң. Бул дүньяда тек ғана жақсылықтан басқа ҳеш нәрсе қалмайды, қалған нәрселердиң бәри де жоқ болып кетеди. Сениң де ислеген жақсылықларың қалады балам. Сен қашшан-ақ набыт болдың, бийдәрек, туғянсыз кеттиң, перзентим! Парашютшыман деп хат жазып единң. Үш мәртебе душпанлардың тылына барыпсаң. Қырқ төртинши жылдың қайсы бир қараңғы түнинде партизанларға жәрдем бериў ушын самолеттан жолдасларың менен бирге секирипсең. Әне, соннан бери хабар-атарсыз кеттиң. Саўашта қаза таптың ба, ямаса қаңғымай оқ тийди ме, я батпаққа батып кеттиң бе, болмаса тутқынға түстиң бе, бунының анығын ҳеш ким болжай алмайды. Егер сен тири болғаныңда соннан бери қанша жыллар өтти, бир жерден ызым-сызым хәбарың шығар еди. Әне, Жайнақ, сен сөйтип жоқ болып кеттиң ғой, шырағым. Сен жүдә жаслай жуўадай солып кеттиң қулыным. Он сегиз жас деген не сол. адамлардың ядында да онша қалмадың. Бирақ, мен сени ҳәр қашан да ойлай беремен. Мен сени жоқлаған-

да, фронтқа кетип баратырып айтпай кеткенинциң мәниси мени аяп, жақсы көргениңниң себебинен шығар деп ойлана беремен. Сөйтип отырғанымда станцияда бийтаныс балаға үстиндеги келте тонынды шешип бергениң есиме түседи. Станцияда үйи эвакуация болған төрт балалы ҳаялды көрип, қыппа жалаңаш үлкен баласына тонынды жаўып, өзиң сол аязлы түнде пәнжек пенен тисиң-тисиңе тиймей қалшылдап үйге кирип келдиң. Мүмкин, ол енди ҳәрдайым сени жас бала иретинде есине түсиретуғын шығар. Өйткени, бул күнде сен оннан әдеўир жас кишисең, ол дәстияр адам болып қалды ақыры... Бирақ, сонда да сен оның устазысаң. Жақсылық деген жолда тасырайып жататуғын нәрсе емес, адам-адамнан үйренип, уғып алатуғын бир шарапатлы қәсийет бул.

Аҳ, енди оның қайсы бирин айта берерсең. Сөз бенен ада болатуғын нәрсе емес. Урыс қанша адамлардың басына жетпеди дейсең. Егер урыс болмағанда мениң Жайнағым да бул дүньяда жайнап-жаснап жүрген болар еди.

Аҳ, не қылайын, қәйтейин. Он гүлиңнен бир гүлиң ашылмай-ақ кеттиң-аў, қарағым-ай! Сен енди ғана бойыңды тиклеп киятыр едиң. Мен сениң, ҳәттеки қандай қызды кеўилиңе алып жүргениңди де билмеймен...

Кеўилимниң төриндеги ең соңғы үмит ушқынлары да жақында биротала сөнип қалажақ. Бирақ, сол қаралы күнди сонда да умытпайман. Бизлер қос айдап атыр едик. Изимнен бир ғарры келди.

Байшешеклер енди ғана бөртип киятырған, ерте бәҳәр күнлери еди. Атызларды тырмаланып атырған мәҳәл. Сары жайлаў тегислигиниң үсти менен төмендеги сайларға қарай сәўирдиң самалы есип, жерди кептирип, көк шығып қыятырған ўақыт еди.

Сол күни тап бизлер жер сүриўди баслаған едик. Мен трактордың изинен әсте атлы кетип баратыр едим. Ызғар топырақтың жағымлы ийиси ҳаўаға таралып кетти. Ат үстинде отырып көп ўақыттан бери Субанқул менен Қасымнан хабар болмай кеткенин ойлап баратыр едим.

Соның арасында аўылдағы ғаррылардың биреўи келе кетти. Жүриси онша асығыс емес қусаған.

— Ҳә, қайнаға, келгениң әжеп болды. Сүримди баслағанымыздың ҳаққына оң болсын айтып, бир пәтия берип жибер, — дедим мен оған.

Ол ат үстинде отырып, алақанын жайды да, сақалын сыйпалап былай деди:

— Ҳәзирети Дийқан бабаның өзи жылаўдар болып, қырман тасқын, зүрәәт ғарқаллезий болсын. — Сөйтип болып ол маған қарап: — Толғанай, районнан келген бир ўәкил сени келсин деп атыр. Кеңсеге келсин деп айтып қалып еди. Мен саған келдим, — деди.

— Яқшы, ондай болса ҳәзир барамыз, қайнаға.

Мен қос айдап атырған адамларға жақынлап барып, кешқурын келип жумысларыңды қадағалайман деп ескерттим де, бизлер аўылға қарай бағдар алдық. Себеби, мени жоқарыдан келген ўәкил шақырып атырған болса, бунын ҳеш ҳайран қалатуғын жери жоқ. Қәдимги жумыс бабында, әсиресе егис басланып, туқым себилген күнлери олар ҳәр жақтан аўылға келе береди. Екеўимиз қыбыр-сыбыр тиришилик жөнинде аннан-мыннан гәп таўып асықпай сөйлесип киятыр един, ғарры сөз арасында мениң кеўилимди көтермекши болып:

— Рахмет саған, Толғанай. Усындай қыйын-қыстаў мүшкил күнлерде ат үстинде халық ушын ислеп жүрипсең. Нашар болсаң да бәримиздиң де басшымызсаң. Солай болсын Толғанай, беккем бол. Сен бизлерге арқа сүйесең, бизлер саған арқа сүйеймиз, ақыры. Әлбетте, саған да аңсат емес, оны да билемиз. Адамның тәғдир жолы таў соқпақларына усайды: гә жоқары, гә төмен, гә қулама тик жар дегендей... «Көп пенен көтерген жүк жерде қалмас», деген, бир адамның қолынан ҳеш нәрсе келмейди. Адамның өмири усындай менен-ақ өтип кетедидағы, — деди.

Аўылға араласып көше менен киятырғанымызда, өзимиздиң үйдиң алдында топарласып турған адамлардың бар екенин сездим. Олар ишкериде турғанлықтан, шарбақтың дийўалының аржағынан баслары көринип тур еди. Қалай да мен олардың бул турысына онша мәни бере коймадым. Қәпелимде қасымда киятырған ғарры бирден мениң қолымдағы жүўенге асылып, бетиме тикленип қарай алмай жалтақлап:

— Түс, Толғанай, аттан түс, — деди.

Мен ҳайран болып, оған қарап аңырайып қалыппан. Соның арасында оның өзи атынан ғарғып түсиўи мәтдал, мени сүйеп түсириўге қолайлaсып атырып:

— Сениң аттан түсиўиң керек, Толғанай, — деди тағы да.

Нениң не екенине, не болып қалғанына түсинбестеп-ақ, пүтин тула беденимди қорқыныш жайлап, қолаяғымның мәдары қурып аттан асығып түсиў менен болдым. Қәпелимде үш ҳаял менен үйге киятырған Әлийманды көрдим. Сол күни олар салма қыршып жүр еди. Әлийман ийнине кетпенин салып киятыр екен. Ҳаяллардың биреўи дәрҳал оның ийниндеги кетпенин алды. Сонда ғана бәрине түсиндим.

— Сизлердики не? Не ойлап жүрсиз, сизлер! — деп көшени жаңғыртып бақырып жибердим.

Мениң даўысым шығыўдан Айша қоңсымның үйине жыйналып отырған ҳаяллар жуўырып шықты.

Олардың түрлери бозарысып, үндеместен мениң қасыма тез жетип келди де, қолыма асылысып:

— Беккем бол, Толғанай. Бизлер бүркитлеримизден айрылып қалыппыз. Субанқул менен Қасым қайтыс болыпты, — деди.

Сол ўақытта Әлийманның:

— Ене, енежаным-ай! — деп шыңғырған ашшы даўысы шығыўдан, қатар турғанлардың бәри де:

— Баўырым-ай! Аталы-балалы баўырларым-ай! — деп бирден өкирисип жылап жиберди.

Буннан соң мен ҳеш нәрсе еситпей қалдым. Шамасы, өзимниң даўысымнан өзимниң қулағым питип қалған болса керек. Көшелер шайқатылып, тереклер, үйлер төңкерилип атырғандай болып сезилди. Әллеқандай бир қорқынышлы тынышлықтың ишинде гә аспандағы бултлар, гә қандайда бир гүңелектей адамлардың бир түрли, ерси бет-әпшерлери көзиме елеслейди. Мен артыма қайрылған қолларымды басқалардың қолларынан жаздырып алыў ушын жулқынып, тас талқан болып кеткен едим. Өзимди кимниң услап турғанын да, үйдиң алдындағы адамлардың не ушын турғанын да билмей кеткен екенмен. Олар менен исим жоқ. Мениң көрип-билип турғаным, ол да болса тек Әлийман. Ол оғада қорқынышлы ҳалда еди. Көйлегин жыртып, бетин осып қанатып, шашлары тозаңғып кеткен келинимниң ҳаяллар қолын артына қайырып услап тур. Ол маған қарай жулқынып, әлле

нәрселерди айтып, зар қақсап шыңғырса да мен ҳеш нәрсе есите алмадым. Мен де оған қарай талпынып, жулқынаман. Мениң сондағы ойлайтуғыным — келинипме бир ис болып қалмаса болар еди, тезирек, тезирек барып оған қолымнан келгенше меҳрибанлық етпекши болып оған талпына беремен. Екеўимиз бирбиримизге интизар болып тураман дегенше, арадан әдеўир ўақыт өтти. Әллеиемирде Әлийман келип мойныма асылып:

— Ене, жесирмиз бизлер, ене! Бақты қара жесирмиз! Күнимиз тутылды. Басымызға қаралы күн туўды! Ене! Қаралы күн! — деп буўлығып, қарлығып қалған даўысын еситкенде барып қулағым ашылды.

Аўа, бизлер жесир болған едик. Жесир болғанда да — биримиз қәйин ене, биримиз келин. Еки жесир жанған көкирегимизди бир-биримизге басып, қушақласып, көзлеримизден қанлы жас төгип жыласқан едик, сол сапары.

Қулласы, келинимиз екеўимиз ада болмас қайғыға гириптар болып, жылап ушына шыға алмадық. Арадан бир ҳәпте өткеннен кейин Субанқул менен Қасымның жетисине келген колхозшылар бизлерге:

— Аталы-балалы екеўин бир жыл азалағанда да көп болмас еди. Өлмектиң изинен өлмек жоқ деген. Енди тири бенде тиришилигин етиў керек. Олардың ендиги жағындағы жасын қудай Масалбек пенен Жайнаққа берсин. (Ол ўақытлары Жайнақтан бизлер ҳәпте сайын хат алып туратуғын едик). Изи қайырлы болып соларыңыз жеңис пенен келгей. Адамның зәҳәрин адам алады, деген гәп бар. Ендиги жағында жумысқа шығып, көпшиликке араласың. Әйне егистиң мәҳәли. Жүреклериңизди елжирете бермей, бизлер менен бирге болың. Бизлердиң душпанға деген өшпенлилигимиз усы болсын, — деди.

Әлийман екеўимиз ойласып, көпшиликтиң айтқанына көштик. Бир күни азанда жумысқа кетейин деп атырсам, Үсенбай баслық еки жапырақ қағаз әкелди. Бул қара қағазлар екен, сақлап қойыңлар, — деди. Қасымның қара қағазы буннан ярым айдай бурын-ақ колхозға келип турған екен. Москва жанындағы саўашта Ореховка деген аўылда қазаланыпты. Буны қалай еситтирсек екен деп ойласып жүргенде, Субанқулдан да қара қағаз келип үлгерипти. Ол да Елец жанындағы үлкен саўашта қаза таўыпты. Аўыллас-

ларымыздың енди ырасын айтыўдан басқа шарасы қалмапты. Екеўин бир күнде еситтирип жүргенининң мәниси сол екен. Буннан кейинги жағын айтыўдың кереги де жоқ. Қайтадан белди беккем бууып тағы атланып, бригадирлик жумысыма киристим.

Егер мен аўызым кемсеңлеп жылай берсем, онда келинимниң аўҳалы қандай болады? Оның биротала руўхы түсип, шөгип қалғаны соншелли, оннан өзим сескенип кеттим. Мениң ҳәсиретим де аз емес: бирден ҳәм күйеўимнен, ҳәм баламнан айырылып қалдым. Сонда да мениң жағдайым Әлийманға қарағанда басқаша еди. Аз болса да, көп болса да бизлер Субанқул екеўимиз бираз жыл ашшы-душшыны бирге татысып, ерли-зайыплы болдық. Ҳәр қыйлы қыйыншылықларды бастан кеширип, көрмеген қорлықларды да көрдик. Гейде кемтарлықты да көрдим, бахытлы да болдық. Бала-шағалы, үй-үскенели болып бирге тырбаңладық. Егер урыс болмағанда, бирге қартайып, буйырғанын алдымыздан тағы көре берер едик. Ал, енди Әлийман менен Қасым еле көп нәрселерди билип, үлгере алмаған еди. Олардың көрмегени, келешеги алдында еди. Жаслығының әйне гүллеген шағында, балта менен қыялап шапқандай етип, урыстың апаты оларды айралыққа гирипдар етти. Әлбетте, жыллардың өтиўи менен Әлийманның жараланған жүреги жазылып, буған да үйренисип кетер еди. Түбинде әйтеўир «тесик моншак жерде қалмас» дегендей өзиниң теңин таўып, мүмкин кеўили жарасып та кетермеди... Әлиймандай болып жесир қалған келиншеклердиң биразы урыс тамам болған соң талайы турмысқа шығып кетти ғой. Бәри бирдей болмаған менен көпшилигиниң бахыты ашылып, бала-шағалы болып, бул күнде әнедей оңысық етип отыр, әйтеўир жалғыз қалған жоқ. Бирақ, адамның бәри бирдей емес. Бираз адамлар басына түскен апатлы күнлерди демде умытып кетеди де, жаңа жолға түсип алады. Тағы бир паралары өткендегилерди умыта алмай, өзин азапқа салып болдыртып алады. Бизиң, Әлийман да сондай болып, соры қайнады да қалды. Ол басына түскен бахытсызлықты умыта алмай, тәғдирдиң көрсеткен дәккиси менен ерегисти. Бунда мениң де кеширилместей айыбым бар. Сол жерине келгенде, келинимниң зейнине тийип аламан ба деп аяп, әззилик ете бердим-аў...

Бәҳәрде бизиң бригаданың колхозшылары үлкен жапты қазып атыр еди. Мен де сол жерде, жумыстың басында едим. Кешке жақын адамлар да жумысты болып, ҳәр ким үйли-үйине тарқаса баслады. Мен қос айдап атырғанлардың жанына баратуғын болғанлықтан, Әлийманға маған қарап иркилмей-ақ, үйге өзиң кетебер, — дедим. Қос айдап атырғанлардың ылашығы онша алыс емес еди. Барсам олар кешки аўқатты жаңа алдыларына алып атыр екен. Мен олар менен жумыс бабында сөйлесип отырып, әлленемирде атланайын деп сыртқа шығып, аяғымды зәңгиге салып атырғанымда Әлийманды көрип қалдым. Ол үйге қайтпай еле айланшықлап жүр екен. Бир өзи қалың сайдың жағасынан гүл терипти. Ол тап жас қызларға усап, гүллерди оғада жақсы көретуғын еди. Аҳ, Әлийман, Әлийман, гүл болып гүлдей солыған сорлы ғана келиним-ай! Оның қолында онлаған түп гүл бар еди. Шамасы, үйге әкетейин деп терген болса керек. Қолына гүл услап турған келинимс көзим түсиўден маңлайым терлеп сала берди. Кәпелимде оның бир ўақытлары бийдай орақ күнлери тап усындай болып жабайы гүллерди терип, қушақлап турғаны көзиме елеслеп кетти. Бирақ, ол сапары басына қызыл орамал тартса да, қушағындағы гүллери аппақ еди. Енди болса басына қара тартып, қан қызыл гүллерди қамтымлап турысы мынаў. Айырмашылығы тек сол. Жүрегим қырқылып кеткендей болды. Төмен қарап муңайып турған Әлийман, кәпелимде басын көтерип дөгерегине қарады да, тағы бир түрли болып қолындағы гүллерге үңилип, енди буның кимге кереги бар дегендей етип турды. Соның арасында ол бирден ет бетинен өзин жерге таслап, гүллерди мыжымырлап, жерди сабалап ылақтырды да, қоллары менен бетин көлегейлеп, ийни солқылдап жатып қалды. Мен өзимди дәрҳал ылашықтың тасасына алдым. Оған мәлел бергим келмеди. Мейли жылай берсин, мүмкин жыласа дебдиўин шығарып тәўир болар деп ойладым. Бирақ, ол жатқан жеринен гарғып турды да, сайды жағалап үлкен гүзар жолға қарай жуўырып кетти. Мен сескенип кеттим де, дәрҳал атқа минип изинен шаптым. Қара жамылып, қып-қызыл гүллердиң арасы менен алдымда жуўырып баратырган келиниме қараўдың өзи маған қорқынышлы еди.

— Әлийман! Тоқта! Саған не болды? Тоқтап тур, Әлийман! — деп изинен бақырсам да, бирақ, ол иркилмеди.

Қәдимги өзимиздиң сәмен жорға илгери ўақытлары желип өткен жолға жеткен жерде, оның изинен жетип алдым.

— Ене! Маған ҳеш нәрсе деме, ене! Маған ҳеш нәрсе айта көрме, ене! Керек емес.

Мен аттың басын ириккен ўақытымда ол жуўырып келе сала аттың жалын қушақлап, зәңгиде турған аяғыма бетин тақап,өкирип жиберди. Мен үндемедим. Мениң оған не айтыўым мүмкин еди, усы турысында? Соңынан ол басын көтерген ўақытта, бетлерине ылай жабысып, көз жасы сел-сел болып ентигип турып:

— Қуяштың жайнап турғанына қара ене! Аспанға, далаларда жайнап турған гүллерге қара! Усындай күнлерде Қасым келмейди, я? Ҳеш қашан келмей ме, енди? — деди.

— Яқ, келмейди, — дедим мен.

Әлийман аўыр суўық демин алды да:

— Кешир мени, ене! — деди әсте ғана. — Мен де сол жаққа — Қасымның изинен жуўырып барып бирге өле қойыйын деп ойлап едим.

Сол ўақытта мен де өзимди иркип алалмай жылап жибердим. Бирақ, оған ҳеш нәрсе демедим. Егер мен дана, алдымды болжайтуғын ана болатуғын болсам, оның ырайына қарап турғанша: «Сен не, жас нәрестемисең? Сениң бир өзиң емессең ғой. Сендей болып тул қалғанлардың есап-саны жоқ, ҳәзир. Басыңа түскенине көнебер оннанша. Қасымды умыт енди, деген гәптиң саған жақпайтуғынын билемен. Өткен өкиништиң орнын толтыра алмайсаң енди. Ўақты сәти келип сениң де теңиң табылып қалар еди. Бахтың ашылып кетер. Өзиңди қапашылыққа жеңдире берме бүйтип, ақыбети жаман болады. Бундай болып, өзиңди болдырта берме. Еле басың жас», деп кеўилине келсе де, батырып-батырып айтыўым керек екен-дә! Егер адыр-будыр болса да, бирақ бирден бир усы дурыс гәпти айтыўға сол ўақытлары мениң батылым бармаған еди. Буннан соң да талай мәртебе қолайы келип, усы сөз тилимниң ушында турса да, айтқым келмеди. Қандай да бир қудиретли күш мени иркип қала берди. Әлийманның өзинен де болды. Ҳәр гәптиң бир айтылатуғын ўақты, өзиниң ирети болады

екен гой. Ўақтында айтылмаған гәп тат басқан темирдей болып қалады. Ўақыт өткен сайын, гәп суўып кеўилиңниң төринде тастай болып шөгип, аўырласып жата береди екен. Жуўық арада ядыңнан шыға қоймайды. Буны мен енди арадан көп жыллар өткеннен кейин айтып атырман. Ол ўақытлары ҳәзиргидей болып арқайын отырыў қайда саған. Ҳәр күни колхоздың таўсылмайтуғын жумысынан басыңды алалмай жүргенде, бундай жөн-жосақты ойлап отыратуғын ўақыт та жоқ еди. Бизиң барлық күткенимиз, үмитимиз тезирек жеңиске ерисип, урыс тамам болса екен деген тилекте едик. Буннан кейингиислердиң бәри де өзинен өзи питетуғындай аңсат көринеди. Урыс тамам бола ғойса, еле бәри де өз бағдары менен жөнлесип кететуғындай сезилди. Бирақ, олай емес екен ғой...

8

— Қәдирдан ана-жер, Субанқул менен Қасымдай аталы-балалы азаматлар қаза тапқанда неге таўлар жарылып, көллердиң суўы неге тартылып қалмайды екен? Пай, әттегене-ай, екеўи де қара жердиң қыртысын айландыратуғын дийқан еди-аў! Дүньяның таяныши да усындай адамлар менен гой. Ел-журтты тойдыратуғынлар да, шөллесе суўсын болатуғынлар да, урыс болса қолына қурал алып, биринши болып жаўынгер болатуғын да солар. Егер урыс болмағанда, Субанқул менен Қасым еле қаншелли жумысларды кеңелдирип, өзлериниң мийнетиниң арқасында талай адамлардың мүшкилин аңсатластырған болар еди. Еле қанша жерлерди егип, қанша қырман атқан болар еди. Өзлери де ислеген мийнетиниң рәҳәтин көрип, талай адамлардың қуўанышына шерик болмаспеди. Маған дурысыңды айт, қәдирдан ана-жер, бул адамлардың урыс-ғаўғасыз бир жасайтуғын ўақыты бола ма?

— Сен қыйын саўал бердиң ғой, Толғанай. Урыстың кесапатынан туғыянсыз жоқ болып кеткен халықлар да болды. Талай қалалардың күли көкке суўырылып жоқ болып, орны шаңғытып қалған. Нешше әсирлер даўамына адамийзаттың изине интизар болып жатқан ўақытларым да болды. Ҳәрдайым жөнине жүрмейтуғын адамлар урыс ашқанда мен оларға: «Тоқтатыңлар буны, қан төкиўшилер!» — деп тәўелле

саламан. Ҳәзир де, ендигиден былайғы жағында да айтатуғын гәпим усы: «Әй, адамлар, тау, теңизлердиң аржағындағы, адамлар! Бул жақты дүньяда жасап атырған адамлар! Сизлерге не керек өзи? Керегиңиз жер ме? Мине, мен—жермен! Мен сизлердиң бәриңизге де бирдеймен, сизлердиң де бәриңиз маған бирдейсиз. Маған сизлердиң жәнжелиңиздиң кереги жоқ. Сизлердиң татыўлығыңыз, ҳадал маңлай териңиз керек. Сүдигарға бир түйир дән тасласаңыз — мен сизлерге оны жүз дана етип беремен. Шыбық шанышсаңыз, шынар етемен. Бағ ексеңиз, мийўеге көмип таслайман, сизлерди. Мал асырасаңыз, жасыл жайлаў боламан. Имарат салсаңыз, дийўал боламан. Өнип -өсип көбейсеңиз мен сизлердиң бәриңизге де мәкан боламан. Мен таўсылмайман, мен шексизбен: ҳәм терең, ҳәм бәлентпен, мен сизлердиң бәриңизге де жетемен!» Ал, сен Толғанай, адамлардың урыс-қағыссыз жасаўы мүмкин бе дейсең? Бул маған гәрезли нәрсе емес, ақыры. Бул сизлердиң өзлериңизге байланыслы нәрсе. Адамлардың ақыл-парасатына, өз еркине байланыслы.

— Қалай деп ойлайсаң, қәдирдан ана-жер, сениң ең мийнет сүйгиш азаматларыңды, ең жақсы шеберлериңди урыс набыт ете берсе... Мен бул жағдай менен өмир-өмиримше келиспеймен! Қалайда адамлар урысты болдырмаўдың бир илажын ететуғын шығар.

— Сен Толғанай, мени урыстың жәбирин тартпайды деп ойлайсаң ба? Жәбирин тартқанда қандай. Мен Субанқул, Қасым, Жайнақ ҳәм басқа да өлип кеткен солдатлардың дийқаншылық ететуғын қолларын сағынып, оларды мәңгиге жоқлайман ақыры. Булардың бәри де мениң қабызымнан шыққан өз балаларым. Маған усындайлар жетисе бермейди. Жер ўақтында сүрилмей, егин ўақтында егилмей, қырман ўақтында атылмай турса, мен оларға жар салып: «Қайдасыз, мениң қос айдап ҳәм туқым себетуғын дийқанларым. Келиңлер, балаларым, маған жәрдем етиңлер, мен шөлистанға айланып кетпейин!» — деп бақыраман. Қәне енди кетпенин ийнине салып Субанқул, комбайн айдап Қасым, арбасын айдап Жайнақ келермеди!... Қанша шақырсам да, олардан саза болмай тур...

— Рахмет, саған қәдирдан далам. Сен де маған қусап, баўырыңды ийин, оларды сағынады екенсең гой. Рахмет, саған!

Урыстың төртинши жылына қарағанда, адамды гә сүйсиндирип, гә күйиндирип, душпан адым сайын шегинип баратырса да, күн көрисимиз күннен-күнге қыйынласа берди. Адамлар гүздиң күнлери үйлериниң қасына еккен картошкаларын жыйнап, аңыздан масақ терип алса да, қыс ортасына жетпей-ақ елде ашлық басланды. Бәҳәрге салым, әсиресе, жаздың күнлери бираз адамлар шөп-шардың тамырын қазып әкелип кептирип түйип, асқатықлап ишкенлери де болды. Әлийман екеўимиз колхоздың жумысын ислеймиз, етегимизге асылып баратырған бала жоқ. Болмағаны да жақсы. Бала-шағалы адамлардың күни жүдә қыйын болды. Бет аўызлары домбығып исип кеткен балалар «нан» деп қолын созып телмиргенде, не қыларымды билмей, олардың бетине қараўға батына алмайтуғын едим. Егер маған: «Бар сен, фронтқа барып, сол жақта өл, оннан соң урыс тоқтап, балалар тоқ жүреди» десе, мен турған жеримде қайыл болар едим. Тек олардың аштан мөлерип турған көзлерин көрмесем болды. Бир сапары усы гәплерди Әлийманға айтып едим, ол маған қарап турып:

— Дурыс айтасаң. Мен де солай етер едим, ене. Бунның адамның жанына бататуғын жери жас нәрестелер, не ушын аш қалғанының парқына түсинбейди, ақыры. Үлкен адамлар болса бир гәп. Олар түсинеди, сабыр-қанаат етип бир күни болмаса, бир күни тоқшылыққа шығатуғынына көзи жетеди. Бирақ, жас нәрестелер оны билмейди. Әкелери урыстан айланып келемен дегенше, оларды бир әмеллеп аш қоймаўымыз керек. Енди буннан басқа қылатуғын исимиз қалған жоқ ене, бизлердиң. Олай етпейтуғын болсақ тири жүриўдиң де кереги жоқ. Барлық нәрсе урысқа — өмир, исленип атырған мийнет, ҳәр бир адамның ерки де, ҳәттеки жас балалардың аўқаты да бәрин де — майда-шүйдесине дейин қалдырмастан, қанлы урыс қурдымдай тартып атыр. Жасырыўдың не кереги бар, арасында урыстың қыйыншылығынан қашып, қара басының ғамын ойлағанлар да болды. Олар тынышына жүрмей қарақшылық етип, бизлердиң тислем нанымызға пәнже салды.

Бир сапары албырап қалдым. Қырқ үшинши жылдың қыс ортасымеди, әлле ерте бәҳәр күнлеримеди,

не де болса қыстың ақырына таман болды. Қарлар ерип, жерлер қараўытып ашылса да, бирақ түнге қарай әйнектиң көзлерине қыраў қатып шығатуғын еди.

Түнниң қай мәҳәллери екенин ким билипти, ҳәмме уйықлап атырғанда: әллеким әйнекти сындырып жибере туғындай етип қатты тақылдатты:

— Толғанай! Бригадир! Тур! Уйқыңды аш! — деп даладан биреў бақырды.

Әлийман екеўимиз бирден қорыққанымыздан төсегимизден ушып турдық.

— Ене! — деп алқынып сыбырлады қараңғыда Әлийман, қандай да бир қуўанышлы ҳәдийсени сезип турғандай болып.

Үмитсиз шайтан, деген емес пе. Сол ўақытта мениң кеўлимдеги қорқыныш серпилип, үмит ушқынының сәўлеси түскендей болды. «Бизиң үйден армияға кеткенлердиң биреўи қайтып келген шығар» деп тәме менен әйнектиң алдына барып үңилип:

— Кимсең? Сен кимсең? — дедим.

— Далаға шық, Толғанай! Сейисханадағы атларды урлап кетипти! — деди әйнектиң алдында турған адам.

Әлийман шыраны жағаман дегенше етигимди дәрҳал кийдим де, шапанымды ийниме салып, далаға шықтым. Асығып сейисханаға барсақ, адамлар жыйналып, баслықтың өзи де келип қалыпты. Урылар үш атты урлап кетипти. Соның ишинде колхозға тапсырған бизлердиң сәмен жорғамыз да бар екен. Атлардың бәри де бизиң бригадамыздың исенип отырған, ортаң қолдай күш көликлери еди. Қосқа қосамыз деп бағып отыр едик. Атбағар қараўыл оларға түнде от салайын деп пишен гүди бетке кеткенде урлап кетипти. Келсе сейисхананың иши тас қараңғы екен, паныс та өширилген. Самал үрлеп өширген шығар деп қайтадан жағып қараса, үш қазық бос турған екен.

Ол ўақытлары колхоз ушын үш көлик атты жоғалтыў, ҳәзирги менен салыстырғанда он трактордан айрылыў менен барабар еди. Ягный тереў ойланып қарағанда, фронтта жүрген ҳәр бир солдаттың бир тислем нанын тартып алыў деген сөз. Көп турмастан бизлер атлардың айылын қайтадан тартып, гейпараларымыз мылтық алып, урылардың кейнине түстик. Егер урылар көзимизге көрингенде, қудай урсын оңдырмайтуғын едик, бирақ...

Аўылдың сыртына шыққаннан кейин, бир нешшеге бөлинип ҳәр жаққа тарқасып кеттик. Мениң минип жүргеним колхоздың суўлыққа таслап турған туқым аты еди. Жәниўар қамшы сүймейди, алып ушқысы келип шулғыйды да турады. Аттың басын жаздырып киятырман. Үлкен жолдан өтип, таў тәрепке бағдар алғанымды билемен. Изимнен тағы өзимиздиң еки атлы шаўып киятыр еди. Бир қарасам, олар көринбей қалыпты. Я олар бир қапталға урып кеткендағы, я мен басқа тәрепке өтип, озып кеткенмен. Бундайда адасып кетиў қыйын емес. Ай жаңа көтерилип киятырғанлықтан, сәўлесинен жигирма адым қашықлықтағы нәрсени ажырата алмайсаң. Бирақ, мен ҳәзир буны ойлап турған жоқ едим: тезирек атларды урлағанлардың изине жетип алсам болар еди. Қайда шығынып баратырғанымды, астымдағы аттың мени қайда алып баратырғанын билмегенимниң жаныма батып турғанын айтсаң-ә. Қәпелимде ат бирден қалша тоқтап қалды. Қарасам, терең бир сайдың ғырра ернегинде иркилген екенбиз. Алдым жарланған таў. Қараўытып турған шоққылардың аржағынан ай әсте көтерилип, аспанда жулдызлар булдырайды. Әтирапта жылт еткен нәрсе сезилмейди. Төменде пәтли самал есип, қуўрап қалған қуўрайларды тербеп әсте ақырын ысқырып тур. Әллеқандай қәбирдиң үстине салынған, қулап қалған дийўаллардың арасында байыўлылар шықылықласты.

Атлы сайдың ишине түстим. Хеш нәрсе еситилмейди. Қамыстың арасынан жылт етип атлығып шыққан бир түлки айдың сәўлесинде көгилдир гүмис иреңге дөнип зымырап кетти.

Мен аттың басын аўылға қарай бурдым. Тикжардың үстинде киятырып аўыл арасындағы, сыпсыңсыпсың гәп ядыма түсти. Жексенқул деген биреў армиядан қашып келипти. Жанында өзине усаған еки жолдасы бар дейди. Өзлери Сары жайлаўдың адамлары қусайды. Солар таўда жасырынып жүр екен деген гәплерге онша қулақ аспайтуғын едим. Өйткени, ҳәмме адамлар урыста жүргенде, булар қалай етип өзлериниң басын қорғап, қашып жүре алатуғынына түсинбеген едим. Урысқа барып өлсең, өлебер, өзим аман жүрсем болар дегени ме екен олардың? Бул қандай жүзи қарашылық. Усыннан да адамгершилик болды ма? Аўылда кимниң қандай екенин бес бар-

мақтай билемиз. Ат урлаўға тәўекел ететуғынлар жоқ. Ат деген жағаңа шаншып қоятуғын ийне емес. Қалай енди үш ат бирден ушты-күйди жоқ болыд кете береди. Шамасы, урылар шеттен келген болды ғой. Ҳәзир қасқырлардай болып таўлы соқпақларда жортып баратырған шығар. Егер Жексенқулдың қашып жүргени ырас болса, бул соның қолынан келип жүрген бәле деген гүман келди кеўилиме. Олай дейин десем, урыны қол менен услап көз бенен көрген еле ҳеш ким жоқ.

Үш ат — еки пазналы плугты урлаў менен барабар деген сөз. Бирақ, асаў ғунанларды еплеп үйретип, урланып кеткен атлардың орнына қостық. Басқа қолдан келетуғын шарамыз жоқ еди. Соның арасында жалпыламай айдаў, урда тут егис басланып, уры туўе оннан зоры да ядымызға кирип-шықпай кетти. Сол жылғы бәҳәр мениң өмиримдеги ең қыйын бәҳәр болды. Халық не қылсын енди, халықтың гүнасы жоқ. Адамлардың жумыс ислегиси келеди, бирақ аш адамға жумыс хош жаға ма? Ашлықтың апатынан кетпен көтере алмай қалғанлары да болды. Бурынғыдай ғайрат жоқ, бир күнлик жумыс бир ҳәптеге созылып кетеди. Жумыс тоқтап, егис иркилип қалды. Оның үстине колхоздың туқымлық бийдайы да жеткиликсиз. Ҳәр түйир дәнди бирлмлеп таўып, шашымызды жулғандай етип, бригаданың егис планын зорға орынладық.

Сол күнлери адамлардың қалай күн кеширип, оңысып атырғанын ойлаў менен-ақ басым мыңғырдай болды. Адамлар мийнет күнине де ҳеш нәрсе алалмады, складта аўысып турған дән жоқ, ақыры. Енди не қылыў керек? Ямаса адамларға басыңыздың аўған жағына қарай тарқаса бериңлер деўимиз керек пе, яғәй өйтип, салпаўсыўға болмайды. Буннан былай не ислеў керек? Бул барыстан еплеп гүзге де жетисермиз, қыстан да қысылып-қымырылып шығысармыз. Тағы бәҳәр келсе аш, жалаңаш, жилигиниң майы шағылған адамларды жумыс ислеўге мәжбүрлеўимиз керек пе? Жумыс ислемесе тағы болмаса.

Түнлерде уйықлай алмай, ҳәр қыйлы қыяллардың басына барып ақырында, дәрьяның өриндеги азын аўлақ егилмей атырған жерди сүрдирип, туқым септиргим келди. Усының жөн-жосағын ойласып баслыққа, арғы басы районданғыларға дейин барып: «Егис

планымызды орынладық, енди биз буны планнан тысқары өз күшимиз бенен мийнет күнге бөлистириў ушын халықтың қабына да бир нәрсе түссин деп түсиндирсем, столда шиҗенип отырған әлле неткен биреў маған:

— Сен колхоздың Сталинлик уставын бузажақсаң! — дейди.

Сонда мен шыдап туралмай:

— Әдира қалсын, сондай болған уставыңның! Егер биз аш қалсақ, ким тамақ таўып береди екен? — деп жибердим.

— Абайлап сөйле, аяғың, аспаннан кететуғынын билемисең!

— Билемен. Асыр асыратуғын жерине, соның менен тәўир болатуғын болса. Бирақ, дәслеп фронттағы солдатларға кимлердиң бийдай егип, кимлердиң нан таўып беретуғынын ойламайсызлар ма сизлер?

Райкомдағылар апыр-топыр болып шаўқым көтерсе де, қулласы ақырында ексең ек, бирақ өзиң қара басың менен жуўап бересең деп қайылшылық берди. Әңгиме онын жуўапкершилигинде емес, себетуғын туқымда болып тур. Колхоздың орталығында да бир қысым ҳеш нәрсе қалмай, бәри себилип кетти. Басым шырылдыўға түсип, бригададағылардың жасы кишисинен баслап жасы үлкенине дейин жыйнап мәсләҳәт қурдым. Бул жыйналыстан көре үйдиң руўзыгершилигин айтысқан ойласықтай болды.

— Қәне, енди не қылатуғынымызды ойласайық? — дедим мен. — Ағызларға егилген бийдайдан үмит етип, ийегиңиз қышымай-ақ қойсын. Онын фронтқа жиберилетуғынын өзлериң де билесиз. Аўысып баратырса келеси жылға туқымға турады. Бирақ, туқым тапсақ, көп балалы үйлер менен жетим-жесирлерге жәрдем бериў ушын егип алыўымызға мүмкиншилик бар. Егер маған исенетуғын болсаңызлар, мен буның жуўапкершилигин мойныма аламан. Гәптин тоқ етери, ҳәзир ҳәр түйири алтын болып турған дән болса, ҳәр биримиз қап-шанаштың түбин қағып бериўимиз керек. Маған ғәзебиңиз қайнамай-ақ қойсын. Өңешимизден өтейин деп турғанды да жерге себейик. Ҳәзир ашырқасақта егин писемен деген̆ше еплеп айран-шалапқа жетисип кетермиз. Бул күнде бир қысым туқым сепсең, соңғылығында бир қалта бийдай болады. Қәне ағайын-туўғанлар, тислериңиздиң суўын сорып,

бала-шағаларымыздың, қала берсе өзлериңиздиң ғамыңыз ушын бир тәўекел етиңлер. Барыңызды аяманлар. Өтирик айтып турған болсам, балаларымды ақ сүтим урсын. Егис өтип кетпестен бурын, маған жәрдем етиңлер...

Дәслеп адамлардың бәри де мениң айтқанымды мақул тапқандай болды. Бирақ, қайнақай жумыс басланып, жер сүриле баслағанда жүдә қыйыншылыққа дуўшакерлестик. Әсиресе, көп балалы ҳаяллар үйиниң алдына жуўырып шығып, бул дүньядағы барлық нәрсени: урысты да, колхозды да, бундай болған өмирди де, ҳәттеки өзлериниң балаларын силейтип қарғағанда адамның ети түршигип кететуғын еди. Сөйтсе де адамлар жүрегиниң қанынан сығып алғандай етип, қолларынан келгенше: ким ярым батпан... ким қырқағары дегендей ҳәр ким тапқанын бере берди. Адамлардың соңғы бир қысым дәнин берип атырғанын билсем де, мен жыйнай бердим. Арбаны ҳәр кимниң үйиниң алдына айдап барған сайын биреўге жалынып, биреўлер менен жағаласып жүрип өтиниш етип, ҳәтте қолынан тартып алғанларым да болды. Тек гүздиң күнлери ғана ҳәзирги бир қысым туқымның бир батпан бийдай болып қабына қуйылған ўақытта ғана адамлардың өзи-ақ «алла ярылқасын» айтар деген ой кеўилиме жубаныш болды.

Жан қоңсым Айшаның сондағы аўҳалын еле умыға алмайман. Өзи де бийтап еди. Күйеўи Жаманбай урыстан бурын-ақ қазаланып, ерте жесир қалды. Қолындағы жалғыз баласы — Бекташтан басқа қәўендери де жоқ өзиниң. Аўырмаған ўақтында колхозда, қолы тийсе меншик жеринде ислеп, сыйыр сақлап жалғыз баласын халық қатарына қосты. Бул күнлери Бекташ анаў-мынаў жумысқа жарап, үйине айланысатуғын болып қалған еди. Сол күни адамлардың үйлеринен туқым бийдай сорап жүргенимизде, арбаны Бекташ айдап жүрди. Оның үйиниң тусына келген ўақтымызда:

— Бекташ, үйиңде бир нәрсе бар ма? — дедим.

— Азырақ бар еди, — деди сәл иркилип. — Пештиң артындағы шекийнеде турыпты.

— Онда барып алып кел.

— Яқ, Толғанай апа, өзиң бар, — деди ол меннен өтиниш етип.

Айша сол күнлери сырқатланып жүр еди.

Кирип барсам, ол белин бууып төсектиң үстинде отыр екен.

— Айша, адамлардың берип атырған нәрсесин алыуға келдим, — дедим мен.

— Улықпанымызда бары сол, — деп ол пештиң артындағы шекийнени көрсетти.

— Барын шығар. Маған пәтияға бермейсең ғой. Туқымға керек. Жер таяр, себиуимиз керек. Мени көп еглей берме, Айша, — деп оны асықтырдым.

Ол ернин тислеп, басын төмен алып үнсиз қалды. Әй, нәлетий жоқшылық-ай, адамларды не күнлерге сазыуар еттиң-ау!

— Айша, ойлан бирақ, бунын менен көп болса он-он бес күн еплесерсең. Бирақ, қыс азықты, келеси бәҳәрдеги напақаны ойла. Жалғыз баланның жолы ушын сеннен өтиниш етемен, Айша. Ол далада арбалы күтип тур.

Ол басын көтерип маған жаудырап қарады да:

— Егер бар болып, мени бермей тур дейсең бе? Өзиң билесең ғой, Толғанай, саған не болды? Қыяметлик қонсыңман...

Мен оның жаудырап қарап турғанлығын билип, кеуилшеклигим тутып киятыр еди, бирақ сол уақытта-ақ қатал түрге енип сурланып:

— Мен ҳәзир усы турғанда сениң қонсың емеспен, бригадирмен. Алғанда халық ушын аламан, — дедим де орнымнан турып бийдай салынған шекийнени қолыма алдым.

Айша терис бурылып қарады.

Шекийнеде онсериндей бийдай бар еди. Ҳәммесин алып кете берейин деп едим, тәуекел ете алмай, жартысын қапы бетте турған шелекке салып, былай дедим:

— Берман қара, Айша. Мен жартысын алып кетемен. Кеуилиңе келмесин, бирақ...

Ол тағы терис қараған уақытта, оның көзинен аққан жаслары бетин жууып ийегиниң астына сорғалап баратыр еди. Өзим де бир түрли болып кеттим. Шыдай алмай далаға шығыу менен болдым. Әй, әттегенеай, сол сапары шекийнени таслап кете берсем болады ғой. Сөйтип жүрип жыйнаған бийдай туқымға бир бәлениң тап болатуғынын мен қайдан билиппен, ол уақытта.

Жыйнаған бийдайлар еки қапшықтай болып еди. Бизлер оны қәлбирден өткерип, бирнмлегендей етип тазаладық. Атыздың басына апарып қойған да өзим едим. Сол күни иркилип турғанымда да болады екен. Еле шет-шебирде сүрилетуғын да жер бар еди. Бирақ, мен тезирек сеўип тасласам болар еди, — деп асыға бердим. Таң атса болды, туқым сеппекши едим. Туқым да таяр, жер де таяр — бәри де енди ойлағанымдай болды.

Кешқурын жумыстан үйге қайтып келсем де кеўлимде алғула пайда болып, бир нәрсени сезгендей тыныпым болмады. Күндиз Бекташ пенен тағы бир балаға тырманы арбаға салып апарып таслаўды тапсырған едим. Баланың аты қәйерде де бала ғой. Олар мениң айтқанымды етип апарып таслай қойса қәне енди, деп өзим де исениң киремеген едим. Соңлықтан Әлийманға;

— Мен қос айдап атырған балаларға барып келейин. Не ислеп атыр екен, — деп атқа минип кетип қалдым.

Аўылдан шыққаннан кейин атты тежеп, әтлирек айдадым, өйткени геўгим түсип, әтирап қаранғыланып баратыр еди. Келсем, өгизлер гүндени сүйретип, өз байдалына жүрипти. Әтирапта ҳеш ким көринбейди. Неге усы ўақытқа дейин өгизлерди туўармайды екен, деп қос айдап жүрген балаға жиним тырысып кетти. Қәне, тоқтап турабер еле, сениң бир сазайыңды бермесем болмас. Усы қатарда жүрген жоқ па екен, барластырып көрейин деп былайырақ шықсам, тырма тийелген арба бир қапталлап аўдарылып атыр екен. Бул жерде де ҳеш ким жоқ.

— Хәй, балалар! Қайдасызлар? Даўыс бериңлер? — деп бақырдым мен.

Ҳеш ким «мындамыз» деп даўыс бермеди. Дөгеректе адам әўлады жоқтай сезилди. Буларға не болды екен? Қайларға қаңғырып кетти екен-ә? Өзим де сескенейин дедим. Қос айдайтуғынлардың ылашығының жанына келдим де, аттан секирип түсип ишкерилеп шырпы шақтым. Қарасам, излеп жүрген балаларым қол-аяғы байланып, қанға былғанып, аўызларына шүберек тығылған ҳалда жатыр екен. Бекташтың аяққолындағы жипти ғырт еттирип қыйып жибердим де, аўзының «тығынын» алып:

— Туқым? Бийдай туқым, қайда? — деп бақырып жибердим, даўысым бир түрли болып кетти.

— Алып кетти! Сабан кетти! — деп қырылдады ол, урылар кеткен тәрепке қарай басын қағып.

Буннан соң не болғаны есимде жоқ. Сол ақшамдағыдай етип, бул өмиримниң ишинде атты қатты айдамаған шығарман. Түн оғыры қараңғы — иләҳәттей зимистан, тас түнек еди. Егер олар мениң үйиме от берип, тонап кеткенде де ҳеш нәрсе демеген болар едим. Яки гүздиң күнлери болып, қырмандағы қызылланып турған бийдайдан он қапшық алып кетсе де мейли, тышқанлар да тартып кетеди ғой. Бирақ, туқым бийдайды — бизлердиң ертеңги күни ишетуғын ырысқалымызды омырып кеткенлер усыдан қолыма түсе қойса, өз қолым менен-ақ бууўындырып таслайжақпан.

Шамасы, урылардың изинен билгендей қуўып киятыр екенмен. Арадан көп ўақыт өтпей-ақ, мен олардың қарасын сезгендей болдым. Атлардың тағалары тасқа тақылдап тийгенде, ушқын шашырап баратыр еди. Урылар қапшықты алдына өңгерип алып, таў жаққа қарай баратыр екен.

Оларды көриўден мен:

— Қапшықты таслап кетиңлер, туқым еди! Таслап кетиңлер, туқымды! Туқым еди! — деп өтиниш етип бақыра басладым.

Олар артына айланбады. Арамыз кем-кемнен тез жақынласа берди. Урылардың шетиректе баратырған биреўи жорғаның үстинде баратырған еди. Мен оны дәрҳал таный қойдым. Өзимиздиң сәмен жорғаны қалай танымаспан едим. Мен оны жүрисинен, артқы аяғындағы аласынан-ақ билген едим. Сол ўақытта мен:

— Тоқта, мен сени таныйман! Сен Жексенқулсаң! Жексенқулсаң! Енди меннен қашып қутыла алмайсаң! Тоқта! — деп жекиринип бақырдым.

Айтқанымдай Жексенқулдың өзи екен. Ол басқалардан бөлинип, жорғаның басын маған қарай бурды. Қараңғыда қызыл жалын жарқ етип шашырап, бир нәрсе әтирапты ләрземге келтирип жиберди. Аттан қулап баратырғанымда, мен бунын мылтықтың даўысы екенин билдим. Дәслепки ўақытта аттың өзи-ақ сүрникken шығар, деп ойлаған едим, олай емес екен.:.

Есимди жыйнап өзиме келгеннен кейин, туў сыртымның сырқырап аўырып атырғанын сездим. Басымнан аққан қан желкеме сорғалап, муздай болып жаўырынымды жуўылдатып жиберди. Қасымда жатырған ат гә пысқырып, гә пыснап аяқларын сермеп тарбаяқлап, турғысы келип омыраўлап атыр. Ол жан талўасында усы аўҳалда бираз пысқырып қыйналып жатты да, соңында басын жерге тақ еттирип қойып, созылып тым-тырыс болып қалды. Қәпелимниң арасында әтирап жым-жырт болып, барлық тиришилик тоқтап қалғандай сезилди, маған. Мен болсам қылт етиўге шамам келмей жата бердим. Турыўға тәўекел етип те көрмедим. Маған енди барлық нәрсе бийпарық көринди. Өмир деген нәрсениң де ҳеш қандай мацызы жоқтай сезилди. Сол ҳалда жатып, енди өзимди қалай өлтирсем екен, деп ойлана бердим. Жақынырақ жерде тикжар болып, еплеп еңбеклеп бара қойсам, сөйтип өзимди ултанға таслап жиберсем қалай болар екен? Енди адамлардың түрине қайсы бетим менен қарайман! Сол ўақытта көзим аспандағы Қус жолына түсип кетти. Үсти думанласқан дәрьядай болып, қумай тартқан Қус жолы бул сапары маған Айшаның көзинен сорғалап турған көз жасларын ядыма түсирип жиберди. Дәслеп дизерлеп, оннан соң еплеп аяқ ушыма мине бергеним, тентиреклеп барып тағы жығылып қалдым. Сөйтип қорлығым келип нәлетий урыларды еңиреп жатып ғарғап-силедим:

— Урыста өлгенлердиң ҳақ қаны тутсын сени, Жексенқул! Урыста өлип кеткенлердиң руўхына жолыққайсаң, Жексенқул! Жас нәрестелердиң обалы мойныңа шөккей Жексенқул!

Мен биротала ҳал-дәрманымнан айырылғанша жылай бердим.

Сол ҳалда көп ўақытқа дейин жаттым. Әллеңемирде биреўлердиң аяқ дүрсилдиси еситилип, әллеким атымды айтып шақырды:

— Толғанай апа! Қайдасаң, Толғанай апа!

Даўысынан Бекташ екенин таныш, өзимниң қай жерде екенимди билдирдим. Бекташ ентигип жуўырып келди де, дизерлеп отырып басымды көтерип атырып:

— Толғанай апа, саған не болды? Жарадар болып қалдың ба? — деди.

— Яқ, жығылдым, — дедим оны тынышландырып. — Оқ мына атқа тийди.

— Ондай болса ҳеш гәп екен. Бизлер саған ҳәзир жәрдемлесип жиберемиз, — деп Бекташ қуўанып сала берди. — Атты баўызлап, путарлап, гөшин үйлерге үлестирип беремиз.

Балалар мени арбаға салып, үйге алып келди. Жаўырынымнан тапжыла алмай, үш күн төсек тартып жаттым. Елеге дейин аспан бултласып, күнниң ырайы бузылысса сол оқ тийген жерим қақсап аўыра береди. Сол күнлери аўылдағылардың бәри де кеўилимди сорап келип турды. Адамларға рахмет, бәринен де бетер оларға болып өткен ҳәдийсе жөнинен гәп шашпағаны ушын рахмет. Ҳеш қайсысы бетиме жел болып тиймеди. Мүмкин, адамлардың өзлери де маған да аңсат емес екенин билген шығар. Қулласы, сүрилген жерлер кеўип, туқым себилмей қалды.

Адамлардың балаларын жылатып сорап алған туқым бийдай, сөйтип ҳарамы урылардың қулқынынан өтти. Елеге дейин сол нәрсе жанымды жегидей жеп, көз алдымнан кетпейди-аў, сирә...

## 10

— Аўадағы Толғанай, жаныңа батқан сол ҳәдийсени сен түўе, ҳәттеки менде сезген едим. Сол сапары сүрилип, егилмей қалған жер, жазы менен денемдеги жараның орнындай болып, көп ўақытқа дейин билинип жатты. Аңызлар егилмей қалса, мениң ушын ең қәўипли жарақат сол ғой, Толғанай. Урыстың кесапатынан қаншама жерлер егилмей қалды дейсең! Кимде-ким урыс ашса мениң ең жек көретуғын ата душпаным сол болады.

— Айтқаның ырас, сениң, қәдирдан ана-жер. Мениң балам Масалбек усыны айтып жазған жоқпеди? Масалбектиң хаты сениң ядыңда бар ма, жер?

— Ядымда Толғанай. Билемен.

— Аўа, екеўимиз билемиз. Бүгин солардың руўхын еске түсиретуғын күн ғой, ана-жер. Бүгин ҳәммесин екеўимиз басынан ақырына дейин еске түсирейик.

— Солай етейик, Толғанай. Масалбек, тек сениң ғана емес, мениң — қара жердиң де перзенти еди ғой. Маған оның хатын қайтадан айтып бер, Толғанай.

Сол сапары адамлар мениң кеўлимди сораўға келгенде, олар маған тилеклес болғанлықтан, болып өткен қолайсыз ўақыя жөнинде ҳеш нәрсе деместен, көбинесе ҳәр қыйлы жаңалықлар, жумыс, ҳаўа, ырайын айтысып отыратуғын еди. Адамлардың усылай етип жүргениниң де мәниси бар екен. Мен буны соңынан билдим. Олар билсе де, мениң төсектен турып кетиўимди күтип жүр екен.

Бир сапары қоңсым Айша бир кеседей қаймақ алып, кирип келди. Ол босағадан атлай берген ўақыттағы қысылғанымды қәйтейин. Мен оған не айтарымды билмей, төсегимде сазырайып отырдым да қалдым. Айша болса маған:

— Толғанай, енди сен оны ойламай-ақ қой. Не болары болып кетти. Кеўилиңе тийген болсам, кешир мени. Егер керек десең, сениң ушын жанымды қурбан етип жиберемен. Бекташ болса қолға илинип, еки үйдиң де пайда-пуқарашылығына айланысып киятыр. Ол меннен көре сени тәўир көреди, Толғанай. Мен болсам соған да қуўанып шүкирлик етемен. Зейнни илгир болажақ өзиниң, — деген ўақытта:

— Бул айтқан сөзлериң ушын рахмет, Айша! — деп гүңкилдедим.

Ертеңине азанда кеўлим питегене сергеклениг, үйдиң дөгерегиндеги нәрсе-қаралардı барластырайын деп далаға шықтым. Бирақ, тез шаршап қалдым, соң әйнектиң тусына барып, қуяшламада отырдым. Әлийман да үйде еди. Ол. үйдиң алдында кир жуўып отыр екен. Жумысқа бармайсаң ба десем, баслықтың өзи оған мени жалғыз қалмасын, бир-еки күн үйиңнен кирип-шығып тура ғой деп рухсат берип қойғанын айтты.

Сол жылы бәҳәрде үйдиң алдындағы бир түп ғарры алма ағашы (Субанқул илгери жыллары егип еди) қайтадан жасарып кеткендей болып гүлге бүрилди де қалды. Бағлар гүллеген күнлери ҳаўа тазарып, қырдөгеректиң ашылысып кететуғын әдети ғой өзи.Әтирапыма сүйсинип жаўтаңлап қарап отырған ўақтымда, өзимиздиң Темиршал деген почтальонымыз: — Амансаў барсаң ба, Толғанай? Жағдайларың қалай? — деп жетип келди. Өзи де бурынғыдай емес, ҳәрекетлери де ерсилеў. Әлле неге асығып, жөтелген болып.

жөтелгенине тағы да наразы кейипте, өткен ҳәптеде аязлап аўырып, азап шегип қалғанын айтып гәпиниң арасында;

— Саған бир хат бар қусаған еди, — деп сумкасынан оны шығара баслады.

Мен онық бундай салқын қанлық етип турған ҳәрекетине ашыўым келип:

— Тезирек айта қоймайсаң ба, сонда? Кимнен екен? — дедим.

— Масалбектен шығар, — деп гүңкилдеди ол.

Жүрегим дүрсилдеп қуўанып кеткенликтен, дәслеп бул хаттың бурынғыдай үш мүйешли емес, төрт мүйешли қалың ақ конверттиң сыртындағы тасқа басылған жазыўларына да итибар берменпен.

Соның арасында балдағын тықылдатып, фронттан қайтып келген Бектурсын да келе кетти. Шамасы, жараланған аяғының ҳазары жанына қатты батып жүрген болса керек — сүйретилип зорға қыймылдайды. Ол ҳәрдайым бизикине келип бираз ўақыт гүрриңлесип отыратуғын еди Бектурсын аман-есенлик сорасып болғаннан соң конвертти қолына алып Масалбектен келгенин айтты.

— Сениң неге қолларың қалтырап тур. Балдаққа сүйенгенди қой сен, отырып маған хатты оқып бер?— деп өтиниш еттим.

Ол қыйыншылық пенен кийиздиң үстине отырды. Себеби аяғы ийилмейтуғын еди. Сөйтип бармақлары қалтырап отырып конвертти ашып хатты оқый баслады. Аҳ, балам-ай, ең әўелги сөзиңнен ақ мен бәрине түсинген едим.

«Билесең бе апа? — деп жазыпты ол. — Ўақыттың өтиўи менен мениң дурыс ислегенимди өзиң түсине берерсең апа. Әлбетте, сен балаңның дурыс ислегенин сөзсиз дурыс түсиниўиң керек. Бирақ ,сөйтсе де сениң жүрегиңниң төринде маған айтылмаған: «Балам, қалай етип бул жақты жаҳаннан ўаз кешип кете қойдың екен? Мен сени неге туўып, неге сақладым екен!» — деген сөзлер сақланып қалған шығар. Аўа, апа, сениң ана иритинде усындай етип сораўға ҳақың бар. Бирақ, сениң бул саўалыңа да тарийхтың өзи кейнинен жуўап берердағы. Ҳәзир мениң айтайын дегеним, адамларға апат дарытып атырған бул урысты бизлер тилеп алғанымыз жоқ. Сонлықтан, бизлер бул бәле-мәтерден қутылып, оны жер менен жексен етиў ушын

өмиримизди қурбан етип қан төгиўге мәжбүрмиз. Егер биз усылай етпесек Адам деген атқа дақ түсирген боламыз. Мен ҳеш қашанда қанға «жерип» урыста қаҳарманлық көрсетиўди қыялыма келтирген жоқпан. Мен өзимди кишипейил, адамгершиликке толы муғаллим болыўға бағышлаған едим. Муғаллим болыўды жүдә ғана жақсы көрдим. Бирақ, қолыма пор менен картаны көрсететуғын шыбықша услаўдың орнына мылтық алып, солдат болыўға туўра келди. Бунын ушын мен айыплы емеспен. Мениң дәўирим усылай болды. Ҳеш болмаса балаларға бир ирет те сабақ бере алмай кеттим-аў!

Бир саттан кейин Ўатанымның тапсырмасын орынлаўға кетемен. Тири қайтыўым гүман, апа. Мен өл жаққа ҳүжим еткен ўақытта өзимниң көп жолдасларымның аман қалыўы ушын бараман. Дүньядағы барлық жақсы нийетлердиң иске асыўы ушын, халық ушын, жеңис ушын бараман.

Бул мениң ең соңғы хатым, ең соңғы сөзим, апа! Сениң атыңды, сениң аналық меҳриңди мың мәртебе тәкирарлап яд етсем де, мен, бәри бир, сениң алдыңда қарыздар болып қаламан. Саған ҳәсирет келтиргеним ушын, мени кешир, апа. Бирақ, түсин апа, бул көзсизлик пенен өлип кетиў емес. Мени усындай болыўға өмирдиң өзи үйретти. Мениң балаларға үйрететуғын ең дәслепки ҳәм ең соңғы өтейин деген сабағым да, айтайын деген нәсиятым да усы еди. Мен ҳәзир өзиме исенгенликтен, өз ерким бойынша баратырман. Адамлар алдындағы өз миннетимди бәржай еткенимди мақтаныш етемен.

Жылама апа, ҳеш ким камығып жүрмесин. Бундай болғаннан кейин енди ҳеш ким жыламаса да болады.

Мени кешир, апа, ырза бол.

Мәңгиге хош бол, Алатаўдың қарлы шоққылары! Сизлерди қандай жақсы көретуғын едим-ә! Сениң балаң, муғаллим-лейтенант Масалбек Субанқулов.

Фронт, 9-март, 1943-жыл. Түнги саат 12».

Тап түс көргендей болып, зилдей болып кеткен басымды көтерип қарасам, үйдиң алдына адамлар жыйналып қалыпты. Ҳәммеси де сурланып тым-тырыс тур екен. Ҳеш ким жылап турған жоқ. Ҳеш ким жыламасын деп Масалбектиң өзи өтиниш еткен жоқ па, ақыры. Ҳаяллар мени қолтығымнан сүйеп турғыза бергенде, гүллеп турған ал-

маға ҳүўлеген самал тийип, гүллери аппақ болып бизлердиң басымызға саўлап төгилди. Гүллеген алманың аржағында көринип турған таўдың қарлы шыңларынан да арыда тып-тынық мөлдир шексиз аспан көгис тартып тур еди. Бирақ, мениң жан дүньям нала тартып кеўилимниң төринде ҳәсиретли қыйғырық басланды. Пүткил дүньяны гүңирендирип, бирден өкирип жылағым келип кетти. Бирақ, мен үндемедим. Бул сапары мен баламның ең соңғы жылама деген өтинишин орынлаў ушын, өзимди беккем тутыўға ҳәрекет етип, ериилеримди өкиниш пенен тислеп тура бердим. Өзим усы ҳалда болғанлықтан, Әлийманның да не қылғанын билмеймен. Ол еки қолын соқырларша көтерип, тап мени қапсыра қушақлайтуғындай болып, маған әсте-ақырын жақынлап келди де, көзлериме телмирип турып, бирден артына бурылып, алақаны менен бетин бастырды.

Мине, усылай етип мен ортаншы баламнан да айрылған едим. Оның менде тек малақайы ғана қалды...

## 12

— Ал, менде оның исми қалған еди, Толғанай. Мен оның Ўатаны-туўылған жеримен. Халықтың, аўылласларының арасында оның айтқан сөзлери қалды. Толғанай.

— Аўа, қәдирдан ана — жер, сондай болды ғой. Колхозымыз да «Масалбек» колхозы болып оның атына қойылды. Фронттағылар Масалбектиң жоқарыдағы жазып таслап кеткен хатын өзлериниң хатына қосып, аўыл советке жиберген екен. Олар өз жолдасы Масалбектиң атын ҳеш қашан да умытпайтуғынын, Ўатанымыздың оны мақтаныш ететуғынын айтып жазыпты. Бизиң әскерлер үлкен ҳүжимге өтер алдында, Масалбек душпанлардың оқ-жарақ сақлап қойған складын жарып жиберипти. Мен қаҳарманлардың, өзимниң балам Масалбектиң алдында басымды ийип, оның даңқын мақтаныш етемен. Бирақ, ҳеш нәрсе, ҳеш қандай даңқ, мениң ушын әлбетте оның тири жүргениндей орнын басалмайды. Ана болған қайсы ҳаялдан сарасаң да, олар өз перзентиниң бундай болып даңқлы болғанын ойламайды. Өйткени, аналар баланы урыста өлип кетиў ушын емес, өмирдиң жалғасы, жер бетинде емин-еркин бақытлы болып жүриў нийетинде туўады...

— Айтқаныңа шубҳам жоқ, Толғанай. Мен сол жылғы бәҳәрде жеңис бәҳәрин, сол күндеги сизлердиң фронттан қайтқан солдатларды қалай күтип алғаныңызды ҳеш қашан да умытпайман, Толғанай. Бирақ, елеге дейин сол ўақытта сизлердиң я қуўанышыңыздың, ямаса ҳәсиретиңиздиң: қулласы, қайсысының көбирек болғанын мен айта алмайман.

## 13

Сол күни колхоздың күш көлиги менен үйдиң қасындағы меншик жеримизди айдатып алыў ушын бизлердиң гезегимиз келген еди. Жерди сүрип бола келгенимизде, бирден аўыл арсынан шаўқым еситилип, адамлар арман-берман жуўырыса баслады. Әлийман не болғанын билип қайтыў ушын кетип еди, аздан соң ол қайтып келип:

— Ене, тезирек бол. Адамлардың бәри де солдатларды күтип алыў ушын кетип баратырған қусайды, — деп асықтырды ол мени.

Өгизлер қосқа қосылыўы менен атызда қала берди. Дурысында да, аўылдағылардың ҳәммеси ким атлы, ким пиядалап асып баратыр. Олардың арасында бүкирейген кемпир-ғаррылар да, жас балалар да, балдаққа сүйенген жарадарлар да бар еди. Бул хабарды шамасы, дәрьяның арғы жүзиниң бир баласы жолда ушырасқан биреўге айтып кетипти. Оның айтыўына қарағанда армияға кеткенлердиң бәри де үйлерине қайтып киятырған екен. Станцияға еки эшелон келипти, онда барлық аўылдан да бала бар қусайды. Олар ҳәзир жолға шығып бир-еки саатлардан кейин барып қаламыз депти. Буның дурыс, надурыс екенин ҳеш ким ҳеш кимнен сорамады. Адамлар бул қуўанышлы хабарды көп ўақыттан бери күтип зарығып жүргенликтен, өтирик шығар деп кеўиллерине гүман да келтирмеди.

Бизлер аўылдың шетиндеги урыс басланбастан бурын пайда болған жаңа көшениң орнына келип жыйналысып турдық. Атлылар ерден түспей отыра берди. Пиядалар жаптың ырашына шығып, жас балалар урыстан бурын шала қалған дийўалларға минип, кимиси тереклерге өрмелеп алды. Ҳәмммениң де еки көзи жолда. Биреўлер шыдамсызлық етип екиншисиниң гәпин бөлип, жақында жақсы түс көргенин айтса, та-

ғы биреўлер майда тас терип алып пал ашты. Адамлар көрген түсин айтысса да, пал ашса да, қулласы кеўиллери алдын ала не сезсе де, бир жақсылықтың нышанын билип тур еди. Ҳәзир ойлап турсам, егер дүньядағы адам баласының бәри де тап сондағыдай болып, өз балаларына, туўысқан туўғанларына жақсылықтан басқа нәрсени рәўа көрмесе, бәлки жер жүзинде ҳеш қандай урыс деген нәрсениң өзи болмас еди.

Топарласқан адамлар өз-ара әңгимелескенди қойған ўақытлары, ҳәр ким өзинше ойланып, жер шуқылап қалды. Адамлар тәғдирдиң ҳүкимин күтип тур еди. Ҳәр ким өзинше биреўлердиң келип, биреўлердиң келмейтуғынын ойлана баслады. Бул күнге биреўлер жетип, биреўлер жетпей қалды. Олардың ендиги жағындағы тәғдири мине усыған байланыслы еди.

Сол ўақытлары теректиң басында отырған балалардың биреўи: «Әне, киятыр!» — деп бақырып жиберди. Ҳәмме демин ишинен алып, қобыздың тарындай тартылып, соңын ала эсте-ақырын: «Киятыр екен!» деп сыбырласа баслады. Буннан кейин олар тағы тым-тырыс болып қалды да, бирден көзлери шайдай ашылып: «Қаяқта? Қаяқта киятырганы? Қайда?!» — деп ғалаўыт таўып және жым-жырт болып қалды. Алдымыздағы үлкен жолда киятырған бир арба көринди. Сол арба аўылға бурылатуғын жолдың тусына келип тоқтаған ўақытта, оннан бир солдат секирип түсип, шинелин, кишкене қалтасын алып, арбакеш пенен хошласты да, бизлер тәрепке қарай жүре баслады. Топарласып турған адамлардың бирде биреўи «жыңқ» етип сөйлемеди. Шинели менен қалтасын ийинине таслап, жол менен киятырган жалғыз солдатқа ҳәмме анталап қарап турмыз. Ол кем-кемнен жақынлай берди. Бирақ, бизлердиң арамыздан оның алдына шыға қояйын деп ҳеш ким орнынан қозғалмады. Адамлардың бозарып кеткен бет әлпетлеринде гүмансыраўдың нышанлары сезилгендей болды. Бизлер еле қандайда бир үлкен кәраматты күтип тура бердик. Өйткени, бизлердиң күткенимиз тек ғана жалгыз солдат емес, ал баяғы урысқа кеткендегидей көп адам еди. Қулласы, өз көзимизге өзимиз исенбедик.

Солдат кем-кемнен жақынлап келди де, аўылдың шетине шығып уйлығысып турған аламанды көрип, ол да еки ойлы болып, иркилип қалды. Шамасы ол: «Бул не қылған адамлар екен, булар неге үндемей шоқла-

нысып тур» — деп ойлаған болса керек. Мүмкин, булар биреўди күтип турған шығар? Солдат артында созылып атырған жолға бир-еки мәртебе алаң болып қарады. Бирақ, жолда өзинен басқа киятырған жан жоқ еди. Ол бизлерге қарап сәл-пәл жүрди де, тағы да иркилип артына қарады. Сол ўақытта топарласып турған адамлардың алды бетинде турған жалаң аяқ кишкене қыз:

— Бул мениң ағам! Әширалы! Әширалы! — деп бақырыўы мене басынан шалғышын алып, оған қарай шыбындай ушып кетти.

Оның қалай таныған құдай билсин, бирақ сол қыздың «шаңқ» еткен даўысынан ҳәмме қозғалаң таўып толқып кетти. Кишкене қыздың кейнинен басқа балалар менен қызлар да жуўырысып баратыр.

— Мынаў Әширалының өзи ғой! Тап өзи! — деп шуўласып адамлардың жасынан ғаррысына дейин солдатқа қарай жапырылды.

Сол ўақытта бизлерди қандайда бир құдиретли күш сескендиргендей, қуўанғанымыздан ҳәммемизге қанат питип кеткендей болды. Бизлер оған қушақ ашып жуўырып баратырғанымызда, өзлеримиз бенен бирге: пүткил өмиримизди, басымыздан өткен ҳәсиретли күнлеримизди, көрген азап-ақыретлеримизди, уйқысыз түнлеримизди, ағарған шашларымызды, күйеўге шығалмай отырып қалған қызларымызды, жесир ҳәм жетимлеримизди, сорғалаған көз жасларымызды, күш-ғайратымызды жеңис пенен қайтқан солдатқа алып баратырған едик. Бизлердиң күтип алыўға киятырғанымызды билип, бирден ол да аламанға қарай жуўырды.

Адамларға араласып жуўырып баратырғанымда, баяғы сапары станцияда тоқтамай улы тақылды болып зымырап кеткен эшелон тап ҳәзир жанымнан өтип баратырғандай сезилип, суўырылған үргин қардың арасынан: «Апа-а! Әлий-ман!» — деген даўыс қулағымның тусында қайта жаңғырып, дөңгелеклер тақылдап кеткендей болды.

Атлылар солдатқа алды бурын жетип барды да, дәрҳал шинели менен жүк қалтасын қақшып алды. Сөйтип адамлар оның еки қолынан жетелеп берман келе берди.

О, Жеңис! Бизлер сени қаншелли, зарығып күткен едик! Сәлем, Жеңис! Сәлем! Бизлердиң көз жасымыз-

ды кеширң Әширалының геўдесине басын урып, ийнинен жулқып: «Қайда? Мениң Қасымым қайда?» — деп еңиреп турған келиним Әлийманды да кешир. Бизлердиң бәримизди де кешир, Жеңис! Сениң ушын биз қаншелли қәдирдан адамларымыздан айырылдық. «Басқалары қайда? Мениң балам қайда? Мениң күйеўим қайда? Қалғанлары қайда? Олар қашан келеди?» — деп шуўласып сорағанымызды кешир! Тумлы-тустан жабырласқан адамлардың ортасында турып: «Келеди, ағайинлер, келеди. Бәри де келеди. Ертең бир күн келип қалады» — деп турған Әширалы солдатты да кешир. Бизлерди кешир, Жеңис, кеширегөр. Әшыралыны қушақлап, сүйип атырып мен сол ўақытлары өзимниң: Жайнағымды, Қасымымды, Масалбегимди, Субанқулымды еслеп, ишке шөккен әрманымды кешир. Мени кешир, Жеңис!...

Бизлер үнсиз келе бердик. Әлийман еле қабынып кеткен өкпесин басалмай, ентигип, дем жетиспегендей болып еснеп береди. Оның түри сурланып, тек аяғының астына қараў менен әллеқандай тереӊ қыялларға берилип киятыр. Мен оның ҳәсирет шегип киятырғанын биле қойдым. Бул сапары ол оғада қыйналып қалған еди. Буны мен оның үнсиз жаўдырап турған көзлеринен, өкиниш пенен тислеңген ериилеринен, муңлы бет әлпетинен сезип тур едим. Мен оның не жөнинде ойланып турғанын билгенликтен, ишимнен былай ойлана басладым: «Келиним-ай, енди қәйтемиз, айрылысамыздағы. Қасымнан да енди биротала гүдериңди үзген шығарсаң. Басқа не қыламыз енди. Өлмектиң изинен өлмек жоқ. Өмириңше жесир боласаң деп маңлайыңа жазып қоймаған шығар, сениң де. Енди не болары болды. Сен кетесең, кетпесең болмайды әлбетте. Мен не қылайын, мениң саған өкпем жоқ. Кеткенде өз еркиң менен кетип баратырған жоқсаң. Тәғдир усылай болды. Әй, тәғдир, тәғдир... Әлийман сеннен айра түсетуғынлығымның маған аўыр болатуғынлығын билсең еди, сен. Сени өзимниң туўған қызымдай көретуғын едим. Кетсең жолың болсын, сени өз қызымдай көрип бақтыңа тилеклес болып отыра беремендағы енди. Сен еле жассаң, шырайың да ҳеш кимнен кем емес, бир теңиң табылардә. Ең болмаса тәўир адамға дус келгейсең. Сол бас қосатуғын адамың Қасымдай бола қоярмекен? Ким биледи. Мениң саған қолымнан келетуғын жәрдемим жоқ. Сеннен

бир өтинишим: мени анда-санда бир ядыңа алып турсаң болды. Енди мениң сеннен басқа ҳеш кимим жоқ. Енди қара басым, жалғыз үйде қала беремендағы. Буны ойлаўдың өзи қорқынышлы. Енди қартайған шағымда алданшық болғандай, ҳеш болмаса мени ақлықлы да етип кетпедиң. Сен маған алаң болма, Әлийман. Мендей кемпирдиң кеўилине қараймаи деп, гүлдей өмириңди жесирликте өткерип не қыласаң. Мен жасарымды жасағанман. Еле сениң алдында көрмегенлериң көп. Ойланып, бир ықрарға келгеннен кейин, өзиң айтарсаңдағы. Қай күни кетемен десең де, саған рухсат. Өз жолың менен кете бересең. Сени ядымнан шығармайман, сениң бақтыңды тилеп отыра беремен».

Жолда киятырып мен оған айтатуғын гәплеримди усылай етип ойланып қойдым. Шамасы, Әлийман мениң не ойлап киятырғанымды билсе керек. Егер адам сырлас болып, бир-бирине жаны ашыса, бир-бириниң кеўилиндегисин айтпай-ақ түсинеди екен. Бирақ, оның айтқанлары мениң ойлағанымдай болмады.

Бизлер сол жүрис пенен урыстан бурын басланып, питпей шала қалған жайлардың тусына келип қалған едик. Қасым менен Әлийманның жай саламыз деген жерине көзим түсип кетип еди, буннан бес жыл бурын әкелген таслары үгилип, гербишлери жаўын, қардың астында жата бергенликтен, езилип қашшан топыраққа айланып қалыпты.

Урыс басланғалы бери бул қатарға ҳеш ким қол урмағанлықтан, шөп шығып, бир түрли болып қалған еди. Ҳәр жылы жазда бул қатарды шалғам тәризли шөп пенен ғаўлаған сора басып кетеди. Дийўаллары қыйсайып, шөгип қалғанлықтан ҳәтте жайлардың ишине жантақ шығып, олар көзи жоқ әйнеклерден көринип турады. Гүзге дейин бул жерлерди тек арқанлаўлы баспақлар «ийелеп» дийўаллардың арасында ушып-қонып өпепеклер шақырып жүреди. Төбесинде шошайған тажы бар бул қуслар адамсыз қалған усындай меңиреў жерлерге мәкан басыўды жақсы көреди. Бул сапары олар қарабаханасы шығып, мүжилген дийўаллардың басына қонып алып, бәҳәр қуяшына қыздырынып, ҳәр қайсысы ҳәр жерде «өпепеклеп» дөндирип отыр екен.

«Япырмай, қудайым-ай! — деп ҳайран болдым сонда әтирапыма қарап. — Бул жерлерге жай салып,

шаңарақ болып, түтин түтетемиз деген адамлар қайда кетти? Байғус, бийшара балам — Қасым да бул қатарға жай салып үлгере алмай кетти-аў» — деп ҳәсиретли қыялларға берилип киятырғанымда, Әлийман мениң қолымнан услап тоқтатып, муңлы түрде күлимсиреди де:

— Ене, — деди ол маған. — Неге бир түрли болып кеттиң? Я биротала бул дүньядан гүдериңди үздиң бе? Бундай етпе ене. Аңсат емес екенин билемен. Мениң сеннен басқа сүйенетуғын кимим бар? Сен мениң, — деп тутлығып барып бир нәрсе айтқысы келгендей болып ойланып, айыплы адамдай күлимсиреп қойды. — Сен мениң ушын қәдирдан адамсаң. Мына дүмпешиктиң үстине отырып сөйлесип алайық, ене.

«Мине, ҳәзир айтады, кетемен деп айтады» — деп ойладым да өзимди де, оны да аяп көўлим бир түрли болып әжепленип кеткенликтен, даўысымның қалтырап турғанын билдирмеўге ҳәрекет еттим:

— Отырсақ отырайық, сөйлесейик, — дедим.

Сөйтип жолдың шетиндеги дүмпешиктиң үстине барып отырдық. Бизлер бул сапары қәйин ене, келин болып екеўимиз ғана ендигиден былайғы тәғдиримизди ойласып алыў ушын отырған едик.

Әлийман жерге қарап отырып, суўық демин алды да былай деди:

— Мине енди ене, адамларды апатқа ушыратқан урыс та тамам болды. Шамасы, сен ендиги жағындағы аўҳалымыз қалай болар екен, — деп ойланып отырған шығарсаң, — деп болып ол үндемей қалды. Мен де үндемедим. Әлийман басын көтерип мениң бетиме мәнили көз қарас пенен қарады да: — Қайғыра берме ене, — деп муңлы түрде күлимсиреди. — Енди биротала бақты қара болып қалдық гой, — деп ойлайтуғын шығарсаң? Олай емес шығар, ене. Бир үйден кеткен төрт адамның ҳеш болмаса биреўиниң келмей қалыўы мүмкин емес. Сен мениң гәпимди бөлмей тоқтап тур, ене. Дурыс айтаман, ене, сени алдағаным өзимди алдағаным емес пе. Сен мениң айтқаныма исене бер, Кишкене баланың қайтып келетуғынын жүрегим сезип тур. Хабар-атарсыз кеткени, демек, тири деген сөз. Оның өлгенин ҳеш ким көрген емес, ақыры. Мүмкин, туткынға түскен шығар, ямаса партизанларға қосылып тоғайда жасырынып жүрген шығар. Соңлықтан сәл жерде оның бир хабары шығып қалады. Ямаса бир

жерде аўыр жарадар болып, хабар бериўдиң ирети болмай атырған шығар. Урыста ҳәр нәрсе болыўы мүмкин. Оннанша күтип турайық ене, ҳеш жерде ҳеш нәрсе жоқ, қуры өлдиге шығарып не қыламыз. Қаза болды деп изинен қара қағаз келгенлер түўе, бийдәрек кеткенлердиң де тири деген хабары шығып атырғанын өзиң де еситип жүрсең ғой. Мына қоңсы аўылларда да, Сары жайлаўдағы қазақлар арасында да өлди деп жыласып, аза тутып, ас-абатын бергенлер де тири келип атыр. Бизиң кишкене бала, мен билсем тири жүрипти, жақында келип қалады. Төрт азаматтан ҳеш болмаса биреўиниң келмей қалыўы мүмкин емес. Усы ўақытқа дейин де күтип келдик ғой, ендиги жағында да күтейик, ене. Меннен ғам жеме. Бурын келиниң болсам, енди мен де сениң бир балаңман, балаларыңыздың орнындағы балаңман...

Әлийман сөйлеп болғаннан кейин екеўимиз тәўирақ ўақытқа дейин үндемей отыра бердик. Май айының орталары болып қалған еди. Алысларда елес-елес болып көринген таўдың шыңларын қара түтиндей булт қаплап, анда-санда, гүлдирмама гүлдирлеп, жаўынның салқын леби сезиле баслады. Өйткени, сол көз ушындағы алыс жерлерге жаўын нөсерлеп жаўып атыр еди. Қуяштың сәўлесинде жылўаланған жаўын тамшылары сынаптай жарқырап гә таўға, гә сайға жылжып, тағы да таўға көтерилип, кең даланың үстине шелеклеп қуйып турды. Мен сол тәрептен көзимди айырмай қарап тура бериппен. Алыста жаўып атырған жаўынның салқын лебин самал айдап әкелип, жанып дүўлап баратырған бет алдымды сыйпап есе баслады. Әлиманға да ҳеш нәрсе айтпадым. Бирақ, мениң оған айтажақ гәплерим де сол алыстағы жарқыраған жаўын тамшыларындай тынық еди.

Жаўын менен жер көгерер дегендей жаўын жаўса егин өседи, халық күн көреди. Мен де солар менен бирге көптиң аўнаған жағына қарай ығыса беремендағы, деп ойладым. Булай деп ойлағанымның мәниси Әлийман мениң көўлимди алып, мени аяғанына ямаса мени жалғыз таслап кетпеймен дегенине қуўанғанымнан емес, әлбетте. Мен басқа нәрсеге қуўанып тур едим. Урыс адамды тас баўыр, жаўыз, мийримсиз етип саннан шығарады деп ким айтады қәне? Урыс сен, қырқ жыл қырғын етип, адамларды қалай аяқ асты етип тепкилеп қорласаң да, өртесең де, қыйратсаң да:

сен адамды қол қаўсыртып бойсындырып жеңе алмайсаң.

Мениң Әлийманым да нағыз адамгершиликли инсан! Қараңғы түнде парашюттен секирип, душпанлардың ортасына түсип, бийдәрек кеткен Жайнақты келеди, тири келеди, — деп жүрген тилеги ким ушын ақыры? Бул дүнья өләмата онша әдалатсыз емес деп өзин исендирип жүргени ким ушын? Сонлықтан да мен оның шын кеўилден айтқан сөзлерине исенип, оның исенимине гирбиң келтириўге кеўлим бармады. Қайдан билейин, Жайнақ тири болса, тири шығар? Бир күни болмаса бир күни сәти түсип, жарық етип келип қалса да әжеп емес, деп жас баладай болып өзим де исенип қалдым. Мениң тилегимниң өзи де усы ғой. Мен усыларды ойлап турған ўақтымда, Әлийман үй бетте қалған қос өгизлерди ядына түсирип:

— Хаў ене, еле жерди айдап болғанымыз жоқ ғой, — жүр таптан шығып, кеўип кетер, — деди.

Дәрҳал жедел жүрис пенен атыздың басына келсек, өгизлер әлле қашан гүндени сүйретип, сол қатарда отлап жүр екен. Әлийман оларды қайтарып келди. Бизлер тағы өгизлерди таңқа салып жер сүриўге киристик. Адамның кеўли сәл нәрседен тәселле табадығағы! Гейде бир аўыз гәптиң өзи оны өлген жеринен тирилгендей етип жибереди. Бул сапары Әлийман да сондай болған еди. Маған сондай болып сезилдимекен? Қәпелимде ол ең әўелги, — урыстан бурынғы Әлийман болды да қалды. Оның барлық ҳәрекетлери, мыйық тартып күлиўи де, еткен ислери де, айтқан сөзлери де, бәри де өзине жарасып баратыр. Ол келте ғана бәшпентин шешип таслады да, көйлегиниң етеги менен жеңин түрип, басындағы шалғышын оңлап тартып алды да:

— Ҳәй, алабас, тап, шүў, тап! Ҳәй, шолақ қуйрық, тап шүў-шүў, ҳә! — деп даўысын көтерип, қолындағы узын шыбықты өгизлерге жасқап силтеп, кәмине келтирип қос айдай баслады.

Аҳ, Әлийман-ай! Билсем ол мени өкинбесин, өмирден, жумыстан кеўили суўымасын, тиришилик етсин дегени екен ғой, бийшара келиниминиң. Себеби, естен шықпайтуғын сол күни ол өзин сондай етип услап тутқан еди. Ол гүндени маған берип атырып күлип қарап:

— Ене, онша салмағыңды сала берме, жеңилирек етип бас, таслары сүдигардың үстине шығып, бәри тасырайысып қалар. Күшиңди сақлап тур, — деди.

Тағы еки-үш барып келетуғын жер қалғанда, жаўын тамшылай баслады. Бул өткиншн жаўын еди. Жаўын дәслеп ири-ири болып өгизлердиң арқасына тамып шашыраң, соңынан бирден улы-тасырлы болып, пүткил аўылдың арасын «азан-қазан» етти. Таўықлар қанатларын силкип; қоқақласып, шөжелерин ертип арман-берман жуўырысып ызық-ызық болды. Ҳаяллар жипке жайып қойған кирлерин алып, үйлерине тығылды. Балалар ийтлерин ертип, көшеге жуўырысып шықты да:

— Жуўын, жаўын тоқтап тур.

**Бизлер бирге бармыз,** — деп қосық айтысты.

— Әбигерленип қалармыз! Азмаз тасаланып турайық, — десем, Әлийман басын шулғып турып:

—Ҳәш гәп болмас, ене. Жибисин кетпеспиз! — деп жас қызлардай жаўынның «қытықлағанына» ишексилеси қатып күлип, қайтама өгизлерди қаттырақ айдай баслады.

Оның бул исине мениң де кеўилим толып қуўанып қалдым. Сүйсинип кеткеним соншелли, ҳәтте: «Өткинши жаўындай жарқылдаған келбетиңнен айналайын сениң! Қандай ғана бақытлы келиншек едиң. Аҳ, өмир, өмир... қорлық пенен өтип баратырсаңдағы». Енди билсем, ол бул ислердиң бәрин мениң кеўилимди көтериў ушын етип жүрген екен. Ол мениң урыстың зардабын умытып, жаўқылдап жүриўимди, турмысқа кеўилли болып араласыўымды жүдә ғана жақсы көретуғын еди. Әлийман жаўынға алақанын тутып, бетинен суў сорғалап турып:

— Мынаған қара, ене, қандай рәҳәт бағышлайтуғын жаўын дейсең-ә! Қарай қойса енди, қандай мөлдир жаўын бул! Көрерсең еле, быйыл зүрәәт мол болады. Шуў ҳәй, өгизлер, қуя бер жаўын, шуў жәниўарлар! — деп болып еки өгиздиң арқасына да шыбық тартқан ўақытта, шыбығы жаўын тамшыларын кескилеп кетти.

Сол сапары ол шад болып күлип жүрип, өзиниң соншелли шырайлы екенин, суўға малынғандай болған көйлеги денесине жабысып, қədди-қәўметиниң дал шыбықтай келисип қалғанын да, бетажары хошрейленип, қуўанышының тәсиринен көзлериниң нур ша-

шып турғанын сезбеген болса керек. Илайым, усындай жас келиншеклердиң обалы урсын сени, нәлетий урыс!

Жаўын басылып, көшпели булт алыслап кеткенде, Әлийман ҳайран болып, алыслап баратырған жаўынның изинен алысқа муңайып қарап, жаўынның нәсейип баратырған даўысына қулақ салып, жаўын да көп жаўып тура бермейди, бул да тез өтип кетеди екен, деген қыялда тур еди. Ол ҳәсиретли түрде суўық демин алды. Әлле қәйтип Қасым ядына түсип кетти ме, я басқа бир қыялға берилди ме, әйтеўир ол тағы маған күлимсиреп қарап:

— Мына жаўынның ләмгершилигинде мәкке егип алайық! — деди де үй бетке қарай жуўырып кетти.

Арадан көп ўақыт өтпей-ақ, ол бир шелек жибитилген мәкке алып келди. Сөйтти де баданадай болып бөртип турған мәккеден бир қысым алды да:

— Ене, усы мәкке шашақлап писемен дегенше, кишкене қәйним қайтып келгей,—деген жақсы тилек пенен қысымындағы мәкке туқымды сүрилген жерге шашып жиберди.

Сол күнди сирә умытпайман-аў. Ыдырап баратырған бултлардың арасынан жаңа туўылған баладай болып қуяш жарқырап шыққан ўақытта, жаўыннан кейинги ләм болған ызғар қара топырақта жалаң аяқланып жүрип, адымы сайын сүрилген жерге алтын шашып баратырғандай Әлийман мыйығынан күлип туқым септи. Оның бул жүриси маған мәкке туқым емес, ал жақсы әрманлардың, жақсы нийетлердиң, қулласы жақсылықтың урығын сеўип атырғандай болып сезилди.

— Көрерсең еле бериш, ене? — деди ол маған сөйтип жүрип. — Мениң айтқаным келеди. Өзим еле қәйниме, сүт татып турған мәккелерди ыссы күлге көмип писирип беремен. Сениң есиңде бар ма, ене, ол бәрҳама мениң менен мәккеге таласатуғын еди ғой? Бир сапары ошақта көмиўли турған ыссы мәккени қойнына тығып, меннен алып қашып баратырғанда емшеклигиниң тусын күйдирип алған еди. Ол ыссыға шыдай алмай ишин услап секирип жүрип, бир шелектей суўық суўды қойнына қуйып жиберди. Мен оған жәрдемлесиўдиң орнына:—Саған сол керек еди! Өзиңе сол керек еди! — деп ишек силем қатып күле берип пен-аў

сонда. Солар ядында бар ма, ене? — деп ол мени де күлдирип жиберди.

Келинимниң бунысына да рахмет...

## 14

— Аўа, Толғанай, сен Жайнақты келермекен, деп көп ўақытқа дейин күтип един ғой.

— Көп күттим ғой, қәдирдан ана-жер. Мәкке жүўери бир емес, еки-үш мәртебе писти. Бизиң Жайнақ сонда да келмеди ғой. Ҳеш қандай хабар-атар да болмады оннан. Сен мениң талай мәртебе етегим толы жас болып, саған шағынайын, деп келгенлеримди билесең ғой...

— Келдиң ғой, Толғанай. Аўа, маған көп қатнаған един. Енди келинимди не қыламан, гүлдей өмирин солдырып, обалына қалатуғын болдым ғой, — деп жылап отырып, меннен мәсләҳәт сорайтуғын един. Бирақ, мен саған ҳеш қандай жәрдем бере алмадым. Толғанай. Оннан бери де арадан сонша жыллар өтсе де, еле де саған ҳеш нәрсе айта алмайман.

## 15

Өмир өз жолы менен әўелгидей болып өте берди. Колхозда кем-кемнен ғурғынласып, ел тоқшылыққа шықты. Көрген азап-ақыретлеримиз әсте-ақырын умыт болып, адамлардың кеўлинде қалған урыс дағлары өше баслады.

Әлийман екеўимиз колхозда билек болып ислеп жүре бердик. Фронттан солдатлар қайтып келиўден-ақ, мен бригадирлик ўазыйпаны жасларға тапсырған едим.

— Сизлер жоқта үш жыл бригадир боламан, — деп талай азапқа қалғанман. Енди өзлериңиз келдиңиз, жумысты өз қолларыңа алың. Босатыңлар енди мени, усы үш жыл мени «отырғызып» кетти. Қартайғанда ат минип, сизлерге ендиги жағында зәңгиге ширенип ҳәкиреңлейтуғын мен емес, сонда да қолымнан келген жәрдемимди аянбайман, — дедим жигитлерге.

Сол ўақыттағы жаслар елеге дейин «бригадир апай» деп көрген жерде сыйлап турады...

— Ел парахатшылық болып, заман тынышланған менен бирақ, бизлер Әлийман екеўимиздиң кеўлимиз

бир қарар таўып, тынышланған жоқ еди. Басқалар қайдан билсин буны. Бирақ, болып өткен ислер екеўимиздиң де кеўлимизден кетпей, жанымызды жегидей жей берди. Былайынша қарағанда, ҳеш нәрсе болмағандай бир-биримизге сыр бермеген боламыз. Сөйтсе-де көзимиз-көзимизге түскенде, ҳәр биримиз өзимизше: ҳәр ким өз жолын таўып кете бергенде болмаспеди усы, ҳәр ким өз күнин өзи көриўи керек ғой деген қыялда боламыз. Дурысы да усы еди. Егер Әлийман келин болмай, сыйласығы басқа бир ҳаял болғанда, бүйтип көп ойланып жүре бермей-ақ: «Қой енди сен, бул жүристи. Қашанға дейин тул болып отыра бересең. Абырайыңның барында биреўге тийип кет» — деп тап көзине ғана түртип айтқан болар едим. Әттең Әлийманға мен буны айталмадым. Гәпти қалай етип жумсартып айтыўдың иретин ойласам да, бирақ оның астарында бир зил жататуғын еди. Оның еркине қарамай, мениң қуўып жибериўге ҳақым жоқ, ақыры. Бир сапары Қайыңлы аўлынан Әлийманның туўысқан ағаларының биреўи келди. Сонда мен өзимниң адамгершилигиме салып: «Әлийманнан кеўилим қалған жери жоқ, мың мәртебе ырзаман, енди төркиниме бараман десе де өзи билсин, басы бос» — деп оған гәптиң кележағын айттым. Бирақ, Әлийман қәпелимде тас-талқан болып ағаларына жекирип: — Мениң менен жумысыңыз болмасын, кетемен бе, кетпеймен бе, оны өзим билемен, араласпаң, — деген ўақытта, адамлардың көзинше мен қысынып қалдым. Сөйтип ол ағаларының аўызын ашырмай таслады. Аўызыма бек болып отыра берсем болады екен ғой, сабырсызлық етиппен, деп ойланып, мен Әлийманның бетине қарай алмай қалдым сонда. Ол мениң қысынысқа түсип қалғанымды сезип, арада ҳеш нәрсе болмағандай етип, бәрин жуўып-шайып жиберди. Усы тақылетте бир-биримизди қыялмай, Жайнақ келип қалмаспекен деген үмит пенен алданып: ақырында оннан да гүдеримизди үзип жүргенде, жыллар өтип, кеш болып қалған еди...

Бунын қалай болғанын өзим де билмеймен. Аўылымыз жолдың үстинде болғанлықтан, бәҳәрдиң күнлери таўдың етегиндеги жайлаўға, ал гүз болса таўдан қыслаўға мал айдайтуғынлардың бурыннан усы жерден өтетуғын әдети өзи. Сондай ўақытларда гейде шопанлар бир неше күнлеп аўылымызда қонып жа-

тып иркилип те қалады. Сөйтип өзлери де, айдап баратырған маллары да дем алады.

Қырқ алтыншы жылдың гүзинде қоңсылас аўылдың бир жас жигит шопаны бизиң аўылдың үстинен қой айдап өтти. Шамасы, өзи бурын урыста болған болса керек. Үстинде сур шинели, астында пәтли, жақсы аты да бар еди. Өзи де ийнине мылтық асынып, постынын қанжығасына байлап, келистирип жүреди. Ҳәрдайым ол бизиң аўылдың арасы менен жорға сүрип өтетуғын еди. Жүрсе жүредидағы, бул жолдан жүрмей атырған адам бар ма. Адамлардың қалай жүргенинде кимниң қандай жумысы бар, — деп мен оған итибар да бермедим.

Сол жылы гүзде бир той болды. Биреў уллы болып тойында ылақ шаптырған еди. Жаңағы постынын бөктерип жүретуғын жигит, усы тойда белгили болды. Шабандоз, епшил жигит екен. Әлийман екеўимиз тойға баратуғын болып келистик. Ол сазланып боламан дегенше, үйдиң алды улы-дүрсилди болып биреў атты патырақлатып шаўып келди де, ыңқ етип жығылғандай болды. Ким екен деп дәрҳал үйден жуўырып шықтым. Қарасам сол шопан жигит екен. Астындағы аты ақ көбик болып тасырақлап, ойнақлап тур. Өзи болса аўзына қамшысын тислеп, ердиң үстинде мардыйып отыр. Гимнастеркасының жеңин де шығанағынан асырып түрип алыпты. Тап қапыға кирер аўызда «ылақ» жатыр. Ылақ ойынында ким жеңип шықса, оны қәлеген үйдиң алдына әкелип таслаўға ҳақысы бар. Дәстүр солай. Мен албырап қалғанымнан не деримди билмей:

— Бул не қылғаның балам? — деп жибериппен.

Ол болса:

— Үйде ким бар? — деди.

— Саған ким керек еди, өзи?

Сол ўақытта барып ол: — Түсип кетип еди, — деп жерде жатырған «ылақты» еңкейип алды да, тақымына басыўы менен атының басын бурып, көшениң өрине қарай шаўып кетти. Соның арасында басқа атлылар да жетип келип оны жабылып қуўды. Әне, мениң билетуғыным усы. Буннан соң мен сол шопан жигитти көрген емеспен... Бирақ, оның мени бассынғандай етип кеткен сол сапарғы қылығына ашыўым келген еди. Өйткени, ылақты әкелип таслағаннан кейин, қайтып алып кетпеўи керек: дәстүр солай ақыры.

Ямаса шынында абайсызда қолынан түсирип алды-мекен? Олай болса неге арманыраққа түспей, тап бизиң қапының алдына түсти екен? Бунын мәниси не екен?

Әлийман үйден шыққан ўақытта, мен барлығына түсине қойдым. Ол басына гүлли бир тартар, үстине жипек көйлегин кийип алған екен. Мени көриўден Әлийман дәрҳал жерге қарап, қызарып турды да:

— Кетейик, ене, — деди әстен ғана. Шабандоз жигиттиң үйдиң алдына шаўып келип жүргениниң мәниси бар екен. Үйдиң алдындағы жаптан суў ағып турса да, бир неше күннен бери Әлийманның туў ана жақтағы дәрьяға кешқурын суўға кетип, қуптанда қайтып келе беретуғыны сол ўақытта барып ядыма түсти. Жүрегим бир түрли болып кетти. Келинимди қызғанғаным емес, бәлки қызғанған да шығарман. Бирақ, бунда турған ҳеш нәрсе жоқ. Жесир атаның көп отыра бермей, тезирек тениң таўып кетсе болар еди,— деп оған қудайдан бақыт тилеп жүргенимде, бирден өзимнен-өзим сескенип, қорқып кеттим. Былайынша айтқанда келинимди емес, өзимниң ержеткен қызымды узататуғындай қәўетерге түстим де қалдым. Қандай жерге түсип, қандай адамға тап болар екен, ҳаўаланып жүрип алданып қалмаса болар еди, — деп қорқа беремен. Тойға барып отырғанымда да, қайтарсын жолда киятырғанымда да, үйге келгеннен кейин де усындай ойлар басымнан кетпей-ақ қойды.

«Сен оны жақсы таныйсаң ба Әлийман? Қандай адам екен өзи? Асықпа қызым, Әлийман, абайлы бола көр әйтеўир. Адамның парқын айырыў керек» — деп ишимнен өтиниш етип, оған тилеклес болдым. Неде болса жас нәрселердиң арасына түсип, қақпас, мәстан атанбай-ақ қояйына, деп тағы ойладым. Әлийманның өз ықтыяры өзинде екенин, оның меннен тартынбай өз билдигин ислей бериўин қалайынша жатығы менен түсиндирсем екен оған? Мени бир нәрсе ойлап жүр екен, деп айтпасын деп қәдимгидей оның менен ҳәзиллесип, ҳеш нәрсе билмегендей болып жүрсем де, ол мендеги өзгерислерди сезип қойған екен.

Кешке таман Әлийман шелеклерин алып, дәрья бетке суўға кеткенде, ийнимнен басып турған таў түскендей жеңил тартып сала бердим. Мине, енди жақсы болды: мейли, барып ушырасып келсин, деп ойла-

дым мен. Бирақ, бул сапары ол тез қайтып келди. Дәрьяға бармай-ақ суўды жаптан әкелген еди.

— Ене, — деди ол шелекти орнына қойып атырып. — Мен суў ысытайын, басыңды жуўып ал.

— Бас болса жуўылардағы қызым, бүгининиң ертеңи бар. Баратуғын жериң болса... — дедим.

Ол мениң гәпимди бөлип:

— Ертең жумыстан қолың тиймейди ғой. Сен жуўа бер, ене, өзим тарақ пенен шашыңды тарайман, — деди.

Әлийман бир қазан суўды жылытты да, тап мени өзи шашын жуўа алмайтуғын кишкене қызларды етип, пәрмана болып айланысты. Дәслеп ол мениң шашымды қатыққа жуўыўға мәжбүрлеп, соңынан арақ сабын менен көпиртип, тағы да суў қуйып, тағы да сабынлап, суўық суў менен суўды шабырыстырып басыма сарқумлап қуйып, жанымда гүбелеклеп жүрди де қойды. Басқа ўақытта болғанда мен оған, — қәне, мени жулқылай бермей тынышыма қой енди, — деп айтқан болар едим. Бирақ, сол күни кеште кеўилине келип жүрер, деп мен олай айта алмадым. Мениң себебимнен дәрья бетке ушырасыўға баралмағаны ушын, мен өзимди айыплыдай сезе бердим. «Бүйтип не қыла береди екен» деймен ишимнен. Әлийман болса өзиниң бул ислеп отырғанына кеўили питип отырған кейипте, мениң шашымды тарап атырып:

— Ене, жас ўақтында шашың қалың болған шығар-аў, сениң де, — деди даўысы муңлылаў болып.

Ол мениң шашымды ҳазарсыз ғана сыйпалап отырып, тап мени еркелетип атырғандай етип, алақанларын бетиме басты. Көзиме жас келгенликтен, басымды жоқары көтере алмадым. «Мениң менен бирotала хошласпақшы шығар, бул енди» — деп ойладым муңайып отырып. Соның арасында ол мениң шашларымды өрип, көп жыллардан бери өзиниң сандықта жүрген әтир суўын алды. Буны оған Қасым сатып әперсе де, бирақ Әлийман үстине сеппей жүр еди. Мен қолларымды сермелеп:

— Саған не болды, Әлийман. Қудай көрсетпесин. Буның не кереги бар еди, маған? Қартайғанда адамлар күлип жүрер, — дедим.

Ол мениң айтқанларымды итибарға да алмастан, шақалақ атып күлип: бетиме, мойныма, басыма шийшедеги қалған әтир суўдың бәрин тамшылата берди.

Буннан соң мени қушақлап, тум-тусыма шығып қарады да:

— Мине, енди қара, суп-сулыў болып жасарып кеттиң, — деп сүйсине берди.

Мениң кеўлим көтерилип қалды. Шай ишип болғанымыздан кейин Әлийман;

— Енди дем алайық, ене. Ҳәзир мен саған төсек салып беремен, — деди.

Сол сапары түнде екеўимиз де уйықлай алмай шықтық. Әлийман бир нәрселер жөнинде өзинше ойланып ана қапталынан мына қапталына аўнақшып, анда-санда жайдың мүйешине таман бурылып, суўық демин алып гүрсине берди. Мен болсам Әлийманның аўҳалын ойлаў менен болдым. Гейде оның бийдайдың арасы менен бир дәсте гүл қушақлап, комбайнға қарай жуўырып баратырғаны, оны комбайнның минетуғын текшесине қойып болып, тағы изине бурылып жуўырып киятырғаны көз алдыма елеслейди. Гейде Қасымды атқа миндирмей, жас баладай оның қолына асылып, мойнынан қушақлап жылағанлары ядыма түседи. Тағы бир иретинде екеўимиз асығып станцияға барғанымызда, жаўып турған қар Әлийманның орамалына түсип, үсти-басы аппақ болып, арбаның үстинде бетиниң алмасы қызарып, жанымда отырғанлары көз алдыма келди. Кийиминиң жағасына, орамалынан шығып турған маңлай алдындағы шашларына аппақ қар түскен сайын, ол кем-кемнен сулыўланып ашылыса берди. Соңынан оның маған қарай қушағын жайып: «Ене, енди бизлер бақты қара жесир болдық» деп жылағанлары, гейде қара жамылып, қызыл гүллердиң арасы менен меннен қашып, үлкен жол тәрепке жуўырып баратырғаны, қулласы, өткен-кеткенлер ядыма түсип, муңлы қыяллардың тутқыны болып, уйқым келмеди. Булардың бәри де екеўимизди үнсиз байланыстырып турса да, бирақ ақырында келинимниң қәдимги шабандоз жигит пенен бирге, бир отар қой айдап, оған ерип баратырғаны бирден ядыма түсип кетти. Сол баратырғанда ол: «Хош бол, ене! Мени кешир, мениң кеткеним енди! Кеўлиңе жаманлық алып жүрме, хош бол, ене!» — деп даўыслап атырғандай сезилди. Қыялымда мен де оның кейиннен тик жарды жағалап жуўырып баратырып: «Хош бол, шырағым! Хош, бол, маңлайыма сыймаған жулдызым! Хош бол Әлийман! Бақытлы бол-

ғайсаң, хош бол! Ҳәй, жигит, келинимниң кеўлин қабартып жүрме?! Егер ондай етсең, ғарғайман!» — деп бақырған ўақтымда, көзимнен сорғалаған жаслар көпшигиме тырс-тырс тамып кетти. Өйткени, мен Әлийман еситпесин дегендей етип, көрпеге бастырынып, үнсиз жылап атыр едим.

Ертеңине жумыстан келгеннен кейин, Әлийман ҳеш жаққа шықпады. Кеште үйде болды. Буннан кейин шопан жигит те қойларын айдап кетип қалғанлықтан, қайтып көринбеди. Әлийман оның кеткенине қапа болып, түри бозарып жүрди.

«Анық сонда кеўили бар болса, неге бирге кете бермейди екен бул. Мени не қылады екен? Ҳә, соры қайнаған ғана қайырқом балам-ә! Неге өзинди отқа ура бересең бүйтип» — деп мен өзимше тоңқылдадым. Сөйтип жүргенимде арадан күнлер өтип, булар да кем-кем умыт болып кетти.

Келеси жылы ерте бәҳәрде баяғы шопан жигит, тағы да бизиң аўылдың әтирапында пайда болды. Сайдыңултанында оның қой бағып жүргенин, сыртынан көрип қалған едим. Әлийман тағы да кешқурынлары кетип, үйге ярым ақшамда келетуғын әдетти баслады. Мен оған «бул не жүрисиң?» деп ҳеш нәрсе айтпадым. Өйткени, оның өз тәғдирин өзи шешиўи керек еди.

Бир сапары түнде Әлийманды көп ўақытқа дейин күттим. Аўылдағы үйлердиң бәри де уйықлап қалды. Мен де жата қояйын деп шыраны сәл қайтарсм да, бирақ уйқым келмеди. Кеўилим бир түрли болып, тынышсызлана бердим. Бир нәрсе тырс етсе болды, дәрҳал әйнекке қарайман. Ай жарық. Көшпели сийрек бултлар ҳәрдайым Айдың шет-шебирин тасалап турса да, бирақ бәҳәр ақшамы тыныш ҳәм азада еди. Тоңғанлықтан емес, бәлки бир үйде жалғыз өзим қалғанлықтан болса керек, тула денеим түршикkенликтен, ишигимди жамылып, манаўсырап қалғып отыра бердим. Сөйтип отырғанда көзим илинип кетипти. Кәпелимде тасырлаған сестен шоршып оянсам, қапыны ашып, Әлийман кирип киятыр екен. Көйлегиниң сәдеплери үзилип қалғанлықтан сийнеси ашылып кетипти. Шашлары да уўдар-дуўдар, көзлери мөлерип тур. Әлийманды бундай мәс ҳалында өмиримде биринши ирет көриўим. Босағадан атлап ишке кирип киятырғанда, қыйсаңлап теңселип, жығылыўға сәл қалды

да, пешке сүйенип турып, басын былғады. Оның бул турысын көрип, мениң жаўырыным муздай болып жуўылдап сала берди.

— Неге қарап турсаң? — деди ол басын көтерип. — Қәне, маған неге қарай бересең? Аўа, мен мәспен. Аўа, мен арақ иштим. Буннан басқа не ислеўим керек еди? Мен ишпегенде ким ишеди, енди, ҳа? Неге үндемейсең?

Мен не айтарымды билмей, сам-саз болып дизден қайттым да қалдым. Келинимниң бундай аўҳалға түскенине қараўдың өзи намыссызлық еди. Әлийман еле сол пешке сүйениўи менен отырма дигирманның тартқышындай былғаңлап тур. Соңынан ол басын салбыратып былайынша гүбирленди:

— Ене, сен ҳеш нәрсени да билмейсең. Ал, мен... мен бүгин. Билесең бе, Қасым армияға кететуғын күни дәрьяның жағасына бармадық па? Әне, сол жерде...—деп болып гәпиниң изин айтпастан, еки қолы менен басын бүрип алып, жерге сылқ етип отырды да, бирден ашшы даўысқа салып, еңиреп жылап жиберди.

Сол ўақытта барып мен есимди жыйып, өзиме келдим. Пәт пенен оның қасына келдим де, келинимди қушақлап баўырыма бастым.

— Саған не болды, Әлийман? Сен неге жылайсаң? Айт, қәне? Ҳәсиретке шыдай алмадың ба? Ямаса бирсеў кеўилиңе тийди ме? Айт, айт деймен маған? Ямаса маған наразы болып жүрсең бе? Егер олай болатуғын болса, кеўилиңде не барын қалдырмай айт, қәне, —деп жалындым оған.

— Яқ, яқ, олай емес, енежан! — деп Әлийман сорғалаған көз жасларын бир жутып алды. — Бийшара ғана байғус енежаным-аў. Бақытсыз болған жалғызым. Сен ҳеш нәрсени де билмейсең... Ал, егер билгенде де, қолыңнан ҳеш нәрсе келмейди ғой сениң. Аҳ, ене, ене, енежаным-ай!

Ол өзиниң ығал болып қалған бет-аўзын мениң көкирегиме басып, көп ўақытқа дейин солқылдап жылады. Соңынан әсте-ақырын тынышланып, қалғып кетти. Ҳәттеки, ол түсинде де сандырақлап жыламсырап, қабынып кеткен өкпесин басалмай, лық-лық ата берди. Мен таң атқанша сол отырыста оның басын диземе қойып, ендиги жағында не қылар екенбиз? — деп ойлана бердим, ойлана бердим... Не ис-

леў керек? Буның менен ҳадаллап сөйлеспесем болмайды екен? — деген қыялға келдим. Бирақ, азанда оның мениң менен сөйлескиси келмеди. Бунысыз да оның жағдайы аңсат емес еди. Түндеги қолайсыз ҳәрекетлери жөнинен мениң гәп шашпаўымды үнсиз өтиниш етип, маған тек жалтаң болып қарай береди. Азанда жумысқа кетип баратырғанымызда босағада турып:

— Мени әпиў ет, ене, — деди.

Мен де оған ҳеш нәрсе дегеним жоқ.

Сөйтип жүргенимизде арадан үш айдай өтип, жаздың күнлери баяғы қашқын Жексенқулдың тергеўи басланды. Урыстан кейин ол аўылда төбесин көрсетип жүре алмай, тек түнлерде үйине жасырынып келип кетеди екен. Ол Қазақстанның бир жерлеринде мал урлап, сатып жүргенинде қолға түсипти. Тергеў ўақтында оның бурынғы қылмыслары да ашылып, бизиң аўылдағылардан ырас-өтиригин сорап билиў ушын ашық сотқа әкелген екен. Маған да аўыл советтен хабаршы жетип келип:

— Сени гүўалыққа шақырып атыр, — деди.

Кетип баратырсам, алдымнан жумыстан киятырған Әлийман шықты. Ол жалғыз өзи көпшиликтен шетлеп, муңайып, шаршап киятыр екен. Сол жылы жазда оның түри өртең шалғандай болып қарыўытып кетти. Мен оның мына жүрисине жаным ашығанлықтан, үйде жалғыз өзи отырмай-ақ қойсын деп:

— Жүр балам, кеңсеге барайық. Бирге қайтармыз, — десем:

— Мен бармай-ақ қояйын, ене. Мениң не керегим бар, барғанда не қыламан? Басым аўырып, мәнисим болмай киятырман, — деди.

— Кетебер онда. Жатып демиңди ал. Сыйырды өзим барып саўарман, — дедим.

Аўыл советтиң кеңсесиниң жанында ҳеш жеринде саңлағы жоқ, үсти жабық машина тур екен. Кеңсениң алды ызғыған адам. Биразы гүўалыққа шақырылса, биразлары жумыстан қайтып баратырып қайрылғанлар екен. Есаплап көрсеңиз болады. Жексенқулды көрмегениме де жети жылдай болып қалыпты. Өз байдалына жүрип кеўилине келгенин ислеп жүргенликтен семирип, жардай болып кетипти. Әйнектиң алдындағы скамейкада, көзиниң астынан қарап әлле-

киминиң берген сораўына дэпинип жуўап қайтарып отыр екен.

— Сизлер мени уры деп отырсызлар. Мениң не ислеп жүргенимди қол менен услап, көзлериңиз бенен көрдиңлер ме? Көрген жоқсызлар! Солай екен, наҳақтан жала жабыўдың кереги жоқ. Мың мәртебе айтсаң да, бәри бир, гәпиң қуры далаға кетеди. Дәлийл, дәлийл керек!

Усы гәпти еситиўим мәттал, ашық турған әйнектиң алдына ентелеп бардым да, далада турып ишкериге қарай:

— Сен өйтип сандалама, шерменде! Саған дәлийл керек пе, мине мен дәлийлмен.

— Шеше, берман келиң? — деди тергеўши столдан омыраўын көтерип.

Кирип бардым да, иркилип турмастан былай дедим:

— Аўа, бизлер сени жынаят ислеп атырған ўақтыңда қолымыз бенен услап алғанымыз жоқ. Өйткени, сениң изиңнен қуўып жете алмайтуғын едик. Бизлер ол ўақытлары жерди тырнағымыз бенен сүргендей етип, туқым себейин деп атыр едик. Бизлер ол ўақытлары аш болған нәрестелерди тойдырыў ушын масақ терип жүр едик. Сен болсаң бизлердиң қосқа жегиўли турған атымызды — күш көлигимизди урлап кеткен единң. Адамлардың балаларына берейин деп отырған ырысқалын бизлер тартып алғандай етип жыйнаған, — ең соңғы бийдай туқымымызды сол сапары сен қапшығы менен аттың алдына өңгерип кеткен адамсаң. Енди душпан болмағаныңа нең қалды. Душпан сеннен артық болмайды. Изиңнен өкшелетип жетип алып: «Тоқта! Мен сени билемен, Жексенқул! Тоқта!» — деп бақырғанымда, сен мени қайырыла берип атқан адамсаң. Мине, саған дәлийл!

Усыларды айтып болғанымнан кейин тергеўши маған:

— Рахмет саған, шеше. Енди сиз боссыз. Үйиңизге қайта берсеңиз де болады, — деди.

Мен аўыл кеңестиң кеңсесинен шыға бергенимде, қәпелимде Жексенқулдың ҳаялы алдымнан жуўырып шықты. Ол қутырып кеткендей жулқынып, маған бақырып дәпине баслады:

— Ҳе, қара басы қуўарып қалған, қақ бас сениң! Сен бәрҳама дурыслы адам, сап ҳүжданлы боламан,

— деп ақыбетинде қандай жақсылық көрип жүрсең. Енди жылап жүргениң азбеди саған. Саған усы керек еди! Келинниңниң қарны шәмпийип жүргенин де бизлерден көресең бе, я? Оны көзиңниң алдында талтаңлатып қойып, енди тағы ар-намыслы адам болғың келеди, сениң. Ендн кәйин ене, келин екеўиңиз бирден қолыңызды көтерип, ҳүжданлы адамлармыз деп бақырып жүре бериң, албаслы шерменделер!

Адамлар оның аўызын басып, мүйешке сүйреп баратыр еди, мен оларға:

— Жибере бериңлер, тиймең оған, —дедим де үнсиз жолыма түсип үйге қайттым.

Жолдың топырағы соншелли қызып кеткен бе, ямаса ар-намыстың қызғыны табаныма қоз басып жиберди ме, әйтеўир неде болса, дәслеп жуўырып кетиўиме сәл қалды. Соңынан әсте-ақырын адым-адым жүрис пенен киятырып түрли-түрли қыяллардың басына бардым. Ҳеш қашан да бундай болады деп ойламаған едим. Соңғы ўақытлары Әлийман бир түрли өзгериске ушырап, ҳеш ким менен сөйлеспей, өзин көпшиликтен шетке алып, ҳәттеки өзи қатарлы келиншеклерге де бас қоспайтуғын болып жүр еди. Мен оның бул жүрисин сол шопан жигит пенен кеўилли жараспай қалғанлықтан, усындай ҳалға түсип, қапа болғанлығынан шығар, деп шамадан жорып жүрген едим. Шопан жигит болса, қашшан бәҳәрдиң күнлери-ақ таўдағы жайлаўға кетип, келгенди қойып кетпи еди. Әлийманды соған қапа болып жүрген шығар десем, олай емес екен, гәптиң төркини басқа жақта болып шықты. Япырмай-ай, япырмай усындай болады деп ким ойлапты буны. Енди қалай болар екен деп албырағанымнан өзим де не ислеримди билмей қалдым.

Ертеңине кеште Айша үйине шақырды. Екеўимиз әташтандағы жылтыраған отқа қарап шай ишип отырғанымызда гәптиң арасында ол:

— Жексенқулдың қатыны түни менен бир жаққа көшип кетипти, — деди.

Мен үндемедим. Мениң не исим бар онда? Көшип кетсе, кетедидағы, ҳәр кимниң ерки өзинде. Соңынан арадан бир-еки жыл өткеннен кейин билсем: аўылдың адамлары Жексенқулдың үйине барып, барлық дәскесин арбаға тийепти де, оның ҳаялына:

— Бар, қайда барсаң, онда бар. Енди бул аўылда отыра алмайсаң! — депти.

Усыннан кейин ҳеш ким маған Әлийманның айыбын бетиме басқан емес. Ҳәр нәрсени өзинше шамалап, оны аяған ямаса айыплаған адамлар итимал Әлийманның өзине айтса айтқан шығардағы, бирақ маған бул жөнинде ҳеш ким ҳеш нәрсе сездирмеди. Адамлардың бунысына да үлкен рахмет. Арадан сонша жыллар өтсе де, адамлар еле меннен сыйласығын үзген емес.

Әне, соннан кейин мен Әлийманның еки қабат екенин билгенмен. Бирақ, бизлердиң арамызда ҳеш қандай өзгерис болған жоқ. Бурынғы күнимизди көрип, бир нәрсе болса бирге ойласып, бирге ислеп жүре бердик. Бирақ, Әлийман өзиниң ҳәмледар екени жөнинде маған айтыўға батына алмады. Ямаса маған ырасын айтыўға уялды ма, әлле бирotала болары болып туўғаннан кейин айтқысы келди ме—әйтеўир не де болса үндемей жүре берди. Мен де қазбалап ҳеш нәрсе сорамадым, былайынша айтқанда оның сыр бермесликке салып, гәрдийип жүргенин ишимнен жақсы көрдим. Ең баслысы шынлығына келгенде, мен оның ҳәмледарлығын айыпқа санаған жоқпан. Бундай етиўге мениң ҳақым да жоқ еди, ақыры. Өйткени, оның барлық ис-ҳәрекети, қыбыр-сыбыры да көзимниң алдында болып өткен еди. Бәри де кеўилиме аян, бул жағына келсек, мениң өзим айыплы болып қаламан. Сонлықтан мен әўелден-ақ: егер Әлийман гүна ислеген болса, — бул әлбетте мениң де гүнам, егер ол туўса, туўғаны мениң ақлығым болады, барлық жаман атты да, азап-ақыретти де мойныма алыўым керек деген-мен, ақыры. Қашан да бир сәтли күни жарылып сөйлесип, биримизди-бирмиз көп ўақытқа дейин үнсиз отырып, кеширетуғынымызды да билетуғын едим. Бирақ, бизлер сонда да, бүгин сөйлесерсиз, ертең сөйлесермиз бенен кейинге созып жүре бердик. Ақырында бир күни бунын да ирети келди.

Жаздың ақырына таман Әлийманның бойына питкен баласы бес-алты айлық болып қалып еди. Бир күни азанда азан менен сыйырды падаға қоспақшы болып, алдыма салып айдап баратыр едим. Шопан бала да тап сол күни азан менен әтшөктей жаңғырта қалды. Пададағы маллар да үйдин тусына шамаласып келип еди. Сыйырларды айдап баратырған шопан бала езиўи қулағына шыққанша ыржыйып күлимсиреп:

— Сүйинши Толғанай апа, — деди. — Жақсы хабар айтқаным ушын маған сүйинши бересиз! Жорабек атамның келини босанды!

— Қой-ә! Қашан босанды?

— Бүгин таңның алдында.

— Қыз ба, ул ма?

— Қыз, Толғанай апа. Атын Бозторғай қоямыз, — деп атыр. Себеби, Бозторғайға усап таңның алдында туўылған.

— Жақсы болған екен. Өмир жасы узақ болсын. Жақсы хабар айтқаның ушын рахмет балам, саған.

Биреўдиң жарық дүньяға келгенине, буншелли қуўанып жүрген мына жетим баланың айтқан гәплери кеўилиме қозғаў салып, толқынландырып жиберди. Үйге қуўанып қайттым. Тап үйдиң алдына келген ўақытта, баяғыдан бери күни-түни ойлап жүргенлеримди сол минутларда ядымнан шығарып жибергенимди өзим де билмей қалғанлықтан:

— Әлийман, сен жаңа хабарды еситтиң бе? Жорабек ғаррының келини туўыпты. Қыз дейди. Еситтиң бе? Бийшара, ай күни толып зорға жүргенде аман есен, — деп даўыслай берген ўақтымда, аўырыў тисиме бирден тас ғарс ете қалғандай болды.

Әлийман ернин тислеген ҳалында басын төмен алып, бозарыўы менен үндемей қалды. Сол ўақытлары ол нелерди ойлады екен? Мүмкин, ол өзи туўған ўақытта бундай болып ҳеш кимниң қуўанып, аўылелге жар салмайтуғыны жөнинде ойлаған шығар. Өзимниң аңламай сөйлегениме шыдамаслық дәрежеде қысынып, не қыларымды билмей қалдым. Келинимниң бетине қарай алмайтуғын жағдайға түсип қалғанлықтан, дәрҳал ошақтың алдына абынып отырып, кереги болмаса да отқа тезек қалай басладым. Сол отырыста артыма бир бурылып қарасам, Әлийман еле төмен қараўы менен дийўалға сүйенип тур екен. Оны аяп кеткеним соншелли, жүрегим бир түрли болып силкинип кетти. Орнымнан турыўға мәжбүр болдым. Оның қасына барып:

— Саған не болды, бир жериң аўырып тур ма? — дедим.

— Яқ, ене, өзим былайынша, — деди ол.

— Шамасы, жумыста қыйналып жүрген шығарсаң, ендигиден былай үйде жатсаң болар еди.

— Ягэй, қыйланып жүрген жоқпан, ене. Темекиниң жапырағын жипке жайыўдың неси қыйын, — деди де ол жумысқа кетип қалды.

Сол ўақытлары мен, енди соза бериўдиң кереги жоқ шығар деген шешимге келдим. Енди былай болғаннан кейин биротала айтып тыныш табайын, оның да уялатуғын жери қалған жоқ. Туўса туўған баласы өзимниң урпағым болады. Өзимниң балаларымды қәйтип сақлаған болсам, оны да сондай етип бағаман. Туўылғанлардың бәри де бир емес пе. Буны ол билип қойсын. Оның бул муңайып жүриси болмас. Кеўлин көтерип жүрсин. Халық қатары адамларға туўры қарап өзиниң ана болатуғынлығына минәсип екенлигин билсин.

Усыларды айтайын деп, мен оның изинен жуўырып баратырып;

— Әлийман, сәл-пәл гидирип тур. Айтатуғын гәпим бар, тоқта, — деп даўысладым.

Ол еситсе де еситпегендей болып, артына айланбай кете берди.

Сол күни кешке дейин: «буннан былайғы жағында бүйтип жүре бериўге болмас. Кеште айтпасам болмайды. Солай етсем оған да, өзиме де жақсы болады» — деп ойланып тынышсызлана бердим. Бирақ, мениң ойлағанларым иске аспай қалды. Кешқурын жумыстан келсем, Әлийман үйде жоқ болып шықты. Әне келер, мине келер десем де, бирақ парасатым болмады. Оған не болды екен? Усы ўақытқа дейин кешигип, қайда жүр екен-әй? Излеп қайтайын деп үйден шығып баратырғанымда Бекташ көзиме көрине қойды. Ол бир қушақ көк шөпти алып үндемей қораға кирип кетти. Сол үндемеўи менен қушағындағы отты сыйырдың алдына салып болғаннан кейин:

— Толғанай апа, Әлийман излемей-ақ қойсын, — деп атыр еди. Ол Қайынлыдағы төркиниме бараман дегенди айтып еди, — деди әсте ақырын ғана.

Аяқларымның динкеси қурып, шалынысып кеткенликтен, бирден босағаға отырып қалдым да:

— Қашан кетти? — дедим.

— Түстен кейин. Еки сааттай болып қалды, оннан бери де. Жол машынға минип кетти.

Тап өлер ҳалатқа келип, не ислеримди билмей, унусағым шығып отырғанда, Бекташ мениң кеўилимди алыў ушын:

— Сиз тынышсызланбай-ақ қойың, Толғанай апа. Шофер оны кабинасина отырғызды. Қабина деген жағдайлы болады, — деди.

«Аҳ, Бекташ, Бекташ, гәп оның кабинаға мингенинде болып турмеди, қарағым» — деп ойласам да, бирақ оның сумлықсыз айтқан гәплерине кеўилим питип қалды. Сол жыллары Бекташ, бойға тартып, арбасын айдап жүр еди. Оған қарап отырып демниң арасында бунын ержетип, жигит болып қалғанына қара деп өзим де ҳайран болдым. Жүрис - турыслары да, даўысы да өзгерипти. Көрер көзге түри де ысық. Мен оны бала ўақтынан бери жақсы көретуғын едим. Енди мынадай ҳалға түсип отырғанымда, мениң кеўилимди алыўын қарасаң-ә, бунын. Бекташ жаптан суў әкелип, самоварды алыстырып, үйдиң алдыларына суў серпип, сыпырып атырып:

— Сиз дем ала бериң, Толғанай апа. Ҳәзир мен саған алманың астына кийиз төсеп беремен. Бизиң апам да келеди. Ол да көптен бери сениң менен шай ишиўге ҳәўес болып жүр еди. Ҳәзир келеди, — деди.

Әлийман кеткеннен баслап, маған күнлер өтпейтуғындай болып сезилди. Усы ўақытқа дейин өзимниң жалғыз баслы екенимди сезбей жүрген екенмен. Ырасын айтсам, ҳақыйқат жалғызлықтың қандай болатуғынын билмей жүре берипнен ғой. Еки-үш күн еплеп шыдасып едим, итималы болмады. Үй—үй емес, өмир — өмир еместей болып сезилди. Тек басымды алып, қайда болса да қаңғырып, шығып кете бергим келеди. Сонда Әлийманның ҳалы қандай болады, бурынғыдан да аўырласып кетпес пе екен, — деп тағы ойланаман. Қайыңлыдағы төркин журты келгениң тәўир болды ғой, деп айта қойса не жақсы. Ал, егер олар баяғы сапары алып қайтайық, — деп барғанымызда: мениң менен исиңиз болмасын, жүрер жолымды өзим билемен, араласпаңлар, — деп қасқалтақдай суў шашып атыр едиң, енди өз билдигинди ислеп болып, бизлерди сағалап келгениңе қара, енди саған ағайын-туўысқан керек болды ма?! — десе не қылады? Усындай деп айтатуғыны турған гәп ғой олардың. Өзи де жүдә аршыл еди, бундай ызғарлы гәплерге шыдам бере алар ма екен? Қорлыққа шыдай алмай, өзине-өзи қол салып жүрмесе болар еди, қудайымай! Аҳ, Әлийман, Әлийман, өзим менен бирге бола бергениңде саған келетуғын гәп-сөздиң бәрин өзим

еситип, сени ҳеш кимге қорлатпайтуғын едим ғой. Усылай етип ҳәр түрли қыяллардың басына барып, өзимше ҳәр нәрсеге жорып шамалай беремен. Ақыр сонында: «Қой, енди бул отырысым болмас сирә. Изинен барып, көрип қайтпасам келиспес. Барып үгитлеп көрейин, тыңласа өзим менен бирге қайта берер. Қайтқысы келмесе, онда илажым жоқ. Ыразылығымды билдирип, ақ пәтиямды берип, жылап-сықлап қайта беремендағы» — деген пикирге келдим. Сөйттим де Айшаға үйге қараўыллап, сыйырды өзиң саўарсаң дедим де, ертеңине жолға шықтым. Бекташ бир машынды тоқтатып берип еди, соның кузовына минип, Қайыңлыға ҳайт қойдым.

Аўылдан шығып алыслап баратырғанымызда, аңыздың ишиндеги соқпақ пенен киятырған бир ҳаялды көзим шалып кетти. Дәрҳал таный қойдым — Әлийман. Қәдирдан ғана келиним-ай, өзи-ақ, қайтып киятыр екен. Мен кабинаның төбесин мушым менен дүңкилдетип урып атырып: «Тоқта! Тоқта! Мен түсип қалайын» — деп даўысладым. Пәт пенен киятырған машина азырақ жүрип барып тоқтағаннан кейин, қоржынымды қолыма алдым да, кузовтан түсип қалдым. Соның арасында машинаның изинде уйытқып киятырған жолдың шаңынан әтирап думан түскендей гүңгиртленип кетти. Ҳәтте, жаңағы Әлийманды түсимде көрип қалғаным жоқпекен деп те ойлайман. Шаң басылғаннан кейин, оны тағы да көрдим.

— Әлийман-ай! — деп бақырдым даўысымның барынша.

Қалай жетип барғанымды да билмеймен. Тек қушақласып көрисип, бет-аўызынан шорпылдатып сүйип, жыласып турғанымызды ғана билемен. Бир-биримизди сағынысып та қалган екенбиз... Оны еркелетип, бетлерин сыйпалап атырып:

— Келдиң бе, сен я? Келдиң бе, қызым. Өзиңниң кәйип енеңе келдиң бе, әйтеўир. Келдиң бе? — дей берипппен бир айтқанымды қайталап айтып.

— Аўа, киятырман! Саған киятырман, ене. Киятырман! — деди ол.

Бизлер екеўимиз сол ҳалатта қушақласып турғанымызда, қурсағындағы баласы бир-еки ирет түртип тепкилеп жиберди. Бул түрткини екеўимиз де сезип тур едик. Әлийман қолын қарнына апарып, сыртынан әсте ақырын алақаны менен сыйпалай баслады. Сол ўақыт-

тағы келинимниң көз қарасы мениң пүткил ишки дүньямды астан - кестен етип жибергендей болды. Өйткени, мен ҳәрдайым бир нәрселерди ойлап, келинимнен гүман етип жүретуғын едимдағы, ақыры! Ана болыў деген қандай әдиўли ис десең-ә! Усындай гезлердеги бақыттың жалғыз тамшысы, теңиздей ҳәсиретинди жоққа шығарып жибермей ме, сениң. Мен шыдай алмағанлықтан, оның бетине бетимди бастым да;

— Ақ көкирек ғана қарағым-аў, айналайын. Сени қайғырамаң деп болдырып қалдым ғой! — деп тағы жылап жибердим.

Ол маған тәўелле салып:

— Жылама ене. Мени, мендей жүзи қараны кешир оннанша. Мен сеннен айра түсип ҳеш қайда баралмайды екенмен. Тәўекел етип көрип едим, болмады: мудамы сени ойлап шыдай алмадым, — деди.

Бизлердиң ашықтан ашық сөйлесиўимиздиң ирети енди келген шығар, деп ойладым да мен оған:

— Сен неге кетип қалдың? Өкпеледиң бе? — дедим.

Ол тап ойланып болып жуўап бергиси келгендей үндемей турды да, суўық демин алып былай деди:

— Бул жөнинде меннен сорамай-ақ қой, ене. Бунының не кереги бар саған? Сен маған ҳеш нәрсе демей-ақ қой, мен де саған ҳеш нәрсе айтпай-ақ қояйын. Мени қыйнай бермей-ақ қой, ене, онысыз да мениң боларым болып, бояўым синип жүр-, — деди.

Бул сапары да ол гәптен өзин шетке алды. Мине, сөйтип ҳәрдайым усындай бола берди. Усындай етип тартыншықлана бериўдиң өзине жаман тәсийр ететуғынын ол неге билмейди екен-ә?

Сол жылы гүз айлары көпке дейин созылып, жаўын-шашыны да мол болды. Аспаннан ләм түспеген күн болмады десем лап болмас. Усындай ләмгершиликли, түнерген күнлери бизлер көптен көп үйден шықпай отыратуғын едик. Оның үстине Әлийман да тап усы гүздиң күнлерине усап түнерип жүретуғын әдетти шығарды. Күннен-күнге ол ҳәсирет шегип сөйлеспейтуғын да, күлмейтуғын да болды. Мудамы бир нәрсе туўралы ойланып отыргандай қабағы ашылмайды. Шамалаўымша ай-күни толысып қалған еди. Қолымнан келгенинше оның кеўилин көтериўге ҳәрекет етсем де, бәри бир, буннан да ҳеш нәрсе шықпады. Анаў-мынаўға алдана қоятуғын бала емес. Мен

түўе басқалар да оның жайнап-жаснап жүргенин жақсы көрип кеўилин аўлап көрди. Бәри бир,—сол турысы. Бир сапары Бекташ бизиң үйге сабан әкелип бериўге келгенде: — Апам тағы жатып қалды, — деди. Айшаны көрейин деп барсам, ети күйип-жанып, жөтели қайтадан көтерилип отыр екен. Мен оның қасында азы-кем отырдым да:

— Бәле өзиңде бар, сениң. Гөне жапсағыңның бар екенин билесең, усындай ләмгершиликте басың қаңқалап, қоның жатып аўыл қыдырып не қылайын деп един, — дедим оған.

Айша айыплы адамға усап күлимсиреди. Оның ырайын жығыўға болмайтуғын еди, өйткени еки-үш күнликте булар төрт ҳаял болып, Бекташтың арбасына минип, қоңсылас аўылдағы биреўдиң тойына барамыз, — деп кеткен еди. Мен орнымнан турып, енди кетиўге қолайласып атырғанымда, Айша мени иркип:

— Тоқтап тур, Толғанай. Егер кеўилиңе келмесе, мениң саған айтатуғын бир-еки аўыз гәпим бар еди, — деди.

—Айта бер, — деп қапының аўзынан кейин қайттым.

— Төменги — ықтағы аўылға бизлер тойға барған жоқ един, — деди Айша. — Ол жақта мениң ағайинтуўысқанларым да жоқ, буны өзиң де билесең. Бизлер сениң алдыңнан өтпей-ақ бир нәрсени ойласқан едик, буның ушын бизлерди кеширерсең, Толғанай. Усылай етсек тәўир болмаспекен деп едик. Баяғы шопан жигитти сол аўылдан таўып алып ортаға алдық. Былай дедик:

— Әлийман болса, ай-күни толысип, туўыйын деп отыр, сен болсаң көзиңниң қыйығын да салайын демейсең. Бул қалай болғаны енди? Жақсы емес ғой бул?—Сөйтип бизлердиң бунымыздан да ҳеш нәрсе шықпады. Биришиден оның ҳаялы бар екен, оннан қала берсе өзи де ар-намыстан журдай болған жигит қусайды. Қалай болса солай силкинип; — мен ҳешнәрсе билмеймен, билгим де келмейди, — деп өзине жәм жуўытпайды, шырағым. Ҳеш мәмлеге келетуғын түри жоқ. Соның арасында ҳаялы да сезикленип қалды. Ҳаялы да ырас белгили бетбаклардың биринен екен, бизлерге алып топылып масқарамызды шығарды. Қулласы, бизлерди қуўып салған есабы. Қайтып киятырғанымызда жаўын жети жүйемнен өтип кеткен

екен, енди жатысым мынаў ийретилип. Бул да бара берсин, ал енди Әлийманның өзи қандай, я? — деп болып Айша аўзын көлегейлеп жылап жиберди.

— Жылама Айша, — дедим мен оған. — Өзим тири жүрсем, оның жүзин төменшик етпеймен! — дедим де шығып кеттим. Буннан басқа не деўим мүмкин?

Қәдимги машақатлы күнлермиз өте берди.

Әлийманның көз жаратуғын мәҳәли шамаласып қалғанлықтан, оның қасынан шықпай, басы-қасында болдым. Далаға шықса да көлеңкедей изине ерип шығаман. Қәпелимде толғағы тутып қала ма деп қәўипсинемен дә, болмаса мен бийшараның не исим бар онда, өйте берип.

Бир сапары ол жыллы кийинип, басына орамал тартып атыр еди!

— Қайда баражақсаң, қызым сен? — дедим оған.

— Дәрьяның бойына барып келемен, — деди ол.

— Усындай ләмгершиликте ол жақта не бар еди саған, оннан бармағаның абзал емес пе? Үйде отыра бер.

— Яқ, барғым келип тур.

— Олай болса мен де бирге барайын. Бир өзиңди жибермеймен, — дедим.

Ол маған сазырайып қарап турып, көптен бери қабағы ашылмай жүргениниң қусырын шығарғысы келгендей болып ашыўланып:

— Сен неге маған бүйтип талақтай жабыса бересең? Нең бар еди менде алалмай жүрген? Неге көлеңкедей изимнен қалмайсаң? Мени өз байдалыма қой. Мени өледи деп ойлайсаң ба, өлмеймен мен! — деп қапыны тарс еттирип жапты да, үйден шығып кетип қалды.

Сол ўақытта мениң де кеўил сарайымның дәрўазасы тарс етип жабылғандай болып, не қыларымды билмей отырып қалдым. Оның жаңағы сөзлери маған қатты батып кеткен еди. Сонда да үйде шыдап отыра алмай бир-еки ирет далаға шығып, оның қайда баратырғанын барластырдым. Бирақ, ол көринбеди, сайға түсип кетип қалыпты.

Жаўын тамшылары көзге илинбейтуғын дәрежеде оғыры майдалап жаўып тур еди. Самал тода-тода аппақ бултларды аўдар-теңкер етип, көширип баратыр. Бағдың ишиндеги ағашлар да жапырақларынан жур-дай болып, шақалары суўықтың тәсиринен қара-қо-

цыр тартып кетипти. Шамасы, аўылдағылардың бәри де үйинен шықпай отырған болса керек. Дөгеректе ҳеш ким көринбейди. Таўдың бәлент шоққылары түтиннин арасынан көрингендей зорға билинеди.

Жаман көрсе көредидағы. Сөйтип жүргенде толғағы тутып, ызғар жерге жатып қалса оннан жаманы болмас, деген қыял менен сәл-пәл егленип турып, оның кейнинен кеттим. Шарбақтың сыртындағы соқпаққа шыққан ўақтымда, Әлийман көринди. Ол муңлы бир қәлипте басын төмен алып, аяғын зорға көтерип басып, аўдаңлап қайтып киятыр екен. Асығып үйге келдим де дәрҳал шай қойып жиберип, қаймақ пенен мәйекти араластырып қуймақ писириўге киристим. Сөйттим де төрдеги кийиздиң үстине тап-таза дастурханды жайып жиберип, қысқа сақлаўлы турған алмалардың ишиндеги ең қызылларын сайлап алып қойдым. Әлийман үйге кирип келген ўақытта, дастурханды көрип, маған муңайып қарап күлимсиреди.

— Тоңып қалған шығарсаң, қызым? Отырып қуймақ пенен шай ишип ал, — дедим оған.

— Яқ, ене, мениң ҳеш нәрсеге де иштейим болмай тур. Бир алма әперип жиберсең болды, соны көрейин, — деди.

— Мүмкин, бир жериң аўырып турған шығар. Әлийман, айт маған, — деп оның кеўилин аўладым.

Бул сапары да ол тағы:

— Меннен ҳәр нәрсени сорай бермей-ақ қой, ене. Бир түрли болып, өзимнен-өзим жийиркенип жүрмен. Сениң де зийиниңе тийип алдым. Оннанша мени өз ҳалыма қоя бер, — деп қолын силтеди.

Түнге қарай төсекте жатқанымда да, мениң сөзлерим де енди буған жақпайтуғын болып қалыпты-аў, — деп көп ўақытқа дейин уйқым келмеди. Бурынлары ақшам, тез-тез оянып, Әлийман не қылып атыр екен деп дастықтан басымды алып алаң болып, оған қарап қоятуғын едим. Усы сапары мени қара басып, тас болып уйықлаппан да қалыппан. Егер билгенимде кирпик қақпастан, егер он күнге дейин болса да дийўалға сүйенип, бежирейип отыратуғын едим ғой...

Түнниң қайсы мәҳәли екенин билмеймен, шоршып оянып Әлийманға қарасам, жатқан жеринде жоқ екен. Уйқылы-ояў қыял менен ҳә дегенде ҳеш нәрсени аңғара алмадым. Әўел далаға шығып кеткен шығар деп ойлап, аз-маз күтип отырдым. Буннан соң оның төсе-

гин услап көрдим. Төсегиниң муздай екенин сезген ўақтымда, өзимниң де журегиме муз қуйылып сала берди: қашшан-ақ турып кеткен! Шала-пула кийиндим де қапыдан далаға жуўырып шықтым. Барлық қуўыс қолтықты тинтип, үйдиң алдындағы атыздың ишлерин де сүрмелекленип излеп шықтым. Ҳеш жерде жоқ. Ақырында көшеге шығып: «Әлийман, ҳа Әлийман!» — деп шақырсам да даўыс бермеди. Тек үйдиң алдында жатырған ийтлер шабаланып үрди де қойды. Демек, кеткен екен! — деп қол-аяғымның диңкеси қурып сала берди. Усындай жети түнде қайда шығынып кете қойды екен ол? Енди не қыламан? Изинен қуўсамбекен? Дәрҳал үйге сүңгип кирдим де, панысты жағып қолыма көтердим де, қайтадан излеўге киристим. Далаға шыға бергенимде сейисхананың ишиндеги сабанханада әллекимниң ыңырсып, шыңғырған даўысы еситилди. Дийўалдан асырылып түсип, сейисхананың дәрўазасын ашып жиберген ўақтымда, қолымдағы паныс түсип кете жазлады. Өз көзиме өзим исенбей қақшыйдым да қалдым. Әлийман сабанның үстинде шалқасына түсип созылып, туўа алмай жан талўасында қыйналып атыр екен.

— Сениң бул не қылғаның? Неге маған айтпайсаң? — деп бақырдым да, оған қарай талпындым.

Оған жәрдемлесиў ушын қолтығынан көтерип демей бергенимде, қолым көйлегиниң ыссы қан сиңип қалған етегине малынып, сыпқанап кетти.

Әлийман қалай болса солай өрт болып жанып атыр еди. Ол дурыслап демин алалмай ентигип атырып:

— Өлдим, өлдим! — деп ыңқылдай берди.

Шамасы, бираз ўақыттан бери қыйналып, толғатып атырса керек.

— Қудай яр болғайдағы! Қудай яр болсын! — деп сыйындым да, оның өзлигинен туўа алмайтуғынын биле қойдым. Бундай ўақытта доктордан басқа адам жанға ара тура алмайды.

Оны жөнине қоя берип, ғабыр-ғубыр Айшаға жуўырып бардым да, әйнегин партылдатып сабаладым:

— Турыңлар! Тезирек турыңлар! Егленбестен арбаңды қос Бекташ. Әлийманның ҳалы қыйын болып атыр. Бола ғой қарағым, тезирек бол, оған қыйын болып атыр, — деп даўысладым.

Оларды оятып, жуўырып келдим де Әлийманға суў бердим. Оның тислери сарқумның ернегине сақыл-

дап тийип, бир-еки ирет жутқан болды да, тағы буратылып ыңырана берди. Соның арасында төсек тартып аўырып жатырған Айша да жетип келди. Бул да аяғының үстинде зорға тур. Әлийманның не ҳалда жатырғанын көриўи мәттал оның түри аппақ болып қалтырап:

— Әлийман, айнанайын, қарағым. Саған не болды? Әлийман, балам-аў, айнанайын Қорықпа. Кеселханаға апарамыз, — деи берди.

Сол сапары бизлердиң бақтымызға бола Бекташ түнде жумыстан кеш қайтып, атларын арбадан туўарғаннан кейин сейисханаға апармай-ақ, бастырманың астына байлап қойған екен. Демниң арасында ол арбасын қосып, айдап келди. Бизлер оның ултанына сабан таслап, үстине төсек, дастық салып, қараңғыда үшеўимиз зорға дегенде еплеп, Әлийманды көтерип арбаға жатқардық та иркилип турмастан жөнеп кеттик.

Аҳ, сондағы гүз айы, қараңғы түндеги жолдың азабын-ай!...

Кеселхана ол ўақытлары дәрьяның аржағындағы аўылда еди. Оған өтип баратуғын дәрьяның көпири де ықтағы айланбада, тәўир-ақ жер бар.

Аўылдан жаңа шыға бергенимизде, Әлийманның толғағы тағы қайтадан тутып, үстиндеги жамылып атырғанларын серпип таслап, буратылып таўланып, шыңғыра баслады. Мен оның басын диземниң үстине, сүйеп отыр едим. Биресе оның үстине көрпени жаўып, биресе панысты бетине тутып қарап, бар тапқан жақсы сөзлеримди айтып атырман. Арасында Бекташ та:

— Сабыр ет, жеңге. Ҳәзир жетип барамыз. Мине, ҳәзир барғанымызды көре қал. Көпирге дейин қол созым жер қалды, — деп қояды.

Көпирге дейин еле қанша жер бар екенин қудай билсин. Атларды жортақлатып қатты айдайын десек, арба улы салдырлы болып, Әлийманға бийжағдай болатуғын түри бар. Соның арасында жаўын да қаттырақ себелей баслады. Тас қараңғыда муздай жаўын, желимдей батпақ-ҳәммесиниң араласып биринен соң бириниң тап бола бергенине қараса. Бағанадан бери ширенип созылып, бақырып атырған Әлийман кәпелимде бирден тым-тырыс болып қырылдап қалды.

—Әлийман! Әлийман деймен! Саған не болды? — деп албырақлап, мен оның бетине паныста туттым.

Оның оттай жанып, уясынан шығып кете жазлап турған көзлери маған телмирип жаўтаңлап:

— Тоқтаңлар! Мен өлип баратырман. Тоқтаңлар! — деп қырылдап сыбырланды ол, қараўытып кеткен ләблерин тислеп ентигип.

Бизлер арбаны тоқтаттық.

— Мениң басымды жоқарырақ көтерип жибер, — деп өтиниш етти ол. — Дем жетпей атыр маған! — деп жылап жиберди, бетинен сорғалаған көз жасларын асығып жутып атырып: — Айнанайын, қәдирдан ене. Мениң ишимниң бәри өртенип баратыр, дәрманым жоқ. Мениң өлетуғын сылайым бар... Еткен барлық хызметлериңе рахмет, саған ырзаман ене. Мени әпиў ет... Егер Қасым тири болғанда... Уаҳ, Қасым, мен өлип баратырман... Мени кешир...

Мен Бийпатмаға сыйынып:

— Яқ, қызым, сен өлмегейсең. Сабыр ет, сабырлы бол, қарағым. Дәрьяның көпирине де келип қалдық, мине. Азырақ шыда, сен өлмегейсең! — деп бетине үңилип отырып жалындым.

Сол ўақытта Әлийман тағы созылып ширенип, иши көтерилип басылғандай болды. Ол қатты тисленип, еси аўып, ең соңғы ҳал-дәрманын сарп етип атыр еди.

— Бекташ! — деп буйырдым оған — Мынаның қолтығынан сүйеп көтерип тур. Тезирек бол. Уялма сен, қудай ушын тартынғанды қой, балам.

Бекташ Әлийманды сүйеп турды. Мен баланың шығыўына жәрдемлестим. Соңынан Бекташ пырқылдап жылап жиберген ўақытта бирден ядыма улы гүрсилди болып тусымнан өтип баратырған эшелон дөңгелеклериниң рельске тийген шақылдысына аралас: «Апа-а! Әлий-ман жеңге!» — деген даўыс самалдың зуўлаған пәти менен қулақларымның тусында еситилгендей болды. Изин ала, тап соның арасында жаңа туўылып атырған нәрестениң шырлап иңгалаған даўысы соған уласып кетти. Аҳ, өмир деген-ай, неликтен буншелли қатал ҳәм мийиримсиз, соқыр болдың. Бала туўылып еди, Әлийманның да ийегинен жаны шыға баслады. Ығалланған қызыл шақа нәрестени етегиме салып орайман дегенше бунын анасы —Әлийман, Бекташ қолтығынан сүйеген ҳалда басы бир қапталына қыйсайып, қоллары солтаңлап жансыз қалды.

— Әлийман! — деп бақырған ўақтымда даўысым бир түрли болып өзимниң сестиме усамай кетти. Дәр-

ҳал билегиниң қосарынан услап, тамырын көрсем соқпай қалыпты.

Қәпелимниң арасында мениң көз алдымда өмир ҳәм өлимниң гезлескенине қараң!

Бизлер кейнимизге қайтқан ўақытта таң атып киятырған еди. Таң ала геўгим қараңғылығында жапалақлап жаўған қар жолға жеп-жеңил болып үйирилип түсип турды. Дөгерек тып-тыныш, ҳәттеки, пүткил әлем аппақ тынышлық қушағында мүлгип турғандай сезиледи. Усындай тынышлық арасында қуйрық, жалы аппақ қарға малынып шаршаған атлар арбаны ҳазарсыз ғана тартып, Бекташ төмен қарап еңиреп отырған еди. Ол атларды тежеп, қамшы силтеген жоқ. Бекташ жол бойынша жылап келди. Мен баланы шапаныма орап, қойныма басып, арбаның қапталында пияда киятырғанымда, аппақ қар көзлериме қапқара болып көринди.

## 16

Мине, солай етип урыс ең соңғы мәртебе меннен өшин алып тынды. Сол күнги мениң жүрип өткен жолым, бинай өмиримдеги ең аўыр, қыйын жол болды. Ҳәтте, бүйтип тири жүргеннен көре, өлип кеткен абзал екен ғой, деген жаман қыялллардың басына да бардым... Мен сөйтип киятырсам қойнымдағы бала жып-жыллы болып, думаланып тепкилеп, тынбастан жылап келе берди. «Буншелли бақытсыз болып туўыларсаң ба, ингә деп жерге шырлап түсиўиң мәттал, анаң менен хошластың» деп гүбирленемен. Усындай ҳәсиретли жылаўға араласып, кеўилимниң бир жерлеринде үмитли пикирлер пайда болды: «Бул өмир тап-тақыр болып тандыры шығып, қуўарып қалмаған шығар, изинде бир жапырақ нарты қалыпты ғой». Соның арасында тағы да: «Әй, усы келе болып не қарық болар дейсең. Анасының уўыз сүтине бир тоймаған нәресте көп жасар дейсең бе?» — деп гүманлана беремен. Бирақ, сөйтсе де баланың тири қалыўын шын кеўилимнен тилеп: «Қудайым, ҳеш болмаса енди усыны тири қалдыр! Усының өмир жасын бер. Итимал, тири қалар?» — деп тәғдирге жалбарынаман. Қулласы, усындай шәлкем-шалыс ойларға талып киятырғанымда таң пәраўан атып, аўылға да жақынлап қалған екенбиз ғой.

Аппақ, жуп-жумсақ қар кем-кемнен қалыңлап жаўып, әтирап еле тыныўшлық қушағында мүлгип тур еди. Усындай тыныўшлық арасында урыстан бурын, шала салынып, питпей қалған жайлардың қарабаханасы шығып атырған үйиндилери бурынғыдан да бетер ысқынсыз ҳәм қорқынышлы болып сезилди. Бул қатарға буннан жети жыл бурын салынған, имаратлардың тек сүлдери қалғанлықтан маған солай болып көринди. Дүнкийген кесеклердиң арасын қуўрай, ғаўлаған жантақ басып кеткен. Аспаннан жаўған аппақ қар, олардың арасындағы қуўыс-қолтық, кемисин жасырып жаўып атыр. Қасым менен Әлийманның жай саламыз деген жерине көзим түскен ўақытта, тап олардың арзыў-әрманларына орнатылған естеликтей болып қәнапаттай тас ҳәм гербишлер еле сол турысында үйилип жатыр еди.

Енди биротала мәңгиликке тынышланған Әлийманның көзи жумылып, арбада аппақ болып жатыр. Басы арман-берман шайқатылып, оның бетине түскен қарлар еримей атырған еди.

Аўылдың шетиндеги үйдиң тусына келгенимизде, Бекташ арбадан секирип түсти де, өмириниң ишинде биринши мәртебе адамның өлими ҳаққында адамларға хабрлап, өкирип жылап жиберди. Адамлар үйлеринен шығып, бизлерди көз жасы менен күтип, қоршап алды. Көшени жаңғыртып жылап киятырған Айша, дәрҳал қолымдағы баланы алып үйине кетти.

Арадан бир күн өткеннен кейин, бизлер Әлийманды жерледик. Дәстүр бойынша ҳаял адамның қәбирстанға бармаўы керек еди. Бирақ, мен бардым, Бармайсаң деп ҳеш ким айталған да жоқ. Деген менен үйимнен кирип шығып турған ер адам болганда, мен халық дәстүрин бузбаған болар едим. Мен Әлийманды қәбирдиң ишине өз қолым менен жайғастырып, ең әўели өзим биринши болып, оның үстине бир қысым топырақ тасладым. Сол күни де аппақ мамықтай қалың қар жаўды. Әлийманның қәбириниң үстиндеги қызғыш топырақты демде қар басып, аппақ болып дүмпийип қалды.

Бәҳәр шыққаннан кейин, Әлийманның қәбириниң басына гүл ектим. Ҳәр жылы бәҳәрде усылай етемен. Өйткени, ол гүлди жақсы көретуғын еди...

Сөйтип өмир тағы да өз аңғарына түсип кете берди. Нәрестеге Жанболат деп ат қойдым. Дәслепки

күнлери оны Жорабек ғаррының келинине емизип, соңынан ешкиниң сүтин берип бақтым. Екеўимиз көрмеген азаптың түри қалмады десем де болады. Буны айтыўдың да кереги жоқ. Бир сөз бенен айтқанда жаратылысында оның пешанасына тири қалыў жазылған екен. Тәғдирге буның ушын да ырзаман. Қудайға шүкир, ҳәзир ол он еки жасқа шақты. Оны жаслайында емлеген доктор — ҳәзир пүткил аўыл-елге белгили, абырайлы адам болды. Сол жигит мени көрген сайын:

— Апай, ақлығың қалай, өсип атыр ма? — деп сорап турады.

— Қудайға мың қәтле шүкир, жигит болып қалды! — деймен оған.

Ол маған қарап күлимсиреп турып:

— Солай болсын, апай, жақсы адам етип тәрбиялай бер, — дейди.

Ол бизлер Жанболат екеўимизди бурыннан биледи, ақыры. Жанболат ол ўақытлары бир ярым жаслар шамасында еди. Айтарың бар ма, ол жасында аўырыўлы болып өсти. Ҳәтте, бир сапары аязлап аўырып, өлим ҳалатынан қалды. Қарасам, еринлери көгерип, көзлери жумылып, елпилдеп дем алып атыр. Дәрҳал көтердим де кеселханаға қарай ала жуўырдым. Түн иши. Докторға тезирек барайын деп қыс айы болса да, дәрьядан кешип өттим. Доктор бир жас бала екен. Шамасы, жақында оқыў питкерип келген болса керек. Ол мениң ызғар кийим менен суўықтан қалшылдап турғанымды көриўден, қолларын сермеп:

— Бул не, жин қағып кеткеннен аманбысаң өзиң? Ким саған суўдан кешип өтиўге рухсат берген? Ата-анасы қайда буның? — деди қолымдағы балаға қарап.

— Буның әкеси де өзим, шешеси де өзим, балам. Қолыңнан келгенинше тири қалыўына ҳәмел ет. Усыдан өлип қалса, мениң тири жүриўимниң кереги жоқ, — дедим мен оған.

Сол сапары ол түни менен баланың қасынан шықпай, ҳәр еки сааттан кейин дәри жиберип шаншып турды. Маған да қурғақ кийим бергизип, дәри иширди. Сөйтсе де таңға жақын, тула бедeним күйип-жанып, қан таслап, сүреме жығылдым. Қалың ыссы думанның арасында ес-ҳуўшымды билер-билмес болып жатып қалдым. Бирақ, доктордың тез-тез жаныма келип, муздай қолын маңлайыма басып:

— Беккем бол, апай. Ақлығыныц бети берман қарап, тәўир болып киятыр, ҳәтте күлетуғын болды, — деп кеўилимди алғанларын билемен.

— Олай болса, мен де еплеп аяғыма минип кетермен, — деп сыбырладым.

Итимал, ақлығымның тәўир болғанлығы себебинен, мен де тири қалған шығарман.

Быйыл жазда бир қызық ўақыя болды. Каникул күнлери ол далада ойнап жүр еди. Бир қарасам, иштен Қасымның велосипедин көшеге алып шығыпты. Қәдимги жигирма жылдан бери дәнханада жайдың төбесине асыўлы турған велосипед ғой. Шығарыўын шығарыпты да сөйтип ол жер-бул жерин шуқыластырып оңлап отыр екен. Не қылар дейсең, баладағы, көрип-көрип өзи-ақ таслап кетер деп үндемедим. Оның оңлайтуғын жери де қалмаған: темирлерин тот басып, резинкалары да дәртке аспай қалған ақыры. Өзи менен бирге ойнайтуғынлар да Жанболаттың қасына топланып күлисип атыр. Олар бунын несин оңлап отырсаң десе де, бул өз билдигине салып, өжетленип оңлай берди. Егер Бекташ келип араласпағанда, оның қолынан велосипед оңлаў келетуғынын билмедим, бирақ. Ол да бул иске қунығып, бир хожалықтың ийеси болыўына қарамастан, тап балаларға усап кирисип кетти. Бекташ Жанболатты әзелден жақсы көретуғын еди, ҳәттеки иретинде мектебине — муғаллимлерине де барып келеди. Ол Айшаның тири ўақтында-ақ үйленген еди. Айша Әлийманнан үш жыл соң қайтыс болды. Заманлас, қатарымнан айырылғаным сонда бир жаныма батып еди... Оның менен талай жақсы-жаман күнлерди бастан кеширген едик. Бекташ еси-ақылы пүтин адам болып ер жетти. Ҳәзир үш баласы бар. Ҳаялы Гүлсин қоңсыға жайлы, көргенли жердиң қызы болып шықты. Бекташ та арбакешликти қашшан қойып, көптен бери комбайншы болып ислеп атыр.

Бир күни Жанболат велосипедин жетелеп келди. Велосипедти жақсылап тазалап, майлап алыпты. Өзиниң де саў жери жоқ — үсти-басының бәри дағалланып май болып қалыпты.

— Кемпир апа, ағамның велосипединиң қандай болғанына қара! — деди ол өз исине кеўили толып.

Қуўанғанымнан бир түрли болып кеттим. Оның бул сөзлери маған ҳәм дәрман, ҳәм ҳәсирет бағыш-

лап жиберген еди. Ал, Жанболат болса мақтанышлы кейипте:

— Мен айдаўды да үйрендим. Мине, қарап тур! — деди.

Велосипединиң ерине минейин десе, аяғы педалға жетпейди. Сонда да ол велосипедтиң бир қапталына қыйсайып жармасып, арман-берман бултаңлатып, жығыла жазлап айдап баратырғанда қорыққанымнан:

— Түс, жығыласаң!—деп изинен бақырдым. Ол буннан сайын қаттырақ айдап дәрўазаның алды менен көшеге қарай кете берди. Мен де изинен бара бердим. Жол менен еңди саррослап айдап баратырған ўақытта, велосипедке қосылып, оңбағандай болып жығылды. Жуўырып барып оны жерден көтерип алдым да:

— Өлгиң келип жүрген шығар сениң, солай ма? Ямаса басқа бир қыялың бар ма? Қой енди, буны айдайман дегенди! — деп бақырып таслады.

Ол сонда да:

— Енди жығылмайман, кемпир апа. Бул тек бириншн жығылыўым, мен еле велосипедтен жығылып көрген жоқпан, — деди.

Күлип жибердим. Қарасам, Бекташ үйиниң алдында тур екен. Тек мәзи қарап турған болса керек. Ол да үндемеди, мен де ҳеш нәрсе демедим. Бирақ, бизлер бир-биримизди үнсиз түсинип турған едик.

Арадан көп ўақыт өтпей, егинлер орaққа келип писип қалды. Бир сапары кеште Бекташ үйге келип:

— Жанболатты комбайнға жәрдемши етип алғым келип жүр, — деди.

— Жараса алабер, — деп мен оған келисим бердим.

Алабер деп айтыўын айтып рухсат берсем де, шыдай алмай еки күннен кейин Жанболатты көриў ушын кейнинен бардым. Еле буўыны қатпаған жас нәрсе ғой, мүмкин, қыйналып жүрген шығар, деген ой келди маған.

Атыз басына келсем, мениң Жанболатым комбайнда сабаншы болып ислеп жүрген екен. Ол мени көриўден, тап бир таўдың басында турғандай болып:

— Кемпир апа! Мен мындаман! — деп бақырды.

Штурвалдың қасында турған Бекташтың маған көзи түсип, қолын былғап, еки бүкленип тәжим берди.

Сол күни кешке дейин жаптың бойындағы теректиң саясында, бийдайдың қалай орылып атырғанына қарап отырдым. Комбайннан шыққан бийдайды қырманға тасыған машиналар жолды шаңғытып, арман-берман тусымнан өтип турды.

Геўгим түскенде комбайншылар дем алыўға келди. Жанболат шаршаса да кеўилли болып, Бекташқа еликлеп, келе-сала үндеместен жаптағы суўдың үстине дөнип турып, ярым белине дейин жуўынып алды. Соңынан ол мениң қолымдағы түйиншикти көрип:

— Кемпир апа, бул не, алма алып келдиң бе? — деп қуўанып қоя берди.

— Әкелдим, — дедим мен.

Ол жуўырып келип, мойнымнан қушақлап еркелеп, бетимнен сүйе баслады.

Бекташ мырсылдап күлип жиберди де:

— Бағанадан бери усындай етсең болады ғой, жүдә келистирип гәрдийе бергенше. Қәне, еркелей бер, еркелей бер, соңынан қолың тиймей қалады, — деди.

Көшпели вагонның қасына барып, кешки аўқатты ишиўге отырдық. Дастурхандағы нан жаңа ғана тандырдан шыққанлықтан еле ыссы еди. Жанболат шөректиң шетинен сындырып алып:

— Ал, кемпир апа! — деди.

Бир тислем нанды аўзыма салыўдан мен комбайншылардың өзиме бурыннан таныс ийисин сездим. Бул нанда лампамайдың ийиси, темирдиң таты, сабан ҳәм жетилип пискен бийдайдың дәми бар еди. Айнымаған тап баяғы урыс басланатуғын жылдағыдай... Мен шайнаған нанымды көз жасыма араластырып жутып атырып: «Нан өлмейди екен-дә, сен тыңлап турсаң ба, жигербентим, Қасым! Өмир де өлмейди екен, мийнет те өлмейди екен!» — деп ойладым.

Комбайншылар мени үйге жибермеди. Бир арнап келе қойған екенсең, енди атыздың басында қонып кет, — деди. Олар маған сабанның үстине төсек салып берди. Сол сапары ақшам, аспанға қарап жатырсам: Қус жолына тап жаңа ғана алтын ирецли сабан шашылып, дән ҳәм топанның қыйқымлары самал тийип, елпилдеп атырғандай болып сезилди. Әне, усы ғуж-ғуж жулдызлы бәлентликтеги аспаныў-пәлекте, Қус жолын қақ айырып, алыслап баратырған эшелон деңгелеклериниң «тақа-туқ» дүсирлиси, алыс-

тан зорға-зорға талып еситилген муңлы ҳәм татлы қосықтай кем-кемнен үзилип кете берди. Рельслер үстинде зырлаған дөңгелеклер мени бийҳазар тербетип баратырғандай сезилип, қалғып баратырып мынадай қыялға берилдим: бүгин дүньяға тағы бир дийқан келди. Илайым, оның өмир жасы узақ болып, сепкен туқымлары аспандағы жулдызлардай есап-сансыз болғай, деген тилек пенен уйықлап кетиппен.

Таңның алдында орнымнан турып, комбайншыларға мәлел бермей-ақ қояйын, деп ауылға қайттим.

Көп жыллардан бери тау үстине дөнип турған тынық ҳәм әжайып таңды көрмеген едим. Бозторғайлардың да бундай болып сайрағанын көптен бери еситпегенмен. Ол кем-кемнен жоқары пәлпәллеп, шексиз көгилдир ашық аспанда сары сурғылт ноқаттай болып көринди. Былайынша айтқанда ол көкке көтерилип шыққан адам жүрегиндей бир орында тынымсыз тербетилип, соншелли нәзик ҳәм кеўилди толқынландыратуғын намаға салып, кең даланың үстинде шырылдап тур еди.

«Қәне, бир қарап жибер, бизлердиң торғайымыз сайрап атыр» — деген еди, бир ўақытлары Субанқул. Әжайып емес пе, ҳәттеки, бизлердиң меншиклеп қойған торғайымыз бар еди. Демек, сен де өлмейди екенсең, мениң бозторғайым!

## 17

— Әй, мениң қәдирдан қутлы далам, ҳәзир жыйын-теримнен кейин дем алып атырсаң. Ҳәзир бул жерлерде адамлардың даўысы еситилмейди. Машиналар да арман-берман қатнап жолдың шаңын суўырмайды. Комбайнлар да көринбейди, атызларға еле маллар да жайылған жоқ. Сен өз қойыныңда өсип-өнген ырысқы-несийбелерди адамларға берип, туўғаннан кейин аяқ-қолын баўырына алған ҳаялдай болып көсилип жатырсаң. Сен еле адамлар сүримге шығаман дегенше, усы тақылетте дем алып жата бересең. Ҳәзир бул әтирапта сен ҳәм мен барман. Басқа ҳеш ким жоқ. Сен мениң барлық өмир тарийхымды билесең. Бүгин мениң Субанқул менен Қасымның, Масалбек пенен Жайнақтың ҳәм Әлийманның руўхын еске алып сыйынып, олардың ҳаққына тәжим берип, ийилетуғын күним. Ҳәзирше мен тири жүргенликтен,

оларды ҳеш қашан да ядымнан шығармайман. Уақты-сәәти келген күни булардың бәрин де Жанболатқа айтып беремен. Егер жаратылысында ақыл-еси пүтин болып туўылған болса, ол булардың ҳәммесин де дурыс түсинеди. Ал, енди басқаларға, бул дүньяда жасап атырған аты-жөни нәмәлим адамларға не десем екен? Мениң оларға да айтатуғын гәпим бар. Бирақ, айтқан менен мен ҳәмме адамлардың кеўлинен шыға аламан ба?

Әй, аспанда жарқырап қалқыған қуяш, сен жер шарын айланып жүресең, буны сен айтып бер адамларға!

Әй, тода-тода болып жүрген жаўынлы бултлар, жер жүзине шарапатлы ақ жаўын болып қуйып, ҳәр тамшың менен сен айтып бер буны!

Қәдирдан ана-жер, сен бизлердиң бәримизди де сийнеңниң үстинде сақлап турсаң. Дүньяның барлық жериндеги адам баласын өз ырысқалың менен тойғызып турған да сен. Айнанайын ана-жер, сен де буны адамларға айтып бер!

— Яқ, Толғанай, сен айт. Сен — адамсаң. Сен ҳәмменен де жоқары турасаң, сен бәриңнен де ақыллысаң, сен — Адамсаң! Сен айт! Сен кетип баратырсаң ба, Толғанай?

— Аўа, кетип баратырман. Егер тири болсам, тағы айланып келермен. Хош бол, далам...

---



# ЫРАЗЫ БОЛ, ГҮЛСАРЫ!



## 1

Қаўсап қалған арбаны бир ғарры айдап баратыр. Арбаға жегиляген боз жорға—Гүлсары да жүдә ғарры еди. Бәлентликке шығып алғаннан соң жол диңкени қуртатуғын дәрежеде алыс. Сарғыш тартқан кең даланы қысы менен суўық самал жаласа, ал жаздың күни дозағы шығып кетеди.

Бул ойлы-бәлентликлер бирдейине Танабайдың жанына егеў салатуғын нағыз азап еди. Бир ўақытлары ол әстен жүргенди жақтырмайтуғын адам болды. Жас жигит ўақтында район орайына жийи-жийи қатнап, қайтарсын ол ҳәр сапары дизгин ушынан қуйдырып атты аямастан қамшыға тутып, таўға пәт пенен шығып кете береди. Ал, егерде өгиз арбада жолаўшылар менен баратырған болса, онда Танабай жерге секирип түсип, үндеместен, кийим-кеншеклерин ийнине қағып салады да, пиядалап тарта береди. Тап бир саўашқа жөнелип баратырғандай, жан-ийнине от түсип, бәлентликке шыққаннан кейин тоқтап алады. Сөйтип, ентигип дем алып отырып, изинде, — төменде тырбаңлап киятырған арбаны күтеди. Бәлентликке тез жүрип шыққанлықтан, жүреги ҳалласлап урып, көкирегинде шаншыў турады. Қалайда, бул оған арбада ырғаңлап отырғаннан тәўир.

Тийеберсин, марҳум Чора пақыр Танабайдың усындай ерси әдетин көрип, оның ашыўын келтиргенди жақсы көретуғын еди.

— Исиңниң неге келиспейтуғынын билесең бе, Танабай? — дейди ол. — Қудай ҳаққына, күйгелек— сабырсызсаң. Саған салса ҳәмме нәрсе тезирек, ғабырғубыр бола берсе. Дүнья жүзилик революция да саған бирден демниң арасында бола қалса! Революция да жөнине бара берсин, ал енди Александровкадан бәлентликке шығатуғын жолда жүриўге де тақатың жетпейди. Өзиңдей адамлар арбада биймәлел отырып ке-

ле береди, ал сен болсаң, секирип түсип, изиңнен қасқырлар қуўып баратырғандай таўға қарап жуўырасаң. Усыннан не пайда табасаң? Ҳеш нәрсе! Бәри бир, төбеде отырып алып изиңдегилерди күтесең. Билип қой, дүнья жүзилик революцияға да бир өзиң бармайсаң, басқалардың да жетип барыўын күтесең.

Бул бир заманлардағы, өтмиштеги гәп еди.

Бирақ, Танабай Александровкадағы бәлентликке бул сапары қалайынша шығып қалғанын өзи сезбей қалды. Ғаррылыққа да көнлигип қалған екен. Арбаны қатты да айдамады, әстен де айдамады. Атты өз жөнине жиберди. Енди Танабай мудамы жалғыз өзи жолға шығады. Бир ўақытлары бул жоллардан шаўқым-сүрен салып, оның менен бирге жүрген отызыншы жыллардағы бир топар жас жигитлерди енди атлы излеп таба алмайсаң. Гейпаралары урыстан қаза тапты, гейпаралары әжелинен өлди, гейпаралары аўылда болған менен олардың да санаўлы күнлери қалды. Жаслар болса машина менен жүреди. Өликсе, қуршаңқы ат жегилген арбаға минип оның менен сирә жүрер ме.

Ески жолда дөңгелеклер шыйқылдап баратыр. Мәнзил алыс, алды шөлистанлық, каналдың арғы жағындағы таў етегин жағалап, және тәўир-ақ жүриўи керек.

Танабай аттың манаўсырап, мәжәлиниң қурып баратырғанын әллеқашан сезе баслаған еди. Сөйтсе де ол өзиниң мунлы қыяллары менен бәнт болып, оған өләмәта итибар бермеди. Енди ол аттың жолда талықсып қалатуғынына басын қатырып отырсын ба? Буннан бетерлери де болған. Баратуғын жерге жеткизеди, еплеп омыраўлап сүйреп барады-дә...

Түри сап-сары болғанлықтан Гүлсары деп аты кешкен қуршаңқы жорғасының өмиринде ең соңғы мәртебе Александровка бәлентлигине көтерилгенлигин ҳәм оның ақырғы шақырымларды басып баратырғанын қайдан билсин ол. Ат бес буўдай жегендей басы ғыргүбелек айланып, оның қараўытқан көзиниң алдында жер дөңгеленген көгис түсли шаңғыттай қубылып, тербетилип көк жийекке тирелип атырғандай елеследи. Гүлсарыға жол гейде бирден қап-қараңғы бослыққа түсип кеткендей, гейде алдындағы таўлардың орнында қызғыш думан ямаса түтин пысқып атырғандай болғанын Танабай қайдан билсин.

Аттың зорыққан жүреги силкип аўырып, қамыт ағаштың касапатынан дем алыўы барған сайын қыйынласып баратыр еди. Бир қапталға аўып кеткен ер-тоқым арқасына қатты батып, күшенниң шеп жағындағы әллеқандай ушлы нәрсе желкесине мудамы қадалып шаншылып атырғандай бола берди. Шамасы, бул шаншылып киятырған тикенек қамыт ағаштың астындағы күшеннен шығып кеткен мыйықтың ушы болса керек. Шоқлығындағы гүптей болып кеткен ески жаўырдың аўзы ашылып, шыдап болмаслық дәрежеде зәҳәрдей ашығанлықтан сызлап аўырып баратыр. Ол тап батпақлы судңгардан оммалап киятырғандай, аяқлары да барған сайын аўырласты.

Бирақ, сондай болса да қартайған ат соңғы күшлерин жәмлеп алып жүрип киятыр. Танабай ғарры болса оған ҳәр ўақта бир «шүў, шүў» — деп жылаўын силкип тартып қояды да, тағы өзи менен өзи болып ойланып қалады. Оның ойлары көп еди...

Дөңгелеклер ески жолда шыйқылдап баратыр. Гүлсары ең бириниши ирет аяғынан тик турып, анасы — үлкен жаллы бийениң изинен отлақларда ойнақлап, үркип-сескенип жортақлап кеткеннен бери бир мәртебе де жаңылыспаған сол жорға жүрис, бир бап пенен жүрип баратыр.

Гүлсары туўды-питти жорға еди, әне усы даңқын шығарған ҳөнери себепли өмириниң ишинде оның басына көп ғана жақсы ҳәм жаман күнлер түсти. Бурынлары Гүлсарыны арбаға жегиў ҳеш кимниң қыялына келмеди, өйткени, оны көз қыйып арбаға қосыў көргенсизлик болар еди. «Әттең, ат басына күн туўса аўызлығы менен суў ишер, ер басына күн туўса етиги менен суў кешер» дегениндей бар екен.

Булардың ҳәммеси өтмиштеги гәплер. Ҳәзир бул жорға бар күшин сарп етип, өзиниң ең соңғы шегине жетиўге талпынып баратыр. Ол ҳеш қашан да мәнзилге буншелли әстен барған емес, ҳәм ҳеш қашан да оған буншелли тез жақынласпаған да еди.

Дөңгелеклер ески жолда ғажырлап баратыр.

Туяқлары астындағы қатты жердиң аманат екенлигин сезген аттың солғын муңлы қыялында өтмиштеги бир емески көринислер жанланды: жаздың сол бир узақ күнлериндеги таўлардағы шық түскен ширели көк майса шөплердиң таң қаларлық ҳәм әжайып келбети... анаў төбеден мына төбеге қулдыраған ай-

ғырдай көкте шарықлаған қуяш, бәри-бәри де оның көз алдына елеслеп келе берди. Сонда бул Гүлсары деген ақымақ қулыншақ күнди қуўып жетиў ушын ҳаллас уратуғын еди-аў. Сонлықтан ғайбар айғыр оның изине қулағын жымыйтып түсип, үйирге қосаман дегенше ол дәрья ҳәм жайлаўларды, путалықларды қақ жарып пысқырып шаўып жүре беретуғын саўлатлы кешелердеги мәҳәллерди—емески елести зорғазорға көз алдына келтирди. Енди узақ өтмишке айланған сол ўақытлар ҳәзир қайта елеслеп, жылқылар тап көлдиң ултанында аяқлары аспанға қарап жүргендей, ал анасы үлкен жаллы бийе болса қан жылым сүтли бултқа айланғандай сезиледи. Ол анасының бирден меҳрибанлық пенен пысқырыўшы бултқа айланып кеткендеги усындай ўақытларды жақсы көретуғын еди. Оның емшеклери тырсыйып, ийип, ләззетли болып кеткенликтен, еринлеринде сүттиң көбиги билинип, бул тайыншақ сүттиң ағар булақ көплигинен ҳәм мазалылығынан ентигип ғарқ болып қалады. Ол үлкен, жаллы бийе анасының бүйирине тумсығын тиреп турыўды жақсы көретуғын еди. Соншелли ләззетли ҳәм мәс ететуғын сүт еди бул! Пүткил әлем — қуяш, жер, анасы бир жутым сүтке жайласқандай еди. Тойып емип болғаннан кейин тағы бир жутым тағы ҳәм тағы емиўге имканият бар еди.

Әттегене-ай, бундай ўақытлар узаққа созылмады. Арадан көп өтпей барлық нәрселер өзгерип кетти. Енди аспан гүмбезиндеги қуяш шарықламайтуғындай, таўдан-таўға секирмейтуғын болып қалды. Жылқылар да бурынғыдай өңкилеп жүрмейтуғын болды. Жайқалған отлақ олардың аяғының астында тапланып, қараўытып, арасынан көринген таслар тасырайысып қалды. Үлкен жаллы бийе баўыры қатты ана болып шықты. Тайыншағы ҳәдден тысқары бийзар еткенде, оның желкесинен қатты тислеп алатуғын болды. Енди сүт жетиспеди, отлаў керек еди. Узақ жылларға созылған, ал ҳәзир таўсылып баратырған тиришилик сол күнлерден басланған еди.

Жорғаның усы өткен узақ өмириниң ишинде мәңгиге жоғалған сол жаз қайтып тәкирарланбады. Ол ертлеўли ҳалында ҳәр қыйлы жолларды басып өтти, оны ҳәр қыйлы шабандозлар минди, бирақ сонда да жоллардың ақыры көринбеди. Тек енди ғана қуяш өз орнынан қозғалып, жер болса аяқларының астында

тенселип, көзлери қараўытып шапырасып баратырған бир ўақытта, сонша жыллардан бери қайтып келмеген жаз ҳәм оның көз алдында пайда болды. Ҳәзир оның көз алдында сол таўлар, сол жайқалған отлақлар, сол жылқылар, сол жаллы, үлкен бийе елеслеп, емески көринип кетти. Ол күшен менен қамыт ҳәм арыстан қутылып алып, тосаттан пайда болған өтмишке қәдем таслаў ушын күшиниң барынша талпынып, жан-тәни менен тепсинип киятыр. Бир алдамшы елес, гейде оны алып кетип, бунын жүдә диңкесин қуртып баратыр. Анасы оны қулыншақ ўақтындағыдай көрип, әстен киснеп шақырып атырғандай, жылқылар бүйири менен түртип, қуйрығы менен сабалап желпип баратырғандай, буның болса самалға бәрдаш бериўге күши жетпей атырғандай еди. Ҳеттеки, самал кем-кем күшейип, оны жулқылап, көзлерин ҳәм мурынларының желбезеклерине қар тығылып атырғандай, қаратерге батып, суўыққа тоңып, уйытқыған сол ала-пасырлы ызғырық қуйынлардың ишинде үнсиз көмилип, жоқ болып баратырғандай болды. Мине, енди таўлар да, отлақлар да, дәрья да ғайып болды, жылқылар қашып кетти, тек анасы үлкен, жаллы бийенин сүлдери ғана онын көзине шала-шарпы көринип турыпты. Ол қулыншағын жекке таслап кеткиси келмей, оны өзиниң алдына оқыраныл шақырады, Гүлсары ышқынып киснеп жиберди, бирақ өз даўысын өзи еситпеди. Ҳәмме нәрсе жоғалып кетти, ызғырық та тынды. Дөңгелеклер ғажырламай қалды. Қамыт астындағы жаўырдың да аўырғаны сезилмеди.

Жорға тоқтады да тентиреклеп кетти. Оның көзлери ашыды, басы үзликсиз ғуўлады.

Танабай дизгинди арбаның алды бетине таслап, ебетейсизленип арбадан түсип, қурысып қалған аяқларын жазды да, қабағын үйип аттың алдына келди.

— Ҳә, жаманлатқыр! — деп әсте жекиринди ол жорғаға қарап. Ат узын мойнын созып, нәмнаған басының салмағын қамытқа салып тур еди. Гөне-көкси жабылған жорғаның қабырғалары менен қабысып қалған бүйири көтерилип - басылып тур. Бир ўақытлары сап-сары, алтын жалатып қойғандай ат, енди тер ҳәм шаңның тәсиринен қоңыр түске енген еди. Көгилдир тердин тамшылары ийрек-ийрек из қалдырып, қаңқайған сүйек, саўырысынан қарнына, аяқларына, туяқларына тамып тур.

— Қатты айдаған жоқ едим ғой, — деп гүңкилдеди Танабай ҳәм ғабыр-ғубыр айылды босатты, суўлығын алды. Суўлыққа ыссы ҳәм жабысқақ силекей жуққан еди. Постынының жеңи менен жорғаның тумсығын ҳәм мойнын артты. Сөйтип қалған-қутқан пишенлерди жыйнаў ушын арба бетке өтти, сыпырып-сыйырып ярым қушақ етип аттың алдына таслады. Бирақ ол, пишенге қайрылып та қарамай, дир-дир қалтырады. Танабай жорғаның аўзына бир қысым пишен тутты.

— Мә, ал енди же, саған не болды?!

Жорғаның еринлери қыймылдады, бирақ пишенди қымтып алмады. Танабай оның көзлерине қарады да, қас-қабағы үйилип кетти. Ол аттың шүңирейип кеткен, шала жумылған көзлеринен ҳеш нәрсени көрмеди. Бул көзлер ийесиз қаңырап қалған жайдың айналарындай кеўилсиз ҳәм мәниссиз еди.

Танабай албыраңқырап жән-жағына қарады: алыста—таўлар, әтирапы бийдай аңызлық, аңызда ҳеш ким көринбеди. Жылдың усы мезгилинде жолаўшылар бул жерлерде жекке-сийрек ушырасады.

Ғарры ат ҳәм équipe кексе адам қула майданда жекке жалғыз турыпты.

Февраль айының соңғы күнлери. Ашық жерлердеги қарлар ерип кеткен, тек жардың тасасындағы ҳәм қамыс басқан сайларда қалған үргин қардың соңғы шоқалақлары қасқырдың жалындай болып жатыр. Самал гөне қардың ҳәлсиз салқын лебин желпип әкеледи. Жер еле музлап, жансыз жатыр. Қыстың ақырына таман таслақлы дала ҳүўлеп кеўилсизленип кетеди. Оған бир қараганның өзинде Танабайдың ишине муз қуйылды.

Ол көгис шоқ сақалын шошайтып, постынының май синип қалған жеңиниң астынан батыс тәрепке көп ўақыт қарады. Қуяш жердиң бир шетине барып бултлардың арасында илинип тур еди. Оның шашыраған нуры көк жийекке тарқала баслаған еди. Ҳаўа ырайының өзгериўинен дәрек беретуғын ҳеш қандай белги сезилмеди. Сөйтсе де күн суўық болғанлықтан кисини гүманландыратуғын еди.

«Бундай боларын билгенимде жолға шықпайтуғын едим? — деп өкинди Танабай. — Енди минекей, я алдыма, я изиме жүре алмайман. Сырдандай дала-

ның ортасында қалдым да бардым. Атты да бийҳуўда набыт етемен».

Ертелеп жолға шыққанда тәўир болатуғын еди. Күндиз жолда бир қолайсыз ис болып қалса бирлиярым жолаўшының дус келиўи итимал еди. Ол болса күн аўғаннан соң жолға шықты. Усындай биймезгилде жолға атланыў мүмкин бе, ақыры?

Танабай изинен, я алдынан бир машина көринип қалмаспекен деп дөңликке шығып, дөгерекке қарады. Бирақ, я ол жақтан, я бул жақтан ҳеш нәрсе көринбеди де, еситилмеди де. Ол изине, арба турған жерге қайтты.

«Жолға бийкар шыққан екенмен» — деп ойлады. Танабай асыққанлығы ушын өз-өзине кейип. Оның ашыўы келгенликтен жанынан тойып, баласының үйинен тезирек кетиўге себепши болған ҳәм мәжбүр еткен барлық нәрселерге наразы еди. Қонып қалып, атына дем бериўи керек еди, әлбетте. Олар болса!...

Танабайдың жини тырысып қолын силтеди. «Бәри бир, қонбайтуғын едим, пияда болсам да кететуғын едим» — деп өзин-өзи ақлады ол. — Қәйин атасына да усындай гәпти айтамекен, ақыры? Қалай болғанда да мен атасыман ғой. Айтатуғынына қара, «барлық өмириңди шопан, жылқыман болып өткеретуғыныңды билгеннен соң партияға кирип не қылайын деп едиң, мине, қартайғаныңда шығарып жиберди?! — дейди-ә. Баламызға болайын. Мыңқ етпейди-ә, заңғар, ҳаялының бетине қараўға да қорқады. Егер қатыны оған әкеңнен без, десе яқ демейди. О, келте қоныш, ләтте пәм, тағы баслық болып көтерилиўге талпынып көрип атыр. Ҳә, сөйлегеннен не пайда! Ҳәзир илгери адамлар емес, басқаша болып кеткен».

Танабай қызып кетти, көйлегиниң сәдебин жаздырып жиберди, еснеп демин алып, арбаның жанында жүре баслады. Ол атты да, жолды да, түн болып киятырғанын да умытқан еди. Ол өзин баса алмады. Сол жерде баласының үйинде, келини менен айтысып отырғанды өзине ылайық көрмеди. Дүзге шыққаннан кейин енди бирден ғыжырданы қайнап кетти. Ҳәзир болғанда жол бойы ашыў үстинде ойлап киятырған гәплериниң бәрин быжғыртып бетине айтар еди. «Мени партияға қабыл еткен сен емессең, шығарған да сен емессең, сол ўақытта не болғанын сен қаяқтан

билесең, келин бала! Сол ўақытта болып өткен нәрселер ҳаққында пикир жүритиў ҳәзир аңсат. Енди ҳәмме саўатлы, иззет-ҳүрметте өз жайында. Бизлерден болса талап ететуғын еди. Аўа, сондай етип талап қылатуғын еди, әкең ушын, анаң ушын, дос ҳәм душпаның ушын, өзиң ушын, қоңсыңның ийти ушын, дүньядағы барлық нәрсе ушын жуўапкер едик. Мени партиядан өширгени менен сениң жумысың болмасын. Оны өзим билемен, келин бала! Буның менен сениң исиң болмасын».

— Буның менен сениң исиң болмасын! — деп даўысын шығарып тәкирарлады ол, арбаның жанынан ары кетпей. — Исиң болмасын! — деп тағы гижинди ол. Ең ғәзеби қайнап, қорлығының келгенлиги сонша: «исиң болмасын!» — дегеннен басқа гәп аўзына түспеди.

Бир илажын табыў кереклиги есине түспегенше ол арбаның әтирапында жүре берди. Бул жерде қонып қалмайды ғой, ақыры.

Гүлсары арбаға қосылыўы менен тап бағанағыдай болып тым-тырыс ҳәмме нәрсеге итибарсыз қарап, бүкирейип, аяқларын бир жерге топлап, қатып қалған тақылетте тур еди.

— Саған не болды? — Танабай дәрҳал аттың алдына келди ҳәм оның созып әсте оқыранғанын еситти. — Мүлгип турсаң ба? Аўырыўмысаң, жәниўарым-ай?! Аўҳалың шатақ па? — Ол асығып-албырап жорғаның муздай қулақларын услап көрди. Жалларының астына қолын суғып көрип еди, суўық ҳәм ызғарлық билинди. Бәринен де бетер оны жорғаның жалының бурынғыдай емеслиги, қорқытып жиберди. «Жудә ғана қартайыпты, жалы сап болыпты, пәрдей жеңил. Бәримиз де қартаямыз, бәримиз де өлемиз» — деп ойлады ол кеўилсиз. Не қыларын билмей басы қатып турып қалды. Егер усыннан ат пенен арбаны таслап кетсе, ярым ақшамда үйине, аңғардағы қараўылханасына жетиўи мүмкин. Сол жердеги базада Танабай кемпири менен екеўи туратуғын еди. Яғный дәрьядан бир ярым километр қашықлықтағы суў хожалығы мәкемесиниң қараўылына жақын жерде. Танабай жазда пишен орaққа, ал қыста шопанлар пишенди талан-тараж етпесин, ўақтынан бурын ысырап қылмасын деп гүдилерге көз-қулақ болып туратуғын еди.

Өткен гүзде бир жумыс пенен конторға келгенде жаңадан болған бригадир, — бул жерге басқа жақтан келген жас агроном оған:

— Ақсақал, сейисханаға бир барың, биз сизге басқа ат қолайлап қойдық. Қартаңлаў, бирақ, сизиң жумысыңызға жарай береди, — деди.

— Қайсы ат? — деп сергекленди Танабай. — Тағы бир қуршаңқы ма?

— Сол жерде сизге көрсетеди. Ақ боз ат. Билетуғын болсаңыз керек, адамлардың айтыўларына қарағанда бир ўақытлары минген екенсиз.

Танабай сейисханаға келди ҳәм қорада турған жорғаға көзи түсиўден жүреги бир түрли болып кетти. «Мине, және ушырастық» — деди ол ишинен, көп минилип, биротала ҳалдан кеткен ғарры атқа қарап. «Керек емес» деўге кеўили бармады. Атты жетеклеп кетти.

*Үйге келгеннен соң кемпири жорғаны зордан таныды.*

— Танабай, бул баяғы Гүлсарымекен? — деп ҳайран болды ол.

— Соның өзи, сол. Не қылыпты? — деп кемпириниң көзине қарамаўға ҳәрекет етип сөйледи Танабай.

Жорға менен байланыслы болған ўақыяларды еслеп отырыўдың ҳәжети жоқ еди, оларға. Себеби, Танабайдың жас ўақтында еткен айыбы бар еди-дә. Гәптиң өзи ушын насырға шаўып кететуғынлығынан сескенип, кемпирине жекиринипкиреп сөйледи:

— Не қылып турсаң, кегирдектен өткендей бир нәрсе әнжамласаң-ә. Ийттей буратылып турман.

— Мына атқа қарап турып ғаррылықтың не екенлигин ойлап қалыппан, — деп жуўап берди кемпири. — Егер сен маған бунының баяғы Гүлсары екенин айтпағаныңда, мен бәлки, танымаған болар едим.

— Несине ҳайран қаласаң бунын. Биз, екеўимиздиң аўҳалымызды буннан жақсырақ деп ойлайсаң ба! Ҳәмме нәрсениң де өзиниң ўақты-сәти бар.

— Мен де соны айтып атырмандағы, — деп ойшаңлық пенен басын шайқады ҳәм ақ көкиреклик пенен күлимсиреп ҳәзил иретинде илип сөйледи: — Қәйдем, енди сен жорғаның белине минип алып тағы түни менен тентиреп кетерсең? Мейли, рухсат беремен...

— Қайда саған? — деп Танабай ыңғайсызланып қолын силтеди де, кемпирине терис айланды. Ҳәзилге ҳәзил менен жууап қайтарғанда болатуғын едидағы, бирақ пишен таслаў ушын гүдиниң үстине шығып кетти. Әдеўир ўақытқа дейин айланшықлап жүрди. Өткен ўақыяларды кемпирим умытқан шығар деп жүрип еди, олай емес екен.

Морыдан түтин шығып, ҳаялы суўып қалған аўқатты ысытып атыр еди, Танабай болса ҳаялы есикте турып даўысламағанша гүдиниң үстинде пишен менен әўерелениди.

— Түс, болмаса аўқат тағы суўып қалады. — Ҳаялы өткенлерди еслемеди, оны жаңғыртыўдың не кереги бар?..

Қара гүзден баслап қысы менен Танабай жорғаға қараўыллап: жибитилген кепек, тууралған ләблеби берип бақты. Өйткени, Гүлсарының тислери түсип шамаласып, тек биреў-ярымы қалған ақыры. Атты енди аяққа турғыздым деп ойлап еди, оған даўа бар ма? Енди оны не қылыўы керек?!

Бирақ, атты жолдың дәл ортасына таслап кетиўге оның көзи қыймады.

— Ал, Гүлсары, енди усылай етип тура беремиз бе? — деп Танабай жорғаны қолы менен ийтерген еди, ол теңселип, аяқлары шалынысып кетти. — Қәне, тоқтап тур, мен ҳәзир...

Ол арбаның ишиндеги, келинине картошка салып келген бос кенепти қамшының сабы менен көтерди де, оннан түйиншикти шығарып алды. Умытып кетипти, кемпири жолға шыққанда нан жаўып берип жиберген еди, ҳәзир аўқатты ойлап туратуғын ўақыт па. Танабай нанның ярымын сындырды да оны тууўрап, бешпентиниң шалғайына салып аттың аўзына тутты. Гүлсары пысқырып демин алып нанды ийискеледи, бирақ оны жей алмады. Сол ўақытта Танабай нанды алақанына салып жегизе баслады. Аўзына бир неше бөлегин тықты, ат тамсана баслады.

— Бәлки, жетип алармыз-ә? — Танабайдың кеўили парасат тапқандай болды.—Еплеп-сеплеп, әсте-ақырын жетип алармыз-ә? Буннан буяғына қәўетерленбесең де болады. Үйге барған соң кемпир екеўимиз сени сылап-сыйпап тик аяққа турғызып алармыз. —Аттың ерinлеринен аққан суйық тамшылар оның қалтыра-

ған бармақларынан тамшылап түскенде, Танабай оның жыллы екенин сезип қуўанды.

Сөйтип ол жорғаның жылаўынан тартты.

— Ал енди, жүрдик. Турғаннан пайда жоқ. Кеттик! — деди ол қатал түрде.

Жорға турған жеринен қозғалды, арба шыйқылдады. Дөңгелеклер жол бойынша тақылдап, әстен жүрип кетти. Екеўи — яғный, ғарры менен құршаңқы ат әсте-ақырын кетип баратыр.

«Аттың шеги тайыпты, — деп ойлады Танабай, жолдың шетинде адымлап киятырып. — Нешеге келдиң, Гүлсары? Жигирма еки, оннан да көбирек шығар... Көбирек болса керек?».

## 2

Булар биринши ирет урыстан соң ушырасқан еди. Ефрейтор Танабай Бекасов Батыста да, Шығыста да болып Квантун армиясы бағынғаннан кейин, армиядан қайтып келген еди. Ол солдаттың машақатлы жолларында барлығы болып әйне алты жыл жүрди. Оған ҳеш нәрсе болмады, қудай сақлады, бир сапары санитарлар арбасында киятырып контузия болды, екинши ирет снаряд сынығы тийгенде көкирегинен жараланды, еки ай госпитальда жатып шығып, тағы өзиниң бөлимине жетип барды.

Үйине қайтып киятырғанында станциядағы майдашүйде сатып жүрген ҳаяллар оны ғарры деп атады. Бул әлбетте, ҳәзилге жақын еди. Танабай оларға онша итибар бермеди. Ол жас емес еди, әлбетте ғарры да емес, түрине қарағанда гаррыға мегзейди, урыс ўақтында қараўытып, күйип кетти, муртына ақ ене баслады. Бирақ руўхы көтериңки, өзи қуўатлы еди. Бир жылдан соң ҳаялы қыз туўды, оннан соң екиншисин туўды. Бул күнде олардың екеўи де турмысқа шығып кеткен, балалары бар. Жазда тез-тез келип турады. Үлкен қызының күйеўи шофер. Ол ҳаял-балашағасын кузовқа салады да, таўға—қайын журтына ҳайт қояды. Әлбетте, кемпир-ғаррылардың қызлары менен күйеў балаларына кеўли толады. Бирақ, Танабайдың өзи баладан салыўы болмады. Бул бир басқа гәп...

Сонда оған жеңистен кейин үйине қайтып киятырғанда ҳақыйқат өмир енди басланатуғындай болып

көринди. Кеўили бир көтериңкы еди дейсең қоябер енди! Үлкен станцияларда эшелонды духовой оркестр менен күтип алып ҳәм узатып салатуғын еди. Үйинде ҳаялы күтип отыр, баласы енди сегизге қарағанлықтан мектепке барыўдың ҳәлегинде жүрген шығар. Танабай тап дүньяға қайта келгендей, ҳәтте усы ўақытқа шекем болған нәрселер енди есап еместей, көтериңки бир ўақты хошлық пенен қайтып киятыр еди. Ол барлық нәрсени умытып, тек келешек ҳаққында ойлағысы келди. Болашақ бақыты да көз алдында анық ҳәм раўшан көринди: өмир сүриў, балаларды кәмалға келтириў, хожалықты көркейтиў, жай салыў, қулласы жасаў керек. Буған енди кесент беретуғын ҳеш нәрсе болмаўы керек. Өйткени, пүткил өтмиштеги гиреўге қойылған ҳақыйқат турмыс енди басланып киятыр. Өткен сонша жыллар даўамында адамлар тек усындай турмысқа талпынған еди. Ҳақыйқатын айтқанда адамлар мине усындай турмыс ушын урыста жеңиске еристи, қурбанлар берди.

Бирақ, мәлим болыўына қарағанда Танабай асығыпты, жүдә асыққан екен, келешектиң гүллениўи ушын, және жыллар ҳәм жылларды бастан кешириў керек екен.

Дәслеп ол колхоздың темиршилик устаханасында балға уратуғын болып иследи. Бир ўақытлары ол бул истиң әдисин алған еди. Сандалдың жанында турып азаннан қара кешке дейин ол соншелли қулашлап шөккиш урғанлықтан, ҳәтте темирши қызғын темирди шөккиштиң астына ояқ-буяғын тутып турыўға зорға үлгеретуғын еди. Қыйыншылықларды умыттырып жиберетуғын устаханадағы сол тақа-тақ жаңғырықлары елеге дейин оған гейде еситилгендей болады. Нан, кийим-кеншек жетиспегенликтен ҳаяллар камзолшаң, геўиш кийип жүретуғын еди. Балалар қант дегенниң не екенин билмеди, колхоз қарызға белшеринен батқан, банктеги счетлар хатланып, Танабай болса шөккиш урыў менен булардың ҳәммесин умытпақшы болды. Ол гүрсилдетип шөккиш урғанлықтан сандал жаңғырып, ушқынлар көк тамшылар сыяқлы, жән-жаққа зытлығып, шашырайтуғын еди. «Уҳ-ҳа, Уҳ-ҳа!» — деп дем алатуғын еди, ол шөккиш ҳәр көтерилип түскен сайын ҳәм: «Барлығы жөнлесиў кетеди, ең тийкарғысы — биз жеңиске еристик, аўа жеңдик!» — деп ойлады. Шөккиш болса «жеңдик, жеңдик, дик-

дик-дик!» — дегендей гүрсилдейди. Тек ол емес, сол күнлери ҳәмме тап нандай қәдирли жеңис йошы менен жасады.

Кейинирек Танабай жылқышылыққа өтип, тауға шығып кетти. Чора оны усы жумысты ислеўге көндирди. Тийеберсин, Чора сол жыллары колхоздың баслығы еди, ол пүткил урыс даўамында баслық болды. Жүрек аўырыўы себепли оны армияға алмады. Ол тылда қалса да жүдә болдырып қалған екен. Бирақ буны, Танабай келген соң билди.

Темиршиликти таслап жылқыман болыўға Танабайды басқа адам көндире алмайтуғын еди. Өйткени, Чора оның қәдирдан досты, ақыры. Олар бир ўақытлары комсомол болды. Колхозға кириўге биргеликте сөз байласып, жуўан жудырықларды да бирликте сапластырған еди. Айрықша Танабай, ол ўақытлары тәўир ғайрат көрсетти. Ол жуўан жудырықлардың дизимине илингенлерди аямады.

Чора оған ҳармасынға, устаханаға келип, оны басқа жумысқа өтиўге көндирди ҳәм көндире алғанына Чораның кеўили толды.

— Мен сени шөккишти қолынан тасламас, сени оннан ажырата алмаспан деп ойлаған едим, — деп күлимсиреди ол.

Чора аўырыў еди, азып кеткен мойны жиңишкерип, жағы қуўсыйып кеткенликтен бетин әжим басқан... Күн жыллы болса да, Чораның гүртешеси ийнинен түспейди.

Олар устахананың жанындағы жаптың бойында жүресине отырып алып гүрриңлести. Чораның жаслығы Танабайдың есине түсип кетти. Ол жыллары бул аўылдағы ең саўатлы, келискен жигит болды. Адамлар оны жыллы сөзли, киши пейиллиги ушын ҳүрметлесе де, Танабайға оның кеўилшеклиги жақпайтуғын еди. Гейде жыйналысларда Танабай орнынан ырғып турып, душпанлар менен класслық гүресте жол қойып болмайтуғын босаңлығы ушын Чораны келистирип омыраўға алады. Оның сөзлери тап газетаның сөзлериндей шыйрақ еди. Даўысын шығарып газета оқыған ўақтында не оқыған болса, ҳәммесин ядтан айтып береди. Гейде ол өзиниң сөзлерине өзи тутылып қалады. Сөйтсе де Танабай шешен еди.

— Шийшемби күни таўда едим, билесең бе, — деди Чора. — Ғаррылар, барлық солдатлар қайтып кел-

ди ме? — деп сорап атыр. Тири қалғанларының ҳәммеси, — дедим. «Қашан жумысқа кириседи?» — дейди. Жумысқа кирисип кетти, бири атызда, бири қурылыста, басқалары тағы бир жерлерде деп жуўап бердим. «Буны өзимиз де билемиз. Жылқыларды ким бағыўы керек? Бизиң өлиўимизди күтип отырмекен, бир аяғымыз жерде болса, бир аяғымыз гөрде ғой» — дейди. Оғада қысынып қалдым. Олардың кеўилиндеги мүддәәсин түсинип отырсаң ба? Биз бул ғаррыларды урыс жыллары таўға жылқыман етип жиберген едик. Соннан бери олар сол жақта. Саған түсигин қалдырмай түсиндирип турыўдың ҳәжети жоқ, ғаррылардың жумысы емес бул. Мудамы аттан түссе де ерден түспейди, ақшамы-күндиз тыным жоқ. Қыстың күнлериндеги түнлерди айтпайсаң ба? Дәрўишбайды умытпадың ба, ол аттың үстинде — ерде отырған жеринде музлап қақайып қалған. Олар атларды минисқе үйрететуғын еди—армияға арғымақлар керек болды. Жетпис жасында таў-тасты аралап, ояқтан-буяққа гезип көрши. Пилмамыт екенсең. Олардың усы ўақытқа шекем шыдасқанына рахмет. Мине, фронттағылар қайтты, бирақ мурынларын жыйырып атыр, мәдениятлы болып кетипти. Енди жылқыманлықты жақтырмай атыр. Таўларда сергиздан болып не қыламан дейди. Аўҳал усындай. Өзиң жәрдем бер, Танабай. Сен барсаң басқаларды да мәжбүрлеймиз.

— Мейли, бирақ, ҳаялым менен ойласып көремен, — деди Танабай, өзи болса: «Не күнлерди бастан кеширмедик, Чора, сен еле баяғыдайсаң. Кеўилшеклигиң басыңа жетер ме деймен. Бәлки, бул жақсы қәсийет шығар. Урысга нелерди көрмедик, ақыры, бәримиз де кеўилшегирек болсақ тәўир болар еди. Турмыста ең мақулы усы шығар?» — деп ойланып қалды.

Олар гәпти бир жерге қойып тарқасты. Танабай «дүканына» қарай жол алды. Сол ўақта Чора оны бирден шақырып:

— Танабай, тоқта! — деди ол атының басын бурып оның жанына келди де, ердиң үстинде еңкейип турып бетине тигилди: — Сен наразы емессең бе? — деди ол эсте ғана.—Ҳеш қандай ўақыт таппай отырман. Баяғыдай сениң менен басқыласқым келеди. Нешше жылдан бери көриспедик. Урыс тамам болса жеңилирек болар деп ойлап едим, инта болмай баратыр. Гейде түрли пикирлер басыңа келип кирпик қақпай шыға-

саң. Хожалықты ғурғынластырыў, халықты тойдырыў ҳәм барлық планларды орынлаў керек. Адамлар да баяғы адамлар емес, жақсы жасағанды тәўир көреди.

Бирақ кеўил көтерип сөйлесип отырыў оларға буйырмады, отырыўға пурсат табалмады. Ўақыт өтип баратыр, кеш болып қалған еди.

Танабай сол гезлери таўға жылқыман болып барғанында сол жерде Торғай ғаррының жылқыларының арасында бир ярым жасар сәмен жорғаны биринши ирет көзи шалған еди.

— Туқымлыққа не қалдырып баратырсыз, ақсақал? Жылқыларыңыз онша айтырлықтай емес екен? — деп атлар саналып, айдап шығарылғаннан соң ғарры жылқыманға Танабай қашырым етти.

Торғай әжим басқан бетине түк дарымаған көсе, қатпадан келген, жас өспиримлердей ғарры еди. Басындағы қой терисинен тигилген үлкен телпеги замарыққа усап ғырланып турады. Бундай ғаррылар әдетте епшил, тили ашшы, бақыраўық болады.

Бирақ, Торғай ашыўланбады.

— Бары усы, қәдимги жылқылардағы, — деп әпшерин бузбай жуўап берди ол. — Мақтанатуғын жайы жоқ, бағып көрсең билесең.

— Мен бир айтып атырмандағы, аға, — деди Танабай селқослық пенен.

— Биреўи бар! — деди Торғай маңлайына түскен малақайын көтерип қойып, зәңгиде ширенип турып, қамшының сабын шошайтып көрсетти:

— Оң жақта отлап жүрген әне бир сәмен тайыншақ. Жақсы ат болады.

— Қайсысы, ҳа анаў топтай жуп-жумалақ па? Қоренишлеў ме, бели де келте.

— Ўақтынан өтип туўылған. Күшине толысса, жақсы ат болады.

— Не қәсийети бар? Неси жақсы?

— Туўылма жорға.

— Болса болады дағы.

— Бундайларды сийрек көргенмен. Болса болады дағыны қой, сен. Илгери заманларда ол баҳасыз ат деп есапланатуғын еди. Бундай ат ушын жарыс, ылақ ойынларында адамлар жанларын тигетуғын еди-ә.

— Қәне, көрейикши, — деп усыныс етти Танабай.

Олар атларына қамшы басып жылқыларды жағалап барды да, сәмен тайыншақты бир шетке айдап шығарды ҳәм алдыларына салып айдап кетти. Тайдың шапқысы келип турып еди. Маңлайындағы жалын силкип таслап пысқырды да, орнынан қозғалып пружиналы ойыншық аттай бир қәлипте шайқалып жорғалап кетти. Сол барысында жылқыларға қосылыў ушын үлкен ярым доға жасап айланып шықты. Оның қос аяқлап шапқанын көргиси келген Танабай даўыслап жиберди.

— Ҳа, ҳа, дойнақ таслаўын қара! Қара!

— Сен қалай ойлап един? — деп жедел менен жуўап берди ғарры жылқыман.

Олар жорғаның кейнинен атларын жортақлатып қоқырайып баратырып, қурдағы балалардай бақырысып жиберди. Олардың даўысы тап тайыншақты қамшылап атырғандай, ал тайыншақ болса сәл сетем алғандай адыман барған сайын шаққанлатып, соқаламастан бир бап пенен жорғалап баратир еди.

—Көрдиң бе, Танабай?! — деп телпегин силкип бақырды Торғай, шаўып баратырып. — Сетемшиллигине қара, даўысыңа қарап дойнақ таслайды, енеғар! Ҳайт, ҳайт, ҳайт-ә!

Сәмен тайыншақ тек жылқыларға келип қосылғанда ғана Торғай менен Танабай оны тынышландырды. Бирақ, атларын суўытып атырғанда да олар өзара сөйлести:

— Бәрекеллә! Торғай аға, жақсы ат болажақ түри бар екен. Кеўилим тәўир-ақ көтерилип қалды.

— Жақсы,—деп тастыйықлады ғарры.—Бирақ беккем бол, — деди де кегирдегин қасып, қабағын үйип жиберди ол. — Көзиктирип алма. Аўзы бослық етип журттан бурын мақтап жүрме. Гөззал қызлар сыяқлы, жақсы жорғаның да қарыйдары көп болады. Қыздың ығбалы сондай: мәселен, ол жақсы адамға түссе, ашылысып кетеди, барып көрип қуўанасаң. Ал енди бир ақмақтың қолына түссе-қызды көрип қапа болып кетесен. Жәрдем де бере алмайсаң. Жақсы ат та сондай, иним. Қор етип қойыў қыйын емес. Жарыста сүринип жығылады.

— Олай дейбермең, ақсақал, өйткени бундайға мениң де ақылым алысады, жас бала емеспен.

— Ҳә, бәрекелла, мен бир айтып атырмандағы. Оның аты — Гүлсары. Ядыңда болсын.

— Гүлсары?

— Аўа. Былтыр жазда ақлыгым үйге қыдырып келген еди. Бул атты сол қойған. Жақсы көрип қалған. Сол ўақытта бул қулын еди. Ядыңда болсын: Гүлсары.

Торғай көп сөйлейтуғын ғарры болып шықты. Түни менен нəсиятты қардай боратты, Танабай оны асықпай тыңлады.

Ертеңине ол Торғайды кемпири менен бул жерден жети шақырым қашықлыққа узатып салды. Бос отаў оған қалды, енди ол бул отаўға үй-иши менен көшип келиўи керек болды. Басқа бир отаўға оның жəрдемшиси орналасыўы керек. Бирақ, еле жəрдемши таппаған еди. Ҳəзирше оның бир өзи. Хошласып атырғанда Торғай тағы:

— Сəмен тайға ҳəзиринше тиймей тур, — деди. — Ҳеш кимге исенип тапсыра көрме. Бəҳəрде өзиң минисске үйрет. Ал, ықтыят бол, иним. Ер салғаныңнан кейин қатты айдама. Дизгинди ҳə дегеннен тарта берсең жорғасын бузады, атты бузып аласаң. Тағы айтайын, дəслепки күнлери ыссылап жүрип көп суў ишип қоймасын. Аяқларына суў түсип, ақ бас жара пайда болса, туяғы кемтиледи. Егер өлмесем миниске үйреткениңнен соң көрсетерсең...

Торғай оған жылқыларды, отаўды, таў-тəсларды қалдырып, шара-парасын түйеге артып, кемпири менен жөнеп кетти.

Гүлсары өзи ҳаққында қанша гəп-сөзлер айтылғанын тағы қанша сөзлер айтылатуғынын ҳəм олардың ақыбети не балатуғынын қайдан билсин...

Ол жылқылар арасында əўелгидей болып жүре берди. Бул əтирапта ҳеш нəрсе өзгермеген: сол таўлар, сол майсалар, сол дəрьялар. Тек оларды ғаррының орнына енди қоңыр шинель ҳəм солдат малақай кийген басқа хожайын бағатуғын болды. Жаңадан болған жылқыманның даўысы қырылдаўық, бирақ бəлент ҳəм қəҳəрли еди. Жылқылар көп өтпей оған үйренисин алды. Мейли, бул жылқыман өзине усыны мақул көрсе, усы дөгеректе айланып жүре берсин.

Буннан соң қар жаўды. Қар тез-тез жаўып көпке дейин еримей жататуғын болды. Атлар шөпке ернин тийгизиў ушын туяқлары менен қарды тинткиледи. Хожайынның түри қараўытып, үлкен постынға оранып жүретуғын болды. Гүлсарының жүнлери өсип кеткен

еди, сөйтсе де ол әсиресе түнлерде қатты тоңып шығады. Аязлы түнлерде жылқылар бир жерге тығылысып, топ болып, тап қуяш шыққанша арқаларына қыраў түсип, сол ҳалда туратуғын еди. Хожайын бул жерден алыслап кете алмай, қолғаплы қолларын бир-бирине партылдатып урып, бетин ысқылайды. Гейде көринбей кетип, тағы пайда болады. Оның кетпегени жақсы еди. Бақырса ямаса суўықтан тамағын қырынып жөтелсе, жылқылар басларын дәрҳал көтерип, қулақларын тикирейтип, жылқыманның жанында екенине исенгеннен кейин түнги самалдың муңлы гүўилдиси менен қалғый баслайды. Сол қыстан бери Гүлсары Танабайдың даўысын өмир бойына умытпайтуғын болды.

Бир ирет түнде таўда боран басланып, тикенектей қурғақ қар жаўды. Қар атлардың жалының арасына кирип, қуйрығын аўырластырып, көзлерин аштырмады. Жылқылар тынышсызлана баслады. Атлар, бир-бирине тығылысып қалтырап, ғарры бийелер қулынларын үйирдиң ортасына айдап, қәўетерленип пысқырысты. Олар Гүлсарыны ең шетке ысырып шығарғанлықтан, ол үйирдиң ортасына кире алмады. Тебинип басқаларын ығыстыра баслады, болмады, пүткиллей шетке шығып қалды, сонда үйир айғыр келип ырастан сазайын берди. Айғыр ғыр-әтирапты айланып жүрип, күшли аяқлары менен қарды басып женшип, байталларды бир жерге жыйнап атырған еди. Гейде ол басын ийип, қулақларын жымыйтып, бир қапталға умтылып, қараңғыда көринбей кеткенде тек оның пысқырғаны еситилип, соң және жылқылардың жанына қайтып келгенде ол ғәзепли ҳәм айбатлы көринеди. Ол бир шетке шығып кеткен Гүлсарыны көрип қалып, оны омыраўлатып басып келди де, артына айланып кейинги туяқлары менен оның қарнына қатты сәдделеп жибергени, сол сапары Гүлсары аўырыўдың зардабынан өлер ҳалатқа келди. Оның ишинде бир нәрсе жуғырлап кетти. Аўырғанына шыдамай шыңғырып киснеп жиберип, жығылыўға сәл қалды. Буннан соң ол өзи билгенлик етпеди. Бүйири безилдеп аўырып, залым айғырға жығырданы қайнап, үйирдиң бир шетинде қылт етпестен турды. Атлар тынышланып қалды, сонда ол әллеқандай созылып улыған даўысты еситти. Ол ҳеш қашан қасқырдың улығанын еситпегенликтен демин ишине тартып денеси музлап,

жуўылдап кеткенин сезди. Жылқылар үркип кетти. Олар қулақларын тикирейтип, қылт етпестен силейип турды. Бирақ, бул тынышлық қәўетерли еди. Еле борап жаўын турған қар, Гүлсарының көтерилген тумсығына түсип жабысып қалады. Хожайын қайда кетти екен? Усындай ўақытта ол оғада керек еди, қәнекей даўысын есите қойса, постынының түтинли ийиси ийнекесе! Ол жоқ. Гүлсары бир шетке көз қыйығын таслады ҳәм қорқыныштан бежирейип қалды. Жақын жерде қар үстинен сүйрелип әллеқандай көлеңке жылп етип өткендей болды. Гүлсары бирден өзин кейин таслады ҳәм сол ўақытта жылқылар үркип жайынан қозғалысты. Ес-ҳуўышын жоғалтқан атлар қатты киснесип, қараңғылық қушағына қарай бет алып патырақлады. Енди оларды тоқтата алатуғын ҳеш қандай күш жоқ еди. Атлар таслар сыяқлы бирбирин ийтерип, күшлериниң барынша алға жапырылды. Гүлсары ҳеш нәрсеге түсинбей терлеп-тепшип, жантәни менен алға қарай шаўып баратыр. Сонда бирден оқтың даўысы еситилди, кейин және жаңғырды. Атлар шаўып баратырып өз ийелериниң ашшы ҳәм ашыўлы даўысларын еситти. Бақырыс қараңғыда жақын жерден еситиледи. Соңынан бул лалаўласқан бақырыс атлардың алдын кесип өте баслады, алды бетинен еситилди. Енди олар бул үзликсиз еситилген даўысларға жетип алғанлықтан, бул ҳаўаз оларды өзиниң изине ертип баратырғандай болды. Хожайын олар менен бирге еди. Ол алдында, ҳәр итималға бола тик жарлық ямаса шуқырға жығылып түсиў қәўипи астында шаўып баратыр. Енди ол буўлыққан даўыс пенен бақырып баратыр. Соңынан қырылдай баслады, бирақ даўысы тынбады: «Ҳайт-ҳайт, ҳайт-а-айт!!!» Атлар өкшелетип киятырған қәўиптен қутылыў ушын оның изинен шабысады.

Таңға жақын Танабай жылқыларды бурынғы орнына айдап келди. Тек усы жерде ғана атлар, тоқтады. Жылқылардың үстинен қойыў думан сыяқлы пуў көтерилди. Атлар барып-келип, бүйирлери көтерилип түсип, басларынан өткерген қорқыныштан еле қалтырасып тур. Олар қарды ерни менен шымтый баслады. Танабай да қар жеди. Ол дизерлеп отырып алып аўзына қарды қысымлап тығып атыр. Соңынан ол алақанлары менен еки шекесин қысып, пәряд етип атырғандай көп ўақыт қылт етпестен отырды. Еле жа-

палақлап жаўып турған қар атлардың ыссы саўырысына түсип дәрҳал ерип, шаң аралас сарғыш тамшыға айланып жерге думалап түсип турды.

* *
*

Қалың қарлар ерип кетип, көк шыға баслады. Тез арада Гүлсары етке шықты. Жылқылар түлеп, жаўырынлары жылтылдап кетти. Қәҳерли қыс ҳәм от-шөптиң таңсықлығы енди болмағандай. Бул атлардың есинен шығып кеткен менен адамлардың ядында қалған еди. Ҳүўлеген боранлы, қасқыр шапқан түнлерде ердиң үстинде қалшылдап отырған ўақытларында музлап қалған аяқ-қолларын от жағып жылытып атырып жылап жибермеслиги ушын еринлерин тислеген мәҳәллери ядында, олардың. Бәҳәрде жердиң бети музқала болғандағы жутта үйирдеги әззи жылқылардың өлгенлигин де еле умытқан жоқ. Таўдан келип колхоз кеңсесинде жоқары қарай алмастан, атлардың өлгенлиги ҳаққындағы актке қол қойғанлығы ҳәм бирден ашыўға буўлығып, баслықтың столын мушы менен тарсылдатып урғаны — булардың ҳәммеси оның ядында бар.

— Сен маған аларып қарама, билдиң бе?! Мен саған фашист емеспен, оны билип қой, — деген еди ол сонда. — Жылқылар ушын сейисхана қәне, от-шөп қәне, сулы қәне, дуз қәне? Итибардан шетте қалғанбыз. Ақыры, хожалықты усылай етип басқарыў керек дедиңген бе? Әптадамыз шығып, жыртық жамаў кийим менен жүргенимизге қара! Үйлеримизди көр, қәйтип оңысық етип отырғанымызды бил. Қарнымыз қалқып нан жемеймиз. Ҳәтте, урыста жүргенде де буннан жүз есе жақсы едик. Сен болсаң маған, бул атларды тап мениң өзим баўызлап өлтиргендей оқыраясаң!

Баслықтың сонда аўзын аша алмай қалғанлығы, оның түри бозарып кеткенлиги еле оның есинде. Өз сөзинен өзи уялып, кеширим сорай баслағанлығы да оның ядында.

— Сен... кешир мени, қызып кетиппен, — деп тутлығып зорға тилге келген еди ол.

— Сен мени кешириўиң керек, — деди Чора оған ҳәм складшы ҳаялды шақыртып:

— Мынаған бес кило ун бер, — дегенде Танабай бурынғысынан да бес-бетер уялып кеткен еди.

— Балабақшаға не беремиз?

— Қандай балабақша? Мудамы сен ҳәмме нәрсени былғастырып жүресең! Бер! —деп буйырды Чора.

Танабай жақында сүт саўыла баслайды, қымыз ислеймиз, — деп ун алыўдан тиккелей бас тартпақшы еди, бирақ баслыққа нәзер таслап онық складшыға жортаға жекирингенин билди де, үндемеўге мәжбүр болды. Буннан соң усы уннан исленген кеспастан ишип отырғанда ҳәрдайым аўзын күйдирип ала берди. Сонда қасықты таслап жиберип:

— Бул қалай, аўзымды күйдирмекшимисең? — дейтуғын еди.

— Суўытып иш, жас бала емессең ғой, — деп жай парахат жуўап береди ҳаялы.

Булардың ҳәммеси оның ядында, ҳәммеси...

Мине, май айы келди. Айғырлар киснесип, бир-бирн менен шайнасып, басқа үйирлерден жас бийелерди алдына салып ҳарлатып қуўып келе берди Жылқыманлар асаў айғырларды айырып қуўып жибериў ушын күйип-писип шабысып, гейде бир-бирине қамшы көтеристи. Гүлсарының булар менен иси болмады. Бир жағынан жаўын жаўып, бир жағынан арқасынан қуяш қағып, туяқларының астынан көк шөп шығып киятыр еди. Сайлар жап-жасыл болып, дизилген таўлардың төбесинде аппақ қарлар жарқырап турады. Сол жылы бәҳәрде сәмен жорға өз жаслығының әжайып дәўранын жалпағынан салып сүре баслады. Өзи бир ярым жасар, келте қуйрықлы, тапалтас тайыншақтан өтисип, тайнапыр айғырға айланып баратырған еди. Оның бойы өсти, денесиндеги жумсақ үпик жүнлери түсип, үш мүйешли сыпатқа кире баслады. Омыраўы кең, бели жиңишке, сыбыт. Басы да жорға атларға тән азғын, маңлайы дүңки, көзлериниң аралығы да кең. еринлери жыйнақлы ҳәм пәреңи еди. Бирақ, оның шабыстан басқа кәсийети жоқ болғанлығы хожайынында көп қумарлық арттырды. Өзи менен қатардағыларды табанда қалдырып, олардың арасында аққан жулдыздай болып жүретуғын болды. Әллеқандай туўысқа шыдамаған күш оны таўларға, бәленттен пәсликлерге, таслақ жарысларға, тик соқпақлар бойлап, жанбаўырларға талпындырып айдайтуғын еди. Ҳәтте, ярым ақшамда жулдызлар астында уйқыға кеткенинде де аяқлары астындағы жердиң зымырап баратырғанлығы, жалы ҳәм қулақларында самалдың гүўлеп

турғанлығы, туяқларының тақылдап атырғаны оның түсине енип шығатуғын болды.

Ол өзине байланыслы болмаған барлық нәрсеге қэлай қараса, хожайынына да солай қарайтуғын еди. Оны жатырқамайды, оған ҳеш қандай өши де, гәрези де жоқ, өйткени ол мәлел бермейди. Тек алысқа шаўып кеткенде оларды бәләәтлеп жүрип қуўады. Гейде хожайыны сәмен жорғаның саўырысына узын сырық пенен бир-еки мәртебе урып қалыўға үлгереди. Сондай пайытларда Гүлсарының пүткил денеси қалтырап, таяқтан көре оны жасқап силтеўдиң тосаттан келип қалғанынан шоршып, адымын және де тезлестиреди. Жылқылар бетке киятырып қаншелли тез шапса, сырықты кеселеп шошаңлатып, өкшелетип басып келген хожайынына да сонשелли унап қалады. Жорға өзиниң артынан руўхландырыўшы бақырысларды ҳәм хожайынның ер үстинде отырып қосық айтқанын еситетуғын еди. Бундай ўақытлары ол ийесин жақсы көрип, қосық ҳаўазы астында шапқылаўды хош көрди. Кейнинен ол бул қосықларды жақсы билип алды — олардың арасында ҳәр қыйлысы — жағымлысы ҳәм муңлысы, узыны ҳәм қысқасы сөз бенен ямаса сөзсиз ыңылдап айтылатуғыны бар еди. Ол хожайынының жылқыларға дуз жалатқанын да жақсы көреди. Қазықлардың үстине орнатылған тахтадан исленген узын ахырға жылқыман жуқа етип дуз сеўип қояды. Барлық жылқылар жапырылып келеди, әне рәҳәт! Оны қолға түсирген де мине усы дуз болады.

Бир күни хожайын бос шелекти даңғырлатып атларға «мәҳ, мәҳ!» — деп жақынлай баслады. Атлар шабысып келди. Гүлсары жылқылардың арасында турып дуз жалап атыр еди. Сонда ол хожайынының өз жолдасы менен қолларына қурық услап жылқыларды айлана баслағанынан сирәда гүманланбады. Бунын оған қатнасы жоқ. Қурық пенен минилетуғын атларды, саўылатуғын бийелерди ҳәм басқа жылқыларды услайды, бирақ буған тиймейтуғын еди. Ол еркин болды. Бирден қыл арқанлы қурық оның басынан жылысып түсип мойнына илинип қалды. Қурық оны қорқытып жибермегенше Гүлсары не болып атырғанын билместен дузды жалай берди. Басқа атлар мойнына қурық түскенде тарбаяқлап үркип, аяқларын көтерип шапшыйтуғын еди. Гүлсары қыбыр етпеди. Би-

рақ, дәрьяға шаўып барып суў ишкиси келип кетти. Сол ўақта мойнындағы қурық тартылып, оны тоқтатты. Бурын сирә бундай болмаған еди. Гүлсары бирден шапшып, өзин кейинге таслады, көзлери аларып, тасырайып кетти. Қырылдай баслады, сөйтип үркеклик пенен алдыңғы аяқларын аспанға тикке көтерди. Дөгерегиндеги жылқылар демниң арасында тым-тырақай болып қашып кетти. Сонда ол өзин қыл арқанды тартып услап турған адамлардың арасында көрди. Ийеси алдында, оның артында екинши жылқыман турыпты. Жақыннан бери бул жерде пайда болған ҳәм жылқылардың әтирапында тынбай ат шаўып, оның ашыўын келтире беретуғын жылқыманның балалары оны қоршап алған еди.

Жорғаны үркеклик бийледи. Ол тағы бир шапшып, аяқларын жоқары көтерди, және аспанға шапшыды. Оның көз алдында қуяш майда отлы дөңгелеклерге бөлиниип, шапырасып кетти. Таўлар, жер, адамлар шалқасына қулап түсип атырғандай, көзиниң алдында қәпелимде қап-қараңғы бослық перделенди. Гүлсары бул қараңғы бослықты алдыңғы аяқлары менен сермен тепкилеп атыр еди.

Бирақ, ол қанша тыпыршыласа да, қурық мойынын барған сайын қылғындырып, сәмен жорғаның деми қысылып, өзин адамлардан шетке алыўдың орнына, керисинше адамларға қарай тәп берди. Адамлар қаймығып қашқанда қурық сәл ғана босасқандай болып еди, ол адамларды жерге сүйретип шаўып кетти. Ҳаяллар бақырысып балаларын отаўларға қамады. Сонда да жылқыманлар орынларынан түргеп үлгериўи мәттәл, қурық тағы Гүлсарының алқымын бууўындыра баслады. Бул ирет қатты буйындырғаны соншелли, ҳәтте дем алыўға болмай қалды. Сонда барып оның басы айланып, деми буўлығып тоқтады.

Хожайын арқанды қолынан ташламай саўмалап, бир қапталдан жақынласып келе берди. Гүлсары оны бир көзи менен көрип тур еди. Хожайын дал-далы шыққан кийими менен бетлери тырналған ҳалда оған жақынласты. Бирақ, Гүлсарының пәмлеўинше оның көзинде ашыўланғанлықтың белгиси сезилмеди. Ол еки ийнинен демин алғанлықтан жарылып кеткен ериинлерин жалап, әсте ғана сыбырлап сөйлене берди:

— Тек, тек, тек тур, Гүлсары, қорықпа, тоқта, тоқта!—Оның артынан арқанды босатпай епшиллик пенен

жәрдемшиси жақынлап келе баслады. Бир ўақта хожайын қолын созып, сәмен ғунанға жеткизди, оның басын сыйпады. мойнын бурмай турып жәрдемшисине:

—Жүўенди бер, — деди.

Ол жүўенди узатты.

— Тек тур, Гүлсары, тек тур, жәниўар, — дей берди ол.

Жорғаның көзлерин алақаны менен басып турып басына жүўен салды.

Енди оны жылаўлап, ертлеў керек еди. Басына жүўен салғанда Гүлсары пысқырып, қашыўға тәўекел етип көрди. Бирақ, ийеси оның жоқарғы ериннен услап қалып үлгерди.

— Бураў сал! — деп даўыслады жәрдемшисине. Ол жуўырып келип аттың езиўлигине қайыс бураў салды ҳәм шүйди айландырып атырғандай шүлликтей ағаш пенен бурай баслады.

Жорға аўрыў азабына шыдай алмай артқы аяқларының үстине шоңқайып отырып қалғанлықтан, енди онша қарсылық көрсете алмады. Сууық, темир суўлық тислерине ғаршылдап тийди ҳәм езиўлерин жыртып жибергендей болды. Оның арқасына бир нәрсени таслағандай еди. Белине қайыс салып қатты тартқанлығы соншелли, геўдеси қысылып теңселип кетти. Булар да көзине көринбей, енди тек аўзы-басындағы азаплы аўрыўды ғана сезетуғын болды. Көзлери уясынан шығып кете жазлаған еди. Я қыймылдап, я оңлап дем ала алмады. Ол ҳәтте, ийесиниң қашан ҳәм қайтип үстине минип алғанын да сезбей қалды. Тумсығынан бураўды алғанда ғана өзине келди.

Ҳәмме жағынан қайыс пенен шандып тартылған ҳәм аўырласқан үйретпе бул патыратта ҳеш нәрсени түсине алмай бир-еки минут басы мыңғырдай болып турды. Соңынан өзиниң көк желкеси менен көз қырып таслап артына қарағаны сол, үстинде адам бар екенин көрди. Дәрҳал тапырақлап өзин бир қаптал алды, әттең суўлық аўзын жырта жазлап, үстиндеги адамның аяқлары бүйирлерине қатты батып тур еди. Сәмен жорға алдыңғы аяқларын тикке көтерип, ғәзеп ҳәм жан ашыўы менен киснеди, секелек атып ояқтан-буяққа патырақлап, еңсесинен басып турған барлық аўырманлықты үстинен ылақтырып таслаў ушын күш жыйнап бир қапталға шапқылады. Бирақ екинши тә-

репинен басқа бир адам услап турған арқан оны еркине жибермеди. Сонда ол айланып шаўа баслады, қалай деген менен ол ғыр-гүбелек айланба шабыстың шеңберинен шығып қашыўдың әнжамында еди. Бирақ, шеңберден шығып кете алмағанлықтан тынбай шаўа берди. Адамларға мине усы керек еди. Ийеси оның үстине мықшыйып отырып, қамшы менен урып, етигинин өкшеси менен нықтап қояды. Солай болса да үйретпе сәмен оны еки мәртебе үстинен ылақтырып таслады. Бирақ, ол және орнынан ғарғып турып, тағы минеди.

Бул жағдай усы барысында көп ўақыт, жүдә көп ўақыт даўам етти. Оның басы айланды, әтирараптағы жер, отаўлар айланды, алысларға созылып атырған таўлар, аспандағы бултлар айланды. Соңынан ол шаршағанлықтан адымлап жүре баслады. Аңқасы кеўип шөлледи.

Бирақ, оған суў бермеди. Кешқурын үстиндеги ерин алмай, тек айылын сәл ғана босатып, қазыққа байлап, қаңтарып қойды. Жылаўы ердиң басына қатты орап байланғанлықтан, басын кекшийтип турыўға туўра келди. Жерге еңкейе алмады. Зәңгилер көterилип, ердиң басына илдирилген еди. Түни менен усы тәқилетте турып шықты. Ол өз басынан кеширген бул ҳәдийселердиң себебинен силейип шаршағынлықтан, есеңкиреп тикке турды. Аўзындағы суўлық еле оған кесент бергенликтен сәл қыймылдаса езиўин аўыртып, темирдиң дәми де оған жағымсыз сезилди. Исип кеткен еринлерин суўлық жырып кеткен еди. Қарнындағы қайыс қыйып кеткен жерлер ашый баслады. Ердиң астына салынған еркеше терлик те белин аўыртты. Оғада суў ишкиси келди. Ол дәрьяның шуўылдысын еситкен сайын шөллеген үстине шөллей берди. Ол жақта—дәрьяның арғы жүзинде жылқылар ҳәр қашанғыдай жайылып жүр. Көп туяқлардың тақа-туқ тасырлысы, атлардың киснегени ҳәм жылқыманлардың түнги бақырыслары еситилип турды. Отаўлардың алдындағы адамлар аттың айланасында отырып дем алып, ал балалар болса ийтлерди ермеклеп ўәўилдеседи. Гүлсары болса өз жайында тур, оның менен ҳеш кимниң иси жоқ.

Соң ай туўды. Таўлар қараңғылық қушағынан шығып, айдың сарғыш нуры астында булдырлана басла-

ды. Жулдызлар жарқырап кем-кем жерге жақынласқандай болды. Ол бир жерге беккем байланған ҳалында қыбыр етпестен турғанда әллеким оны излеп жүрген еди. Гүлсары өзи менен бирге өскен өзинен бир ели ажыралмайтуғын торы байталшаның киснегенин еситти. Онын пешанасында ақ қасақасы бар еди. Ол сәмен тай менен шапқыласып жүриўди жақсы көретуғын болды. Айғырлар оның изинен қуўа баслағанда ол жеткерместен, жорға тай менен бирге олардан алысқа қашып кетеди. Торы байталшаның еле жасы толыспаған, сәмен тай да жас еди. Еле ол басқа айғырлар сияқлы торы байталша менен бирликте ететуғын исти билетуғын жасқа жетпеген еди. Әне, ол жүдә жақын жерде киснеди. Бул, сол байталшаның дәл өзи, оның даўысын анық таныды. Гүлсары жуўап қайтармақшы болып тәўекел еткен менен бирақ жырылып, исип кеткен аўзын жасқап ашыўға қорықты. Оғыры аўырсынды. Қәйтсе де байталша оны излеп тапты. Айдың жақтысында маңлайының ағын жулдыздай жарқыратып ойнақлап келди. Қуйрығы ҳәм аяқлары ҳөл екен. Ол дәрьяны кешип өткенликтен өзи менен бирге суўдын салқын лебин алып келген еди. Тумсығын тиреп, жумсақ ыссы еринлерин тийгизип, Гүлсарыны ийискелей баслады. Байталша еркелеп пысқырып, оны өзи менен бирге кетиўге мәжбүрлеген менен сәмен тай орнынан жылжый алмайтуғын еди. Соң байталша оның мойнына басын қойды да, тислери менен жалларының арасын қасый баслады. Сәмен тай да оның мойнына басын қойып, жаўырнын қасыўы керек еди. Бирақ оның меҳрибанлығына меҳрибанлық пенен жуўап қайтара алмады. Қыбыр етиўге шамасы келмеди, ол шөллеген еди. Байталша бир ўақта шапқылап кеткенде, оның сүлдери дәрьяның аржағындағы түн қараңғылығында көринбей кеткенше изинен қарап қалды. Келди де кетти. Сәменнин кезлеринен молдиреп жас шықты... Ири-ири жас тамшылары тумсығының үсти менен жылжып, аяқларының астына үзилген ақ моншақтай әсте ғана жумалап түсе берди. Сәмен жорға өмиринде биринши рет жылады.

Азан менен хожайыны жанына келди. Ол әтираптағы көгис таўларға қарады. Күлимсиреп турып бир керилип алды, сүйеклери сырқырап аўырғанлықтан ыңыранып қойды.

— Аҳ, Гүлсары, кеше мени келистирип сүйредиң-ә. Қалай? Тондың ба? Ўәй, сени қоя бер деймен. Ҳә, дурыс еттиң.

Ол жорғаның мойнын сылап-сыйпап атырып, оған қандайда бир жағымталлы жыллы сөзлерди айта баслады. Адамның не деп атырғанын Гүлсары қайдан билсин? Танабай былай деп атыр еди:

— Ҳәш гәп болмас, муңая берме жәниўарым. Өмириңше жумыссыз бийталап жермейсең ғой, ақыры. Көнлигип кетесең, барлық ис оңына баслап кетеди еле. Бирқыйлы болдың-ә, ҳәш гәп болмас, бунысыз болмайды. Өмир деген усындай, иним, төрт туяғыңды түўел тағалайди. Соңында жолында ушырасқан ҳәр бир тастан сескенип жүрмейсең Ишиң сырнайдай болған шығар? Шөлледиң бе? Билемен...

Ол сәменди дәрья бетке жетелеп кетти. Жараланған аўзынан суўлығын абайлап шығарды. Гүлсары қалтырап, суўға ашкөзленип умтылды, азанғы салқын суўықтан көзлерине жас келди. О, суў не деген рәҳәт еди, сонда ол буның ушын жетелеп келген адамнан qаншелли миннетдар еди, десеңизши!

Сөйтип арадан көп ўақыт өтпей оның ер-тоқымға көнлигип кеткенлиги сонша, оның аўырлығын да сезбейтуғын болды. Өз үстинде шабандозды алып жүриў жеңил ҳәм кеўилли болып кетти. Шабандоз мудамы жылаўын тартыңқырап услайды, Гүлсары болса бир қәлипте туяқ таслап алдына умтылады. Ол ертлеўли ҳалында соншелли тез ҳәм бир тегис жүриўге үйренгенликтен, адамлар қайыл қалып:

— Үстине бир шелек суў қойсаң да, бир тамшысы төгилмейди, — дейтуғын еди.

Дәслепки жылқыман Торғай ғарры болса Танабайға:

— Рахмет, иним, жақсылап үйретипсең. Жорғаңның жарқыраўын енди көресен! — дейтуғын болды.

## 3

Гөне арбаның дөңгелеклери адамсыз жол менен, әсте ғажырлап баратыр. Гейде дөңгелеклердиң даўысы еситилмей қалады. Диңкеси қурыған жорға тоқтап қалып, тым-тырыс болған мәҳәлде жүрегениң дүрс-дүрис етип турғаны қулағына еситиледи.

Танабай ғарры аттың дем алысының саррасланыўын күтип бираз турғаннан соң, жылаўынан тартып атырып:

— Кеттик, Гүлсары, кеттик, абайлайсаң ба, қараңғы түсип қалды, — деди.

Олар бир ярым сааттай жүрди. Оннан соң жорға табанлап турып қалды. Ол енди арбаны буннан былай тарталмайтуғындай еди. Танабай тағы аттың әтирапында айлана баслады.

— Саған не болды, Гүлсары? Қарасаң-ә, түн болайын деп тур!

Ат оны түсинбейтуғын еди. Гүлсары ҳәтте, геллесин көтериўге де шамасы келмегенликтен басын шайқап, теңселип турды. Қулағына еле жүрегиниң дүрсилдеп турғаны еситиледи.

— Кешир мени, — деди Танабай. — Ҳә дегенде пәмимниң жетпегенине қара.Қурып кетсин бул арба да, ер-тоқым да, сени еплеп үйге жеткизип алсам болғаны.

Ол постынын жерге таслады да, асығыслық пенен атты арыстан шығарып алып, қамыт ағаш пенен барлық шара-параларды арбаның ултанына таслады.

— Әне, енди болды, — деди ол постынын кийип, арбадан шыққан сәмен атына қарап турып. Қамытсыз, күшенсиз ҳәдден артық басы үлкен ат ҳәзир кешки суўықтан қалтырағанлықтан, шөлдиң ортасында қалған әрўаққа мегзейтуғын еди. — Япырмай, қудайым-ай, қандай аўҳалға гириптар болдың, Гүлсары! — деп сыбырланды Танабай. Егер де ҳәзир сени Торғай көргенде ме, гөринен тикке турар еди...

Ол аттың жылаўынан тартты, олар және әстен жүрип кетти.

Қартайған ат ҳәм бир ғарры. Артта арба қалды, алдында батыс тәрептен жолды қара-қоқшыл қараңғылық басып киятырған еди. Түн таўларды өз қушағына алып, көк жийекти бекитип, шөлистанлық үстине үнсиз қанатын жая баслады.

Танабай жүрип киятырып, көп жыллар даўамында сәмен жорға менен байланыслы болған ўақыяларды есине түсирип кеўилсиз күлимсиреп, адамлар ҳаққында ойлады: «Бизлердиң ҳәммемиз мине усындаймыз. Өмиримиздиң ақырында биреўимиз аўыр кесел болып қалғанымызда ямаса дүньядан өтип, тақанымыз таўсылғанда бир-бirimизди еслеймиз. Әне, сонда кимди

жоғалтқанымыз, оның қандай адам болғанлығы, не менен атақ кеширгенлиги, қандай нәрсе исленгени бирден бәримизге белгили болып қалады. Тилсиз мақлуқ ҳаққында не айтыў мүмкин? Гүлсары кимлерди алып жүрмеди ақыр? Оны кимлер минбеди, мине, қартайып еди, енди оны ҳәмме умытты. Енди аяқларын зорға басып киятыр. Қандай ат еди-ә!».

Буннан соң ол және өткен ўақыяларды еслей баслады ҳәм көптен бери өткен күнлерин қыял елегинен өткермегенине өзи де ҳайран болды. Бир ўақытлары болып өткен ўақыялардың ҳәммеси оның көз алдында жанлана баслады. Ҳеш нәрсе де изсиз жоғалмайды екен. Илгери жыллары ол өтмиш ҳаққында аз ойлап, ямаса ойлаўға өзине өзи жол қоймайтуғын еди. Ал, енди не? Енди баласы ҳәм келини менен болған гәп-сөзден кейин деми таўсылып баратырған сәмен аттың жылаўынан услап киятырып, өткен жылларды қайғы ҳәм ҳәсирет пенен еследи, сөйтип бул жыллардың ҳәммеси оның көз алдында жанлана баслады.

Ол өз қыяллары менен бәнт болып адым атып киятырғанда сәмен жылаўын кем-кем артқа тартып сүйретилип киятыр еди. Ғарры қолы талғанда жылаўды басқа ийнине салып, жорғаны тағы сүйрелеклеп кетеди. Соңында бүтип жүриўге болмайтуғын болғанлықтан, атқа дем бериў ушын тоқтады. Ойланып турып сәменниң басынан жүўенди сыпырып алды.

— Алдында сен жүр, ҳалың келгенше жүр, мен изиңнен жүрейин, сени таслап кетпеймен! — деди ол. — Қәне, әсте-ақырын жүребер.

Енди сәменди алдына салып, Танабай жүўенди ийнине таслап баратыр. Ол жүўенди ҳеш қашан тасламайды. Гүлсары тоқтап қалғанда күшин жыйнап алсын деп Танабай оны күтип турады. ҳәм және екеўи ырғатылып кете береди. Қартайған ат ҳәм бир ғарры.

Бир ўақытлары мине усы жол менен Гүлсарының изинде шаң-тозаң қалдырып жылдырымдай болып өткенин еслеп, Танабай ғамгүн болып күлимсиреп қойды. Шопанлар әне усы шаң-тозаңды көрип, сәмен жорғаның келеплеп өткенин билип алатуғынын айтысатуғын еди. Туяқлары астынан көтерилген шаң жолда аппақ болып созылып, ал енди самал жоқ күнлери тап реактив самолеттиң түтининдей жол үстинде ағараңлап қалатуғын еди. Бундай мәҳәллерде шопанлар алақанын маңлайының үстине саяман етип тутып

өзинше: «Гүлсары киятырыпты! Бул, қәдимги Гүлсары» — дейтуғын еди ҳәм аңызақ самалда бети лаплап бул аттың үстинде желдирип киятырған бақытлы адам ҳаққында ҳәўесленип ойланады. Атағы шыққан мине усындай жорғада жүриў, ҳәр қандай қырғыз ушын үлкен мәртебе еди.

Гүлсары колхоз баслықлардың талайын көрди. Олардың арасында ақыллы ҳәм ақмақлары, адамгершиликли ҳәм ҳүждансызлары да бар еди: бәри де өзи баслық болып сайланған биринши күнинен баслап, жумыстан босанған ең соңғы күнине шекем сәмен атты минип жүрген. «Қәне енди олар? Азаннан кешке дейин өзлерин шалқытып жүрген Гүлсарыны гей-гейде ядына алармекен?» — деп ойлады Танабай.

Олар бир ўақта аңғардың үстиндеги көпирге жетип келди. Бул жерде және тоқтап алды. Сәмен ат жерге жатыў ушын аяқларын бүге баслады, бирақ Танабайдың буған жол қойыўы мүмкин емес еди. Өйткени, соңынан ҳеш қандай күш пенен оны орнынан турғыза алмайды, ақыры.

— Тур, тур! — деп бақырып жиберди ол дизгин менен аттың басына урып. Бирақ, урғанлығын әдепсизликке санап, тағы бақыра баслады: — Неге түсинбейсең, ақыры? Ҳарам өлежақсаң ба? Буған сирә жол қоймайман! Тур, тур деймен.— Ол аттың жалынан тартқылады.

Гүлсары аяқларын өлдим азарда тиклеп алды да аўыр бир ыңыранды. Қараңғы болса да аттың көзине қараўға Танабайдың жүреги даўамады. Ол атты сылап-сайпады, ол жер-бул жерин қасыды, сөйтип қулағын аттың шеп бүйирине тақады. Аттың жүреги тап шалаң оратылып қалған суў дигирманның пәригиндей зорға елпилдеп тур еди. Танабай тап бели қақсағанша, сол тәқилетте көп ўақыт ийилип турды. Сөйтип бойын тиклеп, басын шайқады, гүрсинди, кейнинен тәўекел көпирден өтип, сайды жағалап кететуғын соқпаққа бурылайын деген пикирге келди. Бул соқпақ таўлыққа алып шығады ҳәм үйге тезирек жетип алыўға мүмкиншилик береди. Дурыс, түнде адасып кетиў де оңай нәрсе, бирақ Танабай өзине исенеди. Себеби, бул жерлерди көптен бери биледи, тек ат шыдаса болғаны.

Ғарры усылар туўралы ойланып турғанда алыстан киятырған жолаўшы машинаның жақтысы жар-

қырап көринди. Машинаның шырасы қараңғылық қушағынан бир жуп жақты шар сыяқлы болып шықты да, узын тебиренген сәулеси менен өз алдындағы жолды нышанаға алып жақынласып келе баслады. Танабай сәмен ат пенен көпирдиң жанында тур еди. Машина оларға ҳеш қандай жәрдем бере алмаса да, Танабай оны күтип егленип турды. «Қалайда жекке-жарым биреўи ушырасты» — деп ойлады ол, жолда адамлар пайда болғанына қуўанып. Жүк машинасының шыралары өткир нурлары менен оның көзин қамастырғанлықтан, ол көзлерин қолы менен көлегейледи.

Машина кабинасында отырған еки адам көпирдиң жанында турған ғарры киси ҳәм оның алдындағы ат емес, бәлки адамға ерип жүрген ийесиз ийтке усаған жүўенсиз қуршаңқыны көрип ҳайран болды. Туўры түскен жақтылық ғаррыны ҳәм атты тәўир-ақ жақтыртып жиберди ҳәм олар әбеший аппақ сүлдерге айланып кеткендей болды.

— Әй, тоба, ярым ақшамда бул жерде не қылып жүрипти? — деди шофердиң жанында отырған қулақшынлы жас өспирим жигит.

— Мынаў сол, артта қалған арба усыники, — деп түсиндирди шофер ҳәм машинасын тоқтатты.

— Саған не болды, ғарры? — деп бақырды ол кабинадан басын шығарып. — Арбаны жолға таслап кеткен сенбисең?

— Аўа, мен, — деп жуўап берди Танабай.

— Солай де. Қарасақ жолда қаўсаған арба турыпты. Қасында ҳеш ким жоқ. Абзырайларын алайық деп едик, ол да ҳеш нәрсеге турмайды екен.

Танабай үндемеди.

Шофер машинадан түсти, арақтың өткир, ашқылтым ийисин ғаррының өр жағында мүңкитип, ояқтанбуяққа гезди де, кейнинен жолдың үстине жамбаслай баслады.

— Не болды? — деди ол қайрылып.

— Ат тарта алмады, аўырды, оның үстине өзи де ғарры.

— Ҳимм... Ал, енди қайда бармақшысаң?

— Үйге, Сары ҳаўыз аңғарына.

— Оҳ-ҳо! — деп таңланды шофер. — Таўға ма? Жолымыз алшақ екен. Қәлесең кузовқа отыр, совхоз-

ға дейин апарып таслайын, сол жерден азанда кетерсең.

— Рахмет. Атым бар.

— Мына бир өлимтик пе? Ийтке тасла буны, хә әне бир тикжардан қулатып жибер, дадын алла берсин, қарғалар шоқып тоз-тозын шығарады. Мақул десең, бизлер де көмеклесип жиберейик.

— Кетебер, — деди Танабай қабағын үйип.

— Билгениңди исле! — деп тыржыйды шофер ҳәм қапысын жаўып атырып кабина ишине қарай сөйленди. — Ғаррының мийи айланған екен!

Машина қозғалып сәўлели нур ағымын өзи менен бирге алып кетти. Стоп сигналлардың қан қызыл нуры менен жақтыланған сай үстиндеги көпир ғышырлап қалды.

— Неге ол адамды кемситип сөйлейсең. Егер өзиңниң басыңа сондай күн туўса қалай болар еди? — деди көпирден өткеннен соң шофердиң жанында отырған қулақшынлы жигит.

— Ҳеш гәп болмайды... — Шофер еснеп баранканы айландырды.—Бундайдың талайына дус келгенмен. Мен гәптиң пос геллесин айттым. Қандай да бир қуршаңқы... өтмиштиң сарқыты. Ҳәзир ағайиним, ҳәмме нәрсениң атасы техника. Ҳәмме жерде техника. Урыста да. Бундай ғаррылар менен атлардың дәўири өтти.

— Ҳайўан екенсең! — деди қулақшынлы жигит.

— Түпирдим ҳәммесине, — деп жуўап берди шофер.

Машина кеткеннен соң және ҳәмме тәрепти түн қараңғылығы қаплады. Көзи және қараңғыға үйренискен Танабай сәменди айдай баслады.

— Қәне, кеттик, шүўҳ, шүўҳ! Жүрсең-ә!

Көпирден өткеннен кейин ол атты үлкен жолдан соқпаққа бурды. Енди олар қараңғыда зорға билинип турған соқпақ пенен сайды жағалап әсте-әсте илгерилей берди. Ай таўлар артынан енди ғана көринип киятыр еди. Жулдызлар суўық түсте жарқырап, айдың шығыўын күтип турғандай еди.

## 4

Гүлсары минискe үйретилген жылы жылқыларды гүзги жайлаўдан кеш қайтарды. Гүз бурынғыға қарағанда созылып кетти. Қыс қатты болмады, қар тез-

тез жаўса да көп турмады, от-шөп жеткиликли еди. Бәҳәрде жылқылар жәнe таўдың жанбаўырларына қайтып келди ҳәм жаз гүллеп-жаспаўы менен-ақ төменге түсе баслады.

Урыстан кейинги жыллар, итимал Танабайдың өмириндеги ең жақсы дәўир болса керек. Сол жыллары ол жигитликтиң соңы, ғаррылықтың алды дегендей жас сәмен жорғаны минип шалқып жүрди. Бул жорға оған бир неше жылдан соң гезлескенде еди, ол Гүлсарыны сол ўақта минип жүргениндей өзин буншелли бақытлы сезбеген болар еди. Әлбетте, гейде Танабай жорғаны минип адамлардың көзин қызықтырыўдан да аўлақ болмады. Желдей есип баратырған жорғаның үстинде гәрдиймесе бола ма, ақыры! Гүлсары буны жақсы билетуғын еди. Әсиресе, аўылға қайтқанда топар-топар болып жумыска баратырған ҳаяллар жолда ушырасып қалғанда, Танабай олардың қарасын көриўден қәдди-қәўметин тиклеп, ер үстине қуйып қойғандай болып отыратуғынын Гүлсары дәрҳал сезетуғын еди.

Буннан кейин Гүлсары сазан қуйрық атып, жоқ жерден салқын самал тартып, жол танабын қуўырып кете береди. Ол пысқырып, үстиндеги шабандозды жеңил пәрўаз бенен алып ушады. Ақ ҳәм қызыл орамаллы қатынлар жолдың шетине шығып дизесине келетуғын жасыл бийдайлардың арасында турады. Олар бир нәрседен сәтем алғандай тоқтап, ҳәммеси бирден қайрылып қарап турғанда, жайнаған нәзериндеги ушқын атқан көзлерин сүзип күлимсирегенде көринетуғын аппақ кишкене сәдептей тислерин көрсетип қала береди.

— Ҳей, жылқыман, тоқта!

Излн-изинен күлки ҳәм ҳәзиллер еситиледи.

— Асықпай тур, қолға түсесең, услап аламыз!

Бир-бириниң қолынан услап жолды кеселеп, оны тоқтатқан күйлери де болды. Ҳаяллар нелерди қылмайды дейсең! Олар масқаралағанды жақсы көреди-дағы. Танабайды ерден жабылып, сүйреп түсирип, қолынан қамшыны жулып алады да, ўаҳаҳаласып күлисип, бақырысады:

— Ырасыңды айт, қашан қымыз әкелесең?

— Бизлер бул жерде азаннан-кешке шекем далада жумыс ислеймиз, ал сен болсаң сәмен жорғаны шалқайып сүрип жүресең!

— Сизлерди ким услап тур. Жылқышылыққа өтиң. Тек байларыңызға ескертип қойың, өзлерине басқаларын излесин. Таўда бирақ, сүмелектей музлап қаласызлар.

— Ҳа, еле солаймеди! — Және жабырласып тартқылап қалады.

Бирақ, Танабай өзинен басқа бир адамның сәмен жорғаның зәңгисине аяғын тийгизиўге жол қоймайды. Ҳәтте, ушырасқанда кейпин өзгертетуғын ҳәм сәмен жорғаны әстен айдаўға мәжбүр ететуғын сол бир ҳаял да еле буны минип көрмеген. Итимал, оның мингиси де келмеген шығар.

Сол жылы Танабайды колхоздың тексериў комиссиясына сайлаған еди. Ол аўылға тез-тез келип ҳәр сапары бул ҳаял менен ушырасады. Көбинесе ол кеңседен бурқына писип шығады. Оның көзлерине, даўысына ҳәм қолларының ҳәрекет етиўине қарап Гүлсары ийесиниң кейпин биледи. Бирақ, мына ҳаял менен ушырасқанда ол мудамы мүлайым ҳәм ўақты хош болып қалады.

— Ҳәй, ҳәй, әстерек, қайда асығып турсаң! — деп сөйленетуғын еди ол, ойнақлап турған атын тыныштындырып ҳәм ҳаялдың изине жетип алғаннан соң әстен сәмен жорғаның дизгинин тартады.

Олар әлленәрсе ҳаққында сөйлесип, гейде үндемей қалады. Гүлсары ийесиниң жүрегиндеги ашыўдың қалай тарқап атырғанын, оның даўысының қалай мүлайымласып, кеўили жибисип баратырғанын сезетуғындай еди. Соның ушын да ол жолда бул ҳаялдың изинен жетип алыўды жақсы көреди.

Колхозда турмыстың аўырлығы, мийнет күнге тийисли ҳеш нәрсе түспей атырғанлығы, қалайынша бундай аўҳалдың жүзеге шығып атырғаны, мәмлекетке де бир нәрсе бериў мүмкин болатуғын, адамлар да бостан-бос ислемейтуғын күнлер қашан келетуғынын тексериў комиссиясының ағзасы Танабай Бекасовтың кеңседегилерден сорап бас қатырып жүргенин сәмен жорға қайдан билсин.

Өткен жылы зүрәәт өними оңлы болмады, от-шөп қәҳәтшилиги болды. Быйыл районның жүзи жерге қарамасын деп басқалар ушын да пландан тысқары дән ҳәм мал тапсырды, ақыбети не болады. Колхозшылардың ҳалы не кешеди-бунысы нәмелим еди. Ўақыт өтип баратыр, урысты умыта баслады. Бирақ адамлар

үш шеректен алғанлары ҳәм колхоз атызынан қойны-қонышына тыққышлап әкелгени менен еле бурынғысынша турмыс кеширетуғын еди. Колхозда ақша да жоқ: ғәлле, сүт, гөш, ҳәммеси бурынғы қарызды өтеўге тапсырылады. Жазда маллар өнип-өсе баслайды, қыста оның аўҳалына маймыллар жыласады, маллар от-шөп таңсықлығы ҳәм суўықтан қырылады. Тез арада малханалар ҳәм от-шөп базаларын таярлаў керек еди. Бирақ, қурылыс материаллары ҳеш жерден табылмайды ҳәм оны табыўға ҳеш кимниң басы да айланбайды. Урыс жыллары турақ жайлардың не сыйқы қалды дейсиз! Көптен көп базарма-базар гезип, мал, картошка менен саўда-сатлық еткенлер ғана жай салып алды. Бундайлар қурылыс материалларын есабын таўып шет-шебирден таўып келетуғын еди.

— Яқ, бундай болыўы мүмкин емес, жолдаслар! Бул шатақ, бунда қандайда бир патырат бар, — дейтуғын еди Танабай.—Сондай болатуғынына исенбейбеймен. Я бизлер, дәртке аспайтуғын болып қалдықт-ә, я сизлер натуўри басшылық етип атырсызлар.

— Неси шатақ бунын? Неси дурыс емес? — деп бухгалтер одағайлап, оның алдына қағазларды тутады.—Мине, планларды қара. Мынаў алғанларымыз, мынаў тапсырғанларымыз, мынаў кирис, мынаў шығыс. Мынаўсы қалдық. Түсирим жоқ. Тек зәлел!—Зыян. Тағы не демекшисең? Әўели түсинип ал. Тек сен коммунистсеңдағы, бизлер халық душпанымыз ба, солай ма?!

Гәпке басқалар араласып, тартыс, шаўқым-сүрен басланғанда, Танабай қоллары менен шекесин қысып, неге бундай болып атырғанына ой жуўыртып күйип-писип отыратуғын еди. Ол усы жерде ислеп атырғанына байланыслы, былайынша қарағанда колхозға жаны ашыйтуғын адам болғанлықтан емес. Бунын басқа себеплери де бар. Өйткени, Танабай менен бурыннан оты өре жанбайтуғын адамлар енди Танабайдың сыртынан күлип, оны көргенде: «Ал, енди өзиңниң жумысларың қалай? Мүмкин, және жуўан жудырықларды сапластырыўдың жолына түсерсең? Бирақ, енди бизден алатуғының жоқ. Қолың енди шонтықлық етеди. Япырмай, урыста неге бунын руўхы түспеди екен?!» — дегендей сурбетлик пенен бетине тикленип қарайтуғынын жақсы билетуғын еди.

Танабай да оларға: «Асықпай турыңлар, енеғарлар, бәри бир, биз айтқандай болады!» — дегендей мәнили көз-қарас пенен жуўап береди. Қалай деген менен бул адамлар жат адамлар емес, өз адамлары еди. Оның шешеси басқа, әкеси бир ағасы Қулбай ҳәзир қартайып қалған. Урысқа дейин Сибирде жети жыл түрмеде отырды. Оның балалары да әкесине тартты. Танабайды өлгейлиден жек көреди. Олар буны қәйтип жақсы көрсин. Ҳәтте, олардың балалары да Танабайдың тұқым-әўладларын жек көретуғын болады. Буның да себеби бар. Бул патыратлар әллеқашан болып өтсе де еле жуқнасы кеткен жоқ.

Қулбайды солай етиў керекпеди? Ол да өзинше истиң көзин таныйтуғын, орташа ҳал-аўқатлы дийқан емеспеди? Ағасы инисине өкпелемей турар ма сирә? Қулбай үлкен қатыннан туўылған еди. Бирақ қырғызларда бундай аға-инилер бир қарыннан шыққан болып есапланады. Демек Танабайдың ағайын-қарындаслыққа шек келтиргенлигиниң себебинен, сол жыллары қаншама гәп-сөзлер болмады дейсиз. Енди, әлбетте буннан ҳәр қыйлы жуўмақ шығарыў мүмкин. Бирақ өз ўақтында!... Ол бул жумысларды колхоздың пайдасы ушын ислеген жоқпеди, ақыры. Ал енди ислегенде де сөйтип ислеў керекпеди? Бурынлары ҳеш гүманланбайтуғын еди, ол урыстан соң басқашарақ ойланатуғын болды. Өзине ҳәм колхозға душпанды көбейтип алмадымекен мына Танабай?

— Не ислеп отырсаң, Танабай, көзиңди аш! — деп және оны гәпке араластырады басқалар. Тағы сол гөне патлақ. Қысы менен көңлерди қорадан шығарыў, қорама-қора кирип тазалап атызға төгиў керек. Дөңгелеклер жоқ. Кегей ушын қатты ағаш, оны қурсаўлайтуғын темирди де сатып алыў керек, бирақ, қайсындай ақшаға, қарызға берермекен, нениң есесине? Банк қуры гәпке исенбейди. Гөне жап-салмаларды тазалаў керек, тыңнан жап алыў ушын қазыў ислериниң машқаласы аўыр. Қыста адамлар бундай жумысларға шықпайды. Жер тонады, қазылмайды. Бәҳәрде үлгере алмайсаң, егин-пегин, қойларды қозылатыў, қулласы жумыс балалап кетеди, оннан кейин пишен орақ басланады. Қой шарўашылығын не қылыў керек? Өршитиў ушын қоралар қәне? Сүт фермасында да жағдай жақсы емес. Төбеси бастырылмаған. Отшөп жетиспеди, саўыншылардың қолы иске бармай-

ды. Азаннан кешке дейин тыным таппағанда не алып атыр? Буннан басқа тағы қаншама тынышсызландыратуғын кемшиликлер көп. Ақыбетинде ҳайран боласаң.

Сөйтсе де барын базар етип, партия жыйналысларында, колхоз басқармасында бул мəселелер жəне додаланады. Чора баслық еди. Тек соңында ғана Танабай оның қəдирин билди. Критикалаў аңсат екен. Танабай бир үйир жылқыға жуўап берсе, Чора колхоздағы барлық адамлар ҳəм жумысларға жуўап береди. Аўа, Чора мықлы адам еди. Барлық жумыслар шəлкем-шалыс болып, районда оған қарап столды тақылдатқанда да ҳəм колхозда жуп жағасынан тутқанда да оның руўхы түспеди. Танабай оның орнына болғанда, я қолын шаппатлап жилли болар еди, я өзин-өзи өлтирер еди. Чора болса колхоз хожалығын сақлап қалды, ҳəтте, өмириниң ақырына дейин жүрек аўырыўға шаталса да табан тиреп, соңынан жəне еки жылдай партия шөлкеминиң секретары болып иследи. Чора айтқан сөзине адамларды исендире алатуғын, адамлардың тилин таўып сөйлесетуғын еди. Танабай оны тыңлап отырып, ҳəмме жумыстың жөнлесип кетиўине, турмыс бурынғыдай, адамлар ең əўели əрман еткендей болып кетеди, деп исене баслайды. Оның Чораға болған исеними бир ирет ғана суўысты, онда да бунын өзи көбирек айыплы еди.

Танабай кеңседен қабағынан қар жаўып шығып ерге секирип минип, жылаўды жулқылап жибергенде, оның кеўлинде астан-кестен болған қыялларды жорға билмейтуғын еди. Бирақ, юл ийесиниң аўҳалының жаман екенин сезди. Танабай оған ҳеш қашан қамшы силтемесе де бундай пайытларда сəмен жорға ийесинен сескенип туратуғын еди. Жолда сол бир келиншекти көриўден-ақ, Танабай тəуир-ақ жеңил тартып кеўли босасып, ердиң үстинен еңкейип оның менен əлле нелер ҳаққында өте сөйлесип атырғанда, келиншектиң мамық қоллары мойнын сыйпалап, жалларын бармақлары менен тарап туратуғынын Гүлсары билетуғын еди. Ҳеш бир адамның қоллары буншелли жағымталлы емес еди-аў! Бул қоллар жулдыз қасқалы баяғы торы байталшаның ериплери сыяқлы жағымлы ҳəм жумсақ еди. Дүньяда ҳеш кимде бул келиншектиң көзиндей көз жоқ десе де болады. Танабай ердиң үстинен еңкейип оның менен сөйлесип турғанда келин-

шек: гә күлимсиреп, гә тымсырайып, бир нәрсеге қайыл болмай турғандай басын шайқайды. Көзлери пәтли ағатуғын тау̌ дәрьясының ултанындағы шыршадай суу̌да көринип туратуғын тас киби жалтырайды. Кетип баратырып ол және артына қайрылып қарайды, және басын шайқайды.

Буннан кейин Танабай ат үстинде ойшаң кете береди. Ол жүу̌енди өз еркине қойғанлықтан, жорға да өз еркинше туяқларын тақылдатып ҳазарсыз шайқатылады. Тап ер үстинде ийеси жоқтай сезиледи. Олар тап ҳәр қайсысы өз қыялы менен бәнт болып баратырғандай көринеди. Сонда қосық та өзи-өзинен келеди. Танабай ат туяқларының бир қәлиптеги тақылдысы астында атам заманда өтип кеткен адамлардың көрген азап-ақырети ҳаққындағы сөзлерди анық баянламастан ыңылдап кете береди. Ат болса өзи машқы еткен жүрис пененн оны дәрьяның аржағына — жылқылар тәрепке алып шығынып кетеди.

Гүлсары ийесиниң усындай у̌ақты хошлығына бола бул келиншекти де өзинше жақсы көретуғын болды. Ол келиншекти сыйны салынан, ғаз-ғаз назлы қәдем таслау̌ынан таныйды. Ҳәтте, оның өне бойынан тарқалатуғын өзине таныс емес қандайда бир шөптиң ерсилеу̌ өткир ийисин сезгирлик пенен байқап қалады. Бул қәлемпир еди. Ол қәлемпир моншақ тағып жүретуғын еди.

— Абайлап турсаң ба, Бийбижан, бул ат сени оғада жақсы көреди,—дейтуғын еди. Танабай.—Қәне, бир сылап-сыйпап жибер, және бир сыйпала. Ҳау̌, қулақларын салпыйтып жиберди ғой. Тап бузау̌дың өзи ал, енди үйирдеги жылқылар менен бунық басы писпейди. Еркине жиберсең болды, айғырлар менен ийттей ғайзасады. Соның ушын да буны минип жүриппен. Майып болып қалар деп қорқаман. Еле жас.

— Бул ғой жақсы көриу̌ин көредидағы, — деп қыялын бәнт еткен бир нәрсе ҳаққында ойлап турып жуу̌ап берди. келиншек.

— Басқалар жақсы көрмейди, демекшимисең?

— Мен басқа нәрсени айтып атырман. Бизлердиң жас күнимиз, сүйисетуғын мәҳәлимиз өтип кетти. Сени аяйман.

— О неге?

— Сен ондай адам емессең, соңынан қыйын болар саған.

— Саған не?

— Маған не? Мен жесирмен, урыстан келмеген солдаттың ҳаялыман. Ал, сен...

— Мен болсам тексериў комиссияның ағзасыман. Мине, сени ушыратып анаў-мынаў фактларды сорастырып атырман, — деп ҳәзиллести Танабай.

— Қалайда сен фактлерди тез-тез сорастыра беретуғын болып баратырсаң. Абайлы бол.

— Мен не қылдым өйтип? Мен де өз жолым менен кетип баратыр едим, сен де...

— Мен өз жолым менен кетип баратырман. Бизиң жолымыз бир емес. Хош бол. Уақтым жоқ.

— Қулақ сал, Бийбижан!

— Ал не? Болмайды, Танабай. Не кереги бар? Еси бар адамсыз ғой, ақыры. Сенсиз де кеўилим ўайран болып жүр.

— Енди не, мен сениң душпаныңман ба?

— Сен өзиңе душпансаң!

— Бул не дегениң?

— Қалай түсинсең, солай түсине бер.

Ол кетип қалғаннан кейин Танабай тап бир ис пенен машқул болып жүргендей аўылдың арасында айланып жүрди. Дигирманхана, соңынан мектеп тәрепке бурылды. Сөйтип, алыстан қарап турып келиншектиң қайын енесиниң үйинен шығып, жумыс ўақтында таслап кеткен қызының қолынан жетеклеп аўылдың шетиндеги үйине қалай кететуғынын бир көриўге зар болып турды. Оның барлық нәрсеси өзине қәдирдан еди. Келиншектиң ол тәрепке қарамай, жеделленип қәдем таслап барыўы да, қара орамал ишинен ағарып көринип турған жүзи де, қызы да, изинде жортып баратырған күшиги де оған сүйкимли еди.

Тек ғана келиншек өз ҳәўлисине кирип, көзден таса болғанда ғана Танабай оның адамсыз үйине қалайынша кирип есик ашқанын, тозған пахталы сырмағын шешип, көйлекшең асығып, суўға баратырғанын, ошаққа от жағып, қызын шомылдырғанын, аўқатландыратуғынын, өристен қайтқан сыйырын жайғастырғанын ҳәм түнде қап-қараңғы гүңиренип турған жайда жалғыз өзи жатып, өзиниң Танабайды сүйиўи мүмкин емес екенлигин, оның бала-шағасы бар екенин, жары жасқа келгенде ойнас тутыўдың масқарашылық екенин, ҳәр нәрсениң ўақты бар екенин, Танабайдың ҳаялының жақсы адам екенлигин, оның байы-

ның басқа ҳаял дәртинде ғәрип-ашық болып жүргениниң ылайықлы ис емеслигин түсиндириўге урынып атырғанын қыялында сәўлелендирип жолына түсетуғын еди.

Бундай пикирлерден Танабай өзин нақолай сезеди. «Демек, бизге несип етпеген екен-дә» — деп ойлайды ҳәм дәрьяның аржағындағы бозғылт кеңисликлерге қарап, дүньядағы ҳәмме нәрсени — жумысты да, бала-шағаның кийим-кеншеклерин де, дос, душпанларды да, бир неше жылдан бери сөйлеспей жүрген ағасы Қулбайды да, гейде ериксиз түсине енип, оны муздай терге батырып жиберетуғын урысты да умытып, ески қосықларды айтып, гөне намаларға қашырып алады. Аты дәрьяны кешип өтип, арғы жағадағы жол менен киятырғанын да байқамайды. Тек ғана сәмен жорға жылқыларға жақынласып екесленгенде ғана Танабай өзине келди.

—Тр—уғ—рр, Гүлсары, қаяққа асығып баратырсаң!— деп дизгинди тартатуғын еди, Танабай ес-ақылын жыйнап.

## 5

Қалай деген менен сол жыллары Танабай да, сәмен жорға да өзлерине тийисли дәўранды сүрген еди. Жүйрик аттың даўрығы футболистиң даўрығына усап кетеди. Көшеде топ теўип жүрген кешеги бала бирден ҳәмmениң көзине, — билимпазлардың аўзына түседи, аламанның хошаметине миясар болады. Дәрўазаға топ киргизип жүрген күнлеринде оның атағы жайылып кетеди. Соңынан әсте-ақырын адамлардың дыққат орайынан шығып, кейнинен пүткиллей умытылып қалады. Бәринен де бурын оған зақықланған адамлардың өзлери биринши болып оны ядынан шығарады. Атақлы футболистиң орнын басқа биреў ийелейди. Жүйрик аттың даўрығының ақыбети де усындай болады. Жарысларда озып шыққан сайын оның қәдири арта береди. Араларындағы айырма сол—атты ҳеш ким күнлемейди. Атлар күншилликти билмейди. Адамлар болса, қудайға шүкир, атларға күншиллик етиўди еле үйреткен жоқ. Бирақ, гәптиң ашым-айрығын айтқанда күншиллик ақылға сыйыспайтуғын нәрселерге де байланыслы болады. Мәселен, сондай ҳәдийселер де болған, ҳәтте күншиллер адамға жаманлық етиў

ушын аттың туяғына мыйық қаққан. Әй, бул күншил-ликти қоя бер. Мейли, енди қудай көрсетпесин оны...

Торғай гаррының болжағаны дурыс болып шықты. Сол жылы бәҳәрде сәмен жорғаның бақыт жулдызы жарқырады. Үлкен-киши оны танийтуғын еди: «Гүлсары!», «Танабайдың жорғасы», «Аўылдың сәни»... — деп тилге алатуғын болды.

Еле «р» ға тили айланбайтуғын кишкене балалар сәмен жорғаның желисине еликлеп, көшени шаңғытып шапқылап баратырып: «Мен Гүлсалыман... Яқ, мен Гүлсалыман. Апа, айтса, мен Гүлсалыман ғой, я... Шүў, алға, ҳе-й-й, мен Гүлсалы»... — деп бақырысатуғын еди.

Атағы жайылыўдың не екенлигин ҳәм оның қандай дәрежедеги жоқары мәртебеге ийе екенлигин сәмен жорға өзинин биринши ирет жарысқа қосылғанында билди. Бул Биринши Майда болған еди.

Дәрья жағасындағы кең жайлаўдағы митингден кейин сейил басланды. Ҳәр тәрептен есап-саны жоқ халайық жыйналды. Адамлар қоңсы совхоздан, таўлардан, ҳәтте Қазақстаннан да келген еди. Қазақлар өзлериниң сайланды атларын ортаға шығарды. Айтыўларына қарағанда урыстан соң еле бундай үлкен мереке болмаған екен.

Азанда азан менен Танабай арқасына ер салып айыл ҳәм зәңгилерди дыққат пенен тексерип атырғанда-ақ, сәмен жорға ийесиниң көзлеринен ушқын шашып, қолларына қалтыратпа тийгенинен бүгин бир нәрсениң болатуғынын сезди. Танабай жүдә тыныш-сызланған еди.

— Абайлы бол, Гүлсары, бизди уятқа қалдырма,— деп сыбырлады ол аттың жалы менен маңлайындағы кекилин тарап. — Сен өзиңди шерменде етиўге тийисли емессең, еситип турсаң ба? Буған бизиң ҳақымыз жоқ, еситип атырсаң ба?!

Адамлардын кеўилли даўысы менен асығыс жүрислеринен қалайда бир нәрсениң болатуғыны аян еди. Қоңсы жайлаўдағы жылқыманлар да атларын ертледи. Балалар әллеқашан атларға минип, олар әтирапта қыйғырысып шаўып жүр еди. Соңынан жылқыманлар топарласты да, ҳәммеси бирге дәрья бетке бағдар алды.

Гүлсары жайлаўда буншелли көп ат ҳәм адам жыйланғанын көрип аңырайып қалды. Дәрьяның бо-

йындағы бәлентликлер үстинде шаўқым-сүрен ҳүким сүрип тур еди. Қызыллы-жасыллы орамал ҳәм қып-қызыл байрақлар менен ҳаяллардың аппақ шалғышларынан көзлер қамасады. Атларға ең жақсы ер-турманлар салынған, зәңгилер шақылдап, сүўлықлар ҳәм атлардың омыраўын аршынлап қойған гүмис сийнеметлер жарқырайды.

Шабандозлардың астындағы атлары тығылысып, шыдамсызланып, жылаўды жулқып жер тепсинеди. Ортада ғаррылар — мереке басқарыўшылар атлардың бирин мақтап, бирин жаманлап жүр.

Гүлсары өзиниң ғайраты асып, күшке толып-тасып баратырғанын билди. Тап әллеқандай ғайбана бир руўхый күш оның жигерине енип кеткендей, ол енди бұннан қутылыў ушын тезирек топлымға қосылып, сонынан жылдырымдай болып кетиўи керек еди.

Басқарыўшылар топлымға қосылыўға белги бергеннен кейин Танабай дизгинди босатты, ат оны ортаға алып шықты ҳәм қайсы тәрепке қарай шабыўды билмей елерип айлана баслады. Адамлардың арасы гүўлеп: «Гүлсары!», «Гүлсары!» — деген сөзлер еситилди.

Үлкен жарысқа қатнасқысы келгенлердиң ҳәммеси де бөлинип шықты. Елиўге жақын шабандоз жыйналды.

— Халықтан пәтия алың! — деди сейилдиң бас басқарыўшысы салтанатлы түрде.

Пешаналарын қатты басып таңып алған тақыр бас шабандозлар алақанларын жайып, қолларын бәлент көтерип қатары менен жүрди ҳәм «Аў—мийин!» — деген даўыс қурдың анаў шети менен бул шетине бир аўыздан шыққандай гүўлеп тарқалды. Жүзлеген қоллар маңлайға таман көтерилип, алақанлар ағын суў сыяқлы олардың бетинен сыпқанап түсти.

Буннан соң шабандозлар бул жерден тоғыз шақырым алыслықтағы жарыс басланатуғын орынға атларын ойнақлатып, жортақлатып кетти.

Бул арада пияда ҳәм атлылардың гүреси, ерден сүйреп түсириў, шаўып баратырып жерде жатырған теңгени алыў ҳәм басқа да жарыс ойынлары басланды. Булардың бәри де тек үлкен тамашаның басланыўы ғана еди. Ал ең әҳмийетлиси, ол жақта шабандозлар кетип баратырған тәрепте еди.

Гүлсары жолда баратырып суўлыққа таслап асаўланып, тақатсызланды. Ол ийесиниң жүўенди неге тартып услағанына түсинбеди. Дөгерегиндеги басқа атлар да қулақларын қайшылап жулқынады. Олардың көплигинен ҳәм бәриниң шапқысы келетуғынын билген сәмен жорға қызғаншақланып қалтырады.

Бир ўақытта ҳәмме жарыс басланатуғын сызыққа келип, басларын бир тәрепке бурып қатарласты. Жарыс басқарыўшы қатар дизилип турғанлардың алды менен ол шетинен—бул шетине дейин шаўып өтти де, ақ орамалды көтерди. Ҳәмме сергекленип қатып қалды. Қолындағы орамалды былғады. Атлар алға умтылды, ғайраты тасқан Гүлсары да көптиң қатарында алға жулқынды. Есап-сансыз туяқлардың тақылдысы менен жер гүмбирлеп кетти. Шаң-тозаң көтерилди. Шабандозлардың: «Ҳа шүў, ҳа шүў!» — деп ҳаплыққан қыйғырықлары менен атлар оқтай зыңғып баратыр. Қосаяқлап шабыўды билмейтуғын Гүлсары ғана шайқатылып киятыр. Оның әззилиги де, қүдиретлиги де усында еди.

Дәслеп ҳәммеси ғуж-ғужланып, бир неше минуттан соң дараланып кетти. Гүлсары буны көрмеген еди. Ол тек өзинен басқа шапқыр атлардың өзин изде қалдырып, алдында жолда шаўып баратырғанын көрди. Дойнақлардың астынан зытлығып ушып шыққан ыссы майда тас пенен кесектиң қыйқымлары тумсығына тийип, дөгерегинде атлар пыснасып, шабандозлар бақырысып, қамшылар шырпылдасып, шаң-тозаң уйытқыды. Шаңлар аспанға көтерилип, даланлықтың үстинде ушып жүр. Соңынан женшилген жуўсанның ашшы ийиси даланы қаплап кетти.

Дийдиленген жолдың ярымына дейин усы аўҳал даўам етти. Алдыңғы онлаған ат сәмен жорға жете алмайтуғын сыпатта сазан қуйырық атып баратыр. Әтирапта шаўқым азая баслады. Издегилердиң сүрени зорға еситиледи, бирақ алдында басқалардың кетип баратырғаны, дизгинниң ерк бермегенлиги оның қәҳәрин келтирди. Көз алды ғәзеп ҳәм самалдан қанталасып қараңғыласты. Жол зымырап баўырының астынан сызылып өтип, қуяш аспаннан түскен отлы топтай домалап, оған жақынласып киятырғандай еди. Оның өне бойын ыссы тер қаплады, сәмен жорға терлеген сайын жеңилтекленип баратыр.

Шапқыр атлар шаршап, жүриси барған сайын тосаңлай баслады. Сәмен жорға енди қуржға минип киятырған еди. «Шүў, Гүлсары, шүў!» — деген ийесиниң даўысын еситти ол. Буннан соң қуяш оған тағы да жақынласып келгендей болды. Табан жолға тарысып киятырған ҳәм изде қалған шабандозлардың ғәзепленип бүрискен бет-аўызы, былғаңлаған қамшылар, атлардың ыржыйған аўызлары, қырылдап дем алған тумсықлары биринен соң бири көзине көрине баслады. Бирден суўлық ҳәм дизгинниң босасқанын сезген Гүлсары үстинде ердиң де, шабандоздың да бар екенин билмей қалды. Ол енди шабыс ағымының ышқында зымырады.

Сөйтсе де оның алдында қоңыр ҳәм мелле ирең еки шапқыр ат қатарласып баратыр еди. Екеўи де бир-бирин жибериспей, шабандозлардың бақырысы ҳәм шырпылдаған қамшының ҳәмири менен шыбындай ушып баратыр. Булар күшли ҳәм жүйрик атлар еди. Бираздан соң Гүлсары оларды да қуўып жетти ҳәм төбешикке көтерилейин деп турған жерде басып озып кетти. Ол тап үлкен бир толқынның өркешине минип алғандай төбениң үстине секирип шықты да, бир қанша ўақытқа дейин аспанда ҳәрекетсиз асылып қалғандай болды. Өкпеси тығылды, тағы да қуяштың өткир жарқын нуры көзине қадалғандай болды. Аздан кейин изинен қуўып жетейин деп турған туяқлардын тасырлысын еситти. Сол қоңыр ат пенен мелле ирең ат буннан өшин алмақшы еди. Бир ўақытта олар екеўи еки қапталынан, сыпыртып басып келди де, енди бир адым да изде қалмай ерисип отырды.

Олар үшеўи басын басларына тийгизип, бирге өкиреқ қағысты, енди олар сирә шаўып киятырғанға усамай қандайда бир түсиниксиз рәўиште, ҳәрекетсиз қатып қалғандай сезилди Гүлсарыға. Енди олардың көзлериндеги өшпенлиликти, кекшийген тумсықты, шайналған суўлықларды, жүўен-дизгинлерди көриў мүмкин еди. Қоңыр ат ғәзеп ҳәм қайсарлық пенен қарап, мелле ирең ат тынышсызланып, исенимсизлик пенен жән-жаққа алаңлады. Әне, тап сонысы биринши болып изде қала баслады. Ең дәслеп оның гүнәкардай жаўдыраған көзлери ғайып болды, соңынан танаўлары желбиреп кеткен тумсығы изде қалды, оннан соң биротала көринбей қалды. Қоңыр болса жүдә қыйынлық пенен әсте-ақырын изде қала баслады. Ол шаўып

киятырып эззиликтен ҳәм қәҳәр-ғәзептен көз қарасы атласып кетти. Ол өзиниң изде қалғанын мойынлағысы келмегендей сол ҳалында артта қалды.

Екеўи де артта қалғаннан кейин дем алыўы да аңсатласқандай болды. Алдынан дәрьяның бурылысы гүмистей жалтырап көрине баслады. Жасыл отлақ көзге тасланып, алыстан адамлардың бақырыс шаўқымлары еситилди. Қызба ышқыпазлар жолда күтип турған екен. Олар «қыйт-қыйтлап!» бақырысып еки жағынан атларын шаўып қамшылап баратыр. Сонда жорға өзиниң ҳалдан тайғанын бирден сезди. Сәмен ат есеңкиреди. Изинен оны қуўып киятыр ма, киятырған жоқ па, Гүлсары буны билмеди. Шабыў ҳәдден тысқары аўырласып, ол ҳәлсизленип баратыр еди.

Бирақ, алдында қара көрим жерде аламан ғаўырласып, атлы ҳәм пияда кисилер алдына шығып, еки тәрепинен де бақырыс, шаўқым барған сайын күшейди. Бирден ол: «Гүлсары! Гүлсары! Гүлсары!» — деген даўысларды анық еситти. Бул қыйғырықлар менен шаўқымға толған ҳаўадан нәпес алған сәмен жорға бир ғайбана жаңа күш пенен алға умтылды... Аҳ, адамлар, адамлар! Олар нелердиң мүддәҳәсинен шықпайды дейсиз!

Гүлсары өзин шадлық-сүрен ҳәм хошамет пенен күтип алып атырғанлардың арасынан өтип, қәдем таслаўын пәсеңлетти де, жасыл отлақты бир айланып шықты.

Бирақ, буның менен машақат тамам болмады. Енди оның да, ийесиниң де ықтыяры өзинде емес еди. Сәмен жорға бираз тыныс алғаннан кейин халайық ортаны кең етип ашып бурын келгенлерди қутлықлады: «Гүлсары, Гүлсары, Гүлсары!» — деген ҳаўаз көкке көтерилди. Соның менен бирге: «Танабай! Танабай! Танабай!» — деген қыйғырықлар да жаңлады.

Адамлар сәмен жорғаға тағы да бир жағымлы күш пенен қуўат берди. Жүйрик ҳәм ушқыр ат басын бәлент көтерип, көзлерин жайнатып ортаға шықты. Гүлсары хошаметтен мәс болып тағы да шабысқа талпынып, ойынға түсетуғындай бир қыялап қәдем таслай баслады. Ол өзиниң сыбыттай шырайлы, қүдиретли ҳәм атақлы екенин билетуғын еди.

Озып келген Танабай ат үстинде қушағын жайып көпшиликтиң алдынан өтти. Тағы да бир аўыздан шыққан: «Аў—мийин!» — деген сөз жаңлады. Тағы

да жүзлеген қоллар пешанаға таман көтерилип, алақанлар ағын суў тасқыны сыяқлы олардың бетинен сыпқанап түсти.

Сонда сәмен жорға көпшиликтиң арасынан сол бир таныс келиншекти көрип қалды. Бирақ, ол бул сапары қара орамал емес, ақ орамал тартқан болса да, пәтияға қолын жайғанда ат оны бирден таныды. Ол адамлардың биринши қатарында шады-қуррам ҳәм бақтыяр болып турғанлықтан пәтли ағатуғын таў дәрьясындағы тынық суў түбиндеги тасларға усап жарқырап турған көзлерин булардан үзбеген еди. Оның алдына барып бираз турыў, яғний ийеси Танабай оның менен сөйлесип алыў ушын, жулдыз қасқалы сол торы байталшаның еринлерине усаған ҳөл ҳәм меҳрибан қоллары менен жалларын тараўды, мойынын сылап-сыйпаўы ушын, Гүлсары әдеттегидей сол келиншек тәрепке жүрди. Бирақ, Танабай жылаўды басқа жаққа бурғанда сәмен жорға ийесиниң ҳәрекетине түсинбей, турған жеринде шыр айланып, сонда да келиншек тәрепке талпына берди. Япырмай-ә, ийеси әлбетте, өзи сөйлесип алыўы тийис болған сол келиншектиң усы жерде турғанын көрмей тур ма екен?...

* *
*

Екинши күн, яғный екинши май ҳәм Гүлсарының күни болды. Бул ирет тал түсте ылақ ойыны басланды. Бул да бир өзинше атлардың футбол ойыны еди. Айырмасы сол, топтың орнына басы кесилип, ишекқарны алып тасланған ешки болады. Ешки бундайда мықлы ҳәм қолайлы еди, оны аяғынан ямаса терисинен ер үстинде отырып тартысады.

Жайлаў тағы да қыйқыў, шаўқымға толды. Жер және туяқлар астында дүсирлей баслады. Есап-сансыз тамашаға келгенлер «қыйт-қыйтлап!» бақырысып, ылақшылардың дөгерегинде пәрмана болып шаўып жүрди. Тағы да Гүлсары сол күнниң қаҳарманы болды. Бирақ, Танабай еле де оны ең ақырғы ойын—ким ебетейли ҳәм шаққан болса, сол ылақты өз аўылына алып кетиўге рухсат берилетуғын, алған алақ ойынына сақлап тур еди. Бул ойынды ҳәмме күтип турғанының мәниси—бул жарыстың ең барған басы, ақыры. Буған қәлеген «басы қышыған» шабандоз қатнаса

алады. Ким болса да өз бақтын бир сынап көргиси келеди.

Май қуяшы алыста—қазақ жерлерине эсте еңкейип баратыр еди. Дөңгеленген қуяш тап мәйектиң сары уўызына усап баратыр. Қарасаң—көзиң қамасады.

Қыргызлар ҳәм қазақлар тап кешке дейин ат сабылтып, ер үстинде еңкейип, ылақ тартысып, оны бир-биринен жулқып алып, гә шаўқым көтерип, гә жумбаршақланып қалып, гә бақырысып, тағы тарқасып кетеди.

Шөлдеги саялар созылғанда барып қариялар аўылға алып кетиўге рухсат берди. Ылақ ортаға тасланды. «Алған алақ!»

Ҳәмме бирден умтылып, ешкини жерден көтерип алыўға талапланды. Бирақ, урда-жық топаланда оны алыў аңсат ис емес еди. Атлар ҳалласлап шыргүбелек айланып, тислерин ыржыйтып, бир-бири менен тислести. Гүлсары бул алапасырлыда қыйланып, кенисликке талпынған менен Танабай ылақты қолына ҳеш түсире алмады. Сол ўақта бирден: «Усла, қазақлар алды!» — деген күшли даўыс жаңлады. Атлардың жулқыныўынан гимнастеркасынын дал-далы шыққан жас қазақ жигит қутырып кеткен қара торы аттың үстинде ортадан атылып шықты. Ол тақымына ылақты басып алып, атын жөн алды патырақлатып кетти.

— Усла—а! Кетти қара торы! — деп бақырды ҳәмме оны қуўып баратырып. — Тезирек, Танабай, тек сен қуўып жете аласаң!

Қара торы атлы қазақ тақымында жалпылдап баратырған ылақ пенен туўры күн батарға қулдырап баратыр еди. Және бираз шапса тап батып баратырған қуяшқа ушып кирип, сол жерде қызыл түтинге айланып кететуғындай сезиледи.

Гүлсары ийесинин неге жылаўын тартып баратырғанына түсинбеди. Бирақ, Танабай қазақ жигитин қорғашалап баратырған көп санлы шабандозлардан оны жеккелеп алыўды, оған жәрдемге асығып киятырған аўылласларынан алысырақ кетиў пайытын күтиў керек екенин билди. Олар торы атты жүйрик атлар менен қамашалап ала қойса, қолдан берилген абырайлы олжаны ҳеш қандай күш пенен қайтарып алып болмайды. Тек жекпе-жекке келгенде ғана бир нәрсеге тәўекел етиў мүмкин еди.

Иретин таўып Танабай сәмен жорғаның басын бослап жиберди. Гүлсары қуяш нуры астында өзине қарап жуўырып киятырған жер үстинде шүйлигип баратыр. Уағырлаған даўыслар артта қалып, қара торы менен болған аралық жақынласа баслады. Қара торы аўыр жүк пенен шаўып баратырғанлықтан, оны қуўып жетиў онша қыйын емес еди. Танабай сәмен жорғаны қара торының оң қапталына бурып салды. Себеби, оң қапталында шабандоздың тақымына илинген ылақ салбырап баратыр еди. Мине, теңлесе баслады. Танабай ешкиниң аяғынан уелап тартып алыў ушын ер үстинен еңкейди. Бирақ, қазақ ылақты шаққанлық пенен оң жағынан шеп жағына өткерип алды. Атлар болса еле туўры күнбатарға салдырып баратыр. Енди Танабайдың сәл кейинлеп қалып, дәрҳал қуўып жетиўи керек еди. Сәмен жорғаны қара торыдан айырып алыў қыйынға түсти. Бирақ, сөйтсе де буның илажын етиў мүмкин болды. Гимнастеркалы қазақ ылақты және оң қапталына алып үлгерди.

— Турдым ғайратыңа! — деп заўықланып бақырды Танабай.

Атлар еле күнбатарға талўасланып баратыр.

Уақытты өткериў керек емес. Танабай сәмен жорғаны қара торыға жақынлатып, қазақтың ериниң үстине еңкейди. Қазақ жигит қутылыўға урынды, бирақ Танабай жибермеди. Жорғаның шаққанлығы ҳәм сыбытлығы Танабайға қара торының мойнына жетиўге имканият берди. Усы тәризде ол ылаққа қол созып, оны өзине тартты. Оған оң тәрептен ҳәрекет етиў аңсат еди, буның үстине еки қолы да бос. Мине, ол ешкиниң ярымын өзине тартып алды.

— Енди абайлы бол, қазақ ағайын! — деп бақырды Танабай.

— Бийкар айтасаң, қоңсы, бермеймен! — деп жуўап қайтарды ол.

Олар тиртеклесип шаўып баратырып, ат үстинде гүресе баслады. Бир олжаға қос-қабатайына шүйликкен бүркитлердей ылаққа беккем жабысып алып, бир-бирине одағайлап, қырылдасып пыснап, бир-бирин қорқытыў ушын жыртқышлардай пәнже салысты. Қоллары бир-бирине өтлесип кеткенликтен, тырнақларының көбеси сөтилип қанап кетти. Үстиндеги шабандозлары жекпе-жек гүресип атырғанда, тығылысып қатара баратырған атлар қырмызы қуяшты қуў-

ып жетиў ушын асығып, көзлери қанталасып кеткен еди.

Усындай мәрдана, мәртлик ойынларды бизлерге мийрас еткен ата-бабаларымызға рахмет-ә!

Енди ылақ екеўиниң ортасында — шаўып баратырған атлардың арасында салпылдап киятыр. Олар үндемей тислеңип, бар күшин билегине шығарып тартысты. Бир-биринен ажырасып, шетке шығып алыў ушын екеўи де ешкини тақымға басыўға қумар. Қазақ күшли еди. Қоллары үлкен, пәнжели, тағы да Танабайдан тәўирақ киши. Бирақ, тәжирийбе үлкен нәрсе. Танабай тосаттан оң аяғын зәңгиден босатып алды да, оны дәрҳал қара торы айғырдың аш бүйирине тиреди. Ылақты өзине тартыў менен қатар оның атын аяғы менен ийтерип атырған еди. Қазақтың алақаны әсте-ақырын жайыла баслады.

— Беккем бол! — деп Танабайға ескертип үлгерди жеңилген қазақ.

Күшли силкиниўден Танабайдың ерден аўнап түсиўине сәл қалды. Бирақ, өзин жөнлеп алып, қуўанғанынан бақырып жиберди. Сәмен жорғаны бирден табаннан бурды да, ҳадал ҳәм әдил гүресте қолына түскен олжаны тақымына басып қаша баслады. Изинен бир топар шабандозлар бақырысып дизгин ушынан қуйдырып киятырған еди.

— Гүлсары! Гүлсары алды!

Қазақлар бир топар болып оның жолын кес-кеслеўге умтылды.

— Ой—бай, жиберме, Танабайды тут!

Енди ең шығарлығы—олардан қаймығыў ҳәм аўылласларының қоршаўына тезирек жетип алыўы керек еди.

Танабай анталасып киятырғанлардан өзин шетке алып, сәмен жорғаны және бир табаннан бурды. «Бәрекелла, Гүлсары, рахмет саған, ақыллы сәменим!»— деп миннетдар болды жорғаға. Жорға өз ийесиниң сәл ғана ийилгенине дейин билип, гә бул, гә ол тәрепке бурылып, қуўып киятырғанларға жол таслап киятыр еди.

Жорға тап жер баўырлағандай болып баратырып қыйын жағдайдан шығып алды ҳәм туўрылап оқтай ушып кетти. Бул ўақта Танабайдың аўылласлары да жетип келди. Еки жағынан ҳәм артынан оны орап алып, ҳәммеси биригип бир топар болып қашып отыр-

ды. Бирақ, қуўып киятырғанлар булардың алдынан және шықты. Тағы бурылып қашыўға туўра келди. Гейде оң қанатына, гейде шеп қанатына қыялап тез ушатуғын қуслар топарындай, шөлдиң кең қойнын, дүсирлетип қашқанлар ҳәм олардың изинен қуўған шабандозлардың топары жапырылып мәкидей атлығып баратыр еди. Ҳаўаны шаңғыт қаплады. Даўыслар жаңлады. Биреўи аты менен бирге жығылса, биреў ердиң үстинен оммақазан атып түседи. Биреў ақсаңлап атын қуўады. Бирақ, ҳәммени де жарыстың шаўқымсүрени бийлеп алған еди. Ойында ҳеш ким жуўапкер емес. Тәўекел менен дәў жүрекliликтиң анасы бир...

* *
*

Батып баратырған қуяштың бир шети көринип тур. Соң қас қарайып қалса да жерди ләрземге келтирип атырған ылақ ойыны тынық салқын геўгимде еле даўам етип атыр еди. Енди ҳеш ким бақырмайды да, ҳеш ким ҳеш кимниң кеўилине де тиймейди, ҳәмме тасқын ҳәрекетте мәс болып шабысты даўам ете берди. Шабыстың ышқына түсип кеткен шабандозлардың ағымы толқын сыяқлы төбеликтен-төбеликке көшеди. Шабандозлардың жүзлериндеги қумарлық ҳәм аз сөйлеўшилик, бәлки, усыннан шығар? Қазақлар домбырасының ҳәм қырғызлардың қобызының жаңлаған ҳаўазын усылар дөретпедимекен?!

Дәрьяға жақынласып қалған еди. Оның суўы қалың путалықтың арасынан зорға жылтырайды. Және азырақ жол қалып тур. Дәрьяның арғы жүзинде ойын тамам болады, ол жағы аўыл. Танабай ҳәм оны қоршап алғанлар бир топар болып шабысып баратыр. Гүлсары тап ғәзийне жүкленген кемедей ортада қадағалаўда киятыр.

Бирақ ол шаршаған, силейип шаршаған еди. Бул күни жүдә машақатлы болды. Сәмен жорға талықсыды. Еки қапталында киятырған еки жигит оның суўлығынан услап, атқа жығылыўға мүмкиншилик бермеди. Қалғанлары Танабайдың қапталынан ҳәм артынан қорғашалап шабысты. Ол болса ердиң үстине омыраўын таслап жатып алған еди. Танабайдың басы қалтаңлап, ердиң үстине зорға отыр. Жанында қолтықлап киятырған аўыллас шабандозлары болмағанда өзиниң де, жорғаның да қозғалыўға дәрманы

келмеген болар еди. Бурынлары да, бәлки, олжаны усылай етип алып қашқан шығар, бәлки жарадар батырды тутқыннан усылай қутқарған шығар?!....

Мине дәрья, мине отлақ, шағыл таслы кең өткел. Геўгим түссе де, ол еле көринип тур.

Шабандозлар шабысы менен суўға атылды. Зәңгилердиң қулақларды герең еткендей улы-шақырлысы менен суўды шашыратып, жорғаны арғы жағаға алып шықты. Ойын тамам болған еди. Жеңис!

Биреў Танабайдың еринен ылақты алып, аўылға шаўып кетти.

Қазақлар дәрьяның арғы жүзинде уйлығысып қалды.

— Бизлер менен ылық ойнағаныңыз ушын рахмет, сизлерге! — деп бақырысты қызғызлар оларға.

— Саў болыңлар! Гүзде және ушырасамыз! — деп жуўап берди де қазақлар атларын кейнине бурды.

Қараңғы түскен еди. Танабай тойханада отырғанда, сәмен жорға басқа атлар қатарында ҳәўлиде қаңтарыўлы турды. Миниске үйретилген биринши күнди есапқа алмағанда, Гүлсары ҳеш қашан бундай болып шаршамады деседе болады. Бирақ, ҳәзиргиге қарағанда ол ўақта бул нәзик ғана бир нәл еди. Зыяпатта ол ҳаққында сөз болып атыр:

— Танабай, Гүлсары ушын ишип жиберейик: егер ол болмағанда бүгин жеңиске жете алмайтуғын едик.

— Аўа, қара торы айғыр арысландай екен. Әне бир жигиттиң күшлисин-ай, бала. Ол жигит көп жерге барады еле.

— Ырас гәп. Гүлсарының өзин туттырмаў ушын жер баўырлап шапқаны еле көз алдымда. Қарап турып, тынышсызланғанымнан демим тартылып қалайын деп еди.

— Несин айтасаң, бурынлары бундай атлар менен батырлар саўашқа түскен шығар-аў! Ат емес, дүл-дүл бул!

— Танабай, оны қашан бийелерге жибермекшисең?

— Ә-ә, ол усы жүргенинде де байталларды қуўалап жүр, бирақ еле ерте деп ойлайман. Келеси бәҳәрде әйне шағына толысады. Семириўи ушын гүзден баслап өз еркине жиберемен...

Кейип етип, жазылысып отырған адамлар ылақ ойынның тәрийпи ҳәм сәмен жорғаның ҳөнери ҳаққын-

да сөйлесип көп ўақыт отырып қалды. Гүлсары болса тери қатып сейисханада суўлығын шайнап тура берди. Ол таң атқанша сол турысында қаңтарылыўлы турыўы керек еди. Ол аш болды. Бирақ, оны ҳәзир қыйнап турған ашлық емес. Желкелери сырқырап аўырып, аяқлары да өзиники еместей, туяқлары от тийгендей қызып, басының ишинде еле өткен күнниң шаўқым-сүрени ғуўлап тур еди. Қыйғырық, бақырыслар еле оның қулағының түбинде жаңлайды. Анда-санда шоршып кетип, қулақларын қайшылайды. Майса отлақтың үстинде аўнап жатып, бир силкинип алғаннан соң, жайлаўда атлардың арасында аяғын жазып жүргиси келди. Бирақ, ийеси көп отырып қалды.

Арадан көп ўақыт өтпей ийеси қараңғыда сәл-пәл тентиреклеп оның жанына келди. Оннан қандайда бир өткир ҳәм ашшы ийис аңқып турғанын сезди. Танабай бундай аўҳалға жүдә сийрек гезлеседи. Арадан бир жыл өткен соң, сәмен жорға мудамы мине усындай ийис аңқып туратуғын адамның қолына түсип қаламан деп ойлаппекен сирә? Сонда ол, сол адамды да, бул жеркенишли ийисти де өз өмириниң ақырына дейин пүткиллей жек көретуғынын билдимекен?

Танабай сәмен жорғаның жанына келип саўрыесын сылап-сыйнап, терликтиң астына қолын суғып көрип атырып былай деди:

— Тәўир-ақ суўыған усайсаң. Шаршадың ба? Мен де өлгейлиден шаршадым. Бирақ, сен маған буншелли оқырайып қарама, мен ишсем сениң саўлығың ушын иштим. Байрам. Сонда да азғантай иштим. Мен өз ҳәддимди билемен, сен буны есапқа алып қой. Урыста да нышананы билгенмен. Қой, Гүлсары, бүйтип оқырайып қарама. Ҳәзир жайлаўға кетемиз, дем аламыз...

Танабай айылларды қайтадан тартты, үйден шыққан адамлар менен бираз сөйлесип турды. Соңынан ҳәмме атларына минип, тарқасып кетти.

Танабай аўылдың уйқыға кеткен көшелери менен кетип баратыр. Дөгерек жым-жырт. Жайлардың айналары тас-түнек. Алыстан еситилер-еситилмес трактор даўысы келеди. Таўлардың үстинде ай қалқып, бағларда гүллеген алмалар ағарып көринеди, бир жерлерден бүлбилдиң шақылдап сайрағаны еситиледи. Неликтен екени түсиниксиз, аўылда тек жалғыз-бир

ғана бүлбил бар. Оның өзи сайрап, өзи тыңлайды, кейнинен тым-тырыс болып және сайрайды...

Танабай сәмен жорғаны тоқтатып турды.

— Буншелли жағымлы-ә! — деди ол даўысын шығарып. — Не деген тынышлық-ә! Тек бүлбил ғана сайрап атыр. Түсиниш турсаң ба, Гүлсары? Қайдан түсинесең сен. Сен жылқылардың үйирине қосылыўың керек, мен болсам...

Олар темиршилик устаханасының тусынан өтип кетти. Бул жердеги ең шетки көше менен жүрип, дәрьяның жағасына шығып, оннан соң жылқылардың үйирине барыў керек еди. Бирақ, ийеси аттың басын басқа тәрепке; ортадағы көшеге бурды, көшениң ақырына таман барып, сол келиншек туратуғын үйдиң алдында тоқтады. Көбинесе, кишкене қыз бенен бирге жортып жүретуғын күшик жуўырып шықты да бираз шәңкилдеп үрип, қуйрығын былғаңлатып тынышланып қалды. Танабай ер үстинде турып бир нәрсе ҳаққында ойланды да, кейнинен бир гүрсинип жылаўды әстен бурды.

Жорға алдына жүрип кетти. Танабай оны дәрья бетке қарай бурды. Жолға шығып алғаннан соң аттың жүрисин тезлетти. Гүлсарының өзиниң де жайлаўға тез жетип алғысы келип еди. Олар отлақ пенен кетти. Мине, дәрьяға да жетти. Жағыста жорғаның туяқлары тасқа тийип тақылдай баслады. Муздай салқын суў, шаўылдап атыр. Суўдың дәл ортасына келгенде Танабай аттың жылаўын қатты тартып, ғырра кейнине бурды. Гүлсары оны адасқан шығар деп ойлап басын былғаңлатты. Олардың изине қайтыўы керек емес еди. Басының аўған жағына жүре бере ме? Бирақ, ийеси оның жамбасына қамшы менен бир урды. Гүлсары қамшыны сүймейтуғын еди. Ол суўлығын шықырлатып шайнап, ийесине зорға бойсынды ҳәм изине бурылды. Және отлақ арқалы және сол жол менен сол үйге қарай жөнелди.

Үйдиң алдына келгенде Танабай тағы ердиң үстинде тыпыршылап қалды. Жүўенди гә буяққа, гә ояққа қарап тартқанына қарап, оның не ислемекши екенин түсинип болмайды. Дәрўаза алдында тоқтады. Ырасын айтқанда дәрўазаның өзи жоқ еди. Оның тек қыйсайған қаптал ағашлары ғана қалған... Және күшик жуўырып шықты. Бирақ, шәңкилдеп тағы қуйры-

ғын былғаңлатып тынышланды. Ҳәўли тып-тыныш ҳәм қараңғы еди.

Танабай ерден түсип, жорғаның жылаўынан жетеклеп ҳәўлиге кирди ҳәм айнаға жақынласып барып оны тықылдатты.

— Ким бул? — деген даўыс шықты ишкериден.

— Бул мен, Бийбижан, аш, еситип атырсаң ба, мен ғой!

Ишкериде шыра жаныпп, айнала жарқырай баслады.

—Саған не болды! Биймезгил қайдан киятырсаң? — деди Бийбижан есиктиң алдына шығып. Ол жағасы жайлаўына кеткен ақ көйлек кийипти. Қап-қара шашларының өрими жаўырнында таўланады. Денесиниң жағымлы ийисине аралас оннан бийтаныс шөптиң де ийиси келип тур.

—Кешир, — деп әсте сөйледи Танабай. — Ылақ ойыннан кеш қайттым. Шаршадым. Аттың да диңкеси қурыды. Оны қаңтарып қойыў керек, өзиң билесең, жайлаў алыс.

Бийбижан үндемеди.

Оның көзлери тынық суў айдынының түбинде жалтырап көринген таслар сыяқлы жалт етип жанды да және сөнди. Сәмен жорға келиншектиң өзине жақын келиўин ҳәм мойынын сылап-сыйпаўын күтти. Бирақ, ол ондай етпеди.

— Суўық, — деп келиншектиң өне бойы қалтырап кетти. — Неге турсаң? Ондай болса ишкериле. Ойлап тапқанына қара! — деп әсте сыңқылдап күлди, Бийбижан.—Сен бул жерде ат үстинде тыпыршылап турғаныңда мениң де боларым болды. Баладайсаң тап.

— Мен ҳәзир. Атты қаңтарайын.

— Ҳа анаў жерге, дийўалдың мүйешине байлап қоя бер.

Ийесиниң қоллары ҳеш қашан бүйтип калтырамаған еди. Ол суўлықты шығарыўға асығып, айылларды дәрҳал босата алмады. Айылдың биреўин сәл босатты, екиншисин умытты.

Ол келиншек пенен бирге кирип кетти, аздан соң айнадағы шыраның сәўлеси өшти.

Әллекимниң ҳәўлисиндеги қазықта турыў сәмен жорғаға бир түрли көринди.

Ай сүттей жарық еди. Гүлсары дийўалдан асырылып қарап, аспанға ийек созып ақшыл-көгис нурлы

шуғлаға шайып алынған, түнги тауларды көрди. Ол қулақларын қайшылап тыңлады. Салмада суў сылдырайды. Алыста еле сол трактор тырылдайды, бағларда еле сол жалғыз бүлбил сайран етеди...

Қоңсы ҳәўлидеги алма ағашларының путақларынан аппақ гүл қаўызлары төгилип, аттың басына ҳәм желкесине әсте түсип турды.

Таң саз берип киятыр. Сәмен жорға өз салмағын гә бул аяғына, гә ол аяғына таслап, тик аяқтан турып Танабайды сабырлылық пенен күтип тур. Еле тағы көп мәртебе түнлерди таңға уластырып бул жерде туратуғынын ол билмейтуғын еди.

Танабай таңның алдында үйден шықты. Жыллы қоллары менен Гүлсарының аўзына суўлық сала баслады. Енди оның қолларынан да бийтаныс шөптиң бир түрли ийиси келеди...

Бийбижан, Танабайды шығарып салыўға шықты. Оның қойнына тығылды. Танабай оны көп ўақыт қушақлап турып сүйди.

— Муртың шаншылып кетти, — деп сыбырланды. — Тез бол, таң атып кетти, — деди Бийбижан кетпекши болып изине айланып.

— Бийби, берман кел, — деп шақырды оны Танабай. — Маған қара, буны бир сылап-сыйпап жибер, еркелет, — деп ийегин созды ол сәмен жорғаға қарап. — Бизди қапа етпе сен!

— Ҳаў, ядымнан шығып кетипти ғой, — деп күлип жиберди келиншек. — Буған қара, үстине алманың гүллери түсипти. — Ол жақсы сөзлер айтып турып жулдыз қасқалы сол торы байталшаның ериўлери сыяқлы жыллы ҳәм жағымлы әжайып қоллары менен атты сыйпалады.

Дәрьядан өткеннен кейин Танабай қосық айта баслады. Оның қосығының ырғағы менен дойнақ таслаўды Гүлсары жақсы көретуғын болғанлықтан, ол жайлаўға тезирек жетип алыўға асықты.

Бул май ақшамларында Танабайдың иси оңына баслады. Жылқыларды түнде бағыў гезеги үлесине тийген еди. Сәмен жорға ушын жаңа өмир басланды. Күндиз отлап жүрип дем алады, түнде болса ийеси жылқыларды сайға түсирип, оны минип ҳәне сол жол менен келиншектиң үйине тартады. Таң ала геўгимде олар тап ат урыларындай шөлдиң адам жүрмейтуғын соқпақларына түсип, сайдағы жылқыларға асығады.

Бул жерде Танабай жылқыларды бир жерге жыйнап, қайта-қайта санағаннан соң кеўили тынышланады. Сәмен жорғаға қыйын болды. Ийесиниң бир аяғы ол жақта болса, бир аяғы бул жақта. Түни менен жолсыз жерлерден шаўып жүриў аңсат емес. Бирақ, ийесиниң буйрығы, тилеги усындай.

Гүлсарының ерки өзинде болғанда, үйирден бир қарыс алыслап кетпес еди. Онда айғырлықтың нышанлары пайда болған екен. Ҳәзирше үйирдеги айғыр менен айқасқа түсип жүр. Бирақ, күнлер өткен сайын үйир айғыр менен екеўи бир байталға айланысып, кем-кемнен өшпенли болып баратыр. Гүлсары басын кекшийтип, қуйрығын сабалап, жылқылардың алдында өзин тез-тез көрсетип, қоқырайып жүреди. Шыңғырып кисинейди, ашыўланады, бийелердиң санынан әстен тислеп алады. Бунның өзи бийелерге жағатуғын болса керек, олар да үйир айғырдың жинин тырыстырып, шапқылап келип Гүлсарыға сүйкенеди. Бунның есесине сәмен жорға сыбағасын мықлап алатуғын болды. Өйткени, ғарры айғыр мийримсиз ҳәм урысқақ еди. Бирақ, түни менен келиншектиң ҳәўлисиндеги қазықта қақайып турғаннан көре, айғырға қыр көрсетип жүриў абзал еди. Бул жерде ол бийелерди сағынып, тынышсызланып, жер тепсинип, соңынан жуўасып қалады. Егер сол бир ҳәдийсе болмағанда бундай ақшамдағы жүрислердиң қашанға дейин даўам ететуғынын ким биледи дейсиз...

Сол ақшам сәмен жорға үйирди қумартып, ийесин күтип, әдеттегидей тыпыршылап турып азғана қалғып кетти. Ол тамның алдында қантарыўлы тур еди. Жатыўға мүмкиншилик жоқ, ҳәр сапары уйқысырап басы төмен түсип кеткенде, суўлық езиўине қатты батып кетеди. Сонда да уйқысы келеди. Ҳаўа айнып, аспанды қап-қара булт қаплап алған еди.

Гүлсары уйқы аралас мүлгип турып, тап қандай-да бир қүдиретли күш тосаттан тереклерди тамыры менен қопарып таслайтуғындай силкинип атырғанын, олардың қатты гүўлеп турғанын байқап қалды. Самал сыйыр саўатуғын бос шелекти даңғырлатып, жумалатып, жипке жайып қойылған кийим-кеншелеклерди жулқылап ушырып әкетти. Күшик қайда тығыларын билмей қунысып, қаңсылай баслады. Жорға шимиркенип пысқырды, қулақларын тикирейтип қатып қалды. Ол басын дийўалдан асырып жайлаў тәрепке

қарады. Ол жақтан қараңғылық қушағынан қандай да бир қәўипли нәрсе жақынласып киятырғандай еди. Аздан соң тоғай жапырылып қулағандай патырлап кетти.

Аспап гүрилдеп, жылдырым бултларды тилкимлеп ойнады. Жаўын сарылдап қуйды. Сәмен жорға жамбасына қамшы тийгендей арқанды үзбекши болды ҳәм үйирди ойлап, тыпыршып, шыңғырып киснеп жиберди. Оның қыялында өз тайпасын қәўиптен қутқарыў ҳаққында тәбийғый ғамқорлық оянған еди. Ат жулқынып алаңлап, суўлық, жүўен, айыл, қыл арқан—яғный оны бул жерге бәнт етип қойған ҳәмме нәрседен қутылыў ушын тасырлады. Ол ҳәр жаққа умтылып, туяқлары менен жерди дүсирлетип, тырмалай баслады да, жылқылардың сестин еситиў ушын тынымсыз киснеўге киристи. Тек ғана даўыл ызғырып, гүўлеп тур. Аҳ, егер сол сапары байлаўда турған жеринен босанғанда ма!...

Танабай ишки ақ көйлек пенен сыртқа атылып шықты. Оның изинен ҳаял көринди, ол да ақ көйлекли еди. Олар жаўынның астында демде қараўытып кетти. Шақмақ олардың ҳөлленген жүзине ҳәм тасырайысқан көзлерине сәўле шашып, караңқылық қушағындағы үйдиң ярымын ҳәм оның ашылып-жабылып турған қапысын да көрсетти.

— Тоқта, тоқта! — деп шылбырды шешип атырып атқа бақырды Танабай. Бирақ, ат оған енди бойсынбайтуғын еди. Сәмен жорға ийесине жыртқышларша умтылып, туяқлары менен дийўалды қулатты, ол арқанды үзиў ушын тынбай жулқына берди. Танабай дийўалға қабысып, оның жанына зорға барды ҳәм қоллары менен басын саўғалап алдына умтылып, жылаўға асылды.

— Тезирек шеш! — деп бақырды ол келиншекке.

Ҳаял арқанды жаңа шешкенде, жорға шапшып кетип Танабайды сүйреп кетти.

— Қамшыны бер, тезирек!

Бийбижан қамшыны әкелиўге жуўырып кетти.

— Тоқта, тоқта өлтиремен! — деп бақырды, Танабай аттың тумсығына қамшы менен сабалап. Танабайдың сәменниң үстине минип алып тез арада жылқыларға жетиўи керек еди. Ол жақта не болып атыр екен? Ҳәтте, сәмен жорғаның да жылқылар арасында болыўы керек еди. Әсиресе, ҳәзирги қәўип-қәтер кү-

шейип турған ўақытта тез барыўы керек, бул, жорғаның. Сонлықтан ол киснеп, аспанға шапшып, бул жерден тезирек кетиўге асықты.

Жаўын болса шелеклеп қуйып, шақмақ шағып, аспан гүмбирлеп, жерди ләрземге келтирип тур.

— Усла!— деп Танабай, Бийбижанға буйырды. Келиншек жылаўлап турғанда ол зәңгиге аяғын салды. Ол аттың жалынан уславы менен еле ерге отырмастан-ақ Гүлсары келиншекти қағып кетип бир қапталға аўнатты да, ҳәўлиден атылып шықты.

Гүлсары енди я суўлыққа, я қамшыға, я Танабайдың бақырысына бойсынбастан тәбийғый сезгирлиги менен жол қуўып, түнде шелеклеп қуйып турған жаўынның астында зыңғып баратыр еди. Ол өз ҳүкимин жоғалтқан ийесин, суўдың сарылдысы ҳәм гүлдирмаманың гүлдир-салдыры астында қайнап-тасып ағып атырған сайдың ортасы менен путалықтың арасынан, тикжарлардан алып өтти. Ол бар пәрманы менен алға қарай шаўып баратыр. Гүлсары ҳеш қандай үлкен жарыста да, ылақта да бүйтип шаппаған еди.

Қутырған сәменниң өзин қайда ҳәм қалай етип алып қашып баратырғанын Танабай билмейтуғын еди. Жаўын оған бетин ҳәм тула беденин күйдирип баратырған өрттей сезилди. Оның мийин жеген жалғыз бир нәрсе: ол да болса «жылқыларға не болды екен? Атлар ҳәзир қай жерде екен? Қудайдың өзи яр болып, темир жол тәрепке шығынып кетпегей дә. Поезд апаты! Өзиң пана бол. Өзиң қоллап қуўатла, я алла! Әрўақлар қайдасыз, мәдет бериңлер! Жығылып, сүрнигип кетпе, Гүлсары! Шөлистанға алып шық, сол тәрепке, — жылқыларға апар мени?» — деген пикир еди.

Шөлде көзди қамастырарлық дәрежеде ақ собалақ болып гә ол жерде, гә бул жерде жылдырым ойнап тур еди. Соңынан дәрҳал қараңғылық дөнип, гүлдирмама гүлдирлейди, жаўын аралас самал тынымсыз сабалайды.

Гә жақтыланып, гә қараңғыласып, гә жақтыланып, гә қараңғыласады.

Жорға аспанға шапшып, аўзын арандай ашып киснейди. Ол жылқыларды шақырып, излейди. «Қайлардасыз? Жуўап қайтарың?» Оған жуўап иретинде аспан аста-кестен болып гүмбирлейди. Буннан соң және шабыс, излениў, және даўыл қойынына атылыў.

Гә жақтыланып, гә қараңғыласады...

Даўыл таңға жақын тынды. Бултлар әстен ыдыраса да шығыста еле гүлдирмама тынбаған еди. Аспан гүмбирлеп, жылдырымлар бир-бирине қосылып кетеди. Көпшип кеткен жерлерден пуў көтерилди.

Бир неше жылқыман тарқасып кеткен жылқыларды топлап, дөгеректе ызық-ызық болып жүр екен.

Танабайды болса ҳаялы излеп жүр екен, дурысырағы, күтип отыр еди. Ол түнде-ақ қоңсылары менен бирге атқа минип, күйеўине жәрдем бериўге шығыпты. Олар жылқыларды таўып, тик жарға қамап иркип алды. Бирақ Танабай жоқ еди. Адамлар оны адасып қалған шығар деп ойлады. Әттен, ол күйеўиниң адаспайтуғынын билетуғын еди. Сонлықтан қоңсысының баласы: «Ҳа, анаў киятырған Танабай аға емес пе, Жайдар апа, әне киятыр!» — деп қуўанып атын қамшылап оның алдына шығып баратырғанда, Жайдар орнынан қозғалмады. Сөйтип Танабайдың қандай аўҳалда киятырғанына ат үстинде отырып тым-тырыс қарап турды.

Танабай бир түнниң ишинде арықлап кеткен сәмен жорғаның үстинде, сылпылдаған ишки көйлек пенен кеўилсиз ғана тым-тырыс келе берди. Гүлсары оң аяғын ақсаңлап басып киятыр.

— Бизлер, сени излеп жүриппиз! — деп қуўанып даўыслады оның алдына жуўырып шыққан жас бала жигит. — Жайдар апаның да енди тынышы кете баслаған еди...

Әҳ, бала, бала...

— Адасып кеттим, — деп бопса урды Танабай.

Ерли-зайыплылар усы тәқилетте ушырасты. Бир-бирине ҳеш нәрсе айтпады. Жас бала жигит қулама тик жардағы жылқыларды айдаў ушын узақласқанда қатыны әстен былай деди:

— Бул не қылғаның, ҳәтте кийиниўге де үлгермепсең. Бул да тәўир, әйтеўир, еле де етиклериң менен ыштаның бар екен. Уят емес пе? Енди жас емессең ғой. Балаларың жақында өзиңе теңелейин деп тур, сен болсаң...

Танабай мыңқ етпеди. Мыңқ еткенде не дейтуғын еди?

Соның арасында жас жигит жылқыларды айдап келди. Ҳәмме атлар менен тайлар аман-түўел екен.

— Үйге қайтайық Алтыбай, — деп жас бала жигитти шақырды Жайдар. — Бүгин сизлердиң де, бизлердиң де ада болмайтуғын машқаламыз бар. Даўыл отаўларды аўдарып таслады. Жүр, жыйнастырып алайық.

— Сен усы жерде тура тур. Саған бир жутымның илажын ислейин, кийим-кеншек әкелейин. Бул турысында адамлардың көзине көринбей-ақ қой.

— Хә, анаў жерде, төменде боламан, — деп нусқады Танабай.

Олар жөнеп кетти. Танабай жылқыларды жайлаўға айдай баслады. Көп ўақыт жүрди. Қуяш шығып, күн-ай жайылды, шөплер пуўланып жанланды. Жаўын ҳәм көк шөплердиң ийиси аңқый баслады.

Атлар бәленттен-пәске жортақлап, асықпай сайдың ултанына түсти. Бул жерде Танабайдың көзиниң алдында басқа бир дүнья пайда болғандай көринди. Алыс-алысларда көк жийек ақ бултлар менен қапланған еди. Аспан шексиз, бийик ҳәм тынық. Бул жерден жүдә узақта, шөлде поезд түтинин бурқыратып баратыр.

Танабай аттан түсип, жасыл отлақтың үсти менен жүрип кетти. Аяғының астынан бир бозторғай «пыр-пыр» етип ушты да, бәлентке көтерилип сайрай баслады. Танабай басын төмен салып баратыр еди, бирден гүрс етип өзин жерге таслады.

Гүлсары ийесин ҳеш қашан бундай жағдайда көрмеген еди. Ол ийинлери солқылдап, буратылып жатып жылады. Оны ар-намыс қыстаған еди. Өз өмиринде ерискен соңғы бақтынан айырлғанын билетуғын еди, ол. Бозторғай болса еле сайрап атыр...

Ертеңине жылқылар таў тәрепке жол алды. Енди олар бул жерден тек келеси бәҳәрде ғана қайтыўы шәрт. Көшип баратырғанлар дәрьяны жағалап, аўыл жанындағы селдир пишенликтиң үстинен өтти. Қой-қозылар, сыйырлар, жылқылар өтип баратыр . Жүк артылған түйелер ҳәм атлардың үстинде ҳаяллар ҳәм балалар отырыпты. Көпек ийтлер шапқыласып баратыр. Ҳаўаны ҳәр қыйлы даўыслар: бақырыслар, киснесиўлер, маңыраўлар тебирендирип жиберди.

Танабай өз жылқыларын кең отлақтан, соңынан жақында ғана, байрамда адамлардың ала-пасырлы, шаўқым-сүрени ҳүким сүрген төбеликтен айдап баратырып, аўыл тәрепке қарамаўға ҳәрекет етти. Гүлса-

ры бир мәҳәли шеттеги үйге қайырылғанда, бул ерси қылығы ушын қамшы жеди. Солай етип олар жулдыз қасқалы сол бир торы байталшаның еринлери сыяқлы жыллы ҳәм меҳрибан қоллы ҳаялдың үйине қайрылмай кетти.

*Жылқылар жарысып шапқылап баратыр.*

Сәмен жорға ийесиниң қосық айтыўын күтип еди, бирақ ол аўзын ашпады. Аўыл артта қалды. Хош бол, аўыл. Алдында таўлар. Келеси бәҳәрге дейин хош бол, шөлистан. Алдында таўлар.

## 6

Ярым ақшам болып қалған еди. Буннан буяғына Гүлсары жүре алмайтуғын болып қалды. Ол бул жерге, тикжарға таман адымлап тоқтап-тоқтап жүрип келди. Бирақ, сайдан өтиўге дињкеси болмады. Енди аттан буннан артық жүриўди талап етиўге болмайтуғынын Танабай ғарры түсинген еди. Гүлсарының аўырсынып ыңыранғаны тап адамлардың ыңыранғанына усап кетти. Ол жата баслағанда Танабай оған кесент бермеди.

Суўық жерге жатқанда да Гүлсары басын олай-былай қалтаңлатып ыңыранғанын қоймады. Ол тоңғанлықтан пүткил денеси қалтырады. Танабай үстиндеги постынын шешип, оны аттың үстине жаўып қойды.

— Не болды, жағдайың жаман ба? Жүдә жаман ба? Тоңып қалдың ба, Гүлсары? Сен ҳеш қашан тоңбайтуғын един-ә.

Танабай және әлленеме деп ўадырлады, бирақ сәмен жорға енди ҳеш нәрсени еситпейтуғын еди. Оның жүреги тап қулағының түбинде дүрсилдеп, бул дүрсилдиде жылқылар оны бир қорқыныш пенен таслап қашып баратырғандай мәни бар еди.

Таўлар артынан ай көтерилип, ол думан арасында аспанда илинип қалды... Жулдызлардың гейпарасы үнсиз сызылып барып жалт етип сөнеди.

— Сен усы жерде жатып тур, мен барып қуўрай терип келейин, — деди ғарры.

Ол былтырғы қуўрап қалған боянларды жыйнап, тәўир-ақ иркилип қалды. Бир қушағын жыйнайман дегенше қолларын тикенлер тырнап таслады. Соңынан ҳәр қандай қәўип-қәтерге қарсы қолына пышағын услап тик жардан төмен түсти ҳәм бул жерде жың-

ғылға дус келип енди, бир келистирип от жағатуғын болдық, деп қуўанып кетти.

Гүлсары өзиниң қасында жанып турған оттан бурын қорқа беретуғын еди. Ҳәзир қорықпады. Жанында жыллы ҳәўир ҳәм түтин пысқып тур. Танабай қап үстине үндемей отырып, отқа тамызық таслап, жалыннан көзин айырмай қолларын жылытты. Гейде орнынан турып аттың үстине жабылған постынын оңлап қойып, тағы оттың басына келип отырады.

Гүлсары жылынып алды, қалтырағанын қойды, бирақ көз алды қараңғыласып, көкиреги қысылып, дем алыўына ҳаўа жетиспеди. Самал менен үрленген жалын гә көтерилип, гә пәсейеди. Қарсы алдында отырған көп ўақыттан бери оның хожайыны болып келген ғарры гә жоғалып кетип, гә орнында пайда болады. Ҳәлсиреп атырған сәмен жорғаның қыялында, тап баяғы даўыллы ақшамда өз ийеси менен бирге шаўып баратырғандай, өзи аспанға шапшып кисинеп жылқыларды излеп жүргендей, бирақ оларды табалмай атырғандай болып сезилди. Аппақ ушқынлар жалт-жулт етип шытнап, жарқырап ушып атырғанға усады.

Көз алды гә жақтыланып, гә қаранғыланып, гә жақтыланып, гә қараңғыласа берди.

## 7

Қыс өтти, турмыс кешириўдиң онша аўыр емес екенлигин шопанларға ескертиў ушын қыс ўақытша орнын босатты. Ыссы күнлер келеди: малларға май питип, етке шығады, сүт ҳәм гөш мол-молақай болады: жарыс ҳәм байрамлар болып, қәдимги күнлер басланады. Қозылатыў, қулынлатыў, жүн қырқыў, жас төлди тәрбиялаў, жайлаўдан-жайлаўға көшиў, гөш комбинатына қой, жылқыларды айдап барыў, бунын арасында ҳәр кимниң өз ғалма-ғалы: муҳаббет ҳәм айралық, туўылыў ҳәм өлиў бар. Перзентлеринин келешеги ҳаққында адамлар ғамхорлық етеди, олар ҳаққында интернатлардан кеўилсиз хабар келгенде «көзимниң алдында болғанда, әлле қәйтип жақсы оқырмеди» — деп күйип пиcеди. Сөйтип қыйқым-қыйқым жумыс басынан асып, қыстағы азап-ақыретлер естен шығады. Жут келеди, маллар набыт болады, жер муз қала болады, тесик-жыртық отаўлар ҳәм муздай малханалар келеси жылға дейин дизим ҳәм есапта

жазылып тура береди. Тағыда қыс келеди—қылышын сүйреп келеди. Таўда ма я шөлде ме, қай жерден болса да шопанды излеп таўып алады ҳәм оған өзиниң «ҳөнерин» көрсетеди. Ўақытша умыт болған ҳәмме нәрсени еске түсиреди. Жигирмаланшы әсирде де қыс өз билгенин етеди.

Сол сапары да тап усындай болған еди. Арықлап қалған маллар ҳәм жылқылар таўлардан түсип, жайлаўға тарап кетти. Бәҳәр. Қыстан аман шықты. Арқасын қуяш қақты.

Сол жылы бәҳәрде Гүлсары айғырлық мәртебе менен жылқылардың арасында жүрди. Танабай енди оны анда-санда ертлегени болмаса оны аяған еди. Үзликсиз мине бериў де мүмкин емес, — байталларды қашырыў мәўсими жақынласып қалған еди.

Гүлсары жақсы айғыр, туқым ат болатуғындай еди. Кишкене қулынларды аталық ғамхорлық пенен қорғашалап жүреди. Қулынлы бийе бөлентке шығып кетсе, ол қулынның бир жаққа думалап кетиўине, ямаса жылқылардан бөлинип қалыўына жол қоймайды. Гүлсарының және бир қәсийети: ол атларды бостан бос тынышсызландырыўды жақтырмайды. Егер шопанлар оларды тынышсызландыра берсе, ол дәрҳал жылқыларды алысқа айдап кетеди.

Сол жылдың қысында колхозда өзгерислер болды. Жаңа баслық келип, Чора жумысларын тапсырды да, район кеселханасында жатты. Оның жүреги жүдә әззилеген еди. Танабай бир неше мәртебе оның изинен барғысы келсе де, жумысты таслап кете алмады. Шопан көп балалы ҳаялға усайды. Мудамы асығыс, айрықша гүзли-бәҳәрде машақаты көп болады. Мал деген машина емес, шүйин бурап қойып кете беретуғын. Сөйтип Танабай район кеселханасына бара алмады. Енди оның жәрдемшиси жоқ еди. Ҳаялы жәрдемши жылқыман болып есапланады — күнелтиў ушын бир есабын таўып ақша табыў керек едидағы ақыры. Мийнетке аз ҳақы төленсе де, қалай деген менен бир мийнет күнге қарағанда еки мийнет күнге көбирек ҳақы төленеди ғой.

Бирақ, Жайдардың қолында жас баласы бар еди. Сонлықтан ол қандай жәрдемши болсын ақыры? Күнтүни өзи көз-қулақ болып турыўы керек еди. Танабай қоңсы-қобалары менен сөйлесип жәрдемши табаман дегенше, Чораның кеселханадан шығып келгени

ҳаққындағы хабар аўылға тарады. Сонда ол ҳаялы екеўи соңынан таўдан «қулағаннан» кейин оныкине барыўға мәсләҳәтлести.

Ойға қайтып «қулап» жаңа жайлаўға енди үйренисе бергенде, Танабайдың елеге дейин есинен шықпайтуғын бир ҳәдийсе жүзеге келди...

Жорға аттың аты шықса оның ақыбети жақсы болыўы да, жаман болыўы да мүмкин. Дөгерекке оның даңқы қаншелли жайылған сайын, баслықлар оған соншелли көбирек көзиниң қырын салады.

Сол күни Танабай азан менен атларды жайлаўға айдады. Сөйтип өзи аўқатланыўы ушын үйине қайтты. Қызын алдына алып ҳаялы менен руўзыгершилик туўралы сөйлесип шай ишти. Интернаттағы баласына, сондай-ақ станциядағы базарға барып, балалары ҳәм ҳаялы ушын анаў-мынаў сатып алыўы керек еди.

— Олай болса, Жайдар, мен жорғаны ертлейин, — деди Танабай шай қуйылған кесени аўзына апарып. — Сөйтпесем, қайтып келиўге үлгере алмаспан. Ең соңғы мәртебе минип барып келемен, оннан соң оған дем беремен.

— Ықтыярың, өзиң билесең, — деп қайыл болды. Жайдар.

Үй сыртында атлылардың даўырығы еситилди. Биреўлер киятырған еди.

— Далаға шық! — деди Танабай ҳаялына. — Кимлер екен бул?

Ол шықты да қайтып кирип, ферма баслық Ибрайым менен басқа бир аўылдан биреўдиң келгенин айтты.

Танабай орнынан ериншеклик пенен қозғалды, қызын қолына көтерип үйден шықты. Қалайда, ол жылқышылық фермасының баслығы Ибрайымды жақтырмаса да, келгенлерди күтип алыўы керек болды. Ибрайымды не ушын жақтырмайтуғынын Танабайдың өзи де билмейди. Ол басқаларға қарағанда киши пейил болып көринген менен бирақ сыптырыңқы адамға усайтуғын еди. Ең жаманы сол, ҳеш қандай ис пенен шуғылланбайды, тек есап-санақ алып барады.

Фермада жылқышылық жумысы ийт тартқандай болғанлықтан, ҳәр бир жылқыман өз байдалына кеткен еди. Партия жыйналысларында Танабай бул туўралы айтқанда ҳәмме оны мақуллайды, Ибрайым да оларға қосылып, өзин критикалағаны ушын миннет-

даршылық билдиреди, бирақ барлық жумыс бурынғы таз кебинде қала береди. Бир тәўир жери, еле де жылқыманлар ҳүжданлы ҳәм инсаплы екен. Буларды Чораның өзи таңлап қойған еди.

Ибрайым аттан түсип, кең пейилленип қушағын жайды.

—Ассалаўма әлейкум, байбетше! — Ол ҳәмме жылқыманларды байбетше деп атайды.

— Ўалейкум ассалам! — Танабай келгенлердиң қолынан алды.

— Саў-саламатсыз ба? Атлар қалай, Танеке, өзиңиз қалайсыз? — Ибрайым айтып үйренип қалған саўалларды жаўдырып, қәдимгидей күлимсирегенликтен, оның былшыйған бети жайылып кеткен еди.

— Ҳәммеси де орнында.

— Қудайға шүкир, сеннен бийғамман.

— Үйге ишкерилең?

Жайдар келгенлер ушын таза кийиз жайды, оның үстине ешки териден исленген пөстек таслады. Жайдарға да, Ибрайым суў қуйдылық етип атыр.

— Аман-саў барсаң ба, Жайдар бәйбише? Саўлығыңыз қалай? Күйеўиңе жақсылап қарап атырсаң ба?

— Шүкир, кириңлер, төрге өтиңлер.

Ҳәмме отырды.

— Бизге қымыз бер, — деди Танабай ҳаялына.

Қымыз ишисти, аннан-мыннан гәп таўып сөйлесип отырды.

— Ҳәзир ең жақсы жумыс—шарўашылық. Ҳеш болмаса жазда сүт, гөш болады ғой, — деди Ибрайым. — Басқа жумыста ҳеш қандай түсирим жоқ. Соның ушын ҳәзир жылқылар менен қой-қозылардың жанында болған мақул. Солай емес пе, Жайдар бәйбише?

Жайдар басын ырғады, Танабай үндемеди. Буны оның өзи де биледи, шарўашылықты беккемлеў ушын ҳәр бир имкәнияттан пайдаланатуғын Ибрайымнан бундай сөзди биринши ирет еситип атырған жоқ. Танабайдың оған: егер адамлар сүти, гөши мол жағдайлы жерлерге суғылысатуғын болса, бунын ҳеш қандай тәўир жери жоқ дегиси келди. Басқалар не? Қашанға дейин адамлар бийкарға ислейди. Урыстан бурын усындаймеди? Гүзде ҳәр бир үйге еки-үш арбадан дән келетуғын еди. Ҳәзир не? Бир жерден бир бийдай алыў ушын қап көтерип жүреди. Өзлери ғәлле егип,

өзлери нансыз отырады. Бул жақсы емес. Тек жыйналыслар менен ақыл-нәсият айтып узаққа барып болмайды. Қуры гәп пенен қарын тоймайды. Чора адамларға олардың мийнетиниң есесине жақсы сөз айтыўдан басқа ҳеш нәрсе бере алмағаны ушын жүрек аўырыўға шатылды.

Бирақ, пикир-қыялын бәнт еткен бул мәселелерди Ибрайымға айтып отырыўдың ҳеш ҳәжети жоқ. Танабай ҳәзир гәпти созып отырыўды жақтырмайды да. Буларды тезирек шығарып салып жумысларын питкериўи ушын жорғаға ер басып, — ертерек қайтыўы керек. Булар неге келди екен? Бирақ, себебин сорастырыў нақолай еди.

— Сени таный алмай отырман, иним, — деп Танабай, Ибрайымның қасындағы сөзге араласпай отырған жигитке қарады. — Марҳум Абалакәниң баласы емессисең?

— Аўа, яшыўллы, соның баласыман.

— Ҳә, ўақыт қандай тез өтип баратыр-ә! Жылқыларды көрейин деп келдиң бе? Солай шығар?

— Яқ, биз...

— Бул мениң менен бирге келди, — деп оның сөзин бөлди Ибрайым. — Биз бул жерге бир жумыс пенен келип едик. Оны кейинирек сөйлесермиз. Жайдар бәйбише, қымызыңыз оғада жақсы екен. Ийисине қара, қандай өткир, зейинди ашып баратыр. Және бир кесе қуйып жиберши.

Және анаў-мынаў ҳаққында сөйлесип отырды. Танабайдың жүреги кеўилсиз бир нәрсени сезип отырса да, Ибрайымның не қыял менен келгенине сирә ақылы алыспады. Бир ўақта Ибрайым қалтасынан алақандай қағазды шығарды.

— Танеке, биз сизге мине, мына бир қағаз бенен келип едик. Оқып көриң.

Танабай даўысын шығармай ежелеп оқыды, оқыды да көзлерине исенбеди. Ири-ири ҳәриплер менен қағазға былай деп жазылған еди:

«Буйрық».

Жылқыман Бекасовқа

Сәмен жорға Гүлсары минип жүриў ушын баққыға жиберилсин. Колхоз баслығы (шыжбайлап қол қойылған).

**1950-жыл, 5-март».**

Күтилмеген бул ҳәдийседен есеңкиреп қалған Танабай үндемей қағазды төрт бүкледи де, гимнастеркасының қалтасына салып қойды ҳәм көзин жерден айырмай көп ўақыт отырып қалды. Тула денеии жуўлап кетти, кеўили тынышсызлана баслады. Анығын айтқанда күтилмеген ҳәм қолайсыз ҳеш нәрсе жоқ еди. Ақыры, ол атларды ирети келгенде минип жүриў ушын бағып атырыптыдағы. Баяғыдан бери ол қаншама атларды бригадаларға жөнелтпеди дейсиз. Бирақ, Гүлсарыны берип жибериў! Яқ, ҳеш қашан бундай ете алмайды. Соңлықтан ол сәмен жорғаны қалай етип алып қалыўдың есабын таппай бас қатырып ойланып қалды.

Жақсылап ойланып ҳәрекет етиў керек еди. Өзин тоқтатып, пәсине қайтыўы керек. Ибрайым шыбыжыңлай баслады.

— Мине, усындай арзымаған ис пенен сизге келдик, Танеке, — деди Ибрайым тартыныңқырап.

— Мақул, Ибрайым, — деп Танабай оған сыр бермей қарады. — Гүлсары болса қашып кетпес. Қымыздан ишиңкирейик, сөйлесип отырайық.

— Ҳә, әлбетте, есиң бар жигитсең ғой, Танеке. «Еси бар? Сениң қомпылдатқаныңа алданбаспан!» — деди Танабай ишинен күйинип.

Тағы гүрриң басланды. Енди асығыўдың пайдасы жоқ еди.

Танабай колхоздың тазадан болған баслығы менен усы сыпатта дусласты. Дурысы, оның өзи менен емес, ал ийрек-ийрек қол қойған қағазы менен. Оның өзин еле жүзбе-жүз көрмеген еди. Ол Чораның орнына келгенде, Танабай таўда қыслап қалды. Оны қатты қоллы адам, үлкен жумысларда ислеген деседи. Биринши жыйналыста-ақ, қосжақпасларды қатты жазалаў кереклигин ескертип қойған, мийнет күни минимумын бежермегенлерди сотқа беремен, деп абай көрсеткен. Барлық қыйыншылық колхозлардың майда хожалықтан ибарат болғанлығы себепли жүзеге келип атырғанын, енди олар ирилендирилип, тез арада аўҳалдың жақсыланатуғынын, оны бул жерге соның ушын жибергенин, хожалықты алдыңғы агротехника ҳәм зоотехниканың барлық қағыйдаларына муўапық алып барыўды—өзиниң тийкарғы ўазыйпасы етип айтқан еди. Буның ушын ҳәмме агротехника ҳәм зоотехника кружоқларында оқыўға мәжбүр болды.

мүнәсибетин бузыўдың не кереги бар? Чора партия шөлкеминиң секретары болады, ол баслық пенен бирге ислесиўи керек. Ал, енди оларға кесент бериўдиң не кереги бар?

Чора ҳаққында сөз болғанда Танабай үндемей қалды. Ҳәмме жым-жырт болды. Жайдар аўыр гүрсинди.

— Бер, — деди ол күйеўине, — адамларды еглеме.

— Мине, бул орынлы гәп, әллеқашан усындай етиў керек еди, керилдесип отырғанның орнына. Рахмет сизге, Жайдар бәйбише.

Ибрайым бийкарға қайта-қайта миннетдаршылық билдирмеген еди. Буннан кейин ол көп ўақыт өтпестен, ферма баслық болғанды қойып, шарўашылық бойынша баслықтың орынбасарлығына көтерилди.

* * *

Танабай ер үстинде жерге еңкейип отыр еди, қарамаса да ҳәмме нәрсени көрип тур. Гүлсарының қалай усланғанын ҳәм оның қалай етип жаңадан ноқталанғанын (Танабай өзиниң ноқтасын сирәда бермейди) көрип турды. Гүлсарының үйирден кеткиси келмей турғанын, Абалаканың баласының қолынан жулқынып шығыўға талпынғанда, Ибрайымның гә ол жақтан, гә бул жақтан атын шаўып келип қамшы менен қулашлап сабап турғанын көрип тур еди. Ол жорғаның көзлерин, бул көзлердиң алақлаўынан бийтаныс адамлар оны байталлар менен қулынлардан, өз ийесинен айырып қайда ҳәм неге алып баратырғанын түсинбей атырғанын, киснегенде оның ашық аўызынан атылып шыққан пуўды, жалын, жаўырнын, саўырысын, бүйириндеги қамшының излерин көрип тур еди. Оның пүткил турпатын, ҳәтте алдыңғы оң аяғының тобығынан жоқарысындағы теңгедей дақты да көрип турды. Оның дойнақ таслаўлары, дөңгеленген излери, үпик сары жүнлериниң соңғы қылшығына дейин-ҳәммесин көрип, еринлерин тисленген Танабай үндемей азап шегип тур еди. Ол басын көтергенде Гүлсарыны алып баратырғанлар төбешиктен түсип көзден ғайып болды. Танабай ыңыранып жиберди де, олардың изинен атты патырақлатып кетти.

— Тоқта, қайтара көрме! — деп Жайдар үйден жуўырып шықты

Шаўып баратырып, бирден оның қыялына ҳаялым анаў түнлердеги қылмысларым ушын сәмен жорғаның кетип баратырғанына қуўанып тур деген пикир келди. Ол атын бирден изине бурып, қамшы менен сабалап кейин қайтты. Отаў жанында атын бирден тоқтатты да, секирип түсти ҳәм бет-аўзы бүрисип, түри бозарып, албыраған бир ҳалда ҳаялының жанына жуўырып барып:

— Сен не ушын? Сен не ушын берип жибер дедиң? — деди тығылып сөйлеп, бежирейип қарап.

— Ашыўыңды қой. Қолыңды түсир, — деди ол ҳәр сапарғыдай сабырлылық пенен ҳәм күйеўин пәтинен қайтарды. — Гәпиме қулақ ас. Гүлсары сениң маңлайыңдағы меншик атыңбеди? Меншик атың ба? Өзиңе тийисли нең бар сениң? Бизиң ҳәмме нәрсемиз колхоздики. Колхоздың арқасынан күн көрип отырмыз. Сәмен жорға да колхоздики. Баслық болса-колхоздың хожайыны: не деседе соның айтқаны болады. Ол ҳаял туўралы болса, кеўилиңе гүптикей келмесин, кеткиң келсе, ҳәзир де кетиўиң мүмкин. Кетебер. Ол меннен жақсырақ, сулыўырақ, жасырақ. Жақсы ҳаял. Мениң де отыра бериўим мүмкин еди, бирақ сен қайтып келдиң. Қанша күттим сени! Мейли, бул туўралы салғыласып отырмай-ақ қояйық. Сениң үш балаң бар. Оларды не қыласаң? Соңында не дейсең оларға? Олар не дейди? Мен не деймен оларға? Өзиң ойланып көр, бар...

Танабай шөлге шығынып кетти. Жылқылардың қасында кешке дейин болды. Ол еле өзин тоқтата алмаған еди. Жылқылар жетим болғандай, Танабайдың кеўили қаңырап қалды. Жорға өзи менен бирге оның жүрегин де қосып алып кетти. Ҳәммесин алып кетти. Ҳәмме нәрсе өзгергендей. Қуяш та, аспан да, өзи де бурынғы Танабай емес еди.

Ол қараңғы түскенде қайтты. Отаўға үндемей, қаралай өшип келди. Қызлары уйықлап қалыпты. Ошақта от жанып тур. Ҳаялы қолына суў қуйды.

— Жемеймен! — деп жекиринди Танабай. Кейининен былай деди:

— Шыңқобызды ал, «Әрўананың бозлағанын» шертип бер.

Жайдар шыңқобызды алды, оны еринлерине жақынлатты, бармаған жиңишке ғана полат «тилге» тийгизди, оған үпледи, соң демин ишине тартты. Көш-

Шынында да оқыўды баслап жиберди—плакатлар илинип қойылды, лекциялар откизе баслады. Егер шопанлар лекциялар ўақтында жасырынып кететуғын болса, бул енди олардың иси...

— Танеке, биз кетиўимиз керек, — деди Ибрайым Танабайдан бир нәрсени күткендей болып қарап ҳәм етиклериниң жыйырылып қалған қонышларын тартып, түлки малақайын силкип, ол жер-бул жерин алақаны менен қаққышлай баслады.

— Гәп мынадай, ферма баслық, баслығыңа барып айт, мен Гүлсарыны бермеймен. Ол үйир ат. Бийелерге жиберемиз.

— Бай-буў, Танеке, биз оның орнына бес айғыр беремиз, бир байтал да қысыр қалмайды. Ақыры, усыннан да гәп болды ма?—деп әжепленди Ибрайым. Ол истиң қамырдан қыл суўырғандай аңсат ғана шешилып киятырғанына қуўанып киятыр еди, бирден... Әй, Танабайдың орнында басқа бир адам болғандама, гәпти қысқартқан болар еди. Бирақ, Танабай-Танабайлығын етедидағы, ол өзиниң ағасын да аямаған адам, буны умытпаў керек. Буған абайлап қатнас жасамаса болмайды.

— Маған сениң бес айғырың керек емес! — деди Танабай терлеп кеткен маңлайын сыпырып. Буннан кейин бираз үндемей отырып гәптиң анығын айтыўға киристи. — Ал енди не, баслығыңа миниўге ат табылмады ма? Баққыда турған атларды уры алып кетипе? Неге басқа ат емес, тек Гүлсары керек болып қалды екен оған?

— Танеке, неге олай дейсиз? Баслық—бизиң басшымыз, демек, оны ҳүрметлеў керек. Ақыры ол районға барады, оның алдына адамлар да келип турады. Баслық халық арасында жүреди, мәселен айтайық...

— Не мәселен? Басқа атқа мингенде өңкилей ме, я адамлар оны менсинбей кете ме? Ямаса басшы болса, әлбетте, жорға миниўи шәрт пе?

— Әлбетте ме, әлбетте емес пе, бирақ солай болыўы керек. Мине сиз, Танеке, урыста солдат болғансыз. Сиз жеңил машинада, ал генералыңыз жүк машинасында жүрген бе еди, ақыр? Олай емес, әлбетте. Генералға — генералға ылайық, солдатқа—солдатлығына қарап дегендей. Дурыс па?

— Оның жөни басқа, — деп тутлығыңқырап қалды Танабай. Неге жөни басқа екенин түсиндирип отыр-

мады, анығын айтқанда түсиндире алмайтуғын еди. Сәмен жорғанын мойынына қурық түскенин сезип, шертилип сөйледи: — Бермеймен. Егер мени қолайсыз көрип жүрген болсаңызлар, жылқыманлығыңызды алың меннен. Темиршилик устаханасына бараман. Ол жерде сен меннен шөккишти тартып алалмайсаң.

— Неге олай дейсиз, Танеке! Биз сизди сыйлаймыз, қәдирлеймиз. Сиз болсаңыз тап жас баланың сөзин сөйлейсиз. Усы өзиңе ылайық па?

Ибрайым отырған жеринде тыпыршылап қалды. Ис патыратласқан сыяқлы. Өзи ўәде берген еди, өзи мәсләҳәт берип, өзи жөнлеймен деп мақтанып еди, мына бир қайсар нусқа болса, ҳәммесин былғастырмақшы.

Ибрайым терең гүрсинди де, Жайдарға қарады:

— Өзиңиз ойлап көриң, Жайдар бәйбише, бир ат не болыпты, мейли жорға бола қойсын. Үйирде қандай атлар жоқ дейсиз, — қәлегениңди таңлап ал. Алдына бир адам арнап келип отырса, оны биреў жиберип отырса...

— Сен неге буншама шыр-пыр боласаң? — деп сорады Жайдар.

Ибрайым ҳайран болып, тутлығып, қолларын жайды.

— Болмаса не? Тәртип солай. Маған тапсырды, мен киши адамман. Өзим ушын емес, ақыры. Мен ешекке минип те жүре беремен. Мине, сорап көр. Абалаканың баласын қосып жиберди, жорғаны алып кел деп.

Ол үндемей басын ырғады.

— Бул жақсы болмайды, — деп даўам етти Ибрайым. — Бизге баслық етип жиберди, ол бизлердиң сыйласықлы адамымыз, биз бәримиз бир аўыл болып отырып бир атты бермесек, буны халық еситсе не демейди? Қырғызлардың усындайға таршылық еткенин қайда көрдиң?

— Мейли, яқшы, — деди Танабай. — Аўылласлар билсин, енди Чораның алдына бараман. Бул мәселени сол бир жақлы етсин.

— Чора берме деп айтады дейсиз бе? Онын менен келисилген. Оны тек, уятқа қалдырасыз. Қастан мойынтаўлық болып көриниўи мүмкин. Таза баслықты менсинбей, гөнесине арыз айтып барсаң қалай болғаны. Чора—аўырыў болса, оның баслық пенен болған

пелилердиң ески намасы тасқынлап аға баслады. Ақ боталағын жоғалтқан әрўана түйе ҳаққында қосық. Ол шөлистанлықта көп күнлерден бери желип-жортып жүр. Боталағын шақырады, излейди. Енди оны ақшамлары тик жарды жағалап, таң алдында өзиниң изинен ертип жүре алмайтуғынын, боталағы менен жапырақларды бирге үзип жей алмайтуғынын, еспе қумлардың үстинде есилип жүре алмайтуғынын, бәҳәрде далаларды бирге гезе алмайтуғынын, оны еркелетип, сызлаған желинин ийип емизе алмайтуғынын баянлап зарланады. Қайдасаң, қара көзли боталағым? Саза бер! Желинимнен, тырсыйып турған желинимнен дызылдап сүт ағып баратыр, санларымнан сорғалап, тамшылап баратыр. Қайдасаң, қара көзли боталағым? Саза бер! Желинимнен, тырсыйып турған желинимнен дызылдап сүт ағып баратыр. Аппақ сүт...

Жайдар шыңқобызды жақсылап бабына келтирип шертетуғын еди. Танабай оны қыз күнинде усының ушын сүйип қалған...

Танабай басын төмен алып тыңлап отыр ҳәм басын тиклеп жоқары қарамаса да ҳәмме нәрсени көрип отыр. Ҳаялының көп жыллық мийнеттен; ыссылысуўықтан дағалланып кеткен қолларын, ағарған шашларын, мойынында, еринлери ҳәм көзлериниң әтирапындағы әжимлерди де көрип отыр еди. Бул әжимлер түспестен бурын өтип кеткен жаслық—күлтеленген шашлары жаўырынына жайылып бөксесине түсип туратуғын сары сынлы қыз ҳәм Танабайдың сол ўақтағы жас жигитлик дәўраны ҳәм екеўиниң сол жыллардағы руўхый жақынлығы көзине елеслеп көринип кетти. Ҳәзир ҳаялы оның бул жерде отырғанын сезбегенин Танабай билип отыр. Жайдар өзиниң шерткен намасына қосылып, өз қыялларының еркин айдынында ғарқ болып отыр. Тап усы мәҳәлде ол және өз басынан кеширген азап-ақыретлердиң жартысын ҳаялының өмиринде — тәғдиринде көрди. Жайдар бул қыйыншылықларды өз үстине алған еди.

...Әрўана көп күнлерден бери өз ботасын излеп, шақырады. Қайдасаң, қара көзли ботам? Желинимнен, тырсылдап турған желинимнен дызылдап сүт ағып атыр, санларымнан сорғалап атыр. Қайдасаң? Саза бер! Желинимнен, тырсылдап турған желинимнен сүт ағып баратыр. Аппақ сүт...

Қызлары бир-бирин қушақласып, уйықлап жатыр. Отаўдың сыртында болса, шексиз кеңислик—түн қараңғылығында көз жетпейтуғын шөлистанлық көлбеп жатыр.

Усы мәҳәлде Гүлсары ол жақта — сейисханада топалаң шығарып, ат баққышларға уйқы бермей атырған еди. Ол сейисханаға — атлардың қамақханасына биринши ирет түскен еди.

8

Күнлердиң биринде Танабай азан менен жылқылар арасында өзиниң сәмен жорғасын көрип қалып, қуўанышы қойнына сыймай кетти. Ноқтасының ийеклигинде үзилген арқанның жуллығы салбырап жүр Үстинде ери бар.

— Гүлсары, Гүлсары, аманбысаң? — деп Танабай қолындағы қурығын шошаңлатып жетип барып, оны басқа бир түрли жүўен менен өзине ылайық емес аўыр зәңгили ер салынған ҳалында көрди. Әсиресе, ердиң үстиндеги пәр көпшиктиң оның жинин тырыстырғаны соншелли, бул атты еркек киси емес, бәлки, семиз, жуўан бөксели бир қатын минип жүргендей сезилди.

— Түп-ә! — дегенде ғәзепленген Танабайдың түпириги шашырап кетти. Атты услап алып турып, оның үстиндеги бул ер-турманлардың ҳәммесин сыпырып алып, қолының жеткен жерине дейин ылақтырмақшы болды. Бирақ, Гүлсары услатпай қашып кетти. Сәмен жорға бийелерге айланшықлап жүргенликтен, ҳәзир оның Танабай менен жумысы жоқ еди. Жорға бийелерди сонша сағынғанлықтан, ҳәтте өзиниң қәдирдан ийесин де байқамай қалды.

«Ақырында қашып келипсең-дә, арқанды үзипсеңдә. Бәрекелла! Қәне, шап, ойнақлап қал, ойнақлап жибер, мейли мен оларға айтпайман» — деп ойлады Танабай. Сөйтип жылқылардың бираз шапқыласып жүриўине ерк бериўге қарар етти. Изинен адамлар қуўып келмегенше Гүлсары үйирдегидей өз байдалына жүре берсин.

— Ҳайт, ҳайт, ҳайт! — деп бақырды Танабай, зәңгиге ширенип турып ҳәм қурықты төбесинен асырып былғаңлатып турып жылқыларды айдады.

Бийелер оқыранып, қулынларын шақырып, қозғалысты. Байталлар ойнақлап шаўып кетти. Самал олардың жалларын желбиретти. Көк шөп пенен төселген жер қуяш нуры астында қулпы дөнип жайнайды. Гүлсары сескенип кетти де, кейнинен қәддин тиклеп алып, мойынын гүжирейтип шапқылап кетти. Ол үйирдиң алдына түсип алды ҳәм өзиниң орнына жаңадан келген айғырды байталлардан айырып қуўып шығарды да, изине жымыйып түсип айдап жиберди. Өзи болса, пысқырып үйирдиң алдында нәзерин жоқары көтерип ойнақлап, жылқылардың гә мына жағынан, гә ана жағынан шапқылап өте баслады. Үйирдиң ийиси, бийелер сүтиниң ийиси, қулынлардың ийиси, шөл самалының епкини оның зейнин ашып, басын айландырған еди. Үстинде қалың көпшикли, қолпылдаған ердиң бар екенлиги, зилдей зәңгилердиң бүйирине соқлығысып жүргенлиги менен оның жумысы жоқ. Ол кеше гүўлеп өтип атырған жүк машиналардан үркип, район орайындағы қатара ат қазықлардың биринде суўлығын шайнап турғанын ҳәзир умытқан еди. Оннан кейин сасық ийисли арақхана жанындағы, көлмек суўдың қасында турғаны, үстине минип жүрген адамның өз кеўил жақынлары менен шыққаны, олардың барлығынан да жағымсыз ийистиң бурқырап турғанын да умытты. Баслық пысылдап келип, секирип оған минди. Жолда олардың батпақты кешип шашыратып ақмақларша жөнсиз жарысқа түскенин, сонда үстине минип киятырған адамды қалайынша ушырып алып кеткенин, оның ердиң үстинде былғаңлап баратырғанын, оннан соң жүўенди қатты тартып турып басына қамшы менен ура баслағанын да ҳәзир умытқан еди.

Сәмен жорға бүгин ҳәммесин умытқан еди, ҳәммесин! Үйирдиң ийиси—бийелердиң сүтиниң ийиси, қулынлардың ийиси, шөл самалының епкини оның зейнин ашып, басын айландырған еди... Сәмен жорға изинен қуўып келетуғынларды писент етпейтуғын дәрежеде шапқылап жүре берди.

Танабай жылқыларды дәслепки жайылып жүрген жерине қайтарып жүргенде аўылдан еки ат бағар жетип келди. Олар Гүлсарыны үйирден алып кетти.

Арадан көп ўақыт өтпей-ақ, Гүлсары жайлаўда және пайда болды. Бул ирет ноқтасы да, ери де жоқ еди. Бир есабын таўып, жүўенди басынан сыпырып

сейисханадан қашқан болса керек. Танабай әўеле күлип жиберди, *соңынан тым-тырыс болып* қалды. Ойланып турып, жорғаның мойнына қурық таслады, өзи услады, жылаўлап аўылға жетеклеп кетти. Қоңсы жайлаўдағы жас жылқыманнан жорғаның изинен айдап жүриўди өтиниш етпекши болды. Жары жолға келгенде қашаған жорға изинен қиятырған ат бағарларды ушыратты. Гүлсарыны оларға тапсырып атырып Танабай тоңқылдады:

— Бул не? Ол жақта ҳәмме өре шолақлар жыйланғансызлар ма? Баслықтың атына оңлап қарай алмайсызлар ма, шидерлеп байлаң буны!

Гүлсары үшинши мәртебе қашып келгенде де Танабайдың ашыўы келмеди.

— Ақмақ, не қылып жүрсең, өзиң! Қайсы албаслы сени бул жаққа баслап келе береди. Ақмақсаңдағы, ақмақ, — деп сөгинип жүрип қурықты алып жорғаның изинен қуўды. Тағы оны қайырып апарып берди ҳәм ат бағарларға кейиди.

Бирақ, Гүлсары ақыллы болыўды қыялына да келтирмеди. Ҳәр сапары қолайлы пайытын таўып қашып келеди. Аткөнеклердиң де, Танабайдың да зейнине тийип болды.

Ҳәр қандай қәўип-қәтерге қарсы, жылқыларды отаўға жақын айдап келип қойды да, Танабай уйықлап қалды. Сол күни кеш жатты, өйткени жайлаўдан кеш қайтқан еди. Уйқысы оңлы болмады. Күни менен жүдә шаршаған екен. Қандай да бир ерси түс көрди. Түсинде әйтеўир урыста жүрмекен, я мал соятуғын саллақханада жүрмекен—буны билиў қыйын еди. Ҳәмме тәреп қан, қоллары да уйысқан қан. Адамның түсине енген қан жақсылыққа жорылмайды, деп ойлады түсинде. Қолларын бир жерге жуўып алмақшы болады. Оны болса биреўлер ийтерип жибереди, масқаралап күлиседи, ўаққаласады, бақырысады — бирақ, олардың ким екенин билмейди. Бир киси былай дейди: «Танабай, қолыңды қанға жуўып атырсаң, қанға. Бул жерде суў жоқ, Танабай, бул жерде ҳәмме тәреп қан! Ҳа-ҳа-ҳа, ҳо-ҳо-ҳо, ҳи-ҳи-ҳи!...»

— Танабай, ҳә Танабай! — деп желкесинен жулқылады оны қатыны. — Тур орныңнан.

— Ҳа, не өзи?

— Еситип атырсаң ба, үйирде бир нәрсе болып атырған қусайды. Айғырлар шайнасып атыр. Итимал, Гүлсары тағы қашып келген шығар?

— Атасына нәлет оның! Тыным бермеди, — деп Танабай тез кийинип, қурықты алды да, әлледқандай/ топалаң болып атырған ойпатлыққа шаўып кетти. Таң атып киятыр еди.

Ол пәт пенен келип Гүлсарыны көрди. Ҳаў, мынаўсы не? Аяқларына темир кисен салынған жорға ҳәккелек атып жүр. Кисенлер сыңғырлайды, ол шыр гүбелек айланады. Кисенленген аяқларын аспанға көтереди, ыңыранады, оқыранады, киснейди. Мына бир түйе табанябы айғыр болса, оны жөнсиз тепкилеп тислеп атыр.

— Ҳә тас баўыр мийримсиз! — деп Танабай пәт пенен жуўырып барып, оны тислеп атырған ябыны келистирип бир урып еди, сырық тең бөлинип сынып кетти. Айдап жиберди, Танабайдың көзлерине жас келди. — Сени не қылып атыр бул? Ким аягына кисен салды-ә! Буяққа неге сүйретилип келдиң, оңбағыр тентек!

Буған қаран — сонша узақ жерден дәрьядан, бәлент-пәсликтен бул жерге дейин кисен менен ҳәккелеп келипти. Ақырында жылқыларға жетипти. Түни менен ҳәккелек атып келген шығар? Сүргиннен қашқан тутқындай жалғыз өзи кисенди сыңғырлатып жол жүрген шығар?

«Бәрекелла!» — деп басын шайқады Танабай. Сөйтип сәмен жорғаны сылап-сыйпай баслады. Бетин еринлерине тақады. Ол болса әсте-ақырын еринлерин жыбырлатып, көзлерин сүзип жумады.

— Енди не қыламыз-ә? Бул әдетинди қойсаң болар еди, Гүлсары. Ақыбети жаман болады. Шатақсаңдағы, тентек. Ҳеш нәрсени билмейсең...

Танабай сәмен жорғаны бир қатар көзден өткерип шықты. Тисленген жерлериниң жазылып, питип кетиўи мүмкин. Бирақ, кисен аяғына қатты батыпты. Тобықларынан қан ағып тур. Кисенди қаплаған кийизге күйе түсип, ширип кеткен екен. Гүлсары суўдан өткенде кисенниң кийизи жибип кеткенликтен темири көринип тур. Әне, усы нәрсе оның аяқларын қанға бояпты. «Ҳәзирети Даўыттан қалған бул кисенди қайнақай Ибрайымның өзи ғаррылардан алған. Бул соның ислегени» — деп ғәзеп пенен ойланды Танабай.

Соннан басқа ким ислейди буны? Кисен—ескиликтен қалған. Ҳәр бир кисенниң өз қулпы болады, гилтсиз аша алмайсаң. Бурынлары ат сақлайтуғынлар урылар жайлаўдан айдап кетип қалмаслығы ушын ең жақсы атлардың аяғын кисенлеп қоятуғын еди. Қәдимги арқан тусаўды пышақ пенен ғырт еттиресең, ал кисенленген атты алып кете алмайсаң. Бирақ бундай ўақыялар бурынлары болған. Ҳәзир кисен деген шенде-шен болмаса, жоқ нәрсе. Өтмиштен естелик иретинде бир ғаррыда сақланып қалған шығар. Буған не дерсең, ким болса да биреў Гүлсарыны кисенлеўге мәсләҳәт берген. Аўылдағы жайлаўға қашып кетпеслиги ушын сәмен жорғаны кисенлеген екен. Бул болса бәри бир қашып келипти.

Танабай бала-шағасы менен ызық-ызық болып жүрип, Гүлсарының аяғынан кисенди босатып алды. Жайдар жылаўынан услап жорғаның көзин бастырып турды, қызлары қасында ойнап жүрди. Танабай болса ҳәмме әсбапларын әнжамлап, қулыпты ашыўға гилт таңлаў менен әўере болып терлеп-тепшип кеткен еди. Оның темиршиликтен хабардар болғаны күнине жарады. Көп ўақыт пыснап отырып қолларын қанатып алды. Бирақ, бәри бир, есабын таўып ашты.

Кисенди ылақтырып жиберди. Жорғаның аяғындағы қан ағып турған жерлерин таңды, Жайдар оны қазыққа байлаў ушын жетеклеп кетти. Үлкен қызы үкесин арқалап үйге алып кирди.

Танабай барып-келип ентигип, пыснап отыр еди. Ол қатты шаршады. Соңынан әсбапларын жыйнастырып, ылақтырған жеринен кисенди таўып алды. Қайтарып бериў керек, болмаса, буның ушын да жуўап бериўге тура келип қалар. Тот басқан кисенди айландырып көрип отырып, оны соққан устаның ҳөнерине ҳайран қалды. Оғада пуқталап исленген. Ески қырғыз темиршилериниң ислеген иси бул. Ҳә, бул ҳөнер енди мәңгиге умытылған. Кисенлер енди керек емес. Бирақ, басқа буйымлардың жоқ болғанына ҳайрансаң. Гүмистен, мыстан, ағаштан, телетиннен қандай буйымлар, қандай керек-жарақлар исленетуғын еди. Қымбат та емес еди, бирақ ықшам буйымлар еди. Ҳәр бириниң өзине ылайық көрки бар еди. Енди бундайлар жоқ. Енди ҳәмме нәрсени—сарқымлар, ләгенлер, қасықлар, тағы басқаларды алюминнен ислейди. Қайда барсаң да барлық жерде бир қыйлы нәрсе. Ашыўынды

келтиреди. Ер соғатуғын усталардың да ең соңғылары қалды. Бурынлары қандай ерлер болатуғын еди-ә! Ҳәр бир ер өзиниң тарийхына ийе болады. Ким ушын ҳәм қашан соғылғаны тәрийипленип, устаның мийнети баҳаланатуғын еди. Жақында ҳәмме адамлар тап Европадағыдай машина менен жүретуғын болса керек. Ҳәммесиники бир қыйлы машина, тек номерлеринен айырып таныйсаң. Ата-бабаның ҳөнерин болса умытып баратырмыз. Бурынғы ески қол ҳөнерин жоғалттық, қалай деген менен инсанның жүреги де, көзи де қолларының ҳәрекетине байланыслы емес пе...

Гейде Танабайды усындай қыяллар қоршап алады. Халық ҳөнери ҳаққындағы талқылауға берилип кетеди, оның жоғалып баратырғаны ушын кимниң айыпкер екенин билмей күйип-писеди. Ашыўға буўлығады. Үәтте, оның өзи де жаслық шағында ескиликтен мийрас болып қалған нәрселердиң душпаны болған еди. Бир күни комсомол жыйналысында қара үйлерди—отаўларды жоқ етиў туўралы, қызып сөз сөйледи. Биреўлерден отаўлардың жоқ етилиў кереклигин, отаўдың революциядан бурынғы үй екенлигин еситкен еди. «Жоқ болсын отаў! Ескилерше жасаўды тамамлайық!».

Отаўды да «кулак» сыпатында сапластырды. Жайлар сала баслады, отаўдың шаңарағын ортасына түсирди. Үзиклерин қырқып, ҳәр қыйлы нәрсеге пайдаланды, ағашларын: кереге ҳәм уўықларын болса, мал қораға тутты, отқа жақты...

Соңынан мәлим болыўына қарағанда алыстағы жайлаўларда отаўсыз шарўашылыққа айланысыўға болмайды екен. Танабайдың бундай сөзлерди айтыўға қалайынша аўызы барғанын, көшпели шарўа ушын отаўдан басқа қолайлы үй ойлап табылмай атырғанына қарамастан, оны неге қаралағанына енди өзи де ҳайран қалатуғын еди. Ҳәр бири, ҳәтте, керегелерди бириктирип туратуғын көгине дейин ата-бабалардын бир неше әсирлик тәжирийбесинен өткен отаўдың өз халқының әжайып мүлки екенлигини ол неге көре алмаған екен?

Ҳәзир, енди ол Торғай ғаррыдан қалған үзиклери қырық тесик, саўсаған, қара қурым басқан отаўда жасайды. Отаў жүдә гөне еди, тек Жайдардың тиришклилигинен оны пайдаланып киятыр. Ол бир неше күнлеп отаўдың үзигин жамап-жасқайды, үй сүлдерине кел-

тиреди. Бир-еки ҳәптеден соң ширик үзик және ыдырап кетеди, тағы тесиклери тасырайып қалады, оннан самал ҳүўлеп, қар, жаўын өтеди, Жайдар тағы тесик жамаўға кириседи, бул истиң паяны жоқ еди.

— Қашанға дейин азап шегемиз? — деп зарланады ол. — Кийиз емес бул, қара қоқым, қумдай төгилип баратыр. Керегеси менен уўықларына қара буның! Айтыўға уяласаң. Өтиниш ет, талап ет, әйтеўир таза үзиклик кийиз берсин. Усы үйдиң ийесимисең я басқа биреўмисең. Бизлердиң де енди адамға усап жасаўымыз керек ғой.

Өзине жаңадан отаў тигип бериў ҳаққында аўызын жасқағанда бурынғы үйшилердиң атам заманда өлип кеткенлигин, жаслардың болса отаўды қалай соғыў кереклиги қыялына да кирип шықпайтуғынлығы мәлим болды. Үзик ушын колхозда кийиз де жоқ еди.

— Онда жүн бериңлер, өзлеримиз кийиз бастырып аламыз, — деп өтиниш етти Танабай.

— Қаяқтың жүни! — дести оған. — Сен не, аспаннан аяғың салбырап түстиң бе? Жүнниң ҳәммеси план бойынша сатылып атыр, колхозда—хожалықта бир грамм да жүн қалдырыў мүмкин емес...

Буннан соң отаўдың орнына брезент шатыр алыўды усыныс етти.

Жайдардың буған төбе шашы тик турып:

— Шатырда отырғаннан, жалбыр-жулбыр болса да отаўда отырған абзал, — деди.

Көпшилик шарўалар бул ўақытта шатырларға көшип шығыўға мәжбүр болған еди. Бирақ, бунық өзи қандай турақ жай екен? Ишинде я турып жүре алмайсаң, я көсилип отыра алмайсаң, я от жаға алмайсаң. Жазда ҳәдден тысқары ысып кетеди, қыстың суўығында болса, оның ишинде ийт қысламайды. Я керек-жарақты жайғастыра алмайсаң, я ошақ қура алмайсаң, қулласы кеўилге муўапық етип безей алмайсаң. Ал, қонақлар келип қалса, қайда отырғызарыңды сирә билмейсең.

— Яқ, яқ! — деп буннан бас тартты, Жайдар. — Не ислесең иследағы бирақ, мен шатырда отыра алмайман. Шатыр деген жекке баслы бойдақлар ушын, онда да ўақтынша, бизлердиң болса балашағамыз бар. Оларды шомылдырыў керек, тәрбиялаў керек, шатыры түссин.

Бир күни Танабай, Чораны гезлестирип қалып. ҳәммесин айтып берди.

— Бунан былайғы жағы қалай болады, баслық?

Чора ғамгүн болып басын шайқады.

— Бул туўралы бизлер екеўимиздиң өз ўақтында ойлаўымыз керек еди. Жоқарыдағы басшыларымыз да. Ҳәзир оларға хат жазып атырмыз, бирақ не дейтуғынын билмеймиз. Жүн қымбат баҳалы шийки зат деседи. Жетиспейтуғын нәрсе. Экспорт. Хожалықтың ишки мүтәжларына жумсаўға мақсетке муўапық емес дейди.

Буннан кейин Танабай үндемей қалды. Демек, улыўма алғанда өзи де айыпкер. Өзиниң алаңғасарлығына өзи ызаланып күле баслады: «Мақсетке муўапық емес! Ўаҳа-ҳа! Мақсетке муўапық емес!».

«Мақсетке муўапық емес»— деген бул жүзеки сөз көп ўақытқа дейин оның ядынан шықпады.

Солай етип олар қырқ жамаў болып кеткен, онлаў ушын зәрүр болған қәдимги гөне отаўда жасай берди. Жүн дегенди колхоз жайлаўларда тонналап қырқатуғын еди...

Танабай кисенди услаўы менен өзиниң үйиниң алдына келди. Отаўдың бийшаралық ҳалда көзине көрингени соншелли, оның барлық нәрсеге, өзине де, сәмен жорғаның аяғын қанатқан кисенге де қатты ашыўы келип кетти. Ҳәтте, тислерин ғышырлатып жиберди. Сөйтип гәзеби қайнап турған ўақытта Гүлсарының изинен қуўып келген атбағарлар келди.

— Алып кетиңлер! — деп бақырды Танабай оларға өзин зорға тутып, еринлери дирилдеп. Мына бир кисенди баслыққа апарып бериңлер, айтып қойың, егер ол сәмен жорғаны тағы кисенлейтуғын болса, мине, мен усы кисен менен ондай баслықтың басының мылжа-мылжасын шығараман. Усылай деп айтыңлар!

Ол бийкарға, қула далаға усылай деген еди, бийкарға! Оның бундай қызбалығы менен туўры сөйлейтуғынлығы оған ҳеш қашан жақсылық келтирмегени мәлим.

9

Ашық аспанлы күнлердиң бири еди. Бәҳәр қуяшқа көзин сүзип қарап, жапырақлардан түйме тағып безенгенликтен, сүдигарлардан пуў көterилип, соқпақларда майса шөплер ырғалып жайнайды.

Сейисхананың алдында балалар шүллик ойнап атыр еди. Шаққан ғана бир бала шүлликти аспанға шоршытады да, гөзлеп турып оны дәстек пенен қулашлап урып ушырып жибереди. Өзиниң турған жери менен шүлликтиң түскен жерин дәстек пенен өлшей баслайды. Бир, еки, үш... жети... он... он бес... Буйтип шүллик қағалмайтуғынлар оның ғәрремлик етпеўи ушын изинен жабырласып кетеди. Жигирма еки.

— Әўели жетпис сегиз еди, енди жигирма еки, — деп есаплайды, жаңағы бала, өлшеп болғаннан кейин қуўанышын ишине сыйдыралмай бақырып:—Жүз! Жүз болды!

— Ура-а-а-а, жүз! — деп басқалар да қосылады.

Демек, нақ жүздиң өзи, артық та емес, кем де емес. Енди утылғанның зуўлаўы керек. Утқан бала өзи жүзге шекем дәстек пенен өлшеген жерге барып сол жерден шүлликти қағады. Қаққанда да узағыраққа барып түсетуғын етип қағады. Ҳәмме шүллик түскен жерге қарап жуўырысады. Қулласы, усы тәризде үш мәртебе урылады. Женилген баланың жылап жибериўине сәл қалады. Себеби оның сонша алыс жерге «зуўлап» барыўы керек. Сонлықтан да ойынның тәртиби қатты. «Неге турсаң, қәне зуўла!» Жеңилген бала геўдесин керндеп дем алады да:

Ақбай, Көкбай,
Бузаўларды айдама,
Айдағанда жетпесең,
Кейиснама саған-ай, — деп жуўырып кетеди. — Зуў-ў-ў-зуў...

Оның мийи айланып баратырған болса да зуўлаўын қоймайды. Сөйтсе де сызыққа дейин жете алмайды. Изине қайтып, және қайтадан баслаў шәрт. Және жете алмайды. Женген бала оны масқаралап мақтанады. Демиң жетпесе арқалап апар! Ол зуўлаўшыға жармасып алады. Жеңилгени жеңгенин ешектей көтерип кете береди.

— Қәне, тезирек, жылдамырақ жүр! — деп аяғы менен тақымын қысып ныңыртады, минип алған бала. — Балалар қараңлар, — бул мениң Гүлсарым. Қәйтип жорғалап баратырғанына қараңлар...

Гүлсары болса дийўалдың артында сейисханада тур. Талықсыған еди. Неликтен де бүгин оны ертлемеди де. Азаннан бери от-жем де бермеди, суўғармады

да. Буны умытып кеткен сыяқлы. Сейисхана әлле қашан босап қалды, арбаларды алып кетти, атлылар тарқасты, бул жерде оның бир өзи ғана қалды...

Аткөнеклер атхананы тазалап атыр. Балалар сыртта бақырысып жүр. Ҳәзир Гүлсары жайлаўға, жылқыларға барып қосылса еди. Кең даланлық көзине елеслеп кетти. Шексиз шөлистанлықта жылқылардың еркин гезип жүргенлигин қыялына келтирди. Ақ қуба ғазлар олардың үстинен ушып өтип баратыр, қанатларын қағады. Жердегилерди өзлириниң изинен ерисип жүриўге шақырады.

Гүлсары дүр-дүр силкинип, арқанды үзиўге урынып көрди. Болмады, оны еки қабат шынжыр менен мықлап байлап қойған екен. Мүмкин, жылқылардың биреў-ярымы еситип қалар? Гүлсары әйнек жайға мойынын созып, аяғының астындағы тақтаны тепсинип: «Қайдасызлар-ар?» — дегендей етип созып киснеп жиберди.

— Хә сестиңе суў қуйылғыр шайтан, енди көп ўақытта киснерсең! — деп атбаққыш белди силтеп көтериўи менен оның қасына жуўырып келди де, есиктиң сыртындағы әллекимге өтиниш етип даўыслады.

— Жетелеп шығайын ба?

— Жетелеп шық!— деп жуўап берди ҳәўлиден биреў.

Мине, еки атбаққыш жорғаны ҳәўлиге алып шықты. Үх, не деген жақты! Ҳаўа қандай жақсы! Сәмен жорғаның мурнының пәреңи желбезеклери бәҳәрдиң жағымлы ийисинен титиркене баслады. Жапырақлардың ашқылтым лебине аралас, ызғар топырақтың ийиси келеди. Гүлсары ҳаллас урып тур. Қәне, енди, ҳәзир шөлге шығынып кетсе, Гүлсары жеңил ғана тепсинип ойнақлап қойды.

— Тур, тур! — деген бир неше ўағырласқан даўыс оны тоқтатты.

Бүгин неге оның әтирапында адамлар буншелли көп? Сарғыш халат кийген, жеңлери түрилген, жуўан билеклери жүнлестен келген киси ақ шүберекке қандай да бир жылтырақ әсбапларды жыйнап салып атыр. Олар қуяштың нурына шағылысып, көзди қамастыратуғын дәрежеде жылтылдайды. Басқалары арқан услап турыпты. Ҳаў, Гүлсарыны минетуғын — жаңадан болған баслық та усы жерде екен ғой! Кең галифедеги семиз аяқларын талтайтып, гәрдийип тур.

Басқалардики сыяқлы оның да қабақлары үйилген, тек жеңлери түрилмеген. Бир қолын белине таянып алған, екинши қолы менен кителиниң сәдеплерин айландырады. Кеше оннан қәдимги жағымсыз ийис аңқып тур еди.

— Ал, енди неге қарап турсызлар, басланлар! Басласын ба, Жорақул Алданович! — деп баслыққа қарады Ибрайым. Ол үндемей басын ырғады.

— Қәне, басланлар! — деп Ибрайым асығып-албырап сейисхананың дәрўазасындағы мыйыққа түлки малақайын илдиреди. Малақай көниниң үстине домалап түсип кетеди. Ибрайым жеркенгенликтен мурнын тыржыйтып, қағып-силкип және оны илдирип қояды. — Сиз сәл шетирекке барып турсаңыз болар еди, Жорақул Алданович. Ким биледи дейсиз, туяғы тийип кетиўи мүмкин сизге. Ат деген-ақмақ ҳайўан, шикәс келтириўи тәжип емес, — дейди ол.

Мойнында қыл арқанның бар екенин сезген Гүлсары бир секенип түсти. Тикендей арқан. Арқанды жылысатуғын илмек етип, омыраўының үстинен байлады, ушын арқасынан асырып, жамбасына таслады. Буларға бүйтип не керек екен? Соның арасында арқанды артқы аяғына салып тобығынан өткизди, аяқларын матап, тусаўлап атыр. Гүлсары тыпырлай баслайды, пысқырады, көзлерин алартады. Бул не қылғаны екен?

— Тезирек! — деп асықтырады, Ибрайым ҳәм күтилмегенде жиңишке даўыс пенен бақырып: «Жығың!» — дейди.

Еки жуп қуўатлы жүнлес қоллар арқанды күш пенен өзлери тәрепке тартады. Гүлсары тамыры кесилген теректей жерге гүрс ете қалады. Қуяш ғыр-гүбелек айланып кетеди, ғайбана күштен жер гүмбирлейди. Бул неси? Неге ол жамбаслап жатыр? Неге адамлардың бетлери жоқары қарап әбеший болып созылып кеткен, тереклер неге аспанға шығып кеткен? Неликтен Гүлсары жерде қолайсыз жағдайда жатыр? Яғә, бунысы болмайды!

Гүлсары басын көтерип бир туўлады да пүткил денеси менен қозғалыўға ҳәрекет етти. Арқанлар оның аяқларын, қарнына тирегенликтен, терисине батып кетти. Сәмен жорға басын былғап, байланбаған жалғыз артқы аяғын бар пәрманы менен силтей баслады. Арқан керилип пытырлады.

— Үстине бойынды тасла, бас, усла! — деп тыпыршылады Ибрайым.

Ҳәмме атқа бойын таслап, дизелери менен басты.

— Геллесин, геллесин жерге басыңлар! Байла! Тарт! Ҳә, солай. Тезирек болсаңларда! Мына бир жеринен тағы бир тарт, тағы! Ҳә, бәрекелла. Енди мынадан илдир, түйин етип байла! — деп тынбай бақырды Ибрайым.

Сәмен жорғаның аяқларын арқан менен кем-кем шырыстырып, тап ҳәммеси бир түйин болып жәмленгенше тарта берди.

Гүлсары аяқларын шырмап алған арқаннан қутылыў ушын еле туўлап, мойыны менен басына минип алғанларды ылақтырып жиберип, қатты ыңыранып алды. Бирақ, адамлар оны тағы да дизерлеп басты. Жорғаның терлеген аяқлары уйысып қалды. Ол енди жеңилген еди.

— Үҳ, япырмай-аў!

— Күшли екен-аў, заңғар!

— Трактордай күши болса да, енди қыбырлай алмайды.

Сол ўақытта жаңадан болған баслық, сәмен жорғаның жанына жуўырып келип оның бас ушында шоңқайып отырып алды. Кешеги арақтың ийиси тағы аңқыды. Баслықтың алдында ат емес, бәлки адам, оның ата душпаны жатырғандай, әшкаралаўшы сыпат ҳәм салтанат пенен тыржыйды.

Терлеп-тепшип кеткен Ибрайым қол шаршысы менен сыпырынып оның қасына келди. Баслық екеўи қатара отырып, буннан кейин жүзеге асыўы зәрүр болған ҳәдийсени күтип, папирос шеге баслады.

Дийўалдың артында балалар еле шүллик ойнап атыр еди:

Ақбай, Көкбай,
Бузаўларды айдама,
Айдағанда жетпесең,
Кейиснама саған-әй!
Зуў-ў-уў!...

Қуяш еле сол қәлпинде нур шашып тур. Жорға соңғы мәртебе кең шөлистанлықты көрип, ол жерлерде жылқылардың еркин гезип жүргенин көрип атырғындай еди. Олардың үстинен ақ қуба газлар ушып

баратыр, қанатларын қағып баратыр, олар жердегилерди өзлериниң изине ерисип жүриўге шақырады... Бул ўақытта Гүлсарының тумсығына шыбынлар қонған еди. Ушырып жибере алмайды.

— Баслаймыз ба, Жорақул Алданович? — деп тағы сорады Ибрайым. Баслық үндемей басын ырғады. Ибрайым орнынан турды.

Ҳәмме және ҳәрекетке келди. Жапа-тармақай матаўланған жорғаға умтылып, дизелери ҳәм көкireклери менен ийтерип пысnaсты. Оның басын жерге бурынғыдан да қаттырақ басты. Гүлсарының путының арасында әлле неткен биреўдиң қолы жыбырлап кетти.

Балалар дийўалдың үстине шығып, шымшықлардай дизилисип алды.

— Қараңлар, балалар, не ислеп атырғанына қараңлар!

— Сәмен жорғаның туяқларын тазалап атыр!

— Биледи екенсең-дә. Туяқлары шығар, саған! Олай емес.

— Ҳәй, не бар сизлерге бул жерде, қәне өкшеңди көтериңлер. Барыңлар, аўлақта ойнап, писирип қойған жоқ, сизлерге бул жерде! — деп қолын силтеди Ибрайым оларға.

Балалар дийўалдан сыпқанап түсип кетти.

Жым-жырт болып қалды.

Гүлсары түртилген ҳәм муздай бир нәрсениң тийгенлигинен жыйырылып, бүрисип қалды. Баслық болса еле оның алдында қоңқайып отырып, бир нәрсени күте берди. Бирден пайда болған күшлы аўырыўдан жорғаның көзлеринде от шатнап кетти. Ўаҳ! Қызғыш жалын жалт етип жанды да, дәрриў ҳәмме жақты қараңғылық каплады.

Барлық ис тамам болғанда да Гүлсарының еле аяқлары байлаўлы жата берди. Қаны тыйылғанша оны босатпаў керек еди.

— Мине, Жорақул Алданович, жумыс питти, — деди Ибрайым қолларын уўқалап. — Енди бул ҳеш жаққа қашып кете алмайды. Қашып болғаны шығар енди. Танабайды мисе тутпаң. Түф! — дең оған... Ол мудамы усындай болған. Ол өзиниң ағасын да сыйламай—кулак етип Сибирге айдатқан адам. Ол кимге жақсылық етиўди раўа көреди дейсиз...

Ибрайымның ўақты хош болып, мыйықтан түлки малақайын алып силкип қақты, сылап-сыйпады ҳәм терлеген басына кийди.

Балалар болса еле шуллик ойнап атыр еди:

Ақбай, Көкбай,
Бузаўларды айдама,
Айдаганда жетпесең,
Кейиснама саған-әй!
Зуў—ў—ўў!...

Ўа-ҳа, жете алмадың ба, қәне еңкей! Шүў, Гүлсары, алға! Ура-а, бул мениң Гүлсарым!

Ашық аспанда қуяш жарқырап тур еди...

10

Түн. Ярым ақшам. Жасы қайтқан адам менен ғарры ат. Сайдың жағасында от жанып тур. Жалын самал менен үрленип гә пәсейеди, гә көтериледи...

Тоңазыған қатты жер сәмен аттың жамбасын музлатады. Мойнынан шойындай аўыр нәрсе басып турғандай, кисенленген аяқлары менен ҳәккелеп жүргендей етип басын гә көтерип, гә төмен таслаўдан енди шаршаған еди. Гүлсары сол ўақыттағыдай етип есилип шабалмайды. Шынжыр кисенлерди үзип таслай алмайды. Шапқанда туяқларынан ушқын шашыратыўы ушын аяқларын еркин сермеўди аңсайды, геўдесин толтырып дем алыўы ушын жер үстинде пәрўаз еткиси келеди. Жылқыларды үйирип даўысының барынша кисенеў ушын, байталлардың оның алдына түсип жуўсанлық қаплаған шексиз шөлистанлық бойлап шаўып жүриўлери ушын Гүлсарының тезирек жайлаўға жетип барғысы келеди. Бирақ, кисенлер мүмкиншилик бермейди. Шынжырлардың жыңғырлысы менен ол сүргиннен қашқан тутқын сияқлы ҳәккелеп баратыр. Ҳәмме тәреп ҳүйлеген, қап-қараңғы, өзи жекке-жалғыз. Зымырап турған самалдың арасынан аспандағы қумай тартып ай көринеди, басын төмен түсиргенде ай тастай думалап жерге түседи.

Гә жақты, гә қараңғы, гә жақты, гә қараңғы... Қарай бергенликтен көзлери талды.

Шынжырлар жыңғырлайды, аяқлары қанға боялады. Секиреди, тағы секиреди, тағы. Ҳәмме тәреп қа-

нырағаи бослық, қап-қараңғы. Кисен менен көп жүриў керек, кисен менен жүриў соншелли қыйын.

Сайдың жағасында от жанып тур. Тоңазыған, тастай қатты жер сәмен аттың жамбасын музлатады...

## 11

Еки ҳәптеден кейин жаңа жайлаўға, тағы да таўға көшиў керек еди. Жазда да, гүзде де, қыста да, қулласы келеси бәҳәрге дейин сол жақта болыў керек. Буны айтпағанның өзинде бир жерден екинши жерге көшиўдиң өзи қаншелли мүшкил ис! Сонша патты-сатты қаяқтан жыйналады екен? Сонлықтан да қырғызлар бурыннан ақ: кәммағал болсаң көшип көр дейди екен.

Ҳәзирден баслап көшиўге таярланыў керек еди. Соның арасында ҳәр қыйлы жумысларды ислеў керек: ун қаразға, базарға, етикши устаға, интернаттағы баласына барыўы тийис. Танабай болса суўға түскен нандай босасып жүр. Сол күнлери ол ҳаялына жүдә бир түрли көринди. Ерте турып жылқыларға кетеди. Ҳаялы бийшара оның менен пукарашылық сөйлесиўге де үлгере алмай қалады. Түске жақын қабақлары үйилип, доңырайып қайтып келеди. Бир нәрсени күткендей мудамы қулақлары ербеңлейди.

— Саған не болды? — деп сорастырады Жайдар. Ол үндемейтуғын еди, бирақ бир күни ашылысып сөйледи:

— Жақында жаман түс көрдим.

— Меннен қутылыў ушын соны ойлап таптың ба?

— Яғәй, ырасым усы. Сол түс есимнен шықпайды.

— Енди сондай болдың ба? Аўылдағы қудайсызлардың баслығы сен емеспедиң? Кемпирлер сени ғарғамайтуғынбеди? Қартайған екенсен, Танабай. Барлық гәп усында. Жылқыларыңды айланшықлай бересең, жайлаўға көшиў мәҳәлиниң жақынласып қалғаны ядыңа кирип тықпайды сениң. Мениң бир өзим балаларға напақа таўып бере аламан ба? Қалайда Чораны көрип келсең болар еди. Дыянатлы адам, көшпесинен бурын кеселбент адамларды көрип келеди.

— Соңынан бараман, — деп қолын силтеди Танабай.

— Соңы қашан? Не бәле, аўылға барыўға қорқасаң ба? Ертең бирге барамыз. Балаларды аламыз да кетемиз. Мениң де аўылға барып келўим керек.

Ертеңине бир жас қоңсы жигиттен жылқыларға қарап турыўды өтиниш етип, олар үйиниң иши менен атлы жолға шықты. Жайдар кишкене қызы менен. Танабай—үлкени менен. Балаларды миңгестирип жөнелди.

Аўылдың арасы менен өтип баратырғанда жолда ушырасқан таныс-билислер менен сәлемлести. Темиршилик устаханасының алдына келгенде Танабай атын тоқтатты.

— Тоқта,—деди ол қатынына. Өзи ерден түсип, үлкен қызын қағыны минген аттың артына отырғызды.

— Не болды? Қаяққа?

— Мен ҳәзир келемен, Жайдар. Сен кете бер, Чораға айт, мен тез жетип бараман. Кеңседе асығыс жумыслар бар, түске дейин жабылып қалады. Устаханаға да басымды бир суғып шығыўым керек. Көшпестен бурын аттың тағаларын ғамластырыў керек емес пе?

— Биреўимиздиң изимизден биреўимиздиң барғанымыз жақсы емес.

— Ҳеш зыяны жоқ, сен кете бер. Мен ҳәзир...

Танабай кеңсеге де, устаханаға да кирмеди. Ол туўры сейисханаға қарап бағдар алды.

Аттан түсип, ҳеш кимге хабарласпастан бир өзи сейисханаға кирди. Көзлери қараңғыға үйренискенше тамағы кеўип кетти. Сейисхананың иши тым-тырыс, кеўилсиз, ҳәмме атларды минип кеткен. Жән-жағына қарап алғаннан кейин, Танабай жеңил демин алды. Атбаққышлардың биреўин көриў ушын қапталындағы қапыдан бастырманың астына шықты. Бул жерде ол соңғы күнлерде көриўден жүреги зырқырап кететуғын нәрсени көрди.

— Усылай еткен шығар деп едим-аў, ҳарамылар! — деди ол әстен мушларын түйип.

Сийлеге оралған қуйрығы қайырылып арқан менен мойнына байланған Гүлсары бастырманың астында тур еди. Талтайған артқы аяқларының арасында үлкенлиги қуманның қарамындай келетуғын тырсыйып қызарған исик көринди. Ат ийегин ақырға тиреп тырп етпестен тур еди. Танабай еринлерин тислеп ыныранып жиберди, жорғаның жанына бармақшы болса да, бирақ батына алмады. Ол сескенейин деди. Кеўилсиз сейисхана, ҳүўлеген ҳәўли ҳәм пиштирилген жалғыз жорғаны көрип руўхы түсти. Ол артына бу-

рылып үндемей шығып кетти. Енди орнына келмейтуғын, дүзетип болмайтуғын ис жүзеге келген еди.

Олар кешқурын үйине келгеннен кейин Танабай ҳаялына ҳәсирет пенен былай деди:

— Көрген түсим дурыс болып шықты.

— Не болды?

— Чораның үйинде отырғанда бул туўралы айтпадым. Гүлсары енди қашып келмейди. Оны не қылғанын билесең бе? Пишипти, атаңа нәлетлер!

— Билемен. Сонлықтан саған аўылға барайық деген едим. Сен буны билиўге қорқыппедиң? Несинен қорқасаң? Жас емесең ғой... Атларды пишиўдиң бул алды-артымекен? Әзелден усындай болған, буннан кейин де усындай болады. Бул ҳәр бир адамға мәлим нәрсе.

Танабай буған ҳеш жуўап қайтармады. Тек ғана:

— Жаңадан болған баслығымыз, мениң ойлаўымша, жаман адам қусайды. Көўилим сезип тур, — деп қойды.

— Қойсаң-ә сондай гәпти, Танабай, — деди Жайдар. — Сениң жорға атыңды пишкен болса дәрҳал баслық жаман бола бере ме. Неге олай дейсең? Өзи тазадан келген адам болса, колхоз үлкен, басқарыў қыйын шығар. Бағана Чора енди ол колхозлардың жағдайын үйренеди, жәрдем береди деп атыр ғой. Қандай да бир режелер дүзип атырған қусайды. Сен болсаң журттан бурын барлық нәрсе ҳаққында ҳүким шығарасаң. Биз ақыры, көп нәрселерди биле бермеймиз ғой.

Кешки аўқаттан соң Танабай үйирли жылқыға кетип, ярым ақшамға дейин сол жақта болды. Ол өзине өзи кейип, ҳәмме нәрсени умытыўға, өзин мәжбүрлеген менен бирақ, күндиз сейисханада көргени көзиниң алдынан кетпеди. Ол жылқыларды айланып, шөлди гезип ойланады! «Итимал, ырастан да бир адам туўралы бундай пикир жүритиў керек емес шығар? Бул пәмсизлик әлбетте. Қәйдем, қартайып баратырған шығарман, я жыл он еки ай даўамына жылқылардың изинен қуўып жүргенлигимнен ҳеш нәрсени көрип, билмейтуғын шығарман. Бирақ қашанға дейин турмыс усындай аўыр аўҳалда бола береди? Айтылған сөзлерге қулақ салсаң тап ҳәммеси жақсыланып кететуғындай. Мейли, мен жаңылысқан-ақ болайын. Қуда-

йым мен-ақ жаңылысқан болайын. Бирақ, басқалар да мүмкин, усылай ойлап атырған шығар...»

Танабай жайлаўды айланып жүрип ойланады, бирақ гүдиксиреген нәрселерине жуўап таба алмайды. Сонда өзлериниң бир ўақытлары қәйтип колхоз дүзе баслағаны, халыққа бақытлы турмыс болады, деп ўәде бергенлери, адамлардың нени әрман ететуғынлары есине түсип кетеди. Сол әрманлардың иске асыўы ушын қаншелли гүрескен еди! Барлық нәрсени аўдар-теңкерин шығарып таслады, ескиликке соққы берди. Дәслепки ўақытлары турмыс жаман болмады. Егер әне бир пәлетий урыс болмаганда оннан да жақсырақ жасаған болар еди. Енди не? Урыстан соң бир неше жыллар өтип кетсе де, хожалықты еле ески отаўдай етип жамап-жасқап атырмыз. Бир жерин жамасаң басқа жериниң жыртығынан жулдыз көринип қалады. Не ушын? Колхоз сол жыллардағыдай өзиндики емес, басқаша? Сол ўақытлары жыйналыс қалай қәўли шығарса-сол нызам болды. Нызамды өзлери қабыл еткенликтен оны бежериў кереклигин билетуғын еди. Ендиги жыйналыслар қурғақ гәптен ибарат болып қалды. Сениң менен ҳеш кимниң иси жоқ. Колхозды колхозшылардың өзи емес, басқа биреў сырттан басқарып отырғандай. Не ислеў керек, хожалықты қалайынша ҳәм қалай алып барыў кереклиги сырттан жақсы көринетуғындай. Хожалықты гә олай, гә былай аўдарып көреди, бирақ ҳеш нәтийже жоқ. Адамлар менен ашылысып сөйлесиўге де қорқасаң. «Қәне, айтшы, сен партия ағзасысаң, колхоз дүзе баслағанымызда ҳәммеден көп сен ғайрат салғансаң, бул нәрселердиң қалай жүзеге келип атырғанын бизге түсиндирип берши» — деп сорап қалыўлары мүмкин. Не дерсең оларға? Қалайда адамларды бир жерге жыйнап алып, не болып атырғанын айтып бергени де тәўир екен-аў. Сөйтип кимниң кеўлинде не бар екенин, пикирлери қандай, қандай алғуласының бар екенин сорастырса екен. Районнан келген ўәкиллер бурынғыларға усамайды. Бурынғы ўәкиллер халыққа араласатуғын еди, ҳәммеге бирдей еди. Ендигилери келе сала, кеңседе баслыққа бақырып-шақырады. Аўыл кеңес пенен болса сөйлеспейди де. Партия жыйналысында сөз сөйлесе көбирек халық аралық аўҳал ҳаққында айтады, ал колхоздағы аўҳал онша әҳми-

йетли еместей. Исленлер, планды орынланлар, әне солай...

Танабай жақында бул жерге бир адамның келип, тил билими ҳаққындағы қандайда бир тәлийматты тынбай сөйлегенин ядына түсирди. Танабай оның менен колхоздың ҳал-жағдайы ҳаққында сөйлеспекши болып еди, оның көзлери аларып кетти: сизиң пикирлериңиз гүманлы, — деди. Пикирлерин мақулламады. Не қусап баратырыпты өзи?

«Енди Чора төсегинен турып кетсин, — деди Танабай, — оның кеўилиндеги бар гүптикейин ақтарып таслаўға оны мәжбүр етемен. Өзим де жыртылысып сөйлесемен. Мен жаңылысып атырған болсам не? Онда қалай болады? Яқ, яқ, олай болыўы керек емес. Мен жаңылысып атырман, әлбетте. Ким мен! Әпиўайы бир жылқыманман, шопанман. Ол жақтағылар болса, дана адамлар...»

Танабай үйине қайтып келгеннен соң көп ўақытқа дейин уйықлай алмай жатты. Ол еле өзинше бас қатырды. Гәп неде өзи? Бирақ, және өз сaўалларына өзи жуўап таба алмай қалады.

Сол-сол екен, Чора менен сөйлесе алмады. Көшпесинен бурын ғалма-ғаллық пенен айланысып қалды. Көшпелилер және бәҳәрге дейин жазды да, гүзди де, қысты да сол жерлерде өткериў ушын таўға көшип кетти. Тағы қара маллардың падасы, жылқылар үйири, қой-жаллықлар дәрьяны жағалап, отлақларды гезип жүрип кетти. Жүк артылған кәрўан жолда. Шаўқым-сүрен аспанды жайлады. Ҳаяллардың түрли-түрли көйлеклери көзге тасланады, қызлар айралық ҳаққындағы муңлы қосықты айтады.

Танабай өз жылқыларын үлкен отлақтан асырып, аўылдың жанындағы дөңниң үсти менен айдап баратыр еди. Бурынлары ол сәмен жорғаны бийимезгил сүрип келетуғын үй, аўылдың бир шетинде сол қәлпинде еле тур. Жүреги елжиреп кетти. Енди Танабай сол келиншектен де, Гүлсарыдан да жуда болған еди. Ҳәммеси изде, артта қалып баратыр. Несин айтасаң, ол дәўирдин. Наўбәҳәрдеги ақ қуба ғазлардың тодасы сыяқлы жағымлы сүрен салып өтип кетти ол дәўирлер...

...Әрўана көп күнлерге дейин желип-жуўарады, боталағын излеп бозлайды. Қайдасаң, қара көзли боталағым? Жуўап бер! Желинимнен, тырсылдаған жели-

нимнен, аяқларыма дызылдап сүт ағып баратыр. Қайдасаң? Саза бер! Желинимнен, тырсыйған желинимнен аппақ сүт ағып атыр. Аппақ сүт...

## 12

Сол жылдың гүзегинде Танабай Бекасовтың тәғдири бирден өзгерип кетти.

Ол өткелдиң аржағынан қайтып келип, жылқыларды тез арада таўдың аралығындағы қыслаўға айдап кетиў ушын таўдың жанбаўырындағы гүзги жайлаўға қонды.

Тап сол күнлери колхоздан бир хабаршы келди.

— Чора жиберди мени, — деди ол Танабайға. — Ертең аўылға келсин деп атыр, сол жерден районға жыйналысқа барады екенсиз!

Ертеңине Танабай колхоздың кеңсесине келди. Чора усы жерде өзиниң партшөлкемлик ўазыйпасын атқаратуғын бөлмесинде екен. Еринлериниң қуўарып ҳәм өзиниң азғынлығынан кеселден айықпағаны билинип турса да, ол бәҳәрдегиге қарағанда тәўир-ақ тәңдар еди. Ол өзин кеўилли сезеди, жумыс пенен бәнт, адамлар әтирапын қоршап алған. Танабай достын көрип қуўанып кетти. Демек, саўалыпты, тағы жумысқа кирисипти.

Олар кеңседе екеўи қалғанда ғана Чора, Танабайға қарады. Тырысып қалған азғын бет-аўызын алақаны менен сыйпалап:

— Танабай, сен еле қартаймайсаң-әй, еле баяғы турысың. Қашаннан бери көриспедик — бәҳәрден бери ме! Қымыз бенен таўдың ҳаўасы бир жақсы нәрседағы... Мен болсам мине, әсте-ақырын солғын тартып баратырман. Ўақыты келгенге қусайды, — деди де Чора бираз тынышланып жумыс ҳаққында сөз баслады:— Гәп мынадай, Танабай. Билемен, ашкөзге қасық атсаң, ол бир уртлаўдың орнына бес мәртебе уртлайды! — дейжақсаң. Тағы сениң айтқаның келип атыр. Ертең шаруалардың кеңесине барамыз. Шарўашылықтың аўҳалы шатақ, әсиресе қойшылықтың, соның ишинде бизиң колхоз да оғада төмен. Ис патырат. Райком: коммунист ҳәм комсомоллар — арттағы участкаларға, жайлаўларға деген шақырық пенен уран таслады. Жәрдем бер! Анаў бир ўақытта жылқылар мәселесинде жәрдем берген едиң, рахмет енди

және бир көмеклесип жибер. Отарларды ал, шопанлыққа өт.

— Оғада шалағайсанда, Чора, — деп Танабай үндемей қалды. «Атларға үйренип кетип едим, — деп ойлады. — Қойларды бағыў зериктиретуғын ис! Ақыбети қандай болар екен?».

— Сени зорламайман, Танабай, — деди Чора тағы. — Бирақ, илаж қанша, партиялық тапсырма. Ашыўың келмесин. Бир ирети келгенде досларша есиме саларсан, ҳәммесине жуўап беремен!...

— Аўа, ирети келгенде есиңе салып қоярман, сонда өзиң де қапа болмайсаң, — деди Танабай күлип, Чораға ҳәммесин ескертетуғын ўақыттың онша узақ емеслигин билмей. — Отар мәселесин ойланып көриў керек, қатыным менен сөйлесип көрейин...

— Мейли, ойланып көр. Бирақ, ертеңге дейин бир жақлы ет, ертең қуралтай алдынан есап бериў керек. Жайдар менен соңынан ойласасаң, ҳәммесин түсиндиресең оған. Мениң өзим де бир пайыты келгенде Жайдарға айтаман. Ол ақыллы ҳаял, түсинеди. Сол сениң өмирлик жолдасың болмағанда еди, әлле қашан бир жерде мойының гүрт етип үзилетуғын еди, — деп ҳәзиллести Чора. — Жайдардың жағдайы қалай? Балалары ше?

Олар үй-руўзыгершилиги, кеселлик туўралы, аннан-мыннан сөйлесип отырды. Танабай, Чораға әҳмийетли бир нәрсе ҳаққында гәп баслаўға тәўекел етип отыр еди. Бирақ, таўлардан шақырылған шопанлар кирип келди. Чораның өзи де саатына қарап асықты.

— Демек, солай. Атыңды аткөнекке тапсыр. Ертең бәримиз машина менен кететуғын жуўмаққа келдик. Биз, ақыры, машина алдық ғой, жақында екиншисин аламыз. Жумысымыз жөнлесип кетеди. Мен болсам ҳәзир кетемен, саат жетиде райкомға жетип барыўға буйрық берилген. Баслық ҳәзир сол жерде. Сәмен жорға менен кешке дейин жетип барарман деп ойлайман, ол машинадан жаман жүрмейди.

— Ҳаў, Гүлсарыны сен минип жүрсең бе? — деп ҳайран қалды Танабай. — Баслық сени сыйлаған екенд-ә!...

— Не десем екен. Сыйлады ма-сыйламады ма, қәйтсе де оны маған берди. Билесең бе, не болғанын? — деп қолларын жайды Чора.—Гүлсары не себеп екени белгисиз баслықты жаман көрип қалды. Сирә

буған ҳеш ким түсинбейди. Оны өзине жолатпайды. Өйтип-бүйтип көрдик. Ҳеш епке келмейди. Урып өлтирсең де жантастырмайды. Мен минсем жақсы жүреди. Оны миниске жақсылап үйретипсең. Билесең бе, айырым ўақытлары жүрегимниң аўырыўы тутып қалады. Сонда оны минип бир айланып келсем, аўырыў демде қойып кетеди. Тек ғана усының ушын өмир бойына парторг болыўға қайылман, ол мени даўалап атыр! — деп күлди Чора.

Танабай күлмеди, бирақ:

— Оны мениң де ҳүрейим сүймейди, — деди ол.

— Кимди? — деп сорады Чора күлкиден жасланған көзлерин сыпырып,

— Баслықты.

Чора сурланыңқырады:

— Не себептен?

— Билмеймен. Пәмлеўимше ол жалатай ҳәм жөги адам.

— Сениң кеўилинди табыў қыйын өзи. Маған өмиримше босаңлығым ушын кейип келдиң, енди буны да жаман көреди екенсең... Билмедим. Мен жумысқа жақында киристим. Еле түсиниспей атырман.

Олар тым-тырыс болып қалды. Танабай, Чораға кисен ҳаққында, пиштириў ҳаққында айтып бермекши еди, бирақ енди бул нәрсе оған орынсыздай болып көринди. Гәптиң үзилип қалмаўы ушын Танабай өзин қуўандырған жаңалық ҳаққында сөз баслады.

— Машина бергени жақсы болған екендағы. Енди колхозларға да машинаның келе баслағанының алды шығар. Қерек, керек, ўақты келди, есиңде ме, урыстан бурын биз биринши полуторканы алған едик. Митинг болган еди. Не де болса колхоздың өз машинасы да. Сен кузовта турып сөз сөйледиң: «Минекей, жолдаслар, социализмниң жемиси!» Кейнинен оны да фронтқа алып кетти...

—Аўа, сондай ўақытлар болған еди... Қуяштың шығыўындай әжайып дәўир! Автомашина деген де гәп пе! Чу каналының қурылысынан қайтқан белдарлар өзлери менен бирге дәслепки патефонларды алып келгенде, аўыл иши жаңа қосыққа қандай қызыққан еди! Гүзге салым еди. Ақшамлары да адамлар патефоны бар адамлардикине жыйналып, оларды көшеге алып шығып, буннан кейин ҳәммеси қызыл шалғышлы өдарник қыз ҳаққындағы пластинканы қайта-қайта,

еситкени-еситкен: «Әй, қызыл шалғышлы толысқан ай, қайнатып берсең-ә маған шай!»... Бул да олар ушын социализмниң жемиси еди-аў...

— Бизиң өзимиз не, ядыңда ма, Чора, митингиден кейин полуторкаға ийне шаншар орын қалдырмай, ырас тығылып минген едик-машина лыққа толған еди! — деп есине түсирди Танабай руўхланып. — Мен байрамдағыдай, кабина қапталында қызыл байрақ көтерип тур едим. Бизлер сонда ҳеш қандай жумысымыз болмаса да станция тәрепке қарап кеттик, сол жерден темир жолды жағалап басқа станцияға, ҳәтте Қазақстанға бардық. Паркте пиво иштик. Ол жаққа барғанда да, бул жаққа қайтқанда да жолдың өне бойына ҳәммемиз қосық айтқан едик. Сол жигитлерден ҳәзир аз қалды-ҳәммеси урыста жоқ болды. Аўа, түнде де билесең бе, сол қызыл байрақты қолымнан түсирмеген едим. Түнде оны ким көреди десең-ә! Мен болсам қолымнан түсирмей еле услап киятырман... Бул мениң байрағым еди. Тынбастан қосық айтқап едим, ҳәтте қырылдап қалдым, есимде... Неге ҳәзир қосық айтпаймыз-ә, Чора?

— Қартайып баратырмыз. Танабай-а, енди бизлерге жараспайды да...

— Яқ, мен оны айтып атырғаным жоқ, — бизлер айтатуғын қосығымызды айтып болдық. Ал жаслар не? Гейде интернаттағы баламның изинен барып тураман. Қандай тәрбия алар екен, сол жерден? Ҳәзирден-ақ баслыққа жалбырақлаўды биледи. Аға, мектеп директорына тез-тез қымыз әкелип тур, — дейди. Ол қалай? Сөйтсе де оқығаны мақул ғой... Бирақ, қандай қосық айтатуғынын тыңлап көрсең еди. Жасымда Александровскдағы Ефремовтыкинде бадырақ болған едим. Бир күни ол диний байрамда мени ширкеўге алып барған еди. Бизиң балаларымыз да саҳнада қолларын қапталына түсирип алып, түрлери бозарып турып тап ширкеўдегидей етип қосық айтысады... Маған жақпайды бул. Улыўма, мен енди көп нәрсени түсинбей қалдым. Сөйлесип алсақ болар еди. Турмыстан артта қалып қойдым, бәрин түсине бермеймен...

— Яқшы, Танабай. Әўметинде бир сөйлесип алармыз, иретин табармыз. — Чора қағазларын жыйнастырып, дала сумкасына сала баслады. — Бирақ, сен көп күйгелек бола берме. Мен, мәселен, исенемен, оғада исенгеним соншелли, қаншама қыйыншылық бол-

са да, бәри бир, биз қәддимизди тиклеп аламыз, ойлағанымыздай етип жасай баслаймыз. Ол босағаға жеткенде артына қайырылып былай деди: — Маған қара, Танабай, бир күни мен жайыңның үстинен жүрип баратырып едим, жайың жүдә көрениш тартып қалыпты. Қарамайды екенсең. Сен мудамы тауда жүресең, жайың болса ийесиздей. Жайдар урыс жыллары болса да оны ҳәзиргиден көре жақсырақ етип қойған еди. Бир барып көр. Не керек болса айтарсаң, бәҳәр шықса жәрдемлесип, кетик-тесигин дүзетип беремиз. Бизиң Самансүр де жазда каникулға келгенде ҳәўлиңди көрип шыдап тура алмады, орақты қолына алды. Тәнекеңниң жайының дөгерегиндеги шөп-шарды орып таслайман, — дейди. Сыбаўлары түсип, айналары сынған, шымшықлар бөлмелердиң ишинде тап қырмандағылардай болып ушып жүр дейди.

— Бул гәпиң дурыс. Самансүрге де рахмет. Оның оқыўлары қалай?

— Екинши курста енди. Оқыўы мениңше жақсы. — Сен жаслар ҳаққында айтқан един, мен болсам балама қарап турып, ҳәзирги жаслар жаман емес, деген пикирге келдим. Оның сөзлерине қарағанда институтта алғыр балалар бар екен. Кейиннен белгили болар, жаслар билимли, өзлери туўралы ойлап көре берер...

Чора сейисханаға кетти. Танабай болса өзиниң журтын көриўге жөнелди. Ҳәўлисиниң ҳәмме жерин айланып шықты. Жазда Чораның студент баласы орып таслаған, шаң-тозаң басып қуўрап қалган шөплер аяғының астында шытырлады. Ийесиз жайының қараўсыз қалғанына намысы келип кетти. Басқа шарўалардың жайында ағайин-туўғаны қалады, ямаса биреўлер қараўлап турады. Бунын меҳрибан апасы менен қарындасы басқа аўылларда турады, ағасы Қулбай менен болса қатнаслары жаман еди. Жайдардын болса улыўма жақын туўысқанлары жоқ. Мине, сөйтип жай қараўсыз қалды. Тағы узақ жайлаўларда шопан болып ислеўге туўра келип тур. Танабай еле еки ойлы болса да, Чора бәрибир оны көндиретуғынын, оның сөзин сындырмайтуғынын, ҳәр қашанғыдай қайыл болатуғынын билетуғын еди.

Ертиңине аўылдан машина менен шықты ҳәм район орайына жөнеп кетти. Шылт жаңа үш тонналық ГАЗ ҳәммеге унады. «Тап патшалардай болып кетип

баратырмыз-а» — деп ҳәзиллести шопанлар, Танабай да қуўанышлы еди — ол көптен бери, урыстан бержағында машинаға минбеген еди. Урыс жылларында ол Американың «студебеккер» леринде Словакия ҳәм Австрияның жолларынан жүрип өтти. Жүк машиналары күшли, үш көшерли еди. «Бизге усындайлары керек еди-дә, — деп ойлаған оди сонда Танабай. — Әсиресе, таў етеклеринен ғәлле тасыўға оғада қолайлы екен. Бундайлар ҳеш жерде батып қалмайды». Урыстан соң бизде де усындай машиналар болатуғынына исенген еди. Жеңистен кейин ҳәммеси болады!...

Ашық кузовтың үстиндеги зуўлаған самалда гәпсөздиң басы бирикпеди. Танабай жасларға тийиспегенше ҳәмме тыртым отыра берди.

— Қосық айтыңлар, балалар, — деди ол. — Бизлердей жасы қайтқанларға қарап отырмаң. Айтың, айтыў сизлерден, тыңлаў бизлерден.

Жаслар қосық баслап жиберди. Дәслеп қосықтың онша мәниси болмады, соңынан жанланып кетти. Жол жүриў заўықлырақ болды. «Мине, енди бул жақсы болды, — деп ойлады Танабай. — Усындай болғаны жақсы. Ең әҳмийетлиси бизди бир жерге топлап жақсы етип атыр. Мүмкин, аўҳалдың қандай екенин, колхоз хожалығын жөнлеп раўажландырыў ушын не ислеў кереклигин айтар. Бизге қарағанда басқаларға айқынырақ гой. Биз тек өзимизди билемиз, басқа көп нәрселерди билмеймиз. Мәсләҳәт берер, жол-жоба көрсетер, биз де жумысты жаңадан баслап жиберемиз...

Район орайы шаўқымға толы екен. Машиналар, арбалар, жүдә көп атлылар клуб алдындағы майданды толтырып таслапты. Кәбапшылар, шайханашылар да усы жерде таққа тур. Түтинге аралас иштей ашатуғын жағымлы ийисти бурқыратып «айланың, жеп қалың!» — деп келгенлерди шақырады, олар.

Чора күтип турған еди.

— Тезирек түсиңлер, жүриңлер. Жайғасып алың. Ҳә демей мәжилис басланады. Танабай, сен қаяққа?

— Ҳәзир, — деди Танабай бир топар минилетуғын атлардың арасынан өтип баратырып. Ол машинада отырғанда-ақ өзиниң Гүлсарысын көзи шалған еди, енди, сол тәрепке баратыр. Бәҳәрден бери оны көрмеген еди.

Ертлеўли сәмен жорға өзиниң сары гүлдей прени, кең, толық саўырысы ҳәм қап-қара көзли, дүңки маңлайлы етсиз басы менен басқа атлардан ажыралып тур еди.

— Сәлем, Гүлсары, сәлем!— деп сыбырлады Танабай оның жанына сүрнигиңкиреп киятырып. — Ал, аўҳалларың қалай?

Жорға көзиниң уясы менен қыялап қарап, ески хожайынын таныды, тепсинип, пысқырып жиберди.

— Келбетиң жаман емес, Гүлсары, көкирек алдың кеңейип, толысып кетипти. Көп шабатуғын қусайсаң. Сонда көп азап шектиң бе? Билемен... Ҳә, яқшыдағы, және жақсы адамның қолына түсипсең. Тыныш жүрсең ҳәммеси жайында болады, — деди Танабай бөктергидеги қоржынның ишиндеги сулының муғдарын көрип.

— Чора сени бул жерде аш қалдырмайды екен. — Ал, онда сен тура тур, мен барайын.

Клубқа кирер аўыздағы дийўалда «Коммунистлер, алға!», «Комсомол-совет жасларының авангарды!» — деп жазылған лозунгылар жайнап тур еди.

Адамлар топар-топар болып келип, фойе ҳәм залларға тарқасып кетип атыр. Қапының алдында Танабайды Чора ҳәм колхоз баслық Алданов күтип алды.

— Танабай, бир шетирек шығайық, — деди Алданов. — Мине саған қойын дәптер. Сениң шығып сөйлеўиң керек. Биз сени белгилеп қойдық. Сен партия ағзасысаң, ең жақсы жылқыманымызсаң.

— Не ҳаққында сөйлеўим керек?

—Сен коммунист сыпатында артта қалған участкаға баратуғыныңды айт. Саўлық қойлардың сүриўине шопан болатуғыныңды айт.

— Тек сол ма?

— Тек сол емес! Өз миннетлемеңди айтасаң. Ҳәр бир жүз бас саўлықтан бир жүз он қозы алыў ҳәм оны аман-есен сақлаў менен бирге, ҳәр бас қойдан үш килограммнан жүн қырқып алыўға партия ҳәм халық алдында миннетлеме аламан дейсең.

— Мен еле қойларды көрмесем, оны қалай айтаман.

— Не қылады! Отарды аласаң гой.

Чора гәпти жумсартты:

— Өзиңе мақул болған саўлықларды таңлап аласаң. Кәўетерленбе. Тағы еки комсомол шопанды ғамхорлыққа аламан деп айт.

— Кимлерди?

Адамлар тығылысып өтип .үр еди Чора дизимди көзинен өткерип шықты.

— Полатбеков Ешим менен Зарлықов Бектайды.

— Мен еле олар менен сөйлескеним жоқ ғой. Олар буған қалай қарайды екен?

— Еле өзиндики өзине жөн-ә! — деп ашыўы келди баслықтың.—Бир түрли адам екенсең. Олар менен сөйлесиўиң шәрт пе? Бәри бир емес пе? Олар ҳеш жаққа қашып кетпейди. Биз оларды саған бекитип қойғанбыз, мәселе шешилген.

—Мәселе шешилген болса, мениң менен сөйлесип отырыўыңыздың не кереги бар? — деп Танабай арман кетти.

— Асықпа, — деп тоқтатты оны Чора. — Ҳәммесин ядыңда сақлап қалдың ба?

— Ядымда бар, ядымда, — деп кеўилсиз жуўап берди Танабай кетип баратырып.

## 13

Мәжилис кешке жақын тарқады. Район орайы босап қалды. Адамлар ҳәр тәрепке—таўларға, қой отарлары менен қара мал фермаларына, аўылларына, тарқалып кетти. Танабай да көп пенен бирге жүк машинасы менен Александровкадағы қырдан асып, тегислик арқалы жөнеп кетти. Қараңғы түсип қалған еди. Суўық самал денесин жуўлатады. Гүз. Танабай кузовтың мүйешине отырып алды да, жағасын көтерип өз пикирлери менен бәнт болып алды. Мине жыйналыс та тарқады. Оның өзи бир мәнили гәп айталмаса да, басқалардың гәпин тыңлады. Демек, жумыстың жөнге түсип кетиўи ушын еле көп мийнет ислеў керек екендә. Көз әйнекли обком секретары дурыс айтты: «Ҳеш ким бизге жолды сарраслап қойған емес, оны өзимиз ашыўымыз керек». Ойлап көриң-ә, отызыншы жыллардан бери гә көтерилиў, гә пәске түсиў, гә жетилисиў, гә изге қайтыў... Демек, колхоздың иси әнейи емес екен. Мине, өзиниң де шашларының жарысы ағарды. Жаслығы өтип кетти. Нелерди көрмеди, нелерди қылмады, талай сапары таўназарлық та етти. Бақытлы күн әне келеди, мине келеди деп күтип жүре бересен, бирақ колхоздың машақатынан бәри бир, қутыла алмайсаң..

Ауадағы, мейли ислеў керек пе-демек, ислеў керек. Дурыс айтады обком секретары-турмыс урыстан кейин бир ўақытлардағы адамлардың ойлағанындай болып өз-өзинен жөнлесип кетпейди. Өзиң тиримисең, демек оны бирдейине омыраўлап ийтерип жүриўиң керек. Турмыс ҳәр сапары, өзиниң өткир тислерин көрсетип айбат шеккенде, желкелеримиздиң барлық жери жара болып қалады. Ислеп атырған жумысыңа ҳәм басқалардың жумысына кеўилиң толған менен буның нәтийжеси бақыт келтирсе екен-аў... Ендиги жумыслар қандай болады? Жайдар не дейди еле? Қызларына базарлық алыў ушын ҳеш болмаса дүканға кирип шығыўға да үлгере алмады. Ҳәзир жүз бас саўлықтан бир жүз он қозы, ҳәр қойдан үш килограммнан жүн алыў айтыўға ғана аңсат. Ҳәр бир қозының туўылыўы ҳәм тири қалыўы керек. Жаўын, самал, суўық оған қарсы турады. Жүн ше? Жүнниң талшығын алып көр, үплесең жоқ болып кетеди. Килограммларды қайдан аласаң? Алтынға барабар-ә, бул килограммлар. Бирақ гейпаралар булардың ҳәммесиниң қайдан шығатуғынын, қайтип алынатуғынын қыялына да келтирмесе керек...

Аўа, Чора оны жолдан азғырды, адастырды... «Сөзге шық, — дейди, — бирақ қысқа етип, өз миннетлемең ҳаққында сөйле. Басқа ҳеш нәрсе айтпа. Мәсләҳәтим усы». Танабай буған көнди. Минберге шықты да жүреги дүрсилдеди, сөйтип көмекейинде турған сөзлерди айта алмай қалды. Миннетлемеси ҳаққында мыңғырлап сөйледи де, түсип кетти. Ядыңа түссе уяласаң. Чораның болса ўақты хош. Ол неге буншелли ықтыятлы болып қалды? Аўырыўшылығынанбекен, я колхозға басшы болмағанынанбекен? Танабайды ықтыят болыўға шақырыўдың не кереги бар екен? Яқ, ол айнығаи, өзгерген! Мүмкин, өмиринше баслық болып колхозды сүйрегенлигинен ямаса басшылардың оны өмиринше сөккенлигинен усылай болған шығар. Тәсил салып, шеберлик етиўге үйренип қалған қусайды...

«Ҳә сени ме, тоқтап тур, достым, бир күни болмаса бир күни бетпе-бет келгенде есиңе түсирип қоярман сениң...» — деп ойлады Танабай постынының шалғайын қымтап. Суўық самал ҳүўлеп тур, үйине дейин еле узақ. Ол жақта нелер күтип турған екен оны?...

Чора сәмен жорғаны желдирип бир өзи кетти. Жолдасларын күтип турмады. Жүрек аўырыўы қозғанлықтан, үйине тезирек жетип алгысы келди. Атты өз байдалына жиберди, ол күни менен дем алғанлықтан, енди бир тегис шайқатылып баратыр. Машина сыяқлы тезлик пенен туяқларын бир қәлипте тақылдатып баратыр. Әўелги ҳәмме қәсийетлерден Гүлсарыда тек шабыс, жүрис ғана қалды. Басқа ҳәмме нәрседен ол айырылған еди. Ол енди тек ер-жүўен менен жолды ғана биледи, қалған барлық ләззетлерден жуда болған еди. Гүлсары тек жүриси менен тири. Ол адамлардың өзинен тартып алған нәрселерине жетип алғысы келгендей, ҳармай-талмай омыраўлап шабады. Шапқан менен жетип алалмайды...

Ат үстиндеги самалда Чора бираз жеңил тартты. Жүрегиниң аўырғаны қойды. Ол мәжилистен ырза болып қайтты, әсиресе, обком секретарының сөйлегени оған унады. Секретарь ҳаққында көп еситсе де, биринши ирет көриўи еди. Солай болса да парторг өзин қолайсыз сезди. Кеўили көтериңки емес. Чора Танабайға жақсылық қылмақшы болды. Чораның бундай мәжилислер менен жыйналысларға қатнасып зықы шыққанлықтан қәйерде нени айтыў керек, нени айтпаў кереклигин жақсы биледи. Тәжирийбеси бар. Танабай қулақ асқан менен буны түсиниўди жақтырмады. Мәжилистен соң оған бир аўыз да сөз айтпады. Машинаға минди де терис айланып отырды.Қапа болыпты. Эҳ, Танабай, Танабай? Аңгөдексең, турмыс сени ҳеш нәрсеге үйретпепти. Сен ҳеш нәрсени билмейсең де, байқамайсаң да. Жасыңда қандай болсаң, ҳәзир де сол қәлпиңде қалыпсаң. Ҳәмме нәрсени шарта-шурт қыласаң. Заман болса ҳәзир басқаша. Енди бәринен де әҳмийетлиси қәйтип сөйлеўди, кимниң алдында не айтыўды билиў, сөйлегениң барлық адамлардики сыяқлы заман руўхы менен сыңғырлап, басқалардикинен айрылып турмай, тап жазып қойылғандай жумсақ болыўы керек. Сонда ҳәмме нәрсе орнында болады. Сени бар ғой, Танабай, өз еркиңе жиберип қойса ҳәмме нәрсениң астан-кестенин шығарып таслайсаң, буннан соң жуўап бериўге туўра келеди. «Өз шөлкемиңиздиң ағзаларын сиз қалай тәрбиялап атырсыз? Бул қандай тәлим-тәрбия? Бул қандай бассызлық?» Аҳ, Танабай, Танабай...

## 14

Еле баяғы түн, кексе адам менен ғарры ат. Жардың шетинде от жанып тур. Танабай орнынан турады, жан талўасында жатырған Гүлсарының үстине жапқан постынын қайта-қайта қымтайды. Және оның бас ушында отырады. Ол өз қыялында пүткил өмирин бирим-бирим көз алдынан өткереди. Гүлсарының шабысындай тез өткен жыллар, жыллар... Сонда, Танабай қойларға шопан болып жүрген сол жылы, сол гүзде, сол ерте түскен қыста не болған еди?...

## 15

Пүткил октябрь айынын даўамына таўларда қурғақшылық болып, ҳәмме тәреп алтын жалатқандай еди. Дәслеп еки күн ғана жаўын жаўып ҳаўа суўыды, думан түсти. Сонынан бир ақшамда бултлар тарқап кетти. Бир күни азан менен Танабай үйинен шықты да, изине қарап қашыўға сәл қалды-бийик жерлери аппақ қарға малынған таў оның үстине жапырылып киятырғандай еди. Қар бул бәлентликлерге қайдан жаўды екен? Олар тап ҳәзир ғана алланың ҳәмири менен аспаннан түскендей жалтырайды, саяда да, жақты да көзге анық көринеди. Қар жатқан жерден көгилдир, шексиз даланлық басланады. Оның төринде болса алыс-алыслардан тиришликтиң қыялый әпсанаға сәйкес жийеги көринип турады. Нур менен сап ҳаўаның көплигинен Танабай шимиркенип кетти ҳәм жүреги ҳәсиретке толды. Ол және Гүлсарыны минип үйине баратуғын наўжаўан келиншекти есине түсирди. Әттең, ҳәзир жорғасы өзиниң қолында болғанда оны минип алып, қуўанғанынан қыйғырып, мине усы азандағы аппақ қардай болып күтилмегенде оның алдына жетип барар еди-аў...

Бирақ, ол бунын тек ғана әрман екенин билетуғын еди. Не қылады енди, ақыры өмир дегенниң ярымы арзыў-әрман менен өтеди. Соның ушын да турмыс усыншама ләззетли ҳәм әрман еткенлердиң бәри өзиниң дийдине жете бермейтуғын болғанлықтан қәдирли шығар. Ол таў ҳәм аспанға тигилип турып барлық адамлардың бир тегис бақытлы болыўы қыйын деп ойлады. Ҳәр кимниң өз тәғдири—қысыўмети бар. Бир таўда бир ўақыттың ишинде ҳәм жықтылық, ҳәм қа-

раңғылық болғанындай ҳәр бир тәғдирдиң өз қуўанышы, өз ҳәсирети болады. Өмир кесеси усының менен толып шайпалады... «Ол келиншек, мүмкин енди күткенди қойған шығар. Мына таўлардағы қарды көрип есине түсирген болмаса...»

Адам күн-күннен қартайып баратырса да, кеўил ҳаллас урып қартайыўды қәлемейди, ҳәрўақ-ҳәрўақта бир тыпыршылап еркине кетпекши болып жулқынады.

Танабай атын ертледи, қой қоранын аўызын ашты, отаўға қарап ҳаялына даўыслады:

— Жайдар, мен қойларды айдап баратырман, сен жумысларыңды ислеп боламан дегенше айланып келемен.

Қой-қозылар бир-бириниң бүйирине басы менен түртип сыртқа жапырылды да, төбеликке қарап толқындай өрлей баслады. Қоңсы шопанлар да қойларын айдап шыға баслаған еди. Таўдың жанбаўырындағы ойлы-бәлентлерде қойлар жердиң өзлерине бағышлаған әзелий сыйлығы—от-шөплерди пытырлатып жей баслады. Олар гүзги таўдың сарғыш, қоныр, түстеги түрли шөплериниң арасында отлап жүр.

Ҳәзиринше жумыслар орны-орнында. Танабайдың үлесине онша жаман отар тиймеди — олар еки-үш мәртебе қозылаған саўлықлар еди. Ярым мың бас. Ярым мың машақат. Қозылағаннан кейин олар және еки еседен көбирек болады. Бирақ қозылатыўға, шопанлардың жумысы басынан асып былғасатуғын күнлер еле алыс еди.

Жылқыларға қарағанда қойларды бағыў, тәўирақ тыныш болған менен, әлбетте Танабай буған бирден көнлиге қоймады. Атларды бағыў басқаша еди дә? Бирақ, адамлардың айтыўына қарағанда жылқышылық өз әҳмийетин жоғалтқан-емиш. Машиналар пайда болған-емиш. Демек, атлар енди пайда бермейтуғын болып қалыпты. Енди ең әҳмийетлиси қойшылық, жүн, гөш, тери. Танабайдың бундай ақылға муўапық есапсанақта ҳақыйқатлық бар екенине көзи жетсе де, бул оған қатты бататуғын еди.

Жақсы айғыры болған үйирди гейде ўақытша, ярымкүн, яки оннан да көп күнлерге таслап кетип, өз жумыслары менен шуғылланғанда болмас па еди. Қойларды таслап ҳеш қайда баралмайсаң. Күндиз бир адым да олардың изинен қалмай жүриўи, түнде қараўыл болыўы керек. Шопаннан тысқары отарда жәрдем-

## 14

Еле баягы түн, кексе адам менен ғарры ат. Жардың шетинде от жанып тур.Танабай орнынан турады, жан талўасында жатырған Гүлсарының үстине жапқан постынын қайта-қайта қымтайды. Және оның бас ушында отырады. Ол өз қыялында пүткил өмирин бирим-бирим көз алдынан өткереди. Гүлсарының шабысындай тез өткен жыллар, жыллар... Сонда, Танабай қойларға шопан болып жүрген сол жылы, сол гүзде, сол ерте түскен қыста не болған еди?...

## 15

Пүткил октябрь айының даўамына таўларда қурғақшылық болып, ҳәмме тәреп алтын жалатқандай еди. Дәслеп еки күн ғана жаўын жаўып ҳаўа суўыды, думан түсти. Сонынан бир ақшамда бултлар тарқап кетти. Бир күни азан менен Танабай үйинен шықты да, изине қарап қашыўға сәл қалды-бийик жерлери аппақ қарға малынған таў оның үстине жапырылып киятырғандай еди. Қар бул бәлентликлерге қайдан жаўды екен? Олар тап ҳәзир ғана алланың ҳәмири менен аспаннан түскендей жалтырайды, саяда да, жақты да көзге анық көринеди. Қар жатқан жерден көгилдир, шексиз даланлық басланады. Оның төринде болса алыс-алыслардан тиришликтиң қыялый әпсанаға сәйкес жийеги көринип турады. Нур менен сап ҳаўаның көплигинен Танабай шимиркенип кетти ҳәм жүреги ҳәсиретке толды. Ол және Гүлсарыны минип үйине баратуғын наўжаўан келиншекти есине түсирди. Әттең, ҳәзир жорғасы өзиниң қолында болғанда оны минип алып, қуўанғанынан қыйғырып, мине усы азандағы аппақ қардай болып күтилмегенде оның алдына жетип барар еди-аў...

Бирақ, ол бунын тек ғана әрман екенин билетуғын еди. Не қылады енди, ақыры өмир дегенниң ярымы арзыў-әрман менен өтеди. Соның ушын да турмыс усыншама ләззетли ҳәм әрман еткенлердиң бәри өзиниң дийдине жете бермейтуғын болғанлықтан қәдирли шығар. Ол таў ҳәм аспанға тигилип турып барлық адамлардың бир тегис бақытлы болыўы қыйын деп ойлады. Ҳәр кимниң өз тәғдири—қысыўмети бар. Бир таўда бир ўақыттың ишинде ҳәм жықтылық, ҳәм қа-

раңғылық болғанындай ҳәр бир тәғдирдиң өз қуўанышы, өз ҳәсирети болады. Өмир кесеси усының менен толып шайпалады... «Ол келиншек, мүмкин енди күткенди қойған шығар. Мына таўлардағы қарды көрип есине түсирген болмаса...»

Адам күн-күннен қартайып баратырса да, кеўил ҳаллас урып қартайыўды қәлемейди, ҳәрўақ-ҳәрўақта бир тыпыршылап еркине кетпекши болып жулқынады.

Танабай атын ертледи, қой қоранын аўызын ашты, отаўға қарап ҳаялына даўыслады:

— Жайдар, мен қойларды айдап баратырман, сен жумысларыңды ислеп боламан дегенше айланып келемен.

Қой-қозылар бир-бириниң бүйирине басы менен түртип сыртқа жапырылды да, төбеликке қарап толқындай өрлей баслады. Қоңсы шопанлар да қойларын айдап шыға баслаған еди. Таўдың жанбаўырындағы ойлы-бәлентлерде қойлар жердиң өзлерине бағышлаған әзелий сыйлығы—от-шөплерди пытырлатып жей баслады. Олар гүзги таўдың сарғыш, қоңыр, түстеги түрли шөплериниң арасында отлап жүр.

Ҳәзиринше жумыслар орны-орнында. Танабайдың үлесине онша жаман отар тиймеди — олар еки-үш мәртебе қозылаған саўлықлар еди. Ярым мың бас. Ярым мың машақат. Қозылағаннан кейин олар және еки еседен көбирек болады. Бирақ қозылатыўға, шопанлардың жумысы басынан асып былғасатуғын күнлер еле алыс еди.

Жылқыларға қарағанда қойларды бағыў, тәўирақ тыныш болған менен, әлбетте Танабай буған бирден көнлиге қоймады. Атларды бағыў басқаша еди дә? Бирақ, адамлардың айтыўына қарағанда жылқышылық өз әҳмийетин жоғалтқан-емиш. Машиналар пайда болған-емиш. Демек, атлар енди пайда бермейтуғын болып қалыпты. Енди ең әҳмийетлиси қойшылық, жүн, гөш, тери. Танабайдың бундай ақылға муўапық есап-санақта ҳақыйқатлық *бар екенине* көзи жетсе де, бул оған қатты бататуғын еди.

Жақсы айғыры болған үйирди гейде ўақытша, ярым-күн, яки оннан да көп күнлерге таслап кетип, өз жумыслары менен шуғылланғанда болмас па еди. Қойларды таслап ҳеш қайда баралмайсаң. Күндиз бир адым да олардың изинен қалмай жүриўи, түнде қараўыл болыўы керек. Шопаннан тысқары отарда жәрдем-

ши болыўы керек еди, еле оны бермеди. Соның ушын гезек алмаспай, дем алмай, тынымсыз ислеўге туўра келеди. Жайдар қараўыл болып есапланады, күндиз тек гейде қызлары менен қойларға қарайды, ярым ақшамға дейин мылтық көтерип қораның дөгерегин айланады. Буннан соң Танабайдың өзине қараўыллық етиўге туўра келеди. Колхоздағы барлық шарўашылыққа хожайын болып алған Ибрайым болса, енди ҳәр бир себепке баҳана таба алады.

—Ал, мен жәрдемшини қайдан табаман, Танеке? — деп турып алады ол, жаны ашығандай болып,—ақыллы адамсыз ғой, өзиңиз. Жаслардың бәри оқыўда. Оқымағанларына қойдың атын айтсаң төбе шашы тик турады. Олар да қалаға, темир жолға, ҳәтте әлле қаяқтағы кәнлерге кетип атыр. Ақылым жетпейди... Сенде бәри болып бир ғана отар бар, соны да башарта алмайсыз. Мен не? Барлық шарўашылық мениң мойнымда. Сотланып кетемен. Бул жумысқа билмей өткен екенмен, билмей! Сиз ғамхорлыққа алған Бектайға усағанлар менен адам ислесип бола ма. Сен дейди, ол маған, — мени радио, кино, газеталар менен тәмийинле, жаңа отаў бер, тағы ҳәптесине бир ирет көшпели дүкән келип турсын. Болмаса басымның аўған жағына кетемен де қаламан, дейди. Сен оның менен сөйлессең болар еди, Танеке!..

Ибрайым өтирик айтып атырған жоқ еди. Оның өзи де усы жумыста ислеп жүргенине кеўили толмайды. Бектай ҳаққындағы гәпи де дурыс. Танабай гейде еплеп ўақыт таўып, ғамхорлыққа алған комсомолларына барып туратуғын еди. Ешим Полатбеков онша епшил болмаса да; бирақ тил алғыш жигит. Бектай болса шырайлы, келискен жигит болғаны менен, оның қап-қара көзлеринде ғәзеп оты жайнап турады. Ол Танабайды қабағын үйип күтип алатуғын еди.

— Сиз, Танеке, көп шыжа-пыжа болмай, абзалы, бала-шағаң менен бола бер. Сенсиз де мени тексеретуғынлар көп, — дейтуғын еди.

— Сен не, усыннан бир нәрсе уттырып атырсаң ба?

— Уттырыўын уттырмаймандағы, бирақ, саған усағанларды тәўир көрмеймен. Сизлер өзлериңизди суўға да, отқа да таслағансыз. Мудамы марапат пенен «ура, ура!» — деп өте шыққансыз. Өзиң болса адамға усап турмыс кеширмедиң, басқалардың да адам сыяқлы болып жасаўына жол қоймадың.

— Сен, жигит, ҳәддиңнен аса берме,—деп Танабай өзин зорға тутып дәпинип сөйледи. — Қолыңды маған биз етип шошайтпа. Сениң жумысың емес. Өзимизди отқа-суўға таслаған болсақ, пайымызды алғанбыз. Оған наразы да болмаймыз. Соларды сизлер ушын ислегенбиз. Солай етпегенимизде еди, ҳәзир сениң аўҳалыңның қандай болатуғынын бир көрер едим. Кино көриў, газета оқыў былай турсын, өзиңниң атыңды да билмеген болар едиң. Үш ҳәриптен ғана ибарат «қул» деген атың болар еди сениң.

Танабай, Бектайды жақтырмаса да, бирақ усындай дурыс сөзи ушын оны шын жүрегинен ҳүрметлейди. Бектайдың минези өзгерип баратыр. Танабай бул жигиттиң туўры жолдан шетлеп баратырғанына ашынатуғын еди. Кейининен булардың жолы басқа-басқа болып кетип, Танабай оны қалада тосаттан ушыратып қалғанында да ҳеш нәрсе демеди, ҳәтте оның сөзлерине қулақ та аспады.

* * *

Сол жылғы қыстың баслары еди...

Қыс өзиниң қылышын сүйреп келип, бийғам отырған шопанларды жазалап кетти.

Пүткил октябрь айы қурғақшылық болды, ҳәмме тәреп алтын иреңли түске енген еди. Ноябрь айында болса, қыс бирден түсти.

Танабай кешқурын қойларды айдап келип, қорағa қамады. Ҳәмме нәрсе жай-жайында еди. Бирақ, ярым ақшамда оны ҳаялы оятып:

— Тур, Танабай, мен жүдә тоңып кеттим. Қар жаўып атыр, — деди.

Оның қоллары муздай еди, усти-басынан қардың ийиси келеди. Мылтық та ығал, суўық.

Сүттей айдын ақшам еди. Қар жапалақлап таслап тур. Қойлар қорада тыпыршылайды, қарға үйрениспегенликтен силкиниседи, басларын шайқайды. Қар еле жаўып тур. «Асықпаңлар, еле сизиң менен бизиң басымызға буннан да бетерирек сүргинлер түседи, — деп ойлады Танабай постынына оранып.—Ерте, жүдә ерте келдиң сен қыс. Ақыры не болар екен, жақсылық па, я жаманлық па? Бәлки, соңынан жуўасып қаларсаң-аў. Тек қойлар қозылағанша өтип кетсең болғаны. Бар тилегимиз усы тек. Ҳәзиринше өз билгениңди

ислей бер. Буған ҳақың бар, буны ҳеш кимнен сорамайсаң да...».

Адамлар албырасып анда-санда жуўырсын деп қыс қараңғыда өз билгенин ислеп атыр.

Таўлар түнде қарайып айбатлы болып көринеди. Олар қысты писент етпейди. Шопанлар сүриў менен әбигер бола берсин, таўлар қалай турған болса, солай тура береди.

Естен шықпайтуғын сол қыс басланды, бирақ кейининиң қандай болатуғынын ҳәзиринше ҳеш ким билмейди.

Қар еримей жаға берди, бир неше күннен соң тағы мол-молақай болып жаўды, кейининен тағы жаўды ҳәм шопанларды гүзги қонысынан айра түсирди. Сүриўлер, қаңғырып, тарқалысып, қарсыз жерлерге үймелесе баслады. Шопанларға ески тәжирийбе пайда берди. Басқа адамлар бул жерде қардан басқа ҳеш нәрсе жоқ деп кететуғын жерден, олар сүриўлерге от-шөп таўып беретуғын еди. Сонлықтан оларды шопан дейди дә... Гейде басшылардың биреўи келип оны-буны сорастырып, көп нәрсени орынлаўды ўәде қылады ҳәм дәрҳал кеткенше асығады. Шопан болса тағы қыстың қәҳәри менен бетпе-бет қалады.

Колхоздағылар қозылатыўды қалай өткериў ҳаққында не ойлап атырғанын, ҳәмме жумыслар исленгенбекен, ҳәмме нәрсе жәмлестирилгенбекен, усыларды билиў ушын Танабай көптен бери колхозға бир барып келмекши еди. Бирақ ўақыт табалмады. Бас қасыўға да қолы тиймейди. Жайдар бир күни интернаттағы баласына барып, көп егленбей қайтып келди: Жайдарсыз қыйын, өйткени Танабай қызлары менен қойларды бағып қалған еди. Кишкентайын ердиң алдына алып, жыллы постынына орап алды ал, артына мингесип отырған үлкен қызы болса суўыққа қатып қалған еди. Ҳәтте, Жайдар жоқта ошақтағы отынға дейин бир түрли ғәрипшилик пенен өлимсиреп жанады.

Ертеңине апасы келгенде не болды десең-ә! Қызлар анасының мойынына асылысқаны соншелли, оларды күш пенен ажыратып алыўға туўра келди. Аўа, әкениң аты әке болған менен ананың орнын баса алмайды екен.

Ўақыт усындай менен өте берди. Ҳаўа өзгерип турғанлықтан — гейде қыс қәҳәри менен қыстаса, гейде

жумсарады. Еки ирет боран болды, буннан соң азлап тынышланып қар ерий баслады. Танабайды мине, усы нәрсе қапаландыра баслады. Қойлардың қозылаўының сәти түсип, жыллы күнлерге туўра келсе, тәўир болар еди, егер олай болмаса, кейини не болады?

Бул ўақытта қойлардың қарны да бираз аўырласып қалған еди. Егиз туўатуғын саўлықлардың иши салынып кетти. Саўлық қойлар сүриўге ерисип зорға жүргенликтен жүдә азып кеткен еди. Омыртқа сүйеклери билинип қалды. Бунын ҳайран қалатуғын жери жоқ — қозы жатырда жатып анасының бар-жоғын суўырып жетилиседи. Анасы болса ҳәр бир шөпти қардың астынан тимискиленип жүрип таўып алады. Шопан қойларды ертели-кеш қосымша бағып, олар ушын от-жем әкелейин десе, колхоздың складларынан нәрсе табылмайды. Тұқым ушын ҳәм арбаға қосылатуғын атларға сақлап қойылған сулыдан басқа ҳеш нәрсе жоқ еди.

Танабай ҳәр күни азанда қойларды қоралардан айдап шыққанда саўлықларға сер салып, қарны менен желинин сыйпалап көретуғын еди. Ол өзинше шамалап, егер барлық бәле-қадалардан аман болса, қозылар бойынша миннетлемени орынлап, ал жүн бойынша орынлай алмайтуғынына көзи жетеди. Қысы менен қойлардың жүни жаман өсти, гейпараларыники сийрексип төгилип қалды — оларды еле де жақсылап бағыў керек. Танабайдың қабағы үйилип ашыўланған менен ҳеш нәрсе ислей алмайды. Сөйтип, сол сапары Чораның айтқанына ерип усындай ҳалға түскени ушын, өзин ең жаман сөзлер менен сөгетуғын болды. Ўәдени көп берди. Минберге шығып сөйледи. «Мен пәлен пыстыған деген алдыңғы қатардағы адамман, партия ҳәм Ўатан алдында сөз беремен». Сөйтсе де мине, усы кейинги сөзлерди айтпаса да болатуғын еди! Партия менен Ўатанның буған не қатнасы бар, әдеттеги колхоз, хожалық жумысы. Яқ, тәртип, қағыйда усындай. Бирақ, неге орны келсе-келмесе де, адым сайын усындай сөзлерди тыға беремиз?

Танабайдын қолынан не келеди, өзи айыпкер. Ойланып көрмеген. Басқалардың айтқаны менен жүретуғын болып алған. Оларға не, алдап-суўлап ийтерип кете береди, бирақ Чораға қыйын. Талабы бир келиспей атырдағы оның. Бир күн саў болса, еки күн аўырыў. Өмиринше арман-берман жуўырады, гә биреўге

жалынады, биреўге жалбарынады, бирақ соннан түскен пайдасы қайда? Жалтаң болып баратыр, сөзлерин абайлап сөйлейди. Аўырыў болатуғын болсаң, аўырыў жайына, емленип дем алыўға шықсаң болмаспеди...

Қыс шопанларды гә үмитлендирип, гә бүлгиншиликке салып өзиниң билгенин ислей берди. Танабайдың отарындағы еки саўлық жүдә әззилеп қалған екен. Ҳалдан кетип өлип қалды. Оның ғамхорлығындағы жас шопанлардың да бир неше қойлары өлди. Шығынсыз болмайтуғын қайда? Бир қыстың ишинде онлаған саўлықтың өлиўи, әлбетте болып туратуғын аўҳал. Ең қәўиплиси еле алдында, бәҳәр келгенде болады.

Бирден күн жылый баслады. Саўлықлардың да желини толыса келди. Арықлап, қарынларын зорға көтерип жүрсе де желинлери күн сайын емес саат сайын қызарып, исинип баратыр еди. Бул не себептен екен? Қайдан усындай күш-қуўат алды булар? Биреўдиң бир неше саўлықлары қозылапты деген хабар тарқалды. Демек, қашырыў ўақтында итибарсызлық болған екендағы. Бул биринши ескертиў еди. Бир-еки ҳәптеден соң қозылар пискен алмурттай «думаласып» қалады. Тек үлгере алсаң болды. Шопанлардың машақатлы қызғын жумыс күнлери сонда басланады. Ҳәр бир қозы ушын шопан—шопан болғанына пушайман етип, қойлардың изинен жүрген күнлерине нәлет айтады. Егер ҳәмме қозыны сақлап қалса ҳәм олар тик аяққа турып кетип, гүзге дейин қуйрық байлап кетсе, онда шопанлардың қуўанышы шексиз болады.

Сондай бола қойса тәўир болар еди. Буннан соң адамлардың бетине тикленип қараўға болады.

Қозылатыў ўақтында колхоздан жәрдемшилерди, былайынша айтқанда, кемпир-қартаң менен баласыз ҳаялларды жиберди. Танабайдың сүриўине де еки жәрдемши жиберилди. Олар көрпе-төсеги, шатыры, қазан-табағы менен келди. Ҳәммениң кеўили көтерилип қалды. Бундайлардан аз дегенде жети адам керек. Сүриўлер Бестая алабындағы қозылатыў пунктине көшкенде Ибрайым және жәрдемши жибериўди ўәде етип, ҳәзирше усының өзи де болады деген еди. Сүриўлердиң жүриси аўырласып, пәсирекке, таўдың жан баўырына, қозылатыў базаларына түсе баслады. Танабай өзи қойларды айдап бараман дегенше ҳаяллардың сол жерде таяр болып турыўын ҳәм орнала-

сып алыўына жәрдем бериўин Ешим Полатбековтан өтиниш еткен еди. Ҳаяллларды бир кәрўан етип жолға салды. Өзи қойларды топлады да, буўаз саўлықлар қыйланбасын деп оларды өз жүрисине салып әсте айдап кетти. Буннан кейин Бестал алабына алып баратуғын бул жолдан тағы еки ирет жүрип өтиўи ҳәм ғамхорлығына алған шопанларға көмеклесиўи керек.

Қойлар әсте-ақырын отлап бара берди, — оларды асықтырыўға болмайтуғын еди. Ҳәтте, ийт те зеригип кеткенликтен, арман-берман ҳаплығып жуўыра баслады.

Қуяш батып баратырса да еле әтирап жақты еди. Сүриў таўдың етеклерине түскен сайын ҳаўа жыллы бола берди. Қойлар түсерликтеги шөплерге питедей болып тийисти.

Жолда бираз тоқтап алды — биринши саўлық қозылады. Буны ҳеш ким күтпеген еди. Танабай күйип-писип жаңа туўылған қозының қулақ-мурнына үплей баслады. Жалпы қозылаўдың басланыўына еле бир ҳәпте ўақыт бар. Бул күтилмеген ўақытта болды.

Жолда басқа да саўлықлардың қозылап қойыўы мүмкин. Ол қалған саўлықларды да көзден кеширди —ҳәзир туўатуғыны жоқ. Кеўилин жәмледи, ҳәтте қуўанып кетти. Оның қызлары биринши қозыны көргенде, оғада қуўанып қалды. Туңғыш деген мудамы қәдирдан болады да, қозының өзи де сүйкимли еди. Кирпиклери де, туяқлары да қап-қара, өзи аппақ. Сүриўде бир неше аламыш қойлар бар еди. Тап солардың биреўи қозылаған екен. Олардың қозылары майда жүнли, қыппа-жалаңаш туўылатуғын қозыларға қарағанда қуўатлы ҳәм жүнлес болады.

— Ҳә, мейли асыққан екенсең, әне жарық дүньяны көрип ал, — деди Танабай. — Бизге де бахыт келтир! Өзиңе усаған қозылар изиңе ере берсин, адым ататуғын орын қалмағай илайым. Сизлердиң маңыраған даўысыңыздан қулақларымыз питип қалғай, биреўи де өлмегей, ҳәммеси тири қалғай. — Ол қозыны басынан асырып көтерди. — Ҳәмме қойлар, мынаған қараң, туңғыш қозы, бизге мәдет бер!

Әтирапта тек таўлар ғана тынышлық сақлап тур еди.

Танабай қозыны қойнына салып қойларды және айдап кетти. Қозыны туўған саўлық оның изинен шапқылап тынбай маңырай берди.

— Жүр, кеттик! — деди Танабай оған. — Қозы усы жерде, ол ҳеш жаққа кетпейди.

Постынның қойнында ысынып алған кишкене қозы көринди.

Танабай сүриўди кешке жақын базаға айдап келди.

Келетуғын жерине келди, отаўдын шаңырағынан түтин шығып тур. Шатырдың алдында жәрдемге келгенлер ыбырсып жүр. Демек, бир есабын таўып булар да келип қалыпты. Ешим бул қатарда көринбеди. Ол ертең өзи көшип келиў ушын жүк артатуғын түйени алып кетип еди. Ҳәммеси дурыс.

Бирақ, Танабайдың кейининен көрген нәрсеси оны бултсиз күни болған гүлдирмамадай, ләрземге келтирди. Ол барлық нәрсе жақсы болады деп ойлаған еди. Бирақ, саўлықлар қозылайтуғын жайдың шийи пәтигиниң ширип, опырылып түскенин, дийўаллары тесилип, әйнексиз, қапысыз қалғанлықтан, есиктен кирген самалдың төринен шығатуғынын қыялына келтирмеген екен. Дөгерегиндеги қарлар ерип кеткен менен оның ишиндеги қарлар еле сол турысында үйилип жатыр.

Бир ўақытлары қойнаў тастан қаластырып исленген қораның да қарабаханасы шығып ўайран болып атыр. Танабайдың қапа болғанлығы сонша, қызлардың қозыны көрип қуўанғанына да итибар бермеди. Қозыны олардың қолына берди де, дөгеректи айланып көриў ушын кетти. Адым сайын адам тақат етип тура алмайтуғын дәрежеде ыбырсыған ўайраншылық. Ҳеш ким қарамаған. Урыс басланғаннан бери бул жерлер өз бағдалына таслап қойылғанлықтан, саўлықларды еплеп қозылатып болған соң, ҳәммесин жаўын-шашынның ықтыярына берип, таслап кете берген болса керек. Жайдың төбесинде бир қапталға қыйсайып ширип кеткен от-шөп гүдшеги тур, сабанның қалдықлары шашылып атыр. Егер мүйештеги орталанып қалған еки қапшық арпаның уны менен бир қуты дузды есапқа алмағанда, барлық сүриўдеги қозылар менен саўлықларға арналған от-жемниң тек усы болғаны еди. Усы жерде мүйеште моржасы сынған бир паныс, лампамай қуйылған дүнгир, еки бел ҳәм сынған темир жабалар таслап қойылған еди. Танабайдың булардың ҳәммесине лампамай қуйып от берип, күлин көкке суўырып болғаннан соң басқа жаққа кетип қалғысы келди.

Танабай өткен жылғы қойдың көңи менен қардың нығарланып қалған үйиндилерине сүрнигип не қыларын билмеди. Сөз табалмады. Тап ақылынан адасқан адамдай: «Усындай болыўы мүмкин бе? Усындай болыўы керекпеди-ә?» — деп гүбирлене берди.

Кейнинен қойханадан жуўырып шығып атын ертлеўге асықты. Атқа ер салып атырып қоллары қалтырады. Ҳәзир ол әнебир жаққа атын шапқылатып кетеди, ярым ақшамда ҳәммени тик аяққа турғызып бир нәрсе қылады, бирақ не қылатуғынын өзи де билмейди. Әнебир Ибрайымның да, баслық Алдановтың да, Чораның да жуп жағасынан алады. Буннан мийримшәпәәт күтпесин олар! Олар Танабайға усылай еткен екен, демек жақсылық күтпесин! Болды, тамам!

— Қәне, тоқтап тур! — деп Жайдар жылаўды услап үлгерди. — Қаяққа? Бармайсаң. Аттан түс, гәпиме қулақ сал?!

Қайда саған. Танабайды тоқтатып болыпты.

— Жибер дегенде, жибер деймен! — деп бақырды ол ҳаялының үстине ат айдап қамшы менен сабалап. — Жибер! — деп атырман. Мен оларды өлтиремен! Мен оларды өлтиремен!

— Жибермеймен! Биреўди өлтиргиң келип турса, мени өлтир.

Соның арасында жәрдемшилер келип Жайдарға болысты. Қызлары жуўырып шығып, улы-шуў, қумқуўыт болды.

— Аға! Аға! Қой енди!

Танабай пәтинен қайтқан менен еле барғысы келип жулқынып тур еди.

— Услама мени, ақыры, көрип турған жоқсаң ба, бул жердеги аўҳалды? Әнебир қозылары менен турған саўлықларды көрмейсең бе? Ертең биз оларды қайда жайғастырамыз, жай қәне? От-жем қәне? Ҳәммеси ҳарам өледи. Ким жуўап береди. Жибер!

— Ҳаў, тоқтап турса, тоқта. Ал, мейли бардың дейик, бақырып-шақырып жәнжел шығардың дейик. Соннан не шығады? Егер усы күнге дейин ҳеш нәрсе ислемеген болса, демек олардың буған күши жетпеген шығар. Илажы болғандай болса, колхоз жаңадан қойхана салмас па еди?

— Төбесин бастырыў мүмкин еди ғой, қапылары қәне? Әйнеклери қәне? Ҳәмме жер ўайран, қойхана

да қар, он жыллық қый еле жатырыпты, тазаламаған Мынаған қара, бул ширик от-шөп қашанға шекем турыўы керек! Қозыларға усындай от-жем беремекен? Қой-қозылардың астына не төсеймиз? Қозылар батпаққа батып, өле берсин бе, ҳә? Солай ма? Саған усы мақул түсти ме? Кет былай, жолымда кесе турмай!

— Болды, Танабай, болды енди. Сен не, басқалардан артықпысаң, көпшилик не болса, бизлер де соны көремиз. Сени еркек дейди-аў? — деп ҳаялы Танабайды уялтып таслады. — Оннанда не ислеў керек екенин ойлан, еле де кеш емес. Оларға қарама. Буған биз жуўапкермиз, усыны биз ислеўимиз керек. Мен әнебир сайдың жағасындағы түсерликте қалың болып өскен шат-шеңгел көрдим, тикенекли болса да соннан шаўып әкелип төбесин бастырыўға болады. Үстине көң таслаймыз. Қой-қозылардың астына қуўрай төсеўге туўра келеди. Егер күн бузылысып кетпесе, бир әмеллеп қыстан шығысармыз...

Басқалар да Танабайды тәўеллеге шақырды. Ол ерден сыпырылып түсти. Қатын-қалашларға пәрўа етпестен отаўға сүнгип кирип кетти. Тап аўыр кеселден турғандай басын қыйсайтып отырды.

Үйдегилердиң ҳәммеси тым-тырыс болып қалды. Сөйлеўге қорықты. Жайдар тезекке қайнатылған қуманды алды да, ашшы етип шай демледи. Гүзе менен суў әкелип байының қолына суў қуйды. Таза дәстурханды жайды, ҳәтте, қайдан тапса да, конфет те таўып қойды. Қырмаға сары май салды. Жәрдемшилерди шақырып келип шай ишиўге мирәт етти. Аҳ, бул, қатынларды қоябер деймен! Шай ишип, тап қонаққа келгендей түрли жақтан гәп таўып, жазылысып отырыпты. Танабай тыныш отырып шай ишти де, соңынан отаўдан шығып қораның қулап түскен тасларын өре баслады. Бул питетуғын жумыс емес еди. Бирақ, қойларды түнде қамаў ушын бир нәрсе ислеў керек ғой. Ҳаяллар да үйден шығып тасларға жармасты. Ҳәтте, қызалақлары да тас көтеремен деп, ширенисти.

— Үйге барыңлар! — деди оларға әкеси.

Танабайдың намысы келди. Төмен қараўы менен тас тасыды. Чора дурысын айтқан екен; Жайдар болмағанда Танабай бийшара басын аман сақлай алмас еди.

Ертеңине Танабай өзи ғамхорлыққа алған шопанларды көширип әкелиўге кетти. Кейининен бир ҳәпте бойына тынбай иследи. Ол ҳеш қашан бундай болып қыйналып жумыс ислемеген еди. Тек фронтта қорғаныс линиясын қурғанда бир күн, бир түн усындай болды. Бирақ ол жерде полк пенен, дивизия менен, армия менен бирге еди. Бул жерде болса өзи, ҳаялы, тағы бир жәрдемши менен ислеп атыр. Екиншиси жақын жерде қойларды бағып жүр.

Бәринен де бетер шат, шеңгел шаўып әкелиў ҳәм қойхананың көңин артыў қыйын болды. Қалың путалықтың турысы тикен екен. Танабайдың етиги жыртық еди ҳәм тозыўы жеткен әскерий шинели де түтеленип кетти. Шабылған путалардың илмегине арқан өткерилип сүйреп алып келинди. Тикенли болғанлықтан, я атқа артыў, я арқалаўға болмайды. «Бестал аңғары-емиш, бул жерден бес тал түўе бес түбир де табалмайсаң» — деп сөгинди, Танабай. Сөйтип аўыр путаларды омыраўға салып, еки бүкленип сүйреп, қара терге батады. Қораға келетуғын жол судигәр болып кеткен еди. Танабай қатын-қалашқа ашыўланған менен илажы қанша. Жумыс көп. Ўақыт аз. Әйтеўир күн бузылыспай турса болды. Қар жаўса булардың ҳәммеси бир пул болады. Танабай қойлар қозылап қалмады ма екен, деп үлкен қызын жуўыртып жиберди.

Қойхананың көңин тазалаў, бәринен машақатлы болды. Бул жерде қыйдың көпшилиги сонша, тасып шығарыў мүмкин емес. Егер қойханаға қар, жаўын түспей турғанда оны бөлеклеп алыў аңсатласар еди. Бир-бирине өтлесип бершимек болып қатып қалған қыйға бел урсаң, қат-қат болып көтериледи. Оларды кептириў ушын үлкен етип үйип қойылады. Қойдың қыйының шоғы оғада өткир болады, қыстың суўығында шопанлар оны жағып ысынады. Бирақ, бул қый топыраққа былғасып жаўын-шашынның астында қалғанлықтан, оны тазалаўдан мүшкил нәрсе болмаса керек; диңкени қуртады. Ўақыт күтип турмайды. Олар түни менен паныс жағып муздай, шәппиктей, қорғасындай аўыр балшықты зәмбер менен көтерип тасый берди. Мине, еки суткадан бери жумыс ислеп атыр.

Қойхананың артына үлкен етип көңниң үйиндисин шығарып таслаған еди. Қый еле берин таўсылағуғын емес. Туўылып атырған қозылар ушын ҳеш болмаса жайдың бир мүйешин ашып қойыўға асықты. Қойларды қозысы менен жайғастырыў ушын барлық қойхананың өзи тарлық етип атырғанда, оның бир мүйеши не болмақшы. Күнине жигирма-отыздан қозылап атырған болса! «Не болар екен?» Зәмберге көң салып атырғанда да, оны көтерип баратырғанда да, төгип киятырғанда да Танабай усы ҳаққында ойлана берди. Усылай етип оның ярым ақшамда да, таң атқанда да ойлағаны-ойлаған. Бирақ, ол талықсып шаршады, қоллары уйысып қалды, самал панысты өшире берди. Бир жақсы жери — жәрдемшилер Танабай менен Жайдар сыяқлы болып ислеп атыр еди.

Арадан бир күн өтти, тағы бир күн ҳәм тағы бир күн... Олар еле көң тасып, дийўалдағы тесиклерди бекитип жүр. Бир күни кеште Танабай қойханадан зәмбер менен шығып баратырып қорада бир қозының даўысын ҳәм анасының оған тынышсызланып маңырағанын еситти. «Басланды!» — деп оның жүреги суў етип кетти.

— Еситип атырсаң ба? — деди Танабай ҳаялына бурылып. Олар көң салынған зәмберди бирден аяқларының астына таслап, панысты услаўы менен қорағa жуўырысып кетти. Панystың жақтысы менен қойлардың арасын тинтип қарай баслады. Қайда ол? Ҳә, әнебир мүйеште! Саўлық қой ҳәзир ғана туўылып қалтырап турған ызғар қозыны жалап тур еди. Жайдар оны етегине салып алды. Бир тәуир жери ўақтында үлгерди, болмаса түни менен қорада музлап қалған болар еди. Олардың жанында тағы бир саўлықтың қозылағаны көринди. Ол егиз туўған еди. Танабай буларды шалғайына орады. Жәнe бесеўи толғатып маңырап жатыр. Демек басланыпты. Азанға дейин булар да қозылайды. Жәрдемшилерди шақырды. Қозылаған қойларды мүйештеги тазалап атырған жерине жайғастырыў ушын оларды қорадан алып шыға баслады.

Танабай дийўалдың түбине сабан төсеп, анасының уўыз сүтин биринши ирет татып көрген қозыларды оның үстине жатқарып, олардың үстин қап пенен жаўып қойды. Суўық. Туўған қойларды да усы жерге киргизди. Танабай ернин тислеп ойланып қалды. Бирақ,

ойланып турғаннан не пайда бар? Тек бир илажы болар деген үмити қалды. Қанша жумыс, қанша машақат... Ҳеш болмаса сабан жеткиликли болғанда еди, бул да жоқ. Ибрайым буған да орынлы себеп табады. Жолсыз таўдың арасынан сабан тасып көр, — дейди ол.

Әй, не болғаны болар! Барып сыя қуйылған банканы алып келди. Жалқы туўылған қозылардың арқасына еки, егизеклерге үш деген цифрды жазып қойды. Олардың анасын да усындай етип белгилеп шықты. Жүзлеген қой қозылағаннан кейин оларды бирбиринен ажыратып көриң!

Шопанлар жумысының ең қызғын мәҳәли басланды. Басланғанда да тап саўаштағыдай, жапырып киятырған танкилерди ҳеш нәрсе менен қайтара алмайтуғындай ала-пасырлы басланған еди. Сен болсаң окопта турасаң ҳәм ҳеш жаққа кеге алмайсаң, өйткени кетиў мүмкин емес. Екеўиниң биреўи — я тик турыў керек, я өлиў керек.

Танабай ҳәр күни азан менен қойларды жайлаўга шығарып жибериў алдында, тап өзиниң ислеп турғанын өзи баҳалап атырғандай төбеликтиң үстинде тымтырыс турып, дөгерекке қарайды. Оның жеңиске жетиў шеги гөнерген усыл ҳәм қуралы да жоқ еди. Бирақ оның шыдаўы керек. Оның ҳеш қайда кетиўи мүмкин емес. Сайызланып қалған сай қыйсық-қыйсық дүмпешиклердиң арасында қысылып тур. Оған басқа бәлентирек төбеликлер жалғасады, оның аржағында қарлы таўлар қәддин көтерип, турады. Аппақ жанбаўырлардың үстинде жалаңаш тик жарлар көринеди. Ол жердеги таўлардың тегис муз қаплаған үстинде қыс көсилип жатыр. Ол жүдә жақыннан көринип атыр. Тек ҳәрекетке келип бултларды төменге жылжытып жиберсе болды, бул жерлер қараңғылық ишинде ғарқ болады, соңынан оны излеп таба алмайсаң.

Күн бузылысып, аспанда булт пайда бола баслады. Самал жер баўырлап, тасларды жалап естп. Дөгерек кеўилсиз. Таўлар, ҳәмме тәреп таў болғанлықтан адамды қорқыныш бийлейди. Қарабаханасы шыққан қойханада қозылар маңырасады. Қозылайын деп турған ой беслеген саўлықты сүриўден айырып және қораға айдап келди.

Сүриў отлаў ушын әстен жайылып жүрип кетти. Енди жайлаўда да оларға көз-қулақ болып турыў керек. Гейде саўлықтың бүгин, я ертең туўатуғынын билмейсең. Ол болса бир путаның тасасына барады да босанып алады. Егер ўақтында қаралмаса, қозы самаллағаннан соң оның наб: : болатуғыны турған гәп.

Солай болса да Танабай төбеликте көп ўақыт турып қалды. Соң қолын бир силтеп қойхана бетке кетти. Ол жерде еле жумыслар көп еди, және бир нәрселерди ислеп үлгериў керек.

Бир күни Ибрайым келди, ол ун әкелген еди. Ҳуждансыз... «Мен саған сарайды қайдан табаман. Колхоздағы қойхананың болғаны усы. Басқасы жоқ. Коммунизмге барып жеткенимиз жоқ еле», дейди-ә!

Танабай оған мушын көтерип дәпине жазлап, өзин зорға иркип қалды.

— Бул жер сениң жағдай айтатуғын жериң емес. Мен жумыс бабында, жумыс ҳаққында ойлап атырман. Мен жуўапкермен.

— Демек, мен сенинше, ойланбай атыр екенмен-дә. Сиз қандайда бир сүриў ушын жуўап бересиз, мен ҳәммеси ушын, сениң ушын да, басқалар ушын да, барлық шарўашылық ушын да жуўап беремен. Маған аңсат деп ойлайсаң ба? — деп Ибрайым алақанларын бетине басып бирден жылап жиберди. Бул ҳийлекердиң жылағанына Танабай ҳайран қалды. Ибрайым көз жасын төгип отырып былайынша былдырлады: — Мен сотланаман. Сотқа! Ҳеш жерден алалмайсаң. Адамлар ҳәтте, ўақытша жәрдемге де бармай атыр. Мени өлтириңлер, тилким-тилким етип таслаңлар, буннан басқа ҳеш нәрсе қылалмайман. Меннен ҳеш нәрсе күтпеңлер. Мен бул жумысқа бийҳуўда өткенмен, бийҳуўда...

Сөйтип ол сада Танабайды ҳайран қалдырып кетип қалды. Буннан соң ол бул жерге изеп баспады.

Ҳәзиринше жүз бастай саўлық қозылады. Аңғардың арғы жағына жайласқан; Ешим менен Бектайлардың сүриўиндеги қойлар еле қозыламаған еди. Бирақ, Танабай апат киятырғанын сезди. Олардың ҳәммеси — ҳәзир қойларды бағып жүрген кемпирлеў шопан ҳаялды есапқа алмағанда, үлкен жастағы үш адам менен алты жасар үлкен қызы қалған жумысларды: қозыларды емизиў, оларды жыллы сақлаў,

көңлерди тасып шығарыў ҳәм қойлардың астына сабан төсеўге зорға үлгеретуғын еди. Аш болған қозылар маңырасады, оларға сүт жетиспейди, ҳалдан кеткен саўлықлардың сүти жоқ. Енди буннан былай не болар екен?

Шопанлардың бас қасыўға қолы тиймейтуғын күнлер басланды. Қойлардың көп қозылағаны сонша, олар дем алыўға да имканият бермеди.

Кеше күн бир бузылысып оларды қорқытты. Бирден қатты суўық болып, аспанда қара бултлар пайда бола баслады, қурғақ қар жаўды. Ҳәмме жер қумай тартып, қараңғыласты...

Бирақ, бултлар тез тарқалып, күн жылыта баслады. Ҳаўадан, бәҳәр леби, жағымлы ийис келеди. «Қудай қәлесе, бәҳәр де келип қалар. Келсе де жайма шуўақ болып келсин, егер бир келип, бир кететуғын болса оннан жаманы жоқ» — деп ойлады, Танабай жабаның ушына илдирилген сабанның үстине тасланған қойдың түсигин алып таслап атырып.

Бәҳәр де келди, бирақ Танабайдың күткениндей болмады... Ол тосаттан түнде қар ҳәм думан аралас жаўынлатып келди. Өзиниң барлық суўық жаўыны менен отаў, қойхана, қулласы не нәрсе болса ҳәммесиниң үстин ызғар тамшылары менен сабалады. Батпаққа айланған жерлерде салмалар, айдын суўлар пайда болып көпирип, сел аға баслады. Ески дийўалды сызып өтип атырған жаўынның тәсиринен қойхананы суў басты. Қой-қозылар сүмирейип қалтырасып, суўық сүйек-сүйегинен өтип кетти. Ҳәммени тик аяққа турғызды. Барлық қозылар суўда сүмирейисип болып бир жерге топланысты. Басқа қойлар болса суўдың үстинде қозылап, маңырасып атыр. Қозылар туўылыўдан-ақ бәҳәр оны муздай суўға шомылдырып алды.

Жаўын өтпейтуғын кийим кийип, паныс көтерген адамлар тынышсызланып жүр. Танабай аяғы күйген таўықтай тыпыршылап қалды. Қараңғыда үлкен етиклерин былшылдатып басып, суўда қалқыған көңлерге сүрнигe жазлап жүр. Үстиндеги кийиминиң шалғайлары оқ тийген қустың қанатындай шалпылдайды. Ол қырылдап, өзинше сөгинип адамларға бақырады.

— Тезирек, сүйменди бер! Белди! Көңди бермен аўдарыңлар! Суўдың алдын байлаң!

Ең болмағанда қойханаға ҳарлап ағып атырған суўдың бағдарын басқа жаққа бурыў керек еди. Тоң жерди шаўып, салма қазды.

— Панысты тут! Мына тәрепти жақты ет! Неге қарап турсаң!

Түн думанлы еди. Қар аралас жаўын жаўып тур. Оны ҳеш қандай қүдирет пенен тоқтатып болмайды.

Танабай отаўға жуўырып кетти. Шыраны жақты. Бул жерде де ҳәмме жақтан тамшы өтип атыр еди. Бирақ қойханадағыдай емес. Балалар уйықлап атыр, олардың көрпеси де ҳөл болып қалыпты. Танабай балаларын көрпе-төсеги менен қосып қушақлап алды да бир мүйешке жатқарды. Ол отаўдың ишинен қозылар ушын орын таярлап атыр еди. Көрпе ызғар болмаўы ушын балаларының үстине кийиз жаўып таслады да, есиктиң алдына шығып қойханадағы ҳаяллarға буйырып бақыра баслады:

— Қозыларды үйге алып келиңлер! — деди де өзи де сол жаққа жуўырып кетти.

Бирақ отаўға олардың қайсы бирин жайғастырыў мүмкин? Көп дегенде қырық-отызын. Қалғанларын не қылыў керек? Ҳеш болмаса қолда барын аман алып қалса болар еди.

Өлдим ҳазарда таң да атты. Жаўын еле тынбады. Азмаз тынған болады да тағы қар, тағы жаўын, тағы қар басланады...

Отаў қозыларға толды. Олар тоқтаўсыз маңырасты. Жағымсыз сасық ийис аңқыды. Қазан-табақты бир жерге үйип, үстине брезент жаўып қойды. Өзлери жәрдемшилердиң шатырына барды. Балалар тоңып жыласты.

Шопанның қаралы күнлери келген еди. Ол өз тәғдирин ғарғайды. Ҳәммени сөгеди, дүньядағы ҳәмме нәрсени. Я ўақтында бир нәрсе жуталмайды, я жатып уйықлай алмайды. Басынан бақайына дейин сүмирейискен қойлар, тоңған қозылардың арасында бир заман тыным билмейди. Әжел қойханадағы ҳәлсиреген қой-қозыларды қыйрата баслады. Өлимниң бул жерге жайдың тесик дийўалы арқалы ҳәм ашық қалған әйнек жай менен қыйратылған қапының ашық жеринен, қулласы қәлеген жеринен кирип келе бериўи қыйын емес еди. Ол кирип келди де, қозылар менен жүдеген, арық қойларды қыра баслады. Шопан көге-

рип қалған өлимтик қойлардың бир нешшесин пәттелеп, қойхананың арғына үйе берди.

Далада ҳәм қойхананың ишинде қарны жер сызған буўаз саўлықлар қар-жаўынның астында турды. Олар да бүгин - ертең қозылайды. Жаўын әбигерин шығарғанлықтан жақлары қарысып, суў болған жүнлери тарам-тарам болып кеткен.

Қойлардың жайлаўға барғысы келмеди. Усындай суўық пенен ләмгершиликте жайлаўда не бар еди, оларға? Қапшық жамылып алған жәрдемши ҳаял қойларды айдайды, олар болса бул жерде өзлери ушын жәннеттиң бир қапысы ашық турғандай изине қарап жуўырады. Ҳаял жылайды, оларды ғарғайды, және айдайды, қойлар болса тым-тырақай болып тағы изине қарап жуўырады. Танабай ашыўланыў менен жуўырып шықты. Қәне енди, бул қақаң бас қойларды таяқ пенен силейтип урайын десең, ишинде қозысы бар. Басқа адамларды шақырып, ҳәммеси биригип не бир машақат пенен қойларды жайлаўға зорға айдап жиберди.

Бул апат басланғаннан бери Танабай қанша ўақыт өткенин билмейди, қозылатыў ўақтындағы есаптан жаңылысты. Көпшилиги екеўден ҳәтте үшеўден қозылады. Бирақ, барлық байлық набыт болды, ҳәмме мийнет заяға кетти. Қозылар туўылған күни-ақ батпақ пенен көңниң үстиндеги патаслықта ҳарам өлип қала берди. Қалғанлары да жөтелди, қырылдады, иши өтип бир-бирин былғап таслады. Қозысынан айрылған саўлықлар маңырап арман-берман жуўырысады, толғақ тутып атырғанларын дүкип, басып өтеди. Буның бәри де қандай да бир ғайыры, тәбийғый апат болды. Танабай болса қойлардың ҳеш болмаса бираз кешигип босаныўын оғада тәўир көретуғын еди.

Ал, саўлықлар болса бурыннан ойласып қойғандай бириниң изинен бири, бириниң изинен бири қозылайды.

Танабайдың жүрегинде ашыў-ғәзептиң оты тутанып, бул апатлы қойханада жүзеге келген барлық нәрселерге — қойларға да, өзине де, өзиниң өмирине де, бул жан берип, жанын алып жүрген кәсибине де тақатсызланып, көз алдын қараңғылық қаплай баслады.

Ол көп ойланғанлықтан еси кеткен еди. Ой-қыялларынан кеўили бир түрли ҳәсиретке толып, оларды

қаншама умытайын десе де, сирә оны айланшықлап кетпеди, қайтама, кеўилине уя басып, мийине орнасып алмақшы болды: «Неге усындай? Бул кимге керек, кимге?! Оларды сақлай алмайтуғын болсақ, неге биз қойларды қозылатып атырмыз? Ким айыпкер буған? Ким? Жуўап бер деймен, ким? Сен ҳәм саған усаған ўарсақылар буған жуўап береди. Өзимиз ҳәммесин мойынымызға аламыз, жетип алып озып кетемиз деп ўәде беремиз. Әнедей етип, сөйлеймиз. Мине, енди ҳарам өлген қозыларды көтер. Шығарып тасла оларды. Ҳа, әнебир шалшықта өлип атырған саўлықты сүйреп кел. Сөйтип,өзиңниң ким екениңди көрсет...»

Әсиресе, түни менен дизесинен келетуғын ылай аралас қойдың шиддесин кешип жүрип, қайғылы ҳәм азаплы ойлардан Танабайдың жығырданы қайнап кететуғын еди.

О, бул қозылатыў мәҳәлиниң уйқысыз түнлери! Аяқ астында былшырап кеткен көңниң батпағы, төбеннен жаўын қуйып турады. Ызғырық, тынымсыз самал паныcты өширеди. Танабай жаңа туўылған қозыларды басып алмаў ушын абайлап сүрнигип, еңбеклеп барып панысты таўып алып жақты ҳәм оның жақтысында көң менен қанға араласып қап-қара болып, тобарсып кеткен өзиниң қолларын көрди.

Ол көптен бери айнаға бир қарап көрмеген еди. Шашлары ағарып тәўирақ қартайып қалғанын сезбеди. Енди оны ғаррылардың қатарына қосса болады. Өзин күтиўге ўақыт жоқ. Аўқатланыўға да, жуўыныўға да ўақыт таппайды. Бир майдан өзине де, басқаларға да тынышлық бермейди. Истиң патыратқа айланғанын көрип, жәрдемши жас қызды атқа миндирди:

— Шаўып барып Чораны тап. Тез жетип келсин деп айт. Егер келмейтуғын болса, енди қайтып көзиме көринбесин! — деди.

Кешке таман қыз ат шаптырып, суўықтан көгерип, қалтырап келди де аттан секирип түсип:

— Аўырыў екен, Танабай аға, төсек тартып жатыр. Бир-еки күннен кейин өлсем де бараман деп атыр, — деди.

— Илайым сол жатқанынан турмасын! — деп ғарғады Танабай.

Жайдар оның аўзын қақпалайын деп еди, бирақ батына алмады, ҳәзир оның ўақты емес.

Арадан үш күн өткеннен соң ҳаўа ашыла баслады. Бултлар ериншеклик пенен сүйрелип кетти, таўлардан думан көринди. Самал тынды. Бирақ болары болып, бояўы сиңген еди. Усы күнлердиң ишинде буўаз қойлардың арықлағаны сонша, оларға қараўға реҳимиң келеди. Қуры сүйеклери қақайып саўсап қалған бул жанўарлар, шәмпийген қарынларын зорға көтерип, шөптей аяқларының үстинде қалтаңлап туратуғын еди. Оларды қозысына сүт беретуғын саўлық деп айтыўға болмайды. Ҳәзирше қозылаған саўлықлар менен қозылар не? Булардың қаншасы бәҳәрге жетип, аўызы көкке тийип саўалып кетер екен? Ерте ме-кеш пе, кеселлик оларды аўдарып урады. Тири қалғанда да қарық болмайды, олардан я жүн, я гөш алалмайсаң...

Күн ашылыўы менен тағы бир пәлекет жүзеге келди — жердиң үсти музғала тайғақ болды. Бирақ түске таман ериди. Танабай қуўанып кетти. Итимал, енди ги қалғанларын аман сақлап қалыўға болар қалайда. Тағы бел, жаба, зәмберди иске салды. Азғана болса да қойханаға жол ашыў керек, болмаса адым ататуғын жер жоқ. Бирақ буның менен көп шуғылланбады. Жетим қалған қозыларды емизиў, оларды қозысыз қалған қойлардың жанына апарыў керек еди. Олар болса еликпей басқа қозыларды жанына жолатпады. Қозылар болса, тумсықлары менен нықлап тимискиленип сүт сорап, муздай кишкене аўызлары менен адамның бармақларын тартқылап сорыйды. Бармағыңды тартып алсаң, кийиминиңның патасланған шалғайын жалмайды. Олар аш еди. Маңырап жүрген қойлардың арасына қарап шабады.

Өз-өзиңди жулып, тарса айрылсаң да бәри пайдасыз еди. Қатын-қалашлардың қолынан не келеди. Олар да сүре жығылайын деп жүр, бийшаралар. Көп күннен бери уйқы көрмеди, үсти-басы ызғар. Оларға Танабай ҳеш нәрсе демеди. Бирақ, бир сапары өзин тутып туралмады. Кемпирлеў қатын күн аўғанда қойларды қораға айдап келди, Танабайға жәрдемлеспекши болды. Танабай қойлардың аўҳалынан хабар алмақшы болып жуўырып шықты. Оларға нәзери түсиўден тутанып кетти. Қойлар турған жеринде бир-бириниң жүнин жалмап жеп атыр еди. Демек бул қойлар

ашлықтан қырылатуғын болыпты. Танабай одағайлап ҳаялдың алдына барды да:

— Саған не бәле көринди? Көрип турсаң ба? Ҳаў, неге үндемейсең деймен саған? Жоғал бул жерден! Сүрнўди айда! Бир жерде турмасын, бир-бириниң жүнин жалматпа. Жүрип турсын. Бир минут та тоқтатпа! — деп ҳаялға алып умтылды.

Бул жерде пайда болған тағы бир бәле—егиз туўған қойлардың гейпаралары өз қозыларын жанына жолатпай атыр. Оларды сүзип, теўип айдап жибереди. Қозылар болса умтылып, зарланады. Бундай жағдай қойдың өз жанын сақлап қалыўы ушын, қозыларын емизиўге мийрими түспей, оннан ўаз кешкенде жүзеге келиўи мүмкин. Өйткени, оның өне бойынан дәрман кетип, қозысын бағыўға қуўаты жетпейди. Бул ҳәдийсе жуқпалы кеселликтей тез тарқалады. Бир саўлық баласын емизбесе болды, басқалары да оннан өрнек алады. Танабай тағы албыраўға түсти. Ол қызы екеўи ашлықтан иши қабысып қалған қойды қозылары менен бирге қораға апарды. Дәслеп Танабайдың өзи саўлықты услап турды, қызы болса қозылардың аўызын оның желинине тийгизди. Бирақ анасы жулқынып, тыпыршылап, теўип таслады. Кишкене қыз бул исти меңгере алмады.

— Аға, булар еме алмайды.

— Емеди, өзиңниң уқыбың жоқ, еплей алмайсаң.

— Яғә, көрип турсаң ғой, жығылып атыр.

— Қәне, мынаны услап тур, мен өзим?..

Қойды услап турыўға шаппаттай қыздың күши жетпеди. Әкеси қозыны саўлықтың желинине енди ғана апарып емизе баслағанда қой қызды жығып қашып кетти. Танабайдың шыдамы таўсылды. Қызының бетине бир шаппат урды. Ол ҳеш қашан балаларын урмаған еди. Енди болса ашыўын қызынан алып атыр. Қыз мурнын тартып жылай баслады. Танабай оған қарамастан қолын силтеп шығып кетти.

Далада бираз жүрип қайтып келди де, қызының кеўилин қайтып табарын билмей турғанда оның өзи жуўырып келип:

— Аға, жаңағы қой қозыларын емизип атыр. Апам екеўимиз услап турдық. Қозыларын сүзип атырған жоқ, — деди.

— Онда тәўир болған екен, қызым. Бәрекелла болыпты.

Танабай бирден өзин жеңил сезди. Тап жумыслары бираз оңғарылып кеткендей. Мүмкин, қалғанларын аман сақлап қалар. Күн және дүзелисе баслар. Бәлки, бирден бәҳәр басланып шопанның қаралы күнлери өтип кетер. Ол және иске кирисиўге таярланады. Ислеў керек, ислеў керек, — апаттан қутылыўдың буннан басқа жолы жоқ.

Бир ўақытта ат минген есапшы жигит келди. Тәўир болды ғой... Ҳал-жағдай сорайды.

Танабай оны келистирип сөкпекши еди, бирақ бул бийшарада не гүна бар.

— Баяғыдан бери қайда жүрсең?

— Қайда жүрсеңи қалай? Жайлаўма-жайлаў жүриппен, жалғыз өзим үлгере алмай атырман.

— Басқа сүриўлердиң жағдайы қалай?

— Жағдай жақсы емес, усы үш күнниң ишинде көбиси қырылды.

— Шопанлар не десип атыр?

— Сорама. Сөгинип атыр. Биреўлери сөйлеспейди де. Бектай мени үйинен қуўып шығарып жиберди. Жарылайын деп жүр, қасына баралмайсаң.

— Ҳә-ә. Оның ҳалынан барып хабар алыўға мениң де қолым киймей атыр. Бәлки, есабын таўып бир барып келермен. Сен не?

— Мен не? Есап жүргиземен.

— Бизге бир жәрдем болармекен?..

— Болады. Чора тәўир болыпты дейди. Арбалы от-шөп, сабан жиберген қусайды. Атханадағы от-жемниң бәрин алыпты. Өлсе, атлар өлсин деген қусайды. Арбалар бир жерде батып атырған деседи. Жолдың жағдайын билесиз ғой.

— Жол емиш! Неге бурынырақ ойламаған. Мудамы усындай. Енди арбаларды жибергениниң не пайдасы бар. Мен еле олардың тәмбисин беремен! — деп айбат шекти Танабай. — Мен сорап отырмай-ақ, өзиң барып көр де, есаплап жаза бер. Енди маған бәри бир! — деди де қолын силтеп қойханаға кирип кетти. Бүгин және онбеслеген саўлық қозылаған еди.

Танабай жаңа туўылған қозыларды жыйнап жүрип еди, бир ўақытта есапшы оған қағаз узатып:

— Набыт болғаны ҳаққындағы актке қол қойың, — деди.

Танабай оны оқып отырмастан қол қойды. Ол сондай бир пәтли ашыў менен қол қойғанлықтан қәлемниң ушы сынып кетти.

— Ал, яқшы Танеке. Айтатуғын гәпиң болса айт, жеткерип барайын оларға.

— Айтатуғын ҳеш қандай гәп жоқ, — деди де кейиннен жигитти және тоқтатты. — Бектайға жолығып кет. Былай деп айт: — Ертең ўақыт тауып, түске жақын барып қаларман.

Танабай орынсыз асыққан еди. Бектайдың өзи бурынырақ келди.

Келгенде қәйтип келди десең-ә!

Өткен ақшам және самал турып, таңның алдына дейин излик қар жаўған еди. Қар қорадағы тик аяқтан турған қойлардың үстин ағартып таслады. Олар енди жатпайды. Топарласып алып, қылт етпестен дөгеректеги барлық нәрсеге бийпәрўа қарап тура берди. Отжемсиз турғаны-турған. Бәҳәр менен қыс ортасындағы гүрес көпке созылып кетти.

Қойхана суўық. Қар үпилдириклеңип жайдың жаўын өткен жерлеринен ушып түсип, панystың өлимсиреген жақтысында, пәрўана болып айланып, суўыққа қатқан қойлар менен қозылардың үстине қонады. Танабай болса саўаштан кейинги өлилерди көмиў командасындағы солдаттай, қойлардың арасында сүрмелеклеп жүрип, еле өз жумысын бежериў менен әўере болды. Енди ол өзиниң аўыр машақатлы исине көнлигип, қайғылы қыяллары шегине жеткен еди. Шеккен азаплары жүрегине ништердей қадалып, ийилиўге де имкән бермеди. Ол етиги менен қар аралас қара қоқымы шыққан батпақты кешип, жумыс ислеп жүрип, бул түнги саатларда гейде өзиниң өткен өмирин есине түсирип қояды...

Ол жас ўақтында дәстияр шопан болып жүрди. Ағасы Қулбай менен бирге ағайинли екеўи биреўлердиң қойларын бақты. Арадан бир жыл өткеннен соң олардың тек қара басы жутым ушын, күнделикли тиршиликти өткериў ушын жүргенлиги мәлим болды. Хожайыны оларды алдады. Ол булар менен сөйлеспеди де. Усы тақылетте олар жыртық шоқайларын сүйретип, бостан-бос, гөне қалталарын ийинине салып бул есиктен шығып кетти. Кетип баратырып Танабай хожайынға қыр көрсетти; «Асықпай тур еле, үлкейгенимнен кейин буларды ядыңа саламан». Қулбай ҳеш

нәрсе демеди. Ол инисинен бес жастай үлкен. Сонлықтан ол бундай пышық айбат пенен хожайынды қорқыта алмайтуғынын билетуғын еди. Өзи хожайын болып қойларға, жерлерге ийе болса, онда гәп басқа. «Хожайын болсам күнликшилерди ҳеш қашан қапа етпеймен» — деп айтқан еди, ол сол ўақытларда-ақ. Сөйтип олар сол жылы айырылысып кетти. Қулбай басқа байлардың қойын бақты, ал Танабай болса Александровкаға барып Ефремов деген орыстың қолында батрақ болып иследи. Бул киси онша дәўлетли болмағанлықтан еки өгиз, еки ат ҳәм өзиниң меншик жерине ийе еди. Дийқаншылық етеди. Әўлийе ата қаласындағы вальцовкалы дигирманға буўдай тарттырады. Өзи де азаннан кешке шекем ислейди. Танабай көбинесе оның өгизлери менен атларына қараўға айланысатуғын еди. Ефремов талапшаң, бирақ әдилсизлик етпейди. Белгиленген ҳақысын берип турады. Сол дәўирлерде қырғыз каммағаллары өз жерлеслериниң қолында ислегеннен көре орыс хожайынлерине жалланыўды абзал көретуғын еди. Танабай орысша сөйлеўди үйренди, хожайыны менен бирге жүк тасып, Әўлийе ата қаласына барып келди, аз болса да ел-журт көрди. Көп өтпей революция жетип келди ҳәм барлық нәрсе тас-талқан болып кетти. Танабайлардың күни туўды.

Танабай аўылға қайтып келди. Енди басқаша өмир басланды. Жер де, еркинлик те, ҳуқуқ та—ҳәммеси бирге келген еди. Танабайды батрақлар комитетине сайлады. Ол Чора менен сол жыллары таныс болды. Чора хат-саўатлы болғанлықтан жасларды ҳәрип жазыўға, буўынларға бөлип оқыўға үйрететуғын еди. Танабай сыяқлы батрақлар ушын қалай болмасын хат - саўат үйрениў оғада зәрүр, әлбетте. Танабай, Чора менен бирге комсомол ячейкасына кирди. Олар партияға да бир ўақытта өтти. Енди каммағаллар үлкен жолға шығып алған еди. Коллективлестириў басланғанда, Танабай бул иске барлық ҳүжданы менен берилип кетти. Жер, қара мал, мийнет, арзыў-әрманлардың ҳәммеси улыўма болғанлықтан, дийқанның жаңа турмысы ушын гүресте ол ис көрсетпесе ким көрсетеди. Жоқ болсын жуўан жудырықлар! Жеделли кескин гүрес дәўири басланды. Күндиз — аттың үстинде, түнде—жыйналыс, мәжилислерде болады. Жуўан жудырықлар дизимге алынды. Байлар, молла-

лар ҳәм басқа дәўлетли адамлар атыздағы жабайы шөптей оталып атыр еди. Жаңа көк шөплердиң көгерип шығыўы ушын атызларды тазалаў керек болды. Жуўан жудырықларды сапластырыў дизиминде Қулбайдың да бар екени мәлим болып қалды. Сол гезлерде Танабай мәжилис ҳәм митинг өткерип, ат шаўып, белсенди болып жүргенде ағасы байып кеткен еди. Бир ҳаялға үйленип, хожалығы көркейе баслады. Ол қой, сыйыр, еки ат, қулынлы саўын бийе, гүнде, тырма ҳәм басқа нәрселерге ийе болды. Жыйын терим ўақтында адам жаллайды. Оны байып кетти деўге болмайтуғын еди. Бирақ каммағал да емес. Турмысы жақсы, — жақсы ислейтуғын еди.

Аўыл кеңестиң мәжилисинде гезек Қулбайға келгенде Чора:

— Қәне, жолдаслар, бир ойласып көрейик. Оны аласлаў керек пе, жоқ па? Қулбай сыяқлы адамлардың колхозға пайдасы тийеди. Себеби, оның өзи каммағаллардан шыққан ғой. Бизге ҳәкерилик көрсетип, терис пикир таратқан жоқ еди, — деди.

Қулбай ҳаққында түрли гәплер болды. Биреў оның тәрепин шалды, биреў қарсы шықты. Сөйлемеген Танабай қалды. Ол түйе таўықтың қоразы қусап үрпейип отырған еди. Шешеси бөлек болса да бәри бир — түби туўысқан. Бирақ оған қарсы шығыўға туўра келеди. Олар бир-биреўин жек көрсе де, тыныш-татыў жасайтуғын еди. Ҳәр қайсысы өзи иси менен машқул болады. Оған тийменлер десе, онда басқалар не болады, басқалардың да жан ашыры, туўысқан-туўғаны табылып қалады. Өзлериң билиң дейин десе, Танабай бул иске салқын қарап, басын алып қашқан болады.

Адамлар не айтар екен деп, Танабайдың аўызына қарап қалған еди. Олардың сөйтип отырғанын көрип, Танабайдың қәҳәри келди.

— Сен, Чора бирдейине усындай етесең! — деп сөз баслады, Танабай орнынан турып. — Газеталарда китабый адамлар менен интеллигентлер ҳаққында жазады. Сен де интеллигентсең, сен мудамы гүманланасаң, бир нәрсе болып қалмаспекен деп шоршый бересең. Несине гүманланыў мүмкин? Дизимде бар болса —демек сондай болғаны! Оны ҳеш қандай аяп отырыўдың кереги жоқ! Совет ҳүкимети ушын мен өзимниң әкемди де аямайман. Солай болғаннан кейин — мениң туўысқан ағам туўралы сизлер еки ойлы бол-

май-ақ қойың. Сиз болмайды деген менен мен өзим оны арадан аласлайман.

Қулбай ертеңине оныкине келди. Танабай ағасын салқын түрде күтип алды, көрисиўге қолын да бермеди.

— Не ушын мени аласлап, кулак етесизлер? Екеўимиз батрак болып ислемедик пе? Байлар сениң менен мени есигинен қуўып жиберген жоқпеди?

— Енди оның әҳмийети жоқ. Сениң өзиң бай болып кеттиң.

— Мен қаяқтан бай боламан. Олардың бәрин өзимниң табан ет, маңлай терим менен таптым ғой. Ҳәш нәрсени де аямайман, керек болса алыңлар. Бирақ, мени неге жат-жамайға шығарасызлар? Қудайдан қорықсаң болмай ма, Танабай! — деди.

— Бәри бир, сен душпан класстансаң. Бизиң болса колхоз қурыўымыз ушын алды менен сени жоқ етиўимиз керек. Сен бизиң айдын жолымызда тосқын болып турсаң, сени жолдан шетке шығарып таслаўымыз керек.

Бул олардың соңғы мәртебе сөйлесиўи еди. Мине, соннан бери арадан жигирма жыл өтти. Олар еле бирбири менен сөйлескен жоқ. Қулбайды Сибирге айдатып жибергенде аўылда қанша гәп-сөз болды десеңизши...

Ҳәр ким аўзына келгенин айтты. Ҳәтте, мынадай гәп-сөз шықты: Жоқарыдан еки милиционер келип Қулбайды аўылдан шығарып алдына салып айдап баратырғанда, ол мойнын салбыратып, ҳеш кимге қарамапты да, ҳеш ким менин хошласпапты да. Аўылдан шыққаннан кейин ол атыздың ишиндеги жол менен кетип баратырғанда, бирден жулқынып колхоздың ең биринши ирет еккен еле писпеген гүзлик бийдайын түбири менен қосып жулып, аяғы менен тепкилеп, қақпанға түскен ҳайўандай пәтенге келтирипти. Конвойрлар оны күш пенен зорлап айдап кетипти-мис. Ол кетип баратырып өкирип жылап Танабайға нәлет айтыпты.

Танабай буған онша исенбеди. «Душпанлар бундай өсеги менен мениң сазайымды бере алмас. Ҳа, мейли, менин болып болғаным усы» — деп исендирди ол.

Бир сапары ол бийдай орақ басланайын деп турғанда атызларды аралап қуўанып кетти. Бийдай де-

ген қамшының өриминдей басын көтере алмайды, сығасып тур, төңкерилип қалыпты. Сөйтип жүргенде ол Қулбайдың ойқан салған жерине ат үстинен еңкейип қарады. Оның аўнаған жери буға сүзискендей жайрап атыр, қуўраған сабанлар, аққуўдың пәриндей тозаңғып, әтирапындағы бийдайлар дийўалдай жарлаңады. Танабай буны көрди де, атының басын тартты.

— Аҳ, сен сырғыя, — деп гүбирленди ол қәҳәрленип. — Колхоздың бийдайына қол тийгизесең бе? Душпан болмағаның қайда? Кулак деген сеннен артық болмайды.

Ол ат үстинде усы ҳалында көп ўақытқа дейин түнерип турды, үндемеди, ойшаң көзлеринде аўыр ойлардың изи бар. Кейнинен ол атының басын бурды да, артына қарамай кете берди. Ол көпке дейин бул бақытсызлық болған жерге дарымады, ҳәтте бийдайлар орылып, аңызды малдың аяғы тапламағанша келмеди. Бирең-сараңлар, Танабайды қуўатлады: көпшилик болса: «Бундай инини қудай көрсетпесин. Буннан көре туўысқан-туўғансыз болған жақсы» — деп қаралады. Айырым адамлар екиниң биринде бетине айтты. Ашығын айтқанда адамлар сонда буннан түнилген еди. Ашықта-ашық келмесе де, оның кандидатурасы көрсетилгенде даўыс бериўден бас тартып, бийтәреп қалатуғын болды. Усы сыпатта ол бара-бара активтен шетке шығып қалды. Кулаклар колхозларға от басып, адамларды атқаннан соң, ол өзин ақлап алды. Оның үстине колхоз ғурғынласып, жылдан-жылға жанланып кетти. Енди пүткиллей өзгеше турмыс басланған еди. Сол ўақытта исленген жумыслардың бәри де заяға кетпеди.

Танабай сол жыллары болып өткен ҳәмме нәрселерди жибинен ийнесине дейин қыялынан өткизди. Тап оның барлық өмири колхозлар күшине толысқан сол әжайып жылларда өтип кеткендей еди. Ол тағы сол жыллардағы «Қызыл орамаллы өдәрник қыз» қосығын есине түсирди. Колхозға биринши ирет берилтең полуторка машинасында, оның кабинасының жанында қапталында қызыл байрақ услап турғанын да есине түсирди.

Танабай түни менен қойхананың дөгерегинде жүрди, өзиниң аўыр ўазыйпасын өтеди, уўайымлы ойларын ойлады. Неге енди ҳәмме жумыстың шәлкемшәлиси шығып баратыр? Бәлки, басқа жолдан кеткен

шығар? Мүмкин, жаңылысқан шығар? Яқ, бундай болыўы мүмкин емес! Таңланған жол—дурыс жол еди. Онда неге бундай болды? Адасып қалдымекен? Жолдан аздымекен? Бул аўҳал қашан ҳәм қәйтип жүзеге келди? Мине, енди жарыс та басқаша болып кетти—миннетлеме жазады, тамам, аўҳалың қандай: саған не болды, не қойды, буның менен ҳеш кимниң иси жоқ. Бурынлары қызыл, қара доска болатуғын еди, ҳәр күни қаншама гәп-сөз, бәслесиўлер болады: биреўди қызыл доскаға, биреўди қара доскаға жазады, адамлар ушын бул әҳмийетли еди. Енди булардың ҳәммеси гөнерип, ўақты өтип кеткен нәрселер болыпты. Ал олардың орнында не пайда болды? Қуры гәп, ўәдепазлық. Ис жүзинде ҳеш нәрсе жоқ. Неге усындай? Булардың ҳәммесине ким айыпкер?

Бундай шексиз ой-қыяллардан Танабай талықсып кетти. Келебиндеги жибиниң ушын табалмай, албыраўға түсти. Ол жас жәрдемши ҳаялдың дийўалға сүйенип турып қалғығанын көрди. Уйқысызлықтан қалқып кеткен қабағы менен қызарып кеткен көзлери жумылып, уйқы менен алысып атырғанын, буннан соң турған жеринде отырып қалып басын дизесиниң үстине қойғанын көрди. Оны оятпады. Өзи де дийўалға сүйениўи менен әстен уйқысырап отырып қалды, өзин тута алмады, желкесиндеги аўырлық оны кем-кемнен төменге қарап басты.

Ол биреўдиң буўлығып бақырғанына ҳәм жерге әлле қандай бир нәрсениң «гүрс» етип түскенинен ояныпкетти. Үркип кеткен қойлар оның аяғын басып өтти. Танабай не болғанына түсинбестен, орнынан ырғып турып, әтирапын көзден өткере баслады. Таң пәраўан атқан екен.

— Танабай, Танабай, жәрдем бер! — деп бақырып атыр еди ҳаялы.

Оның даўысы шыққан тәрепке жәрдемши ҳаяллар, оның изинен Танабай жуўырып барды. Қараса, ол төбеден қулап түскен арғыт ағаштың астында жатыр екен. Арғыттың бир ушы жаўын мүжип кеткен пәрдийўалдан сырғанап түсип, шириген пәтиктиң аўырлығынан қулаған еди. Уйқысы шайдай ашылып кетти.

— Жайдар! — деп бақырып жиберди ол, жаўырыўы менен арғыттың астына кирип, күш пенен көтерип атырып.

Жайдар ўай-ўайлаўы менен арғыттың астынан еңбеклеп шықты. Қатынлар бир нәрселерди айтып жыласып, оның ол жер, бул жерин көре баслады, қорыққанынан ҳеш нәрсени түсине алмай қалған Танабай оларды ийтеринкиреп, қалтыраған қоллары менен ҳаялының гүписиниң астын қармалай баслады.

— Не, не бәле болды саған?

— Ўай, белим! Бел ғанам!

— Майрылмадыңбекен? Қәне, келиңлер! — деп ол сырт кийимин шешип таслады да, оның үстине Жайдарды узынына жатқарып қойханадан алып шықты. Шатырға апарып қайтадан абайлап көрди. Сырттан қарағанда ҳеш зыян келмегендей. Бирақ, арғыт қатты тийген екен. Аўырыўдың азабынан қылт ете алмаған Жайдар жылай баслады.

— Енди қалай болады? Усындай қысылшаң күнлерде қалай болады? Енди не қыласызлар?

— «Я алла! — деди Танабай ишинен. — Тири қалғанына шүкир етсеш! Қурып кеткей илайым бул машқала! Аман қалсаң болар, шабазым-аў...».

Ол ҳаялының басын сыйпай баслады.

— Не болды саған, Жайдар, сабыр ет. Аяқ ушыңа минип кетсең болғаны. Бул жумыслар ҳеш гәп емес, еплеймиз.

Буннан кейин ғана ҳаяллар өзлерине келип, бирбирине гезек бермей Жайдарға нәсият айтып, оны тынышландыра баслады. Жайдар да өзин жеңил сезгендей, көзине жас алып күлимсиреди.

— Мейли, болар ис болды. Қапа болмаң. Мен узақ жатпайман. Бир-еки күннен соң турып кеткенимди көрерсиз, еле.

Ҳаяллар төсек салып, от жағыўға таярлық көрди. Танабай болса қойханаға қайтып кирип кетти. Ол бақытсызлықтың мурнын сыйпап өткенине еле исенбеди.

Таң атқанда ҳәмме тәрепти аппақ мамық қар басқаны мәлим болды. Танабай қойханадан арғыттың астында өлип қалған бир қойды таўып алды. Бағана олар буны көрмеген екен. Қозысы өлип қалған анасының желинин тумсығы менен түрткилеп дизерлеп атыр. Буны көрип Танабайдың жүреги шоршып кетти. Бирақ, ҳаялының аман қалғанын ойлап кеўили бираз парасат тапқандай болды. Танабай қозыны алып, басқа саўлықты излеп кетти. Оннан соң арғыттың астына тирепберди қойып атырып, ҳаялының аўҳалынан

хабар алыў ушын барыўы керeклиги ҳаққында ойлады.

Тысқарыға шыққанда жақын жердеги қардың үстинде әсте тентиреп жүрген қойлардың сүриўине көзи түсти. Әлленеткен бир шопан қойларын берман қарап айдап киятыр еди. Бул кимниң отары екен? Неге ол қойларын бул жаққа айдап киятыр? Олар араласып кеткен соң, қандай болады? Танабай бул ләўзе шопанға, басқа жаққа келгенин айтып хабарландырмақшы болды.

Сөйтип жақынырақ барып сүриўди Бектайдың айдап киятырғанын көрди.

— Ҳа, Бектай, сенбисең?

Ол ҳеш нәрсе демеди. Үндеместен қойларды берман айдап келе берди, таяқ пенен қойлардың арқасына урды. «Ҳаў, бууаз саўлықларға бул неге азап берип атыр!» — Танабайдың жини тырысты.

— Қайдан киятырыпсан? Қайда? Есиң дурыс па?

— Сол жақтан. Қаяққа киятырғанымды болса, өзиң көрип турсаң.

Бектай оған жақын келди. Ол белин шылбыр менен мықлап байлап, қолғабын қойнына тығып қойған еди.

Таяғын арқасына тасалап бир неше адым қашықлықта турды. Сәлемлеспеди. Жедел менен түпирди де, қар үстине түскен түпиригин аяғы менен езди. Басын көтерди. Өсип кеткен қап-қара сақалы оның жас ҳәм келбетли бет-әўызына тап жабыстырылып қойылғандай еди. Шатнап турған өткир қара көзлери қабағының астынан бақырайып, ашыў-ғәзеп пенен ойнақшыйды. Ол және түпирди де қалтырап турған қолындағы таяғын қойларға силтеп, шошаңлатып былай деди:

— Ал, буларды, қәлесең саңа, қәлемесең өзиң бил, үш жүз сексен бес бас.

— Не ушын?

— Кетемен.

— Кетемениң не? Қайда кетесең?

— Басымның аўған жағына.

— Мен айыплыман ба?

— Айыбың жоқ, бирақ мени ғамқорлыққа алғансаң.

— Не қылыпты? Тоқта, тоқта деймен, қаяққа? Қайда баратырсаң? — дегенде барып Танабай өзи ғам-

қорлыққа алған шопанның нийетин түсинген еди. Басы айланып жүреги туўлағанлықтан, пүткил денеси қызып кетти. Бул неси-ә? — деди ол босасып.

— Болары болды. Қолымнан келгени усы. Бундай турмыста жасап кегирдегиме келгенше тойдым.

— Сен не деп отырғанынды түсинесең бе? Бүгин ертең саўлықлар қозылайды ғой. Усындай да боламекен?

— Болады. Биз бенен усындай мәмиледе болғанныңыз ушын, биз де усындай етиўимиз керек. Ал, яқшы!

Бектай таяқты басынан асырып айландырып, күшиниң барынша ылақтырды да жүрип кетти.

Танабай ҳайран болып турған жеринде қатып қалды. Бир нәрсе деўге сөз табалмай қалды. Ол болса артына айланбастан жүрип баратыр.

— Есиңди жыйна, Бектай! — деп Танабай оның изинен жуўырды. — Бундай еткениң жарамайды. Не қылып атырман деп ойланып көр! Еситип атырсаң ба?

— Қойсаң-ә! — деп Бектай жалт бурылды. — Буны сиз ойлап көриң. Мен адамлар қалай жасап атырған болса, солай жасайман. Мениң басқалардан бир жерим кем емес. Мен де басқалар сыяқлы қалада ислеп, айлық алыўым мүмкин. Мениң неге бул жерде қойларға қосылып набыт болыўым керек. От-жем болмаса, қойхана болмаса, я бир баспана болмаса. Болды енди. Жумысыңызға бара бериң. Басың мантаңлап, көңге батып жүребер! — Өзиңе бир қара, кимге усап кеткен екенсең. Жақында усы жерде туншығып өлесең. Саған бул да аз. Тағы шақырықлар менен жар саласыз-ә. Басқаларды да изиңе ертпекши боласаң. Болар енди! Мениң болғаным, — деди де аппақ қардың үсти менен қәҳәрленип жүрип кеткенде, оның басқан излери қараўытып, орны суўға толып қалды.

— Бектай, сөзиме қулақ сал! — деп оған жетип алды Танабай. — Мен саған ҳәммесин түсиндиремен.

— Басқаларға түсиндир, сөзинди тыңлайтуғын ақмақ жоқ!

— Тоқта, Бектай, ўәжлесип алайық.

Бектай оның сөзлерин еситкиси келмей кете берди.

— Сотланасаң!

— Буннан көре сотланған мақул! — деп ғәзеп пенен жуўап қайтарды Бектай ҳәм қайтып айланып қарамады.

— Сен қашқынсаң!

Ол кете берди.

— Сендейлерди фронтта атып таслаған еди.

Ол тоқтамай кете берди.

— Тоқта деймен! — деп Танабай жетип алып, оның қолынан услады. Ол қолын тартып алып жүрисин даўам етти.

— Буған жол қоймайман, кетиўге ҳақың жоқ! — деп Танабай оның ийнинен тартып, өзине тартқан еди, тосаттан көз алды қараңғыласып, әтираптағы аппақ қарлы төбелер шыр гүбелек айланып кетти. Күтилмегенде ийектиң астына келип тийген муш оны аўдарып түсирген еди. Ол есин жыйып, басын көтергенде, Бектай әллеқашан бәлентликтен асып түсип, көзден ғайып болған екен. Оның артында шынжыр дизбегиндей болып аяқ излери қараўытып қалған еди.

— Сап болды бул жигит, кетти, — деп ыңыранды. Танабай еңбеклеп орнынан турып атырып. Турды. Қоллары қар аралас ылайға батқан еди. Ентигип демин алды. Бектайдың қойларын жәмлеп, басын төмен салып, өз сүриўи тәрепке қарап айдап кетти.

## 17

Аўылдан шыққан еки атлы таўға қарап бағдар алған еди. Олардың биреўи сәмен атлы болса, екиншиси торы атлы. Атлардың қуйрығы қатты етип түйип қойылғанына қарағанда, олар алысқа атланып баратырған көринеди. Қар аралас балшықтың түйирлери туяқлардың астынан зытлығып шығып әтирапқа шашырайды.

Гүлсары суўлыққа таслап баратыр. Хожайыны төсектен турамаң дегенше ол сейисханада турып дем алған еди. Бирақ, ҳәзир оның үстинде хожайыны емес, тери пальтосының сыртынан кийген брезент плащының шалғайы желбиреген әллеқандай бийтаныс адам отыр. Оның кийимлеринен краска менен резинканың ийиси аңқыйды. Чора басқа аттың үстинде қатарласып киятыр. Жорғаны ол районнан келген жолдасқа берген еди. Гүлсарының болса үстинде ким отырғаны менен жумысы жоқ. Жылқыдан, ең дәслепки Танабайдан айрылғаннан бери оған көп адамлар минген еди. Ҳәр қыйлы адамлар — жақсылары да, жаманлары да, ердиң үстинде қолайсыз ҳәм дурыс отыратуғынлары да болды. Есереоқлардың да қо-

лына түсти. Олар атқа мингеннен кейин ҳәўлирип кететуғын еди ҳәм атты бирден шаўып, бирден тоқтатады. Шапшытып артқы аяқларында тикке турғызады, тағы қамшы тартып, тағы жылаўды бирден тартып қалша турғызады. Не қылып атырғанын өзлери де билмейди, тек басқалар оның Гүлсарыны минип киятырғанын көрсе болды. Гүлсары бәрине де үйренисип кеткен еди. Тек, оны бир жерге байлап зериктирип қоймаса болғаны. Ол еле бурынғы талпыныў — бурынғы қумарлық пенен алға умтылады. Жуўырыў, жуўырыў ҳәм жуўырыў. Үстине ким минип киятыр, бунық оған әҳмийети жоқ. Бунық тек ат үстинде баратырған адамға ғана парқы бар. Сәмен жорғаны минген адамды ҳәмме ҳүрметлейди, оннан айбынады. Гүлсары күшли ҳәм келбет пишими келискен ат еди. Оған минген адам, рәҳәтленип кетеди.

Бул сапары жорғаға, колхозға ўәкил етип жиберилген район прокуроры Сегизбаев минген еди. Оған колхоз парторгы жолдас болып киятыр — бул үлкен ҳүрмет. Парторг жумған аўзын ашпады, мүмкин тартынып киятырған шығар, қозылатыўдың аўҳалы жақсы емес. Жүдә жаман. Сонлықтан сөйлемегени мақул. Қуры сөзден не пайда? Киши хызметтеги адам жоқары хызметтеги адамнан айбыныўы керек. Басқаша ҳеш қандай қәде, тәртиптиң болыўы мүмкин емес. Сондайлары да болады, олар киши хызметтеги адамларды өзлери менен тең көрип қатнас жасайды. Соңынан бул адамлардан пәнт жегени сонша, оның берген ызасы өмиринше есинен шықпайды. Ҳүкимет деген үлкен нәрсе, көп тараўлы жумыс, оны басқарыў ҳәр кимниң қолынан келе бермейди!

Сегизбаев ердиң үстинде жүрмелдиң бир тегис қәдем таслаўынан тебиренип, усыларды ойлап баратыр, оның кейпин жаман деп айтыўға да болмайды. Бирақ шопанларды тексериўге баратырғанлықтан, ол жерде қалайда кеўилсиз ҳәдийсениң жүзеге келетуғыны мүмкин екенлигин ол билетуғын еди. Қыс пенен бәҳәрдиң шабыспасы бир-бирине орын бергиси келмеген бул патыратта қойлар қырылып, қозылар набыт болды. Ҳалдан кеткен саўлықлар қырылды, аларды сақлап қалыў мүмкин емес еди. Ҳәр жылғы аўҳал усындай. Буннан ҳәмме хабардар. Демек, оны ўәкил етип жиберген екен, ол кимди болса да биреўди жуўапкершиликке тартыўы керек.

Районда қойлардың көплеп қырылып атырғаны кимди болса да сотлатыўдың иретиниң келип турғанын ол ишинен билип журетуғын еди. Өйткени, шарўашылықтың аўыр аўҳалға түскенине ол, — яғний район прокуроры, райком бюросының ағзасы жуўапкер емес. Буған биринши секретарь жуўап бериўи керек. Районға жақында секретарь болып келген адам, басқалардың да азабын шегип көрсин. Сегизбаев болса шеттен қарап турады, ол жақтан жоқарыдағы кисилер де көрсин, басқа жақтан тазадан секретарь жиберип қәтелескен жоқпекен? Усы секретарь келгенде Сегизбаевтың ашыўы келип, оның орнына өзин сайламағанына оғада қапа болып журипти. Прокурор болып ислегенине де бир неше жыл болды. Ол өзиниң қандай нәрселерге писентли екенлигин бир неше ирет көрсетти. Ҳеш зияны жоқ, оның дос-яранлары бар, бир нәрсе болатуғын болса жәрдемлеседи. Ўақыт жетти, енди ол партиялық иске өтиўи керек, прокурорлық креслода көбирек отырып қалды. Жорға жақсы екен: ылай демей, суў демей, кемедей азарсыз зырғып баратыр. Парторгтиң аты терлеп кеткен еди, ал жорға енди ғана тер алып киятыр...

Чора болса өзиниң ойлары менен бәнт. Оның түртүси бир түрли болып, сарғайған солғын жүзи запыран тартып, көзлери гиртийип қалған. Жүрек аўырыўдан бир неше жылдан бери азап шегеди. Ўақыт өткен сайын кесели аўырласып баратыр, қыяллары муңлы Аўа, Танабай ҳақ еди. Баслықтың бақырып-шақырғанынан не пайда? Көбинесе, районда қалып қояды. Бирдейине бир нәрселерди сылтаў етеди. Партия жыйналысына оның мәселесин қойыў керек еди, районда болса оны соңға қалдырып, тоқтап тур деп изге силтей береди. Нени күтип, тоқтап турыў керек? Алданов тап өз тилеги менен кетпекши қусайды, мүмкин сонлықтан шығар? Тезирек кеткени жақсы. Чораға да кетиў ўақты жеткен еди. Чорадан не пайда бар? Мудамы аўрыў. Баласы Самансур каникулға келген еди, ол да әкесиниң бул жумыстан босаныўын мақул көрди. Босаныў мүмкин ғой, ал ҳүждан не? Самансур ақыллы бала еди. Енди ол көп нәрселер ҳаққында әкесинен көре жақсырақ пикир жүрите алады. Аўыл хожалығын қалай басқарыў керек, тағы басқа — ҳәммесине де ақылы алысады. Оларға жақсы тәлим берип атыр, ирети менен олар да өзлерине тәлим үйрет-

кен профессорларға жетип алар, бирақ еле не болып не қояды. Чора өлип қала ма. Бирақ өзиниң қайғы-ҳәсиретинен қутылып кете алмайды. Өзиңнен қашып қутыла алмайсаң. Адамлар не дейди еле? Ўәде берди, исендирди. Енди болса колхозды қарызға белшеринен батырып, мүшкил аўҳалға салып, мынаў жүриси деп айтысады. Жоқ, оған тынышлық жоқ, болмайды да, ақырына дейин шыдасыўы керек. Жәрдем берер, бунша узақ ўақыт жәрдемсиз қоймас, тек тезирек келсе, келгенде де мына биреўге усамай ҳақыйқат билегин сыбанып келсе. Ис патыратласқаны ушын сотқа беремен дейди. Сотласаң сотлай бер! Ҳүким шығарған менен жумысты жөнлей алармедиң. Мине, киятырыпты қабағын үйип, оның пәмлеўинше таўдағылардың бәри жынаятшы, ал өзи колхоздың жан ашыры емиш. Ол булардың ҳәммесине түкирип қарайды, тек ҳоппыйып келип, ҳоппыйып қайтады. Солай деп айтып көрши, қәне!

## 18

Перделенген думан менен қапланған үлкен таўлар қәддин тиклеп, қараўытып көринеди. Оларға қуяштың нуры түспегенликтен, айбатлы палўанлар сықлы түнереди. Бәҳәр аспаны бултлы, думан, ләмгершилик еди.

Танабай қойханада жан ийнине от түсип жүр, күн суўық. Бирден бир неше саўлық қозылаған еди, оларды жайғастыратуғын орын жоқ, дадыңды кимге айтыўды билмейсең. Қой-қозылар маңырасады, бир-бирине тығылысады. Бәриниң де от-жем, суў ишкиси келеди, болмаса қара шыбындай қырылады. Бир жағынан ҳаялы белинен шылжый алмай ийретилип жатырыпты. Түргелейин деген менен бойын тиклей алмайды. Мейли, не болғаны болар деў менен пышақ барып жулынға қадалды.

Оның қыялынан еле Бектай кеткен жоқ еди. Басына пайдасыз ойлар келип, Танабайдың руўхын түсирип, оны тыныщсызландырды. Басын алып кеткенлиги ушын емес, илайым сол жүрген жеринде жоқ болсын, бирақ басқалардың уясына мәйек туўып кеткен әтшөк сықлы өзиниң сүриўин буған таслап кеткенлиги ушын да емес, — набада биреўди жиберип, оның қойларын алып кетиўи де мүмкин еди. Бул заңғардың бет-пердесин жыртып таслап, бир гәп пенен оны

уялдырып, жерге киргизип жибермегенине Танабайдың қорлығы келди. Гөдек! Еси жоқ сада! Барлық өмирин колхоздың жумысына сарп еткен ески коммунист Танабай саған усағанларға сөз тауып айталмаса қалай болғаны! Қолындағы таяғын ылақтырыўы менен кетти-аў, бул ана сүти аўызынан кетпеген сырғыя сәтең жалатай. Танабай бундай ҳәдийсе жүзеге келеди деп сирә ойламаған еди.

«Болды енди?» — деп ол өз-өзине тәселле айтса да, және бир минуттан соң сол қыялларға тағы қайтып орала берди.

Мине, тағы бир саўлық қозылады, егиз туўыпты, қандай сүйкимли қозылар дейсең. Бирақ, оларды қайда жайғастырыўы мүмкин? Қойлардың желини де қалталанып кетти, оларда қайдан сүт болсын. Демек, булар да набыт болады! Әй, пәлекет! Әне, әллеқашаннан бери ҳәр жерде суўық пенен ашлықтан өлген қой-қозылар ыбырсып жатыр. Танабай өлген қозыларды жыйнап алып шығып баратырғанда қызы ҳаплығып жуўырып келип:

— Аға, баслықлар киятыр, — деди.

— Мейли, келе берсин, — деп гүңкилдеди Танабай. — Сен бар, апаңның жанына бар, қызым.

Танабай қойханадан шыққанда еки атлыға көзи түсти. «О! Гүлсары! — деп қуўанып кетти ол. Жүрегиниң төринде үзилип қалған ески тар тағы жалғанып, бир жағымлы сес шығарып жаңлап кеткендей болды. — Көриспегенимизге қанша ўақыт болды. Бунның жүрисине қара, еле сол турысы!» Олардың биреўи Чора еди, ал Гүлсарының үстинде киятырған тери пальтолы кисини Танабай танымады. Райондағылардың биреўи болса керек.

«Ҳә, ақырында келди»— деп ойлады ол қәҳәри келип. Бул жерде ол шағым етип, өзиниң жағдайын айтып, қысылған жүрегин бираз босатып алыўы мүмкин еди, бирақ бундай етпейди, зарланбайды да, мейли, олардың өзи уялсын, өз қылмысларына намысы келсин. Усындай да боламекен!» «Өл» — деп таслап кетип, енди қарасын көрсетип атыр...

Танабай олардың келиўин күтип турмастан, ҳарам өлген қозыларды қой қораның мүйешиндеги гүдиленген өлимтиклерге апарып таслаў ушын кетти. Асықпастан тағы қайтып келди. Келгенлер соның арасында қораға кирген еди. Атлар пыснасып тур. Чора гүнакәр

ҳәм аяныўшлы бир сыпатта көринеди. Демек, достының алдында жуўапкершилигин сезген екен. Сәмен жорғаның үстиндеги адам болса ашыўлы ҳәм айбатлы көринеди. Ол ҳәтте, Танабай менен сәлемлеспеди де. Бирден даўрығып кетти:

— Бул қандай аўҳал! Қай жерге барма, усы аўҳал! Бул жерде не болып атырғанын көрип турсаң ба! — деп бақырды ол Чораға тикленип. Буннан соң Танабайға бурылды. — Бул не қылғаның, жолдас, — деди ол өлген қозыларды Танабай апарып таслаған тәрепке қарай ийегин көтерип. — Шопан-коммунист, қойлар болса өлип атыр.

— Олар, мүмкин, мениң коммунист екенимди билмейтуғын шығар, — деп ҳәкисленип сөйледи Танабай ҳәм тап сол ўақытта оның ишинде бир нәрсе шырт етип үзилгендей, кеўили ўайран болып, ҳәмме нәрсе оған парықсыз болып көрингенликтен, көзиниң алды қараңғыласып кетти.

— Буның менен не айтпақшысаң? — деп Сегизбаев қызарып кетти. — Социалистлик миннетлеме алғанбысаң?

— Аўа, алғанман.

— Онда не айтылған еди?

— Ядымда жоқ.

—Мине, соның ушын сениң қозыларың өлип атыр!— деп Сегизбаев қамшысының сабын жаңағы тәрепке шошайтты ҳәм бирден зәңгиге ширенип турып, бул сур бет шопанның тәмбисин берип қоймақшы болды. Бирақ, ол дәслеп Чорага дәпшиди: — Сиз қаяққа қарап турсыз? Адамлар, ҳәтте өзиниң ўазыйпаларын да билмейди. Планды бурмалап атыр, малларды қырып атыр! Сиз бул жерде не менен шуғылланасыз? Өз коммунистлериңизди қәйтип тәрбиялап атырсыз? Қандай коммунист мынаў? Мен сизден сорап атырман!

Чора басын төмен салып, тым-тырыс турып, қолындағы дизгинди мыжғылады.

— Болғаны сол, — деп оның орнына Танабай жайпарахат жуўап берди.

— Ҳа, ҳа, болғаны шығар сол. Сен қастыянсаң! Сен колхоздың мүлкин жоқ етип атырсаң. Сен халық душпанысаң. Сениң орның партияда емес, түрмеде! Сен социалистлик жарысқа мурныңды жыйырып қарайсаң.

—Аўа, түрмеде, мениң орным түрмеде, — деп тастыйықлады Танабай жаңағы салдамлылық пенен. Оның жүрегин осып кеткен ғәзеп ҳәм сабыр кесесин толтырған ашшы шербеттен жылмыйған ериллери дирилдеди. — Ал, қәне, тағы не дейсең?! — деп ол дирилдеген ериллерин қымып, Сегизбаевқа тигилип қарап турып алды.

— Неге сен буйтип сөйлесесең, Танабай? — деп гәпке араласты Чора. — Неге? Пәсине қайтып түсиндирсең-ә.

— Солай ма! Еле саған да түсиндириў керек пе? Сен не ушын бул жерге келдиң, Чора? — деп бақырды Танабай. — Неге келдиң деймен? Сеннен сорап атырман! Мениң қозыларымның өлгенин айтыў ушын ба? Буны өзим де билемен! Я мыйлығыма дейин көңниң ишинде көмилип отырғанымды айтыў ушын келдиң бе? Буны да өзим билемен! Мениң өмиримше ақмақ болғаным ба? Мен колхоз деп жанымды отқа жаққаным ушын айыплыман ба? Буны өзим де билемен!...

— Танабай! Танабай! Ес-ақылыңды жыйнап ал! — деп түринде қан қалмаған Чора аттан секирип түсти.

— Жоғал! — деп ийтерип жиберди оны Танабай. —Мен өзимниң миннетлемеме де, барлық өткен өмиримe де түпирдим! Кет! Мениң орным түрмеде! Сен не ушын мына бир тери пальтолы манапты ертип келдиң? Мени қорлап — мениң үстимнен күлип, мени масқара етиў ушын ба? Мени қамаў ушын ба? Қәне, заңғар, қама мени түрмеге! — деп бир нәрсе алыў ушын қармаланып, ҳалласлап жүргенде қолына дийўалға сүйеўли турған жаба илиниўи мәттал, ол Сегизбаевқа тәп берди.—Қәне, жоғал бул жерден, заңғар, кет! — деди де енди ол не услап атырғанына әҳмийет берместен, жабаны силтей баслады.

Қорқып кеткен Сегизбаев жорғаның басын гә ол тәрепке, гә бул тәрепке бурды. Жаба тасырақлап турған аттың басына тийип кеткенде шапшып кетеди, қулашлап силтенген жаба және оның басына тийеди.

Бурқына пискен Танабай Гүлсарының не ушын қалтырақлап басын силкип атырғанын, суўлықтың не ушын оның қызарып кеткен езиўин жыртып атырғанын, не ушын оның уясынан шығып кетейин деп турған көзлерин алартып атырғанына түсинбеди.

— Кет, Гүлсары, арман тур! Мен териге қапланған мына бир манапты услап алайын! — деп бақырды Танабай гүнасыз жорғаның басына үсти-үстине дөндирип.

Жуўырып келген жәрдемши жас ҳаял оның қолына асылап, жабаны жулып алыўға урынды, бирақ Танабай оны ийтерип жиберди. Атына минип алған Чора:

— Қашайық! Келген жағымызға қарап қашайық! Өлтирип қояды! — деп Танабай менен Сегизбаевтың арасына түсти.

Танабай жабаны оған да силтеди. Еки атлы да қорадан шыға қашты. Ийт атлардың қуйрығына, зәңгиликке шапшып үрип, олардың изинен қуўды.

Танабай болса сүринип-қамылып олардың изинен жуўырды. Жерден ылай алып артынан ылақтырып бақырды:

— Мениң орным түрмеде! Түрмеде! Жоғал! Жоғал бул жерден, қаранды батыр! Мениң орным түрмеде! Түрмеде!

Соңынан ол изине қайтып, көкиреги көтерилип -басылып өзинше еле сандырақлай берди: «Мениң орным түрмеде!» Оның жанына өз ўазыйпасын бежергеннен кейин, гәрдийип көпек ийти шаўып келди. Ол өз ийесинен мақтағанды күтип тур еди, бирақ оған Танабай итибар бермеди.

Қорыққанынан түри қашып кеткен Жайдар таяққа сүйенип ақсаңлап, оның алдынан шықты.

— Не ислеп қойдың? Не қылып қойдың?

— Ҳәш нәрсе!

— Неге ҳеш нәрсе деп атырсаң? — Әлбетте, ҳеш нәрсе дейсең.

— Жорғаны бийкар урғаныма жаным ашып тур.

— Есиң дурыс па, өзиңниң? Не қылғаныңды билесең бе?

— Билемен. Халық душпаныман. Мен қастиянман,— деди ол ентигип. Кейнинен тым-тырыс болып қалды ҳәм қоллары менен бетин бүрип алғандай етип бастырып, еки бүкленип, еңирип жиберди.

— Қойса енди, қоя ғой, — деп жалынды қатыны, өзи де оған қосылып жылап атырып. Бирақ Танабай тебиренип отырып жылады.

Жайдар ҳеш қашан да Танабайдың жылағанын көрмеген еди...

Бул патыратлы ҳәдийседен үш күн өткеннен соң районлық партия комитетиниң бюросы болды.

Қабыл ететуғын аўызғы бөлмеде, Танабай Бекасов өзин кабинетке шақырыўды күтип отыр еди. Ишкериде ол ҳаққында сөз болып атыр. Бул күнлери ол көп ойланды. Бирақ өзи айыплы ма, ямаса айыплы емес пе, ҳәзирше буны биле алмады. Ҳүкиметтиң ўәкилине жудырық көтерип аўыр жынаят ислегенин билетуғын еди. Бирақ, гәп тек усында ғана болса, онда ҳәмме нәрсе аңсат шешиледи. Ол өзиниң жөнсиз ҳәрекети ушын ҳәр қандай жаза берилиўине қайыл. Өйткени, ол ашыўға шыдай алмай, колхоз ушын жанын пидә еткен хызметлерин самалға ушырып жиберди, өзиниң барлық қумар менен арзыў-әрманларын жоққа шығарды. Енди оған ким исенеди? Оның аўҳалына енди ким түсинеди? «Мүмкин түсинер? — деген үмит ушқынлары жылтырайды кеўилинде. — Ҳәммесин айтаман: быйылғы қыс, қойхана ҳәм отаў ҳаққында, отжемниң жеткиликсизлиги ҳаққында, уйқысыз түнлерим ҳәм Бектай ҳаққында... Мейли, тексерип көрсин. Хожалықты усындай етип басқарыў мүмкин бе». Енди ол болып өткен ислер ҳаққында сирә қапаланбады. «Мейли, мени жазаласын, — деп ойлады ол. — Мүмкин, соңда басқаларға жеңил болар. Мүмкин, оннан кейин шопанларға оң көз бенен қарап, бизиң турмысымызға, қыйыншылықларымызға итибар беретуғын болар». Бирақ, бир минут өтер-өтпестен ол барлық кемшиликлерди есине түсирип, тағы ашыўға шыдай алмай дизелериниң арасына мушын қысып алып, өз пикирин өзи қайсарлық пенен мақуллады. «Яқ, мениң ҳеш қандай айыбым жоқ!» Соңынан және гүманланады...

Неликтен де аўызға бөлмеде Ибрайым да отыр еди. «Оған не керек екен бул жерде? Өлимтик излеген қузғындай ушып келипти ғой» — деп Танабайдың жығырданы қайнап, оған терис қарап отырып алды. Ол да шайқатылып гүрсинип, басын төмен салып отырған шопанларға қарап отыр.

«Олар неге бунша созып отыр, — деп түбиреткиде отырған Танабай ойланды. — Жаза беретуғын болса, бермеймекен!» Кабинетке жыйналатуғынның ҳәммеси келип болған еди. Буннан бир неше минут бурын

ишке ҳәмменин соңынан Чора кирип кетти. Төмен қарап отырған Танабай оны етигиниң қонышына жабысқан қылшықтан таныды. Сәмен жорғаның сары қылшығы еди ол. «Жүдә асыққан екен. Гүлсары да қара тер болган шығар» — деп ойлады ол. Бирақ басын көтермеди. Қонышына жүн жабысқан, аттың тери менен бираз ызғар болған етик, Танабайдың алдынан әсте басып өтип, қапының тасасында көзден ғайып болды. Секретарь қыз кабинеттен шығаман дегенше тәўирақ ўақыт өтти.

— Кириң, жолдас Бекасов.

Танабай орнынан ушып турды да, кабинетке таман жүре баслады. Жүрегиниң дүрсилдеп турғаны өзине еситилип тур. Оның көз алды қараңғыласып кетти. Кирип келип, бул жерде отырған адамларды бир-биринен түрине қарап айыра алмады.

— Отырың, — деп районлық партия комитетиниң биринши секретары Қасқатаев, Танабайға узын столдың ақырынан орынлық көрсетти.

Танабай отырды. Аўырласып кеткен қолларын дизесиниң үстине қойып, көзиниң алдын қаплаған қараңғылықтың тарқаўын күтти. Соңынан столдың арғы шетине қарады. Биринши секретарьдың оң жағында кекшийип Сегизбаев отырған еди. Танабайдың бул адамға жеркениш пенен қарағанлығы сонша — көз алдын перделеген қараңғылық демде тарқап кетти. Стол дөгерегинде отырғанлардың түрлери анық ҳәм айқын көринди. Сегизбаевтың қабагы үйилип, бети қызарып-бозарып кетипти. Чораның жуқалаң жүзи пүткиллей қансыз еди. Ол ең шетте, ҳәммеден көре Танабайға жақын жерде отыр. Оның арық қоллары столға жайылған жасыл маўытының үстинде ериксиз қалтырайды. Чораның қарсы алдында отырган колхоз баслығы Алданов бир түрли болып пыснап, әтирапқа ҳоппыйып нәзер таслады. Ол қаралатуғын мәселеге болған өз қатнасын жасырып отырған жоқ. Басқалар не болатуғынын күтип отырды. Бир ўақытта биринши секретарь папкадағы қағазлардан басын көтерди.

— Коммунист Бекасовтың жекке исин қараўға кирисемиз, — деди ол сөзлерин нығарлап.

— Аўа, егер оны коммунист деп атаў мүмкин болса, — деди отырғанлардың биреўи кемситиўшилик пенен тыржыйып.

«Жаўызлар! — деп қойды Танабай өзинше. — Булардан шарапат күтпе. Ал, мениң неге мийрим-шәпәәт күтиўим керек. Мен не, жынаятшыман ба?»

Ол өзи ҳаққындағы мәселениң талқыланыўында әмелге таласыўшы еки жасырын тәрептиң дүгисин қалатуғынын ҳәм олардың ҳәр бири бул аяньшлы ҳәдийседен өзлеринше пайдаланыўға таяр екенин билмейтуғын еди. Биринши тәреп Сегизбаев ҳәм оның жалпылдықлары биринши секретардың қарсылығын сынап көриў, егер илажы болса оны қолға түсириўди ойлайды. Басқа екинши тәреп —бул Қасқатаев еди. Қасқатаев өзиниң орнына Сегизбаевтың көз тигетуғынын биледи. Сонлықтан ол өз абырайын төгип алмаўы ҳәм бул қәўипли адам менен болған мүнәсибетин де кескинлестирмеўи керек.

Райком секретары Сегизбаевтың хабарлаў хатын оқып берди. Хатта «Ақ тас» колхозының шопаны Танабай Бекасовтың гүдибузарлығы ҳәм барлық жынаятлары қамтып жазылған еди. Онда Танабай мойынламастай артықмаш ҳеш нәрсе жоқ, бирақ оның жазылыўының мәниси, тағылған айыплардың баян етилиўиниң барысы оның ғарбызын қолтығынан түсирип жиберди. Ол өзиниң усы қәўипли қағаз алдында илажының қурығанынан ғана күшсиз екенин билди де, тула денесинен тер шығып кетти. Сегизбаевтың жазған хаты оның өзинен де қәўиплирек болып шықты. Бул қағазға темир жаба силтей алмайсаң, қарсылық та көрсете алмайсаң. Танабай өзин ақлаў ушын нелерди айтыўды мақул көрген болса, ҳәммеси демде пушқа айланды. Ҳәммеси оның көз алдында әҳмийетин жоғалтып, шопанның өз ҳалын баянлап, налығаны аяньшлы арзаға айланды да кетти. Оның өзи ақмақ емеспекен? Ол өзин усы қәҳәрли қағаз алдында ақлай алармекен? Ол ким менен алыспақшы? а

— Жолдас Бекасов, сиз бюро ағзасы жолдас Сегизбаевтың хатында баян етилген фактлардың ырас екенлигин мойынлайсыз ба? — деп сорады Қасқатаев хатты оқып болып.

—Аўа, — деп жуўап берди Танабай гүңкилдеп.

Ҳәмме тыныш отыр еди. Ҳәмме усы қағаздың дәрдесеринен қорқынышқа түсип қалғандай. Алданов «көрдиңиз бе, нелер болып атырғанын» дегендей көз қарас пенен стол әтирапында отырғанларға қанаатланыўшылық пенен қарап қойды.

— Жолдас бюро ағзалары, егер рухсат берсеңлер, мен бул истиң ҳаслы мәнисине айқынлық ендирейин, — деп шешиўши түрде сөйлей баслады Сегизбаев. — Мен коммунист Бекасовтың бул қылығын аса кеткен ҳөккилик деп түсинбекши болған жолдасларды дәрҳал уқтырып өтпекшимен. Маған исениңлер, егер ис басқаша болғанда, мен бул мәселени бюроға киргизбеген болар едим. Тоңмойын-тоңторыслар менен гүрестиң бизде басқаша жолы бар. Гәп әлбетте, мениң абырайымның төгилгенинде емес. Мениң изимде районлық партия комитетиниң бюросы тур, билсеңиз, пүткил партия турыпты. Мен партияның абырайына нуқсан келтириўге, оны аяқ асты етиўге жол қоймайман. Бирақ ең тийкарғысы бул жумыс коммунистлер менен партияда жоқлар арасында сиясий-тәрбия ислери өзи боладылыққа таслап қойылғанынан, райкомның идеология тараўындағы алып баратырған жумысларының ишиндеги негизги кемшиликлерден дәрек береди. Бизлердиң бәримиз де Бекасов сыяқлы қатардағы коммунистлердиң келбетине жуўап беремиз. Буның үстине бизге тағы оның жалғыз бир өзи ме, я басқа да пикирлеслери бар ма деген мәселени анықлаўға туўра келеди. «Тери пальтолы жаңа манап!» Буның менен не демекши екен, бул? Пальтоны бир қапталға қойып турайық. Бекасовтың пикиринше, мен, совет адамы, партияның ўәкили, — жаңа манап, байбәгше, халықты туншықтырыўшы екенмен! Ҳәй, бәрекелла! Түсинип турсыз ба, бул не деген гәп, бул гәптиң астарында қандай мәниси бар? Түсиндирип отырыў көпке кетер деймен... Енди мәселениң екинши тәрепине өтейик. «Ақ тас» тағы шарўашылықтың оғада жаман жағдайда екенлигинен наразы болып, көзине ҳеш нәрсе көринбей, өзиниң социалистлик миннетлемесин умытып кеткен Бекасовтың адамның намысына тийетуғын сөзлерине бола оны халық душпаны, зыянкессең деп атадым ҳәм оның орны партияда емес, түрмеде дедим. Оның намысына тийгенимди мойынлайман ҳәм алдында кеширим сораўға таяр едим. Енди билсем дурыс еткен екенмен. Айтқанларымды қайтып алмайман ҳәм тастыйықлап айтаман: Бекасов душпанлық нийеттеги қәўипли адам...

Танабайдың басынан нелер өтпеди, ол урыста бастан-аяқ болды. Бирақ, ол өз жүрегиниң ҳәзиргидей аўҳалға түсип муңлы ҳаўаз бенен ыңыранып налыйтуғы-

ның бурында қыялына да келтирмеген еди. Қулақларының түбинде шөккиштиң зарпынан гүрсилдеп еситилип атырғандай өз жүрегиниң дүрсилдиси оның түскен рухын езип, ишине жалын түскендей лаўлап, езин жөнлеп алыўға мүмкиншилик бермеди. «Әй, тоба! Усы ўақытқа дейин жасаған өмиримниң мәниси, жумысларымның нәтийжеси қайда кетти? Мине, енди, келип-келип халық душпаны болдым. Мен ғой қандайда бир қойхана ушын, өлип атырған қозылар ушын, жолынан адасқан Бектай ушын азап шегип атырман. Булардың кимге кереги бар еди!» — деген ойлар Танабайдың басын ғуўлатып жиберди.

— Мәлим еткен баянламамнан келип шығатуғын жуўмақты тағы бир мәртебе еслериңе салып өтемен, — деп даўам етти Сегизбаев сөзлерин темир тәртипке келтирип. — Бекасов бизиң жәмийетимизди көре алмайды, колхозды, социалистлик жарысты мойынламайды, бизиң барлық турмысымызды көре алмайды, булардың ҳәммесине түпирип қарайды. Буның ҳәммесин ол колхоздың партия шөлкеминиң секретары Саяқовтың алдында ашық айтты. Буннан тысқары оның ҳәрекетлеринде, өзиниң хызмет ўазыйпасын атқарып турған ҳүкимет ўәкилине билқастан жынаят ислеў сыяқлы элементлер бар. Мени дурыс түсиниўиңизди сорайман. Бекасовты сот жуўапкершилигине тартыў ушын санкция бериўиңизди ҳәм бул жерден шығыўы мәттал, қамаққа алыўыңызды сорайман. Оның ислеген жынаятлары елиў сегизинши статьяға саррас сәйкес келеди. Бекасовтың партия қатарында қалдырылыўы ҳаққында мениңше, ҳәттеки, сөз болыўы да мүмкин емес...

Сегизбаев өзиниң артықмаш талап қойғанын билетуғын еди. Бирақ, ол бир нәрсени есапқа алды, егер бюро Танабай Бекасовты жынаятлы жуўапкершиликке тартыўды ылайық деп таппаса, онда оны ҳәр қандай шараятқа қарамастан партия қатарынан өшириўи мүмкин. Бул усынысты Қасқатаевтың қуўатламаўға илажы жоқ. Әне, сонда Сегизбаевтың көзқарасы тағы да беккемленеди.

— Жолдас Бекасов, сиз өзиңиздиң еткен ҳәрекетиңиз туўралы не айтасыз? — деп сорады оннан Қасқатаев бираз жумсарып.

— Ҳәш нәрсе. Ҳәммеси айтылды, — деп жуўап берди Танабай. — Демек, мен зыянкес, халық душпаны

болатуғын болсам, буннан кейин де усындай болып қаламан. Солай болғаннан кейин, не ҳаққында ойлағанымды билиўдиң сизлерге не кереги бар? Өзлерин бул мәселени ҳал етиңлер, өзлеринңе айқын бәри...

— Сиз өзиңизди ҳадал ҳүжданлы коммунист деп сезесиз бе?

— Енди буны дәлийллей алмайман.

— Сиз өз айыбыңызды мойынлайсыз ба?

— Яқ.

— Енди не, сиз өзиңизди ҳәммеден ақыллырақ деп билесиз бе?

— Яқ. Керисинше ҳәммеден көре наданырақ.

— Рухсат бериң, мен сөйлейин. — Көкирегине комсомол значогын таққан жас жигит орнынан турды. Ол отырғанлардың ишинде ҳәммеден жасы киши болып, талма бойлы, ат жақлы, көз-қараслары да тап жас баланыкиндей еди.

Танабай оны енди байқаған еди.

«Әшкаралай бер, бала, аяма, — деди ол өзинше. — Мен де бир ўақытлары усындай едим, аямайтуғын едим...»

Ол бирден бәленттеги бултларды жалын шарпыған тақлетте, жолдың шетиндеги атызлықта еле писпеген бийдайдың ос-ойранын шығарып атырған Қулбайды сол қәддинде көрди. Танабай оның менен есап айырсатуғын дәрежеде ушырасты. Сол мәҳәлдеги барлық жағдай оның көз алдында жанланды. Танабай оған барлық қәҳәри менен үнсиз ишинен бақырып отырғанда, Қасқатаевтың даўысы оны өзине келтирди.

— Сөйлең, Кәримбеков...

— Мен жолдас Бекасовтың ҳәрекетлерин мақулламайман. Ол қылмысына ылайық партия жазасын алыўы керек. Сондай-ақ, жолдас Сегизбаевқа да қосыла алмайман, — деп даўам етти Кәримбеков даўысының қалтырағанын жөнлеп алып. — Мен жолдас Сегизбаевтың өзин қоса додалаўды керек деп есаплайман...

— Әне, қалас! — деп оның сөзин бөлди биреў. — Бул қалай, сизде, комсомолда тәртип усындай ма?

— Тәртип барлық жерде де бир, — деп жуўап берди Кәримбеков, тағы да толқынланыңқырап ҳәм қызарып. Ол тутлығып қалды да, қолайсыз жағдайдан шығыў ушын сөз излестире баслады ҳәм бирден ашыў-

ға буўлығын сөйледи: — Колхозшы шопан, ески коммунистти кемситиўге сизиң қандай ҳақыңыз бар еди? Мине, мени халық душпаны деп көриңизши... Сиз буны колхозда шарўашылықтың жағдайы жаман болғанлықтан қайғырғаным ушын айттым деп сыпатламақшы боласыз. Неликтен сиз оның саған қарағанда көбирек қайғыратуғынын ойламайсыз? Сиз оған барғанда оның турмыс жағдайы, жумысларының қалай жүрип атырғаны, қозыларының не ушын өлип атырғаны менен қызықсындыныз ба? Яқ, сизиң баянламаңызға қарағанда, сиз туўрыдан-туўры жумысты оны кемситиўден баслағансыз. Ҳәзир колхозларда қозылатыў компаниясының аўыр жағдайда екени ҳеш кимге жасырын сыр емес. Мен жайлаўларда болып тураман. Биз олардан талап етемиз, бирақ әмелий ис жүзинде ҳеш қандай жәрдем бермеймиз. Мен комсомол— шопанлар алдында оғада қолайсыз аўҳалда қаламан, гәптиң ырасы—уяламан. Колхозларда қойханалардың қандай аўҳалда екенин бир көриңлер. От-жем мәселеси ше? Мен де шопанның баласыман. Қозылар өлгенде қандай жағдайдың жүзеге келетуғынын жақсы билемен. Институтта бизди басқа нәрсеге оқытқан екен. Жайлаўларда аўҳал басқаша, көрип жаның ашыйды...

— Жолдас Кәримбеков, — деп Сегизбаев оның сөзин бөлди. — Ғамхорлық етиўге талпынбай қойып турың! Сезим деген созылмалы нәрсе екени түсиникли. Сезим емес, фактлар керек, фактлар — дәлийл.

— Кеширерсиз, бул жерде жынаятшының үстинен сот болып атырған жоқ. Ал, партия қатарындағы бир жолдасымыздың иси жолдасларша додаланып атыр, — деп даўам етти Кәримбеков. — Коммунисттиң тәғдири шешилип атыр. Келиңлер, ҳәмме бирлесип ойласып көрейик. Жолдас Бекасов неликтен усындай етти. Әлбетте, оның қылмысын қаралаў керек. Бирақ бул жағдай қалай жүзеге келди. Колхоздың ең жақсы шарўаларынан болған Бекасов бул аўҳалға қалай етип түсип қалды?

— Отырың, — деди наразы түрде Қасқатаев. — Сиз бизди мәселениң тийкарынан басқа тәрепке бурып баратырсыз, жолдас Кәримбеков. Мениңше, усы жерде отырғанлардың ҳәммесине мына нәрсе айқын, ол да болса коммунист Бекасов аўыр жынаят ислеген. Бул не қылғаны ақыры? Усындай да боламекен? Биз өз хызметкерлеримиздиң абырайын төгиўге, бизиң ўә-

киллеримизге жаба көтерип абай етиўи ушын ҳеш кимге жол қоймаймыз. Жолдас Кәримбеков, сиз ҳәр кимниң ырайына қарап, сезим ҳаққында орынсыз тартысқанның орнына, комсомол жумысының қалай баратырғаны ҳаққында ойлап көрсеңиз болар еди. Сезим басқа, жумыс басқа, иним. Бекасовтың бассынғаны биziң бәримизге тийисли. Оған партия қатарында орын жоқ. Жолдас Саяқов, сиз, колхоз парторгы сыпатында бул ўақыялардың ҳәммесин тастыйықлайсыз ба? — деп сорады ол Чорадан.

— Аўа, тастыйықлайман, — деди түри ағарып кеткен Чора әсте орнынан турып. — Бирақ, мен бир нәрсени айтпақшы едим...

— Не демекшисиз?

— Бириншиден мен Бекасовты өзимиздиң партия шөлкемимизде додалаўымызды сорайман.

— Бул шәрт емес. Партия шөлкеминиң ағзаларына райком бюросының қарары ҳаққында билдиресиз, және не керек?

— Соны айтып өтпекши едим.

— Нени, жолдас Саяқов? Бекасовтың партияға қарсы ҳәкиреңлегени көринип турыпты? Енди буның түсиндиретуғын жери жоқ. Сиз де жуўапкерсиз. Коммунистлерди тәрбиялаў бойынша жумысларды өзи боладылыққа салғаныңыз ушын, сизге де шара қолланамыз. Не ушын сиз жолдас Сегизбаевқа бул мәселени бюроға қоймаслыққа көндириўге ҳәрекет еттиңиз? Жасырып, басып таслағың келди ме? Ақмақшылық бул! Отырың!

Талқылаў басланды. МТС директоры менен районлық газетаның редакторы Кәримбековты қуўатлап шықты. Ҳәтте, бир моментте олар Танабайды жақлап сөйледи. Танабайдың болса руўхы түскенликтен кимниң не сөйлеп атырғанын еситпеди. Ол тек өз-өзине саўал береди де: «Падалар менен отарларда болып атырған аўҳал менен бул жердегилердиң жумысы да жоқ. Мен ақмақ болып жүрген екенмен! Өмиримди колхоз деп, қой-қозылар ушын пидә етип өткериппен Ҳәзир буны есапқа алып атырғаı. жоқ. Енди қәўипли адамман. Билгенлериңди ислеңлер. Егер усының менен жағдай жақсыланып кететуғын болса, маған ҳеш гәп. Қәне, мени артыма теўип айдаңлар, мениң күним питкен, баплай бериңлер, аяманлар...»

Колхоз баслығы Алданов сөзге шықты. Танабай оның бет әлпетинен ҳәм ҳәрекетлеринен әллекимди суўдан алып, суўға салып атырғанын сезди. Бирақ кимди? Ол «Кисен... жорға Гүлсары»... деген сөзди еситкенге дейин буны түсинбеди.

—...Сизлер қалай деп ойлайсызлар?! — деди Алданов ашыў менен. — Биз атты тусаўлап қойыўға мәжбүр болғанымыз ушын, ол ашықтан-ашық маған, басыңды жараман деп ҳәкерилик етти. Жолдас Қасқатаев, жолдас бюро ағзалары, мен колхоз баслығы сыпатында бизди Бекасовтан қутқарыўыңызды сорайман. Шынында да оның орны түрмеде. Ол басшы хызметкерлердиң барлығын да көре алмайды. Жолдас Қасқатаев, ол жақта, қапыдан тысқарыда Бекасовтың маған еткен қылықларын тастыйықлайтуғын гүўалар отыр. Оларды бул жерге шақырыў мүмкин бе?

— Яқ, кереги жоқ, — деп жеркенгендей бетин тыржайтты, Қасқатаев. — Усы да жеткиликли. Отырың.

Буннан соң даўысқа қойды.

— Жолдас Бекасов партия ағзалығы қатарынан өширилсин, деген усыныс киргизилди. Ким қосылады?

— Бир минут, жолдас Қасқатаев, — деп тағы Кәримбеков орнынан ырғып турды. — Жолдас бюро ағзалары, биз усындай етип үлкен қәтеге жол қойып атырған жоқпыз ба? Басқа усыныс бар. — Бекасовтың жекке делосына жазып қойыў шәрти менен қатаң сөгис бериў менен шекленсин, соның менен қатар коммунист Бекасовтың партиялық ҳәм адамгершилик ҳүрметин кемситкени ҳәм райкомның ўәкили сыпатында қолайсыз ис методын қолланғаны ушын бюро ағзасы Сегизбаевқа да ескертиў берилсин.

— Демагогия! — деп орнынан турып бақырды Сегизбаев.

— Тынышланыңлар, жолдаслар — деди Қасқатаев. — Сизлер райкомның бюросында отырсыз, үйлеринде емес, тәртипке бойсыныўларыңды сорайман. — Ендиги жағы оның өзине — райкомның биринши секретарына байланыслы еди. Ол мәселени Сегизбаев гөзлеген тәрепке бурып жиберди.

— Бекасовты жынаятлы жуўапкершиликке тартыўдың мениңше кереги жоқ. Бирақ, ол партия қатарын-

да қалыўға ылайық емес.Бул мәселеде Сегизбаев пүткиллей ҳақылы. Даўысқа қояман. Бекасов партиядан өширилсин деген жолдаслар қол көтерсин.

Бюро ағзалары жети адам еди. Үшеўи өширилсин, деп қол көтерди, — үшеўи қарсы. Тек Қасқатаевтың өзи қалды. Ол бираз ойланып турып, өширилсин деп қол көтерди. Танабай ҳеш нәрсени көрмеди. Ол өз мәселесиниң ҳал етилгенин тек Қасқатаевтың секретарь ҳаялға айтқан сөзлерин еситкеннен кейин билди.

— Протоколға жазып қойың. Райком бюросының қарары менен жолдас Бекасов Танабай партия қатарынан өширилди.

«Тамам!» — деди ишинен Танабай өлиндей бозарып.

— Мен Сегизбаевқа ескертиў бериливин талап етемен, — деди Кәримбеков айтқанынан қайтпай.

Буны даўысқа қоймаса да болады. Бирақ, Қасқатаев даўысқа қойыў керек, деген қарарға келди. Бунда өзиниң жасырын мақсети де бар еди.

— Ким жолдас Кәримбековтың усынысына қосылады? Қол көтериўиңизди сорайман.—Тағы үш киси оны жақлап, үш киси қарсы қол көтерип Сегизбаевты ескертиўден қутқарып алды. «Бирақ буны билермекен, бундай жақсылықтың қәдирине жетермекен? Ким билели буны... Мәккәр, ҳийлекер».

Адамлар кетиўге таярланып, орынларынан қозғалысты. Танабай енди ҳәмме нәрсе тамам болды деп ойлады да, үндемей орнынан турды, ҳеш кимге қарамай қапы бетке қарап жүрди.

— Бекасов, қаяққа? — деп тоқтатты оны Қасқатаев. — Партия билетиңизди таслап кетиң...

— Таслап кетиў керек пе? — Қандай ҳәдийсе болғанын Танабай енди түсинди.

— Аўа. Столға қойың. Енди сиз партия ағзасы емессиз ҳәм оны алып жүриўге ҳақыңыз жоқ.

Танабай партбилетин алыў ушын қойнына қолын суқты. Араға шөккен тынышлықта, ол тәўир-ақ гибиртикледи. Оның партбилети гүртешесиниң ишиндеги костюмының қойнындағы териден тигилген қалтада болып, бул қалтаны оған Жайдар тигип берген еди-аў. Бул қалтаға Танабай қайыс баў тағып мойынына асып жүретуғын еди. Қулласы, ол қалтаны шығарып, оннан қойнының ыссылығы менен жып-жыллы болып турған партия билетин алып, оны Қасқатаевтың суўық ҳәм жарқыраған столының үстине қойды. Ҳәт-

те, өзи де суўыққа қатқандай қунысып кетти. Тағы ҳеш кимге қарамастан, қалтаны қойынына салып, кетпекши болды.

— Жолдас Бекасов, — деп изинен шақырған Кәримбековтың даўысы еситилди. Оның жүрегиниң ашынғаны билинип тур еди. — Өзиңиз не дейсиз? Сиз бул жерде ҳеш нәрсе айтпадыңыз ғой. Мүмкин, сизге қыйын болған шығар? Биз ойлаймыз, сизиң қайтып киретуғын қапыңыз артыңыздан жабылған жоқ, ерте ме, кеш пе, және партия қатарына қайтыўыңыз мүмкин. Айтыңызшы, ҳәзир не ҳаққында ойлап турыпсыз?

Танабай қандай болмасын өзиниң мойнына түскен мусаллатты жеңиллетиўге ҳәрекет етип атырған жас жигитке еле де нақолай аўҳалда ҳәсирет пенен қайырылып қарады.

— Мен не дейин? Бул жерде барлығын айтыўға болмайды, — деди ғамгүн ҳалда муңайып. — Тек бир нәрсени айтыўым мүмкин. Егер қол көтерген болсам да, жаман гәплер айтқан болсам да, ҳеш айыпкер емеспен. Буны мен сизлерге түсиндире алмайман. Бар гәпим усы.

Арағa аўыр тыныштлық шөкти.

— Ҳим. Демек, партияға өкпелеп атырсыз, солай ма? — деди ашыўлы Қасқатаев. — Бирақ, өзиң билесең, жолдас. Партия саған мәсләҳәт берип туўры жолға салды, сени соттан аман алып қалды. Сен болсаң буған да қайыл емессең, керисинше наразысаң. Демек, сең шынында да партия ағзалығына минәсип емессең. Буннан кейин саған қапы ашық болыўы гүманлы.

Танабай түрине қарағанда, райкомнан салдаманлы болып шықты. Ҳәтте, ҳәдден тысқары салдаманлы болып көринеди. Бул жаман әламат еди. Дала жыллы, қуяш жарқырап тур. Кеш болып киятыр. Адамлар өз жумысы менен кетип баратыр. Клуб алдындағы аланда балалар жуўырып ойнап жүр. Буларға қараған сайын Танабайдың жүреги өз-өзинен қысыла берди. Бул жерден тезирек жөнеп, таўға, өз үйине жетиўи керек. Буннан да бетери жүзеге келместен бурын жөнеп кетпесе болмайды.

Ат байлайтуғын шарбақтағы қазықта оның аты менен қатар Гүлсары тур еди. Танабай жақынлағаннан үлкен, узын, қуўатлы Гүлсары аяқларына салмағын

аўыстырып мөлдиреген қара көзлерин исеним менен оған қадады. Танабайдың жаба менен басына урғанын жорға әллеқашан умытқан еди. Соның ушын ол атдағы.

— Ядыңнан шығар, кек тутпа, Гүлсары, наразы болма, — деп сыбырлады Танабай жорғаға. — Мениң аўҳалым шатақ. Жүдә шатақ. — Ол аттың мойнынан қушақлап гүрсинди де, жылайын десе өтип турған адамлардан уялып өзин зорға тоқтатты.

Атқа минип үйине тартты. Александровка бәлентлигине жеткенде Чора оның изинен жетти. Артынан желдей есип киятырған жорғаның өзине таныс туяқ дүсирлдисин еситип, Танабй ашыў менен ернин тиследи. Қайрылып та қарамады. Қапа болғаны соншелли, оның кеўили босап, көз алды қараңғыласа берди. Енди Чора оған пүткиллей басқаша болғанлықтан, бурынғыға усамады. Мине, бүгин Қасқатаев бир бақырғаннан-ақ, ол тап тәртипли оқыўшыдай болып орнына отырды. Соңынан не болады? Адамлар оған исенеди, ол болса ырас гәпти айтыўдан қорқады. Өзин қорғайды, ойланып сөйлейди. Буны оған ким үйретти? Мейли, Танабай артта қалған адам болсын, қатардағы колхозшы екен, ол болса саўатлы, ҳәмме нәрсени биледи, өмиринше басшы болып киятыр. Булардың ҳәммеси Сегизбаевлар менен Қасқатаевлардың айтқанындай емеслигин Чораның билмегени неси! Олардың сөзлери мәнили болып көринген менен тийкарынан алғанда бос дәбдебе менен өтириктен ибарат екенин неге билмейди. Ол кимди алдап атыр ҳәм қандай мәқсетте?

Чора оған жетип алып, желдей есип киятырған жорғаның жылаўынан тартып, қапталласқанда да Танабай айланып қарамады.

— Мен бирге қайтармыз деп ойлаған едим, Танабай, — деди ол демин дурыслап алып. — Бир қарасам, сен кетип қалыпсаң...

— Саған не керек? — деди Танабай еле оған қарамай. — Өз жолыңнан кете бер.

— Сөйлесип алайын. Түңилгенинди қой, Танабай. Досларша, коммунистлерше сөйлесемиз, — деди Чора жалынғандай болып.

— Мен саган дос емеспен, оның үстине мен коммунист те емеспен. Аўа, сен де көптен бери коммунист емессең. Қызыл тилиңди жалдап жүрсең.

— Сен буны ырасың менен айтып киятырсаң ба?— деди Чора даўысын пәсейтип.

— Әлбетте, ырасым менен. Сөз сөйлеўди де үйренгеним жоқ. Нени ҳәм қай жерде қәйтип сөйлеўди де билмеймен. Хош бол онда, сен туўры кетесең, мен болсам бул жаққа бурыламан. — Танабай атын жолдың шетине бурды. Айланбастан ҳәм достының бетине бир мәртебеде қарамастан атын туўры даланлық арқалы таўға қарап айдап кетти.

Ол Чораның бөздей болып ағарып кеткенин, қолын созып оны тоқтатпақшы болғанын, кейнинен тамырлары тартылып, көкирегин услаўы менен жорғаның жалына еңкейип алғанын да, аўызын арандай ашып ентигип дем алып атырғанын да көрмеди.

— Аўҳалым шатақ, — деп сыбырлады, Чора, шыдап болмайтуғын аўырыўдан еки бүкленип: — ўаҳ аўҳалым жаман! — деп қырылдады ол көгерип, деми қысылып. — Тезирек аўылға, Гүлсары, тезирек аўылға.

Жорға қараңғы қаплаған сырдандай кең далада аўылға қарай ушып баратыр. Үстиндеги адамның даўысы оны сескендирип шоршытады. Бул даўыстан әллеқандай қорқынышлы қәўип-қәтер сезиледи. Гүлсары шаўып баратырып қорыққанынан пысқырып, қулақларын қайшылайды. Ер үстиндеги адам болса азап шегип, еки бүкленип қалтыраған қоллары менен аттың жалына беккем жабысып алған еди. Дизгин зымырап баратырған Гүлсарының мойнында салпылдап киятыр.

## 20

Кеш болып қалған еди. Танабай еле жолда таўға кетип баратырған бир мәҳәлде, аўылдың арасында бир атлының шаўып жүргенин көрип, тынышсызланған ийтлер тынымсыз үре берди.

— Ҳәй, бул үйде ким бар? Хабарласып кет! — деп бақырады ол үйдиң ийесине.

— Не гәп өзи? Парахатшылық па, бул не асығыс?

— Билмедим, — деди хабаршы. — Чора шақырып атыр. Тезирек келсин, деди.

Чораның өзи бул ўақытта кеңседе отырған еди. Ол ийнин столдың шетине тиреп, ентигип демин алып, қолын көйлегиниң ишинен суғып, жүрегиниң тусына қатты басты. Аўырыўдан ыңыранып, ерннлерин тис-

леди. Көгерип кеткен жүзин суўық тер басып, көзлери шүңирейип кеткен еди. Гейде есинен кетип, көз алдына және қараңғы далада жорғаның үстинде киятырғаны елеслейди. Танабайды шақырғысы келеди. Ол болса ништердей қадалатуғын сөзлерди айтып, артына қарамай кете береди. Танабайдың сөзлери оның жүрек-баўырын шоқ басқандай, күйдирген еди.

Парторгты бул жерге қолтығынан сүйеп сейисханадан әкелген екен. Ол пишенниң үстинде жатып бираз дем алғаннан соң питегене өзине келгендей болды. Аткөнеклер оны үйине алып кетпекши болып еди, бирақ ол көнбеди. Коммунистлерди шақырып келиўге адам жиберип, енди оларды әне келеди, мине келеди менен күтип отыр.

Қараўыл ҳаял шыра жағып, Чораны жекке қалдырды да, дәлиздеги печьке от жағыўға айланысты. Ол гейде қыялап ашылған қапыдан қарап, үҳлеп, басын шайқап қояды.

Чора адамлардың келиўин күтип отыр, ўақыт тамшыдай тамтымлап өтип баратыр. Оған арналған ҳәм көпшилик бөлегин жасап болғаннан соң Чора қәдирине жете баслаған бул өмир енди ҳәр дем сайын ашшы тамшылар сыяқлы тамып таўсылып баратырғандай еди. Ол күнлердиң ҳәм жыллардың қалай өткенин байқамай қалды. Ҳә-пә дегенше миййнет пенен, тәшўиш пенен өтип кетти. Оның ойлаған нәрсесиниң ҳәммеси жүзеге шықпады, ҳәмме нәрсе оның ойлағанындай болмады. Ҳәрекет етти, гүрести, бирақ машақаттан қутылыў ушын, жүриў буншелли қәўипли болмаўы ушын, шетлеп өтиў ушын әлле қаяқларға шегинди де. Бирақ, олардан шетлеп өте алмады. Ол қарсыласыўға қорқып жүрген күш оны басы туйық көшеге тығып қойған еди. Енди шегиниўи мүмкин емес, жол тамам болған. Эҳ, егер ол өз қәтесин бурынырақ түсингенде, турмыстың көзине тикленип қараўға ўақтында өзин мәжбүрлегенде басқаша болар еди. Өмир ашшы ҳәм ҳәсиретли тамшылар сыяқлы тамып таўсылып баратырғандай сезилди. Адамлар тезирек келе қойса болар еди. Бунша көп күттиреди? «Тек үлгерсем болғаны, — деп ойлады Чора қорқыў аралас. — Ҳәммесин айтыўға үлгерсем болды! — Ол өзин таслап баратырған өмирди үнсиз зарланыў менен услап турғандай еди. Өзин еркин тутыўға ҳәрекет етип, соңғы саўашқа таярланып атыр... Истиң қалай

пайда болғанын, бюроның қалай өткенин, Танабайдың партиядан қалай шығарылғанын — ҳәммесин айтып беремен. Билип қойсын: мен райкомның бул қарарына қосыла алмайман. Билип қойсын: мен Танабайдың партиядан шығарылғанына қайыл емеспен. Алданов ҳаққында қандай пикирде болсам, бәрин айтып беремен. Мейли, меннен кейин оның пикирин еситсин. Мейли, коммунистлер шешсин. Мен ким екенлигимди түсигин қалдырмай айтып беремен. Колхозымыз туўралы, адамлар туўралы сөйлеймен... Тек үлгериў керек, тезирек келсе екен...»

Биринши болып ҳаялы дәри алып жетип келди. Ол жүдә қорқып кеткен еди, сыңсып жылап алды.

— Есиң дурыс па өзиңниң? Усы жыйналыс деген нәрседен мыйлығыңнан келмедиң бе? Жүр үйге. Түриңе қара. Ҳеш болмаса, өзиңди ойласаң болмай ма?!

Чора оны тыңлағысы келмеди. Дәрини ишип атырып қолын силтеди. Тислери стаканға сақылдап тийип, суў еңтерилип ағып кетти.

— Яяны жоқ, енди өзимди жақсы сеземен, — деди ол бир қәлипте дем алыўға ҳәрекет етип. — Сен мени тысқарыда күтип тур, кейиннен үйге алып кетесең. Қорықпа, шыға бер.

Далада адамлардың аяқ сести еситилиўи менен Чора қәддин тиклеп столдан турды. Өзиниң соңғы миннети деп есапланған нәрсени баян етиў ушын аўырыўға шыдам берип, бар күшин жыйнады.

— Саған не болды? Саған не болды, Чора? — деп сорап атыр оңкан адамлар.

— Ҳеш нәрсе. Ҳәзир айтаман, ҳәммеси келсин, — деп жуўап берди ол.

Өмир ашшы ҳәм ҳәсиретли тамшылар сыяқлы таўсылып баратыр еди.

Коммунистлер жәмленгеннен кейин Чора Саяқов столдан турып, басынан малақайын алды ҳәм партия мәжилисин ашық деп жәриялады.

## 21

Танабай үйине түнде жетип келди. Жайдар ҳәўлиге паныс көтерип шықты. Жолына қарап көзлери төрт болған еди. Ол күйеўине көзи түсиўи мәттал, әлле-қандай кеўилсизлик жүзеге келгенин сезди. Танабай үндемей атының суўлығын шығарды, ерин алып, жа-

быўлап қойды. Жайдар болса, шыраны тутып турды. Танабай ләм-мим демеди. «Районда ишип алғанда, мүмкин, өзин жеңил сезермеди» — деп бир ойлап қойды ҳаялы. Танабай болса еле сөйлемеди. Оның бул қылығы барған сайын қәўиплирек болып сезилди. Бийшара Жайдар болса оны қуўандырмақшы: районнан бираз жем, сабан, арпаның унын әкелип таслапты. Ҳаўа ырайы да тәўирақ жылып, қозыларды жайлаўға шығарған екен. Олардың аўызы енди көк шөпке тийген еди.

— Бектайдың сүриўин алып кетти, тазадан шопан жиберипти, — деди ол.

— Ҳә, Бектайдың да, сениң шопаныңның да, сүриўиниң де әкесиниң аўызын...

— Шаршадың ба?

— Неге шаршайды екенмен, партиядан шығарды!

— Әстерек, биреўлер еситип қояр.

— Еситкенде не қылады? Неге жасыраман. Буралқы ийттей етип шығарып жиберди. Солай етиўи керек еди. Сени де солай етиў керек. Биз сыяқлыларға бул да аз еле. Неге бунша аңырайып турыпсаң? Мени танымай турсаң ба?

— Бар, деминди ал.

— Оны өзим де билемен.

Танабай қора бетке кетти. Қойларды бир қатар көзден кеширди. Кейнинен отарға шығып, қараңғыда бираз қаңғырып жүрди де, тағы қой қораға қайтып келди. Өзин қоярға жер таппады. Ол аўқатланыўдан да, сөйлеўден де бас тартқан еди. Бир мүйештеги сабанның үстине өзин таслап, қыбыр етпестен жатты. Тиришилик, күнделик тәшўиш, талпыныўлар енди бир пул еди. Оның кеўлине қыл сыймайтуғын болып қалды. Жасаўды да, ойлаўды да, әтирaптағы нәрселерди де көргиси келмеди.

Арман-берман аўнап, уйықламақшы болып, ҳәмме нәрсени умытқысы келеди. Бирақ, умыта алмады. Ол әнебир Бектайдың сүриўди қай тәризде таслап кеткенлиги, аппақ қарда оның қара излериниң қалғанлығы, Бектайдың сөзине жуўап ретинде аўызын ашалмай қалғанын ядына түсирди. Оннан кейин. Сегизбаевтың сәмен жорғаны сүрип, бақырып, аўызға алып болмайтуғын сөзлер менен сөккени, түрмеге қамайман, деп шалаўатлағанын, партия комитетиниң бюросында Танабайды халық душпаны иретинде қара-

лағанын қыялынан өткерди. Усының менен барлық нәрсе, оның барлық өмири таўсылғандай еди. Ол бир тик жардан қулап түсип набыт болмағанша жабаны услап қараңғы түн қушағына қарап қарсы жуўырып, барлық әлемге жар салып, пәряд етиўди ойлап жатты.

Ол уйқылап баратырып, бүйтип жасағаннан көре өлген жақсырақ деп ойлады, — Аўа, аўа, өлген абзал!...

Танабай уйқыдан оянғанда басы зеңип тур екен. Бир қанша ўақытқа дейин өзиниң қай жерде жатырғанын, не болып өткенин аңлай алмады. Жанында қойлар жөтелип, қозылар маңырасып атыр. Енди билсе, қойлардың арасында жатыр екен. Таң ағарып қалыпты. Неге оянды? Не ушын? Хәш қандай, оянбағаны мақул еди ғой. Өлиў қалды тек, өзин өлтириўи керек...

Соңынан ол салмадан қосыўыслап суў ишти. Рәпенек муз бенен қапланған суў оғада суўық еди. Қалтыраған бармақларының арасынан суў шырылдап ағып кеткенде, ол және уўысын суўға толтырып симиреди. Бираз демин дурыслап алып, өзине келди, тек сонда ғана ол өзин өлтириў ҳаққындағы пикирдиң ақмақшылық екенин түсинди. Адамға бир ирет берилетуғын өмирден қалай етип өзин қалас етиўи мүмкин! Сегизбаевлар усыған арзый ма? Яқ, Танабай еле жасайды, еле ол көп нәрселерди ислейди!... Үйине қайтып кирип мылтық ҳәм патронташты әсте ғана орны-орнына жайғастырып сол күни кешке дейин тынбай иследи. Бала-шағасы ҳәм жәрдемши ҳаяллар менен жақсы қатнаста болғысы келип еди, бирақ қатынлар бир нәрсени билип қояр деп өзин тоқтатты. Қатынлар тап ҳеш нәрсе болмағандай, барлық нәрсе өз ҳалында турғандай, жумыслары менен машқул бола берди. Танабай олардың бул әдетине сүйсинди. Ол үндемей ислей жүре берди. Жайлаўға барып, қойларды айдап келиўге жәрдемлести.

Кешқурын ҳаўа ырайы өзгере баслады. Қар ямаса жаўынның болатуғыны анық еди. Әтираптағы таўларды думан, аспанды қалың бултлар қаплап алды. Тағы да қозыларды суўықтан аман сақлап қалыў ҳаққында бас қатырыўы керек еди. Және қырғын басланбаўы ушын қойлардың астын тазалап, сабан төсестириўи керек. Танабай түнерип жүрсе де, бирақ болып өткен ўақыяларды имканиятының барынша умытыўға, үмитсизликке түспеўге ҳәрекет етти.

Қараңғы түсе баслағанда үйдиң алдында бир атлы пайда болды. Жайдар оны күтип алды. Олар әлленәрселер ҳаққында сөйлести. Бул ўақытта Танабай қой қорада жумыс пенен бәнт еди.

— Ҳәй, берман келип кет, — деп Жайдар оны шақырды. — Бир адам келип тур. — Танабай ҳаялының сөзиниң тәсиринен қандай да бир кеўилсиз ўақыя жүзеге келгенин аңлады.

Қорадан шығып, атлы менен көристи. Ол адам қоңсы аўылдың шопаны екен.

— Ҳә, Айтбай, сенбедиң? Аттан түс. Сеннен қәйерлерди сораймыз?

— Аўылдан киятырман. Бир жумыс пенен барған едим. Айтыўларына қарағанда, Чора жүдә аўыр аўҳалда жатырған қусайды. Сениң оған барыўың керек екен. Солай десип атыр.

«Және Чора». Умытылған қайғылы қыяллардың тағы аўызы ашылды. Танабайдың оның дийдарын көргиси келмеди.

— Ал, енди не, мен доктормедим? Ол мудамы аўырыў. Онысыз да жумысым басымнан асып атыр. Көрип турсаң, күнниң ырайы жаман.

— Барасаң ба, бармайсаң ба, бул сениң жумысың, Танаке, өзиң билесең. Мен айт дегенин айттым. Хош енди, ўақыт қыстаў, кеш болып қалды.

Айтбай атының басын аўылына бурды да және жылаўын тартып былай деди:

— Танеке, тағы бир ойланып көр. Аўҳалы аўыр. Баласын оқыўдан шақыртыпты. Вокзалдан күтип алыўға адамлар кетипти.

— Хабар айтып келгениң ушын жүдә бәрекелла. Бирақ, мен бармайман.

— Барады, — деп Жайдар уялып сөйледи. — Барғанда, жүдә барады.

Танабай үндемеди. Бирақ, Айтбай бираз алыслағаннан кейин ҳаялына тийисти.

— Сен бул әдетиңди қой енди. Неге мениң ушын жуўап бересең? Не қылатуғынымды өзим билемен. Бармайман дедим бе, бармайман!

— Не деп турғаныңды билесең бе, Танабай?

— Ойлап турыўымның кәжети жоқ. Болар енди. Шыдап-шыдап усындай ҳалға келдим. Партиядан да шығарды. Мениң енди ҳеш кимим жоқ. Мен төсек тартып жатқанда ҳеш ким кеўил сорап келмей-ақ қойсын.

Тас түссе талайымнан көрермен! — деди де, ғәзепленип қолын силтеп, қой қора тәрепке кетти.

Бирақ, кеўили орнына түспеди. Саўлық қойлардың қасынан жана туўылған қозыларды көтерип алып, оларды бир мүйешке апарып, маңыраған қойларға бақырып жүрип өзи де тоңқылдады:

— Жумыстан бурынырақ босанғанда бунша азап шекпес еди. Қашан көрсең жүрегиңи аялап, аттан түссе де, ерден түспейди. Баслық болғаныңа, сениң! Желкемниң шуқыры көрсин сендей баслықты. Өкпелесең өкпелей бер, мен де саған өкпелимен. Ҳеш ким менен жумысым жоқ.

Қой қораның иши қараңғыласты. Әсте-ақырын қар жапалақлады. Әтирап соншелли тыныш еди, ҳәтте сийрек таслап турған қардың сытырлысы да еситиледи.

Танабай отаўға кирмеди, ҳаялы менен сөйлескиси келмеди. Жайдар да оның қасына келмеди. «Сол жерде отырсаң, отыра бер, — деп ойлады Танабай. — Бирақ, мени барыўға мәжбүрлей алмайсаң. Енди мениң ушын булардың әҳмийети жоқ. Мениң менен Чора енди пүткиллей жат адамлармыз. Оның жолы басқа, мениң жолым басқа. Бурын дос болсақ та, енди жатпыз. Егер мен оның досты болатуғын болсам, ол усы ўақытқа дейин қайда жүрди? Яқ, енди мениң ушын бәри бир...».

Ақырында Жайдар оның жанына келди. Ол Танабайдың жаўынға кийетуғын плащын, таза етик, белбеў, қолғап, жыйынлыққа кийетуғын малақайын әкелген еди.

— Кийимиңди кийип ал, — деди ол.

— Бийкар әўере болып атырсаң. Ҳеш жаққа бармайман.

— Ўақытты өткизбе, усыннан бир нәрсе болып қалса, өмир бойына пушайман етип жүресең.

— Пушайман етпеймен: Оған да ҳеш нәрсе болмайды. Бираз жатады да, тағы жумысқа араласып кетеди. Бизиң енди көрип болғанымыз шығар.

— Танабай, мен сеннен ҳеш қашан да бир нәрсе өтиниш етпеген едим. Ҳәзир болса, өтиниш етип атырман. Ашыўыңды маған қалдыр да, өзиң бар, бир адамгершилик ет!

— Яқ, — деди Танабай қайсарлық пенен басын шайқап. — Бармайман. Енди мениң ушын бәри бир.

Сен әдеп-икрамды ойлайсаң. «Адамлар не деседи?»— деп ойлайсаң. Мениң енди ҳеш нәрсе менен исим жоқ.

— Ес-ақылыңды жыйып ал, Танабай. Мен барып ошақтан хабар алып келейин, кийизге және шоқ түсип кетер.

Жайдар күйеўиниң кийимлерин алдына таслап кетти. Бирақ, Танабай отырған жеринен қозғалмады. Бир муйеште ойларға батып отыра берди, өзиниң қарарын бузыўға тәўекел ете алмады. Чорағa айтқан сөзлерин де ядынан шығара алмады. Енди не: «Ассалаўма әлейкум, бир көрип кетейин деп келип едим, ден саўлығың қалай? Мениң ҳәзир керегим жоқ па?» — деп баратуғын Танабай ма. Яқ, яқ, ол бундай ете алмайды, бундайға әдетленбеген.

Жайдар қайтып келди.

— Сен еле кийингениң жоқ па?

— Жиниме тийе берме, қатын. Бармайман дедим ғой.

— Тур орныннан!—деп ашыўланып бақырды Жайдар. Танабай тап командирдиң буйрығын орынлаған солдаттай орнынан секирип турғанын сезбей қалды. Жайдар жақынлап келип, панystың жақтысында ғам шеккен ғәзепли көзлерин күйеўине қадады. — Егер сениң еркек болғаның өтирик болса, инсан болмасаң, мүгедек бир кемпир болатуғын болсаң, сениң орныңа мен бараман. Сен аўзың тобарсып отыра бер! Ҳәзир кетемен. Бар, дәрҳал атты ертле!

Танабай ҳаялының буйрығына бойсынып, атты ертлеўге кетти. Қар еле майдалап жаўып тур. Қараңғылық терең аңғардағы суўдай әтирапта үн шығармай әсте айланып атыр. Зым-зыя қараңғылықта ҳәтте, таўлар да көринбейди. «Еле тағы да көрмегеним бар екен. Усындай қараңғы түнде жалғыз өзи қайда барады? — деп ойлады атты ертлеп атырған Танабай. — Я гәпке түсинбесе. Айтқанын етпей қоймайды. Өлтирсен де қайтпайды. Жолда бир нәрсе болып адасып кетсе не қылады? Өзинен көрсин-ә...».

Танабай атты ертлеп атырып, өз-өзинен уялып кетти. «Дурысында да адам емеспен, ҳайўанман. Ашыўланаман деп ақылдан айрылыппан. Зәҳәримди ҳәммеге жайып атырман. Мине көрин, мен қандай бақытсызбан, мүшкилим аўыр. Бийшара ҳаялымды да қыйнадым. Оның не гүнасы бар? Оны неге буншелли қыйнайман? Бул әдетим жақсылыққа апарып соқпай-

ды, бирақ. Мен жарамас адамман. Ҳайўанман, ҳайўан!».

Танабай еки ойлы болып қалды. Бирақ, өзиниң айтқанынан қайтыўы да ансат емес еди. Ол басын төмен алып изине қайтты.

— Ертледиң бе?

— Аўа!

— Онда атлан! — Жайдар оған плащты узатты. Танабай үндемей кийине баслады. Ол ҳаялының биринши болып пәсине қайтқанына қуўанды. Сол ўақытта ол көзабаға:

— Ертең барсам не қылады? — деди.

— Яқ, ҳәзир жолға түс. Соңынан кеш болады. — Түн қараңғылығы таўларды бүркеп, бәҳәрдиң соңғы қары әсте-ақырын бир қәлипте жаўып тур. Танабай қап-қараңғы жан баўырларды жағалап жаслықта кеўил қосысқан достының шақырығына жалғыз өзи кетип баратыр. Басына, ийинлерине, сақалы менен қолларына қардың түйирлери түсип киятыр. Танабай ер үтинде үндемей отыр. Үстине түскен қарларды да қақпады. Усылай етип қыял сүриў қолайлы еди. Ол Чора менен өзин көп жыллардан бери бир-бирине жақынластырған жағдайлар туўралы ойлады. Чораның оған саўат аштырған ўақытларын, оннан бирге комсомолға, соңынан партияға кирген гезлерин ойлады. Бир ўақытлары Чора менен канал қурылысында ислеген дәўирин, күнлердиң биринде Чора, Танабайдың сүўретине қоса ол ҳаққында кишилеў мақала жәрияланған газетаны ҳәммеден бурын әкелип, ҳәммеден бурын Танабайдың қолын қысып қутлықлағанын есине түсирди.

Барған сайын Танабайдың кеўили босасып, оны әллеқандай бир қәўетерли сезим қыстастыра берди. «Аўҳалы қалай екен-ә? Бәлки, шынында да жағдайы төмен шығар? Болмаса баласын шақыртармеди? Я оған бир нәрсе айтпақшымекен? Ырзаласпақшымекен?...».

Таң атып кеткен еди. Қар еле жаўып тур. Танабай атын қаттырақ айдады. Ҳәдемей анаў бир бәлентликтиң етегиндеги аўыл көринди. Чораның аўҳалы қалай екен? Тезирек жетип барса екен...

Таң алдындағы тынышлықта бирден аўыл тәрептен әллеқандай муңлы нала еситилди. Әллекимниң пәряды еситилип тағы басылып қалды. Танабай аты-

ның жылаўын тартып, самалдың өрине қулағын салып турды. Ҳеш нәрсе еситилмеди. Мүмкин, оған солай сезилген шығар.

Ат Танабайды айланбадағы бәлентликке алып шықты. Төменде, қар астында қалған аңызлар менен жапырақсыз, жалаңаш тереклердиң арасында аўылдың көшелери созылып жатыр. Еле ерте болғанлықтан, көшелерде ҳеш ким көринбейди. Тек, бир үйдиң алдында адамлардың топарласып қараўытып жүргени көринеди. Атлар тереклерге қаңтарылып қойылған екен. Бул Чораның үйи еди. Неге ол жерде адамлар соншелли көп? Не болды екен? Итимал...

Танабай зәңгиге аяғын тиреп, керилип, созылып муздай ҳаўадан ентигип демин алды да, тым-тырыс болып қалды ҳәм сол ўақыттың өзинде атын төменге қарап айдап кетти. «Олай болыўы мүмкин емес! Бул қалай? Болыўы мүмкин емес!» Оның кеўилиниң қанасы ўайран болды. Муңлы пикирлер қаплады. Тап ол жерде болған ўақыя ушын өзин гүналыдай сезди. Жалғыз досты мәңгиликке көз жумыў алдында ырзаласыў ушын оны шақырса, ол қайсарлық етип, өжетленип, аразласып отырса... Енди оның қандай адам болғаны. Неге ҳаялы оның бетине «түп» демеди? Өлим төсегинде жатырған достың ең соңғы өтинишин бежериўден артық дүньяда зәрүрли не бармекен?

Танабайдың көз алдына сәмен жорға менен изинен жетип келген сол даладағы жол тағы да елеследи. Соңда Чорағa не деген еди? Енди өзиниң бул гүнасын кешире ала ма?

Танабай өзиниң айыбы ҳәм ар-намыс салмағының астында ийилип, қарлы көше менен ат үстинде кеўилсиз баратыр еди. Бирден Чораның үйиниң алдында бир топар атлыларды көрди. Олар даўысын шығармастан жақынласып келип, бирден ҳәммеси аттың үстинде таўланып даўысының барғанынша пәряд етти:

— Ойбай, баўырым-ай! Ойбай-ай, баўырым!

«Қазақлар келипти» — деп ойлады Танабай ҳәм достынан айра түскенин енди түсинди. Дәрьяның аржағынан келген қоңсы қазақлар Чораны өз ағайыны, қоңсысы, жақын адамы сыпатында ҳәм де пүткил округке белгили адам ретинде жоқлап жыласып атыр. «Рахмет, сизлерге, дослар, — деп ойлады сол ўақытта Танабай. — Әзелден ата-бабаларымыздың зама-

нынан бери сизлер қуўанышымызға да, қайғымызға да шериксизлер, той-мерекелерде де бизлер менен биргесизлер. Жылаңлар, биз бенен бирге жылаңлар!».

Танабай да оларға илести. Оның қайғылы даўысы таң атып киятырған аўылға таралды.

— Чора-а-а! Чора-а-а-а!

Ол ат үстинде буратылып, ердиң гә ол жағына, гә бул жағына аўып, бул дүньядан көз жумған достын жоқлап зар-зар еңиреп киятыр.

Мине, Чораның босағасына да жетип келди. Әне, үй алдында үстине матам жабыўы жабылған Гүлсары тур. Саўрысына түскен қарлар сол ўақытта-ақ ерип кетип атыр. Гүлсары ийесиз қалды. Енди ол қуры ертлеўли тур.

Танабай өзин аттың мойнына таслап, тағы тикленеди. Әтирапындағы адамлар думанның арасынан көрингендей зорға билинеди, жылаў еситиледи. Ол ғаўырлыда әллекимниң:

— Танабайды аттан түсирип, Чораның баласының қасына алып барыңлар, — дегенин де еситпеди.

Бир неше жуп қоллар оған созылды, аттан түсиўге жәрдемлести, қолтығынан сүйеп, адамлардың арасынан алып өтти.

— Мени кешир, Чора, мени кешир! — деп жылады Танабай.

Ҳәўлиде Чораның студент баласы Самансур жайдың дийўалына бетин бурып тур еди. Ол Танабайға қарады, көзлери толы жас. Олар жылап, қушақласып көристи.

— Сен әкеңнен, мен достымнан айра түстик! Мени кешир, Чора. Мени кешир! — деп ентигип Танабай еңиреп жылады.

Кейнинен оларды ажырастырды. Сол ўақытта Танабайдың көзи—ҳаяллар арасында турған Бийбижанға түсти. Ол Танабайға қарап үнсиз көз жасын төгип тур екен. Танабай тағы да қаттырақ өкирип жиберди.

Ол Бийбижанның жақынырақ келип тәселле бериўин, көз жасларын сыпырыўды аңсайды. Бирақ, ол жақынлап келмеди. Турған жеринде жылаўын даўам ете берди.

Танабайды басқалар жубатпақшы болды:

— Болды. Танабай, жылағаннан пайда жоқ, болды енди.

Бундай жубатыўлар оған тәсир етпеди, керисинше, дәртли ҳәсирети тағы да күшейе берди.

## 22

Марҳумды песиннен кейин шығарды. Қуяштың солғын нурлары ҳәрекетсиз ақша бултлардан зорға көринеди. Аспанда еле жумсақ қардың ҳөл түйирлери ушып жүр. Жерлеўге кетип баратырғанлар аппақ далада қаралтым дәрья ағымындай болып кетип баратыр. Бул дәрья тап бул жерде күтилмегенде пайда болып, биринши ирет өзине аңғар ашып баратырғандай еди. Бортлары ашық, алдыңғы машинада аппақ кийизге оралған Чораның денеси жатыр. Оның жанында ҳаялы, бала-шағалары, туўысқан-туўғанлары отыр еди. Басқалардың ҳәммеси атлы баратыр. Танабай менен Самансур машинаның изинде пияда киятыр. Танабай марҳум достының атын, — ертлеўли Гүлсарыны жетеклеп алған еди.

Аўылдан шыға беристеги жол жумсақ қар менен қапланған еди. Ол ат туяқлары астында тапланып, адамлардың кейнинде үлкен бир қара қайыстай болып созылып қалып баратыр. Бул жол тап Чораның ең соңғы жолын белгилеп берип баратырғандай еди. Жол бәлентлик арқалы қәбирстанға бурылды. Ол жерде енди Чораның жолы мәңгиликке тамам болады.

Танабай атты жетеклеп баратырып, ишинен оған былай деди:

«Мине, Гүлсары, екеўимиз де Чорадан айрылдық. Енди ол жоқ, енди ол табылмайды... Сол күни мени неге шақырмадың, мени неге жолда тоқтатпадың? Қудай саған тил бермегендә. Мен адам болсам да сеннен пәс екенмен. Өз достымды жолдың ортасына таслап кеттим, оған қайрылып та қарамадым, алған бағдарымнан қайтыўды ойламадым. Чораны мен өлтирдим, аўа, сөз бенен өлтирдим, сөз бенен...».

Танабай қәбирстанға жеткенше жол бойынша Чорадан кеширим сорап барды. Жерлеп атырғанда да Самансур менен бирге иләҳәткә түсип, Чораның денесин мәңгилик жатақ жерине қойып атырып былай деди:

— Ырза бол, Чора! Мени кешир, еситип атырсаң ба, Чора, мени кешир!

Дәслеп адамлар топырақ қысымлап таслады. Оннан кейин дөгеректен бел менен топырақ түсирди.

Демниң арасында гөрдиң орны толып төбеликтиң үстинде жаңа қәбир пайда болды.

— Кешир, Чора!

* * *

Жыназадан соң Самансур, Танабайды бир шетке шақырып:

— Сизде жумысым бар, Танеке, сөйлесип алыўымыз керек, — деди.

Олар самоварлар ҳәм от жанып түтеп турған ҳәўлиден өтип, бағдың астына кетти. Салманың жағасы менен жүрип, атыздың арғы шетиндеги тазадан қопарылған теректиң үстине барып отырды. Бираз үндемей отырды, ҳәр қайсысы өзинше ойланды. «Адамның өмири усындай екендә, — деп ойлады Танабай. — Самансур кеше ғана бала еди. Бүгин ержеткен жигит болып қалыпты. Қайғы-ҳәсирет оны тағы да есейиңкиретип жиберипти. Енди бул Чораның орнында қалды. Енди бир-биримиз бенен қатар адамлардай сөйлесемиз. Сондай болыўы керекдә. Балалар әкениң орнын басады. Балалар әкесиниң исин даўам еттиреди. Илә-айым әкесиндей болғай. Бирақ, бизлерден алғыр болсын: ақыл-парасатта да, истиң көзин билиўде де бизден жоқары өрлесин, халыққа хызмет етип өзлери де бақытлы болсын. Биз әкелер, бизден озып кетсин, бизден көре жақсырақ ислеп, жақсырақ жасасын, деген үмитте перзент тәрбиялаймыз... Аўа, бизиң үмитимиз усы».

— Самансур, енди хожалық баслығысаң, — деди Танабай ғаррылардай сақалын сыйпап. — Енди Чораның орнын басасаң. Мен болсам сениң гәплеринди Чораны тыңлағандай еситемен.

— Танеке, мен әкемниң нәсиятын сизге айтыўым керек, — деди ол.

Танабай оның даўысынан әкесиниң тәсирин сезип, бир сескенип түсти. Ол баласының — әкесине, Чораның жас жигит ўақтына жүдә усап кеткенлигин биринши мәртебе көриўи еди. Чораның жас жигит ўақтын баласы қайдан билсин! Оны тек Танабай биледи ҳәм ядында жақсы сақланып қалған. Оны билген адамлар еле тири. «Әкең өлсе де, әкеңди көргенлер өлмесин» — деген усы екен дә:

— Қулағым сенде, балам.

— Мен келгенде әкем тири еди, Танеке... Кеше түнде жаны үзилместен бир саат бурын келип үлгердим. Соңғы демине дейин ақыл-ҳуўышы өзинде еди. Танеке, сизди интизар болып күтти. Көбинесе: «Танабай қәне? Келмеди ме?» — деп сорай берди. Биз сизди жолда, ҳәзир жетип келеди, деп оған тәселле бердик. Шамасы, сизге бир нәрсе айтпақшы болған усайды. Бирақ, үлгере алмады.

— Аўа, балам. Бизлердиң бир-биримиз бенен көрисиўимиз оғада зәрүр еди. Өмиримше кеўилимде әрман болып қалатуғын болды. Буған мен айыпкермен. Ертерек жетип келе алмадым.

— Айтқандай, әкем маған бир нәрсени тапсырған еди. — «Балам,—деди ол.—Танекеңе айт, кеширим сорайман, өкпе-гийне сақлап жүрмесин. Мениң партия билетимди оның өзи районлық партия комитетине апарып тапсырсын. Мениң билетимди Танабайдың өзи, өз қолы менен апарып тапсырсын. Умытып кетпе тағы, зинҳар айтқайсаң». —Соннан соң ол ҳуўшынан айрылды. Қыйналды. Жаны шығып баратырғанда да биреўди күткендей алаңлап қарай берди. Жылап атырып бир нәрселерди айтты, бирақ биз сөзлерине түсине алмадық.

Танабай үндемей отырып, егитилип жылап, сақалын сыйпады.

Чора кетти. Аўа, ол Танабайдың жүрегиниң ярымын, өмириниң бир бөлегин алып кетти.

— Айтқаның ушын рахмет, Самансур, берекет тап. Әкеңе де рахмет, — деди Танабай бир ўақта өзин тоқтатып. — Бирақ, мениң кеўилимди бир нәрсе ўайран етип жүр. Сен мени партиядан шығарғанлығын билесең бе?

— Билемен.

— Ал енди, мен партиядан қуўылған адам болсам, Чораның билетин қалай етип райкомға апараман. Бундай етиўге ҳақым жоқ ғой!

— Билмедим, Танеке. Өзиңиз билесиз. Мен әкемниң нәсиятын бежериўим керек. Сизден тағы өтиниш сорайман, әкемниң сөзин жерде қалдырмаң.

— Мен жан-тәним менен питкерер едим, бирақ басым әжеп саўдаларға түсип жүр. Өзиң апарып тапсырсаң дурыс болмаспекен-ә, Самансур.

— Яқ, болмайды. Әкем өзиниң тапсырған нәрсесин жақсы билген. Ол сизге исенгенде, мен неге исенбе-

йиш! Районлық партия комитетине барып айтасыз. Чора Саяқовтың өзи айтып кеткен екен дейсиз.

Еле таң атқан жоқ еди. Танабай ерте турып аўылдан шықты. Ол Гүлсарыға — жүйрик қаназатқа минип алған еди. Аўа, ол жақсы-жаман күнлерде қәдирдан жолдас болған Гүлсарының үстинде отыр. Сәмен жорға жол шетиндеги музлап қалған жерди ойқаслап басып, жапалақ-жапалақ ылайды артында қалдырып баратыр. Ол бул сапары марҳум досты коммунист Чора Саяқовтың тапсырмасы менен районға баратырған Танабайды — өзиниң ең дәслепки ийесин алып баратыр еди.

Алдында—жердиң көзге көринбейтуғын етеклеринде таң агарып атып киятыр еди. Сәҳәр шағынан өтип, таң атып киятыр. Таңның сағымы қалың думанның арасына кеңнен тарқалып баратыр...

Жорға ат сол таң шапағына қарап, еле аспанның бир шетиндеги нур шашып турған жалғыз жулдызға қарап, кең даланың жолларын дүбирлетип жалғыз өзи киятыр. Танабай көптен бери сәмен жорғаны минбеген еди. Гүлсары әдеттегидей тез ҳәм ҳазарсыз шайқатылып киятыр. Самал аттың жалын өрлеп, Танабайдың жүзлерин сыйпалайды. Гүлсары еле де күши қайтпаған, ғайратлы ат еди.

Танабай пүткил жол бойына қыял сүрип барды. Бирақ, не ушын Чора өлмесинен бурын өз партбилетин райкомға апарып бериўди партиядан шығарылған Танабайға тапсырғанына ақылы алыспады. Чораның сондағы ойлағаны не екен? Я оны сынамақшы болдымекен? Я, мүмкин усының менен Танабайдың партиядан шығарылғанына қайыл емес екенлигин билдирмекши шығар? Енди бул сыр ҳеш қашан шешилмейди. Чора енди ҳеш қашан да ҳеш нәрсе деп айталмайды. Аўа, бул дүньяда «ҳеш қашан» сыяқлы қорқынышлы сөзлер де бар. Усының менен сөз де тамам...

Тағы әллеқандай пикирлер оның мийине орналасып алды. Пүткиллей қыялынан шығарып тасламақшы болған нәрселер тағы жаңлана баслады. Яқ, еле «тамам» деп айтыўға ерте. Чораның нәсияты ядында. Ол достының билети менен районға киятыр, досты туўралы не билсе, ҳәммесин айтып береди. Халық ушын, Танабай ушын, Чораның еткен жақсылықларын айтып береди. Өзи туўралы да сөйлеп береди, өйт-

кени ол — Чора менен екеўи бир қолдың еки бармағы еди.

Ал, олардың жас ўақтында қандай болғанын ҳәм турмыстың қандай жолларын басып өткенин ҳәмме билип қойсын. Сөйтип адамлар Танабайды, Чорадан тири ўақтында да, өлгеннен соң да ажыратып болмайтуғынына түсинсин. Тек, гәпке қулақ салса, кеўилдеги гүптикейди шығарыўға имканият берсе болды.

Танабай райком секретарының алдына қәйтип кирип барыўды, Чораның партия билетин оның столының үстине қойып болып өткен барлық ўақыяларды қалайынша иретлестирип айтып бериўди ойлап баратыр. Өз гүнасын мойынлап кеширим сорайды. Өзин тағы партия қатарына қайтарып алыўды өтиниш етеди, өйткени, ол партиясыз жасай алмайды. Онысыз ол өз өмирин көз алдына келтире алмайды.

Ал, егерде партиядан өшкен адамның партиялық документин алып келиўге не ҳақың бар десе қалай болады? «Сен коммунисттиң партбилетине қол тийгизбеўиң, бундай ислерге араласпаўың керек еди. Сеннен басқа да адамлар табылады» десе не қылады? Бирақ, Чораның соңғы әрманы усы еди дә. Ол өлмесинен бурын усындай деген еди. Буны оның баласы Самансур де тастыйықлайды. «Ал, не болыпты, ақыры жан талўасында болып, ийек атып атырған адам не демейди?» десе не дейди. Онда Танабай не жуўап қайтарады?

Гүлсары қатқалақ жолдан тасырлатып шаўып баратыр. Мине, ол шексиз даланы изде қалдырып, Александровка бәлентлигине көтерилип алды. Гүлсары Танабайды жүдә тез алып киятыр. Ол район орайына қалайынша жетип келгенин де билмей қалды.

Райондағы кеңселерде жумыс күни жаңа ғана басланып атыр екен. Танабай ҳеш жерде тоқтамастан, қан сорпа болған жорғаны туўры райкомның кеңсесине қарап айдады. Атты қазыққа байлап, үсти-басын қақты да, жүреги дүрсилдеп райкомниң кеңсесине кирди. Оған не айтар екен олар? Коридорда ҳеш ким көринбеди. Адамлар еле аўыллардан келип үлгермеген еди. Танабай, Қасқатаевтың қабыл етиў бөлмесине кирди.

— Сәлем, — деди ол секретарь қызға.

— Сәлем.

— Жолдас Қасқатаев өзи де ме?

— Аўа, өзинде.

рып баратырып өзиниң қайғы-ҳәсиретке шатылған жалғыз басын қай жерге тығарын билмей, бул тыныш ҳәм адамсыз жерде дәртлерин айтып, кеўилин босаталмай жүргенде, оған ҳеш ким жуўап қайтармай атырғандай еди. Танабай өзи ушын ҳаялының «Ғаррыы аңшының қосығы» деген наманы шертип атырғанын аңлады...

...Бурынғы заманда бир ғаррының жас ҳәмде қәҳәрли мерген баласы болған екен. Әкеси оған аңшылықтың қыйын тәсиллерин өзи үйретипти. Соңғылығында баласы әкесинен де бетер, атайы мерген болыпты.

Атқаны мулт кетпеген. Ушқан қус, жуўырған аң қулласы, ҳәр қандай қыбырлаған жанлы мақлуқ оның мергенлик пенен атқан оғынан қаймығып қутыла алмаған екен. Туўайын деп желинлеп жүргенлерин де аямаған, жас төллерге реҳими түспей, — обалынан қорықпай ата берген. Сөйтип ол таў ешкилериниң ең әўелги анасынан өрбиген сур Ешкиниң сүриўиниң туқымынан түк қалдырмай қырып таслаған. Ақырында тек Сур Ешки менен қартайған Сур Теке ғана қалыпты. Сонда Сур Ешки өзлериниң туқымының қурып кетпеўи ушын Сур Текени өлтирмеўди өтиниш етип жас мергенге сыйынып жалбарынған екен дейди. Бирақ, жигит оның өтинишине қулақ аспай, нәҳән Сур Текени бир оқ пенен сулайтып салады. Сур Теке жардың басынан жырага қулап кетеди. Сол ўақытта маңырап зарлаған Сур Ешки аңшыға бир қапталлап қырын қарап турып былай депти: «Енди мениң жүрегимди нышанаға алып турып гөзлеп ат! Мен орнымнан қозғалмай тураман. Бирақ, сен тийгизе алмайсаң. Бул сениң ең соңғы мәртебе атқан оғың болады!» Ақылынан алжасқан, қартайған Сур Ешкиниң бул гәпине жас аңшы күлип жибереди. Сөйтип оны гөзлеп, нышанаға алады. Мылтық гүрп етсе де, Сур Ешки тырп етпей тура берген. Атылған оқ оның тек алдыңғы бир аяғын жаралапты. Бурын атқаны қәте кетпеген аңшы жигит буны көрип өз-өзинен ҳаўлығып қалады. «Мине, енди, — дейди Сур Ешки оған шекшийип қарап. — Ал, енди мендей ақсақтың изинен қуўып жетип көр, жүйрик екениңди билейин» Оған жуўап ретинде жас аңшы тағы күлип жибереди де: «Қәне, қаша бер, буны да көрейик. Усынан изиңнен жетип алсам, меннен жақсылық күтпе, бирақ. Сендей қартайған мақтан-

шақты бауызлайман да, жайратып таслайман!» — дейди.

Сөйтип Сур Ешки ақсаңлап қаша баслайды. Аңшы оның изине түседи. Көп күнлерге дейин аңшы жигит ҳәлекшиликке түсип: шың демей, жыра-сай демей, қар-муз демей қууалай береди. Бирақ, Сур Ешки өзин алдырмайды. Аңшы болса мылтығынан әллеқашан айрылып, үстиндеги кийимлери де өрим-өрим болады. Сол жүристен ол оны қуудалаудың қызығына түсип, Сур Ешкиниң изинен қалмай жүргенде я жоқары, я төменге баратуғын жолы жоқ: я сыпырылып, ямаса секирип түсиуге имканияты болмаған бир қыямет-қайым шыңниң басына қалай шығып қалғанын өзи де сезбей қалады. Сур Ешки оны усы жерге дейин баслап келеди де: «Енди бул жерден мәңгиликке шыға алмайсаң. Ҳеш кимниң сени қутқарып алыуы да мүмкин емес. Мен өзимнен өрбип, жоқ болып, өлип кеткен ылақларымды жоқлап қәйтип жылаған болсам, сениң әкең де бас ушына келип, қайғыдан қабырғасы қайысып зар еңиреп қалғай. Барлық ешки туқымының түп сағасы болған мендей ғарры Сур Ешки қусап суп-сууық таудың, таслы жыралардың арасында бас ушында бүйирин таянып өкирип турғай, илайым. Налет жаусын саған Қарағул, жүуерпемек болып, жууадай солығайсаң...» — депти. Сөйтип Сур Ешки сол зар еңиреп жылауы менен тастан-тасқа секирип, таудан-тауға өтип кете берипти.

Жас аңшы болса, төмен қараған уақытта көзи тынып, мийи зеңип кететуғын сол шыңның басында қалыпты да барыпты. Ол шыңның басындағы тап-тар, бир табан жердиң үстинде маңлайын тасқа тиреп я жоқары, я төмен карауға қорқып, я оңына, я шеп жағына бурыла алмай қалыпты. Я аспан көринбейди, я жер көринбейди.

Бул уақытлары әкеси оны изленеген жер қалдырмаған еди. Таудың арасының бәрин де шарлап шықты. Әлленеткенде барып оның соқпақта жатырған мылтығын көргенде, баласының бир бәлеге жолыққанын биледи. Ол егленип турмастан, тик жарлы сайларды жағалап жууырып, қараңғы үңгирлерди тинтип: «Қарағул, қайдасаң, сен? Қарағул, дауыс бер!» — деп жүргенде, оған жууап иретинде тау-таслар: «....Қарағул, қайдасаң сен? Дауыс бер!» — деп өзиниң айтқан сөзин қайталап жаңғырып кетти.

«Мен мыңдаман, аға!» — деген даўыс еситилди кәпелимде қаяқтағы бир шыңның басынан. Ғарры жоқары қарап еди, шыңның ернегинде қонақлаған ғарғаның палапанындай болып турған баласына көзи түсти. Тек арқасын шыңның уша басындағы тастың ғырра ернегине сүйеп тур екен: артына айлана алмайды.

— Ол жаққа қалай барып жүрсең, қара маңлай балам-аў? — деп қорқып кетеди сонда әкеси.

— Сорама, аға, — дейди ол. — Мен бул жерде өзимниң пейилиме бола турман. Мени бул жерге Сур Ешки баслап келип еди, сөйтип барлық ғәзеби менен силейтип қарғап кетти. Мениң бул маңда турғаныма көп күн болды, күнди де, аспанды да, жерди де көре алмайман. Сениң түриңди де көрип турғаным жоқ, аға. Тек шүйкедей болып турман, аға. Мени өлтир, мениң ҳәсиретимди жеңиллестир, сеннен өтинемен. Өлтир ҳәм сөйт те мени өз қолыңнан жайғастырып жерле.

Әкесиниң не ислей алыўы мүмкин? Бул төменде зар еңиресе, жоқарыда турған баласы: «Мени тезирек өлтир. Мени ат, аға! Аяма мени, ат!» — деп жалына берди. Сол турыстан кешке дейин әкеси не қыларын билмеди. Күн батайын деп турған ўақытта, оны гөзлеп, атып жиберди. Сөйтип мылтықты тасқа урып сындырды да, өлип атырған баласының бас ушында турып жоқлаў айтты:

Мен сени өлтирдим, балам Қарағул,
Ҳалыма ким жылар, балам Қарағул.
Тәғдир жазалады, балам Қарағул,
Қысыўмет өш алды, балам Қарағул.
Аңшылық кәсибин, балам Қарағул,
Уаҳ, неге үйреттим, балам Қарағул,
Қусларды қыйраттың, балам Қарағул,
Жәниўарларды атың, балам Қарағул.
Тири жан ғәнийбет, балам Қарағул,
Дәстиңнен өлди ғой, балам Қарағул,
Жаҳанда жалгызбан, балам Қарағул,
Ҳеш инсан бул ўақта, балам Қарағул —
Көз жасымды көрмес, балам Қарағул
Мен сени өлтирдим, балам Қарағул;
Жаныңа қаст еттим, балам Қарагул...

...Танабай отаўдың алдында әййемги қырғыз жоқлаўын тыңлап отырып, мүлгип турған қап-қара таў-

лардың аржағынан айдың эсте-ақырын көтерилип, бир-бирине тутасып кеткен қыя жар таслы, қарлы бәлентликлердиң үстинде оның «илинип» турып қалғанын көрди. Сонда ол марҳум достынан кеширим сорап тағы жалбарынды...

Жайдар болса отаўдың ишинде отырып атайы аңшы Қарағул ҳаққындағы жоқлаўды шыңқобыз бенен бабына түсирип еле шертип отыр еди:

Мен сенни өлтирдим, балам Қарағул,
Жаҳанда жазгылбан, балам Қарағул...

## 23

Таң атып кеткен еди. Танабай ғарры жанып турған оттың жанында, жан тапсырып атырған жорғаның бас ушында отырып, соннан кейин болып өткен ўақыяларды ядына түсирди.

Сол күнлери оның область орайына барғанын ҳеш ким билмеди. Бул оның ақырғы мәртебе барыўы еди. Ол районда ғы кеңесте сөзин еситкен обком секретарын көрип, оған өзиниң барлық қайғы-ҳәсиретлерин айтып бергиси келди. Бул адамның оны түсиниўге ҳәм оған жәрдем беретуғынына исеними кәмил. Чора да ол туўралы жақсы сөзлер айтқан еди. Басқалар да оны мақтайды. Сол секретарьдың басқа областьқа жумысқа өтип кеткенин обкомға келгеннен кейин билди.

— Еситпедиңиз бе еле?

— Яқ.

— Егер жумысыңыз жүдә қыстаў болса мен тазадан келген секретарьға айтайын, бәлки, ол сизди қабыл етер, — деп усыныс етти қабыл етиў бөлмесиндеги ҳаял.

— Яқ, раҳмет, — деп басын шайқады Танабай. — Мен өзимше бир жумыс пенен келгенмен. Мен оны таныйтуғын едим, ол да мени билетуғын еди. Болмаса оны сорайман ба. Кеширерсиз, яқшы онда.

Ол өзи ойлаған дәслепки секретарьды жақсы билгенлиги менен ол да буны — ғиный шопан Танабай Бекасовты таныйтуғынлығына исенген түрде қабыл етиў бөлмесинен шықты. Неге танымасын, ақыры? Олар бирбиреўин таныўы ҳәм ҳүрмет етиўи мүмкин еди, ол буған гүманланбады. Сонлықтан да солай деп шығып кетти.

Танабай көшеге шығып автобус станциясына қарап жол алды. Пиво сататуғын жерде еки рабочий босаған бочкаларды машинаға жүклеп атыр екен. Кузовта турған жолдасына бочканы жумалатып шығарып берип атырған, төменде турған жигиттиң қәпелимде қасынан өтип баратырған Танабайға көзи түсти де, түри өзгерип кетти. Бул Бектай еди. Ол машина кузовына қыялап тиреп қойылған тахтайдың үстиндеги бочканы услап, Танабайға жумық көзлерин ғәзеп пенен тигип қарап, күтип турып қалды.

— Ҳәй, саған не болды, уйқылап қалдың ба?—деди гижинип Бектайға машина үстинде турған жолдасы.

Бочка төменге жумалайды. Бектай болса оны услап, бочканың аўырлығынан бүкшийип, Танабайдан көзин айырмай қарай берди. Бирақ, Танабай оның менен сәлемлеспеди. «Ҳә-ә, сен усы жерде екенсең ғой. Усы жерде екенсеңдағы. Ырыс жумысыңды тапқан екенсең. Пиво кәрханасына орналасыпсаңдағы, — деп ойлады Танабай тоқтамай өтип баратырып. — Бул жерде набыт болады ғой, бул! — деп ойлады тағы да адымын жай басып. — Жақсы адам болыўы мүмкин еди, я сөйлесип көрсембекен?» Ол изине қайтпақшы болды. Бектайды аяп кетти, оның барлық гүнасын кешириўге таяр еди, ол ақыл-есин жыйнап алса болды. Бирақ, ондай етпеди. Егер Бектай оның партиядан шыққанын билсе, сөйлескеннен пайда жоқ екенин түсинди. Бул тили ништердей жигиттиң алдында Танабай өз тәғдирин, өзи жақсы көретуғын шарўашылықтың абырайсыз болыўын кәлемеди. Үндемей сол турысында кете берди. Қаладан жол машинаға минип қайтты да, жол бойына Бектай туўралы ойлап келди. Думалап киятырған бочканың аўырлығынан оның бүкшийип турғанлығы, бир нәрсени күтип Танабайға тигилип қарағанлығы, оның көз алдынан кетпеди.

Сол жылы Бектайды сотлағанда Танабай, Бектайдың сүриўди таслап кеткенин айтты. Басқа ҳеш нәрсе демеди. Ол қалай да Бектайдың өз қәтесин түсинип, тобаға келиўин тәуир көретуғын еди. Бирақ, ол тобаға келиўди қыялына да келтирмеген усайды.

— Қамақ мүддетиңди өтегеннен кейин маған кел, — деген еди, Танабай Бектайға. —Оннан соң не ислеў керeклиги ҳаққында сөйлесемиз.

Ол ҳеш нәрсе демеди, ҳәтте басын да көтермеди.

Танабай оннан арыға кетти. Партиядан шығарылғаннан соң ол өзине исенииқкиремейтуғын болды. Ҳәммениң алдында өзин гүнәкардай сезди. Қалайда қорқатуғын, гуманланатуғын болып кетти. Ол бундай нәрселердин болатуғынын өмиринде ойына алмаған еди. Ҳеш ким оның бетине баспаса да бирақ бәри бир адамлардан өзин шетке тартып, гәп-сөзлерине араласпайтуғын, көбинесе үндемейтуғын болды.

## 24

Жорға Гүлсары басын жерге дастанып, жанып турған отқа қарап қыбыр етпестен жатыр. Өмир оны әсте ақырын изде қалдырып баратыр. Ол қырылдап, көзлерин алартып бежирейген ҳалында жалынға қарап жатқанында, таяқтай созылған аяқлары жансызланып баратыр еди.

Танабай жорғасы менен ырзалысып, оған соңғы сөзлерин айтты. «Сен бир әжайып қаназат едиң, Гүлсары. Сен өзиң менен бирге мениң ең зауықлы жылларымды алып кетип баратырсаң, Гүлсары. Өмиримше сени умытпайман, Гүлсары. Ҳәзир алдыңда сени ядкә алып атырғанымның мәниси мынадан ибарат: Сен жан тапсырып атырсаң, атақлы бедеўим, Гүлсары. Бир ўақытлары сениң менен о дүньяда ушырасармыз. Бирақ, мен ол жақта сениң туяқларыңның дүбирлисин еситс алмайман. Ақыр ол жақта жоллар жоқ. ол жақта жер жоқ, жасыл жайлаў жоқ, ол жақта тиришилик жоқ. Бирак, мен тири турсам, сен өлмейсең, өйткени мен сени ядыма түсирип жүремен, Гүлсары. Дойнақларыңның дүсирлиси мениң ушын сүйкимли қосық болып қалды...»

Танабай ғарры усындай пикирлер менен өмири жорғаның шабысындай тез өтип кеткенин, өзлериниң неликтен тез қартайып қалғанын ойлап, муңайып отыр еди. Өзин ғарры деп санаўға Танабайға бәлки, ерте шығар. Бирақ, адам ғаррылығынан, өзиниң қартайып баратырғанлығын, дәўири өтип кеткенлигин, енди тек қалған өмирин еплеп өткериў қалғанын ойлап та қартаяды.

Ҳәзир, жорға өлейин деп атырған мине, усы түнде Танабай өткен өмирин көз алдынан қайта өткизип, ғаррылыққа ўақтынан бурын көнликкенин, оны умытпаған, өзи излеп таўып алып, өз аяғы менен алдына

келген адамның мәсләҳәтине дәрҳал бойсынбағанына ҳайран қалды.

Бул ўақыя оны партиядан өширгеннен соң жети жыл өткеннен кейин барып жүзеге келди. Танабай сол ўақытлары Сары ҳаўыз аңғарындағы колхоздың егинлерине қараўыл болып ислеп, сол жердеги қараўылханада кемпири — Жайдар менен бирге туратуғын еди. Қызлары оқыўға кетти, оннан соң күйеўге тийди. Баласы техникумды питкерип, районда жумысқа орналасты, ол да енди үйли-жайлы болды.

Жаз күнлериниң биринде Танабай дәрья бойында от-шөп орып жүр еди. Ҳаўа ашық, қуяш жарқырап тур. Пишен оратуғын күн ырас-с. Аңғар жым-жырт. Шегирткелер шырылдайды. Ғаррылар кийетуғын аппақ кең дамбалының сыртына көйлегин түсирип алған Танабай, пишенди ғыршылдатып орып, бир тегис жайпап баратырған шалғы орақтың изинен ықласланып адымлап баратыр еди. Ол жақынырақ жерде жеңил «газик»тиң тоқтағанын, машинаның ишинен еки адам шығып, өзине қарап киятырғанын да сезбей қалды.

— Ассалаўма әлейкүм, Танеке, ҳарма! — деген сөзлерди еситти қапталынан. Айланып қарап Ибрайымды көрди. Ол еле де шаққан, еки бети қып-қызыл, семиз, қарны томпайып жүр екен. — Мине, биз сени ақыр соңында таптық, Танеке, — деп аўызы қулағына жеткенше ыржыйды, Ибрайым. — Райком секретарының өзи келди, сизди көриўге келипти.

«Ҳә, түлки сенин-әй!— Танабай ериксиз түрде ол ҳаққында заўыкланып ойланды. — Қашан көрсең, өзине қолайлы орын табады. Қара, қандай қатнаста екенин. Ең жақсы, ақ көкирек адамдай-ә. Ҳәр қандай адамға ес бола алады, ҳәр қандай адамның кеўилин табады!»

— Ўәлейкум ассалам, — деп Танабай олардың қолын қысып көристи.

— Танымай турсыз ба, ата? — деп жыллы жүз бенен сорады, Ибрайым менен бирге келген жигит, Танабайдың қолын жибермей.

Танабай жуўап бериўге асықпады. «Қай жерде көдим екен буны?» — деп өз өзине саўал берди. Оның алдында қандай да бир жүдә таныс, соның менен бирге көз алында жүдә өзгерип кеткен адам тур еди. Жас, ден саўлығы жақсы, ғайратлы, күнге қараўытқан, ашық жүзли, көз қарасы өткир, сур маўытыдан кос-

тюм, сабаннан тоқылған қалпақ кийген жигит. «Қаладағылардың биреўи шығар» — деп ойлады Танабай.

— Бул жолдас... — деп Ибрайым аўызын жасқан ядына салмақшы болды.

— Тоқта, тоқта, өзим айтаман, — деп оны тоқтатты да, Танабай күлип турып былай деди: — Таныдым, балам. Танымасқа бола ма? Тағы бир мәртебе көрисип жиберейик. Сени көргениме қуўанышлыман.

Бул Кәримбеков еди. Танабайды партиядан шығарып атырғанда, районда оны шыжа-пыжа болып жақлаған комсомол секретары еди.

— Егер таныған болсаңыз кел, бир сөйлесип алайық, Танеке. Жүр, дәрьяның жағасын бир айланып келейик. Сиз шалғыны алып орып турың, — деп Кәримбеков Ибрайымға қарады.

— Әлбетте, ораман, жолдас Кәримбеков.

Танабай менен Кәримбеков пишенликти аралап жүрип кетти. Дәрьяның жағасындағы тастың үстине барып бирге отырды.

— Мениң сизге қандай жумыс пенен келгенимди бәлки, сезген шығарсыз, Танеке? — деп сөз баслады Кәримбеков. — Көрип турман, сиз еле баяғыдай гайратлысыз, пишен орып атырсыз, демек, ден саўлығыңыз жақсы екен. Усыған қуўанаман.

— Қулағым сенде, балам, мен де қуўанышлыман.

— Гәп мынадай, сизге айқын болыўы ушын усыны айтайын, Танеке, ҳәзир өзиңиз билесиз, көп нәрсе өзгерип кеткен. Көп нәрселер дүзелип кетти. Буны меннен аз билмейсиз.

— Билемен. Айтқаның дурыс. Колхозымыздың турмысынан да мәлим. Жумыслар жанланып кеткендей көринеди. Ҳәтте, инанғың келмейди. Жақында мен Бестал аңғарында болдым. Әнебир жыллары мен тап сол жерде шопанлықтың жәбирин көрген едим. Енди көрсем басқаша. Тазадан қойхана салыпты. Бес жүз бас қой жайғасатуғын шиферланған жақсы жай. Шопанлар ушын да жай салыпты. Жанында сабанхана, сейисхана дегендей... Бизиң ўақтымыздағыдай емес, бәри де өзгерип кетипти. Қойлар қыслайтуғын басқа жерлерде де сондай. Аўылдың өзинде де адамлар жай салып атыр. Қашан барсам көшениң бойында жаңадан салынған жайды көремен, илайым буннан былай да усындай бола берсин.

— Биз де соның ғамында жүрмиз, Танеке Еле барлық нәрсе көўилдегидей емес. Бирақ, ўақты-сәти келсе ҳәммесин жөнлеймиз. Мен сизге бир жумыс пенен келген едим. Партияға өтиң. Жумысыңызды қайта караймыз. Сиз туўралы бюрода гәп болды. Ҳеш болмаса, кеш болғаны жақсы деген бар.

Танабай үндемеди. Бирақ бир түрли болып кетти. Қуўанып та, қапа болып та кетти. Барлық болып өткенлерди ядына түсирди, қайғы-ҳәсирет оған терең орналасып алған еди. Өтмишти түрткилеп, ол ҳаққында ойлағысы келмегенликтен:

— Жыллы сөзиң ушын рахмет, — деп миннетдаршылық билдирди Танабай райком секретарына. —Ғарыны умытпағаның ушын рахмет.

Соңынан бираз ойланып анығын айтты: — Енди мен қартайып қалдым. Партияға енди меннен не пайда түседи? Партияға енди мен не нс көрсете аламан? Енди мен ҳеш нәрсеге жарамайман. Мениң дәўирим өтип кетти. Сен наразы болма. Ойланып көрриўге мәўлет бер.

Танабай тәўирақ ўақытқа дейин бир жуўмаққа келе алмады. Ертең бараман, арғы күни бараман, деп артқа силтей берди. Ўақыт болса өтип баратыр. Ғарылықтан асып өтиў оған қыйын болған еди.

Бир күни атын ертлеп жолға түсти де, ярым жолдан қайтып келди. Неге? Наданлық етип қайтып келгенин өзи түсинетуғын еди. Өзине-өзи: «Қартайғанда ақылдан алжасып, жас балаға усап кеттим» — деди. Булардың бәрине ақылы алысса да, бирақ өзине-өзиниң күши жетпеди.

Сол сапары ол далада шаўып баратырған жорғаның шаңын көрип қалды. Гүлсары екенин дәрҳал билди. Енди жекке-сийрек көреди. Гүлсары жаздың күнги тақырлықтың шаңын қопсытып, аппақ из қалдырған еди. Танабай алыстан қарап турып қапа болып қалды. Бурынлары дойнағынан көтерилген шаң жорғаға илесе алмайтуғын еди. Ол ушқыр лашын қус сыяқлы изинде узын-шубай шаңды қалдырып зымырап кететуғын еди. Енди болса жорғаны ҳә дегеннен булттай қаплаған шаң орап алады. Ол алдында озып кетеди, бирақ демде өзи пайда еткен қойыў шаңның арасында ғайып болады. Енди ол шаң-тозаңнан озып кете алмайды. Демек, жүдә қартайған екен, ҳалдан кетип-

ти. «Аўҳалың шатақ, Гүлсары» — деп оны қайғырып ойланды Танабай.

Оның шаңда деми қысылып атырғанын, жүриске қыйналып атырғанын, үстиндеги адамның оны қәйтип қамшылап атырғанын көз алдына келтирди. Оның көз алдында жорғаның апалақлаған көзлери, шаң думаны арасынан шығып алыўға бар күши менен қанша урынса да, бирақ шығалмай атырғаны көринди. Араның қашықлығынан оның даўысын минип баратырған адам еситпесе де Танабай: «Тоқта, атты қатты айдама!» — деп бақырды да, өзиниң атын шапқылатып оның алдынан шықпақшы болды.

Бирақ, жеталмастан тез тоқтады. Егер ол адам оны түсинсе бир гәп еди, түсинбесе не қылады? «Сениң не жумысың бар? Саған усап буйырық беретуғынлардың садағасы кетейин. Қалай етсем, ерк өзимде. Жоғал бул жерден, ғарры ақмақ!» — деп жиберсе буннан аўыр қорлық болмас.

Сөйтип турғанда жорға шаңның арасынан гә көринбей, гә көринип қыйналып шаўып узақласып кетти. Танабай оның изинен көп ўақыт қарап турды. Соңынан атының басын бурып,изине қайтып кетти. «Дәўиримиз өтип кетти, — деди ол. — Қартайдық, Гүлсары. Енди биз усы турысымызда кимге керекпиз? Енди мениң де бурынғыдай күш-қуўатым жоқ. Ақырғы күнлеримизди өткериў қалды, Гүлсары...»

Бир жылдан соң Танабай жорғаны арбаға қосылған ҳалында көрди. Тағы да Танабайдың кеўили бузылды. Ол қатардан шығып қалған, ендиги қысыўмети күйе түскен күшенди мойынына илдирип алып, дәртке асыўдан қалған гөне арбаны сүйреўден ибарат болған, ғарры жорғаға қарап турыўды аянышлы көрди. Танабайдың оған қарағысы келмей терис бурылды.

Буннан соң Танабай жорғаны тағы бир мәртебе ушыратты. Бул сапары оның үстинде, труси ҳәм жыртық майка кийип алған жети жаслар жамасындағы бир бала көше менен кетип баратыр еди. Ол жалаңаш аяқлары менен аттың бүйирине тепсинип, оны өзи басқарып баратырғанына қуўанады. Түрине қарағанда баланың биринши атқа миниўи болса керек. Соңлықтан да оны оғада жуўас ҳәм бағыныўшы болып қалған ғарры Гүлсарыға миндирип қойған еди.

— Ата, маған қара! — деп мақтанды бала Танабайға қарап. — Мен Чапаевпан! Мен ҳәзир сайдан өтемен.

— Қәне, қәне, өткенинди мен көрип турайын! — деп хошеметледи Танабай.

Бала аттың дизгинин еркин услап, сайдан кешип өте баслады. Бирақ, ат жағаға өтип атырғанда бала шүйелип кетип, суўға шамбырлап түсип кетти.

— А-па-а! — деп өкирип жылап жиберди, қорыққан бала.

Танабай оны суўдан шығарып алып, аттың қасына әкелди. Гүлсары соқпақта өз аўырлығын гә ол аяғына, гә бул аяғына таслап тур еди. «Аттың аяғы аўырып тур, демек, аўҳалы шатақ» — деп ойлады Танабай. Ол баланы ғарры жорғаға миндирди.

— Айдай бер, енди жығылма.

Гүлсары жол менен әстен жүрип кетти.

Соннан соң жорға және Танабайдың қолына түсти. Ол атты тәрбиялап тик аяғынан турғызғаннан кейин, Гүлсары оны ең соңғы мәртебе Александровкаға алып барған еди, ҳәзир болса қайтып киятырып жолда өлип атыр.

Танабай баласиникине келинин ҳәм ақлығын көриўге, жақында дүньяға келген екинши ақлығының туўылыў мүнәсибети менен келген еди. Оларға саўға етип үйтилген бир қойдың гөшин, бир қап картошка ҳәм кемпири-жапқан нан, тағы басқа ҳәр қыйлы жемислерди алып барды. Ол Жайдардың аўырыўман деген сылтаў менен келмей қалғанының мәнисин соңынан түсинди. Ол ҳеш кимге айтпаса да келинин жаратпайтуғын еди. Баласы омыраўсыз, босаң болғанлықтан келини оған үстем болып шықты. Ошақ басында отыратуғын бул ҳаял «ҳа» десе, күйеўин қолына қонатуғын етип алған еди. Әдетте арзымайтуғын нәрсе ушын адамды қапа ететуғын, сырттан саятуғын, тек өзин жоқары тутып, сөзин өткеретуғын адамлар да болады. Келини де усындайлардың қыйлынан екен. Оның баласын жоқары жумысқа қоймақшы болған, соңынан орнына басқа биреўди тайынлап, буны шетлетипти. Соның ушын келини гүнасыз қәйин атасын шалаўатлады:

—Барлық өмиринди шопан, жылқыман болып өткеретуғынынды билгеннен кейи, партияға өтиўдиң нө кереги бар еди, саған. Бәри бир ақырында шығарып

жиберди, соның кесири балаңызға да тийди. Ол енди жүз жылға дейин бир жумыста қалады. Сизлер ол жақта таўда отырасыз, сиз қартайған адамларға соннан артық не керек! Бизлер болсақ, сизлердиң кесапатыңызға қалып отырмыз.

Басқа айтқанлары да усы мазмунда еди.

Танабай келгенине пушайман жеди. Келинин тыньшландырыў мақсетинде исенимсизлик пенен былай деди:

— Егер олай болатуғын болса, мүмкин, мен партияға тағы кириўди сорап көрермен.

— Сен оларға жүдә ғана кереқсең. Сени қашан келер екен, — деп күтип отырыпты олар. — Сиздей ғарры-қуртаңсыз жумыс питпейдимиш! — деп күлип жиберди келини.

Егер ол келини болмай, басқа адам болғанда Танабай бундай гәплерге шыдап тура алармеди. Бирақ жақсы болса да, жаман болса да олар өзиники болған соң не қылсын. Ғарры үндемей қоя қойды, гәп көбеймесин деди. Оның күйеўин жоқары жумыс орнына көтермегенниң себеби, әкесиниң айыплы болғаны емес, бәлки өзиниң саўатының кемислиги хәм усындай ҳаялға дуўшар болғанлығынан шығар. Өз қәдирин билген адам бундай ҳаялдан басының аўған жағына қашып қутылыўы керек. «Жигитти ер қылатуғын да, қара жер қылатуғын да ҳаял» — деп халық бийкарға айтпаған. Бирақ, ғарры өз баласын келининиң алдында бийабырай еткиси келмеди. Мейли, олар ғарры айыплы деп ойлай берсин. Соның ушын да Танабай баласыникинен тезирек шығып кетти. Олардикинде қонғысы келмеди.

«Ақмақсаң, ақмақ! — деп енди ол оттың қасында отырып келинине гижинди. — Япырмай-а, бул жақты жаҳанға сендей нәмсизлер қаяқтан келеди екен? Я арнамысты, я иззет-ҳүрметти, я басқаларға жақсылық етиўди билмесе булар. Тек, өзлеринди ойлайсызлар! Ҳәммени де өз аршынларыңыз бенен өлшейсизлер. Бирақ, сениң ойлағаныңдай болмайды. Мениң еле адамларға керегим бар, керек боламан...»

## 25

Таң алдында таўлар ағарып көрине баслады. Даланлық кеңейип, кем-кемнен жақтылана баслады. Жардың жағасындағы өшип қалған жалынның қараў-

ытқан шоқлы көмирлери әсте сөнип атыр. Оның жанында ийинине постынын жамылып, шашлары ағарып кеткен ғарры тур. Енди жорғаның үстине постын жабыўдың ҳәжети жоқ. Гүлсары о дүньяға раўана болған еди... О дүньядағы үйирине қосылды.

Танабай өлген атқа қарап турып ҳайран болды — оған не болды! Гүлсарының басы кекшийип жатқанлықтан, жүўенниң батып кеткен орны көринип тур еди. Қақ-қақ жарылған туяқларындағы темир тағалары ийилип, бүгилмеген аяқлары созылып жатыр. Ол енди қара жерди қайра-қайра басып жүре алмайды, жолларда өзиниң изин қалдыра алмайды. Кетиў керек еди. Танабай атқа ақырғы мәртебе ийилип қарады, оның от жанары суўып қалған көзлерин алақаны менен уўқалап жумылдырды да, жүўенди алды ҳәм изине айланып қарамастан жүрип кетти.

Ол даланлық арқалы таўға жол алды. Терең ой теңизинде толқып баратыр. Қартайып қалғанын, күни питип баратырғанын ойлай берди. Ол қанатларынан айырылып қалған жалғыз қус сыяқлы, тез ушатуғын топарынан кейинлеп қалып өлгиси келмеди. Ол пәрўаз етип баратырып өлгенди абзал көрди.

«Самансурға жазаман, —деген шешимге келди Танабай. — Хатқа былай деп жазаман: Жорға Гүлсары ядыңда ма? Әлбетте, ядыңда шығар. Мен оған минип райкомға әкеңниң партбилетин апарып берген едим. Мени жиберген сен един. Өткен ақшам Александровкадан киятырғанымда жолда мениң әжайып жорғам өлип қалды. Түни менен аттың жанында отырып, барлық өткен өмиримди ойлап шықтым. Жорға Гүлсары сыяқлы менде жолда өлип қаламан ба, қәйдем. Сен мениң партияға қайтадан кириўиме жәрдемлесиўиң керек балам, Самансур. Мениң санаўлы күнлерим қалды. Бурын қандай болған болсам, ҳәзир де сондай болғым келеди. Әкеңниң өз партбилетин райкомға апарып тапсырыўды меннен өтиниш еткениңди енди түсиндим. Сен әкеңниң баласың ҳәм енди — Танабай ғарры Бекасовты билесең...»

Танабай жүўенди ийнине таслап, кең дала менен кетип баратыр. Бетинен аққан көз жаслары сақалын ҳөллеп таслаған еди. Бирақ, Танабай оны сыпырмады. Бул жорға Гүлсары ушын төгилип атырған көз жаслар еди. Ол көз жаслары менен атып киятырған

таңға, таўдың етегиндеги тез ушып баратырған жалғыз қуба ғазға қарады. Ғаз өзиниң топарына асығып баратыр.

— Ўша бер, уша бер! — деп сыбырлады Танабай. — Қанатың талмай топарыңа жетип ал. — Кейнинен гүрсинип былай деди: — Ырза бол, хош енди, қаназатым Гүлсары!

Ол кетип баратыр, қулағына қырғыздың әййемги қосығы еситиледи.

...Әрўана бир неше күннен бери желип-жортады. Боталағын шақырады, излейди. Қайдасаң, қара көзли ғана боталағым? Бозлап бер! Желинимнен, тырсыйып кеткен желинимнен сүт ағып баратыр, санларыма сызылып ағып атыр. Қайдасаң? Жуўап бер! Желинимнен, тырсыйып кеткен желинимнен сүт ағып атыр. Аппақ сүт...

# СӘРЎИ БОЙЛЫ НИГАРЫМ





баларында да тезликти пәсейтпестен: тикжарлардың астынан зуўылдап өтип, пәт пенен шығарлыққа зымырайды, бирден тап аўдарылып баратырғандай түсерликке қулдырайды да, үстине жабылған брезенттиң шети бортқа жалпылдап тийип, тағы да алдымыздан зоңқ етип шыға келеди.

«Победа», бәри-бир жүйриклигин етти. Бизлер оны басып оза басладық. Мен оған бурылып қарап: «Бул не қылған есерсоқ адам өзи, буншелли қутырынып қайда асығып баратыр?» — деп ойладым. Сол ўақытта буршақ аралас жаўын қуйды. Булкәраның таў өткеллеринде ләмгершилик тез-тез болып турады. Жаўып турған буршақлы жаўынның сансыз қыя сызықларынан кабинаның айнасы, оның арғы жағындағы шофердың темекисин тислеп, бозарып кеткен түри булдыр-булдыр, елес-елес көринип кетеди. Бурылысларда қоллары рульдиң гә ол жағын, гә бул жағын қармаланады. Кабинада да, кузовта да ҳеш ким жоқ.

Арадан көп ўақыт өтпей-ақ Нарыннан келгенимнен кейин, мени Қырғызстанның түслигине, Ош областына командировкаға жиберди. Қәдимгидей биз журналистлердиң ўақты мудамы асығыс, тығын-таяң бола береди. Поезд жүрейин деп турғанда асығыпалбырап вокзалға келдим де, купеге сүңгидим. Айнаға бурылып алып, тысқарыға қарап отырған жолаўшыны да бирден аңғармай қалыппан. Поезд бир қәлиптеги тезликке түсип, жөнлесип кеткеннен кейин де, жаңағы жолаўшы бери қарай қоймады.

Радиодан қобызда атқарылып атырған таныс наманың даўысы жанлады. Ҳәрдайым қырғыздың усы ески намасы шертилген сайын мениң көз алдымда геўгим қараңғылығында далада кетип баратырған жалғыз атлы жолаўшы қосық айтып баратырғандай болып елеслейди. Жол алыс, дала кең, ат үстинде ойланып баратырып, бир қосықты әстен ыңылдап кете берсе болады. Ыңылдағанда да шын кеўилден ыңылдаса. Өйткени, дөгеректен тек ат туяғының тақыр-туқырынан басқа ҳеш нәрсе еситилмей өзи менен өзи болып, ер үстинде ыңылдап баратырған адамның кеўлинде ҳәр түрли әндийшелер аз болады деп ойлайсыз ба? Кеўилге ләззетли ҳәзлик бағышлайтуғын ҳазарсыз жағымлы қосық, тап салмадағы суўдың майда жылтырақ таслардың үстинен сылдырап ағып атырғанындай болып сезиледи. Қобыздың өлпең намасының ыр-

ғағында бәлентликлердиң аржағына батып баратырған қуяш, жән-жаққа салқын леп таратып есип турған самал, жолдың жағасындағы жап-жасыл жуўсан ҳәм сарғышлаў, селеўлердиң жайқалып, гүл тозаңларын төгип турғаны баянланып атырғандай еди. Кең дала жалғыз атлының ыңылдысын тыңлап, ойын ортақласып, оның менен бирге әсте ыңылдап баратырғандай сезиледи.

Ҳәзир поезд зымырап баратырған жерден бир заманларда сол жалғыз атлы жүрип өткен шығар... Бәлки, сол ўақытта да тап ҳәзиргидей болып, кең даланың көз жетпейтуғын көк жийегин ақшыллаў сарғыш иреңге бояп қуяш әсте батып, таўдың үстиндеги қарлар болса тап ҳәзиргидей қуяштың соңғы нурларын өзине сиңдирип алып, көгислеў түрге дөнип турып, тағы бирден геўгим тартып кеткен шығар...

Айнадан сыртта бағлар, жүзимликлер, жап-жасыл мәкке атызлары көринип қалып атыр. Жаңа орылған жоңышқа тийелген, қос ат жегилген арба темир жолды кесип өтетуғын жерге қарап зырлап киятыр. Ол ала сырықлы — шлагбаумның тусына келип тоқтады. Түри қуяшқа қараўытып, үстине күн алып кеткен жыртық майка кийип, ыштанының балағын дизесинен асырып түрип алған арбакеш бала орнынан турды да, поездға ыржыйып турып қызығып қарап, әллекимге қолын былғады.

Радиодан еситилип турған жағымлы нама, поездың желисине қосылып, адамды ҳайран қалдыратуғын дәрежеде бир-бири менен енисип кеткен еди. Ат туяғының дүсирлиси, рельслердиң тутасқан жерине тийип баратырған дөңгелеклердиң даўысы менен алмасып кеткендей болды. Жанымдағы адам болса шығанағын айнаның алдындағы кишкене текшеге тиреп, кейпин бузбай тысқарыға қарап отыр. Пәмлеўимше бул да сол жалғыз атлының қосығын ишинен үнсиз қайталап отырғандай еди. Ол ойланып отыр ма, я қапа болып отыр ма, әйтеўир оның бет әлпетинен мұңлы ҳәсиреттиң нышаны сезилип тур. Оның өзин-өзи умытып отырғаны соншелли, ҳәтте мениң купеде отырғанымды да билмейтуғын еди. Мен оның түрин анықлап көрип алғым келди. Бул адамды бир жерде көргендеймен? Ҳәтте, қаралтым қоллары, узын, мықлы бармақларына дейин таныстай көринеди.

Ақырында оны таныдым. Бул мени машинасына миндирмей кеткен, тап баяғы шофердиң дәл өзи еди. Сөйтип кеўлим қарар тапқандай болды. Чемоданнан китап алдым. Өзимди оған таныстырыўдың не кереги бар енди? Мүмкин, ол мени әллеқашан умытып кеткен шығар. Шоферлар ушын жол үстинде ондай тосыннан ушырасыўдың талайы болып турады.

Тап усы тақылетте бираз ўақытқа дейин бизлер ҳәр ким оз ойымыз бенен бәнт болып, тым-тырыс отыра бердик. Кеш болып қараңғы түсти, бирге отырған жолдасымның папирос шеккиси келип кетти. Ол папирос шығарып, шырпы шағыўдың алдында, көкирегин шуўылдатып, терең бир гүрсиниип алды. Буннан соң басын тиклеп, маған қарады да ҳайран болып, уялғанынан қызарып кетти. Таныған екен.

— Ассалаўма әлейкум, ағай, — деди ол айыплы адамдай күлимсиреп.

Мен оған қолымды созып:

— Алысқа баратырсыз ба? — дедим.

— Аўа. Алыс десе де болады, — деди ол папирос түтинин жеңиллеў ғана тартып отырып. — Памирге баратырман.

— Памирге дейсиз бе? Онда жолдас болады екенбиз. Мен Ошқа баратырман. Ал, өзиңиз отпуска алдыңыз ба? Ямаса басқа жумысқа аўысып кеттиңиз бе? — дедим мен.

— Аўа, соған усағанлаў... Шегесиз бе? — деп папирос узатты ол маған.

Бизлер папиросты пысқытып, бираз үндемей отырдық. Айтысатуғын төрели гәпимиз де жоқтай көринеди. Жолдасым тағы ойларға шүмди. Ол басын сәл төменлеў алып, поездның ырғағы менен тербелип отыр еди. Шамалаўымша, баяғы көргениме қарағанда ол әдеўир-ақ өзгерип кеткендей көринди. Азғын, бети собырайып, маңлайына терең сызық түскен. Үйирилген қаслары болса жүзине гам-гүңлик көлеңкесин түсирип турғандай болып тур. Ол бирден басын тикледи де, кеўилсиз күлимсиреп:

— Сизиң баяғы сапары меннен қатты кеўилиңиз қалған шығар, аға? — деди.

— Қашан? Ядымда жоқ! — деп оны қолайсыз жағдайға түсиргим келмеди. Бирақ, ол маған сондай бир исеним менен қарады дейсең, буннан соң мениң, әлбетте, мойынлаўыма туўра келди.

— Ҳә-ә... оннан бери бираз ўақыт болды ғой. Оның кеўил қалғандай неси бар? Мен умытқан екенмен. Жолда ҳәр қыйлы жағдайлар бола береди. Еле сиз, соны умытпай жүрсиз бе?

— Басқа ўақытта болғанда умытып та кетер едим, бирақ, сол күни...

— Сол күн не болды? Авария болған жоқ па?

— Қалай десем екен, авария болған жоқтағы, бирақ, басқа жағдай болды... — деди ол. Гәпин үзилиске түсирип күлип жиберди. Күлгенде де өзин мәжбүрлеп күлди. — Ҳәзир болғанда, сизди қәлеген жағыңызға апарып таслар едим. Енди, мине көрип отырсыз, өзиңиздей жолаўшыман.

— Зыяны жоқ. Ат бир баспайман деген жерин үш ирет басады деген. Еле талай гезлесермиз.

— Әлбетте, енди гезлессек кабинаға зорлап миндиремен, — деди ол басын екшеп.

— Ендиги сапары соған келистик ғой онда, — деп ҳәзилге алдым мен.

— Ўәде беремен, аға! — деди ол кеўилленип.

— Сөйтсе де енди, бирақ, сол ирет мени неге мингизбедиңиз?

— Неге дейсиз бе? — деди ол турған жеринде жуўасып қалды да, тым-тырыс болып, көзин жыпылықлатып, папиросын үсти-үстине симирип тартып. Мен орынсыз саўал бергенимди сезип, гәптиң бағдарын енди басқа жаққа бурмақшы болдым. Бирақ, ол папиросын, күл салғышқа салып өширди де:

—Имканияты жоқ еди... Баламды қыдыртып жүр едим. Сол ирет ол мени күтип турған еди, — деди.

— Балаңды ма? — деп ҳайран қалдым мен.

— Жағдай былай еди. Билесиз бе... Сизге қалай түсиндирсем екен, — деп ол өзин еркин тутыў ушын тағы папирос тутандырды да, бир ўақытта бирден мениң бетиме исеним менен тигилип қарап, өзи тууралы айта баслады.

Сөйтип маған шофердың әңгимесин тыңлаўға туўра келди. Еле Ошқа бараман дегенше поезд еки суткадай жүреди, алдымызда ўақыт көп еди. Мен оны асықтырған жоқпан ҳәм ҳәр қыйлы сораўлар берип гәпин де бөлмедим. Адам өзиниң басынан өткен ҳәдийселерди тағы да қайталап атырғандай гә күйип-жанып, гә ойланып тоқтап қалып, өз ерки менен сөйлеп берсе, әлбетте, бул жақсы болады. Бирақ, мен оның

әңгимесине «қосылып шаўып» кетпеў ушын өзимди тутып отырдым. Өйткени, мудамы ел гезип, ҳәр нәрсеге араласып кете беретуғын өзимниң журналистлик кәсибиме байланыслы, тап усы жигиттиң өзи жөнинде де, тәғдир оны дусластырған басқа адамлар жөнинде де азлы-көпли нәрселерди билетуғын едим. Оның шала айтып кеткен жерлерин сорап алыўым да мүмкин. еди. Бирақ, мен олай етпедим. Әңгимесин ең соңына дейин тыңлап болып сөйтпекши едим. Кейниннен бул пикиримнен де қайттым, буным жүдә дурыс болған екен. Ендиги әңгимени усы повестьтиң қаҳарманларының өз аўызларынан еситиң.

### 1. Шофердиң әңгимеси

... Булардың бәри де ҳеш күтилмегенде жүзеге келди. Ол ўақытлары мен моторластырылған бөлимдеги әскерий хызметтен босанып, армиядан жақында келген күнлерим еди. Әскерий хызметке бармастан бурын да он жыллықты тамамлап, шофер болып жүр едим. Өзим балалар үйинде тәрбияланганман. Ал, достым Әлибек Жанторин, меннен бир жыл бурын мүддети питип әскерий хызметтен қайтып келип, Рыбачьедеги автобазада ислеп атырған еди. Хызметтен босанғаннан соң мен де туп-туўры усы автобазаға келдим. Бизлер Әлибек екеўимиз: Тянь-Шань, ямаса Памирде ислеўди бирдейине аңсап жүретуғын едик. Автобазада мени жақсы күтип алды. Жатақханаға орналастырды. Ҳәтте, ҳеш жерине дақ түспеген, шыпт жаңа «ЗИЛ» машинасын берди. Ырасын айтсам, машинамды адамды жақсы көргендей етип тәўир көретуғын едим. Жақсы шыққан машина, күтип айдап жүрмен. Моторы жүдә күшли, пәтли машина еди. Солай болса да биз онша аўыр емес, жеңил-желпи жүк пенен жүретуғын едик. Тянь-Шань жолын өзиңиз жақсы билесиз, бул автотрасса дүньядағы ең бәленг таўлы жоллардың бири болғанлықтан, ойлы - шуқыры менен асырымлары көп. Таўда суў қәлегениңше табылады, бирақ соған қарамастан барлық ўақытта сақлықта қорлық жоқ дегендей суў алып жүриўге туўра келеди. Мүмкин, кузовтың алды бетиндеги мүйештиң шетине илдирилип қойылған суўлы камераға көзиңиз түскен болса керек. Жүк аз болса да алыс ҳәм ойлы-бәлентли жолларда мотор тез қызып, радиатор-

дың ерип кетиў қәўпи болады. Соның ушын мудамы суў алып жүриў керек. Дәслеп мен де қалай болмасын машинаға көбирек жүк тийеўдиң илажын izлеп, көп ўақыт бас қатырып жүрдим. Бирақ, буннан ҳеш нәтийже шықпады. Қалай деген менен таўдың аты таў еди.

Сондай болса да өз исиме кеўлим толатуғын еди. Бул жердиң өзи де, тәбияты да көзиме ысық көринеди. Автобазамыз да Ыссық көлдиң ғырра жағасына жайласқан. Бул жерге шет елден туристлер де келип турады. Олар көлдиң жағасында таңланысып, бир неше саат даўамына гезип жүреди. Әне, сондай ўақытлары мен өзимше «Паҳ! Буншелли гөззал, бунша көркем, ғайры нағыс көринисти басқа жерден таўып көр» — деп ишимнен мақтанатуғын едим.

Дәслепки күнлери бир түрли, иш қыста болып жүрдим. Бәҳәрдиң күнлери еди, жумыслардың балалаған мәҳәли, Сентябрь пленумынан кейинги дәслепки күнлерден баслап-ақ, колхозшылар қурылыс жумысларын ҳәўиж алдырып жиберди. Олар барлық ҳүжданы менен жумысқа берилип кетсе де, бирақ техника жетиспейтуғын еди. Соңлықтан да, автобазадағы машиналардың биразын колхозларға жәрдемге жиберетуғын болды. Әсиресе, жумысқа жақында киргенлерди, соның ишинде мени де сондай жумысқа жегетуғын еди. Трассаға түсип, енди жолға үйренистим дегенде, тағы ол жерден алып, аўылларға жөнелтеди. Жумыстың соншелли жуўапкерли ҳәм зәрүрли екенин түсинетуғын едим. Өйткени, мен шоферман, машинаға жаным ашыўы керек. Бәлким, машина емес, тәнҳа өзим ойлы-шуқырдан секирип аўдаңлап, аўыллардың арасы менен батпақ кешип баратырғандай боламан. Жоллар соншелли былғаншық, ҳәтте, ондайларды түсиңизде де көрмейсиз...

Күнлердиң биринде тазадан салынған малхана ушын колхозға шифер алып баратыр едим. Бул аўыл таўдың етегинде болғанлықтан, оған баратуғын жолдың өзи де тап усы таўдың жан баўырындағы шөлистанның үсти менен өтеди. Машина бир қәлипте баратырған еди, жол бираз сорығып қалған. Бирақ, аўылға жетейин деп турғанымда, машинам бирден әллеқандай жапқа барып қалды. Бул жол бәҳәрден берли көп жүрилгенликтен, қазғанағы шығып қалғанлығы соншелли, ҳәтте түйе түсип кетсе де, көринбейди де-

сең лап болмайды. Ондай етип көрсем де, бундай етип көрсем де, машинаны алды-артына айдап көрсем де ҳеш нәрсе шықпады. Шәппиктей болып жабысқан ылай оны өзине тартқаны сондай, тап атаўыз бенен қысып турғандай, ҳеш жаққа қозғалмайды. Оның үстине рульди қәҳәр менен қатты таўлап жибергеним-нен машинаның бир жери шырт етип шығып кетти. Сөйтип оның астына кириўге туўра келди. Барлық жерим батпаққа былғанып, қара терге түсип, жолды аўзыма келген сөзди қайтармай сөгип атыр едим, биреўдиң мен тәрепке жүрип киятырған аяқ тыпылдысын еситтим. Жатқан жеримдеги саңлақтан маған тек оның резинка етиги ғана көринеди. Етиклер тусыма жақынласып келип, табжылмай тура берди. Ашыўым келип кетти. Не қызыққа қарап тур, цирк бар ма бул жерде?

— Қәне, төбемде зеңирейип тура бермей, жолыңа түс! — деп бақырдым машинаның астынан. Көң тийип гөнерип, ылас болып қалған көйлегиниң етегине көзим түсти. Пәмлеўимше әллеқандай бир кемпирге усады, аўылға апарып тасла деп турған шығар...

— Жолыңнан қалма кемпир, — дедим оған тағы да. — Бул жерде еле тәўир-ақ, иркилемен, күтип турып шыдамың таўсылар, — деп едим, ол болса:

— Мен кемпир емеспен, — деди.

Ол бул сөзлерди бир түрли исенимсизлик пенен уялыңқырап айтқан еди.

— Кимсең онда? — дедим ашыўым келип.

— Қызбан.

— Қызбан, дейсең бе, — деп тағы етиклерине көз қыйығымды тасладым. Жекирингениме пушайман етип, кейнин ҳәзилге айландырдым:

— Сулыўмысаң? — деп сорадым.

Етиклер кетиўге таярланып, шетке қарай адымлай баслады. Буннан соң мен дәрҳал машина астынан шықтым. Қарасам, шынында да қаслары қыйылған, шамасы, әкесиники болса керек, камзолын ийнине салған қызыл шаршылы, талма бойлы, бир қыз турыпты. Ол маған тым-тырыс болып ғана телмирип қарап тур еди. Мен болсам топырақта отырғанымды да, балшыққа былғанғанымды да умытып:

— Шеп емес! Сулыў екенсең ғой! — деп оның бастан-аяғына нәзер таслап турып, мыйық тартып күлимсиредим. Ол шынында да шырайлы еди — Уси, мына

аяқларыңа шақ туфлий болғанда ма, — деп ҳәзиллестим орнымнан турып атырып.

Қыз бирден бурылды да, артына айланып қарамастан, жеделленип жүрип кетти.

Не болды оған? Кеўлине келди ме екен? Ҳәзиллесип туратуғын ўақыт емес. Бир түрли болып кеттим. Сөйтип изинен жуўырып жетип алмақшы болдым да, тағы кейниме қайтып, әсбапларды тезден жыйнастырдым да кабинаға секирип минип, машинаны гә алдыға, гә кейинге пәт пенен ыңырандырып айдай басладым. Тек бир ғана нәрсени — қызға жетип алыўды ойлаған едим. Мотор болса барынша ўарылдап, машина қалтырап силкинеди. Бирақ, ол турған жеринен бир адым да жылжымады. Қыз болса кем-кемнен алыслап баратыр. Мен ылайға батып, турған жеринде айланып атырған дөңгелеклердиң астына қарап:

— Жибер! Жибер, — дейман! Еситип атырсаң ба? — деп бақыраман. Кимге бақырып атырғанымды өзим де билмеймен.

Күшимниң барынша акселераторды бастым. Машина өкирип әсте-ақырын алға жылжый баслады ҳәм қандай да бир себеп пенен батпақтан атылып шықты. Ҳәдден тысқары қуўанып кеттим. Машинаны жолға шығарып, қол орамал менен бетимдеги батпақты сыпырып, шашларымды сыйпалап тәртипке салдым. Қызға қапталласып келип, машинаға тормоз бердим. Буншелли жигердиң қайдан пайда болғанын өзим де билмеймен, орынлыққа отырған жеримде жамбаслап, әбжиллик пенен кабинаның қапысын дәрҳал аштым да:

— Келиң! — деп мирәт етип қолымды создым.

Қыз тоқтамады, «Мә, аларсаң енди» деп басымды қасый басладым. Талпынып, ҳалласлап турған көкирегим басылып қалды. Мен оған тағы жетип алдым. Бул ирет кеширим сорап, өтиниш ете басладым:

— Кеўлиңизге келмесин! Мен, ақыры тек бир... Отырың! — дедим.

Сонда да қыз ҳеш нәрсе демеди.

Бирақ, мен тусынан қуўып өтип, машинаны жолға кеселеп қойдым да, кабинадан секирип түсип, оң тәрепке жуўырып өтип, кабинаны ашып керилип турып алдым. Ол қәўетерленип, буған қайдан тап болдым дегендей гүманланып, маған жақынлай баслады. Мен ҳеш нәрсе демедим, не деўим мүмкин? Басымды тө-

мен салып, күтип тура бердим. Маған мийрими түсти ме, я өзи солай иследи ме, әйтеўир басын бир шайқап қойды да, үндемей кабинаға минип отырды.

Бизлер жолға түстик.

Мен үндемей, қалай гәп баслаўды ойлап отыр един. Қызлар менен биринши мәртебе ушырасып атырғаным жоқ, солай болса да ҳәзир онын менен сөйлесиўге жүрегим даўамады. Неге солай екен-ә? Рульди айландырып отырып, оған урланып қарайман.

Қап-қара майда, нәзик шашлары шыйрылып-шыйрылып мойнына түсип тур. Камзолы болса ийинен жылысып түсип кеткенликтен, оны шығанағы менен илип, өзи маған тийип кетиўден сескенип, арманырақ ысырылып отыр. Көз қарасы ашыўлы болса да, улыўма бет әлпетинен меҳрийбанлық ҳәм адамгершилик сезилип турған еди. Жүзлери жайнаған, бет ажары тынық. Қабағын үймекши боладыдағы, бирақ, келистире алмай жол-жөнекей ықтыятлық пенен маған қарап-қарап қояды. Көзлеримиз ушырасып қалды. Ол мыйық тартты. Мине, усы ўақытта мен гәп баслаўға тәўекел еттим:

— Сиз бағанағы жерде, машинанын қасында неге тоқтаған единиз? — дедим.

— Сизге жәрдемлеспекши едим, — деп жуўап берди ол.

— Жәрдемлеспекши? — деп күлип жибердим. — Қалай да жәрдеминиз тийди. Егер сиз болмағанда, кешке дейин сол жерде жата берер едим... Сиз бирдейине усы жолдан жүресиз бе?

— Аўа. Фермада ислеймен.

— Жүдә жақсы! — деп қуўанып кеттим. Бирақ, дәрриў өзимди жөнлеп алдым да, сөзимди дүзиўлеп:
— Жол жүдә жақсы екен! — дедим.

Тап сол ўақытта машина шуқырға түсип, қатты силкингенде ийинлеримиз бир-бирине тийип кетти. Мен тамағымды қырынып жибердим. Көзлеримди қайда жасырыўды билмей қызарып кеттим. Ол болса күлип жиберди. Сол ўақытта мен де шыдай алмай ўаҳаҳалап күлип жибердим.

— Мен енди колхозға бармайман деп жүриппенаў? — дедим күлки аралас. — Егер жолда сиз усаған жәрдемшинин гезлесетуғынын билгенимде, диспетчер менен балтамтап айтысып отырмаған болар едим... Аҳ,

Ильяс, Ильяс! — деп өзиме-өзим кейидим.—Бул мениң атым, — деп түсиндирдим кейнинен қызға.

— Мениң атым Ҳәсел...

Бизлер аўылға жақынласа басладық. Енди жол бираз тегислеў еди. Мен машинаны сәл қаттырақ айдадым. Самал кабина айнасына соқлығып, Ҳәселдиң басындағы орамалын жулқылап, шашларын тозаңғытып жиберди. Бизлер тым-тырыс отырмыз. Екеўимиз де татлы сезимлер құшағына енип баратыр едик. Шығанағы-шығанағыма тийейин-тийейин деп отырған, мине усы қыз ҳаққында буннан бир саат бурын сен ҳеш нәрсе билмейтуғын едиң, енди болса тек сол ҳаққында ойлағым келеди. Бундай ўақытлары машинаны айдаў ҳәм аңсат ҳәм пайызлы болады екен. Ҳәселдиң қыялында нелердиң бар екенин билмейтуғын едим. Деген менен оның көзлеринен күлки ушқынлары шашырайды. Бәлки, маған усап ҳеш қашан ажыралмаслық ушын алысқа ҳәм тынымсыз жүриўге кеўили ҳаллас урып отырған шығар. Бул мениң арзыў, әрманларым, әлбетте. Машина аўылдың арасынан өтип баратырган еди. Сол ўақытлары Ҳәсел машинада кетип баратырғанын бирден есине түсиргендей:

— Тоқтатың, түсемен! — деди шоршыныңқырап.

Мен машинаға тормоз бердим.

— Усы жерде турасыз ба?

— Яқ, — деди ол, бир нәрседен қәўетерленип. — Сөйтсе де усы жерде түсип қала берейин.

— Неге енди? Туп-туўры үйиңизге апарып таслайын! — деп оның өтинишине қарамай, машинаны тағы айдадым.

— Усы жерде түсемен, — деди Ҳәсел сескенип. — Рахмет!

— Мейлиңиз, — дедим зордан. — Бирақ, машинам ертең бағанағы жерде тоқтап қалса, тағы жәрдем бересиз бе? — дедим ҳәзил аралас жөгилик пенен.

Ол жуўап бериўге үлгермеди. Түбимиздеги үйдиң көше беттеги қапысы ашылып, әлле нәрседен қәўетерленген жасы қайтқан ҳаял жуўырып шықты.

— Ҳәсел! — деп бақырды, бир нәрсени хабарландырмақшы болғандай қолы менен аўзын бастырып. — Қаяқларда қаңғырып жүрипсең, қудай атсын сени! Бар, тезирек кийимлериңди алмастырып кийип ал, жаўшылар келди.

Ҳәсел уялып қалды. Ийниннен камзолын да түсирип жиберди. Кейиннен оны жерден алды да, әдеп сақлап апасының изине ерип кетти. Ол үйге кирер ўақытта артына бир қайырылып қарады да, сол ўақытта қапы тық етип жабылды.

Мен үйдиң қасындағы қазықта байлаўлы турған, узақ жол жүрип терге батқан ертленген атларды енди байқадым. Отырған жеримнен турып, дийўалдан ҳәўлиге қарай басладым. Ошақ басында қатын-қалашлар үймелесип жүр. Үлкен самовардан бурқасынлап түтин шығып атыр. Әйўандағы еки адам жаңа сойылған қойды териден шығарыў менен ҳәлек. Қулласы, жаўшыларды кеўилдегидей етип күтип алып атыр екен. Мениң бул жерде көп турыўымның кереги жоқ еди. Барып жүклерди түсириўим керек.

Автобазаға кеш қайттым. Машинаны жуўып, гаражға апарып қойдым. Сөйтип, сол жерде бираз ўақыт айланшықлап жүрип, машинаның ҳәр жерин түрткилеп дүзеткен болдым. Бүгинги ўақыяның кеўилиме соншелли терең уялап алғанына өзим де түсинбеймен. Пүткил жол бойына өзиме-өзим кейиймен, гә өзимди жубатаман: «Ал, саған не керек? Қандай ақмақсаң өзиң? Ақыры, ол сениң кимиң өзи? Қалыңлығыңбеди? Я қарындасың ба? Әйтеўир, жолда ушырасып қалып, үйине апарып таслапсаң, ал, не болыпты! Тап бурыннан бир-бириңди сүйип жүргендей өкиниўиңе қара! Мүмкин, оның сен ҳаққында ойлағысы да келмейтуғын шығар? Сен оның көзинен бир-бир ушып турған жоқ шығарсаң. Ҳаў, қыздың айттырып қойған күйеўи болса, сен оның кими боласаң, ҳеш кими! Жолда ушырасқан бир шофер болсаң енди не? Саған усаған шоферлардың есап-саны жоқ ғой, ақыры. Сөйтип жүрип биреўлердиң исине араласыўға не ҳақың бар: олар қудамдалы болып атыр, жақында той береди, олардың жумысына тумсығыңды суғып не қыласаң? Ҳәммесине түпир. Сениң не исиң бар? Еплеп рулиңди таўлап жүре бер!».

Бирақ барлық бәле мынада еди, ол да болса өзимди қаншелли жубатсам да сол қызды ядымнан шығара алмадым.

Машинаның жанында ислейтуғын жумысым да қалмады. Жатақханаға барсам болар еди. Ол жерде кеўилли, адамлар көпшилик, қызыл мүйеш те бар. Мениң ол жаққа барғым келмеди. Кеўилим жалғыз

болыўды аңсады. Қолларымды дастанып машинаның кабинаға минетуғын басқышында шалқама түсип жаттым. Жанымда машинасының астында Жантай деген шофер айналшықлап жүрген еди. Ол шуқырдан басын шығарды да:

— Саған не болды, қайқы жигит? Қыял сүрип атырсаң ба? — деди мени масқаралағандай дегишпе етип.

— Аўа, ақша ҳаққында! — деп гәпти келтеден қайырдым жиним тырысып. Мен оны жақтырмайтуғын едим. Ол барып турған қәсийетсиз, жуўҳа ҳәм қасымкер жигит еди. Өзи басқалардай жатақханада да турмайды. Әллеқандай бир ҳаялдыкинде кирейге турады. Сыпсыңларға қарағанда оған үйлениўге ўәде берген-бис, не де болса үйли-жайлы болып алмақшыдә.

Мен терис бурылып алдым. Машиналар жуўылатуғын жерде жигитлер қыйқыўласып, бир-бири менен ҳәзиллесип жүр. Биреў кабинаның жоқарысына шығып алып, гезек күтип турған шоферлардың топарына брандеспойтдан сарқыратып суў сеўип атыр. Олар пүткил автобазаны басына көтерип ўаҳаҳаласады. Атлығып турған суў соншелли пәтли еди, ҳәтте үстине төгилген адамды қалай болса солай тентиреклетип жибере береди. Суў серпип турған жигитти кабина үстинен түсирмекши боладыдағы, бирақ, ол турған жеринде тайғанақлап, тап автоматтан оқ жаўдырып атырғандай, адамлардың арқасына суў серпип, бас кийимлерин ушырып жибереди. Бирден атылып шыққан суў аспанға көтерилип, қуяш нурлары астында оқжайдай ийилип жерге түсе баслады. Қарасам, диспетчеримиз Хатийша турыпты. Суў оның үстинен асырылып түсип атыр. Бирақ, ол қылт етпей тур. Хатийша өз қәдир-қымбатын билсе де, адамлардың өзине суқланып қарағанын тәўир көретуғын еди. Ол өзин қалай тутып жүриўди жақсы биледи, анаў-мынаў адамды аңсатлық пенен жанына жолатпайды да. Сонлықтан, ол ҳәзир сол исеним менен сескенбей, қәне серпип көрши, әўлийе екенсең дегендей писент етпей тура берди. Етикли аяқларын талтайтып, шпилькаларын аўзына тислеп, күлимсиреўи менен оны шашларына қадайды. Майда гүмис иреңли суў тамшылары оның басынан асырылып түсип атыр. Жигитлер мәс болып күлип, кабина үстиндеги жигитти өшегистиреди.

— Хатийшаны шомылдырып жибер!

— Бир келистир!

— Қаш деймен, Хатийша!

Жигит оған тәўекел ете алмай, атылып шығып атырған суўдың ағысын гә жоқарылатып, гә пәсейгеди. Оның орнында мен болғанымда басынан аяғына шекем малпақ-салпақ етер едим. Сонда да ол маған ҳеш нәрсе демей тек ғана күлер еди. Мен буны мақтаншақлық етип айтып атырғаным жоқ, әлбетте, басқаларға қарағанда Хатийшаның маған қандай да бир басқаша мүнәсибетте екенин өзим сезип жүретуғын едим. Ол мениң менен сөйлескенде басқашалаў: мүлайым ҳәм еркелеў болып көринеди. Ҳәзиллесип гүдиреклесем де, басын сыйпаласам да оған жағып қалады. Оның бирдейине мениң менен ерегисип, жәнжеллесип, тағы да дәрҳал меники орынсыз болса да, ол жеңилген болып жуўып-шайып жиберетуғынын жақсы көретуғын едим. Гейде оны киноға алып бараман, үйи жатақхананың жолының үстинде болғанлықтан, үйине апарып та саламан. Оның алдына диспетчерханаға тиккелей кирип бара беремен, басқалар болса тийисли жерине өтиниш етип хабарласады.

Бирақ, ҳәзир Хатийша да кеўлиме жайғаспады. Мейли, ол еркелей берсин.

Хатийша соңғы шпилькасын қадап болды да:

— Болды, болып қалған шығар енди, сонша ойнағаның! — деди ол ҳәмир етип.

— Әжеп болады, жолдас диспетчер! — деп кабина үстиндеги жигит қолын шекесине апарып буйрықты турған жеринде орынлады. Дөгеректегилер күлиўи менен жигитти кабина үстинен сүйреп түсирди.

Хатийша болса бизлер турған гаражға қарап келе берди. Жантайдың машинасының жанында тоқтап, биреўди излей баслады. Ол әдеўир ўақытқа дейин мени көрмеди. Арамызда гаражды бөлме-бөлме етип ажыратып турған сым торлар бар еди. Жантай шуқырдан басын шығарып:

— Сәлем, сулыў қыз! — деп сәлемлести.

— Ҳә, Жантай...

Ол көзлерин тесирейтип, Хатийшаның аяқларына қарап тур еди. Хатийша болса ийини түсип баратырғандай бир силкинип алды да:

— Ҳә, бүйтип неге бежирейесең! — деп етигиниң ушы менен Жантайдың ийегине сәл түртип жиберди.

Басқа адам болғанда оны сөгип жиберермеди, я өкпелермеди, әлле қәйтер еди. Жантай болса тап оның аяғын сүйип атырғандай езиўи қулағына жеткенше ыржыйып, шуқырға сүңгип кетти.

Хатийша торға жақынлағанда маған көзи түсип:

— Дем алып атырсан ба, Ильяс? — деди.

— Аўа, пәр төсекте жатырғандайман.

Ол бетин сым торға тийгизип, маған тигилип қарады ҳәм әстен ғана:

— Диспетчерханаға бар, — деди.

— Мейли.

Хатийша кетти. Орнымнан турып кетиўге таярландым. Жантай және басын шығарды:

— Жақсы нәрсе өзи, я! — деди қолларын уўқалап маған көзин қысып.

— Бирақ, сениң теңиң емес! — деп оған гәптиң посгеллесин айттым.

Оның ашыўы келип мениң менен урысар деп ойлаған едим. Урыс-жәнжелди жақтырмайтмандағы, бирақ ашыўымның келгени соншелли, өзимди қоярға жер таппай турған едим.

Бирақ, Жантайдың пәрўайы пәлек болып:

— Зыяны жоқ! — деп гүңкилдеди. — Аман болсақ көрермиз...

Диспетчерханада ҳеш ким жоқ еди. Не бәле бул? Қайда кетти екен. Ишкериге кириўден қапы жабылды. Артыма айнала бергенимде көкирегим Хатийшаның омыраўына тийип, дүгисип қалдық. Ол басын шалқайтып қапыға сүйенип тур еди. Сүзилген көзлериниң кирпиклериниң арасынан ушқын шашады. Ыссы деми бетимди үрлеп баратыр. Ол мениң қушақлап алыўымды, сүйиўимди күтип турғандай еди. Өзимди тоқтаталмай қалдым. Оған умтылдым да, бирақ, сол ўақыттың өзинде өзимди кейин серпип алдым. Бул айтқаным өтириктей болып көринген менен мен сол ўақытлары өзимди Ҳәселге қыянет етип атырғандай сездим. Бундай пикирдиң жүдә күлкили екени қыялыма да келмеди.

— Мени неге шақырдың? — дедим наразы болғанға усап.

Хатийша еле маған тым-тырыс болып, тымпыйып қарап турған еди.

— Сөйле, неге? — дедим шыдамым таўсылып.

— Неге шақырғанымды билмедиң бе? — деди ҳазарланып. — Қалайда қыя бағып қарамайтуғын болып баратырсаң. Ямаса, басқа бириўи табылып қалды ма?

Мен албырап қалдым. Маған неге өкпелейди екен? Қаяқтан биле қойды екен?

Сол ўақытта тесиктиң илдиргиши сыңғырлап Жантай басын суғып сығалады. Ол қысық көзлерин жаўдыратып, тыржыйып тур еди. Аңлымақшы болған екендағы. Аҳ, кеўилимде нелердиң бар екенин билгенде ме, бундай ислемеген болар еди.

— Алың жолдас диспетчер! — деди ишмерезлик пенен Хатийшаға қандай да бир қағазды узатып ол. Хатийша оған ашыўланып, олыйып бир қарады да, қағазды алмады. Бетиме урғандай етип ғәзеплениpermissions маған кийлигип кетти:

— Сениң ушын жолламаны ким алады? Арнаўлы шақырықты күтип жүрсең бе?

Хатийша қолы менен мени шетлетип, стол тәрепке тез өтип алды.

— Мә! — деп жолламаны узатты.

Мен оны алдым. Ертеңги жоллама және сол колхозға берилген еди. Жүрегим муздай болып кетти: Ҳәселдиң қандай жағдайда екенин билип турып, тағы сол жаққа бараман ба?... Сонда неге бунның өзи мени колхоздан колхозға жибере береди.

Ашыўым келип, қызып кеттим:

—Тағы да колхозға ма? Тағы қый менен гербиш тасыйман ба! Бармайман! — деп жолламаны столға ылақтырдым. — Болған шығар енди, соншама батпақ кешкеним. Басқаларды да жиберсин!

— Бақырма! Нарядың бир ҳәптелик! Керек болса тағы жибереди! — деди Хатийша маған.

Оннан соң мен басылыңқырап:

— Бармайман! — дедим өжетленип.

Ҳәр сапарғыдай Хатийша ҳәзир де бирден пәсине қайтты.

— Мейли, онда мен баслықлар менен сөйлесип көремен, — деди.

Ол столдан жолламаны алды.

«Демек, бармайтуғын болдым ба?» — деп ойладым мен. Енди Ҳәселди де ҳеш қашан көрмеймен бе? Бурынғыдан да бетер қыйнала басладым. Бирақ та, дәрҳал ырайдан қайтып, тағы да сол жаққа барыў-

ға бел байладым. Егер солай етпесем соңында өмир бойына пушайман ететуғыным белгили болды. «Мейли, не болары болар, бирақ бараман...»

— Яқшы, берман бер? — деп жолламаны тартып алдым.

Тесиктен үңилип турған Жантай мырсылдап күлип жиберди де:

— Ауылдағы бизиң шешеме сәлем айтып барарсаң, — деди.

Мен ҳеш нәрсе демедим. Кеңсиригине керилип турып бир урсаң. Қапыны тарс еттирип жаптым да жатыўға кеттим.

Ертеңине жолда кетип баратырып, әтирапқа қарап көзлерим дилгир болды. Қәне ол? Қәнекей енди, келисип қалған қәдди-қәўметин көзим шалып кетсе еди бир. Талма бойлы, қызыл шалғышлы дилбарым! Мүмкин, резинка етик, әкесиниң камзолын кийип алған дерсиз. Бийкар айтасыз! Мен оның қандай екенин өз көзим менен көргенмен!

Оның қай жери тутқын етти, жүрегимди неге буншелли өртеп баратыр?!

Ғыр-дөгерекке алақлап баратырман. Жоқ, ҳеш жерде көринбейди. Бул оны излеў емес, ал турысы менен азап болды. Қәне енди,, оны қалай табаман? Ауылға жетип, аўылдың арасындағы жол менен айдадым. Оның үйиниң жанына келгенде машинаны әстен айдап, ақырында тоқтаттым. Итимал, ол үйинде шығар? Қәйтип шақыраман, оған не деймен? Оның тағы ушырасыўының енди маған буйырмайын дегени ме? Жүкти апарып таслаў ушын машинаға газ бердим. Жүкти түсирип атырса да, кеўилимде үмит ушқынлары алыса берди: мүмкин, қайтарсын ушырасып қаларман. Бирақ қайтарсын да ушырата алмадым. Оннан соң машинаны ферма тәрепке бурдым. Олардың гөне фермасы тәўир-ақ алыста, яғный аўылдан узақта екен. Бул жерге жетип келип, бир қыздан сорадым. «Ҳәсел жоқ, бүгин жумысқа келмеди» — деди ол. «Демек, жолда мениң менен дусласып қалмаў ушын билқастан жумысқа келмеген» деп ойладым да оғада қапа болдым. Автобазаға қапа болып қайттым.

Екинши күни тағы жолға шықтым. Бирақ, енди ушырасыўды қыялыма да келтирмедим. Япырмай, мениң оған не керегим бар? Егер қыз бир жерге атастырылған болса, оны алағада етиўдин не кереги бар?

Сөйтсе де бундай болғанына исенгим келмейди. Себеби неге десеңиз, елеге дейин аўылларда қыз бенен жигитти бир-бирине көрсетпей-ақ сыртынан пәтия оқып жебере береди ғой. Бул ҳаққында нешше мәртебе газетадан да оқыдым. Бирақ жазған менен пайдасы не? Жаў кеткенсоң қылыш силтеўдиң кереги жоқ, пәтияны бузыўға болмайды. Атастырылғаннан кейин гәп тамам. Пәтияны бузыў қайырлы ис емес, еки жастың турмысы бузылады деген сөз... Мине, усындай пикир-қыяллар мийимниң ишинде шубалып кеткен еди.

Ол ўақытлары әйне бәҳәр еди. Таў етеклеринде лала гүллери ашылған. Бала ўақтымнан бери мен бул шоқтай жайнап турған гүллерди жақсы көретуғын едим. Жалаң аяқ шапқылап жүрип, қушақ-қушақ лала терип оған әкелип берсем! Бирақ, қәне ол, таўып көрши...

Бир мәҳәли қарасам — Ҳәсел! Көзлериме исенгим келмейди. Өткен сапары машинам батқан жердиң тап өзинде, бир шетлеўде жатырған қойнаў тастың үстинде отырыпты. Биреўди күтип отырған қусайды. Ол шоршып орнынан турды да албырап, басынан орамалын жулып алып, қолы менен мыжғылай баслады. Ҳәсел бул ирет жарасықлы көйлек ҳәм туфлий кийип алған екен. Жол соншелли алыс болса да ол бийик өкше туфлий кийип алыпты. Машинаны тоқтатыўға асықтым. Жүрегим дүрсилдеп баратыр.

— Сәлем, Ҳәсел!

— Сәлем, — деди ол әстен ғана.

Мен кабинаға миниўге жәрдемлеспекши болған едим, бирақ ол бурылып, жолдың бойы менен әсте жүрип кетти. Демек, кабинаға мингиси келмейди. Машина кабинасының қапысын ашып, оған қапталласып айдап кете бердим. Сол ўақытлары ол жолдың шетинде, ал мен рульде тым-тырыс болып баратыр едик. Мен не хаққында айтыўды билмей киятыр едим, бир ўақытта ол:

— Кеше фермаға келген сиз бе? — деп сорады.

— Аўа, не болды?

—Былайынша өзим. Ол жерге бармаң.

— Сизди көрмекши едим.

Ол ҳеш нәрсе демеди.

Мийимнен еле сол нәлетий атастырыў сирә кетпеген еди. Не болғанын билгим келип баратыр. Бирақ,

сораўға тилим бармайды. Жүрегим даўамайды. Оның не деп жуўап беретуғынынан шоршындым.

Ҳәсел маған қараған ўақытта:

— Сол гәп ырас па? — дедим.

Ол басын ырғап мақуллағанда, руль қолымнан шығып кете жазлады.

— Той қашан? — деп сорадым.

— Жақында, — деди әсте ғана.

Машинаны зыңғытып, басымның аўған жағына кетип қалыўыма сәл қалды. Тезликти көбейтиўдиң орнына керисинше ислеппен. Мотор бийкарға гүрилдеп тур. Ҳәсел шоршып өзин шетке алды. Мен ҳәтте, оннан кеширим де сорамаппан, сондай ўақытта кеширим ядқа келе ме.

— Енди қайтып ушыраспайтуғын шығармыз?

— Билмедим. Ушыраспаганымыз мақулырақ, — деди ол.

— Мен, мен бәри бир... Мақул болса да, болмаса да бирдейине сизди излеймен.

Бизлер және үнсиз қалдық. Итимал, екеўимиз де бир нәрсе жөнинде ойлап турған шығармыз, бирақ, екеўимиз еки жолдан баратырғандай: тап арамызда мениң оған жақынласыўыма, ал оның мениң кабинама миниўиме мәлел беретуғын қандай да бир дийўал турғандай еди.

— Ҳәсел, меннен өзиңизди алып қаша бермең,—дедим. — Сизге ҳеш қандай мәлел бермеймен. Сизди алыстан көрип жүремен. Келистик пе?

— Билмедим, бәлки...

— Кабинаға кел, Ҳәсел?

— Яқ, кете бериң. Аўылға жақынласып қалдық.

Буннан соң да бизлер ушырасып турдық. Ҳәр сапары гезлескенимизде бизлер тосаттан жүзлесип қалғандай болатуғын един. Жүрисимиз де бурынғыдай. Ол жолдың шетинен, ал мен кабинадаман. Оғада кеўилсизленип кеттим, бирақ. не ислей аламан, биреўди зорлап кабинаға миндириўге болмайды ғой, ақыры.

Болашақ күйеўи ҳаққында аўыз ашпадым. Қолайсыз жағдайда қалыўы мүмкин, қала берсе сораўды намыс көрдим. Бирақ, гәпиниң рәмәўзине қарағанда, Ҳәсел оны жақсы билмейди екен. Ол анасы тәрептен бираз жақын екен, шамасы бөлелери болса керек. Өзи болса узақта, таўдағы тоғай хожалығында туратуғын қусайды. Бул үйлер бурыннан гөне тамыр болып: бир-

бирине қыз берисип, қыз алысады екендағы, сөйтип әўладпа-әўлад ағайын-қарындас, қанлы көйлек әдетин сақлап киятыр екен. Бизлерде бундай қарым-қатнасқа жүдә жақсы ҳүрмет көрсетиледи. Сонлықтан, Ҳәселдиң ата-анасы оны өзге биреўге бериўди қыялларына да келтирмейди. Мен туўралы сөздиң болыўы мүмкин емес. Мен ким болыппан өйтип? Әлleқандай келгинди, заў-заддымның оларға он қайнаса сорпасы қосылмайтуғын бир бийшара шоферманадағы. Анығын айтқанда өзим де қыздан тәме етип аўзымды ашалмаған болар едим.

Сол күнлери Ҳәсел үндемейтуғын болып кетти. Қайғы-уўайым шегип, бирдейине бир нәрселер туўралы ойлап жүретуғын еди. Ал, мениң барлық ойларым менен исенимлерим самалға ушқан еди. Оның тәғдири шешилейин деп тур, ушырасыўдың да пайдасы жоқ енди. *Бирақ, бизлер жас балалардай, бул туўралы* гәп шашпай, ондай пикирлерден шетлеп, екеўимиз ушыраса бердик. Өйткени, бир-биримизди көрмей туралмайтуғын едик. Екеўимизге де бунысыз жасаў мүмкин еместей сезиледи. Бирақ, бизлерди алдымызда не күтип турғанын ойламадық.

Арадан бес күн өтти. Сол күни азан менен автобазада жолға шығыўға таярлық көрип атыр едим. Бир жолдасым келип «сени диспетчер шақырып атыр» — деди. Жуўырып кеттим.

— Қуўана берсен болады, — деди Хатийша кеўилленип. — Сени Долан трассасына жиберетуғын болды.

Мен турған жеримде силейип қалдым. Соңғы күнлери бирдейине колхозға барарман, деп ойлап жүр едим. Бирақ, кейинги күнлерде маған өмир бойына колхозға қатнаўым шәрт болып қалғандай еди. Доланға қатнаў көп күнлик жол, ким билсин, бирақ, Ҳәселди табыўға пурсат таба алар ма екенмен. Оған хабарласпай, тосаттан ғайып болып кетемен бе?

— Саған мақул түспеди ме деймен-ә? — деди Хатийша.

— Колхоз не қылады? Ол жердеги жумыслар еле тамам болған жоқ ғой еле,—дедим шыдамсызланып.

Хатийша ийнин қысып қойды да:

— Ол жаққа барыўды илгериде өзиң жақтырмай атыр един ғой, — деди.

«Алҳа, қолға түсирди» — деп ойладым мен де қәҳәрим келип.

— Бурын жақтырмасам жақтырмаған шығарман,— дедим де түбиреткиге отырып, не ислеримди билмей қалдым.

Жантай жуўырып кирип келди. Мәлим болыўына қарағанда мениң орныма оны колхозға жиберип атыр екен. Мен сергекленип орнымнан турдым. Жантай бас тартса керек, себеби аўылға қатнағанда норма азайып кетеди. Бунын мәниси қолға аз ақша түседи деген сөз. Бирақ, билмедим, сонда да жолламаны алды да, оның үстине қуўанып:

— Қәлеген жағына жибере бер, Хатийша, дүньяның арғы шетине болса да ықтыярың. Ҳәзир аўылда қойлардың әйне қозылап атырган мәҳәли. Саған да әкелип берейин бе? — деди. Соңынан бул жақта мениң отырғанымды көрип:

— Кеширерсең, мәлел бергеним жоқ па? — деди.

— Жоғал, бул жерден! — деп бақырдым басымды көтерместен.

— Ал, не қылып отырсаң, Ильяс? — деп ийиниммен түртти Хатийша.

— Колхозға мениң барыўым керек, мени жибер, Хатийша, — деп өтиниш еттим оннан.

— Есиң дурыс па өзиңниң, ирети жоқ, наряд тамам болған! — деди де маған тақатсызланып қарап: — Колхозға буншелли барғың келип қалыпты ғой сениң, — деди.

Мен үндеместен шығып кеттим. Гаражға келдим. Жантай мени масқара еткендей, тас болмаса қақтыра жазлап, машинасын зыңғытып жанымнан өтип кетти.

Машинаның қасында бираз ўақытқа дейин айланшықлап жүрдим. Бирақ, бир илажын таба алмадым. Жүк алынатуғын станцияға бардым. Ол жерде гезек күтип турганлар да көп емес екен.

Жолдасларым папирос шегемиз деп шақырса да, бирақ мен кабинадан шықпай отыра бердим. Көзимди жумдым да, Ҳәселдиң жолда мени қалай күтип турғанын елеслетим. Бир күн күтер, еки күн, үш күн... Соңынан мен ҳаққында не деп ойлаўы мүмкин? Қорқақ, қашып кетти деп ойласа-ә!

Мениң гезегим жақынласып киятыр еди. Алдымдағы машинаға жүк тийеле баслады. Кран үлкен-үлкен ящиклерди кузовка салып атыр. Тағы бираздан кейин

краннын астында мениң машинанамнын турыўы керек. «Кешир мени. Ҳәсел! — деп ойладым мен. — Кешир мени гөззалым, сәрўи бойлым! Саған хабарласа алмадым». Бирақ, сол ўақытта басыма тосаттан бир пикир келди: бағанадан бери сол жаққа барып, оған айтып қайтыўым мүмкин еди ғой. Жолға бир неше саат кешигип шыққанымда аспан жерге түсе ме? Автобаза баслығына кейнинен түсиндиремен, бәлки түсинер, түсинбесе бираз бақырар, ескертиў берер, онда да болмаса меннен жумысын алады да. Бағанадан бери усындай етиўим керек едидағы. Кеттим!

Машинамды изиме айдамақшы болып, дәрҳал моторды гүрилдеттим. Бирақ, артымда машиналар дизилисип тур еди. Сол ўақытта алдымдағы жүк тийелген машина орынды босатты. Гезек маған келди. Мен сәл ойланып қалдым.

— Машинанды әкел! Ҳәй, Ильяс! — деп бақырды краншы маған қарап.

Жүк алыў ушын машинамды алға жылжыттым Краннын тумсығы төбеме жақынласып киятыр. Болды, енди ис тамам! Экстралық жүк пенен бир жаққа жылжып көрши! Неге усыны бурынырақ ойланып көрмедим. Сапарға жөнелтетуғын киси келип документлерге белги қоя баслады. Мен кабинаның артындағы айнасына қарадым. Жоқарыдан кузовқа контейнер салланлап түсип киятыр. Ол кем-кемнен кузовқа жақынласып келе берди.

Әне, сол ўақытта мен:

— Пош-ш!— деп бақырдым да, машинаны бар пәрман менен зыңғытып, контейнер астынан атылып шықтым. Бир жақсы жери, моторды өширмеген едим. Артымнан бақырыс, ысқырық ҳәм сөгискен даўыслар еситилди. Бирақ, мен оларга итибар берместен машинаны складлар, тақлап қойылған тахтайлар ҳәм үйилген көмирлердин жанынан аўданлатып баратыр едим. Ойлы-бәлент жол менен қаладан шығып таў етегине, адамсыз жолға түсип алғаннан кейин рульге беккем жармасып алдым. Машина жол танабын қуўырып баратыр. «ЗИЛ» гә ол жаққа, гә бул жаққа алып қашып кетеди. Биз, бирақ, бундайларға үйренисип кеткен един.

Көп өтпей Жантайды қуўып жеттим. Алдына түсип кетпекши болып сигнал бердим. Ол кабинадан басын шығарып сурланып қарады. Албырап қалғанлықтан

жолдан шығып кете жазлады: мени таныды. Бул заңғарға қара! Биреўдиң асығып киятырғанын көргеннен кейин, оған жол бериў керек ғой. Бирақ, оның жол бергиси келмеди, маған тосқынлық етпекши. Оннан соң мен машинаны шетке будым да, сайдың иши менен туўрылап кеттим. Ол да машинасының тезлигин арттыра баслады. Енди ол маған жолға шығып алыўға мүмкиншилик бермеди. Әтирапта жол қағыйдасын бузғаны ушын жазалайтуғын ҳеш кимниң жоқ екенин биледи. Усы жарыста екеўимиз де ушырып баратырмыз. Ол жолда, мен сайдың иши менен. Екеўмиз де рульге жабысып алғанбыз. Жыртқышлардай бир-биримизге көз алартысамыз, сөгинемиз.

— Сен қаяққа? Неге?! — деп бақырды ол маған. Мен оған мушымды силтеп, абай етемен. Қалай деген менен мениң машинам жүксиз еди. Оны қуўып өттим. Артыма айналып қарасам, ол енди асықпай әсте-ақырын киятыр екен.

Ҳәселди ҳеш жерден таба алмадым. Аўылға келип машинамды олардың үйиниң алдында тоқтаттым. Тап пияда жуўырып келгендей, өкпем аўзыма тығыла баслады. Үйдиң қасында да, көшеде де ҳеш ким көринбейди. Тек ертленген ат қазықта байлаўлы тур. Не қылсам екен? Күтип турсам, машинаны көрип көшеге шығар деп ойладым өзимше. Тап бир нәрсесин дүзетип атырғандай, моторды ашып: ол жер бул жерин көре басладым, бирақ еки көзим қапыда. Онша көп күтпедим: қапы ашылып, ишкериден Ҳәселдиң анасы менен толықтан келген, қара сақаллы, тон кийген ғарры шықты. Қолында жақсы бир қамшы. Шамасы, ол ҳәзир ғана шайға қанып шыққан болса керек, терлеп-тепшип, қызара бөртип кетипти. Олар ат байланған қазыққа жақынласты. Ҳәселдиң анасы әдеп-икрам менен зәңгисин басып турып, ғаррының атқа омыраўын артып миниўине жәрдемлести. Енди билсем, ол жаўшыны атландырып атыр екен.

— Бизиң сизге кеўлимиз толды, қуда, — деди ол. — Енди бизден қәтиржам бола бериң, өз қызымыз ушын ҳәш нәрсени де аямаймыз. Қудайға шүкир, қуры қол емеспиз.

— Ҳә-ә, бәйбише, өкпелемеймиз, — деди ол ерде отырып, қәддин дүзеп. — Аллатаала жаслардың өмир жасын узақ етсин. Жақсылық етсек бөтен емес, өз перзентлеримизге етемиз. Қудайға шүкир, биринши мәр-

тебе қуда түсисип атырғанымыз жоқ. Ал яқшы, аман бол, бәйбише. Сөйтип жума күнге келистик-ә!

— Аўа, жума күни күтемиз. Жума шарапатлы күн. Жолың болсын. Қудағайға сәлем айт!

«Булар неге жума күни жөнинде сөйлести? — деп ойладым мен. — Бүгин қандай күн? Сәрсемби... Япырмай-ә, жума күни алып кетсе? Хә, әттегене, қашанға дейин усы ески үрип-әдетлер бизлердей жаслардың өмирине тосқанлық етеди?»

Ғарры атын таў бетке жорттырып кетти. Хәселдиң анасы атлы алыслап кеткенше изинен қарап турды. Соңынан мен бетке бурылып, сурланып қарады.

— Неге сен усы жерге үйирсек болып қалдың, хәй жалатайсымақ нәрсе, — деди ол. — Бул жер саған кәрўан сарай емес! Кетер өкшеңди! Қәне, кет, еситип турсаң ба? Саған айтып, турман.

Демек, әллеқашан сезген екен.

— Машинам бузылып қалды! — дедим өжетленип ерегисип хәм бел бууарыма келгенше капоттың астына кирип кеттим.

Яқ, оны көрмегенше хеш жаққа бармайман, деймен өзимше.

Кемпир бақырып-шақырып үйине кирип кетти.

Мен капоттың астынан шығып, машинаның бир қаптал қанатының үстине отырып, папирос шеге баслады. Қайдан шыққанын билмеймен, кишкене бир қыз пайда болды. Ол бир аяқлап хәккелеп, машина дөгерегин ғыр-гүбелек айланып жүр. Бул қыз Хәселге сәл-пәл усайтуғын еди. Оның сиңлиси емеспекен?

— Хәсел кетип қалды,— деди ол секирип ойнап жүрип.

— Қаяққа? — деп услап алдым оны. — Қайда кетти?

— Мен қайдан билейин. Жибер! — деп қолымнан жулқынып шықты да, қашып баратырып тилин шығарып ермекледи.

Капотты тарс еттирип жаптым да, рульге отырдым. Енди қайда бараман, оны қаяқтан излеймен? Ўақыт өтип баратыр, қайтыўым керек. Мен изиме қайттым. Даланлыққа жетип келип, жаптан өтетуғын жерде машинаны тоқтаттым. Не ислеў кереклигине сирә ақылым алыспады. Кабинадан түстим де, жерге аўнап жаттым. Жүрегим бир түрли бола баслады. Хәселди де табалмадым, сапарға шығыўдың да белине бир теп-

Машина бизлерди көл тәрепке алып баратыр еди. Мен оны дәрҳал жолдаи шетке бурдым да, туп-туўры, жолсыз жерге бурдым: от-шөплерди басып-женшип жағаға қарай айдадым. Төбеликте, тап суўдың жоқарысынан қарап тоқтадық.

Бул Ыссық көл —қырғыз жериниң ада болмас қосығы. Бул жерге келсеңиз ашық-машықлар ҳаққындағы әпсана ҳәм қосықларға исенбей бола ма ақыры! Көл бул ўақытлары мәўиж урып, минсиз ирең-бе-ирең дөнип жылўаланып тур еди.

Көгис толқынлар еркеш-еркеш болып, тап қол усласып алғандай, сарғышлаў жағалыққа қарай талпынады. Таўлардың аржағына қуяш батып баратыр, суўдың етеклери көзди қамастырып, қызғыш дөнип тур. Алысларда аспан гүмбезине бой созған қарлы таўлардың ақ шаңылтыр өркешлери көзге түседи. Бул өркешлердиң үстинде бозғылт думанлр үйирилип, жылжып жүр.

— Анаған қара, Ҳәсел! Аққуўлар! — деп даўыслап жибердим мен. Аққуўлар Ыссық көлге тек гүзде ушып келип, усы жерде қыслайды. Бәҳәрде олар бул жерге сийрек келеди. Адамлардың айтыўына қарағанда булар арқаға ушып баратырған түсликтиң аққуўлары-емиш. Олардың келиўи жақсылықтан, бахыттан дәрек беретуғын көринеди...

Аққуўлар топарласып, кешқурын көлдиң үстинде ушып жүрди. Қуслар гә жоқары көтерилип, гә қанатларын жайып төменге сарқыйды. Олар суўға қонып, қанатлары менен сабалап, көпирип турған суў тамшыларын жән-жаққа шашыратып, тағы аспанға көтериледи. Кейнинен олар тырналардай дизилисип, бир тегис қанат қағып, түнеў ушын қумлы жағаға ушып кетти.

Бизлер кабинада отырып, көлге үнсиз ықласланып қараймыз. Тап барлық нәрсени тыңдырып қойғандай былай дедим:

— Ҳә-ә. анаў жағадағы пәс жайларды көрип турсаң ба, сол бизиң автобазамыз болады. Мине, мынаў болса бизлердиң үйимиз, — деп кабинаны көрсеттим де күлип жибердим. Оны қайда алып баратуғын едим болмаса.

Ҳәсел көзлериме тигилип, өзин қушағыма таслады. Ол мениң қойныма тығылып ҳәм жылап ҳәм күлип отырып:

— Қәдирданым мениң! — деди. — Маған ҳәўлиҳәремниң кереги жоқ! Тек ата-анам кейнинен болса да, қашан болмасын мени түсинип, айыбымды кеширсе болғаны. Олар маған өмиринше наразы болады, буны жақсы билемен... Гүнә менде ме ақыры...

Тезден геўгим түсип, қасқарая баслады. Аспанды булытлар қаплап алды, көлге тынышлық шөгип, енди қараўытып көринди. Таў өркешлерине тап электр сымларын өткерип қойғандай, қызыл-жасыл от жайнап, көзлерди қамастырып тағы өшип қалады. Гүлдирмама гүлдирлеп, жасыл ойнап атырған еди. Аққуўлардың жолын өзгерткенинде де гәп бар. Таўда жаўыншашынға ушырайтуғынын алдын-ала сезген ғой.

Мине, гүлдирмама гүлдирледи. Жаўын шелеклеп жаўа баслады. Көлдиң бети шайқалып, толқынлар жағаға соқлығысты. Бул бәҳәрдиң биринши нөсери еди.

Бул бизлердиң өткерген биринши түнимиз болды. Кабина үстинен айналарды тасырлатқан жаўын суў қуйылғандай сызылып ағып атыр. Көп жерлерге дейин жайылған ақшыл көгис жасыллар қап-қара көлге созылып түсип атыр. Бизлер болсақ бир-биримизге тығылысып сыбырласып сөйлесемиз. Суўықсырағанлықтан ба, қәўетерленгенликтен бе, әйтеўир оның сәл қалтырағанын сезип отырман. Сонлықтан оны кастюмым менен орап қаттырақ қушақладым. Сол сапары өзиме-өзим үлкен адамлардай күшли болып көриндим. Соған дейин, мен өзимде буншелли меҳир-муҳаббеттиң бар екенлигин сезбеген екенмен. Биреўге меҳрибанлық ҳәм ғамҳорлық етиўдиң қаншелли заўықлы екенин де билмейтуғын едим. Оның қулағына: «Ҳеш кимге, ҳеш қашан сени қапа еттирмеймен, қызыл орамаллы дилбарым» — деп сыбырладым.

Арадан көп ўақыт өтпей-ақ, жаўын әдеўир пәсейди. Бирақ, шайқатылып атырған көл бесиктей тербетилип, толқын атып, жаўын суўдың бетин сабалап атыр еди.

Мен кабина қутысындағы жолда алып жүрилетуғын радиоприемникти алдым. Сол ўақытлардағы мениң арттырған дүньямның өзи де усы приемник еди. Музыка тыңлаўды жақсы көремен, соңлықтан приемникти бирдейине өзим менен бирге алып жүремен. Оның ҳәр жерлерин сазлап алып, керекли толқынды туттым. Тап ҳәзиргидей ядымда; сол ақшам театрдан «Шолпан» балетин алып еситтирип атырған еди. Ба-

летте шертилип атырған жағымлы ҳәм адамды мәлҳам ететуғын қудиретли музыка сести, тап сол қосықта айтылған шын муҳаббет ләззети — таў-таслардан, небир бәлент шыңлардан пәрўаз етип асырылып, бизлер отырған кабинаға ағып тур еди. Зал пүткиллей толқынланып, гүрилдеген қол шаппатлаўлар артистлерди қутлықлап, тамашагөйлер олардың атын айтып бақырысып атыр. Мүмкин, ойыншылардың аяқ астында гүллер төселип атырған шығар. Сөйтсе де, мениң ойлаўымша театрда отырғанлардың ҳеш биреўи де бизлер сыяқлы толқынлары мәўиж урып, пәт пенен жағаға талпынып атырған көл жағасында, сарқыраған жаўын астында, кабинада отырған бийқарар ашықлардай болып заўқы-сапа ләззетине ғарқ болмаған шығар. Бул бизлердиң балетимиз, ең дәслепки түндеги биринши балетимиз еди. Өз бахытын излеген қыз — Шолпанның тәғдири бизлердиң кеўилимизге оғада жақын еди. Мениң Шолпаным — таң жулдызым өзим менен бирге жанымда отырыпты. Ярым ақшамда ол басын ийниме қойып уйықлап қалды. Мен болсам көп ўақытқа дейин өзимди баса алмай әрманлы-татлы қыяллардың ағысында батып-шүмдим. Оның қас-кирпиклерин, бетлерин ҳазарсыз ғана сыйпалап, Ыссық көлдиң қалай толқынланып атырғанын, гүрсинип терең дем алғанын тыңлап отыра бердим.

Азанда бизлер автобазаға жетип келдик. Жақсылап ғана дәкки жедим. Бирақ,бундай қуўанышлы ўақыяға байланыслы кеширим берди. Буннан соң мениң жүк салатуғын кранның астынан қалай бирден қашып кеткенимди ядқа түсирип, бираз күлисип алдық.

Мениң Доланға кетиўим керек еди. Ҳәселди де өзим менен бирге алып жүрдим. Жолда оны достым Әлибек Жанторинниң үйине қалдырып кетпекшимен. Ол бала-шаға, үй-иши менен айланбадағы базада, Нарынның түбинде туратуғын еди. Бул жер шегарадан онша алыс емес. Бул жолдан жүргенде мудамы оның үйине қайырылып кететуғын едим. Әлибектиң ҳаялы жақсы адам — сонлықтан оны ҳүрметлеймен.

Биз жолға шықтық. Биринши гезекте жолдағы дүканнан Ҳәселге, әри-бери кийим алдық. Оның ийниндеги жалғыз көйлеги менен китапханадан алған еки китабынан басқа нәрсеси жоқ еди. Булардан тысқары үлкен, гүли жақсы, жүн орамал да сатып алдық. Усылай еткенимиз жүдә жақсы болған екен. Жолда би-

ринши ушырасқан адамымыз, тәўир-ақ жасқа барған шофер, ақсақалымыз Ормат аға болды. Ол алыстанақ маған тоқта деп белги берди. Машинаға тормоз берип тоқтадым. Қабинадан түсип сәлемлестик:

— Ассалаўма әлейкум, Ормат аға!

— Ўәлейкүм ассалам, Ильяс! Қолыңа бахыт қонынпты, қудайым бахыт берсин, үбирли-шүбирли болыңлар! — деп маған ҳақ пәтия берген болды.

— Рахмет, қайдан биле қойдыңлар, Ормат аға? — деп ҳайран қалыңқырап сорадым мен.

— Әй, иним, хошхабар дегенниң садағасы кетейин буның. Жолдың бастан ақырына дуў-дуў гәп етип айтысып жүр.

— Яғ-ә!—деп уялыңқырадым.

Жол үстинде турып гәплестик. Ормат аға,ҳәтте, машинаға жақынлап та келмеди. Ҳәселге көз қыйығын да салмады. Бир жақсы жери Ҳәселдиң өзи буны сезип, басына орайпек салып, жүзин жасырды. Сонда Ормат аға кәтқудалық пенен күлимсиреп:

— Мине, бул исиң орынлы болды! — деп ол кабинаға жақынлап келип, Ҳәселге қарап: — Раҳмет, қызым, сыйлағаның ушын рахмет. Ендигиден былай сен бизиң келинимизсең, автобазадағы барлық жасы үлкенлердиң келинисең, қызым. Еле олар жолда ушырасып қалар. Мине, Ильяс, саған көримлик. Келинди қурыдан-қуры көрсетпейди, — деп ол маған пул узатты. Мен оның қолын қайтара алмадым, себеби, ол бир түрли болып қалатуғын болды.

Бизлер хошласып тарқастық. Ҳәсел еле басынан орамалын алған жоқ. Қәдимги көргенли жерге түскен қырғыз келинлериндей, ол адамлар менен ушырасқанда уялып, бетин бастырады. Екеўизмиз қалғанда өзара күлисемиз, басына орамал жамылып отырған Ҳәсел маған бурынғыдан да шырайлы болып көринди.

— Ҳәсел, қәне, қасларыңды керип турып, мени шорп еттирип бир сүйип жибер, — дедим оған.

— Болмайды, жасы үлкенлер көрип қояды, — деди де сол заматында күлип отырып, биреў көрип қоймасын дегендей шаққанлық пенен шекемнен шорп еттирип сүйип алды.

Жолда баратырып буннан да қызық ўақыяларға ушырастық. Автобазаның трассадағы барлық шофер-

— Сәлем, Хатийша! — дедим оған кишипейиллик пенен. Ол үнсиз басын ырғады.

— Мына қасындағы қалыңлығың екен ғой? — деди истиң мәнисине енди түсинген Жантай.

— Яқ, ҳаялым — деп қайтарып тасладым да, Ҳәселдиң мойнынан қушақладым.

— Ҳә-ә, еле солай де? — деп Жантай көзлерин оннан бетер алартты. Ол қуўанарын да, қапа боларын да билмеди. — Ә-ә, қутлықлайман, шын жүректен қутлықлайман...

— Рахмет!

Жантай қайыл қалғандай тыржыйып:

— Жүдә өткир жигит екенсең! Қалың малсыз қолға түсирген шығарсаң-ә? — деди.

— Ақмақ! Айда машинаңды, — дедим оған.

Бул бузақының айтатуғын гәпине қара! Усындай адамлар да болады да бул дүньяда. Оның есинен шықпастай етип бир тәмбисин бережақ едим. Кабинадан басымды шығарып қарадым — алдымдағы жол бирден шеп тәрепке бурылды да, төбеликке көтерилди. Бурылып қарасам, Жантай машинасының жанында турып өзиниң шекесине түртип, ал Хатийшаға мушын көтерип айбат шегип атыр екен. Хатийша болса жолдан шетке бурылып, қула дүзде жуўырып баратыр. Жуўырып баратырып гүрс етип жығылды да, басын қоллары менен көлегейледи. Олардың арасында қандай гәп болғанын билмесем де, кеўлим бир түрли болып, буған өзим айыплыдай аяп кеттим. Ҳәселге ҳеш нәрсе дегеним жоқ. Оның кеўил хошына селтең бергим келмеди.

Бир ҳәптеден кейин Әлибектиң айтқан жайына орналасып алдық.

Жайымыз онша үлкен емес еди, еки өжире, бир дәлиз. Бундай жайлардың ол жерде бир қаншасы бар. Онда шоферлар бала-шағасы менен ҳәм жанармай пунктиниң рабочийлары турады. Жайымыз жолдың ғырра жағасында, Нарын да жүдә жақын еди. Қәйтсе де областьтың пайтахты ғой. Киноға, дүканға барып келиўге қолай. Кеселхана да бар... Тағы бир қолайлы жери, айланба — асырымдағы бул база жолдың бәндиргисинде еди. Биз тийкарынан алғанда Рыбачьеден Атбасы ГЭС-и аралығына қатнайтуғын едик. Арман баратырып та, берман кыятырып та жол-жөнекей үйге келип, ҳәтте, қонып қалыўға да имканият бар.

Мен ҳәр күни ўақтында үйге келетуғын едим. Гейде жолда иркилип қалсам да, бәри бир түнниң иши болса да үйге келемен. Ҳәсел мудамы мени күтип, қәўетерленип, кирпик қақпай отырады.

Сөйтип, бизлер үйге керек-жарақ тәўир-ақ нәрселерди сатып ала басладық. Әйтеўир, турмысымыз әсте жақсыланып киятыр. Ҳәселдиң жумыс ислегиси келди. Оның өзи аўылда туўылып өскенликтен, жумыс десе жан-тәни менен ислейжақ. Бирақ, күтилмегенде тағы да бир бақытқа гезлестик. Себеби, Ҳәселдиң аяғы аўырласып, оның ана болыўына аз ўақыт қалған еди. Қалай да бизлер буны байқамаппыз.

Ҳәсел көз жарған күни, мен Атбасы ГЭС инен қайттым. Оғада асығып, тынышсызланып киятырман. Ҳәсел Нарындағы туўыў үйинде жатырған еди. Келсем — ул туўыпты.

Ҳәселди жүзбе-жүз көрмекши едим, бирақ қанша түсиндирсем де бул айтқаным болмады. Сөйтсе де, бәри бир, қуўанышлыман. Машинаға миндим де, таўлардан-таўға асып айдап кеттим. Өзимниң еркиме күшим жетпей, машинаны барған сайын қаттырақ айдадым. Өзи де қыстың күни еди. Әтирапымда тек қарлы бәлентликлер. Алдымнан ақ, қара иреңлер зымырап өте бергенликтен, көзим тынып шапырасып кетеди. Долан бәлентлигиниң үстине желдей есип шықтым. Аспанға тийип турғандай үлкен шоққылардың жан баўырында булытлар жылжып жүр. Төмендеги таўлар оның қасында пәскелтек болып көринеди. Мен кабинадан секирип түстим де, тикжар түсерликтиң жағасына жуўырып барып, өкпемди кернеп, таза ҳаўадан дем алдым да, даўысымның барынша:

— Әй-й, таўлар! Мен балады болдым! — деп бақырдым.

Қыялымда таўлар ләрземге келгендей болды. Олар мениң сөзлеримди қайталап, көп ўақытқа дейин жаңғырып турды.

Баламызға Самат деп ат қойдық. Бул атты өзим қойдым. Ол бизлердиң үлкен ермегимиз болды. Бир күнлери күлетуғын болды, тиси шықты. Әйтеўир, жас ата-аналар сыяқлы, бизлер да оны жақсы көрип ардақладық. Бизлер бир-биримизди сүйгенликтен палдай татыўлықта жасайтуғын едик. Соңынан болса... Соңынан бақытсызлық жүзеге келди...

* * *

Бул бақытсызлыққа қайдан тап болғанымды ҳәзир қайтадан баян етиўдиң өзи теўир-ақ мүшкил нәрсе. Ҳәммеси араласып, төңкерилип, былғасып кетти... Өзим ғой енди билемендағы, бирақ пайдасы жоқ.

Бул адам менен тосаттан ушырасқан едик. Ҳәтте, оның бул ислерге ҳеш қандай қатнасы да жоқ еди. Мен буны соның ушын айтып атырман, өйткени: я ол, я мен ҳақыйқатында да бир-биримиздиң бул жақты дүньяда жасап атырғанымыздан бийхабар едик. Бир күни жолда қәпелимде ушырасып қалдық. Бул бизиң ең соңғы ушырасыўымыз екенлигине өзим гүман етпестен ажыралыстық. Бар гәптиң болғаны усы...

Гүздиң ақырына таман сапарға шығып баратыр едим. Ҳаўа адамды зериктиретуғын бир түрли еди. Аспаннан қар ма, жаўын ба, әйтеўир иплас майда тамшылар силпилеп тур. Думан тап таўдың жанбаўырлары менен созылып атыр. Жол бойынша кабина айнасын ысқылап туратуғын щетканы ислетип қойыўға туўра келди. Мен таўды аралап, сәл-пәл ишкериге кирип, Долан асырымына жақынлап қалған едим.

Аҳ, Долан, Долан! Тянь-шаньның айбатлы асырымы. Өмиримниң қаншадан-қанша күнлери оның менен байланыслы дейсең. Жолымыздағы ең аўыр, ең қәўипли жер усы еди. Усы жерге келгенде жол жыланның изиндей буратылып, машиналар гә солға, гә оңға бултанлайды. Шарқы пәлекке қыялап шығып баратырып, бултларды дөнгелек пенен жеңшип баратырғандай боласаң. Гейде отырғыштың арқалығына шалқайып кетесең, гейде рульге геўдең басылып, машина сени төмен қарай зымыратады. Буның үстине жараған түйедей болған ҳаўа ырайын айтпайсаң ба? Жаз болсын, қыс болсын, бул жерде бәри-бир. Демде силпи, я жаўын нөсерлеп қуйса, гейде қар ургини болғанда бир адым жердеги нәрсени көре алмайсаң. Мине, усындай бизиң Долан!... Бирақ, бизлер — тяньшаньлылар буған көнлгип кеткенбиз, көбинесе түнде қатнаймыз... Мен ғой ҳәзир буны айтып отырман, ол жерде жүргенде ҳеш нәрсе ойлаўға ўақытың болмайды.

Доланға жақын жердеги сайлардың биринде бир жүк машинасын қуўып жеттим. Оның — ГАЗ-51 машинасы екени анық ядымда, ырасын айтқанда қуўып

жеткеним жоқ, оның өзи тоқтап тур екен. Еки адам. Олардың биреўи жолдың ортасына қақайып шықты да қолын көтерди. Жолды бәнт етпеў ушын олардан өтиңкиреп тоқтадым. Мениң алдыма өне бойы ҳөлленген брезент плащ кийген, ал басына бүркенгиш жамылған бир адам келди. Оның жасы қырықларға барып қалған, қоңырлаў муртын солдатларша щеткадай етип қырықтырған, қабағы үйилиңкиреген, көзлери мүлайым ғана жаўдырап турған адам екен.

— Жол участкасына дейин апарып сал, иним, — деди ол маған. — Мотор ислемей қалды, трактор әкелемиз.

— Қайсы участкаға? — деп сорадым. Себеби, жолды оңлайтуғын участкалар көп еди. Бундай участкалар ҳәр он бес-жигирма шақырымда болады.

— Доландағы метеостанцияның берги жағындағысына.

Метеостанция асырымның ең бәлент жеринде, ал, жол оңлайтуғын участка болса, жети километр төменде, жолдан бурыўлаў еди.

— Миниң, апарып таслайын. Бәлки, болмаса усы жерде өзлеримиз бир иләжын табармыз, — деп кабинадан түстим. Олар трактор излеп себили шығып жүргенде күн батып қалар, еплеп көмек берейин. Жол оңлайтуғынларға болған ҳүрметим ушын усылай ислегим келди, себеби олар бизлер ушын машақат шегип атыр ғой.

— Не қыларсаң енди, ходланбай атыр, — деди ашық турған капотты жаўып атырған шофер мүләйимсип. Бийшара, суўыққа тоңып, көгерип қалыпты. Өзи пайтахттан келген болса керек, бул, қатардың шоферы емеслиги билинип тур. Албырап, әтирапына алаңлай береди. Шамасы, участкаға Фрунзеден бир нәрсе алып киятырған көринеди. Не ислеў керек? Мийиме қолайлы бир пикир келди. Дәслеп алдымдағы бәлентликке қарап алдым. Ол жерде ҳаўаның түри бузық, булытлар пәслеп көшип жүр екен. Ақырында бир ықырарға келдим. Ойлаған пикирим жүдә әҳмийетли болмаса да, мениң ушын сол ўақытта, қәўиплн ҳүжимге тәўекел етиўдей болып көринген еди.

— Тормозың саз ба? — дедим шоферға.

— Гәпине болайын... Тормозсыз жүриўге бола ма? Мотор ислемей атыр деп турман ғой саған!..

— Тросың бар ма?

— Ал, болғанда не қылажақсаң?

— Берман әкел, мениң машинама байла.

Екеўи де орнынан қозғалмай, исениңкиремей маған тигилип қарап турды.

— Не бәле, жин урғаннан аманбысаң? — деди шофер әсте ғана.

Минезим солай ма, билмеймен. Жақсы болсын, жаман болсын, оның менен исим жоқ, бирақ, өзиме қонымлы бир пикир келди ме, өлип кетсем де бәри бир оны иске асырмай қоймайман.

Мен шоферға жалынып-жалбарына басладым.

— Берман қара достым, тросыңды байла! Қудай урсын, баратуғын жериңе апараман.

— *Қойсаң-ә!* — *деп қолын силтеди ол.* — *Қалай* енди, бул жерде сүйреткиге алыўға болмайтуғынын билмейсең бе? Бар, жолыңнан қалма!...

Ол тап мениң ең әҳмийетли ҳәм үлкен өтинишимди қайтарып таслағандай, маған усындай етип терис қарады.

— Әй еш-шек, қорқақ! Қорқақсаң! — деп машинама қарай жүрдим. — Кәне, жүриң, кеттик! — деп шақырдым муртлас кисини. Кейнинен билсем, ол жол оңлайтуғын усталардың бири екен.

— *Тура тур!* — *деп тоқтатты ол* мени ҳәм бетиме бир тигилип қарады да, шоферға:

— Тросты әкел, — деди.

Ол еки ойлы болып:

— Өзиңиз жуўап бересиз? — деди жол оңлайтуғынға, — машина сизиң ықтыярыңызда, Байтемир аға.

— Ҳәммемиз жуўапкермиз! — деди ол қысқа етип.

Маған бул гәп қонып кетти. Бундай адамларға тез ўақыт ишинде ҳүрметиң артып кетеди.

Сөйтип машинаны сүйреткиге алып жолға түстик. *Дәслеп әнедей болып жүрип* келе бердик. Доланға жақынлаған сайын, жол кем-кемнен бәлентке, таўға көтерилип, гә жанбаўыр менен, гә тикжар менен пәслеп баратырмыз. Жүриў қыйынласты. Мотор ыңыраның қулаққа тек гүўилдеген даўысы еситиледи. Яқ, қаншелли наразы болып ыңырансаң да, бар күшиңди иске саламан. Доланда жүриў қаншелли машақатлы болса да бәри бир, машиналарда алзы-көпли күштиң сақланып қалатуғынын бурыннан билип жүр едим Жолдың жаманлығын есапқа алып, ҳәмме ўақыт нормада көрсетилген жүктиң жетпис процентин жүклей-

ди. Көрсетпе сондай. Бирақ, сол ўақытлары мен буны ойламаған едим, әлбетте. Ойлап отыратуғын ўақыт та емес еди-дә. Гүресиў алдында палўанларда жеңиске зор исеним күши пайда болғанындай, менде де ҳәзир тап сондай ғайбана күш қайнап тасып тур еди. Ойлаған пикиримди сынап көриў, мақсетке ерисиў, машинаны тийисли жерге жеткериўде оларға жәрдем бериўден басқа ҳеш нәрсени ойлаған жоқпан. Бирақ, буны иске асырыў аңсат емес екен.

Мениң машинам қалт-қалт етип дирилдеп, зарығып, соңғы күшлерин сарп етип киятыр. Ызғар ҳаўа кабина айнасын дағаллап, тазалайтуғын щетка оны зорға артып үлгереди. Әлле қаяқтан булытлар жапырылып келип, тап дөңгелеклердиң астына оралып, жолдың бағдары менен көше баслады. Жолдың өзи де айланбаларда тикке көтерилип, бирден бурылып кетеди. «Жоқ жердеги бәлени басыма сатып алғаным» ушын өзиме-өзим кейип отырман: мына адамларды бир бәлеге жолықтырып алмасам болар еди. Бул жөнинде ойлағанымда машинадан бетер өзим көбирек қыйналдым. Үсти-басымды: малақай, гүртеше, костюм, жүн көйлегимди — ҳәммесин шешип тасладым. Көйлекшең отырсам да, тап моншада отырғандай тула бедениммен пуў бурқырап атыр. Аңсат па ақыры, сүйреткидеги машинаның өзи қанша, оның үстиндеги жүги де өзине ылайық. Бир жақсы жери, Байтемир аға машинаның қапталында турып, издегиге ымлап, маған даўыслап айтып, ҳәрекетти басқарып киятыр. Ойлы-бәлентли гедир-будыр, қыйсақ жол менен киятырғанлығымыздан, мен оны бәле-мәтерден өзин сақлаў ушын бир жерде секирип түсип қалар деп ойлаған едим. Керисинше, ол қылт етпеди. Таўдың шыңына қонған бүркиттей мардыйып алып, кабинаға жабысып тура берди. Оған бир қарап едим, тап бет-әлпети тастан жонылғандай болып, суў тамшылары бетинен, муртынан сорғалап, кем-кемнен кеўили жай тапқандай болып киятыр екен.

Биз тағы да бир үлкен қыямай асырымнан өтсек, жеңиске ерисер едик. Тап сол ўақытта Байтемир аға кабинаның айнасына еңкейип:

— Абайлы бол, алдыңда машина киятыр! Оң қапталға алыңқыра, — деди.

Мен оң тәрепти пайытладым. Таў бәлентлигинен жүк машинасы түсип киятыр екен. Бул Жантайдың

машинасы еди. Енди жақсы болмайды, қәуипсизлик инженери мени сазлайтуғын болды. Себеби, Жантай оларға сандалап барады. Ол кем-кемнен жақынласа берди. Рульге маймылдай жабысып, көзиниң астынан қарап төмен түсип киятыр. Бир ўақытта бизлер қол жететуғындай дәрежеде қапталласып келип қалдық. Екеўимиздиң кабиналарымыздың айналары сәйкес келгенде, Жантай сары түлки малақай кийген басын шалқайтып, гийне тутқандай ийзеп қойды. «Хә, шайтан! Тилиң қышып жүрген болса, аўзыңа сыйғанын айтып барарсаң» деп ойладым мен.

Бәлентликке де шығып алдық. Жол төмен қарай бир қыялап кетеди. Әне, усы алдымыздағы қәўиптен еплеп өтип кетсек, жол дүзетиў участкасына қарай бурыламыз. Машинаны солай қарай бурдым. Қәйтсе де сүйреп жеткердим ғой. Моторды өширип едим, қулағым ҳеш нәрсе еситпей питип қалды. Көз алдымдағы нәрселердиң бәри қатты уйқыға кеткендей «тырс» еткен сес жоқ. Байтемир жерге секирип түскенде ғана қулағым ашыла баслады. Кабинадан зорға сүйретилип шықтым да, дәрҳал аяқ қоятуғын қапталға сүйенип отырып қалдым. Демим қысылып, диңкем қурып баратыр, оның үстине таўдың үстиниң ҳаўасы сийрек, жеткиликсиз еди. Байтемир жуўырып келди де, жаўырныма гүртешемди жаўып, басыма малақайымды нуқып басып кийгизди. Издеги машинадан түскен шофер аяған сылтып басып, түри бозарып, үндемей келе берди. Ол қарсы алдыма келип, дизерлеп отырды да, сигаретти пачкасы менен узатты. Қолларым қалтырап сигаретаны алдым. Ҳәммемиз пысқытып шегип алғаннан соң бойымыз жеңил тартып, өзимизге келдик. Мениң және жигерим тасып, ғайры ҳәм ғайбар кеўилим қайнап тасып кетти.

— Хә, көрдиң бе, қалай?! — деп шофердың жаўырнына дөндирип жибергеним, ол шоңқайып отырып қалды. Кейининен үшеўимиз де орнымыздан ырғып турып, бир-биримизди ҳәзил иретинде түйгишлеп, күлисип, жулқыласып, әлле нәрселерди бақырып айтысып болып қалдық.

Бир мәҳели тынышланып тағы шеге басладық. Кийимлеримди кийип, саатыма сер салдым да, кетиўим керeклиги дәрҳал есиме түсип асықтым.

— Ал, мен кетейин!— дедим.

Байтемирдиң қабағы үйилди:

— Яға-ә, үйге жүрсең, қонып кет! — деди.

Мениң иркилгендей ўақтым жоқ еди.

— Рақмет! — деп миннетдаршылық билдирдим оған. — Ирети болмай тур. Тезирек үйиме жетиўим керек, ҳаялым күтип отырған шығар.

— Қала бергениңде не қылады? Бир шийшениң аўызын ашып, бирге мурын тыржыйтысар едик, —деди шофер жигит мени көндирмекши болып.

— Зорлама, болмайды екен, — деп оның сөзин бөлди Байтемир. — Ҳаялы күтип отырған шығар. Атың ким сениң?

— Ильяс.

— Кете бер, Ильяс. Рахмет саған, бизлерди машақаттан қутқардың.

Байтемир кабинаның қапталында турып мени гүзар жолға дейин шығарып салды да, үнсиз қолымды қысып секирип түсип қалды.

Таўдың төбесине көтерилип баратырып, кабинадан басымды шығарып қарадым. Байтемир еле жолдың ортасында зеңирейип тур екен. Ол қолындағы малақайын жымырып, басын төмен алып бир нәрселер ҳаққында ойланып тур еди.

Мине, солай.

Үйге келгеннен соң буларды шетинен сыпыртып Ҳәселге айтып отырмадым. Бирақ, жолда адамларға жәрдемлескеним ушын кешигип қалғанымды айттым. Мен ҳаялымнан ҳеш нәрсени қыпса сақламайтуғын едим. Сөйтсе де, бундай нәрселерди айта бериўди мақул көрмедим. Ол бунысыз да, мен бир жаққа кетсем. жолыма айдай қарап, көзлери төрт болып отырады. Ендигиден былай бундай жөнсизликти қайталаўды да ойламадым. Өмиримде бундай ҳәдийсе бир болды. Долан менен күш сынасып көргенимниң өзи жеткиликли шығар. Егер усы сапары аязлап аўырып қайтпағанымда буны ертеңине умытып та кететуғын едим. Үйге еплеп жетип келдим де, сылқа түстим. Не болып, не қойғанын билмеймен. Албырап, алаңлап тап сол машинаны сүйреткиге алып, Доланда киятырғандай бола беремен. Күшли қарлы боран бетимди жандырып баратырғандай ентигип дем алалмай қыйналаман, баранканы айландырсам, пахтадан исленгендей қолларыма жабысып қалады. Көз алдымда шексиз асырым. Машинаның моторы тынымсыз гүрилдеп жоқары көтерилип, тағы төмен түсип зуўылдап баратырған-

дай болып кетеди. Шамасы, бул делбелик «асырымнын» аўырыўы болса керек. Буны мен үшинши күни жеңип, өзимди жеңил сезе басладым. Тағы еки күн жаттым. Кеўлим сергекленип орнымнан турмақшы да болдым, бирақ, Ҳәсел буған көнбей мени мәжбүрледи. Тағы еки күн төсек тартып жатыўға мәсләҳәт берди. Оған қарап отырып ҳайран боламан: мен аўырдым ба, я ол ма? Бийшара, мениң ушын жанын пидә етип қыйланғаны соншелли, көзлериниң алды көгис тартып, азып қалыпты. Қаттырақ үплесең жығылып кететуғындай, тағы қолында емизиўли баласы. Яқ, бул болмайды деген жуўмаққа келдим мен. Узыныма түсип жатқаным болмас. Оның дем алыўы керек., деп орнымнан турып кийине басладым.

— Ҳәсел! — деп шақырдым әстен балам уйықлап атырғанлықтан. — Қоңсылар менен сөйлесип көр, «яқшы» десе Саматты соларға қалдырып, киноға барып келейик.

Ол кроватьтың жанына жуўырып келди де, мени және жатқарып қойды. Тап биринши мәртебе көрип турғандай маған жалтаңлап қарай береди. Жылап жибергиси келип турадыдағы, бирақ тамшылар кирпиклериниң арасында иркилип, еринлери дирилдеп кетеди. Бир мәҳәли басын қойныма тығып, солқылдап жылап жиберди.

— Саған не болды, Ҳәсел? Не болды? — деп албырап қалдым мен.

— Сен саўалып кетсең аяқ-агыма тиймей қуўанар едим.

— Өзим де қуўанып отырман, жылаўдың не кереги бар.Азырақ аўырсақ аўырыппыздағы. Дүзде емеспен, қасыңда биргемен, Самат пенен ойнап та қумардан шығып атырмыз. — Оның енди еңбеклегенди қойып, апыл-тапыл турып-жығылып жүрген ең қызық мәҳәли еди. — Бунын бундай қызығын көриў ушын және усындай болып аўырып жатсам қәне онда, — деп ҳөзиллестим.

— Қойсаң-ә, сондай гәпти, кереги жоқ! — деп тоңқылдады Ҳәсел.

Сол ўақытта өзиниң кишкене кроватында уйықлап атырған Самат оянып кетти. Ҳәсел оны төсегинен көтерип алып, жып-жыллы етип көтерип келди. Үшеўимиз кроватьтың үстинде аўнап, көрпе төсекти мыжғы-

лап ойынға киристик. Самат ояқтан-буяққа айыўдың күшигиндей тырмасып бизлерди тепкилеп атыр.

— Әне, көрдиң бе, қандай жақсы болды, — дедим Ҳәселге. — Сен болсаң?... Азырақ сабыр етип тур, жақында аўылға — сениң кемпир-ғаррыңның алдына барамыз. Қәне, бизлердиң ислеген «айыбымызды» кеширмей көрсин. Саматты көргеннен-ақ қуўанысын ҳәммесин умытып жибереди...

Аўа, бизлердиң кеширим сорап аўылға барыў ойымызда бар еди. Буның ушын дәслеп отпуска алып, оннан соң Ҳәселдиң ата-анасынан баслап, ағайин-туўғанларына сарпай әнжамлаўымыз керек еди. Оларға қуры қол қалай барамыз.

Сөйтип жүргенде қыс болып қалды. Тянь-Шанның қысы боран болады. Дүбелей даўылға аралас қарлы үргин менен таўдың жыраларынан қар қулайтуғын жағдайлар болып турады. Бундай ўақытлары бизлердей шоферлар аяғын шыйрақ басады, ал, жол дүзетиўшилерге бетерирек қыйыншылықлар гезлеседи. Олар бундай күнлери қар қулайтуғын жерлерге илаж қолланады. Қар жапырылып түсиўи мүмкин болған орынларды алдын-ала жарып жиберип, жолларды тазалап қояды. Дурысын айтқанда, сол жылы қыс жағдайлырақ болғандай еди. Ямаса, жумыс басты болғанлықтан анаў-мынаў нәрселерди елестирмедим бе, әйтеўир... Оның үстине автобазаға күтилмегенде қосымша тапсырма берилди. Анығырағы бундай жуўапкерли тапсырманы орынлаўды гилең шоферлар болып, өзлеримиз мойнымызға алған едик. Оннан қала берсе, мен бул истиң биринши баслаўшысы болдым. Мен сол ўақытта олай еткениме ҳәзирдиң өзинде де өкинбегенликтен қайырлы ис еттим деп ойлайман. Өкинбегеним қурысын, бирақ мен көрип жүрген кесапатлардың бәри соннан басланғандай болып сезиле береди. Ол былай болған еди.

Бир күни кешлетип автобазаға қайтып киятыр едим. Әлибек Жанториниң ҳаялына апарасаң деп Ҳәсел маған кишилеў түйиншик берди. Машинаны бурып, олардың үйиниң тусына келгенде сигнал бердим. Әлибектиң ҳаялы шығып еди, оған бағанағы түйиншикти берип атырып, оннан мен Атбасы ГЭС инен автобазаға телеграмма келип, заводтан шыққан керек-жарақ жүклерди тезирек жеткериўди өтиниш еткен хабарды билдим.

— Әлибек қайда? — дедим билгим келип.

— Қайда болатуғын еди. Жүк түсиретуғын станцияда, адамлардың бәри де сонда. Айтыў шамасына қарағанда эшелонлар қашшан келип турған. — Қандай гәп-сөз екенин билиўге асығып, машинаны станцияға қарай айдадым. Бул жерге де жетип келдим. Бизиң жүк түсиретуғын станциямыз, көлге қарай шығатуғын жолдағы аңғарда еди. Бул жер темир жолдың ең соңғы станциясы еди. Гүңгирт қараңғылықтан ҳеш нәрсени серлей алмайсаң. Аңғардан ескен күшли самал столбалардағы панысларды шайқап, рельстиң астына төселген шпалларды жалап есип тур. Вагонларды сәрелеп жүрген паравозлар арман-берман қатнап жүр. Ең шетки жолда турған кран «тумсығын» көтерип, вагонлардағы сым ҳәм қаңылтыр менен мықлап шегеленген ящиклерди салланлатып түсирип атыр. Булар Атбасы ГЭСиниң қурылысына тийисли транзит жүклер еди. Ол жерде ири қурылыс жумысы жүрип атырғанлықтан, бизлер бурынырақта да керекли әсбапларды апарып таслаған едик.

Машиналар дизилисип тур, бирақ, олардың ҳешбиреўине де жүк тийелмеген. Шоферлар бир нәрсени күтип турғандай кимиси кабинада, кимиси машинасының қапталында, тағы биреўлери ызғырықтан тайсалып ящиклерге сүйенисип алған. Мениң берген сәлемиме олардың бирде-биреўи жуўап қайтармады. Папиросларын жарыспаққа пысқытысып атырғандай үндемейди. Шетиректе турған Әлибекти көрип, оның қасына барып;

— Не қылып атырсыз? Телеграмма алдыңлар ма? — дедим:

— Аўа. Станцияны ўақтынан бурын иске түсирмекши екен.

— Ал, енди не?

— Ендиги гәп бизлерде, көрип турсаң ба, барлық жолдың бойы жүкке толып кетти. Еле тағы келеди. Буларды қашан алып боламыз. Ол жақта адамлар бизлерге исенип қарап отыр. Оларға ҳәр бир күн қәдирли.

— Сен маған оның несин айтып турсаң! Мениң оған не қатнасым бар?

— Не қатнасым барың не сениң? Сен не, басқа мәмлекеттен келдиң бе? Ямаса, бизлердиң қолымызға қарап турған жумысты түсиңгиң келмей ме?

— Қудай урсын алжыған екенсең! — деп бир түрли болып мен былайырақ кеттим.

Сол ўақытта автобаза начальниги Аманжолов жақынлап келе берди. Ол бир шофердың қасында шалгайын паналап папирос тутандырып алды да, үндемей шегип турып, ҳәммемизге қарап алды.

— Гәп мынадаай, жолдаслар! — деди ол. — Министрликке телефоннан хабар берип көремен. Мүмкин, жәрдем етер. Бирақ, оған арқа сүйеўге болмайды. Не ислеў керек екенин ҳәзир өзим де билмей турман.

— Бул аңсат ис емес, жолдас Аманжолов! — деген биреўдиң даўысы еситилди.— Жүклер жағдайсыз екен. Екеў-үшеўден артығы кузовқа жайғаспайды. Егер күни-түни тасығанымызда да қудайға шүкир, бәҳәрге дейин исленетуғын жумыс бар.

— Барлық гәп сонда, — деди Аманжолов.—Бирақ, иретин табыў керек. Мейли, бүгинше үйли-үйимизге тарқасайық. Сизлер де өзлериңизше ойланып көриң.

Ол «газикке» минип, кетип қалды. Бизиң жигитлердиң ҳеш биреўи де орнынан жылжымады. Қараңғы мүйеште отырған биреў өз аўанына даўрығып сөйледи:

— Келиспеген талапдағы бир. Бир қойдың териси еки постын болмайды. Бурыннан ойланыўы керек еди, — деп папиросының қалдығын сөндирип, машинасына қарай жүрди.

Оның сөзин басқа биреў мақуллап: — Бизде барлық ўақытта усындай жумыс баса-бас болып, «ал кеттимге» келгенде қутқарыңлар жигитлер!— деп шоферларға аўырманлықты артады.

Адамлар оған дәпиннип:

— Бул анаў-мынаў ис емес, Исмайыл, ал сен болсаң базарда жүрген қатынның гәпин сандалайсаң-ә! — деп атыр.

Мен бул талас-тартысқа қосылмай тур едим, бирден илгери сапарғы, таўдың асырымында машинаны сүйреткиге алғаным есиме түсти. Шыдап тура алмай қәдимги ҳәкериликке салып, қызып кеттим.

— Ойланып турыўдың не кереги бар, — дедим де бирден ортаға суўырылып шықтым. — Машиналарға тиркеў байлаў керек.

Хеш ким қылт етпеди. Гейбиреўлери маған қайрылып та қарамады. Бундай пикирди тек делбелер айтыўы мүмкин еди.

Жантай әсте-ақырын ысқырып жиберди де:

— Көрдиңлер ме? — деди.

Мен оны даўысынан билдим. Турған жеримде әтирапыма алаңлап, өзимниң басымнан кешкен ҳәдийсени айтып бергим келип баратыр. Сол ўақта еңгезердей бир жигит ящиктен түсип, қолғабын қасындағы жолдасына берди де, қарсы алдыма келип жағамнан услап, өзине тартты, мурнын мурныма тақап:

— Қәне, геўдеңди кернеп дем ал! — деди.

— Үфф! — деп үпледим мен оның бетине.

— Ишпеген! — деди ол ҳайран болып, жағамды жаздырып.

— Онда буны бир нәрсе қағып кеткен шығар, —деди жаңағы жигиттиң жолдасы оны қуўатлағандай болып. Сөйтти де екеўи де машиналарына минип кетип қалды. Басқалар да кетиўге таярланып, орынларынан үндемей қозғалыса баслады. Хеш ўақытта бундай болып жети насырым бүгилмеген еди. Уялғанымнан тырнағыма дейин қызарып кеттим.

— Тоқтаңлар! Қайда барасызлар? — деп шоферлардың арасында ҳәплығып өрден-ыққа жуўыра басладым.—Мен ойнап айтып турғаным жоқ, ырасында да машиналарға тиркеў салып жүриў мүмкин...

Жасы үлкен шоферлардың биреўи ашыўланып алдыма келди де:

— Мен бул жерде шофер болып ислеген ўақытларымда, сен жалаң пут жүрген бала едиң. Тянь-Шань саған танца майданшасы емес. Халықтың ортасына келип масқарапазлық еткениң ушын сени аяп турман! — деди.

Адамлар мени масқара етип, машиналарына қарай жүре баслады. Сол ўақытта мен барлық станцияны жаңғыртып:

— Сизлер шофер емессизлер. Шетиңизден қатынсызлар! — деп бақыра басладым.

Басыма бәлени арттырып, буны бийкар айтқан екенмен сонда.

Хәмме тоқтап, жапырылып, дәпинип маған қарай жүре баслады.

— Не деп турсаң, сен! Көпшиликтиң аяғына жип тағып ойнамақшымысаң!

— Новатордағы, новатор! Сыйлық алмақшы шығар! — деп бақырды Жантай.

Ғаўырлы көбейип, көпшилик мени ящиклерге тығып таслады. Биреўлери басыма дөндирип жиберер деп, жерде жатырған тақтайдың жоңқасын қолыма алдым.

— Қәне, былайырақ турың, жол бер! — деп ысқырып, биреў көпшиликти айырып жақынлай баслады. Бул Әлибек еди.

— Тынышланың! — деп жекиринди де, — ал, сен Ильяс, түсиндирип айт, сөйле тез! — деди.

— Несин айтаман! — дедим демим алқымыма тығылып. Адамлар жулқылай бергенликтен сәдеплеримниң бәри үзилип қалған екен. — Мен таўдың асырымында бир машинаны сүйреткиге алып, жол дүзететуғынлардың участкасына апарып таследым. Мине, сол айтатуғыным.

Анталасып турған жигитлердиң буған исенгиси келмей, тым-тырыс болды.

— Тарта алдың ба? — деп сорады биреў гүмансырап.

— Аўа, Доланның бастан-аяғынан жол дүзетиў участкасына дейин.

— Япырмай-ә! Зор екенсең ғой! — деп таңырқанды биреў.

— Үрип турдағы бир! — деп қапталдан қосылды екиншиси.

— Бул жерде үрип турған ийт жоқ. Буны Жантай көзи менен көрди. Ҳәй, Жантай, қаяқтасаң? Қалай ушырасқанымыз ядында бар ма?

Бирақ, жердиң жарығына сиңип кеткендей, Жантайдың даўысы шықпады. Соның арасында көпшилик өз-ара тартысып, биреўлер мениң тәрепиме шықты. Бирақ, әллеиеткен бир шәддес шығып, оларды пикиринен қайтарды.

— Бос гәптиң кимге кереги бар? — деп кеўилсизленди ол. — Биреў бир исти бир мәртебе ислесе ислептидағы. Бундайлар аз ба? Бизлер жас бала емеспиз. Бизиң трассамызда тиркеў сүйретип жүриўге рухсат етилмеген. Буған ҳеш ким рухсат та бере алмайды. Қәўипсизлик инженерине усыны айтып көр, не дер екен. аўзыңды жулып алғандай етпесбекен. Сениң ушын ол суд жуўапкершилигине тартылып жүре алмайды. Гәптиң тоқ етери усы.

— Әй, қойсаң-ә! — деп гәпке араласты биреў — Рухсат бермейдиң не сениң! Мине, Иван Степанович отызыншы жыллардың майданында полуторка машинасы менен сол асырымнан биринши болып жол ашқан. Оған да ҳеш ким рухсат еткен жоқ. Өз билдигиныше иследи. Мине, өзи еле өлген жоқ ғой.

—Аўа, солай болған еди,—деп тастыйықлады Иван Степанович. — Бирақ, ҳәзир гүманланып турман. Өйткени, ол жерден жазда да ҳеш ким тиркеў менен өткен емес, ҳәзир қыс...

Усы ўақытқа дейин үндемей турған Әлибек гәпке араласып:

— Болар енди, усы тартысқанымыз. Ильястың усынысы еле сынап көрилмеген нәрсе болса да, ойланып көриў керек. Бирақ, сениң айтқаныңдай тиркеўди сүйретип кете бермеймиз, Ильяс. Олай еткенде болмас, алдын-ала ойласықтан кейин сынап көриў керек. Мәзи сөз бенен ис питпейди.

— Питеди, көрсетемен! — дедим мен оған. — Сизлер ойланып, пал ашып боламан дегенше, мен көрсетип таслайман. Әне, сонда исенесизлер? — деп машинаға қарай жүрдим де, автобазаға кеттим.

Ҳәр адамның өзине тән минез-қулқы бар. Бирақ, оны басқара билиў керек, әлбетте. Гөзленген мақсетке ҳәмме ўақытта ерисе бермейсең. Рульде отырып баратырсам да я машинаны, я жолды қыялыма келтирмедим. Мени ашыў қыстап, жығырданым қайнап кеткен еди. Жаңағы сөзлер кем-кемнен намысыма тийип, жүрегимди жандырып баратыр. «Яқ! Мен сизлерге көрсетемен, дегеним көрсетемен! Адам — адамның сөзине исениў кереклигин, адамға күлиўдиң қандай екенлигин, алды-артына қарап жумыс ислеўдиң қандай болатуғынын бир көрсетейин сизлерге. Әлибек те тәўир екен, ойлайып, таярланып, сынап көргиси келетуғын. Ол ақыллы —көреген екен. Бундайларыңа түпирдим мен, бул жумысты қамырдан қыл суўырғандай етемен де, азанда өзимниң ким екенимди көрсетемен».

Машинаны гаражға қойғаннан кейин де, мен оның әтирапында бираз ўақыт айланшықлап жүрдим. Кеўилим де алағада болып тур еди. Мен тек бир нәрсе ҳаққында, — ол да болса өзимниң ҳақ екенимди қалайынша сыпатласам екен деп ойлаған едим. Буны қалай

болмасын жүзеге асырыўым керек. Бирақ, маған тиркеўди ким береди?

Усындай қыяллар менен гараждың дәрўазасынан шықтым. Ўақыт әлле мәҳәл болып қалған екен. Тек, диспетчерханадан жақты шығып тур... Мен тоқтап қалдым: айтқандай диспетчер не? Диспетчер бәрин жөнлеп береди ғой. Барлық жумыс соның қолында. Шамалаўымша, бүгин Хатийшаның гезеги шығар. Ондай болса бәринен жақсы. Ол мениң өтинишимди орынлайды. Орынламаған жағдайда мен бир жынаят ислейин деп атырғаным жоқ ғой. Керисинше, ол ҳәмме ушын қайырлы ис баслаўға жәрдем береди.

Диспетчерханаға жақынласқаннан-ақ, көп ўақыттан бери қапысынан кирмей, тесик арқалы хабарласатуғыным ядыма түсип, еки ойлы болып қалдым. Сол ўақытта қапы ашылды. Босағада Хатийша тур екен.

— Саған киятыр едим, Хатийша. Барың жақсы болды.

— Мен кетип баратырман.

— Жүр онда. Үйиңе дейин апарып салайын.

Хатийша ҳайран болып, маған қасын қағып қарады да, еситиңкиремегендей, кейниннен күлип:

— Кеттик! — деди.

Бизлер тысқарыға шығып, бирге жүре басладық. Көше қараңғы еди. Көл беттен талқынлардың шаўқымы еситилип, ызғырық самал есип тур. Хатийша билегимниң қарынан услап, суўық самалдан тайсалып қолтығыма тығыла баслады.

— Тоңдың ба? — деп сорадым оннан.

— Сениң менен бирге болсам суўыққа тоңбайман, — деди ол.

Мен бұннан сәл бурынырақта ғәзебим қайнап жүрген едим, ҳәзир неликтен де кеўлим жай таўып, тынышлана басладым.

— Ертең қай ўақытқа дейин жумыста боласаң, Хатийша?

— Екиниши гезекте.

— Сенде бир жумысым бар.Жүдә әҳмийетли. Бәри өзиңе байланыслы.

Дәслеп ол гәпиме қулақ асқысы келмеди. Бирақ, мен оны исендириўге ҳәрекет еттим. Мүйештеги фонарь жақтысының астында тоқтадық.

— Аҳ, Ильяс! — деди ол қәўетерленип. — Бийкар солай ислеп атырсаң.

Қәйткенде де мен не десем де, оның орынлайтуғынын түсинип турман. Оның билегинен услап турып:

— Сен маған исене бер, ҳәммеси де жөнлесип кетеди. Қалай, келистик пе? — дедим.

Ол гүрсинип турып:

— Енди сен айтқаннан соң не қылайын, — деди де болады дегендей етип басын ырғады.

Мен бийиқтыяр түрде оның ийнинен қапсыра қушақладым.

— Жигит болып туўылыўың керек екенсаңғы, Хатийша. Ал онда ертеңге дейин, — деп қолын қатты қыстым... — Түни менен барлық қағазларын таярлап қой, яқшы ма?

— Асықпа! — деди ол қолымды босатқысы келмей турып. Оннан соң бирден жалт бурылып:

— Мейли, кете бер, бүгин жатақханада ма?...

— Аўа, Хатийша!

— Қайырлы түн!

Ертеңине бизлерде техникалық жақтан көзден өткериў болды. Автобазадағы адамлар шытайылана баслады. Инспекторлар жоқ жерден қылаў таўып акт дүзди. Булар қаншелли машақат десең-ә! Бирақ, олардың өзлери аўырдан көшетуғын салқын қанлы адамлар еди. Планға муўапық автобазаны техникалық жақтан көзден өткериў керек.

Өзимниң машинам кеўилдегидей болса да, ремонт етип атырған адамдай түр билдирип, шетлеңкирей бердим. Хатийша жумысына келгенше ўақытты созып турыў керек болды. Ҳеш ким мениң менен сөйлеспеди де, кешеги ўақыяны ядқа да түсирмеди. Адамлардың мениң менен иси болмады. бирақ техникалық жақтан көзден өткериў тезирек тамамланса, босқа кеткен ўақыттың орнын толтырыў ушын жолға шығыўға асығады. Сонда да кеўилимдеги гүптикей ядымнан шықпайды.

Техникалық көзден өткериўден түстен кейин өттим. Инспекторлар да кетти. Тып-тыныш болып қалды. Дийўал менен қоршалған майданшада тиркеўлер тур. Олардың гейпаралары тегис жолларда ишки қатнасларда жүк тасыўға пайдаланатуғын еди. Сонлықтан, тиркеўлерге қалай барыўдың иретин гөзлеп, ең шеткисин белгилеп қойдым. Бул тележка қәдимги төрт дөңгелекли арбаға усаған еди. Оның барлық қәсийети де сонда. Мен сол ушын қанша машақатқа қалдым... Сол

ўақытлары мени не күтетуғынын билмеген едим. Сонлықтан, жақсылап аўқатланып, бир саат болса да көз илиндирип алыў ушын жатақханаға кеттим. Жол жүдә қәўипли еди. Бәри бир, уйқылай алмадым, аўнақшый бердим. Қас қарайғанда автобазаға келдим.

Хатийша болса әллеқашан келген екен. Ҳәмме көрсе тайын. Жолламаны алдым да, гаражға жетиўге асықтым. «Енди бек бол!» дедим де машинаны бурып, тиркеўге бәстирип келип, моторды әсте гүрилдетип қойып. әтирапты барлаў ушын кабинадан шықтым. Ҳеш ким көринбейди. Тек ремонт устаханасындағы станоклардың даңғырлысы менен көл жақтан толқынлардың жағаға соқлығысқан шылпылдысы еситиледи. Аспан булытсыз, таның болса да еле жулдызлар көринбейди. Мотор әстен гүрилдеп тур, мениң болса жүрегим дүрсилдейди. Шегейин деп турдым да, папиросты дәрҳал қапталыма таслап жибердим, оннан соң...

Дәрўазаның алдында мени қараўыл иркип;

— Тоқта, қайда? — деди.

— Жүк тийеўге баратырман, ақсақал, — дедим өзимди салдамлы етип көрсетпекши болып. — Мине, шығыўға руқсат қағаз.

Ғарры қағазға соншелли үңилсе де, фонарьдың жарығында ҳеш нәрсе оқый алмады.

— Ўақытымды алма, ақсақал, жумыс күтип турмайды, — дедим шыдамсызланып.

Жүк тийеў кеўилдегидей болды. Кузовқа да, еки, тиркеўге де еки бөлек жүк тийедим. Ҳеш ким ҳеш нәрсе демеди. Жолға шыққаннан кейин кеўилим парасат таўып, папирос шеге басладым. Машинаға жайғасып отырып алып, фараларын жақтым да, толық газ бердим. Машина фарынан шыққан сәўле жолдың өне бойына қараңғылықты айырып баратырғандай еди. Жол деген даңғырлап атыр. Машинаны пәтли тезлик пенен де айдаўыма ҳеш нәрсе кесент етпейди. Артта тарсылдаған тиркеў бир бапта жүрип киятырған машинаға зыян берип атырған жоқ. Гейде бурылатуғын жерге келгенде, машина жолдың шетине тайсалып, рульди басқарыў тәўирақ қыйынласып қалады. Ҳәзиринше үйренисպегенлигимнен усылай болып атырған шығар, соң көнлигип кетермен деп ойладым. «Доланнан асырылып, Атбасына да жетемен» деп бақырдым мен ат үстинде еңкейип шаўып баратырғандай, рульдиң дөңгелегине жармасып. Жол тегис жерлерде

мүмкиншилиги барынша тезирек айдап, ярым ақшам шамасында Доланға ҳүжим жасаў ойымда бар.

Гейде машинаны мөлшерлегенимнен де зыятырақ айдадым. Бирақ, таў басланғаннан соң әстен ҳәм пухта айдаўға туўра келди. Бул мотордың күши жетпегенликтен емес, әлбетте. Бәлентликке шығыўға қарағанда төменге түсиў қыйын еди. Себеби, тиркеў қыйсанлап машинаның артына пәт пенен соқлыққан ўақытта, пәске түсиўге зыян береди. Адым сайын тормоз берип, тезликти пәсейтип, рульди шеберлик пенен басқарыў керек. Дәслептен өзимди нық тутып, анаў-мынаўға итибар бермесликке ҳәрекет етсем де, барған сайын қәўетерленип, тынышсызлана баслдым. Еле жолда қанша бәлент-пәсликлердиң бар екенин санап шығыў кимниң ойына келипти дейсең. Солай болса да алған бағдарымнан қайтпадым. Тек шаршап қалмасам болды, дегеннен басқа кеўилиме ҳеш нәрсе келмеди. Ҳеш гәп еле деп өзиме-өзим хошамет беремен. Асырымға көтерилиў алдынан геўдемди кернеп дем алдым. Асырымнан асып түсемен. Бирақ, мен сол гүздиң күни машинаны сүйреткиге алғандағыға қарағанда, ҳәзир неге көбирек қыйналып атырман деп ойлап отырмадым.

Бәлентлик кем-кемнен жақынласып киятыр. Фардың нурлары жолдың үстине дөнип турған таўдың қар басқан қыямайлары менен үңгирлерине түсе баслады. Жапалақтай қар ушқынлары жақтының сәўлеси менен жылтылдайды. Буларды жоқарыдан самал ушырып түсирип атырған болса керек деп ойладым. Қардың түйирлери кабина айнасына жабысып ерип, тамшыға айланып, төменге сырғанап түсип атыр. Демек, қар жаўып турған. Сийрек жаўып турса да, ерип түсип атыр. «Енди бир кемиси усы еди» — дедим гижинип Айна тазалайтуғын сыпырғыштыислетип жиберди.

Асырымның дәслепки бәлентликлери басланды. Мотор өзиниң қәдимги таныс ыңылдысына салды. Оның бир қәлипте ыңыранып баратырғаны қараңғыда өрмелеп баратырған кишкене қоңызақты еске түсиреди. Сөйтип, бәлентликке де шықтым. Енди алдым төменге қарап қыялап кеткен алыс жол. Мотордың даўысы пәсейип, машина төменге түскен сайын арман-берман қыйсанлап киятыр. Арттағы тиркеўдиң жолжөнекей машинаға теңселип соқлығысқанын жон та-

мырларым сезип, шынжырлардың тутасқан жеринен гыжырлаған сестиң шығып киятырғанын еситип баратырман. Ғыжырлаған даўыс жинимди тырыстырып, белимди, билегимниң қарын сырқыратып аўыртып киятырғандай еди. Дөңгелеклер тормозға бағынбай, еримик қар төселип атырған жолдан тайғанап, руль қолымнан шығып кеткени де сол еди, машина тасыр-тусыр етип төменге қарай қыялап қулдырап кеттим. Дәрҳал рульди бурып машинаны тоқтаттым. Ендиги жағына жүриў қыйын еди, оның үстине аяқ-қолымда да дәрман қалмады. Машинаның фарын да, моторын да өширдим. Таяқтай болып сиресип қалған қолларым, жасалма қоллардай өз еркине кетти. Орынлыққа шалқайып арқамды сүйегенимде өзимниң қырылдап, ентигип дем алып атырған даўысымды еситтим. Усы ҳалда бир неше минут отырдым да, папирос шеге басладым. Ғырдөгерек-әтирапым қап-қараңғы, мениреў тынышлық. Тек кабина тесиклеринен самал ҳүўлейди. Еле алдымда не болатуғынын көз алдыма келтирсем қорқып кетемен. Усы жерден ойлы-бәлент, қыйсық жол басланады. Демек, бул мотор менен қолға азап береди. Яғный таўдын жанбаўырындағы ийреңлеген жиңишке жол менен жоқарыға тынымсыз өрмелеў деген сөз. Деген менен ойланып туратуғын ўақыт емес, қар қуйып тур.

Моторды ходладым. Машина қатты өкирип таўға қарай жылжый баслады. Тисленип отырып, гижинип, гедир-будыр қыямайлардан әстен өте бердим. Ҳәтте, шыңға да шықтым. Енди тикжарлы қыямай, оннан соң жол дүзетиў участкасына бурылатуғын айланбаға дейинги тегисликтен кейин, бул асырымға соңғы ҳүжим басланады. Еплеп төменге түсип алдым да, төрт километрге дейин созылып атырған тегис жол менен машинаны зырлатып, пәт пенен жоқарыға көтериле басладым. Машина тезлигиниң пәти кем-кемнен қайта баслады. Сонлықтан, моторды екинши, оннан соң биринши тезликке аўмастырып айдадым. Рульди мықлап услап, шалқайып отырман. Бултлардың арасынан жулдызлар көринеди. Бир ўақытта машина орнынан қозғалмай қалды. Енди бул жағына тарталмайтуғын еди. Дөңгелеклер бир жерде турып айланып шетке тайсалады. Мен акселатерды барынша бастым.

— Қәне, ҳә деп жибер! Тағы шамалы! Беккем бол! — деп бақыраман.

Созып ыңыранып турған мотор зир-зир қатып, бирден өшти де машина әсте ғана артқа кете баслады. Дәрҳал тормоз бердим, бирақ, тоқтамады. Тиркеўдиң салмағы менен бәсип баратырған машина бир ўақытта тикжарға соқлығысып бирден тоқтады да, жым-жырт болып қалды. Кабина қапысын жулқылап ашып, тысқарыға қарадым. Не болары болыпты, нәлетий! Тиркеў жолдың шетиндеги салмаға түсип кетипти. Енди оны ҳеш қандай күш пенен шығара алмайсаң. Албырап моторды тағы ходладым да алдыма қарай айдай басладым. Дөңгелеклер турған жеринде шыр гүбелек айланады. Машина бар пәти менен алға умтылып, қалтыраса да орнынан жылжымады. Машинадан секирип түсип, тиркеўдиң жанына жуўырып келдим. Оның дөңгелеклери салмаға батып кеткен екен. Енди не қыламан? Ҳеш нәрсени ойлап турмастан, тиркеўге жабайыларша жармасып алып, дөңгелеклерин омыраўлап ийтере басладым. Оннан соң астына кирип, басымның шаншып аўырғанына қарамастан, тиркеўди жаўырыным менен көтерип жолға жылыстырмақшы болып күшенген едим — қайда саған! Диңкем қурып жолдың үстиндеги қарға ет-бетимнен жығылып батпақты қушақлап, қорлығым келип жылап жибердим. Сөйтип, орнымнан тентиреклеп турып, машинаның қапталындағы аяқ салғышқа келип отырдым.

Алыстан мотордың гүрилдеген даўысы еситилди. Қарасам, еки фар бәлентликтен пәске түсип, тегис жолға сәўле шашып киятыр. Мен бул шофердың ким екенин, ярым ақшамда тәғдир оны қайда баслап баратырғанын билмесем де, киятырған нурлар мени қуўып жетип, услап алатуғындай қорқып кеттим. Урыдай тиркеўге қарап жуўырып, машинаға тутасып турған жериндеги оқ темирди суўырып алып, жерге ылақтырдым да, машинаны жоқары қарай зыңғытып, тиркеўди салмаға таслап кете бердим.

Түсиниксиз қорқыныш мени артымнан барластырып киятырғандай бола берди. Изимнен киятырған машина, тап өкшелесип қуўып жетип алатуғындай болып елеслейди. Жолды бес саўсақтай билгенликтен, машинаны барынша тезлик пенен айдап отырдым.

Таңның алдында базаға жетип келим. Не ислеп атырғанымды өзим де билмей, жин урған адамдай, қапыны тақылдатып ура басладым. Қапы ашылып еди, Ҳәселiе қарамастан, белшеримнен батпаққа батып

үйге кирдим. Ентигип жүрип, әдлеқандай бир ызғар нәрсениң үстине отырдым. Бул түбереткиниң үстине қойылған жууўылған кийимлер екен. Папирос алыў ушын қалтама қолымды суқтым. Қолыма машинаның гилтлери илинди. Мен оны ғәзеп пенен дус келген жаққа ылақтырып жибердим де, басым мең-зең болып, биреў сүйреп таслағандай ҳалда отыра бердим. Көзим жерде. Стол жанында турған жалаң аяқ Ҳәсел салмағын гә ол, гә бул аяғына салып теңселип тур. Оған не деймен? Ҳәсел жерден гитлерди алып столдың үстине қойды.

— Жуўынасаң ба? Кешқурын суў жылытып қойып едим, —деди.

Мен басымды әстен көтердим. Суўықсыраған Ҳәсел нәзик қолларын қаўсырып, мениң қарсы алдымда көйлекшеңлених турған еди. Оның сескенген көзлери маған аяныш бағышлап қарайды.

— Жолда тиркеўди аўдарып қойдым, — дедим мен бир түрли ерси даўыс пенен.

— Қандай тиркеў? — деп сорады ол түсинбегенликтен.

— Темирден исленген, жасылға боялған, номери 02-38! Қандай болса да бәри бир емес пе? — деп жекиринип жибердим оған.—Урлап алған едим оны, урлап. Түсинип турсаң ба?

Ҳәсел «өйпбей» деп кроватьқа отырып атырып:

— Неге? — деди.

— Неге дегениң не, сениң? — Оның ҳә дегенде гәпке түсине бермейтуғыны мениң жинимди келтиргенликтен:

— Таўдың қыйын асырымынан тиркеў менен өтпекши едим! Түсиндиң бе деймен саған! Өзимниң айтқанымды жүзеге асырмақшы едим. Енди бәри күйип кетти.

Тағы бетимди алақанларымның үстине қойып, шекемди қысып отырдым. Бираз ўақытқа дейин екеўимиз де үндемедик. Бир мәҳәли Ҳәсел орнынан ғарғып турды да, дәрҳал кийине баслады.

— Енди не қылып отырсаң? — деди қатал даўыс пенен.

— Не қылыўым керек? — деп пәсине қайттым.

— Автобазаға бар!

— Тиркеўсиз-ә! Қалай бараман?

— Сол жерге барып, ҳәммесин айтып бересең!

— Таңқан екенсең айтып беретуғын адамды, — деп алан-буркан болып үйдиң ишинде арман-берман жүре басладым. Қайсы бетим менен ол жерге тиркеўди қайтып сүйреп бараман. Мени кешпирерсизлер, қәтелескен екенмен деймен бе? Аяқларына жығылып, жалынып бараман ба? Яқ, бармайман дегеним, бармайман! Билгенин етсин. Түпирдим ҳәммесине!

Мениң көтериңки бақырысымнан кроватьта уйықлап атырған балам оянып, жылап жиберди. Ҳәсел оны қолына алған еди, оннан бетер ышқырды.

— Қорқақсаң сен! — деди Ҳәсел маған әсте ғана, бирақ ныкыртып.

— Не дейсең?! — деп оған муштымды көтерип дәпиндим. Муш көтериўин көтерсем де, бирақ урыўға батына алмадым. Оның бежирейип қарап турған көзлери мени ҳайран қалдырған еди. Себеби, оның шытнап турған көз қарашықларынан, мен өзимниң ғәзепленип бүрискен бетимди көрип тур едим.

Оны гүдибузарлық пенен бир қапталға ийтерип жибердим де, қапыны тарс еттирип жаўып, далаға шығып кеттим.

Әтирап әллеқашан жақтыланып кеткен екен. Күнниң шығып кеткени маған жаман тәсир етти. Себеби, кешеги ислеген айыбым өзиме бәдбешер көринип, орны толмайтуғындай болып елеследи. Ҳәзиринше ҳеш болмаса мына машинадағы жүкти тийисли жерине апарып таслаўым керек. Оннан соң не болатуғынын билмеймен.

Қайтарсын үйге жолыққаным жоқ. Әлбетте, бул Ҳәсел менен ерегискенлигимнен емес. Өзимниң ҳеш кимге көрингим келмеди, ҳеш кимди көрмей-ақ қояйын дедим. Басқаны билмеймендағы, бундай ўақытлары өзим жалғызлықты жақсы көремен ҳәм басыма түскен мүшкилди ҳеш кимге сездиргим келмейди. Сездириўдиң не кереги бар? Егер қолдан келсе барлығы умытылып кеткенше шыдаў керек.

Түнде жолаўшылар жататуғын жерде қонып шықтым. Жолда қалған тиркеўди излеп жүргеним түсиме енип шықты. Оның излери бар, өзи жоқ. Ҳәр жаққа зыр жуўырып, тиркеў қайда кетти, ким алып кетти? — деп сорастырып жүрмен...

Шынында да мен қайтып киятырғанымда тиркеў сол «кийели» жерде турған орнында жоқ болып шықты. Тек излери ғана бар еди. Қайтарып алып кеткен,

ким болса да. Соңынан билсем, оны Әлибек автобазаға сүйреп әкелген екен.

Тиркеўдиң изин ала азанда ертелеп автобазаға өзим де жетип келдим. Усы күнлердиң ишинде қаралай өшип кеткен екенмен. Кабинаның қапталына қыстырыўлы турған айнаға қарап едим, өзимди өзим таныма й қалдым.

Автобазада жумыс қәдимгидей еди. Тек, мен бул жерге таныс емес адамдай, машинаны дәрўазаның алдына тартыныңқырап айдап келдим де, гаражға барып бир шетке тоқтатып болып, кабинадан бирден түсе қоймадым. Әтираңқа көз жуўыртып алдым. Адамлар ислеп атырған жумысларын қойып, маған едирейисип қарай баслады. Қәнекей енди, бурылып, басымның аўған жағына қарай кете берсем. Бирақ, ҳеш жаққа қашыўдың илажы болмағанлықтан, кабинадан шығыўға туўра келди. Барлық жигеримди жыйнап алдым да, дәрўазаның алды менен диспетчерханаға қарай жүрдим. Өзимди қанша беккем тутып, шыйрақ адым таслаўға мәжбүрлесем де, қатарласып турған адамлардың алдынан өтип баратырған гүналы солдаттай болып жүрип баратырман. Барлық адамның мени жек көрип турғанын сезип киятырман. Сонлықтан да мениң менен ҳеш ким сәлемлеспеди де, мени ҳеш ким шақырмады да. Олардың орнында өзим болғанда, итимал, өзим де усылай етер едим.

Босағаға сүрнигип кеткен ўақтымда, жүрегим де силкингендей болды: Хатийша туўралы ойламаған екенмен, оны масқара етиппен. Енди оған не дермен?

Коридорда ентиккенимди басып, маңлайымның терин сыпырып алдым. Басымды көтерип, дөгерегиме қарасам, қарсы алдымда «Найзағай» атлы дийўал газетадағы плакат маған тигилип турған еди. «Уят саған бул турысың» деген ири ҳәриплердиң астында таўдың арасында қалған тиркеўдиң сүўрети салынған екен.

Мен терис бурылдым—бет алдым шаппат тийгендей лапылдап кетти. Диспетчерханаға кирсем, Хатийша телефоннан бир нәрселерди сөйлесип атыр екен. Мени көрип, гәпин бөлди де, трубканы орнына қойды.

—Мә! — деп кесепатлы жолламаны столдың үстине ылақтырдым.

Хатийша маған бир түрли өкиниш пенен қарады. Бийҳаяшылыққа салып, жылап жибермесе болар деп

ойладым. Сөйтсе: «ҳәзир емес, басқа аўлақ жерде жыларсаң» деп жалынарман деймен ишимнен. Ол да мениң қасқабағыма түсингендей ҳәш нәрсе демеди.

— Шатақ шықты ма? — деп сорадым әстен.

Хатийша басын ырғады.

— Зыяны жоқ! — дедим гижинип турып, оның кеўилин көтериў ушын.

— Сени трассаға жибермейтуғын болды, — деди ол.

— Жибермейтуғын болды дейсең бе? Биротала ма? — дедим күлимсиреген болып.

— Биротала солай етпекши еди — ремонтқа... Бирақ жигитлер, сениң тәрепиңди шалды. Ҳәзиринше усы жердеги рейслерде боласаң. Баслыққа жолық, сени шақыртқан еди.

— Бармайман. Менсиз-ақ өзлери билгенин ислей берсин. Мен өкинбеймен...

Бөлмеден шығып басымды төмен алып, коридордан зорға өтип кеттим. Биреў маған қарсыласып жүрип киятыр еди. Мен оған жол берип, өзимди шетке алдым. Бул — Әлибек еди. Ол майға былғанған қолларын да сыпырмастан гараждан киятыр екен. Мен оның қапталынан өтип кетпекши едим, бирақ Әлибек жолымды кес-кеследи.

—Асықпа, тоқта!—деп мени мүйешке тықты. Бетиме, бежирейип қарап, ғәзеп пенен сыбырланды: — Ал, қалайсаң, осамас?! Көрсете алдың ба? Ийт минезлигиңди көрсеттиң.

— Жөнлесип кетермекен деп едимдағы, — деп гүбирлендим мен.

— Алдайсаң! Жалғыз өзиңниң ҳәммеден айрылып шыққың келди. Қара басың ушын. Сөйтип болып жумыстың белине тептиң-ә! Қәне, ендигиден былай тиркеў менен жүриўдиң мүмкиншилигин көрсетши. Даңқпараз! Ақмақ!

Бул сөзлерди меннен басқа адам еситкенде, итимал, жанып кетер еди. Бирақ, енди маған бәри бир болып тур. Өзимниң пикиримди еле де иске асырыў жолында дийдиме жетемен бе, жетпеймен бе, буған парықсызбан. Мен ақмақпан ба? Қара басым ушын даңқпаразлық ететуғын мен бе? Бул дурыс емес!

— Былай тур! — деп ийтердим Әлибекти. — Сенсиз де өзим келисип турман.

Тысқарыға шықтым. Ызғырық суўық самал дийўалдың ығындағы қарды ушырып, уйтқытып тур. Адамлар маған көзиниң астынан қарап, жанымнан үндемей өтип атыр. Не ислеўим керек? Беккем етип түйилген муштларымды қалтама салып, дәрўазаға қарай журдим. Музлап қалған қалғынды суўлар аяқ астымда айна сыяқлы шытнап сынып атыр. Аяғыма қара майдан босаған банка туўра келип қалды. Оны пәт пенен дәрўазадан жолға қарай теўип жибердим де, өзим кейинннен журе бердим.

Күни менен қаланың көшелерин тентиреп гездим. Хәтте, хеш ким жоқ пристань жақларда да қаңғырдым. Ыссық көлдиң қутырған толқынлары жағада байлаўлы турған баржаларды суў бетинде теңселдирип атыр.

Бир ўақытта қарасам, суў транспорты басқармасының шайханасынан шығып турман. Алдымдағы столдың үстинде аўзы ашылған бир шийше арақ пенен тарелкада әллеқандай закуска тур. Биринши стаканды ишиўден-ақ басым айланып, аңқаў адамдай аяғымның астына қарап отырдым.

— Неге үскиниң қуйылып отыр, жигит? — деген биреўдиң жеңил хәзил аралас жағымлы даўысы көк желкемниң тусынан еситилди. Басымды зорға көтерип қарасам, Хатийша екен.

— Бир өзиң ише алмай отырсаң ба? Бирге ишейик! — деп күлисмиреп жаныма отырды ол.

Хатийша стаканларға арақ қуйып, биреўин мениң алдыма ысырып қойды.

— Усла! — деди ол, тап бизлер бир усы жерге ишиў ушын арнап келгендей ғоддаслап, уятсызлық пенен көзин қысты.

— Сен неге қуўанып отырсаң, өзи? — дедим оған наразылық пенен.

— Не қылайын онда, жылайын ба? Сен турғанда маған бәри бир, Ильяс! Мен сени салдаманлы шығар дейтуғын едим. Кел, не болғаны болар, — деп әсте ғана күлип, маған жақынлаңқырап отырды да, қапқара назлы көзлерин сүзип қарап, қолындағы стаканды дүгистирди.

Бизлер ишип жибердик. Мен папирос тутандырдым. Кеўилим тәўир-ақ парасат тапқандай болды: күни менен биринши мәртебе күлимсиреўим еди.

— Миннетдарман саған, Хатийша, — деп оның қолын қыстым.

Буннан соң бизлер көшеге шықтық. Қас қарайып қалған еди. Көл тәрептен есип турған күшли самал тереклерди ҳәм фонарьларды шайқап тур. Аяғымның астындағы жер де тенселип турғандай. Хатийша қолтығымнан услап, мени сүйеп баратыр. Ҳәтте, меҳрибанлық пенен жағамды көтерип қойды.

— Мен сениң алдыңда айыплыман, Хатийша! — дедим өзимниң гүнам менен миннетдаршылығымды жасыра алмай. — Бирақ, сени ҳеш кимге жалтаң етпеймен, буны билип қой... Ҳәммесине өзим жуўап беремен.

— Буларды умытып жиберсең болар еди. Өзиң де урнық-қырсандағы... Бирдейине ҳәр жаққа жулқынасаң да жүресең. Мен болсам сени аяйман. Мен де бурын сондай едим. Ўақыттан озып кете алмайсаң. Оннан буйырғаныи ал... Тәғдир менен ойнап не қыласаң?

— Бул ҳәр кимниң түсинигине байланыслы, — дедим де соңынан, ойланып: — Мүмкин, сен ҳақ шығарсаң...

Сөйтип Хатийша туратуғын жайдың тусына келип иркилдик. Байынан қандай да бир себеплер менен ажырасқанлықтан, ол көп ўақыттан бери бир өзи туратуғын еди.

— Мине, үйге де жетип келдим, — деди ол.

Мен кетпекши болып турсам да, сол жерден жылжый алмай тур едим. Екеўимиздиң арамызда бизлерди байланыстырып турған қандай да бир нәрсе бар еди. Оның үстине ҳәзир жатақханаға да барғым келмей тур. Дурысын айтқанда, ол ҳәзир жүдә ашылысып турған болса да, гейде сондай зәҳәрин шашқанлықтан оннан өзиңди аўлақ тутыўға ҳәрекет етесең.

— Неге ойланып қалдың? — деди Хатийша.—Шаршадың ба, жолың алыслық етип тур ма?

— Зыяны жоқ, еплеп жетип бараман. Ал, яқшы онда.

Ол қолымды услап көрип:

—Бай-буў, музлап қалыпсаң ғой! Тоқта, жылытып жиберейин, — деп қолымды пальтосының қойнына тығып жүрегиниң тусына қатты басты. Мен қолымды тартып алыўға, оның бул меҳри-муҳаббатына қарсылық көрсетеўге ҳәлсизлик еттим, өйткени, қолымның астында турған оның жүреги көптен бери зарығып

күтип жүрген нәрсесин талап етип атырғандай дүрсилден турған еди. Қалай да мен мәс едим, бирақ ҳәш нәрсени түсинбестей дәрежеде емеспен, әлбетте. Мен әстен ғана қолымды тартып алдым.

— Кеттиң бе? — деди Хатийша.

— Аўа.

— Яқшы, онда, — деп Хатийша гүрсинди де, бурылып қапы бетке тез жүрип кетти. Қараңғыда қапының тарс етип жабылғаны еситилди... Мен де жолға түсип, бир неше адым жүрдим де тоқтадым. Бир ўақытта қарасам, тағы сол қапының алдына келип қалыппан. Қалайынша екенин өзим де билмеймен. Қапыны ийтердим. Хатийша мени сол жерде күтип турған екен. Ол мойныма жармасып, ериплеримнен сүйип, қатты қушақлап алды.

— Келдиң бе? — деп қулағыма сыбырлады ол, сөйтип қолымнан услап, үйине қарай жетекледи.

Ярым ақшамда оянып, бираз ўақытқа дейин қай жерде екенимди билмей жаттым. Басым қатты аўырды. Бизлер бир кроватьта қатарласып жатырған едик. Денеси жып-жыллы, ярым жалаңаш Хатийша қолтығыма тығылып алыпты. Оның ыссы демлериниң леби ийниме тийип атыр. Мен орнымнан турып, дәрҳал бул жерден кетпекши болдым. Сәл қыймылдаған едим, Хатийша жумылған көзлерин ашпастан мени қушақлап алды.

— Кетпе! — деп сыбырлады қулағыма. Сөйтип басын көтерип, қараңғыда көзлериме тигилип, ентигип сыбырлай баслады: — Енди сенсиз жасай алмайман... Сен меникисең. Қай ўақытта да меники едиң! Мен буннан бөтен ҳеш нәрсени билмеймен, билгим де келмейди. Мени сүйсең болды Ильяс! Буннан басқа сеннен ҳәш нәрсе талап етпеймен. Бирақ, сеннен безбеймен, түсиндиң бе, безе алмайман! — деп ол жылап жибергенде, көз жаслары бетиме тама баслады.

Мен кете алмадым. Таңның алдында тағы уйықлап қалдық. Оянсақ, күн шығып кетипти. Тез кийине басладым, өйткени, жағымсыз суўық сезим жүрегимди тыға баслады. Жүрип баратырып келте тонымның женин суғынып, сәдеплерин илдирдим де, зоңқ етип далаға атлықтым. Дөгерегиме қарасам, дийўалдың мүйешинен сары түлки малақай кийген адам туўры маған қарай жүрип келе берди. Аҳ, усыған көзим түссе, атарға оғым жоқ-дә! Жантай жумысқа баратыр-

ған екен, өзи де усыманда қоңсы жайлардың бириндe турады. Екеўимиз де бир-биримизге тигилип, сәл-пәл бежирейисип турдық. Мен оны көрмегенликке салып бурылдым да, автобазаға қарай тез жүрип кеттим. Мәниси бардай етип, Жантай артымнан жеткиринип қойды. Ол қарды қытырлатып басып изимнен киятыр еди. Биреўимиз алдында, биреўимиз кейинде: усылай етип автобазаға дейин бардық.

Гаражға бурылмастан, туўры конторға қарай бетледим. Бас инженердиң кабинетинде бес минутлық азанғы жыйналыс өткерилип атыр екен. Ишке киргим келгенлиги сонша, айнаның алдында аяқларымды айқастырып папирос шегип отырып, кәсиплес шоферлар менен жақ жарыстырып, жумыс туўралы олардың тоңқылдыларын еситким келип кетти. Усындай ўақшақтың адам баласына керек екенин елеге дейин билмеген екенмен ғой. Бирақ, ишке киргим келмеди. Бул қорыққаным емес, әлбетте. Мени көптен-көп сол талаптың келиспегенлиги, үмитсизликке бериліў, олардың алдында өзимди қалай пәс тутаман деген қыяллар азапқа салып тур еди. Оның үстине Хатийша менен бир ақшам жатып шыққаным бетиме ширкеў болды. Рәмәўзине қарағанда адамлар да еле мениң ислеген қолайсызлығымды умытпаған екен. Себеби, иште мениң үстимнен «гүзе сынып» атырған еди.

Биреў:

— Барып турған ақмақшылық! Оны судқа бериў керек, — деди. — Сизлер жақлап атырсыз. Тағы биреўлериңиз ол дурыс еткен деп биле тура айтып отырсызлар. Тиркеўди таўға таслап келди ғой...

Оның сөзин басқа биреў бөлди:

— Дурыс, бундайдың талайын көргенбиз. Олар ақыл бериўге шебер болады. Сыйлық алыўды кеўли күсеген шығар... Автобазаның пайдасын ойлапты-мыш. Ислеген иси қырынына кетти.

Адамлар өз-ара тартыса баслады. Ғаўырлы көбейип кетти. Аңлып келгендей болып, қапының артында турып гәп тыңлаўды өзиме ылайық көрмей, қолымды бир силтеп кетип қалдым.

Артымнан даўыслар еситилген сайын адымымды қаттырақ аттым. Олар еле ғаўырласып атыр еди. Әлибек жүрип киятырып биреўге:

— Тиркеўге тормозды өзимиздиң автобазада орнатып аламыз. Компрессордан шлангаңы суўырып алып,

орнына колодканы басыў онша машақат емес ғой... Анаў Ильяс па, тоқта, Ильяс! — деп даўыслады ол туў сыртымнан.

Иркилместен гаражға қарай кете бердим. Әлибек изимнен жетип алды да, ийнимнен услап:

— Уәй. оңбаған! Ақырында оларды исендирдим, түсинип турсаң ба? Таярлық көре бер, Ильяс! Бирге барасаң ба? Сынап көремиз! Тиркеў менен! — деди.

Мен иренжип, бир түрли болып кеттим. Мени жаман аттан қутқармақшы болып, қасына алмақшы екен. Мен оның қолын ийнимнен ысырып таслап:

— Тиркеўиңди байлап кете бер! — дедим.

— Буншa неге шыртылдап турсаң! Өзиңнен кәр... Мен қойдым енди. Володка Ширяев саған ҳеш нәрсе айтпады ма?

— Яқ, көрмедим оны. Не гәп?

— Не гәпиң не? Қайда жүрсең, өзиң? Ҳәсел жолға шығып, ким көрингеннен сени сорайды, қорқып отыр... Сен болсаң!...

Турған жеримде аяқларым шалынысып кетти. Жүрегимниң дүрсилдиси тоқтап қалғандай, еңсемнен зил басып, өлсем жақсы болар еди, бүйтип жүргенше деп ойладым. Әлибек болса жеңимнен тартып, тиркеўди жаңадан үскенелеў туўралы бир нәрселерди маған түсиндирип атыр. Жантай былайырақта гәпимизге қулақ салып тур екен.

— Барсаң-ә! — деп қолымды тартып алдым. — Беретуғын сотыңызға бериңлер! Болды енди! Ҳәш қандай тиркеўдиң кереги жоқ, маған. Түсиникли ме саған?

Әлибектиң қабағы үйилип, маңлайы жыйрылып қалды.

—Өзиң баслап, өзиң от жағып, ендиги жағында омыраўыңды қайқайтып қашпақшымысаң! Солай ма?

— Қалай түсинсең, солай түсине бер!

Машинаның жанына келип, қолларым қалтырағанлықтан не ислеримди билмей қалдым. Дәрҳал машинаның астындағы шуқырға түстим де, сәл өзиме келип алайын деп жыйнаўлы турған гербишлерге жамбасладым.

— Берман қара, Ильяс! — деген сыбырланған даўыс төбемнен еситилди. Басымды көтердим: бул ким тағы ыңғыраўлап турған. Малақайын басып ки-

йип алған Жантай, маған ҳийлели көзлерин ҳайран етип қадап, шуқырдың ернегинде замаррықтай болып қақайып отыр екен.

— Сен оның тәмбисин дурыслап бердиң, Ильяс!

— Кимниң?

— Әлибек белсендиниңдағы! Аўзына тас пенен урғандай болған шығар... Пыссыйып қалды гой, новатор.

— Ал, сениң не исиң бар, журттың қалай еткенинде?

— Не исимниң бар екенин өзиң де билип турған шығарсаң. Шоферларға тиркеўдиң кереги жоқ. Оның соңында не болатуғынын биз билемиз: биреўлер ислеп шығарыў нормасын орынлап, жолды қысқартады, оннан соң ҳәммеңиз сол алдыңгыларға теңлесиң деп жүк тасыў ушын төленетуғын мийнет ҳақыны кемейтип таслайды. Ким өз қалтасының зыянын ойлайды. Бир күнлик шонтық абырайдың кимге кереги бар? Бизлер саған өкпелеп атырған жоқпыз, бирақ жаңағы пәтиңнен қайтпа...

— Бизлер деп турғаның кимлер, сениң? — дедим оған сабырлы болыўға өзимди мәжбүрлеп. — Бизлер деп турғаның сен бе?

— Мениң бир өзим емес гой! — деди Жантай көзин жыпылықлатып.

— Өйтип сандалама, көргенсиз, аш бийт! Усы сениң қастыңа бола тиркеў менен жүремен. Геўдемде жаным болса, айтқанымды ислемей қоймайман. Сениң менен сонда көремен. Ҳәзир бул жерден өкпеңди көтер, бар қайқай!

— Ҳәй, ҳәддиңнен аспа! — деп одағайлады Жантай. — Сениң де қандай екенлигиңди жақсы билемиз... Билип қой... Айта берсек, дәўраның келип турғанда, сүрип қал...

— Уәй. сениң! — деп ғәзеп пенен бақырып жибердим де, керилип турып ийегиниң астына таслап жибердим.

Ол шуқырдың шетинде қалай отырған болса, сол турысында артына қарай шөңкерилип түсти. Малақайы да ушып кетти. Шуқырдан пышықтай болып секирип шықтым да, оған тәп бердим. Бирақ, Жантай орнынан турып үлгергенликтен, өзин шетке алып қашып баратырып пүткил дөгеректи жаңғыртып бақырды:

— Қуда бийзар! Гәззап! Мени муш пенен қорқыта алмайсаң. Сениң де сазайыңды берстуғын күш табылар! Қыянетшил!

Адамлар ҳәр жақтан жуўырысып келе баслады. Әлибек те жуўырып келди.

— Не болып қалды? Неге урдың оны?

— Ҳақыйқатлықты айтқаным ушын! — деп қаттырақ бақыра баслады Жантай.—Гәптиң дурысын бетине айтқаным ушын урды! Тиркеўди урлаған да өзи, таўда аўдарып таслап кеткен де өзи. Енди жумысты былғастырып турысы мынаў. Адамлар оның кәтесин ҳақ кеўили менен дүзетпекши болса, ол кеңсирикке урады! Ол енди бул истен зәлел көргенликтен абырайынан айрылды.

Әлибек маған қарап жүрди. Бетинде қан жоқ, түри бозарып ашыўланғанлықтан тутлығып:

— Ҳарамзада! — деп өңменимнен ийтерип жибер-ди ол... — Таўдың асырымы ушын ашыўыңа шыдамай өш алып атырсаң ба? Ойлама сен, сендей қаҳармансызлар да ислей аламыз!...

Мен үндемей тура бердим. Бир нәрсе деп аўзымды жасқайтуғын шамам жоқ еди. Жантайдың шеннен тысқары айтқан жала сөзлерине ашыўланғаным соншелли, аўзыма сөз түспей қалды. Жолдасларым маған аларып қарасып тур. Жантай болса ерниндеги қанды малақайы менен сыпырып, еле бақырып жүр.

Машинаға ғарғып миндим де, автобазадан шығып айдап кеттим.

Жолда ишип алдым. Дәслеп жол бойындағы дүканлардың биреўине кирип шықтым, тәсир етпеди, пайдасы болмады. Буннан соң кетип баратырып, тағы тоқтап бир стаканды симирип алдым. Соннан кейин көпирлер, жол бойындағы белгилер менен, қарсы киятырған машиналар көз алдымнан зымырап өтип, жеңил тарта басладым. Кеўилим тәўир-ақ көтерилгендей болды. «Әҳ! — деп ойладым өзимше. — Тәўекел, не болғаны болар. Саған не жетпей атыр. Машинаңды айдап жүрсең болғаны емес пе, Хатийшаның буған не қатнасы бар... Ол кимнен кем. Өзи жас, сулыў. Оның үстине сен десе жанын аямайды. Сениң ушын ҳәр нәрсе ислеўге таяр. Жақсылықты билмеген ақмақ!».

Кеште үйге келип қапының алдында теңселе баслады. Артыма түсип кеткен келте постыным ийним-

де салбырап тур. Гейде рульди басқарыў аңсатырақ болсын деп оң жақтағы жеңимди шешип отыратуғын едим. Буның өзи маған балалық ўақтымнан баслап, яғный кесек ылақтырып ойнап жүрген күнлеримнен әдет болып қалған еди.

Ҳәсел көзи түсиўден маған атылды да:

— Ильяс, саған не болды? — деп кейнинен истиң мәнисине түсингендей ҳайран болып, қорқып турып қалды. — Неге зеңирейип турсаң? Шаршадың ба, аязлап қалдың ба? Қәне, шешин! — деди.

Ол маған жәрдемлеспекши болып қолын созып еди, бирақ, мен жумған аўзымды ашпастан, оны ийтериңкиреп жибердим. Өзимниң айыбымды усындай есерсоқлық пенен жаппақшы болдым. Жайдың ишинде тентиреклеп жүрип аяғыма оралған бир нәрсени аўдарып жибердим де, түбиреткиге гүрс етип отырдым.

— Бир нәрсе болды ма, Ильяс?—деп тынышсызланған Ҳәсел мениң мәсликтен мөлерип турған көзлериме қарады.

— Сен не, еле билмейсең бе? — деп басымды төмен салдым: оған қарамағаным жақсы еди. Ол маған ҳәзир бопса урып, тәғдирге налый баслайды, — деп күтип отыр едим. Өзимди-өзим ақламай-ақ, не айтса да еситиўге қайылман. Бирақ, ол тап үйде жоқтай дым үндемеди. Мен әсте ғана көз астынан қарадым. Ҳәсел маған терис қарап айнаның алдында тур еди. Сол турысында мен оның бет әлпетин көрмесем де, көзлеринде жас тамшылары бар екенин сезип отырман. Жүрегим елжиреп, оны жүдә аяп кеттим.

— Ҳәсел, билесең бе, мен саған бир нәрсе айтпақшы едим, — дедим гибиртиклеңкиреп. — Мынаны айтпақшыман! — деген ўақтымда демим жан алқымыма тығылып, сөйлей алмай қалдым. Оған бундай соққы бериўге жүрегим даўамады. Оған ирeҳимим түскен еди. Сонлықтан, — бизлер жақын арада сизиң аўылға бара алмайтуғын усаймыз, — деп гәпти басқа жаққа бурдым. — Соңынан ўақты-сәти түссе барармыз... Ҳәзир ирети жоқ.

— Оған асықпай-ақ турайық, — деп Ҳәсел көз жасларын сыпырып алдыма келди. — Ҳәзир бул туўралы ойланбай-ақ қой, Ильяс. Бәри де жөнлесип кетер. Бәринен де бетер өзиңди ойла. Жүдә бир турли болып кеттиң. Саған түсинбай жүрмен, Ильяс.

— Яқшы, болады, — деп оның гәпин бөлдим де, жүрексизлик еткениме ашыўым келди. — Шаршадым, уйқым келип баратыр.

Арадан бир күн өткеннен кейин, қайтарсын таўдың асырымында Әлибекке гезлестим. Ол тиркеўди сүйретип киятыр екен. Долан енди шоферлардың еркине бағынған еди.

Әлибек мени көриўден машинадан секирип түсип, қолын былғады. Мен де тезликти пәсейттим. Әлибек жолдың үстинде ҳәм қуўанып, ҳәм салтанатлы болып тур еди.

— Сәлем, Ильяс! Берман кел, папирос шегисип алайық! — деп бақырды ол.

Мен тормоз бердим. Әлибектиң кабинасында, рульде екинши бир шофер — жас жигит отырған екен. Машинасының дөңгелеклерине шынжыр орап таслапты. Тиркеўге де пневматик — яғный ҳаўаның басым күши менен ҳәрекет ететуғын тормоз орнатыпты. Буны мен дәрҳал сезген едим. Бирақ, тоқтамадым.—Үстинен түскен екенсең. Саған жақсы болыпты. Маған тийме! — дедим ишимнен.

— Тоқта, тоқта! — деп Әлибек изимнен жуўыра баслады. — Сенде жумысым бар, Ильяс, тоқта! Аҳ, шайтан, саған не болды. Яқшы, көрермиз...

Мен машинаның жүрисин тезлеттим. Бақыр-бақырма өзиң бил. Мениң сеннен ғәрезим жоқ. Мениң ойлағанларым әллеқашан пуш болды. Деген менен бул жақсы болмады, ең жақын достым Әлибектен ажыралдым. Себеби, ол ҳақ еди, оның барлық нәрседе де дурыслы екенин енди билип атырман. Бирақ, сол ўақытта мениң өлип - өшип ислеп жүрген мийнетимниң нәтийжесине оның аңсат ғана ийелик етип алғанына ашыўым келди.

Әлибек, ҳаслында ақыллы, турақлы жигит еди. Ол маған усап таўдың қәўипли жерине партизанлық етип бармайды да. Ол машинаны шериги менен биригип айдап дурыс ислеген. Себеби, олар жолда машинаны гезеклесип айдап, таўдың қыйын асырымынан өтиўи мүмкин еди. Буның үстине Әлибек қасындағы шофер менен екеўи барып келетуғын жолды еки мәртебе қысқартады. Булардың бәрин ол есапқа алып, тиркеўге машина компрессорынан бир ўақытта ҳәрекет ететуғын тормоз орнатқан. Ҳәтте, ең әпиўайы шынжырларды да естен шығармай, оның менен алдыңғы дөңге-

леклерди орап алыпты. Қулласы, ол таўдың асырымына тек «Алҳа!» деген шаўқым менен емес, ал толық қуралланған ҳалында ҳүжим етти.

Әлибектиң соңынан басқалар да тиркеў менен жүрис баслады. Ҳәр қандай истиң ең әҳмийетлиси басланыўы ғана. Соның арасында машиналардың саны да артты, өйткени, жақын жердеги автобаза жәрдемге келген еди. Сөйтип, бир ярым ҳәпте даўамында Тянь-Шань трактында күни-түни машиналардың гүўилдиси тынбады. Әйтеўир, қандай қыйыншылық болыўына қарамастан ГЭС тиң өтинишин бизиң жигитлер мүддетинде бежерип берди. Олардың арасында көпшилик қатары мен де иследим.

Енди мен булардың бәрин арадан тәўир-ақ жыллар өткеннен соң асықпай айтып отырман. Бирақ, сол қызгын күнлерде мен ерде дурыслап отыра алмағанлықтан, өмирдиң жылаўын дурыслап басқара алмаған едим....

Әлибек пенен ушырасқаннан кейин автобазаға келгенимде кеш болып қалған еди. Жатақханаға қарай кетип баратырып, жол-жөнекей шайханаға бурылдым. Сол күнлери мен өзимниң көрип жүрген қорлықларымды умытқым келип, шеннен тысқары сулайғанша ишип, силем қатып уйықлағым келе беретуғын еди. Өзимди зорлап көп ишсем де, арақ маған бул сапары оңлап тәсир етпеди. Сонлықтан, бурынғыдан да бетер үскиним қуйылып шайханадан шықтым. Ярым ақшамға дейин көшеде қангырып жүрип, ҳәш нәрсени ойлап турмастан, Береговая көшесиндеги Хатийшаның үйине қарай бурылдым...

Буннан соңғы аўҳаллар да усындай болып өте берди. Сөйтип, мен жанған оттың арасына түскен едим. Күндиз жумыста болсам, түнде Хатийшаның үйине қарай жуўыраман. Оның менен бирге болсам өзимди еркин сеземен. Ол жерде өзимнен-өзим, ҳәтте, адамлардан, ҳақыйқатлықтан жасырынғандай болатуғын едим. Пәмлеўимше, мениң жағдайыма тек ғана Хатийша түсинетуғын сыяқлы ҳәм сүйетуғындай сезиледи. Үйге барсам тезирек кетиўге асығаман. Ҳәсел, қәдирданым Ҳәсел! Ол өзиниң ҳақ кеўиллиги ҳәм ўападарлығы менен мени үйден безиктирип атырғанын билсе еди. Ҳәсел өзиниң усындай қәдирданлығы менен тезирек бул үйден шығынып кетиўиме баҳана излеўге мени мәжбүрледи. Оның ислеген жақсылық-

ларына өзимниң минэсин емес екенимди, оған өзимниң ылайық қостар бола алмайтуғынымды билип, бул жерде буннан артық тура алмайтуғындайман. Мен үйге бир неше мэртебе арақ ишип, тентиреклеп келдим. Бирақ, ол мениң буларымды бетиме басқан жоқ. Елеге дейин мен оның өзиме усындай қатнаста болғанын түсине алмайман: я өзиниң бос итибарсызлығынан ба, я ҳэр нэрсеге шыдамлылығы, адамға исениминиң күшлилигинен бе, буны биле алмадым. Шынында да, ол мениң бурынғы табыма түсиўиме исенип, меннен соны күте берди. Бирақ, оның орнына маған бақырғаны, кеўлиндеги бар гүптикейин ақтарғаны абзал еди. Мүмкин, ол мениң жүрегимди өртеп жүрген нэрселер, тек жумыстағы қолайсызлықлар емес екенлигин билгенде, меннен жуўап талап етермеди, қэйтер еди?.. Бул күнлери ол мениң басымнан не кешип атырғанынан бийхабар болды. Мен оны аяғанлықтан оның менен сөйлесиўди ертең, арғы күни деп кейинге қалдыра бердим. Сөйтип, сүйрстилип жүргенде, оның алдында муҳаббетимиздиң ҳүрметине бежериў лазым болған өзимниң хожалық баслығы ўазыйпамды орынлап үлгере алмай қалдым.

Соңғы ирет ушырасқанымызда Ҳэсел мени жанлы түрде, қуўаныш пенен күтип алды. Оның жүзлери гүлдей жайнап, көзлери ойнақшып тур еди. Ол келте постынымды ҳэм етигимди шештирместен мени ишкери қолымнан тарта баслады.

— Қарап жибер, Ильяс! Самат ғаз тура алатуғын болды гой!

— Ырас па? Қайда ол?!

— Эне, столдың астында!

— Қойсаң-э, полда еңбеклеп жүрипти ғой!

— Ҳэзир, көресең! Қэне, балам, экеңе қэйтип турғаныңды көрсет. Қэне, қэне ғаз турып бер, Самат?

Самат анасының қандай нэрсени өтиниш етип атырғанын түсингендей болды да, столдың астынан қуўанып еңбеклеп шығып, кроватьтың жанында тоқтап, оның шетинен услап зорға тик турды. Ол өзиниң нэзик аяқларының үстинде қалдаўрап, талпынып турғанда, күлимсиреўи менен полға сылқ етип отырып қалды. Жуўырып барып, оны құшақлап алдым да тула бедениней сүттиң ийиси аңқып турған нэрестени баўырыма бастым. Бул ийис, Ҳэсел сыяқлы соншелли қэдирдан ҳэм татлы еди-аў!

— Әстерек, Ильяс, туншығып қалар! — деп Ҳәсел қушағымнан оны тартып алды. — Ал енди не дейсең? Қәне, шешин. Бул деген тезарада «үлкен жигит» болады. Оннан соң апасы да жумысқа барады. Еле бәри де жөнлесип жақсы болып кетеди, солай емес пе балам, я? Сен не? — деп Ҳәсел күлимсиреген, бирақ муңлы көзлери менен маған қарады. Мен түбиреткиге отырдым да, оның қысқа ҳәм мәнили бул сөзлериниң астарында өзиниң айталмай жүрген, бирақ соңғы күнлери айтқысы келип жүрген пикирин сезип қалдым. Бул сөзде өтиниш те, наразылық та, үмит те бар еди. Мен сол ўақытта, оған бар гәпти айтып бериўим керек едидағы, я болмаса тезирек бул жерден өкшени көтериўим керек еди. Ең тәўири, кеткеним жөн болар. Ҳәсел болса оғада кеўилли ҳәм ҳеш нәрседен гүман етпейди. Мен отырған жеримнен турдым да:

— Мен кетемен, — дедим.

—Қайда? — деп Ҳәсел сескенип кетти. — Бүгин де үйде болмайсаң ба? Ҳеш болмаса шай иш.

— Мүмкин емес, кетиўим керек, — деп миллет еттим. — Ҳәзирги жумыстың жағдайын өзиң билесең ғой...

Мени үйден қуўып шығарып атырған нәрсе жумыс емес еди. Жумысқа болса азанда барыўым керек.

Машинаның кабинасына кирип сылқ етип отырдым да, күйип кеткенимнен ыңыранып жиберип, бираз ўақытқа дейин моторди гүрилдетиў ушын, қараңғыда гилтти орнына суғалмай қармаландым. Соңынан жолға түстим, әйнеклерде жылтырап турған жақтылар артымнан көринбей қалғанша айдай бердим. Аңғардағы көпирден өтип алдым да, бирден машинаны жолдың шетине бурып, шөпликтиң арасында тоқтатып, шыраларын өширип тасладым. Усы жерде түнеўге тәўекел еттим. Қалтамнан папирос алдым. Шырпының ишинде жалғыз шөби қалған екен. Пыз-з етип жанды да өшип қалды. Папиросты да шырпының қутысына қосып, кабинаның айнасынан тысқарыға ылақтырып, келте постынымның жағасын басыма бүркенип, аяқларымды баўырыма тартып думалап жатып қалдым.

Түси суўық, түнерген қапқараңғы таўлардың үстине ай болар-болмас нур сеўип тур. Аңғарда ысқырған самал ызғырып, ашылып турған кабина қапысын ар-

ман-берман тербетеди. Ол самал менен эсте ғыжырлайды. Кабинада жатып атырып ойлансам, өзимниң пүткиллей жалғызлығымды, жолдасларымнан, үйимнен айырылып қалғанлығымды тап ҳәзиргидей тереңнен сезбеген едим. Буннан буяғына бул барыс пенен бара бериўге болмайтуғын еди. Соңлықтан, автобазаға айланып келгеннен соң, Хатийша менен сөйлесип, оннан кеширим сорап, екеўимиздиң арамызда болып өткен нәрселерди умытыўын өтиниш етемен, деп өзиме өзим сөз бердим. Усындай етсем ҳүжданым алдында дурыс ислеген боламан.

Бирақ, өмир мениң ойлағанларымды басқаша етип шешти. Мен бундай болады деп ҳеш ўақытта ойламаған ҳәм күтпеген едим. Арадан бир күн өткеннен кейин асырымдағы базаға — үйге жетип келдим. Қапы аңырайып ашық тур, үйде ҳеш ким жоқ. Әўеле Ҳәселди бир жаққа, я суўға, я отынға кеткен шығар деп ойладым. Ояқ-буяққа қарадым. Ҳәмме нәрсе жайраң жатыр. От жағылмаған печьтиң ишинен қандай да бир суўық ҳәўир шығып, үйдиң иши ҳүўлеп тур. Саматтың кроватының жанына бардым — бос екен.

— Ҳәсел! — деп сыбырландым қорқыныш пенен. «Ҳәсел» — деп сыбырланып саза берди дийўаллар.

Пәт пенен қапыдан атылып шықтым да:

— Ҳәсел! — деп бақырдым.

Ҳеш ким жуўап қайтармады. Қоңсы-қобалардикине, бензоколонкаға жуўырып барсам да ҳеш кимнен ҳеш нәрсе билмедим. Адамлардың айтыўына қарағанда кеше күни менен баласын қоңсылардың үйине таслап кетип, өзи түнде келипти. «Мениң не ислеп жүргенимди билип алып болып енди кетип қалған» деген қорқынышлы пикирден тула беденим түршигип кетти.

Мен бул өмиримниң ишинде Тянь-Шань таўларының жолларынан машинаны өзим ушын бахытсыз күн болған сол сапарғыдай қатты айдамаған шығарман. Себеби, мен оны айланбада, ямаса сайдың ултанында, әйтеўир бир жерде жолда қуўып жетип алатуғындай бола бердим. Алдымда бүркиттей зымырап баратырған машиналарды қапталласып қуўып жетип бараман да тормоз берип, кабинаға ҳәм кузовларына алаңлап көз жуўыртып, шоферлардың сөгиси астында машинамды алға қарай зыңғытып кете бердим. Мен сол барыс пенен үш саат даўамына радиатордың суўы қай-

наганша айдаппан. Кабинадан секирип түстим де, радиаторға быжылдатып қар басып, суў әкелдим. Радиатордың пуўы бурқырап, машина шабысында бирден тоқтаған аттай пысқырып кетти. Енди рульге асылайын деп атырғанымда қарсы алдымнан киятырған Әлибектиң машинасына көзим түсти. Қуўанып кеттим. Бизлер сөйлеспей, сәлемлеспей жүрсек те, бирақ, Ҳәсел олардың үйине барған болса, бәри бир, ол буны маған айтыўы керек ғой. Жолға жуўырып шықтым да, қолымды көтерип:

— Тоқта, тоқта Әлибек! Тоқта! — деп бақырдым.

Рульди басқарып киятырған қасындағы нәўбетшиң жигит Әлибекке сораўлы нәзери менен қарады. Әлибек болса түнерип терис қарады. Олар тоқтамастан түбимнен өтип кетти. Машинаның дөңгелеги менен тозаңғыған қар дүбелейиниң арасында қолымды көтериўим менен бираз ўақыт турдым. Кейнинен бетимди сыпырдым. Мейли, маған ерегисип атырған шығар. Алмақтың бермеги бар ғой, ақыры. Бирақ, мен ҳәзир буны кеўилиме келтирип, қапа болатуғын дәрежеде емес едим. Демек, Ҳәсел олардың үйине бармаған болыўы керек. Бул жағдай кеўилимди бетерирек ўайран етти. Ол өзиниң төркинине кеткен болса керек, оннан басқа баратуғын жери жоқ. Ата-анасының алдына қайсы бети менен барып, оларға не деди екен-ә? Оның қайтып келгенине адамлар не десип атыр екен? Қолында баласы...

Дәрҳал аўылға кетиўим керек.

Жукти түсирдим де машинаны далаға қойып, документлерди тапсырыў ушын диспетчерханаға жуўырдым. Кирер аўызда Жантай менен соқлығысып қалдым. Ол болса артымнан жеркениш пенен тыржыйып қалды.

Мен есиктен басымды суғып, столдың үстине докумеентлерди ылақтырып таслағанымда, Хатийша маған бир түрли болып қарады.

Оның көзлеринен қандай да бир тынышсызланыў ҳәм өзин гүналы сезиниўдиң ушқынлары билинип қалды.

— Тезирек алсаң-ә! — деп жибердим мен.

— Бир нәрсе болды ма?

— Кетип қалыпты! — Үйде Ҳәсел жоқ!...

—Ырас айтып турсаң ба, сен? —деп түри аппақ болып бозарып кеткен Хатийша орнынан турды да, ерин-

лерин тислеп: — Кешир мени, кешир Ильяс! Бәрине, мен, мен... — дей баслады.

— Неге мен дей бересең! Түсиндирип айтсаң-ә, қәне айт?! — деп оған қарап умтылдым.

— Булардың ҳәммесиниң қалай жүзеге келгенин өзим де билмей қалдым. Саған ырасын айтайын, Ильяс. Кеше аўыздағы қараўыл келип мына тесикти тықылдатып, бир қыз сени сорап атыр, — деди. Мен оның Ҳәсел екенин дәрҳал билдим. Ол маған үнсиз тигилип турды да, соңынан: «Усылардың ҳәммеси ырас па?» деп сорады. Мен болсам албырап, салған жерден, «Аўа, ырас. Бәри ырас. Ол мениң менен бирге!» — деп бақырып жибериппен. Ол шоршып кетип, тесиктен басын тартып алды. Мен болсам столға өңменимди артып: «Меники ол! Меники!» — деп жин урғандай бақырып жылай бериппен. Оннан соң мен оны көрмедим... Кешир, мени!

— Ал, тоқтап тур, ол қайдан билди екен?

— Буны Жантай айтқан. Сол. Ол маған да доңырайып жүр еди. Өйтип, сен оның бундай екенин билмейсең бе, ақыры?

— Билемен. Бирақ, бул сапары ол ҳақыйқатлықты айтыпты.

— Сен Ильяс, бүйтип турғанша тезирек оны излеп тап. Енди сизлерге жармаспай-ақ қояйын, илайым. Бир жаққа басымды алып кетермен...

Машина мени қысқы даланлықтың үстинен алып баратыр. Жолды көгис қалың муз қаплап жатыр. Самал салманың бойындағы қар үйиндилерин ғыр-гүбелек ушырып, өзи менен бир жақларға алып кетип атыр. Алыстағы таўдың етегинде дийўаллар, самал «жалаған» тамлар менен жапырақлары түсип, сыйдамланып қалған бағлар булдырап көринеди.

Аўылға кешқурын жетип келдим. Машинаны бурыннан өзиме таныс болған үйдиң алдына тоқтаттым да, тезден папирос тутандырдым. Азырақ басылғанымнан соң қалдығын өширип таслап, сигнал бере басладым. Ҳәселдиң орнына басына ишик бүркенип алған апасы шықты. Мен кабинаның қапысын ашып, аяқ қоятуғынына түсип, әстен ғана:

— Сәлем бердик, апа! — дедим.

— Ҳә-ә, сенбисең?! — деп ғәзепленип жуўап қайтарды ол. — Билгениңди ислеп болып, тағы мени апа дейтуғын болдың ба? Жоғал, бул жерден, көзиме кө-

ринбеғі. Жалаң аяқ, жалатай! Қызымның изине ыңғырыўлап түсип, басын айландырып алып қашып кеткен намыссыз! Өмиримизше шерменде еттиң-ә...

Кемпир аўзымды аштырмады. Ол мени аўзына не келсе қайтармай ғарғап атыр. Оның бақырысын еситип, қоңсы үйлерден ҳаяллар, еркеклер, балалар шыға баслады.

— Халайықты шақырмасымнан бурын бул жерден өкшеңди көтер! Түриң қурысын! Жүзиңе нәзерим түспегей! — деп ашыўға буўлыққан кемпир ишигин жерге ылақтырып таслады да, маған қарай гезенип жүре баслады.

Енди маған жолға түсип кетиўден басқа илаж қалмаған еди. Ҳәсел мени көргиси келмей отырғаннан кейин, әлбетте, кетиўим керек-дә. Машинаға тас ҳәм таяқлар тарсылдап тийе баслады. Балалар мени аўылдан усындай етип қуўып шығарды.

Түни менен Ыссық көлдиң бойында гезип жүрдим. Суўдың бети айдың нуры менен жылўаланып шайқатылып атыр. О, Ыссық көл, мәңги қайнаўытлап туратуғын көл! Сол ақшам сен тәуир-ақ салқын едиң, мени кеўилсиз қарсы алған едиң. Мен төңкерилген қайықтың үстинде отыр едим. Жағаға өркеш-өркеш болып жапырылып келген толқынлар етигимниң қонышына қаўып, тағы шуўылдап кейин қайтады...

... Соң әллеким маған жақынласып келди де, ийниме қолларын салды. Бул Хатийша еди...

* * *

Бир неше күннен кейин бизлер Фрунзе қаласына барып Анархай жайлаўларын өзлестириў бойынша излениў жумысларын алып баратуғын экспедицияға мен шофер, Хатийша рабочий болып жумысқа орналастық. Мине, солай етип жаңа турмыс басланды.

Экспедицияға қосылып, Анархай шөлистанлығының ишкерисине — Балхаш бойларына дейин бардық. Егер оннан алысқа кеткенде де бәри бир кейниме қайтпайтуғын едим. Өтмиш пенен байланысты үзгеннен кейин, биротала үзиў керек.

Дәслепки күнлери ҳәсиретлеримди жумысқа жеңдирип жүрдим. Исленетуғын жумыслар да аз емес еди. Үш жылдан артық ўақыттың ишинде барлық Анархай шөлистанын гезип, қудықлар қазып, жоллар салып, жол шетине базалар қурдық. Қулласы, ҳәзир-

ги Анархай бәлент-пәсли болып, жуўсан қаплап жатырған ҳәтте, адам тал түсте адасып, басы менен айағының қайда екенин табалмай ҳәптелеп, айлап қаңғырып, адасып жүретуғын бурынғы Анархай емес. Ҳәзир ол жерлерде мәдений орайлар салынып, шарўалар ушын қолайлы орынға айланды. Дән егилип, малларға от-шөп таярланды. Еле де өзлестирилмеген жерлер көп, әсиресе, бизлердей шоферларға жумыс деген басынан асып атыр. Деген менен ол жақтан қайтып келдим. Әлбетте, жасаўдың қыйыншылығынан, адамлар аз болатуғын шөлистанлық, ямаса қыстың боранында жолсыз адасып, машақат шегип жүриўден қашқанлығым емес. Бундай қыйыншылықлар ўақытша болатуғын нәрсе. Бизлер Хатийша екеўимиз қыйыншылықтан бас тартқан жоқпыз, турмысымыз да жаман емес еди, бир-биримиз бенен сыйласықлы да болдық. Бирақ сыйласық басқа, муҳаббеттиң жолы басқа. Егер биреўи сүйип, екиншиси сүймесе, бул мениңше кеўилдегидей етип өмир сүриў емес. Я адамның өзи усылай жаратылған ба, я мениң минезим сондай ма, әйтеўир маған мудамы бир нәрсе жетиспегендей болып жүреди де қояды. Оның есесин жумыс пенен де, дослық пенен де, я өзиңди сүйип жүрген ҳаялға болған ғамхорлығың менен де толтыралмайсаң. Мен Ҳәселдиң алдына бармағанша кеўилим кеншимейтуғынын, ақыбетин ойламай кетип қалғаныма көптен бери өкинип, ишим ийт жыртқандай болып жүр едим. Әсиресе, соңғы ярым жылдың ишинде Ҳәсел менен баламды сағынып баўырым босасып кетти. Түни менен уйықламай шыққан ўақытларым болды. Көз алдыма Саматтың аяғында ғаз турып, күлип турғаны елеслей берди. Оның нәрестелерге тән ийисин, пүткил өмир бойыма өзиме сиңдирип алғандайман. Қәдирдан Тянь-Шань таўлары менен көгис толқынлы Ыссық көл, өзимниң биринши ҳәм ең соңғы муҳаббетимди тапқан жерим, таў етеклери мени өзине тарта берди. Хатийша булардың бәрин билетуғын еди. Бирақ, мен оны жөнсиз айыпламағанымдай, ол да мени айыпламады. Бизлер соңында бирге жасай алмайтуғынымызды түсиндик.

Анархайға бәҳәр жүдә ерте келди. Қарлар ерип, бәлентликлер жалаңашланып, көк шөплер қылтыйып көгерди. Шөлистанға жан енип, ыссылықты өзине сиңдирип пуўлана баслады. Ақшамлары ҳаўа тынық, аспан жайнаған жулдызлы болады.

Бизлер жер бураўлайтуғын вышканың қасындағы палаткада жатыр едик. Қәдимгидей уйқым келмеди. Күгилмегенде алыстан паровоз гудогының зорға еситилген даўысы келип, шөлистанның тынышлығын бузды. Ол даўыстың бул жақларға қалай жетип келгенин айтыў қыйын. Бизлер жатқан жерден темир жолға бараман дегенше ярым мезгиллик ўақыт кетеди. Я маған даўыс усылай еситилгендей болды ма, билмеймен. Жүрегим толқып кетти. Бул толқыў мени жолға шығыўға шақырғандай еди. Сонда мен:

— Бул жерден кетемен, Хатийша,—дедим.

— Дурыс айтасаң, Ильяс. Ажырасыўымыз керек, — деди ол.

Бизлер ажырастық. Хатийша Арқа Қазақстанға тың жерге кетти.

Қайда жүрсе де оның бахытлы болғанын тилеймен. Мен оның өзиниң кеўлинен шығатуғын, бирақ өзин излеп жүргенин өзи де билмей қалатуғын бир жигитти таўып алатуғынына исенемен. Ол биринши күйеўи менен оңыса алмады. Оның үстине маған қосылып та бахты ашылып кете бермеди. Егер мен ҳақыйқат муҳаббеттиң, сүйиў ҳәм сүйкимли болыўдың не екенин билмегенимде, мүмкин, оның менен турмыс қурып кеткен болармедим, әлле қайтер еди? Бирақ бунын өзи сондай бир нәзик қубылыс болғанлықтан адам түсинбей қалады.

Хатийшаны станцияға апарып, поездға мингизип жибердим де, вагонның изинен қара көрим жерге дейин жуўырып бардым. «Қәдемиң қайырлы болсын, Хатийша, арамызда болған жақсы-жаман ҳәдийселерди умыт!» — деп сыбырландым соңғы мәртебе.

Анархай шөлистанының үстинен тырналар түсликке қарай ушып баратыр. Мен болсам арқаға Тянь-Шаньға қарай кетип баратырман...

* *
*

Келиўин келдим де ҳеш жерде иркилип турмастан аўылға тарттым. Мен машинаның қузовында баратырып ҳеш нәрсе туўралы ойламайын десем де, мени бир ўақыттың өзинде ҳәм қуўаныш, ҳәм қорқыныш бийлеп алған еди. Бизлер таўдың етегиндеги жол менен: яғный Ҳәсел менен дәслепки ирет ушырасқан сол қәдирдан жолдан баратыр едик. Жол бурынғыдай емес. Ҳәзир болса тас төселген, темир бетоннан көпирлери

бар, қағыйдаларға муўапық айланбаларына қызыл, ала белгилер қағылған даңғырлаған кең жол болыпты. Мен бурынғы жолдан нышан қалмағанына азмаз өкингендей болдым. Баяғы сапары машинам салмаға батып шығалмаған жеримди де, Ҳәселдиң отырған үлкен тасын да билмей қалдым.

Аўылға жетер-жетпестен мен кабинаны тақылдата басладым.

— Не болды? — деп шофер басын шығарып сорады.

— Түсемен. Тоқтат!

— Қула дүзде ме? Ҳәзир жетемиз ғой.

— Рахмет! Енди алыс емес, — деп машинадан секирип жерге түстим.— Қалған жағына пиядалап барарман, — дедим мен оған ақша узатып атырып.

— Яқ! — деди ол. — Шоферлардан — кәсиплеслерден алмаймыз.

—Ала бер. Мениң шофер екенимди маңлайыма жазып қойған жоқ шығар.

— Жүрис-турысыңнан сезип киятырман.

— Мейли, онда кете бер. Саў бол!

Машина кетип қалды. Мен еле шашыранды қыялларымды бириктире алмай, жолдың үстинде зеңирейип тур едим. Самалдың ығына бурылып сигарета тутандырдым. Сигаретаны ериңлериме жақынлатқан бармақларым дирилдейди. Бир неше ирет симирип тарттым да, қалдығын өкшем менен езип таслап жүрип кеттим. «Мине, жетип те келдим!» — деп гүбирлендим өзимше. Жүрегимниң дүрсилдиси қулағыма еситилгендей болып, алып ушып, басыма шөккиш пенен урып атырғандай сезилди.

Аўыл тәўир-ақ өзгерипти. Үйлер көбейип, шиферли жайлар пайда болыпты. Көшелердиң бойындағы столбалардан сымлар тартылыпты. Колхоздың кеңсесиниң қасындағы столбада радио сөйлеп тур. Балалар мектепке қарай жуўырысып баратыр. Үлкен жастағы бир топар оқыўшылар жас жуғаллим менен бир нәрсе ҳаққында сөйлесип жүр. Мүмкин, булардың арасында баяғы ирет маған тас, таяқ ылақтырғанлары да бар шығар...

Мен асығып киятырман. Мине, дөгерегн пақса диўал ҳәм қызыл нарт шыбықлы таллар менен қоршалған жай. Тоқтап геўдемди кернеп дем алдым. Қорқыныш ҳәм қәўиписиниўден жаўырным музлап, сырттағы қапыға тартыныңқырап жақынласа бердим. Тақылдат-

тым. Қолына портфель услаған бир қыз жуўырып шықты. Бул баяғы маған тилин көрсетип ермеклеп қашқан қыз еди. Ҳәзир болса мектепке баратуғын болып қалыпты. Ол оқыўға барыўға асығып тур еди. лықтан, маған ҳайран болып қарады да:

— Үйде ҳеш ким жоқ! — деди.

— Ҳеш ким жоқ?

—Аўа. Апам лесхозға қыдырып кетти. Ағам тракторларға суў тасып жүр.

— Ҳәсел қайда? — деп сескенинкиреп сораганым сол, таңлайым кеўип кетти.

— Ҳәсел? — деп ҳайран болды қыз. — Ҳәсел баяғыда кетип қалған.

— Оннан соң келмеди ме?

— Ҳәр жылы жездем менен бирге келип турады. Апам оны жүдә жақсы киси деп мақтайды...

Буннан артық оннан ҳеш нәрсе сорағым келмеди. Қыз мектепке қарай жуўырып кетти. Мен кейниме қайттым.

Бул хабардың мени иренжиткени соншелли, енди оның қашан ҳәм кимге турмысқа шыққаны маған қампәтир еди. Билиўдиң, не кереги бар? Бирақ, Ҳәселди басқа биреўди таўып кетеди деген пикир қалайда мениң қыялыма келмеген еди. Деген менен усындай болыўы мүмкин еди ғой. Ақыры, сонша жылдан бери қарамды көрсетпей жүргенимнен соң, мени күтип отыра берсин бе!

Жолдың шети менен машинаны күтип турмастан кете бердим. Мен бир ўақытлары Ҳәселды алып қашқан жол менен киятыр едим. Жол да өзгерген екен, топырақ үйилип, үстине тас төселген. Тек, кең далалық өзгермепти, бурынғысындай: әтирап сүдигарланып тасланған, аңызларда орып алынғаннан кейин қалған сарғыш пақаллар көзге шалынады. Шексиз дала — Ыссық көлдиң нурлы сағымындай болып турған жағалаўларына тирелип, таўдың етегинен баслап, аспанның «жийегине» дейин созылып жатыр. Қарлар ерип, үсти жалаңашланып қалған жер ызғарланып көпшип атыр. Әлле қаяқларда тракторлар тырылдасып, бәҳәрги сүдигарлаў жумысының басланғанынан хабар береди.

Түнде районның орайына жетип келдим. Ал азанда автобазаға бараман деп ойладым. Себеби, енди тағы басқа жақларға қаңғырыўдың имканияты жоқ еди.

Жасаў керек, жумыс ислеў керек, оннан соңғы жағын ким биледи, не болатуғынын.

Тянь-Шань трактынан машиналар баяғыдай болып гүўлесип өтип атыр. Бирақ, мен өзимиздиң автобазаның машиналарының биреўи менен кетиўди мақул көрдим. Ақырында қолымды көтердим.

Пэт пенен киятырған машина тусымнан өтиңкиреп барып тоқтады. Чемоданымды қолыма алдым, шофер кабинадан шықты. Абайлап қарасам, армияда бизиң полкта болған Ермек екен. Ол стажировканы армияда мениң қараўымда жүрип өткерди. Ол ўақытлары Ермек еди. Ол маған қарап, үнсиз күлимсиреп тур.

— Танымай турсаң ба? — дедим.

— Сержант Ильяс! Ильяс Алыбаев! — деп бир ўақытта есине түсирди ол.

— Соның өзимен! — деп мыйық тарттым да, мени адамлардың усылай етип мына зорға таныўы болса, тәўир-ақ өзгерген екенмен деп бир түрли болып кеттим.

Жүрип кеттик. Аннан-мыннан гәп таўып, армияда болған жылларды ядымызға түсирдик. Бирақ, мениң турмыс аўҳалым туўралы сорап қоймағай деп қылпылдап отырман. Ермек мен туўралы хабарсыздай сезилди.

— Қашан қайттың? — деп сорадым оннан.

— Келип ислеп атырғаныма еки жылдай болды.

— Әлибек Жанторин қайда?

— Билмедим. Мен келсем ол кетип қалған екен. Адамлардың айтыўына қарағанда, Памирдеги автобазалардың биреўинде бас механик болып ислеп атырған деседи.

«Жигитсен, Әлибек! Жигитсен, достым! Жигит болғанда да пысық жигитсең!» — деп ишимнен қуўанып кеттим. Демек, ақырында өзиниң ойлағанына жетипти. Ол армияда жүрген ўақтында автомобиль ҳәм жол техникумында сырттан оқып жүрди. Ол институтты да сырттан питкериўди ойлап жүрген еди.

— Баслығыңыз Аманжолов па?

— Яқ, тазадан келди. Аманжолов министрликке хызметке өтип кетти.

— Қалай деп ойлайсаң, мени жумысқа алармекен?

— Неге алмайды, әлбетте алады. Өзиң болсаң биринши класс шоферсаң. Ҳаў, армияда да жақсылардың қатарында едиң ғой.

— Бир ўақытлары сондай едим, — дедим мен. — Жантай қайда, билесең бе оны?

— Бизде ондай адам жоқ. Еситкен адамым емес.

— «Ҳим, автобазада тәуир-ақ өзгерис болған екен-аў» — деп ойладым.

— Тиркеўлер менен ислеў қалай? Асырымнан алып шығып турсызлар ма? — деп сорадым.

— Иркинишсиз өтип турмыз, — деп жуўап берди ол итибарсызлық пенен. — Жүктиң жағдайына байланыслы зәрүр болса, тиркеп алып кете береди. Ҳәзирги машиналар күшли ғой.

Бул тиркеў салыў мени қандай қыйыншылықларға түсиргенин ол билмейтуғын еди.

Қулласы, өзимниң үйреншикли автобазама келдим. Дәслепки күни Ермек үйине мирәт етти. Ушырасқанымыздың ҳаққына азғантай ишейик деп атыр. Бирақ, мен ишкен жоқпан, көптен бери ишпей жүр едим, ишиў ойымда да жоқ еди.

Автобазада да жаман қарсы алған жоқ. Бурыннан мени таныйтуғын яр-дослардың менен ананы-мынаны шуқластырып сорай бермегенине ырза болдым. Бир ўақытлары мениң бул жерден шығынып кеткенимди, тағы айланып келип шын ҳүжданым менен ислеп атырғанымды олар көрип жүр. Өткен нәрсени қозғастырыўдың не кереги бар? Қолымнан келсе өзим ҳәммесин биротала умытажақпан. Ҳәтте, дәслепки ўақытлары бала-шағам менен туратуғын базаның алдынан өтип баратырып, дөгерегиме қарамай, керек десең, бензоколонкадан бензин де алмай зымырап өтип кететуғын едим. Бирақ, мени бундай қубылыстан ҳеш нәрсе де қутқара алмды. Өзимди-өзим алдай алмадым.

Жумысқа ўақтында барып, ўақтында қайтып дегендей жақсы ислеп жүрмен. Бурынғы әдетиме көнлигип кеттим. Машинаны ҳәр қыйлы тезликке салып, моторды бәлентликлерге шығыўда сынап көрдим. Қысқасын айтқанда өзимниң кәсбимди бес бармақтай билетуғын едим.

Сол күни ҳеш нәрсени ойламастан әтирапқа қарап, рульди таўлап бийқайғы киятырған едим. Әйне бәҳәрдиң күнлери еди. Ҳәр жер-ҳәр жерге қара үйлер тигилип шарўалар жазлаўға шығып атырған мәҳәл. Отаўлардың шаңарағынан шыққан көгис түтинлер аспанға қарай созылады. Самал әллеқайларда кисне-

сип атырған жылқылардың даўысын алып келеди. Қой-ешкилер жолдың жағасында жайылып жүр. Балалық күнлерим ядыма түсип, кеўилиме сәл-пәл муңлы қыяллар келди... Көлге жақынласқан ўақтымда аққуўларға көзим түсип бирден сескенип кеттим.

Бул өмиримнин ишинде усының менен екинши мәртебе бәҳәр шағында Ыссық көлде аққуўларды көриўим еди. Көк-көмбек Ыссық көлдиң айдынларының үстинде аппақ-аппақ қуслар айланып ушып жүр. Не болғанына өзим де түсинбей машинаны жолдан шетке бурдым да, баяғы сапаргыдай жолсыз тақырлық пенен көлге қарай айдай басладым.

Ыссық көл! Ыссық көл, мениң айта алмаған әрманлы қосықларым! Мен неге тағы сол күнди, яғный Ҳәсел менен суў жағасындағы бәлентликте турған түнди ядыма түсирдим екен-ә! Мине, ҳәзир де тап баяғыдай ақшыл-көгис толқынлар қол усласып алғандай өркешленип, сарғыш жағалаўларға келип соқлығысады. Батыўға шамаласқан қуяш таўдың аржағына тасаланды. Күн батар жағалаўдағы суўдың бети қызғыш иреңге боялып жылўаланады. Аққуўлар салтанат тутып сыбызғы шертилип атырғандай етип шақырысады. Олар қанатларын қағып гә жоқары көтерелип гә гүўлеп төмен сарқып, суўға сәўлеси түсип, тоз-тоз болып жүр. Ҳәммеси де тап баяғыдай, тек жанымда Ҳәсел жоқ. Ҳәзир сен қай жерлерде жүр екенсең, сәрўи бойлы, қәлем қаслы нигарым!...

Көл бойында бираз ўақытқа дейин иркилдим. Оннан соң автобазаға келип, тағы муңлы қыяллардың тутқыны болып, кеўилим елжиреп бузылып кетти. Жүрегимде басланған дәртли дүбелейди басыў ушын тағы шайханаға бардым. Ол жерден тәўир-ақ кеш қайттым. Аспанды булт басқанлықтан, дөгерек қапқаранғы еди. Аңғардан ескен күшли самал, трубадан пәт пенен шығып турғандай уйытқып, тереклерди теңселдирип, столбадағы сымларға соқлығып ысылдап, тастың майда түйирлерин адамның бетине ушырып урып тур. Көлдиң үсти астан-кестен болып атыр. Жатақханаға зорға жетип келдим де, шешинип турмастан кәтке бойымды тасладым.

Азанда басымды көтере алмадым, еки шекем зырқылдап шығып баратыр. Далада жүректи қайғыға толтыратуғын қар аралас жаўын жаўып тур. Жумысқа барыўға габаным тартпай, үш сааттай еки бүкле-

нип жаттым. Бундай аўҳал, яғный жумыстың да қошжақпай, кеўилсиз болыўы өмиримде биринши мәртебе болған еди. Соңынан өз-өзимнен уялып, турып кеттим.

Машинаның да диңкеси қурығандай ыңылдап баратыр, дурысырағы, өзимниң диңкем қурыған еди. Оның үстине батпақ, ләмгершилик. Қарсы алдымнан келип, тусымнан өтип турған машиналардың төбесинде, бортларында қар бар. Демек, алдымдағы асырымда да қар жаўып тур екен. Маған не, жаўа берсин. Маған десе үргин үрсин. Маған бәри бир, неден қорқаман, не болғаны болар дә...

Кеўил хошым жоқ болғанлықтан — сылайым жаман еди. Жоқарыда турған кишкене айнаға қарап бир түрли болып кеттим, қабағым қалқып кеткен, бет аўызым кеселден турғандай солғын, сақал-муртым өсип кетипти. Жолда сәл иркилип, бир нәрсе жеп алсам болар еди, азаннан бери дуз татпадым. Аўқатқа иштейим болмаса да, бирақ арақ ишиўден бас тартқым келип турған жоқ. Өзиңниң еркиңе бир мәртебе күшиң жетпесе белгили ғой, оннан соң тоқтатыў қыйын нәрсе. Биринши стаканды ишкеннен кейин, тәўирақ тәндарланып, қәддиме келдим. Машина да кеўилдегидей жүрип баратырғандай болды. Буннан соң жолда, тағы жуўырып барып жүз грамм ишип шықтым. Кейинирек тағы азырақ... Жол зымырап изде қалып баратыр. Айна тазалайтуғын щеткалар көз алдымда ояқ-буяққа былғаңлап тур. Машина менен биригип кеткендей иийилип, аўзымдағы сигаретаны шайнайман. Тек алдымнан киятырған, кабиналарының айналарына суў шашырап зымыраған машиналарды ғана көремен. Мен де тезликти асырып айдап киятырман. Таўға келгенимде тас қараңғы болып қалған еди. Мине, усы жерге келгенде арақ маған өзиниң күшин көрсете баслады. Диңкем қурып, көзим тынып, жолды көриў барған сайын қыйынласа берди. Ҳеш қашан да бундай дәрежеде пьян болмаған едим. Бетимнен тер сорағалап кетти. Өзимди кабинада емес, ал алға қарай, түн қараңғылығын тилкимлеп, сәўле шашып баратырған машинаның еки шырасының арасында отырғандай сеземен. Нур менен бирге мен де сәўле түсип турған сайға пәт пенен зымырап, гейде шыңлардың үстинде қалтырап өрмелеп баратырған нурға жармасып жоқары көтерилип, гейде нурлардың кей-

нинен қуўып арман-берман теңселип кеткендей болып баратырман. Ҳәр минут сайын дималым қурып баратыр. Бирақ қаншелли қыйын болса да тоқтамадым, өйткени, рульден қолымды жаздырсам болды, машинаны басқара алмайтуғынымды билип киятырман. Сол киятырғанымда таўдың қай жерине келегенимди де билмеймен. Аҳ, Долан! Тянь-Шаньның көзди тындыратуғын жери! Не деген машақатлысаң! Әсиресе, түнниң ишинде, оның үстине мен сыяқлы ишип киятырғанлар ушын осал емессең!

Машина әллеқандай бәлентликке зордан шықты да, бирден төменге — таўдың етегине қарай сүңгиди. Көз алдым—ғыр-гүбелек айланып, әтирапым ғаңғур-гүңгир болып кетти. Қолларым енди өзиме бағынбай қалды. Кем-кем машина қатты пәт алып, төмен қарап зымырап баратыр. Бир ўақытта әллеқандай бир нәрсеге соқлыққандай улы-шақылды болып қалды. Шыралар өшип, көз алдымды қараңғылық қаплады! Кеўлимниң бир жеринде «авария» деген пикир жалт етип кетти.

Сол ҳалымда қанша ўақыт жатқанымды билмеймен. Бир ўақытта қулағыма пахта тығылып турғандай, «Қәне, жақты етип тур» деген әллекимниң даўысы зорға еситилди. Биреўдиң қоллары ийнимди, басымды, көкиреклеримди сыйпалап көрди. «Тири, бирақ өлгейлиден пьян» — деген сол даўыс тағы еситилди. Қасындағысы оған: «Жолды босатыў керек»— деди.

— Қәне, жора, сәл арманырақ қағысып, рульди маған бер, машинаны шетке шығарайық, — деди жаңағы ийнимнен сәл ийтерип.

Мен ыңырсып, рульден зорға қолымды босаттым. Маңлайымнан бетиме қан сорғалап турса керек. Көкирегим шаншып, тиклене алмадым. Төбемдеги киси шырпы шағып, бетиме тутып, маған қарады. Кейнинен тағы шырпы шағып, көзлерине исенбегендей және қарады да:

— Ҳаў, бунық не, жора? Бул қайсы жатыс! — деп ол қараңғыда аўҳалыма қайғырып сөйленди.

— Машина... қатты соқлығып па? — дедим мен қырылдап, қан аралас түпиринип.

— Яқ, онша емес, пәт пенен сырғанап кеткен ғой, жолға кеселеп турып қалыпты.

— Ондай болса ҳәзир кетемен, былай турыңлар!

Қалтырап турған қолларым менен моторды ходламақшы болып, стартерди басыўға урындым.

— Тоқтат! — деп ол мени қапсыра беккем етип қушақлап алды. — Усы шалғаяқлағаның да болып қалды. Түс былай. Азанға дейин уйықлап ал, қалғанын ертең көрерсең.

Ол мени кабинадан сүйреп шығарды.

— Машинаны шетке шығарып қой, Қамал, — соңынан не болғанын анықлармыз, — деди ол қасындағы адамға.

Өзи болса мениң қолларымды ийнине салып, қараңғыда бир жаққа сүйеп алып кетти. Бизлер бир үйдиң алдына келемен дегенше тәўир-ақ жол жүрдик. Ол маған үйге кириўге жәрдемлести. Аўызғы бөлмеде лампамай қуйылған моржалы шыра жанып тур екен. Ол киси мени түбиреткиге отырғызып, келте постынымды шешиўге жәрдемлести. Сол ўақытта мен оның бетине қарадым. Таныдым. Бул баяғы ирет машинаны тиркегенде ушырасқан жол мастери Байтемир еди. Бирден уялып кетсем де, бир жағынан қуўандым. Соңлықтан, оннан кеширим сорап, алғыс айтыўға енди аўзымды жасқайын деп атырғанымда полға оңбағандай болып бир нәрсе тарсылдап түсип кетти. Мен бурылып қарадым ҳәм жаўырнымнан зил қара тас басып турғандай, сәл ғана орнымнан көтерилдим. Босағада шашылып атырған отынлардың қасында, жансыз сәррийип қалғандай зеңирейип Ҳәсел тур еди.

— Бул не? — деп әсте сыбырлады ол.

Сол ўақытта тас болмаса «Ҳәсел!» деп бақырып жибере жазладым. Бирақ, оның жақынласпай, жат адамдай жатырқап қарап турғаны себепли аўзымды ашалмай қалдым. Жети насырым бүгилип, түтигип кеткенликтен басымды төмен алдым. Үйдиң ишинде көзди ашып жумғандай ўақыт аралығында жүрек түршигерликтей тынышлық пайда болды. Егер усыдан Байтемир болмағанда, бунық ақыбетиниң не менен тамамланатуғынын бир алла билсин! Ол ҳеш нәрсе болмағандай мени тағы орныма отырғызды.

— Ҳеш нәрсе болған жоқ, Ҳәсел, — деди сыпайылық пенен. — Бул шофер азмаз шикәстленипти, тәўир болып кетеди.... Сен бизлерге йод таўып берсең, тәўир болар еди.

— Йод? — дегенде оның даўысы енди жумсарып, қәўетерленгендей болды. — Йодты қоңсылар алып

кетип еди... Ҳәзир барып әкелейин, — деп Ҳәсел есин жыйнап алды да, қапыдан жуўырып шығып кетти.

Мен болсам, еринлеримди тислеп, қылт етпей отырман. Пяньлығым тарқап, демде қәддиме келдим. Енди тек, шеке тамырларым солқылдай баслады.

— Дәслеп жуўыў керек, — деди Байтемир маңлайымның қыршылған жерлерин бир қатар көзден өткерип. Сөйтти де шелекти қолына алып далаға шығып кетти. Екинши бөлмеден бес жаслар шамасындағы жалаң аяқ, көйлекшең бала маған тымсырайып—сығалап қарап тур екен. Шамасы, ол жатқан жеринен турған болса керек, үп-үлкен көзлери менен маған қызығып қарап тур. Оны дәрҳал таныдым. Қалай таныңғанымды өзим де билмеймен, бирақ, өзимниң балам екенин жүрегим сезди.

— Самат! — деп сыбырландым даўысым буўлығып ҳәм оған қарап умтылдым. Сол ўақытта қапыдан кирип киятырған Байтемирге көзим түскенде, бирден сескенип кеттим. Шамасы, баламның атын айтып шақырғанымды еситип қойған болса керек. Мен өзимди урлық үстинде қолға түскендей, бийжағдай сезе басладым. Қалай болмасын өзимниң сырымды сездирмеў ушын маңлайымның қыршылып, искен жерлерин алақаным менен сыйпалап атырып:

— Мынаў сизиң балаңыз ба? — деп сорадым. Маған бүйтип сораўдың не кереги бар еди. Усы еткен пәмсизлигимди елеге дейин өзим кеширгим келмейди.

—Өзимниң балам!—деди үйдиң ийеси қусап Байтемир. Ол қолындағы шелекти жерге қойды да, Саматты көтерип алды.—Өзимниң балам, әлбетте, солай емес пе, Самат?—деп ол баланың бетлеринен сүйип, муртлары менен мойынларын қытықлады. Байтемирдиң я минезинде, я даўысында болып ҳеш қандай өтириктиң нышаны жоқ еди. — Неге уйықламай жүрсең, тайыншағым? Сениң-ақ барлық нәрсени билгиң келеди де жүреди-аў. Қәне, төсегиңе бар, жуўыр!

— Апам қайда? — деп сорады Самат.

— Ҳәзир келеди. Әне, киятыр. Бар енди, балам уйықла.

Ҳәсел үнсиз, тез кирип келди де, бизлерге сергеклик пенен нәзер таслап, йодлы шийшени Байтемирдиң қолына услатып, баласын алып кетти.

Байтемир ығалланған сүлги менен мениң бетимдеги қанды сыпырып болып:

— Азырақ шыдайсаң енди, — деп ҳәзиллести ол қыршылған жерлериме йод жағып атырып. Бирақ, қатаң түрде: — Усы етип жүрген нслериңе бола сени аяқ-қолыңды буўып, отқа ылақтырып жиберсе болар едидағы, қонағым болып турыпсаң... — деди.—Ал енди болды, питип кетердағы. Ҳәсел, бизлерге шай берсең болар еди.

—Ҳә-әзир!—деди ол баласын еркелетип атырып. Байтемир төселген кийиздиң үстине көрпеше жайып, көпшик таслады.

— Төрге шығып отыр, — деди ол маған.—Жамбаслап жатып азғантай демиңди ал...

— Зыяны жоқ, рахмет! — деп гүбирлендим мен...

— Шығып отыра бер, өз үйиңдегидей болып, жайнап отыр, — деп қыстастырды Байтемир.

Булардың ҳәммеси түсимде болып атырғандай еди. Өкпем аўзыма тығылғандай қысылып баратар. Өйткени, бул жерге буншелли дәрежеде аяныштлы, қанға боялған пьян ҳалымда келген едим. Ўаҳ, анам мени неге туўды екен-ә?

Ҳәсел бизлерге қарамаўға ҳәрекет етип, самоварды көтерип далаға шығып кетти.

— Ҳәзир саған көмеклесемен, Ҳәсел, — деп оның изинен Байтемир де турып баратырғанда, Самат тағы жатқан жеринен ырғып турды. Оның сирә уйқысы келип турған жоқ еди.

— Саған не болды, Самат? — деп меҳрибанлық пенен басын шайқады Байтемир.

— Ағай, сен ҳәзир туп-туўры кинодан шығып киятырсаң ба? — деп ҳақ кеўили менен меннен сорады балам, алдыма жақынырақ келип.

Мен оның не туўралы сорап атырғанына түсинбедим. Байтемир болса ўаҳаҳалап күлип:

— Ҳәй, тентек ғана ойсыз-әй! — деди ол баланың жанына жүресине отырып. — Ишегимизди уздиң ғой... Бизлер темир шығатуғын кәндеги киноға барып турамыз, — деди ол маған бурылып. — Бул да бизлер менен бирге барады.

— Аўа, кинодан киятырман, — дедим мен буннан соң улыўма күлкиге қосылып.

Бирақ, Самат қабағын үйип турып:

— Өтирик! — деди.

— Неге өтирик екен?

— Онда неге урысатуғын қылышың жоқ.

— Үйге таслап кеттим...

— Маған көрсетесең бе? Ертең көрсет?

— Көрсетемен. Берман кел. Атың ким сениң, Самат па?

— Аўа, Самат. Сениң атың ким?

— Мениң бе... — деп өкпем аўзыма тығылып кетти. — Мениң атым Ильяс, — дедим зорға.

— Самат, сен уйықла, биймезгил болып кетти — деп гәпке араласты Байтемир.

— Азғантай отырайын, аға! — деп жалынды оған Самат.

— Ҳа, яқшы! — деп қайылшылық билдирди Байтемир. — Бизлер шай қайнатып әкелемиз.

Самат алдыма келди. Мен оның қолларын сыйпаладым: ол маған жүдә усайтуғын еди. Ҳәттеки, қоллары да, күлгени де өзиме усаған.

—Үлкейгениңде ким боласаң? — дедим баламды сөйлетпекши болып.

— Шофер боламан.

— Машинада жүргенди жақсы көресең бе?

— Жудә жақсы көремен. Қолымды көтерип турғанымда, мени ҳеш ким машинасына миндирмейди.

— Ертең сени өзим машинаға миндиремен, яқшы ма?

— Яқшы. Мен саған өзимниң асықларымды берейин. — Ол өзиниң асықларын алып келиў ушын басқа бөлмеге жуўырып кетти.

Айнаның алдында самовардың гернайынан қызыл жалын шығып тур еди. Ҳәсел менен Байтемир бир нәрсе туўралы сөйлесип атыр.

Соның арасында Самат арқардың терисинен тигилген қалтаға салынған асықларын пысылдап көтерип келди де:

— Сайлағаныңды ал, ағай! — деди ол түрлы-түрли бояўларға боялған өзиниң «дүньясын» алдыма төгип таслап.

Мен естелик ушын биреўин алғым келип турса да, тәўекел ете алмадым. Қапы ашылып қайнаған самоварды көтерип, ишке Байтемир кирди. Оның изинен Ҳәсел көринди. Ол шай демлеймен дегенше, Байтемир пәскелтек дөңгелек стол қойып, үстине дастурқан жай-

ды. Бизлер Самат екеўимиз асықларды жыйнап, тағы қалтаға салып қойдық.

—Өзиниң байлығын көрсетип атырған екен ғой, әй, мақтаншақ...—деп Байтемир Саматтың қулағынан тарт-қылап еркелетти.

Арадан бир минут өткеннен кейин, бизлер самоварды айланып отырып шай ише басладық. Бизлер Хәсел екеўимиз бир-биримизди ҳеш қашан көрмегендей түр билдирип отырдық. Сонлықтан болса керек, өзлеримизди сабырлы етип көрсетип, аз сөйлеўге ҳәрекет еттик. Тек, Самат ғана өзин еркин сезип жүр. Ол Байтемирдиң алдында отырып алып, қолтығына тығылып, басын былғап ойнап отыр.

— Уәй, бирдейине муртың адамды қытықлайды, аға? — деп Саматтың өзи оны қушақлап, қулақ-шекесин өның муртына басады.

Басқа адамды «аға» деп еркелеп отырған өзимниң балам менен қатар отырыў маған оңғылық болып турған жоқ. Қәдирданым, сүйиклим Ҳәсел қарсы алдымда отырса да, оның бетине тикленип қарай алмайман! Бул жерге қалай келди екен ол?! Сүйип қалып, турмысқа шықты ма екен буған? Усы жағдайда мен оған пүткиллей бийтаныс, жат адамдай көринип турғанымда, ол өзин танымаслыққа салып отырғанда, мен буның мәнисин қайдан билейин, ақыры? Меннен соншелли кеўили қала қойды ма екен? Байтемир не? Ҳаслында ол да мениң ким екенимди билмей отыр ма екен? Самат екеўимиздиң уқсас екенимизди сезбеспекен? Неге ол баяғы сапары анаў бир машинаны сүйреткенимизден гәп қозғамайды? Әлле умыттымекен?

Уйқыға жатқаннан кейин мен өзимди және де бийжағдай сездим. Маған сол жердиң өзине — кийиздиң үстине төсек салып берген еди. Мен дийўалға қарай бурылып жатырман, шыраның пилиги сәл қайтарылған. Ҳәсел табақ-қасықларын жыйнастырып жүр.

— Ҳәсел! — деп әсте шақырды Байтемир екинши бөлмениң ашық турған қапысынан.

Ҳәсел оның қасына барды.

— Көйлегин жуўып қойсаң болар еди? — деди ол сыбырланып.

Ол мениң қан тамып, дағалланып қалған шатыраш көйлегимди түбиреткиден алып жуўа баслады. Бирақ, сол ўақытта бирден жуўғанды тоқтатып, Байтемирдиң бас ушына барғаны сезилди.

— Радиатордың суўын төгип қойдыңлар ма? — деди ол сыбырлап. — Қәпелимде музлап, қатып қалмасын.

— Төгилди, Қамал төкти! — деди Байтемир де сыбырлап. — Машина онша зыянланбаған... Азанда көмеклесермиз...

Мен машина туўралы ойланбаған екенмен...

Ҳәсел көйлекти жуўып болып, печьтиң үстине жайды да, суўық демин алып, шыраны өширип шығып кетти.

Үйдиң ишин қараңғылық басты. Ҳәммемиздиң де уйықламай жатырғанымызды сезип атырман. Ҳәр ким өзиниң ойлары менен бәнт болып қалды. Байтемир баласы менен бир кроватьта жатыр. Ол бир нәрселерди айтып, Саматты еркелетип, уйқысырап көрпесин тепкилеп таслағандай болса, оны қайтадан қымтап қояды. Ҳәсел гейде гүрсинип, ҳәрдайым суўық демин алып атыр. Қараңғыда оның жаўында қалған жумалақ тастай жылтыраған көзлери маған көринип атыр еди... Бәлки, көзиниң қанасы жасқа толып атырған шығар? Не туўралы ойлап атыр екен-ә? Енди оның бир емес, үш адам ҳаққында қайғырыўы керек еди. Мүмкин, ол да мен сыяқлы бир-биримизди тутастырып турған өткен күнлерди, ләззетли ҳәм ҳәсиретли мәҳәллерди қыялына келтирип атырған шығар. Бирақ, енди мен оның кеўилине жете алмайман, сондайақ ендиги жағында оның не ойлап жүргенин де биле алмайман. Соңғы жыллары Ҳәселдиң өзи де, көзлери де өзгерип кеткен екен... Енди бул көзлер, әўелгидей исеним менен жайнап,меҳрибанлық ҳәм гүнасызлық пенен қарайтуғын мүлтиксиз көзлер емес еди. Бул көзлер енди қатаңласқан. Бирақ, Ҳәсел мениң ушын еле де кең даланың ортасында еркин, жайнап өскен қайыңдай болып қала береди. Оның ҳәр бир ҳәрекети де, ҳәр бир белгиси де мениң ушын таныс ҳәм қәдирдан еди. Усының өзи мениң ҳәсиретиме ҳәсирет қосып жүрегимди өртейди. Сонлықтан да дастықтың мүйешин тислеп, таң атқанша кирпигим-кирпигиме айқаспай шықты.

Айнадан аспанда қалқып жүрген ай бултлардың арасына сәўле шашып, ҳәрдайым өзин көрсетип қояды.

Таң атыўдан Ҳәсел менен Байтемир хожалық ислерине айланысып далаға шығып кеткенинде, мен де

орнымнан турдым. Кетиўим керек еди. Әстен барып уйықлап атырған Саматты сүйдим де, тез бөлмеден шығып кеттим.

Хәсел үйдиң алдындағы тастан қаланған ошаққа асылған үлкен қазанға суў ысытып атыр екен. Байтемир отын усақлап атыр. Екеўимиз бирге машина бетке кеттик. Тым-тырыс, папирос шегип баратырмыз.

Машина түнде жолдың шетиндеги бетон бағаналарға соқлығысқан екен. Олардың екеўи бетонлы түби менен қопарылып жатыр. Машинаның шырасы сынықты. Алдынғы дөңгелектиң үстин жаўып туратуғын қанаты ҳәм алдыңғы кесе темир жымырылған, дөңгелеги бир қапталға сәл қыйсайып кетипти. Бизлер буның бәрин лом ҳәм шөккиш пенен қолымыздан келгенинше дүзеткен болдық. Кейниннен моторды ходлай алмай көп ўақыт азап көрдик. Мотор, музлап, қатып қалған екен. Картерди от жағып қыздырып, соңынан екеўлеп ручканы таўлай басладық. Ийинлеримиз соқлығысып, ручканы таўлай бергенликтен алақанымыз қызып кетти. Бир-биримиздиң бетимизге ыссы демимиздиң ҳәўири келеди, екеўимиз де бир жумысты ислеп атырмыз, бирақ, пикир-қыялларымыз басқа шығар...

Мотордың ходланыўы қыйын болды. Екеўимиз де ентиге басладық. Соның арасында Хәсел еки шелек ыссы суў әкелип, оларды алдыма қойды да, өзи бир шетке шығып турды. Суўды радиаторға қуйдым. Кейниннен Байтемир екеўимиз ручканы бир-еки таўлап жиберген едик, мотор ислеп кетти. Мен кабинаға кирип отырдым. Мотор ҳәкисленип ислеп тур. Свечаларды тексериў ушын Байтемир қолына шөккишти алып, капоттың астына еңкейди. Сол ўақытта пальтосының сәдеплери илинбеген Самат ҳаплығып жуўырып келди ҳәм машинаның әтирапында ғыр-гүбелек айланып жуўыра баслады. Оның машинаға минип қыдырғысы келип жүр. Хәсел оны услап алды да, ҳеш қайда жибермей, кабинаның жанында турды. Ол маған соншелли наразы көз қарас пенен телмирип турғанлықтан, өз гүнайымды жуўып-шайыў ҳәм айыбымды мойныма алыў ушын ҳәр нәрсе етиўге қайыл едим. Мен оған кабинаның ашық турған қапысынан:

— Хәсел, баланды алып қасыма келип отыр! Баяғыдай етип машина менен әкетемен, биротала әкетемен. Отыр, кел! — дедим мотордың шаўқымы астында жалбарынып.

Ҳәсел ҳеш нәрсе деместен, жасы айланған көзлерин үнсиз бир шетке бурып «яқ» дегендей басын шайқады.

— Минейик, апа! — деп оның қолынан жулқылады Самат. — Қыдырып қайтамыз.

Ол баласының қолынан зорлап жетеклеп, басын төмен алып, әтирапына қарамай кетип баратыр. Самат болса артқа қарай тартып, кеткиси келмейди.

— Болды! — деп бақырды Байтемир капотты жаўып. Оннан соң маған әсбапларды узатты.

Мен жүрип кеттим. Және қолым рульде, және жол, таў-таслар, машина мени самалдай ушырып баратыр, оның мениң менен не жумысы бар...

Сөйтип, Ҳәсел менен баламды, мине усылай таптым. Бизлер усындай болып ушырастық ҳәм усындай болып айрылыстық. Шегараға барғанша ҳәм қайтарсын жол бойы ойланып, ой түбине жете алмадым. Кеўилсиз қыяллардан шаршап кеттим... Енди бул әтирaптан басымның аўған жағына қарай кетиўим керек, болмаса бул жерде жүриўим мүмкин емес еди.

Бул пикиримди жақсылап ойланып алдым да, изиме қайттым. Жол участкасының тусынан өтип баратырып, Саматты көрип қалдым. Ол жолдың жағасында бир ул бала ҳәм өзинен үлкенирек тағы бир қыз бенен ойнап жүрген екен. Олар тастан қорған салып, маллар ушын қора дүзетип атыр еди. Мүмкин, бурынлары да оларды жолдың жағасында көрген шығармандағы, бирақ танымаған болыўым керек. Демек, ҳәр күни баламның жанынан арман-бермен өтип жүргенимди өзим де билмейди екенмен. Машинаны тоқтаттым.

— Самат! — деп шақырдым мен оны. Көргим келип кетти. Балалар маған қарай жуўырысып келди.

— Ағай, бизлерди машинаңа мингизиўге келдиң бе? — деп Самат алдыма жуўырып шықты.

— Аўа, сизлерди азғантай қыдыртпақшыман, — дедим.

Балалар кеўилленип бәри де кабинаға тығылды.

— Бул бизиң таныс әмекимиз! — деп мақтанды Самат қасындағы жолдасларына.

Мен оларды азмаз қыдыртқан болдым. Бирақ, өзимди қаншелли бахытлы ҳәм қуўанышлы сездим дейсең! Ҳәтте, балалардың өзлери де мендей болып ҳәз етпеген шығар. Кейнинен оларды машинадан түсирдим.

— Қәне, енди үйлериңе бара қойыңлар, балалар,— деп едим, олар жуўырысып кетти. Мен өзимниң баламды тоқтатып:

— Сәл иркилип тур, Самат, саған бир нәрсе айтайын! — деп оны басымнан асырып, қол ушыма көтерип, бетине бираз ўақыт тигилип қарадым. Соңынан баўырыма басып, сүйип-сүйип жерге түсирдим. Есине түскен болса керек:

— Қылыш қәне, алып келдиң бе? — деди Самат.

— Ҳә, умытып кетиппен-аў, балам, ендиги ирет, әкелемен, — дедим оған ўәде берип.

—Енди умытпайсыз ба, ағай? Бизлер бағанагы жерде ойнап жүремиз.

— Яқшы, енди тезирек кете бер.

Автобазаның ағаш устаханасына барып тахтайдан үш ойыншық қылыш соғып алып, өзим менен бирге алып жүрдим.

Ҳақыйқатында балалар мени күтип жүр екен. Мен оларды тағы машинаға миндирип қыдырттым. Сөйтип, балам ҳәм оның қасындағылар менен дослығымыз әне усындай болып басланған еди. Олар маған үйренисип кетти. Алыстан маған көзлери түсиўден, бир-биринен озып, жуўырысып келетуғын болды.

—Машина, бизлердиң машинамыз киятыр! — деп бақырысады олар.

Маған енди жан енип, адам сүлдерине кирип қалдым. Жолда рейске кетип баратырғанымда руўхый жақтан көтеринки болғанлықтан, өзим менен бирге қандай да бир жақсы арзыў-әрманларды алып жүретуғын едим. Жолдың бойында мени баламның күтип туратуғынын әлбетте билемен. Бир-еки минут болса да оның менен бирге кабинада бирге отырыў маған үлкен ғәнийбет ғой. Ендигиден былай қалай болмасын балама өз ўақтында барып турыў менен қыялларым бәнт бола берди. Мен барлық ўақытта оның күтип туратуғын жеринен күндиз өтиўди мақул көрип, соны есапқа алатуғын болдым.

Ерте бәҳәр күнлери еди, балалар бирдейине сырдандай далада ойнап жүреди. Сонлықтан да мен оларды көбинесе жолдың жағасында ушыратаман. Гәптиң дурысын айтқанда, тек соның ушын жасап, соның ушын жумыс ислеп жүргендей, өзимди соншелли бахытлы сеземен. Бирақ, гейде, жүрегим әллеқандай қорқыныштан шоршып кетеди. Жол бөлиминде

отырғанлар мениң усындай етип, оларды машинаға миндирип жүргенимди биле ме, жоқ па, оны билмедим. Бирақ, билсе баламның мениң менен ушырасыўын қадаған етип, жолдың жағасына жибермеўи мүмкин. Мен әне, усыннан қорыққанлықтан, Хәсел менен Байтемирден бул қысқа ўақытқа ушырасып турыўымды қадаған етпеўин ишимнен жалбарынып соранатуғын едим. Бирақ бир күни усы ойлап жүргенимдей болды...

Биринши Май байрамы жақынласып қалган еди. Буны балама саўға етейин деп өзи жүретуғын, тап өзимниң машинама усаған, ойыншық жүк машина сатып алдым. Сол күни автобазада айланшықлап жүрип жолға кеш шыққанлықтан жүдә асығыс едим. Мүмкин, сонлықтан шығар, кеўилим әллеқандай қолайсызлықты алдын-ала сезип киятырғандай тынышсызланып, сезиклене бердим. Жол участкасына жақынласқан сайын, Саматтың қалай қуўанатуғынын көз алдымда елеслетип, ораўлы ойыншық машинаны қапталыма қойдым. Оның буннан жақсы ойыншықлары болса да, бирақ, бул шофер болыўды әрман етип жүрген кишкене балаға жолаўшы таныс шофердың айрықша саўғасы еди. Бирақ, бул сапары Саматты жолдың жағасында ушырата алмадым. Басқа балалар жуўырысып келди. Мен кабинадан шығып:

— Самат қайда? — дедим.

— Үйинде, ол аўырып атыр, — деди бала.

— Аўырып атыр?

— Яқ, аўырған жоқ! — деди кишкене қыз оның аўырмағанына гүўалық бергендей түр билдирип. — Апасы бул жаққа жибермей қалды.

— Неге?

— Билмеймен. Барма деп атыр.

Мен бир түрли болып кеттим, мине, ақырында бәри тамам болды.

— Мә, мынаны апарып бер, — деп ораўлы ойыншық машинаны балаға создым да, бирақ, сол ўақытта бул пикиримнен қайттым. — Апармай-ақ қой, — деп ойыншықты қайтарып алып, мойным салбырап машинаға қарай жүрдим.

— Неге бул ағай бизлерди машинасына мингизбеди? — деп сорады жаңағы бала қыз апасынан.

— Ол аўырып атыр, — деди қыз қабағын үйип.

Дурыс, қыздың болжаўы дурыс. Бул хабар маған ҳәр қандай аўырыўдан да қатты соққы болып тийди. Жолдың өне бойына ойланып баратырман. Сондағы ойым: япырмай-ә, Ҳәселдин меннен соншелли дәрежеде кеўили қалып, баўыры тас болды ма екен? Мен қаншелли жаман болғанымда да, онда зәрре аяныш жоқбекен ақыры, дей беремен. «Яқ, Ҳәселди олай етеди деп ойлағым келмейди. Ҳәсел бундай истиң басына бармайды, бул жерде басқа гәп бар... Ал, не гәп бар екен? Мен қайдан билейин... Деген менен шынында да баламның өзи азлап аўырған шығар» деп өзимди өзим исендириўге мәжбүрледим. Оның менен бурын бирге ойнап жүрген баланың айтқанына қалай исенбессең? Аўырып қалыўы мүмкин ғой, ақыры. Мен өзимниң бул пикириме көп исенип кеткенликтен, соңынан қорқып кеттим. Өйткени, балам ысытпа тийип аўырып өрден-ыққа аўнап атырғандай болып көз алдыма елеслей берди. Мүмкин, оған бир жәрдем керек болып қалар. Дәри-дәрмақ, ямаса аўырыўханаға апаратуғын жағдайы болып қалса... Себеби, олар қаланың орайында жасап атырған жоқ ғой, ақыры. Бир түрли болып қыйналып кеттим. Изиме қайтыўға асығып, қандай илаж етиўди билмесем де бирақ, баламды тезирек көргим келе берди. Мен оны ушырататуғыныма исенетуғын едим, буны жүрегим сезип киятыр. Әттең қасақана еткендей, бактағы жанармай таўсылып, асырымдағы бензоколонканың қасында тоқтаўға туўра келди.

* * *

Айтып отырған әңгимесиниң усы жерине келгенде мениң жолдасым — Ильяс тым-тырыс болып қалды. Алақаны менен қызып кеткен бетин сыпырып, суўық демин алды да вагонның айнасын биротала ашып таслап, нешинши мәртебе екенин билмедим, тағы бурқытып шеге баслады.

Ярым ақшамнан аўып кеткен мәҳәл еди. Бизлерден басқа, поездағылардың бәри де уйықлап атырған болса керек. Дөңгелеклер рельске тақа-тақ тийип, өзиниң таўсылмайтуғын бир қәлиптеги жол қосығын айтып киятыр. Айнадан тысқарыда жаздың сағымлы түни зымырап, станциялардың пәскелтек шыралары жылт-жылт етип өтип тур. Паровоз желип баратырып қатты шыңғырды.

— Сиз тап сол ўақытта гезлескен едиңиз, ағай. Бирақ, мен сизиң өтинишиңизди орынлай алмаған едим. Енди сизге бәри мәлим болған шығар, — деп әңгимесин даўам еттирип атырып, кеўилсиз ғана күлимсиреди.—Сиз бензоколонка жанында қалған едиңиз. Соңынан мени «Победа» машинасы менен қуўып жетип, басып озып кеттиңлер. Буны да билдим. Машинаны оғада қатты айдап баратыр едим. Алдын-ала сезиклενгеним, ырас болып шықты. Самат жолдың шетинде тур екен. Ол машинаны көриўден:

— Ағай! Шофер ағай! — деп даўыслады.

Балам саў-саламат екен. О, сондағы қуўанғанымды айтсаң-ә! Жүрегим қанасына сыймай кетти. Машинаны тоқтатып, кабинадан шықтым да оған қарай жуўырдым.

— Сен аўырдың ба?

— Яқ, апам жибермеди. Оның машинасына минбе, — деди. Мен жыладым, — деп айтып атыр Самат.

— Ал, онда ҳәзир қалай келдиң?

— Ағам оған: егер биреў балаларды машинаға миндирип қыдыртаман десе, жибер, ойнай берсин, — деди.

— Ырыс па?

— Аўа. Мен шофер боламан, — дедим...

— Әлбетте, сен шофер боласаң. Болғанда да қандай шофер десең-ә! Мениң саған не алып келгенимди билесең бе? — деп мен ойыншық машинаны алдым. — Мынаған қара, өзи жүретуғын жүк машинасына. Бул саған усаған кишкене шоферларға дым қолай машина.

Баланың езиўи қулағына жеткенше күлимсиреди.

— Мен бирдейине сениң машинаңа минип жүремен, я? — деп жалынышлы көзлери менен маған телмирип турған ўақытта кеўилим бузылып кетти.

— Әлбетте, бирдейине, — деп исендирдим оны. —

— Қәлесең, Биринши Май байрамда қалаға бирге барамыз. Машинаны байрақшалар менен безеп аламыз, оннан соң сени әкелип саламан.

Оған бул сөзлерди неге айтқанымды, айтыўға қандай ҳақым бар екенин, айтқан сөзлериме сол ўақытта бирден исенип қалғанымды ҳәзир түсиндириў қыйын. Бул аз болғандай тағы да:

— Егер өзиңе мақул болса, мениң менен биротала бирге бола бер! — дедим балаға ырасымды айтқан

түр билдирип. — Екеўимиз кабинада бола беремиз. Сени мудамы өзим менен бирге алып жүремен. Яқшы ма? — дедим.

— Яқшы! — деп шын кеўлинен қайыл болды Самат. — Машинада жасаймыз! Кетейик, ағай, ҳәзир кетейик!...

Гейде үлкенлер де бала болып кетеди. Екеўимиз кабинаға отырдық. Мен исениңкиремей моторды гүрилдетип, стартерди бастым. Самат жүдә қуўанышлы еди, мени жулқылап еркелеп, қоқаңлап отыр. Машина жүрип кетти. Саматтың қуўанышы қойнына сыймай рульди, алдындағы приборлар доскасындағы кнопкаларды көрсетип күлип, бир нәрселерди айтып киятыр. Оған қосылып мен де қуўанып кеттим. Бирақ, тула беденимди жалын қаплап алды. Не ислеп отырман усы мен? Машинаға тормоз бердим. Бирақ, Саматтың түскиси келмеди.

— Тезирек, ағай, тез айдаса! — деп өтиниш етти ол. Баланың жаўдырап турған көзлерин қалай қыярман. Тезликти тағы да көбейттим. Жаңа пәт алып баратырғанымызда жолды оңлап, қара май төгип жүрген грейдер көринди. Грейдер айланып бизлерге қарсы қарап жүре баслады. Оның тасасында Байтемир жүр екен. Ол грабарка менен асфальтқа гудрон жайып жүр. Мен албырап қалдым. Машинаны тоқтатайын десем болмады... Мен буғып отырып, машинаны бирден қатты айдап жибердим. Байтемир ҳеш нәрсени де билмей қалды. Ол басын көтерместен жумыс ислеп атыр еди. Оның тусынан өтип турған машиналар аз ба? Қайсы бирине қарай берсин. Бирақ, Самат оны көрди:

— Әне, ағам! Ағамды да мингизип алайық, якшы ма? Тоқтат, шақырайын!

Мен үндемей отырман. Енди тоқтатыўдың имканыяты жоқ еди, оған не деймен ақыры! Самат бирден артына айланып қарады да қорқып кеткенликтен, бакырып жылап жиберди.

— Ағама бараман! Тоқтат, ағама бараман! Токтат түсемен! А-па-а!

Айланбадағы жартастың тусынан өтип, машинаны тоқтатып, баламды жубатыўға киристим.

— Жылама, Самат, жылама! Ҳәзир апарып саламан сени! Тек жыламасаң болғаны!

Қорқып қалған бала ҳеш нәрсеге қулақ аспады.

— Яқ, түсемен! Ағама бараман! Аш! — деп кабинаның қапысына жармасып тақылдата баслады. — Ашып жибер, ағама өзим жуўырып бараман!

Япырмай-ә, бул бир қолайсыз болды-аў.

— Жылай бермесе, енди, — деп оны жубата алмай атырман. — Ҳәзир ашаман. Аңаңа өзим апарайын сени. Қәне, түс, кеттик!

Самат жерге секирип түсти де, жылаўы менен изине қарай жуўырып баратырғанда оны услап алдым.

— Тоқтап тур! Көзиңнин жасын сүрт. Жылама. Жылай берме, жан балам-аў! Машинаң қалды ғой, алмайсаң ба? Мынаған қара!

Мен ойыншықты алдым да, қалтыраған қолларым менен гилтин бурай басладым.

— Саған қарап жуўырып баратырғанына қара, услап ал! — Ойыншық машина зырылдап баратырып, алды тасқа соқлығып, жолдың шетиндеги салмаға жумалап түсип, шырылдап тоқтап қалды.

— Керек емес! — деди бурынғыдан да бетерирек жылап, артына қарамай қашып баратырып.

Сол ўақытта алқымыма ыссы бир түйин тирелгендей болды. Мен оған жетип алыў ушын тағы жуўырдым.

— Тоқтап тур, жылама, Самат! Тоқта, мен сениң... мен сениң... Сен билесең бе? — деп аржағын айтыўға тилим айланбады.

Артына айланбай жуўырып баратырған Самат, айланбада бурылып көзден ғайып болды. Мен жартаска дейин жуўырып қашып кеткен баламның изинен қарап қала бердим.

Жол үстинде ислеп атырған Байтемирге барып, оның қушағына өзин қалай таслағанын көрип турдым. Байтемир Саматтың алдында жүресине отырды да, оны қушақлап баўырына басты. Бала мен тәрепке қәўипсинип қарап, оның мойнынан қушақлап алды.

Буннан соң Байтемир оның қолынан жетелеп, грабаркасын ийине салып, жол менен узынлы-келтели болып қатарласып жүрип кетти.

Мен жартасқа сүйенип бираз ўақыт турдым да, сонынан кейниме қайтып киятырып ойыншық машинаның қасында тоқтадым. Ол салмада аўдарылып жатыр еди. Көз жасларым бетимнен сорғалап аға баслады. «Мине, ўайраны шықты!» — дедим машинаға қарап гүбирленип, капотты сыйпалап. Мотордың ыссы

ҳәўири бетиме лап етип тийди. Сөйтип, балам менен ең соңғы ушырасыўдың гүўасы болған машинаға да мийримим түсип кетти...

* * *

Ильяс орнынан турып, коридорда жүрип баратырып:

— Таза ҳаўаға шығып самаллап қайтайын, — деди ол қапының қасында.

Мен купеде қалдым. Таң сағымы ағаранлап, айнадан көринип киятыр. Гүңгирт қараңғылықта телеграф бағаналары зорға елеслеп қалып баратыр. Енди шырақларды өширсе де болады.

Полкада шалқама түсип жатып атырып, өзим билетуғын нәрселерди Ильясқа айтсамбекен, я айтпасамбекен деп ойладым. Бирақ, ол тезарада купеге қайтып келе қоймады. Сөйтип оған ҳеш нәрсе айтпайақ қойдым.

* * *

Жол дүзетиўши мастер Байтемир менен сол ўақытлары-ақ, яғный Ильяс, Ҳәсел менен баласының таўда жасап атырғанын билетуғын күнлери-ақ танысқан едим.

Памирде Қырғызстан жол жызметкерлериниң делегациясының келиўин күтип атыр еди. Усыған байланыслы Тәжикстанның республикалық газетасы маған Қырғызстанның таўдағы темир жолда ислеп атырған рабочийларының турмысынан очерк жазыўды тапсырды.

Делегацияның арасында жол дүзетиў бөлиминиң ең алдынғыларының бири Байтемир Қулов та бар еди.

Мен Байтемир менен танысыў ушын Доланға келдим. Ушырасыўымыз күтпеген жерден басланып, бул мениң ушын қолайлы болды. Доланға енди жетейин деп турғанымызда, бизлер минип киятырған автобусты, қолында кишкене қызыл жалаўы бар бир киси тоқтатты. Өйткени алдымызда — таўда тикжар таслар жолға қулап, адамлар оны тазалап атыр екен. Мен автобустан түсип, пәлекет жүзеге келген жерге қарай кеттим. Келсем, таўдың басынан төмен қарай, топырақ аралас таслар опырылып, жолды басып кетипти.

Жолдың бул жери тахтайлар менен қайтадан дүзетилип атыр екен. Бульдозер үйилип қалған таслы топырақты ойға қарай сүрип атыр. Ал, бульдозерлер жүре алмайтуғын жерлерди, адамлар бел менен оңғарып атыр. Брезент плащ ҳәм керзовой етик кийип алған бир адам, бульдозер менен қатарласып жүрип, тракторшыға жол-жоба көрсетип:

—Сәл шепке бур! Ишкериге алыңқыра! Тахтайлардың үстинен айда. Аўа, солай! Тоқта! Кейинге! — деп жүр.

Жол қәддине келтирилген еди. Шоферлар еки жақтан да тынбай сигнал берип, қараўылларды сөгип, жолды ашыўды талап етсе де, плащлы киси оларға кеўил бөлмеди. Ол булдозерди қайтадан жүриўге мәжбүрлеп, тахтайлар арасындағы топырақтың нығарланыўын талап етип жүр. «Өз исиниң маманы, Байтемир деген усы болса керек» — деп ойладым мен ишимнен Алжаспаған екенмен. Бул Байтемир Қуловтың өзи екен. Ақырында жол ашылып, машиналар өз бағдары менен жүре баслады.

—Сиз не қылып турсыз, автобусыңыз кетип қалды ғой? —деди маған Байтемир.

— Мен сизге келген едим.

Байтемир түрин де өзгертпеди. Өзиниң қәдир-қымбатын сақлап маған қолын созып:

— Келгениң жақсы, қонақтан қашпаймыз, — деди қолымды қысып көрисип атырып.

— Сизде жумысым бар еди. Бәке? — дедим оны ҳүрметлеп, оған өзимди таныстырдым. — Жол дүзетиўшилеримиздиң Тәжикстанға баратуғынынан сизиң хабарыңыз бар ма?

— Еситиўим бар.

— Олай болса Памирге кетпесиңизден бурын сиз бенен сөйлесип алмақшы едим.

Мен өзимниң келгендеги мақсетимди айтқан сайын, Байтемирдиң қабағы үйилип, сарғышлаў муртын сыйпалай берди.

— Келгениңиз бир әжеп болған екендағы, — деди ол маған. — Бирақ, мен Памирге бармайман, мен туўралы газетаға жазыўдың кереги жоқ.

— Неге баралмайсыз. Жумыс көп пе? Ямаса үйде нақолай жағдай бар ма?

— Қандай жумыс болсын. Жолдың жағдайын өзиңиз көрип турсыз. Ал енди үйде болса? — деп ол қал-

тасынан папирос алып, жым-жырт болып қалды. — Үйде де... қалай да басқалардағы сыяқлы жумыс табылып қалады ғой. Сөйтсе де Памирге бармайман.

Мен оған жол дүзетиўшилердиң делегациясының составында барыўдың әҳмийетин түсиндире басладым. Байтемир тек мени ҳүрметлегенликтен гәпиме қулақ салып турса да, оны бәри-бир көндире алмадым.

Мен оған қапа болып, биринши гезекте өзиме-өзим өкпеледим. Журналистлик сезгирлигим бул ирет пайда бермеди, сирә бул адамның кеўилинен шыға алмаған шығарман. Сөйтип, редакцияның тапсырмасын орынлай алмай, қуры қол қайтатуғынға усадым.

— Мейли, онда Бәке! Кеширерсиз, мен қайтайын. Ҳәзир бир жол машина келип қалар.

Байтемир маған дыққат пенен нәзер аўдарып, ойшаң көзлерин қадап, муртынан күлди:

— Қалада өскен қырғызлар үрп-әдетимизди умытып баратыр-аў өзи. Мениң де үйим, дастурханым, баспанам бар. Ырас мен деп келген болсаңыз, жол үстинен кетпең, бүгин үйде қонып, ертең кетерсиз, жүриң, саған ҳаялым менен баламды көрсетип қайтайын. Бирақ кеўлиңизге аўыр алмаң, мениң қараңғы түспей турып, жолды тағы бир қатара көрип шығыўым керек. Тез қайтаман. Жумыстың ирети солай...

— Бәке! — деп тоқтаттым оны. — Олай болса мен де сиз бенен бирге айланып қайтайын.

Байтемир мениң қалалыға тән турпатыма, кийимлериме бир қарап алды да, көзин қуўақыланып қысып турып:

—Мениң менен бирге жүриў сизге қолайсызлаў болар. Тәўир-ақ жер бар — айланыш, жолдың өзи де оңлы емес, — деди.

— Оның зыяны жоқ.

Солай етип, бизлер жүрип кеттик. Жол-жөнекей ҳәр бир көпир ҳәм айланбада, бурын қопарылған жерлер, сондай-ақ дөнип турған тик жарлардың тусында тоқтап, көзден кеширип баратырмыз. Бизлер әлбетте, гәпке кирисип кеттик. Бирақ елеге дейин қалайынша ҳәм не ушын, қандай сөз ҳәм мүнәсибетим менен Байтемирдиң исеним ҳәм мүддаҳасынан шыққанымды билмеймен. Бәлким, сонлықтан шығар, ол маған өзиниң басынан кешкенлерин ҳәм үй турмысының жағдайы ҳаққында айтып берген еди.

## Жол дүзетиўшиниң әңгимеси

Сиз, «Памирге неге барғыңыз келмейди?»—деп сораған едиңиз. Өзим памирли қырғызбан. Туўылған жерим — Памир болса да, мен бул жақларда — Тянь-Шаньда жүрмен. Жүдә жас ўақтымнан баслап, Памирдеги жол қурылысына араластым. Оған комсомол жолламасы менен барған едим, әсиресе бизлер — гилең жаслар, зор ғайрат ҳәм ынта менен иследик. Сөйтпесек бола ма ақыры, адамға жеңислик бермей киятырған Памирге жол салынып атыр. Мен ударниклер қатарына қосылып, талай ирет сыйлық-саўғалар да алдым. Буны әйтеўир бир гәп болсын деп айтып атырман.

Сөйтип жүргенде, қурылыста бир қызды көрип қалып, оған өлгейлиден ашық болыўым бар Өзи де үрип аўызға салғандай ақыллы қыз еди. Қурылысқа аўылдан келген. Бирақ, сол дәўирдеги қырғыз қызлары ушын бул үлкен қаҳарманлықтың үлгиси болды. Ол жағын сорағанда өзиңизден қалатуғын гәп-сөз жоқ, бирақ, ҳәзирдиң өзинде қызлардың өндириске барып ислеўине ески әдетлеримиз тосқынлық етеди. Жаңағы айтып отырғаным Гүлбара менен танысқанымызға да бир жылдай болып қалды. Жолдың қурылысы тамамланайын деп тур. Жолды пайдаланыўға бериў ушын өзимизден шыққан кадрлар керек болды. Жолдың қурылысы жумыстың ярымы еди. Ал, енди оны улыўма күш пенен меңгерип алып, оған жөн-жосағын билетуғынлар көз қулақ болып, қараўыллап турыў да керек. Бизлердиң арамызда Хусайнов деген өзи инженер, жас жигит бар еди. Ол ҳәзир жол бөлиминде ислеп жүр, үлкен хызметкер. Екеўмиз яр-дос едик. Маған жол жумыслары бойынша жоқарғы курсларға барып оқып келиўиме де мәсләҳәт берген сол еди. Мен оқыўды питкерип келгенше Гүлбара күтип жүре алмас, оны аўылға әкетип қалар деп ойлаған едим. Бирақ, Гүлбара олай етпеди, күтти. Гүлбара екеўимиз хожалық болып, сол жерде жол бөлиминде жумыс ислеп қалдық. Бизлер бир-биримизге меҳрибан-сыйласықлы болып жасайтуғын едик. Соны да айтыў керек, әсиресе, таўда жекке-жарым жасайтуғын жол оңлайтуғынлар ушын татыў семья, ҳаялдың ең жақсысы керек. Мен буны кейинирек, өзимниң турмыс тәжирийбемде сынап көрдим. Егер мен өзимниң кәсибимди берилип жақсы көр-

ген болсам, бул мәселеде ҳаялымның оған қосқан улеси аз емес. Бизлер дәслеп қызлы болдық, буннан соң екиншиси дүньяға келди. Тап сол ўақытлары бирден урыс басланып кетти.

Памирдиң жолы нөсер жаўыннан кейинги тасыған дәрьяға усап толқынланып кетти. Халық сол жолдан дәрья сыяқлы ағып, төмен қарай шожып, армияға баратырған еди.

Бир күни мениң де гезегим келди. Азанда ертелеп үйден шығып жолға түстик. Кишкене қызымды қолыма көтерип алдым, үлкени шалғайыма асылып жармасып киятыр. Гүлбарам, бийшара Гүлбарам! Ол өзин беккем тутыўға мәжбүрлеп, кеўилимди алып, мениң азық салған қалтамды арқалап киятыр. Бирақ та, адамсыз, таў-тастың арасындағы жол участкасында еки бирдей нәресте ҳәм өзине усаған бир-еки ҳаял менен қалыўдың оған қаншелли мусаллат екенин кеўилим сезип киятыр. Мен оны аўылдағы ағайин-туўғанларыма жиберейин деп едим, бирақ, онық барғысы келмеди. Еплеп күнимизди көрермиз, сени күтип отыраман, жолды да қараўсыз қалдырыўға болмайды ғой, — деди ол. Мен соңғы мәртебе ҳаялым ҳәм балаларым менен жолдың жағасында турып хошластым. Ол ўақытлары екеўимиз де ғыршылдаған жас болғанлықтан, турмыс жолына жаңа қәдем таслап киятыр един...

Мен саперлар батальонында болдым. Москва әтирапындағы танкилерге қарсы қурылған әскерий тосқынлықларға мениң де қолым тийген. Оның есап-саны жоқ! Дон менен Висла дәрьясынан өтип, Дунайға қарай бағдар алдық. Гейде муздай суўға түсип қалшыллап, гейде түтинге туншығып жалынға жанып, әтирапында снарядлар тынымсыз жарылады. Гейде астынүстин болып, сан мың адамлар қырылып, динкен қурығанлықтан тезирек өлип кетсек те шеп болмас еди деп ойлайсаң. Бирақ, усындай ўақытлары таў-тастың арасында қалып, мени интизарлық пенен күтип отырған бала-шаға ядыма түссе, ғайратым тасып кетеди. Памирдей жерден бунда келип, қандай да бир көпирдиң астында өлип кетиўге болмайды. Бир-биринен ажыралып баратырған сымларды гейде тислерим менен бурайман, жеңислик бергим келмейди. Өлмедим де, ҳәтте, Берлинге дейин бардым.

Ҳаялым маған тез-тез хат жазып туратуғын еди. Бир тәўир жери почта олардың түбинен өтеди. Ол

барлық нәрсе туўралы, соның ишинде жолдың жағдайы туўралы да жазады. Ол мениң орныма жол дүзетиўши мастер болып қалған еди. Бул истиң оған машақат екенин билемен, жолдың өзи де анаў-мынаў жол емес. Памир ғой, ақыры! Оның үстине қонсылар да дус келген жағына қарай көшип кетипти.

Қырқ бесинши жылдың бәҳәринен баслап бирден хат келгенди қойды. Фронт почтасында ҳәр түрли жағдайлар болыўы мүмкин деп өзимди-өзим тынышландыраман. Бир күни мени полктың штабына шақырып алып былай деди: «Ал, старшина, гәп мынадай. Енди урысып болдық. Жақсы саўаш қурдық, наградалар алдың. Енди үйиңе қайтасаң, ҳәзир ол жаққа жүдә керексең» — деди. Мен буған әлбетте. қуўанып кеттим. Ҳәтте, үйге телеграмма да жибердим.

Сөйтип, өзимниң қәдирдан жериме жетип келдим. Әскерий комиссариатка барғаным жоқ, соңынан барарман, ҳәзир ҳеш жаққа қашып баратырғаным жоқ ғой, — деп ойладым. Үйге! Тезирек үйге жетип барайын! Жолаўшы полуторка машинасы гезлесе кетти. Оған минип Памирдиң жоқарысына қарай өрлеген жолына түстим.

Қәнекей, қанатым болса, ушып-ақ барар едим. Фронттағы тез жүретуғын машиналарға үйренип кеткен екенмен. Кабинаға еңкейип шоферға бақыраман...

— Тезирек айдасаң-ә, иним, мына арбанды ырғаңлата бермей, несин аяп жүрсең буныңның! Үйге баратырман.

Мине, жақынлап та қалдым. Айланбадан кейин мениң участкам. Шыдамадым. Жүрип баратырған машинадан секирип түстим де, қалтамды ийниме салып жуўырып кеттим. Жуўырып баратырман, жуўырып баратырман, айланбадан да өттим.... ҳеш нәрсени таный алмадым. Барлық нәрсе өзиниң орнында турғандай, таўлар да орнында, жол баяғы жол, бирақ, үйлер жоқ, тири жан көринбейди. Тек, тас дийўаллар үйилип жатыр. Бизиң үй сәл шетиректе, таўдың тап етегинде еди. Таў етегиндеги жерлер тарлаў болады. Таўға көзим түсти де, аңырайып қалдым. Жоқарыдан қар қулап, жолында гезлескен барлық нәрсени, таўдың жанбаўырын қопарып, жапырып төменге ылақтырып, үлкен сайдың ултанын ўас-ўайран етип таслапты. Ҳаялым өзиниң соңғы жазған бир хатында қалың қар жаўып, кейнинен бирден жаўынға айланғанын айткан еди.

Демек, қар үйиндиси қуламастан бурын жарып жибериилиўи керек еди. Бирақ, бул ҳаял адамның қолынан келе ме?

Мине, саған бала-шаға менен дийдарласыў! Мың ирет өлип-тирилип, тирилей дозаққа түсип келсем, бул жерде бала-шағамнан нышан жоқ. Мени меңиреў кеўилсизлик күтип алды. Диңке-дәрманым қурып, силейип қалыппан. Таўларды жаңғыртып бақырғым келген менен даўысым шықпайды. Турпатым менен тасқа айланып, қатып қалғандайман. Бир ўақытта ийнимдеги қалтаның сыпырылып, аяқ ушыма түскенин сездим... Мен оны еңкейип алғаным жоқ, сол турысында қалды. Ишинде қызларыма, ҳаялыма арнап алған базарлығым, жолда биреўге гимнастеркамды берип, орнына алған набатым бар еди. Мен турған жеримде қандай да бир ҳәдийсени күтип тұрғандай, көп ўақыт зеңирейип қалдым. Оннан соң бурылып, кейниме қайттым. Сәл тоқтап артыма қарасам, таўлар бөлек-бөлек болып, барлық салмағы менен үстиме жапырылып киятырғандай сезилди. Жүрегим қанасынан шығып баратырғандай бақырыўым менен қаштым. Қаш! Бул нәлетий жерден жоғал! Мине, сонда мен муңлы даўыс пенен еңиреп жылаған едим.

Қайда ҳәм қалай қарап кетип баратырғанымды билмеймен. Үшинши күни станцияға келиппен. Ғаўырласқан адамлардың арасында адасқан адамдай қаңғалап жүрмен. Атымды айтып бир офицер шақырады. Қарасам — инженер Хусайнов. Ол да әскерий хызметтен босанып, үйине киятыр екен. Мен оған өз басыма түскен бақытсызлықты айтып бердим.

— Енди қайда бармақшысаң? — деп сорады ол.

— Өзим де билмеймен! — дедим.

— Яқ! — деди ол. — Бундай еткениң жарамайды. Шыдаў керек. Сениң қара басыңның қаңғырып жүриўине жол қоймайман. Қәне, жүр, Тянь-Шаньға кеттик. Жол қурылысын тамамлаў керек. Оннан соңғы жағын көрермиз.

Мен бул жерге сөйтип келип қалғанман. Дәслеп жолға көпир салып жүрдим. Ўақыт өтип баратыр. Бир жерге турақлы орналасып, үйли болыўым керек еди. Хусайнов сол жыллары министрликте ислейтуғын болып кетти. Ол мениң ислеп атырған жериме тез-тез келип, ҳәр келген сайын бурынғы жумысыма — участка жол мастери болыўыма кеңес бере берди. Мен бу-

ған келисим бермедим. Қорқынышлы еди. Қурылыста болса бир өзим емеспен, көпшилик пенен ислеген жеңил сезиледи. Мастер болып жүргенимде ким биледи дейсең, жалғызлықтан жүрегим жарылып кетер. арадан жыллар өтип кетсе де, мен басыма түскен мүшкилди умыта алмағанлықтан, еле өзиме келе алмай жүрмен. Соның менен өмирим тамам болғандай ендиги жағында ҳеш нәрседен үмитим жоқтай еди. Үйлениў дегенди ойыма да алған емеспен. Гүлбара менен балаларымды оғада жақсы көретуғын едим. Мағаң олардың орнын ҳеш қашан, ҳеш ким баса алмайтуғындай бола берди. Тек күнелтиў ушын үйлениў, — бул келиспейтуғын нәрсе. Буннан көре қара басың жүрген жақсы.

Ақырында бир күни участкаға мастер болып барыўға келисим бердим. Ислей берейин, егер жақпай баратырса тағы бир жаққа кетермен деп ойладым. Онша жаман болған жоқ, әсте үйренисип кеттим. Мүмкин, буған участканың жумысының көплиги де себепши болған шығар. Бирақ, бул жумыс маған аўыр болмады, керисинше, жақсы болды. Ўақыттың өтиўи менен кеўилимдеги ҳәсирет жалынлары сөне баслады, оларды әсте-ақырын умыта басладым. Гейде сол бир кесапатлы күн түсиме енип шығады! Жоқ болып кеткен үйимниң орнында зеңирейип турғанымда, ийнимнен қалтаның аяқ астыма сыпырылып түсип баратырғанын сезип тураман. Бундай күнлери орнымнан ерте турып жумысқа кетип қаламан. Сол кетистен қараңғы түскенше үйге қайтпайман. Усындай себеплерден мен жекке баслы болдым. Дурыс, гей ўақытлары: «Мүмкин, еле бахытлы күнлерге жетермен-аў» деген ғаңгүн қыяллар басыма келеди.

Ақырында машақатлы, қыйын бул бақыт мен онша тәме етип жүрмеген бир ўақытта жетип келди.

Бир сапары буннан төрт жыл бурын қоңсымның кемпири аўырып қалды. Қоңсымның өзи үйинен бир адым шыға алмайды: жумыс, үйдиң машқаласы, балашаға, дегендей... Ал кемпирдиң аўҳалы болса, күн сайын төменлеп баратыр. Мен оны врачларға көрсетиўге бел байладым. Участкамызға жол басқармасынан бир нәрсе алып машина келе кетти. Бизлер усы машинаға минип алып, областьтың орайына тарттық. Врачлар кемпирди кеселханаға жатқарыў керек десип атыр. Қайда саған, кемпир болса «өлсем үйимде өле-

мен, бирақ, бунда жатпайман,—деп шыжа-пыжа болды.—Мени қайтарып алып кет, болмаса ғарғысыма жолығарсаң» — деп қасарысып алды кемпир. Сөйтип қайтарып алып қайтыўға туўра келди. Ўақыт биймезгил болып қалған еди. Таўдың етегиндеги базаның тусынан өтип баратыр едик, бир ўақытта шофер машинасын бирден тоқтатқанда мен оның:

— Қайда барасыз? — деп сорап атырғанын еситтим. Бир нәрсени айтып атырған ҳаялдың даўысына аралас, оның аяқ тыпылдысы еситилди.

— Мин! — деди шофер оған. — Неге ондай етесең? —деп машинаны оған жақынырақ айдап барды.

Қолына бала ҳәм түйиншик көтерип киятырған жас келиншек бортқа жақынласты. Мен оның кузовқа минип алыўына жәрдемлесип, кабина артындағы самал ҳүўлемейтуғын орынды оған босатып берип, өзим мүйешке отырдым.

Жүрип кеттик. Суўық бир қыйлы бар еди. Бала жылай баслады. Келиншек баланы қаншелли алдарқатса да, ол сирә тынышланбады. Мине, қорлықтың үлкени! Кабинаға мингизейик десек, онда өлеси кемпир отыр. Сонда келиншектиң ийнинен әсте түртип:

— Қәне, берман маған бер, мүмкин, жылағанын қоя кетер. Өзиң сәл еңкейип отыр, самал тиймесин, — дедим.

Мен баланы келте постыныма орап алып баўырыма бастым. Бала тыныш таўып, пысылдап дем ала баслады. Өзи он айлық шамасындағы әнедей бала екен. Мен оны шеп қаптал қойныма тығып отыр едим, бирден жүрегим дүрсилдеп, оқтан ушқан қустай тыпыршылай баслады. Неге сөйткенин өзим де билмеймен. Кеўилим ҳәм қуўаныш ҳәм муңлы қыялға толған еди. «Аҳ, неликтен мен ҳеш қашан балаға әке болыў баҳтына жете алмас екенмен-ә» деп ойладым. Бала болса баўырымда жып-жыллы болып жатыр. Оған буннан басқа ҳеш нәрсениң кереги де жоқ еди.

— Ул бала ма? — деп сорадым мен.

Келиншек басын ырғады.. Көрип киятырман, байшара, зирдек қағып отыр, үстиндеги пальтосы да жуқа екен. Мен болсам қыста келте постын, оның сыртынан плащ кийип жүремен, жумыстың жағдайы солай. Баланы бир қолым менен услап турып, оған бос қолымның жеңин созып:

— Мениң плащымды шешип ал. Бундайда аяз өтип кетеди, — дедим.

— Яғ-ә, ҳәлекленбей-ақ қойың! — деп ол көнбеди.

— Тарт, тарта бериң! — деп талап еттим мен. — Жамылып отырың.

Ол плащка оранып, бүркенип алды. Самал ҳүўлемесин деп шалғайларын аяғының астына тығып қымтастырып қойдым.

—Азмаз бойыңыз жылыды ма? — деп сорадым бир ўақытта оннан.

— Аўа, жылыдым.

— Жолға неге биймезгил шыға қойдыңыз?

— Солай болып қалды,—деди ол әстен ғана.

Бул ўақытлары бизлер аңғардың иши менен киятыр едик. Бул қатарда кәншилердиң поселкасы бар еди. Олардың ҳәммеси жатып қалған болса керек, әйнеклери қапқараңғы. Ийтлер ҳәўилдеп, машинаның изинен жуўырысты. Сол ўақытта мен бул келиншек қайда баратыр екен деп ойладым. Мен оны кәншилердиң поселкасына киятырған шығар деген пикирде едим, буннан былайғы жағына қайда барады, таўдың қәдимги асырымы, оннан соң бизиң участка деп ойладым.

— Сиз киятырған жериңизге жеткен болсаңыз керек? — дедим мен оған ҳәм кабинаны қақтым. — Бизлер де жақынладық, асырымға киятырмыз. Машина аржағына бармайды.

— Бул қандай жер? — деп сорады ол.

— Кән. Сиз усыған киятырған жоқсыз ба?

— Мен... мен усы жерге киятыр едим, — деди ол тартынып сөйлеп.

Ол орнынан ырғып турды да, плащты маған берип, баласын қолына алды. Бала сыңқылдай баслады. Бирақ, бул келиншек бийшараның басына бир мүсийбет түскен шығар, — деп ойлап қалдым. Өзи түн иши, мына суўықта оны жалғыз таслап кетсек қалай болар екен?

— Ҳеш жаққа бармайсыз! — дедим оған салған жерден. — Анаў-мынаў жаман пикирди ойыңызға алмаң. Балаңызды берман бериң? — деп қолынан тартып алғандай етип зорға алдым. — Мениң сөзимди жерге тасламаң. Бизиң үйге қоныңыз. Азанда қайда бараман десеңиз, ықтияр өзиңизде. Айда! — деп бақырдым шоферға.

Машина жылжыды. Ол басын төмен алып, тым-тырыс отыр. Билмеймен, мүмкин, жылап отырған шығар...

— Қәўетерленбең! — деп тынышландырдым оны.— Мен сизге ҳеш қандай жаманлық ойламайман. Мен жол оңлайтуғын уста Байтемир Қулов деген боламан. Маған исениўиңизге болады.

Келиншекти баласы менен өзимниң бөлмеме орналастырдым. Өзим аўыздағы кишкене бос бөлмеге кирип, ағаш кәтте жаттым.

Көп ўақытқа дейин уйқым келмеди. Ойлар шырмәўында қалдым. Тынышсызлана бердим. Жөн жосағын сораў нақолай еди. Өзим бундай әдетти жақтырмайман, бирақ, айырым нәрселерди сораўға туўра келди. Себеби, оған мениң жәрдемим керек болып қалар. Ол мениң сораўларыма қысқа-қысқа жуўап берип, үзил-кесил ҳеш нәрсе айтпады. Бирақ, сонда мен оның айталмаған гәплерин аңлаған едим. Егер адам басына ис түссе оның ҳәр бир сөзиниң астарында үлкен мәни болады. Ол күйеўин таслап, үйинен шығынып кетипти. Өзи де тәкаббырлаў болса керек, азап шегип, күйинип отырғанын сездиргиси келмейди. Оған не айтыўың мүмкин, ҳәр кимниң ерки өзинде емес пе? Не қылса өзи биледи. Сөйтсе де бул жас келиншекти дым аяп кеттим. Ол еле он гүлинен бир гүли ашылмаған қызға мегзейди. Қәдди-қәўмети де келисип қалған. Өзи де меҳрибан, жаны таза болса керек. Буны таслап, басын алып кетип жүргенниң өзи қандай адам екен-ә? Буған сирә түсине алмадым. Мен не қылайын, бул олардың жумысы. Ертең бир машинаға миндирип жиберермендағы. Сол күни өзим де бир қыйлы болып шаршаған едим, қалғып кеткен екенмен, өзимди машинада баратырған шығарман деп пәмледим. Постынымның қойнына кишкене нәрестени тығып алған екенмен деймен. Баланың өне бойына жыллылық тарап, баўырымда ҳәз етип жатырған-емиш.

Таңның алдында орнымнан турдым. Жолларды бир қатара көзден өткерип, тез қайтып келдим. Қоқақларым не қылып атыр екен деген қыял басымнан кетпеди. Олардың уйқысын бузбаў ушын тысырлатпастан, аўызғы бөлмедеги печьке от жағып, самоварды алыстырдым. Бирақ, ол әллеқашан оянып, кетиўге таярланып атыр екен. Ол маған миннетдаршылық билдирип атыр. Бирақ, азғана сабыр етип турыўға

мәжбүрлеп, шай иштирмей жибергим келмеди. Мениң түндеги кишкене жолдасым адамды жатырқамайтуғын әжайып бала екен. Екеўимиз үйренисип, апақшапақ болып қалдық... Шай ишип отырғанымызда келиншектен:

— Қайда барасыз? — деп сорадым.

Ол ойланып турып:

— Рыбачьеге, — деди.

— Ол жерде туўысқанларыңыз бар ма?

— Яқ, туўысқанларым аўылда. Тосардың аржағында.

— Ҳә-ә, онда жолда басқа машинаға миниўиңиз керек. Қолайсызлыў екен.

— Мен, бәри бир, ол жаққа баралмайман. Аўылға да баралмаймыз, — деди ол баласына ойшаң нәзер таслап. — Айып өзлеримизде...

Мен оны ата-анасының рухсатысыз турмысқа шыққан шығар деп болжап отыр едим. Шынында да солай екен, бул соңынан белгили болды...

Ол кетиўге таярлана баслады. Бирақ, мен оны баласы менен далада турмай-ақ қойсын деп үйде күтип отырыўға көндирдим. Машинаны өзим тоқтатсам да болады ғой, ақыры.

Кеўилим ўайран болып, жолға шықтым. Олардың кетиўин, өзимниң тағы жалғыз қалыўымды ойлағанымда ҳәсиретим тағы да артып кетти.

Ҳә дегенде жолаўшы машиналар келе қоймады. Кейнинен биреўин көрип турып, қолымды көтермедим. Бирақ, булай еткениме өзимнен өзим сескендим. Неге сөйтип турман. Әне, сөйтип дәртли ҳәсиретлер мени азапқа сала баслады. Машиналар бириниң изинен бири өтип атыр, мен болсам оған басым айланбайтуғындай болып турман. Ендиги келгенин тоқтатарман деймен де, қолымды көтермей қала беремен. Уялғанымнан терлеп те кеттим. Биреўди дилгир етип, не қылып турман. Ол күтип отыр. Өзимди-өзим жек көрип кеттим... Жолды жағалап арман-берман гезип жүрмен. Қандай баҳана-себеп ойлап табарымды билмеймен. Гейде айнасы сынық екен, кабина суўық болады деймен. Гейде машина кеўилдегидей емес деймен. Гейде шофери жалатай, мүмкин, пьян шығар деймен. Кабинасы бос емес машиналар өткенде баладай қуўанаман. Әйтеўир, олар ҳәзир кетпесе, тағы да бес минут отырса болар еди. «Ҳаў, ақыры, ол қайда барады?—деп

ойлайман.—Аўылға баралмайман деп өзи айтып отыр. Рыбачье деген жолдың үстиндеги қала, ол жерде ҳәр түрли адамлар бар. Баласы менен қайда барады. Мына, суўықта баладан айырылып қалады ғой. Қой, усы жерде бола берсин, аржақ-бержағын еле де ойланып көрер. Мүмкин, еле де күйеўине барар. Я, ол ҳаялын излеп келип қалар»..

Әй, сор маңлай, буйтип жүргенше оның өзин жолдың бойына ертип келип жибергенимде болмайтуғын беди. Үш сааттан бери жер тепсиниш ўақытты бийкар өткиздим. Өзимнен-өзим жийиркенип кетгим. Яқ, ҳәзир оны усы жерге ертип келемен де, көзиниң алдында бир машинаны тоқтатаман. Сөйтпесем болмайды. Үйге қайттым. Ол жаңа ғана қапыдан шығып киятыр екен, күтип-күтип зеригип кетипти. Мен уялғанымнан айып ислеген баладай оған жалтаңлап қарай бердим.

— Тәўир-ақ күттиңиз-аў? — дедим жалтаң болып. — Жол машиналар ушыраспады, ушырасқан менен кеўилдегидей оңлысы тап болмады. Кеширерсиз, тағы анаў-мынаўды ойлап жүрмең. Қудай ушын үйге кирип отыра турың. Сизден өтиниш соранаман.

Ол ҳайран болып, маған муңлы көз қарас пенен қарады да, үндемей үйге кирип:

— Сизиң маған жаныңыз ашып тур ма?—деди.

— Яқ, оның ушын емес. Билесиз бе?... Сизден қаўетерленип турман. Қыйналып қаласыз. Қалай күнелтпекшисиз?

— Жумыс ислеймен. Үйренгенмен.

— Қайда?

— Қайда болса да бир жерге орналасаман. Енди үйге изеп баспайман, аўылға, — төркиниме де бармайман. Мийнет ислеп күн кеширемен.

Мен үндемедим. Ҳәммеси түсиникли еди. Ҳәзир бул ҳеш нәрсени де ойлап турған жоқ. Тәкаббырлығы көзинен де билинип тур. Усы нәрселердиң ҳәсирети оны белгисиз жақларға қуўып салмақшы. Жумыс ислеп күнелтемен деў, тек айтыўға аңсат. Бул бирден бола коймайды. Бирақ, адамды өз еркине жибермей, алдын кес-кеслей бериў де жақсы емес.

Бала маған қарап талпына баслады. Оны қолыма көтерип алдым. Оны сүйип атырып: «Әй-й, нәресте-ай, сениң менен ҳәзир айрылысайын деп турмыз-аў, усы.

Сен маған өзимниң баламдай бауырман болып қалған един» — деп ойлайман ишимнен.

— Ал, енди журейик! — дедим мен оған мулайым ғана.

Бизлер орнымыздан турдық. Мен баланы көтердим. Бирақ, қапының алдында тоқтап турып:

— Жумыс деген бизлерден де табылады, — дедим мен.—Усы жерде илесеңиз де болады. Кишилеў бөлмем бар, сонда бола берерсиз. Еле де қала бериң. Асықпаң. Кетиўге ҳәр қашан да үлгересиз. Ойланып көриң...

Ол дәслеп үндемей турды. Ақырында мен оны қалыўға көндирдим.

Сөйтип, Ҳәсел Самат деген баласы менен бизиң жол участкада қалды.

Жайға жапсырып салынған бөлме суўық болғанлықтан, Ҳәсел менен баласын өзим болып атырған жайға орналастырдым. Өзим болсам сол суўық өжиреге өттим. Маған усының өзи де болады.

Сол күнлерден баслап мениң турмысым өзгерип кетти. Былайынша қарағанда ҳеш нәрсе өзгермегендей, әўелгидей жалғыз баслы едим. Бирақ та, мен өзимди тағы адам қатарында сезинип, көп жыллардан бери жалғызлықта суўынған кеўилим тағы жылый баслады. Себеби, енди бир өзим жасап атырған жоқпан. Әлбетте, адамлар арасында жасаў, ислесиў, досласыў, улыўма исти бирге атқарыў, жәрдемлесиў, олардан мәдет алыўдың орны да, пайызы да басқаша. Бирақ, өмир дегенниң сондай бир орны толмайтуғын олқылықлары да болады... Мен кишкене балаға оғада үйренисип кеттим. Участканы айланып келиўге кеткенимде де, гейде оны жыллы етип орап алып көтерип жүремен. Бос ўақытларымның бәрин соның менен бирге өткеремен. Бурынғы жалғыз баслы күнлеримди умытып кеттим. Қоңсыларым да жақсы адамлар еди. Олар Ҳәселге де, Саматқа да меҳрибаншылығын аямады. Баланы ким жек көретуғын еди. Ҳәселдиң өзи болса кеўили ашық, қайырқом, пәкизе келиншек болғанлықтан, участкадағылар менен тез үйренисип кетти. Мениң балаға да, Ҳәселге де меҳрибаншылығым арта берди. Әсиресе, баланы анасы Ҳәселден де бетер жақсы көремен. Енди жасырыўдың не кереги бар, ырасымды айтсам, қанша тартынсам да, бул сырымды жасыра алмайман, Ҳәселди жақсы көрип қалған едим. Оны өмиримниң ақырына дейин, шын кеўилимнен

бирден сүйип қалған едим. Жалғызлықта жүрген күнлеримниң, көрген азап-ақыретлеримниң есесине оны жақсы көрдим. Бирақ, буны ашып айтыўға меның ҳақым жоқ еди. Ҳәсел еле күйеўин күтип жүр. Күтиўин күтсе де, бирақ, сыр бермейди. Бизлер жол үстинде ислеп атырған ўақытымызда, оның ҳәр бир өткен машинаға интизар ҳәм үмитли көз қарас пенен қарайтуғынын билип жүр едим. Гейде баласын көтерип жолдың жағасына шығады да, бир неше саатлап, сарсылып отырған күнлери де болды. Күйеўи көрине қоймайды. Оның ким екенин, қандай адам екенин билмеймен, буны сорамайман да. Ҳәсел де бул туўралы ҳеш кимге айтпады.

Ўақыт әстен өте берди. Самат та өсип киятыр. Несин сорайсаң. Ол жүдә шаққан, боласынлы бала болды, билмеймен оған биреў үйреткен бе, я өзи үйренген бе, әйтеўир мени аға дей баслады. Маған көзи түсиўден: «Аға!», «Аға!» — деп мойныма асылады. Ҳәсел болса ҳәрдайым оған қарап, ойшаң сыпатта күлимсиреп турады. Сондай ўақытлары мен ҳәм қуўанаман ҳәм жүрегим өртенип азапқа түсип қаламан. Балаға ата болыўға мың жеринен қайылмандағы, бирақ, қолымнан не келеди?..

Сол жылы жаздың күнлериниң биринде бизлер жолды оңғарып атыр едик. Машиналар бизлерден шетлеңкиреп, айланып өтип турды. Ҳәсел бирден шоферлардың биреўине қарай бақырып жиберди:

— Ҳәй, Жантай, тоқта!

Машина бизлердиң тусымыздан тәўир-ақ өтип бирден тоқтады. Ҳәсел солай қарап жуўырып кетти. Олардың не жөнинде сөйлескенин билмеймен, бирақ, Ҳәселдиң бирден жаңағы шоферға қарап бақырып атырғаны еситилди:

— Сен алдап турсаң! Өтирик. Исенбеймен! Жоғал бул жерден Жоғал дегенде, жоғал!

Машина жүрип кетти. Ҳәсел болса жолды кесип өтип, үйге қарап жуўырды. Шамасы, ол жылап баратырған болса керек.

Буннан соң жумысқа қолым бармады. Ким екен ол? Ҳәселге не деди екен? Мени усындай гүманлы ойлар қамашалап алды. Шыдамай үй бетке қарай бетледим. Ҳәсел баласы менен үйде отыр екен. Ақырында кеште оның бөлмесине кирип барып:

— Самат қайда? Сағынып кеттим ғой, оны — дедим.

— Мине, мында! — деп кемсалыйқалаў жуўап берди Ҳәсел.

— Аға! — деп маған талпынды Самат. Оны қолыма көтерип алып еркелетип атырман. Ҳәсел болса, муңлы қыялларға батып, үнсиз отыр.

— Не болды, Ҳәсел? — деп сорадым оннан.

Ол суўық демин алып:

— Мен кетемен, Бәке, — деди. — Бул жерде жағдайымның жаман болғанынан емес, әлбетте. Сизге мың мәртебе рахмет, миннетдарман. Бирақ, қайда баратуғынымды өзим де билмей отырман. Басымның аўған жағына кете берemendағы...

Бул гәплерди оның әйтеўир айтып отырмағанын сезип турман. Бирақ, ашыў үстинде кете бериўи де мүмкин. Ҳақыйқатты айтыўдан басқа илажым қалмаған еди.

— Саған не дейин, Ҳәсел. Сени бул жерде иркип турыўға мениңң ҳақым жоқ. Бирақ, сен кетсең мен де бул жерде турмайман. Мен де басымның аўған жағына кетемен. Буннан бурын да ўайран болған үй-үскенемди таслап кетемен. Саған оның несин айтаман. Өзиң билесең, Ҳәсел... Егер сен кетсең, баяғы Памирде қалған үйимдей болып, бул үйдиң де қарабаханасы шығып қала бередидағы. Ойланып көр, Ҳәсел... Ғайыптан-тайып дегендей күйеўиң қайтып келе қойса, кеўилиң жарасып оңысып кетерсең. Ықтыяр өзиңде, Ҳәсел.

Мен усы сөзлерди айтып болып, Саматты көтерип алдым да, жолды көрип келиўге кеттим... Жолда бираз ўақыт жүрдик. Нәресте-ай, ол не билсин бундай болып атырғанын.

Ҳәсел ҳәзирше бурынғыдай болып жүре берди. Бирақ, оның не ойлап жүргени, қандай ықрарға келгени маған түсиниксиз еди. Сол күнлери мен азап шегип қараўытып кеттим.

Бир күни түсте үйдиң алдына келсем, Самат ғазғаз турып жүриўге талпынып атыр екен. Ҳәсел оны тағы жығылып қалар деп азмаз демеп услап тур. Мен тоқтап қалдым.

— Бәке, мына балаңа қара, жүрейин деп киятыр,— деди қуўанғанынан Ҳәсел күлимсиреп. Не деди ол? Балаң деди ме? Ийнимдеги белди ылақтырып жибе-

рип, жүреме отырып қулыншағымды шақыра басладым:

—Тәй-тәй-тәй, боталағым! Қәне, берман маған кел. Аяқларың менен жерди тыпылдатып кел, нықлаңқырап бас!

Бала қушағын жайып жиберип:

— Аға! — деп аяқларын әлтек-тәлтек басып маған қарай тыпыршылады. Мен оны услап алдым да, басымнан асырып көтерип, бауырыма қатты бастым.

— Ҳәсел! — дедим мен оған. — Ертең бунның тусаўын кестирип жиберейик. Сен ақ жүн менен қара жүннен жип есип қой.

— Яқшы, Бәке, — деп күлди ол.

— Аўа, әлбетте, қара менен ақ жүннен есилген болсын.

Мен атқа миндим де, мал шарўашылығындағы танысларымның аўылына қарай шаўып кеттим. Ол жақтан таза сойылған гөш пенен қымыз әкелдим. Ертеңине бизлер қазан асып «тусаў кесиўге» қоңсыларымызды шақырдық.

Мен Саматты жерге отырғызып, аяғын қара-ала жип пенен тусаўлап, жанына қайшыны әкелип қойдым. Сөйтип болып далада анадай жерде қапының аўзында турған балаларға қарап:

— Ким бурын келип тусаўды кессе, оған биринши пайғазы бериледи, қалғанларыңызға гезек пенен бериледи. Баслаң, балалар! — деп қолымды силтеп жибердим.

Тап жарысқа қаңтарыўлы турған арғымақлардай балалар қыйғырысып дүсирлеп кетти.

Жип кесилип болғаннан соң Саматқа қарап:

— Әне, балам, енди шапқылай бер, — дедим. — Оның қолынан услап жүриңлер, балалар!

Балалар оның қолынан услады, ол балаларға қосылып томпаңлап баратыр. Мен оның изинен қарап турып ҳеш кимге бурылмастан:

— Адамлар! Мениң тайыншағым да жорғалап кетти. Ол тулпардай жүйрик болсын, ылайым! — деп сөйленип жибериппен.

Самат балалардың изинде талтаңлап баратырып артына қайырылып:

«Аға!» — деди де думалап түсти. Ҳәсел екеўимиз геңинен оған жуўырдық. Мен Саматты жерден көте-

рип алғанымда, Ҳәсел биринши мәртебе маған ерли-зайыплы адамларға усап сөйленип қарады.

Сол күннен баслап бизлер ерли-зайыплы болып қосылыстық.

Қыста баламызды алып ауылға — Ҳәселдиң кемпир-ғаррысына барып қайттық. Олар бизлерге жүдә өкпели екен. Бирақ, кейнинен кеширди, қол жайып пәтиясын берди.

Уақыт сезилмей өте берди. Самат та беске шығып қалды. Ҳәсел менен жүдә татыў туратуғын болдық. Тек бир ғана нәрсе туўралы бизлер иллә деп аўыз ашпайтуғын едик. Бул жөнинде бизлердиң арамызда үнсиз келисим бар... Ол адам бизлер ушын беймәлим еди...

Бирақ, турмыс деген нәрсениң өзи адамның ойлағанындай болып, дийдиңнен шыға бермейди. Ол адам жақында ғана усы әтирапта пайда болды.

Бир сапары жолда авария болды. Түнниң иши еди. Мен өзимниң қоңсым ҳәм жәрдемшим менен не болғаның билиў ушын жуўырып бардық. Бир жүк машинасы жолдың шетиндеги столбаға тумсығын тиреп соқлығыпты. Шоферы қып-қызыл пьян, ес-түсин билмей жатыр. Мен оны таныған менен бирақ, атын есиме түсире алмадым. Бул бир сапары бизлердиң көзимизге тийип, машинаны сүйреткиге алып, пәлекеттен қутқарған еди. Доланда машинаны тиркеп жүриў, бул әнейи ис емес! Бурын бул жерде бундай ҳәдийсе болған жоқ еди. Бирақ, бул шофер дәўжүрек, қайтпайтуғын жигит екен. Қәйтсе де бизлердиң машинамызды участкаға дейин сүйреп әкелип таслады. Сол ўақытта буны мен жүдә жақсы көрип қалған едим, тап кеўлимдегидей жигит екен. Сол ўақыядан соң әллеким усы қыямет жерден тиркеў менен өтпекши болыпты. Гөзлеген мақсетине енди жетейин деп турғанда, сәл нәрсе оған кесент берипти. Сөйтип тиркеўди жолдың шетиндеги жапқа таслап кетип қалыпты. Мен сол ўақытта буны ислеп жүрген баяғы дәўжүрек жигит шығар деп ойлаған едим. Мәрт жигиттиң мақсетине жете алмағанына жүдә жаным ашыған еди. Не керек, буннан кейин көп кешикпей сол жерден машиналар тиркеў менен өтетуғын болды. Олар машина менен тиркеўди жолдың жағдайына қолайластырып алып, дурыс ислеген еди.

Қудайлар урсын, дəслепки ўақытта мен буны Хəселди таслап кеткен жигит деп ойлаған жоқпан. Егер билгенде де бəри бир усындай еткен болар едим. Мен оны үйге сүйеп алып келгенимнен кейин, барлық жағдай түсиникли болды. Қапыдан отын алып кирип киятырған Хəселдиң оған көзи түсти де, отынлары полға тасырлап түсип, шашылып кетти. Бирақ, бəримиз де бир-биримизди биринши ирет көрип атырғандай, сыр бермедик. Бəринен де бетер, əсиресе, мениң өзимеөзим бек болыўым керек болды. Себеби, бир қопаллық етип, ямаса орынсыз сөйлеп жиберип, олардың зейнине тиймесликке, өз-ара түсинисип алыўына мəлел бермесликке ҳəрекет етиўим керек. Еки ортада мен дəрдесерге түсип қалдым.Енди барлық гəп олардың өзлеринде: олардың болса өз-ара өтмишлери бар, оның үстине мен баўырыма басып, кроватьта алып жатырған баласы бар.

Түни менен ҳеш қайсысымыздың да кирпигимиз айқаспады. Хəр ким өз қыяллары менен бəнт еди.

Хəсел баласын алып кетип қалыўы да мүмкин еди. Бул өзлериниң жумысы. Мейли, олар өзлериниң жүрегиниң буйрығы, өзлериниң ақылы менен не қəлесе соны ислесин. Ал, мен ше... мен болсам, мениң оған не қатнасым бар, ҳəзирги жағдай маған байланыслы емес ғой, тек оларға мəлел бермеўим керек...

Ол жигит ҳəзир де усы жерде, усы жолдан арманберман өтип жүр. Сонша жылдан бери ол қайда жүрген екен, не менен шуғылланған екен, бирақ, мен ол жағын билмеймен. Буның əҳмийети де жоқ. Бул өзлериниң жумысы...

* * *

Байтемир екеўимиз жолды көрип, изимизге қайттық. Геўгим түсип кеткен еди. Көгис бəҳəр ақшамы Тянь-Шаньның музлы қыябанларының үстине дөнип киятыр. Машиналар ыңылдап, зымырып өтип тур.

— Əне, сондай, иним, — деди Байтемир бираз үнсизликтен соң ойшанлық пенен. — Мен ҳəзир үйден шығып кете алмайман. Ал, Хəселдиң кетемен деген пикир ойында болса, оны өзи биледи. Тек маған кетип баратырғанын бир аўыз айтса болды, баласы менен екеўин жолға шығарып салып, ең соңғы мəрте хошласып, узатып салып қала беремен. Ақыры; Самат

мениң ушын ең қәдирданлардың - қәдирданы болып қалған. Бирақ, мен оны олардан зорлап тартып алалмайман. Сол бала ушын ҳеш қайда, әсиресе, Памирге бармайман. Мен сизге буны газетаға жазыў ушын айтып берип атырғаным жоқ. Тек гәптиң ийни келген соң, адамның зәҳәриң адам алады дегендей айтып атырмандағы...

## Эпилог орнына

Бизлер Ильяс екеўимиз Ошқа келгенде ажырастық. Ол Памирге, мен өз жумысыма кеттим.

— Барып Әлибекти таўып аламан. Сөйтип жаңадан турмыс баслайман! — деди ол жол-жөнекей кетип баратырып. — Мени енди — бул жоқ болған адам ғой деп ойламаң. Ўақты-сәти келсе үйленермен, мениң де халық қатары үйим-жайым, бала-шағам болар еле. Дос-яранлар табарман. Бирақ, тек бир нәрсени, ол да болса өмир бойына мәңгиге жоғалтқан нәрсемди енди табалмайтуғын шығарман... Өткен иске салаўат дегендей, өмиримниң соңғы күнлери, ең соңғы демиме дейин Ҳәселди ҳәм оның менен арамызда болып өткен жақсы күнлерди бул дүньядан өткенше ядымда сақлап жүремен.

Ильяс басын төмен салып ойланып қалды да, тағы былай деди:

— Сол күни бул жаққа кетпесимнен бурын көлдиң жийегиндеги тикжардың төбесине бардым. Сөйтип турып, Тянь-Шаньның бийик шыңлары ҳәм Ыссық көл менен хошластым. Хош бол, Ыссық көл, айталмай кеткен әрманлы қосықларым! Сениң буйраланған көгис толқынларың менен алтын жағалаўларыңды өзим менен бирге алып кетер едимдағы, бирақ, сүйиклимниң муҳаббетин алып кете алмағанымдай сени де алып кете алмайман. Хош бол, Ҳәсел! Хош енди, қызыл шаршысы желбиреген, сәрўи бойлы нигарым! Хош бол қәдирдан сүйиклим! Бахытлы болғайсаң...

## МАЗМУНЫ

Ана-Жер-Ана . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 7
Ыразы бол, Гулсары! . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 125
Сәрўи бойлы нигарым . . . . . . . . . . . . . . . . . . 311

*На каракалпакском языке*

**Чингиз Айтматов**

**ПРОЩАЙ, ГУЛЬСАРЫ!**

*(Повести)*

*Издательство „Каракалпакстан"*
*Нукус — 1979*

Редакторы *Шаўдырбай Сейитов*
Художник *Қыдырбай Нәжимов*
Худредкаторы *Исмайыл Қыдыров*
Техредакторы *Гулсара Нурматова*
Корректоры *Роза Қазақбаева*

ИБ № 690

Териўге берилген ўақыты 17/IX – 1978-ж. Басыўға рухсат етилген ўақыты 26/IV – 1979-ж. Қағаз форматы 84×108 1/32. Көлеми 13,5 баспа табақ. 22,68 шәртли баспа табақ, 22,3 есап баспа табақ. Тиражы 7000. Бахасы 1 м. 60 т.

„Қарақалпақстан" баспасы, Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

Самарқанд областьлық Баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша басқармасының М. В. Морозов атындағы типографиясында басылды. Заказ № 535.

1 м. 60 т.

«Қарақалпақстан»